Babad Majapahit, Prawirasêntika, 1901, #1836
Katalog

Katalog # : 1836
Titel : Babad Majapahit
Versi : Prawirasêntika
Tahun : 1901
Image : Babad Majapahit, Prawirasêntika, 1901, #1836
Tipe : Naskah
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Cerita berawal dari putra Raja Majapahit Prabu Brawijaya yang bernama Kencanawungu dilamar beberapa pria namun belum ada yang diterima. Sepeninggal ayahandanya, Kencanawungu diangkat menjadi raja wanita di Majalengka dengan gelar Ratu Mas Dyah Kencanawungu. Cerita berakhir dengan kemakmuran, keamanan dan tentramnya negara Majapahit.
Kata kunci : aksara, babad, jawa, jawi, naskah, carik, tembang, sekar

Data digital :
1. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 01-16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1533.
2. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 17-35) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1534.
3. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 36-49) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1535.
4. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 50-60) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1536.
5. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 61-70) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1537.
6. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 71-83) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1538.
7. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 84-97). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1539.

Deskripsi

Judul
Luar : -
Dalam : -
Lain : Babad Majapait
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : -

Penyusun
Jumlah : 1 dari 1
Peran : Pengarang
Peran ref. : Amurwani gèn patikbra nêrat
Nama depan : Radèn Tumênggung
Nama belakang : Prawirasêntika
Kedudukan : -
Lokasi : -
Tanggal : Suma, 23 Mèi (Surya ilang têruse ing sanubari), [1901 A.D.]; Kêmis Wage, 3 Sapar, Dal (Rupa gêni ing madya Damarwulan), [1831 A.J.], [Sic. Kemis, 23 Mei 1901 A.D.]

Jilid
Jumlah : 1 dari 1
Jilid # : 1
Series ref. : -
Jilid titel : -
Penerbit : -
Tempat : -
Tanggal : -
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 619
Gambar : -
Kosong : 16

Sumber
Jumlah : 1 dari 1
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 1836
Tipe media : Asli
Ukuran : 31.8 x 19.3 cm.
Ukuran teks : 23.8 x 13.5 cm.
Fisik : Utuh, tetapi jilidan hampir lepas. Sampul luar tebal dari kulit berwarna coklat dengan ukir-ukiran bunga.
Kertas : Dluwang berserat-serat sudah kecoklatan.
Rusak : -
Tulisan : Penulisan bolak-balik menggunakan tinta berwarna hitam. Bentuk tulisan ngetumbar. Tiap halaman terdiri dari 22 baris.
Penomoran : 5 halaman catatan tangan ketiga tentang Milujêngi tilar donya dan Primbon Môngsa [tanpa nomor halaman] + 2 [tanpa nomor halaman] + 3-619 + 16 halaman kosong. Angka Jawa.

Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Mar 2011
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #1836 Asli

Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 01-16)

Katalog : Babad Majapahit, Prawirasêntika, 1901, #1836
Sambung :
1. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 01-16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1533.
2. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 17-35) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1534.
3. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 36-49) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1535.
4. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 50-60) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1536.
5. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 61-70) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1537.
6. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 71-83) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1538.
7. Babad Majapait, Prawirasêntika, 1901, #1836 (Pupuh 84-97). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1539.
Babad Majapait[1]

1. Dhandhanggula

1. srinrangkara[2] sinawung mêmanis | amurwani gèn patikbra nêrat | sêrat babat kêng kacriyos | Prabu Kêncanawungu | kêng jumênêng ing Maospait | ing wanci jam sawêlas | Suma ping trilikur | sasi Mèi sinêngkala | surya ilang teruse ing sanubari |[3] dene sêngkalan Jawa ||

--- [2] ---

2. ari Kêmis Wage tanggal Wukir | wulan Sapar warsanira Êdal | Mawulu paringkêlane | wukune Watugunung | sinêngkalan tibaning mangsi | rupa gêni ing madya | Damarwulan[4] laju | jumênêng nèng Majalêngka | wit katrima karsane rêkyana patih | sira Sang Maundara ||

--- 3 ---

3. kang jinêjêr ing wiyosing tulis | ring Sang Maha Prabu Brawijaya | Hayamwana jêjuluke | Kêrtawijaya Prabu | kang bawani ing Majapait | narendra binathara | kasusra rat punjul | para raja samya brata | angabêgti ing Narendra Majapait | kinasihan jawata ||

4. sri narendra pan adarbe siwi | kênya juga ayu warnanira | Dyah Kêncanawungu juluke |[5] sêdhêng birainipun | sêdayane sampun mêpêki | sêmana sang arêtna | kawêntar rat punjul | sakèh raja samya nglamar | datan purun tagsih momong sarirèki | datan sênêng mring priya ||

5. sasurute kang rama sang aji | sang dyah nulya pan jinunjung dadya | narendra gêntos ramane | apan wus lumêstantun | lir Sang Maha Brawijaya di | ngrênggani Majalêngka | kasub ing rat suyut | maha sang prabu wanodya | wus kalilan ing sang hyang maha dewa di | jinurung Sugsmanôngsa ||

6. Hyang Jaya Samba Kanekarêsi | pra jawata umung mèstudeya | widadari tumrun kabèh | kala umadêgipun | prabu kênya ing Maospait | silih nama Ratu Mas | Dyah Kancanawungu | rêtna di sasotyaning rat | dhasar ayu kinamulèn widadari | lir sarining purnama ||

7. mangendralaya [...]manggih | ingkang mèmprê sang sêsotyaning rat | tuhu batharaning sinom | prabu kênya sang ing rum | datan kêna rinênggèng

--- 4 ---

kawi | mêmanon ing buwana | mangkana winuwus | Kyana Patih Maundara | sakêlangkung kaprêm ing puja sêmèdi | kocap angraga-sugsma ||

8. lumuh angolah ing kramaniti | datan pêgat bêntur kasutapan | angêdohi praja rame | kajuwatan rinasuk | pan ing mangke sampun gumingsir | palênggah kêpatihan | ari gumantya wus | Patih Lugêndèr Dipatya | kang gumantya ing rama Seta Kumitir | Dyan Arya Simping dadya ||

9. mujanggani kabupatèn carik | wus kagantyan Radyan Layangseta | ya ta malih winiraos | Maundara winuwus | wus murcita kados tan pêsthi | winulat ing manungsa | katrimèng dewa gung | pan sampun asilih nama | akêkasih Hyang Bêgawan Tunggulmanik | abrota[6] Hyang Wisesa ||

2. Asmaradana

1. tulusa panjênêngan aji |[7] ratu mas sêsotyaning rat | langkung luhur kêratone | kasub ing rat pramuditya | têpung ing kina-kina | jangkane kang para nujum | myang pandhita kang mrêtapa ||

2. besuk ana ratu èstri | jumênêng ing Majalêngka | suka bungah sagunging wong | murah sandhang lawan boga | singa tinanêm dadya | ardi wana têmah dhusun | desa apindha nêgara ||

3. bèbèk ayam kêbo sapi | gumêlar anèng pangonan | tanpa kandhang sing arjane | diwêgdal dadya lampahan | maha sang prabu rara | ing

--- 5 ---

sabên-sabên kawuwus | dènira miyos sineba ||

4. yèn kalanira tinangkil | munggwèng sitinggil kasongan | witana di rirugmabyor | pinarak dhampar kancana | pinatik nawa rêtna | sarta ingayap pararum | samya ngampil upacara ||

5. dhasar samya ayu luwih | apêngawak lindhu sêkar | sarya bisa awèh wirong | ngambar samya nganuhara |[8] sri nata ayu ngraras | lir apsari swarga nurun | wimbuh akarya la-êla ||

6. ginarêbêg para cèthi | miwah kang para biyada | supênuh èbêg punang wong | palawija anèng ngarsa | bule pandhak palangkan | cebol bucu wandhan jamus | miwah lare kakesodan ||

7. lare wungkuk bajang wujil | lare sukun dhampit bêlang | pindhoan lare kabirèn | jajarannya tundha sapta | apan samya wanodya | têbih kang prawira kakung | sèwu sisih amêlatar ||

8. pinrakira sang adèwi | mawi langse tundha sapta | samya sinulam rukma byor | palisir sinêla-sêla | kinêmbang ing hèrnawa | amyarsujyarna sumawur | lir raras Junggring Sêlaka ||

9. wimbuh ring sangsaya wingit | tan kaègsi[9] balatôntra | kacatur sang prabu sinom | darbe kêkasih wanodya | kinadang sri narendra | de parabira arum |[10] putrane Dipati Daha ||

10. awasta Dyah Rarasati [Ra...]

--- 6 ---

[...rasati] | bêsus yèn olah wiraga | wasis sêbarang karyane | rampung sandining sasmita | gandhang sèdhêt prasaja | tan liyan sinawung têmbung | amung Rêtna Rarasatya ||

11. ing sang maha prabu dèwi | mênggah pasang rèhing praja | datan sumiyèng ngarsane | sor-soranira sêkawan | putrane adipatya | anênggih ingkang rum-arum | Rêtna Dèwi Citrasmara ||

12. kalih Rêtna Citrawati | tiga Rêtna Widasmara | dene ingkang sêkawane | Rêtna Widawati Sang Dyah | tansah sumiwèng ngarsa | myang lurah pawonganipun | Sêpêtmadu lan Wilaja ||

13. tansah mong karsaning Gusti | ya ta sagung pra biyada | pra sarimpi pingitane | manggung tênapi bêdhaya | tarap munggèng ing ngarsa | pating parêlok dinulu | luhur-linuhuran raras ||

14. kêprabon sikêping jurit | panah dhadhap rêngkran dênta | tan têbih lan prabu sinom | dene sagung kang sumiwa | andhèr ing pagêlaran | para raja pra tumênggung | dipati lan para menak ||

15. myang dêmang rôngga ngabèi | kandhuruhan srinangsraya | lan para raja jare |[11] tôndha mantri pêngalasan | kalang gêdhong mêlandang | para buyut lawan êmpu | Dipati Lugêndèr ngarsa ||

16. kêlawan Dipati Tubin | kering Dipati Sindura | Menak Koncar pan jiwane | sinambungan para nata | Raja Ngriyo [Ngri...]

--- 7 ---

[...yo] myang Gêdhah | Raja Johar Jambi Prabu | Tatar Raja Sri Palembang ||

17. Raja Minangkabuwin |[12] Raja Prêtani Sri Siyak | Raja Bugis lawan Rajèng | Lampung Raja Sokadana | Raja Kêling Sri Wandhan | atênapi Sang Aprabu | Têrnate lan Ngambon Raja ||

18. Sri Bandhung lan Rajèng Bali | Madura Raja Balega | Sumênêp Mêkasar Rajèng | atênapi Pamêkasan | Bupati Majalêngka | pangagêngnya kang winuwus | sira Rôngga Minangsaya ||

19. kêlawan Menak Giyanti | Kumitir lan Layang Seta | Arya Sasimping jajare | sagung ingkang siniwaka | tinon aneka-neka | kadi ta prawata santun | lir wana karêmbun môngsa ||

20. sangsaya minuni sari | myang lungiding prênadèng rat | kêbêg supênuh gunging wong | wong Sabrang wor wadya Jawa | pasisir môncapraja | sangking mandrawa dinulu | lir sêgara rob bêlabar ||

21. kang wênang ngambah sitinggil | lawan wadyabala kusya | mung Rêkyana Patih Lugêndèr |[13] anampèni karsaning dyah | sabên-sabên mangkana | yèn miyos sang nataning rum | rêkyana patih ngandikan ||

22. miwah Rêtna Rarasati | dinangu solahing praja | miwah sawadyabalane | pradata ing rèh ruhara | rêntêng padhanging tindak | tanapi darganing mungsuh | suh sirnaning kawêndakan ||

21. kocapa [ko...]

--- 8 ---

[...capa] sampun alami | sampun andungkap sawarsa | jumênêngnya prabu sinom | pra raja ing Tanah Sabrang | wus samya abubaran | sêdaya tinundhung mantuk | pra ratu môncanêgara ||

22. undure para bupati | para raja kang sewaka | datanapi para sinom | kang mungging ing ngarsaning dyah | Lugêndèr Kyana Patya | wus samya lèngsèr sêdarum | malih mangsuli carita ||

23. Ki Rônggalawe ing Tubin | nênggih putrane têtiga | pan wanudya pêmbajênge | ingkang kêkalih satriya | patutanira lawan | putri Lumajang sang ayu | Rêtna Dèwi Banuwatya ||

24. ingkang wanudya kêkasih | Rêtna Sêkatiutama | lir kêncana pamulune | rêspati dêdêg sêmbada | wasis sêbarang karya | gandhang sabda pasmon ruruh | lir putra Ngastinalaya ||

25. panênggak Buntaran pêkik | alungit pasang graita | akarya brôngta kang tumon | kang anom Radèn Watangan | sigit kaduk baranyak | kêkalihira sang bagus | wayahe Jaka Kumala ||

26. ya ta kang kinôndha malih | wong agung ing kapatihan | Sang Adipati Lugêndèr | têtiga atmajanira | kang sêpuh Layangseta | Layangkumitir panggulu | kalih sami andêladag ||

27. dhasar putrane ngapatih | tur angsal sihing narendra | mêdanani

--- 9 ---

wôngsa ing jro | nora pati yèn bagusa | bêsusira ngayangan | rada ambêdhah dêlanggung | tur dadi pangewen-awan ||[14]

28. kakudangannya ki patih | salah saji[15] putranira | ciptane dèn magangake | ratu mas sasotyaning rat | pirangbara ing benjang | angginyêri sirahipun | wong sanagri Majalêngka ||

29. mila radèn arya kalih | atingkah sawênang-wênang | nêrajang landhêp pamore | gêlar ambêg kumawawa | bèr budi sugih bala | pradhah kapara ing sanggup | dora winor nitikrama ||

30. rinapêtan adu manis | panastènira kalintang | sinangkan ing nalar rèrèh | bara-bara dadi karya | sêsamanire[16] ngabdya | datan sêpi pamrih luput | ginêtak tindaking praja ||

31. jaile sinamun lungit | lungide kinarya-karya | lumuh nganggur kurang gawe | warujunipun wanodya | ran Dèwi Anjasmara | yêkti dadi sêkar kidung | biyadane kêpatihan ||

32. dhasar ayu dèn padèni | ingugung marang sudarma | têka dadi pêpantêse | sêmbada wasis ing karya | rampung sandining sastra | basaning kawi wus putus | gulangane timur mula ||

33. Ramaya gada balik |[17] wiwaha lan Bomataka | myang kawi Pandhawa lare | Sasrabau Krêsnaputra | sang dyah pragat [pra...]

--- 10 ---

[...gat] sêdaya | tan ana kawi kang luput | miwah yèn tilawat Kuran ||

34. pasekat syararum manis | trampil wilêding kalimah | datan pot limang wêgtune |[18] tangat tênapi puasa | tuhu brôngta Hyang Sugsma |[19] tan lali pêmbathikipun | nênun renda angêmasan ||

35. punika sinambi nyungging | anyongkèt angalu alam | tênapi nênun limare | sadina olèh rong kêbar | ngantih alit anulam | mêrada anênun kuluk | pratistha tanpa dondoman ||

36. dhasar ratuning winasis | bêsus olah kawiragan | gandês luwês salewane | dhasar rêmit karya rimang | kulina andon sêkar | minging saparanira nrus | jêbat kasturi tan pêgat ||

37. gônda wida nora lali | tinoyanan ing hèr mawar | gêrahuyang sarirane | nora baburat saêjam | biyada kêpatahan |[20] singa mulat kathah bingung | cacade amung satunggal ||

38. ing têmbe yèn wus akrami | tan kêna winayuh ing dyah | agêdhe butarêpane | abot sinôngga ing priya | nora kêna kumingkang | têlike sinungsun-sungsun | anging utamane rumat ||

39. amêmantês mamêdèni | anyukupi sumèh sumrah | sok aja winayuh bae | sêdene sinêlirêna [si...]

--- 11 ---

[...nêlirêna] | Kusuma Anjasmara | mendah ta panjênggitipun | gliyak-gliyak linampahan ||

40. bêjane kang anglakoni | tan bisa mangsuli trisna | nanging cupêt pêsabane | môngsa nora binondhetan | awrate darbe garwa | eman manise yèn putung | gandhange yèn pêlarasan ||

41. owêl yèn dlèrènge runtik | srèrèh kêmpyange yèn kesah | tur yèn nyuda gumrininge | sapa baya ngêlipurna | yèn runtik Anjasmara | ngèngèhane kali gunung | yèn banjir môngsa dangua ||

42. mila kang rama langkung sih | gumatènira kalintang | tur pradhah barang karsane | sudarma nora cumêngah | mila ciptaning rama | kaugung sakarsanipun | pinangkur ing ibu rama ||

3. Pangkur

1. kawarnaa Bêlambangan | Menakjingga datan bisa tinangkil | mring nêgari Majalangu | balela pangabdinya | tur rumôngsa ambangkat mukul ing mungsuh | pan sampun angsal sawarsa | dènira datan sumiwi ||

2. akathah sêngadinira | mung rerehanira kang sami nangkil | mring nêgari Majalangu | wênèh ana tan seba | ya ta sarêng tinundhung sing Majalangu | apan ta lajêng kewala | dhatêng Bêlambangan sami ||

3. dene sagung para nata | wus kapanggih anèng Bêlambangan sami |[21] saha

--- 12 ---

bala sakuswa gung | sira Sang Menakjingga | langkung suka wus dadya ingkang pirêmbug | siyang dalu akasukan | arsa gêpuk Maospait ||

4. ngandêlakên kadigdayan | awak-awuk adigung tur sinêgti | linulu ing dewa agung | sira Sang Menakjingga | pan prênyata rerehane para ratu | pra dipati para menak | kabuyut para ngabèi ||

5. kathah kadang priyôngga |[22] sanak prênah kang paman bapa kaki | kang liya ingambil mantu | kaipe kasêntana | kambil besan wênèh sinung garwa ayu | pinikat ing bojakrama | kèdêg kèlês ing kasêgtin ||

6. prênyata Sang Menakjingga | ambêg rusuh sura brangasan êdir | tan kêna pinadhan sanggup | saadêg tur saênyat | parapisuh paratangan kêprak-kêpruk | dene kang nunggil kulina | ingakên sudara-wèdi ||

7. kinulit daging winor byat | pradhah sanggup saênyat tur sayêgti | apan mari-mari yèn wus | ngèstudi[23] pada deya | saya kathah wong wetan kang sami nungkul | gilig ngrêmak Majalêngka | kapindho kang pra dipati ||

8. dhasar jrih mring Menakjingga | ping tigane kang dèrèng nyuwawèni | parentahing Majalangu | kang mijil kyana patya | Adipati Lugêndèr kèh manah kuwur | tangèh manggiha utama | kanisthan kasrambah dadi ||

--- 13 ---

9. kagiri magora godha | tur candhala tur têpung laras budi | gèsèh larase lan ratu | tan panggah pambêging tyas | kumalungkung ing wêweka kurang putus | ngêndêlkên pusakaning rat | binapa-bapa ing gusti ||

10. katêmu pirang prakara | ratu èstri wignya gulêt lan dasih | pangragoh pangrowa wuwus | sêdene wadya ingkang | sêca tuhu kakêning rèh tan ayu |[24] tangèh katur ing narendra | sêdene kang lara ati ||

11. mangunêg-unêg ing praja | sri narendra mendah kêlamun mègsi | ji kumbala ingkang matur | rèh ratu binathara | kèrêm ujwala adi nugsmèng dewa gung | mangrêsêp mulyaning jagat | sumingkir ing rèh tan yêgti ||

12. kuwur tinawar ing praya | ingkang mijil kang lumrahing apatih | angsring kathah nalar kungsul | glar arja têmah rusak | wus kawayang dudu traping bôngsa luhur | kèh wadyah[25] salah graita | tan têpung larasing gusti ||

13. mila sagung rerehannya | Menakjingga ènthèng sêtyaning gusti | ing kramaniti pan bingung | antêpe asar-saran | sosrah kisruh kuwuring tyas têmah nglulun | têmah bana balik sungsang | Menakjingga kang ginusti ||

14. malih mangsuli carita | Menakjingga Sang Hyang Pamênggrê siwi | pinuja atêguh timbul | anging ta pinanjingan [pina...]

--- 14 ---

[...njingan] | kumarane rasêgsa sang raja diyu | wimbuh adarbe pusaka | wêsi kuning dhapur bindi ||

15. pinanjingan Sang Hyang Brama | pan prênyata nguni dhapur ingungsi | sing ajrih Sang Hyang Wisnu |[26] ing sapta-sapta janma | nora kongkih mangrurah krodha mapikut | sor kèlês ing kabudayan | mawanti mangkrak katitih ||

16. nèng saptatala kabêdhag | madyapada wanti-wanti kapilis | nèng triloka kosik kawus | ngariloka kabuncang | bandan dewa wiguh krodhanya tan pangguh | nèng suralaya kabrêbah | sêdene manungsa jisim ||

17. gora rèh kagiri kentas | mila mangke manjing ing wêsi kuning | pangluput wong têguh timbul | mila kang sêgti ywana | ponang bindi pênuh dènnya makan ratu | miwah prajurit wudhu prang | tanpa wilangan kapilis ||

18. wêwasi kèh pinêjahan | guntung-guntung manguyu makan bêsi | rèh mayangi tyas kêlangkung | kalimput ing sukarda | tuwin Rêsi Pamênggrê tansah pitutur | ing atmaja Menakjingga | agèdhèg nora prêduli ||

19. Hyang Pamênggrê kawlas arsa | pangucapnya sang tapa ngasih-asih | kang putra tansah rinangkul | sinungan erang-erang | têpa tladha ing kina kang para ratu | miwah kang para dipatya | kang sampun dados palupi ||

20. kang nistha padya[27] utama

--- 15 ---

| tur jinatèn sabda ingkang piningit | kênyataan ing dewa gung | lan wahyuning narendra | rèhning bala-kuswala samya tinutur | sang wiku sarya mangrêpa | dènnya pitutur mring siwi ||

21. Menakjingga tansah nyêntak- | nyêntak sugal wuwusira mawêngis | sudarma tan kenging muwus | tansah sinêngap-sêngap | yèn ajaa sudarma mêsthi pinukul | Hyang Pamênggrê nglênggrê mulat | tinundhung mantuk ing wukir ||

22. Hyang Pamênggrê sru sungkawa | langkung dene kapita èsmu tangis | byating wong adarbe sunu | têmah amurang krama | nêngèng wiyat umatur ing dewanipun | hèh juwata ingkang mulya | Menakjingga suta mami ||

23. sungana manah raharja | Hyang Narada angsung swara dumêling | hèh Pamênggrê mitraningsun | sayêgti datan kêna | budi andhap lawan bêbudèn kang luhur | pinintakakên ing liya | wus ganjarane pribadi ||

24. lamun ta Si Menakjingga | darbe sêdya maminta ing Sugsma di | ing bêbudèn kang rahayu | sayêgti pinaringan | aja sira salah cipta ing dewa gung | sang Hyang Pamênggrê karuna | gya mantuk dhatêng ing wukir ||

25. ing mangke Sang Menakjingga | silih nama ran Prabu Urubêsmi | siniwi kang para ratu | miwah kang para menak | dêmang rôngga dhaèng

--- 16 ---

lan para tumênggung | mantri prajurit bêlabar | lir sêgara tanpa têpi ||

26. pêpatihira sang nata | Angkatbuta Kotbuta angajrihi | kalih samya suranipun | tur kalih sami sanak | kêmbar mendha Dumragsa Kampana diyu | têguh timbul widigdaya | sumewa ngarsaning gusti ||

27. datansah asewa gora | para raja aglar munggèng ing kursi | Dewata Karajèng Bandhung | Sumênêp Dewa Sraya | Sri Dewa gung Walikrama Rajèng Wangsul | Sang Bathara Basutôntra | Mêkasan Madura Aji ||

28. Raja Dewa Baudhêndha | Dewa Jarumaka Sang Raja Bugis | Dewa Prêlagi Sang Prabu | ing Kêling Maharaja | Dewa Danurwenda ing Balega têpung | anênggih ing Pakacangan | Menak Prêmangsul Dipati ||

29. ing Wajak Menak Calunthang | Menak Cruring Dipati ing Wêlèri | Panatasingron Tumênggung | nênggih ing Pajarakan | Menak Wilôntaka

ing Gêmbong sumuyut | Menak Pangsêng Pasuruan | Menak Panuntung ing Bangil ||

30. Radyan Menak Jayalana | Prabalingga malih Sang Adipati | ing Trênggalèk sampun nungkul | Dyan Arya Menak Sopal | para raja para menak pra tumênggung | anigan sapêtarangan | gilig rêrêmponing jurit ||

31. kantun dipati satunggal | ing Lumajang mogok madêg kang

--- 17 ---

baris | Radyan Menak Koncar pêngkuh | nadyan têkêmanira | Menak Koncar apan ta sayêgkti purun | jajahan nagri ing Daha | kathah nungkul pra dipati ||

32. kagyat Dipati Sindura | Bêlambangan ing mangke madêg aji | bawahira kathah têluk | rumôngsa lamun tiwas | ingabdèkkên dadi tanggulanging pupuh | sakêlangkung dukanira | tan sêdya mundur ing jurit ||

4. Durma

1. siniwaka sira Dipati ing Daha | anèng ing Pancaniti | aglar kang punggawa | miwah kang pra sêntana | Patih Kêbo Gêdhah ngarsi | samya siyaga | sasikêping ajurit ||

2. sang dipati jaja bang lir balêdhosa | kêdah anglanggar jurit | dhatêng Bêlambangan | mangkat sami sêkala | kasaru wau kang prapti | dyan Menak Koncar | sigra dènnyatur bêgti ||

3. Sang Dipati Sindura kagyat tumingal | tandya ngancaran aglis | Arya Menak Koncar | riwusnya tata lênggah | gêpah Sang Sindura angling | lah paran karya | sira gêpah sun ègsi ||

4. awotsêkar Radèn Arya Menak Koncar | amba atur udani | uwa mring panduka | ing mangke Menakjingga | samêgta[28] atata baris | sarerehannya | saha raja sêdasih ||

5. apan silih sampun anama narendra | ran Prabu

--- 18 ---

Urubêsmi | sumêdya mangrêmpak | nêgari Majalêngka | sêdaya wus sami balik | sagung pra menak | ya ta sang adipati ||

6. sarêng myarsa aturira radèn arya | talingan lir sinêbit | panabdanira kras | lidok Si Bêlambangan | dyan kinèn têngara jurit | Ki Kêbo Gêdhah | gêpah nungkêmi nangis ||

7. dhuh gustiku pukulun tuwan lèrèha | Dyan Menakjingga sêgti |[29] bala yutan wêndran | kainan mapag ing prang | ngantosa para bupati | myang para menak | sêdhêng umangsah jurit ||

8. lawan malih pukulun dèrèng tur wikan | mring maha prabu dèwi | sampun tuwan mangkat | prayogi tur uninga | kang lumampaha kariyin | sarta mêpêka | kewala ponang baris ||

9. sêdhêng pêpak kang bupati para menak | nuntên sudhiyèng jurit | mênggah sang dipatya | tansah angusap jaja | kumrêrot kang waja gathik | sira dyan arya | umatur awotsari ||

9. kangjêng uwa lêrês ature pun bapa | apan yogi rumirih | lêrês tan wande prang | nanging ta amrih mênang | pintên dangune wong mati | yèn pandukarsa | unggul ing prang kang pinrih ||

10. sang dipati wus sarèh ing dukanira | karya nuwala aglis | ponang duta mêsat | miwah kang pajinêman | pan sampun [sampu...]

--- 19 ---

[...n] sinêbar sami | paring uninga | dhatêng môncanêgari ||

11. mêne gênti ing mangke kang kawarnaa | nênggih Sang Urubêsmi | pan sampun utusan | pêpatih kang umêsat | saha sêrat kang katur mring | sang prabu rara | dhapur bun-êbun enjing ||

12. sarta nungkak wong agung ing Bêlambangan | ciptanira ing galih | lamun wus kêtampan | laju angadêg pisan | jumênêng ing Maospait | lamun katulak | lajêng gêcak nêgari ||

13. mila ingkang pramèswari para garwa | sagung kang para sêlir | binêgta sêdaya | tuwin kang para raja | sami bêgta garwa gundhik | mangsa wurunga | anyakup prabu dèwi ||

13. kang sinêdya abaris anèng Lumajang | wus bodhol saha dasih | bala wêndran yutan | jurang maalas-alas | kèdêg kèlês gunging dasih | atêmah ratan | samarga angajrihi ||

14. rowak-rawuk prajurit ing Bêlambangan | angsal sêngajèng gusti | samarga ngêrayah | aran wong golo-gothang | bajo-barong orak-arik | wong gathu-gara | jurang-gathu mangiyip ||

15. macanambal carukdhênggung surarayah | lawan wong cukilmanik | rujakpolo lawan | sarubêthot sumahab | asikêp ganthol cêmpuling | gêrènèng canggah | papênthung myang suligi ||

16. tangèh lamun [la...]

--- 20 ---

[...mun] kinôndha wong Bêlambangan | tan kawarna ing margi | wus prapta Lumajang | sarêng lan Menak Koncar | sangking nagri Daha prapti | amapag ing prang | sangking kitha mêdali ||

17. anging para garwa pra sêlir sêdaya | wus dèn ilokkên sami | rumaos tan bangkat | suwung sajroning kitha | anak rabi sami ngili | janmane lanang | kêrig umagut jurit ||

18. wong Lumajang gêgamanira rong nêmbang |[30] rong biting nitih wajik | samya gêgangsingan | ingaran truna-lanang | tutate tinumbak milir | tinatah mêndat | kawan dasa kinanthi ||

19. mring dyan arya samarga samya bêg pêjah | sampun angayun jurit | rame long-linongan | mungsuh kalawan rowang | bêrêg-binêrêg mapanggih | samya sudira | tan ana ngeman pati ||

20. baris wetan makêthi mayuta-yuta | dhasar mangrobi tandhing | mangilês mangidak | rok biring caruk pêdhang | kumrapyak pating carêngkling | swaraning surak | lir udan sinêmèni ||

21. tambur awor kêndhang munya sauran |[31] bêgor kang bêndhe bèri | akuwêl dènnya prang | kèkèt jambak-jinambak | sawênèh agênti kêris | dugang-dinugang | rame banting-binanting ||

22. Menak Koncar wuru gêtih saya nêngah | sarwi sikêp jêmparing | ngamuk nèng turôngga | têguh sakudanira | pun jatha suranya mijil | ulêsnya krêsna |

--- 21 ---

sukunya panggung putih ||

23. galak naut ing mêngsah pagas matatas | radyan numbak manitir | lawung lir kitiran | singa katrajang bubar | sinosog ganjur tan osik | sira dyan arya | singa sinêrang mati ||

24. wus caruk wong[32] tanbuh mungsuh lawan rowang | wong Lumajang kèh mati | sasisaning pêjah | lumayu asar-saran | dyan arya ngamuk mangungkih | lan truna-lanang | tan pasah dening biring ||

25. saya sayah dyan arya dènira aprang | sêgsana angunduri | sarya pinetaran | wadyane truna-lanang | siji nora nana gingsir | mung kudanira | akathah ingkang mati ||

26. wus ingungsir rahadyan saparanira | lumêbèng ing wanadri | langkung kasayahan | mundur ngurugan bathang | marga ingkang sami ngungsir | pan wus katilap | ngalor lampahing baris ||

27. mring Lumajang sapraptanira ngêrayah | gègèr kawula alit | Prabu Urubêsma | ngêbruki ing jro kutha | para nata magrêsari | abêbarisan | lir samodragni ngalih ||

28. wadyanira ambêlabar kering kanan | saya ngobong-obongi | gantya kang kocapa | Kotbuta Angkatbuta | raina wêngi lumaris | untap-untapan | duta Sindura mijil ||

5. Mijil

1. kawarnaa kang miyos tinangkil | prabu ruming sinom [sino...]

--- 22 ---

[...m] | mênggêp munggèng ing siti inggile | kasongan witana di rinugmi | pinrak dhampar gadhing | rinênggèng mas murup ||

2. sarya ingayap pingitan cèthi | munggèng ing kêkabong | Rêtna Rarasati ing ngarsane | Citrasmara miwah Citrawati | Widasmara tuwin | Widawati ngayun ||

3. Sêpêtmadu Wilaja tinuding | gya lumêgsanalon | animbali Ki Patih Lugêndèr | praptèng ngarsa ngandika sang dèwi | paran kang pawarti | bapa milanipun ||

4. Menakjingga sawarsa tan nangkil | apa kang suwados | awotsêkar Ki Patih Lugêndèr | gih kawula amirêng pawarti | kêdah madêg aji | gêmpur Majalangu ||

5. tan rumaos gusti lamun abdi | angrêbat kêraton | anging dèrèng miyarsa yêgtine | wong dagang layar gusti sampun wradin |[33] pawartosnya sami | Menakjingga purun ||

6. prabu rara duk miyarsa warti | anulya nuding wong | kinèn bêgta nuwala dèn age | marang Tuban katur sang dipati | kasaru kang prapti | duta kalih sampun ||

7. sarta mundhi ingkang punang tulis | katur prabu sinom | sangking Adipati Sindurane | ri wusira winaos kang tulis | yata bêbukaning | nuwun wiyosipun ||

8. amba gusti pan anuwun runtik | sangking tiwasing ngong | dene [de...]

--- 23 ---

[...ne] sangking anjagi prajane | katiwasan amba tan udani | Menakjingga gusti | mangke madêg ratu ||

9. ing Blambangan sadaya para ji | pan sampun agolong | karsanira gêpuk nagri mangke | mila ulun pan angsung udani | titi punang tulis | nuwun agsamèngsun ||

10. sasampuning gênti ingkang tulis | gênti kang wiraos | Angkatbuta lan Angkotbutane | sampun manjing anèng jawi puri | gègère ing jawi | wontên buta rawuh ||

11. ponang duta kinèn animbali | prapta ngarsa katong | apan sarwi bêgta nuwalane | nging tan suka tinampan ing patih | Dyan Seta Kumitir | kalih ngingrê dhuwung ||

12. sarya dhêsêg dènira alinggih | kalih mring dutèng wong | Layangseta mrêdapa linggihe | asta kiwa ngusap-usap rawis | kang têngên mipit kris | akras dènnya muwus ||

13. hèh Kotbuta apa bosên urip | apa kudu nglamong | nora suka kang sêrat tinampèn | amangsuli Kotbuta saryandik | ulun tan tinuding | mring ramanta tuhu ||

14. dinuta mring sang narendra putri | surat kinèn nyaos- | akên sarya tinampenan dhewe | onêng mring sang maha prabu dèwi | orêg kang jajari | majêng baris têpung ||

15. lir

--- 24 ---

angugar Dyan Layangkumitir | myarsa grêgêting wong | pun Kotbuta cinandhak baune | prabu rara mèsêm jroning galih | langsenya kawingkis | gumêbyar kadulu ||

16. pun Kotbuta dinuking tingal mring | prabu ruming sinom | sagêbyaran gumêtrê ragane | manah anglês karingêtnya mijil | lir krêtas winanting | sêmunya anjêntung ||

17. mukanira lir konjêm ing siti | pan sarya dharodhog | kang nuwala gya ingaturake | mring kya patih gya mangarsa aglis | Rêtna Rarasati | nampèni sastra wus ||

18. ya ta angandika arum manis | maha prabu sinom | yayi dèwi wacanên dèn age | layanging wong kang apagsa luwih | Dèw Rarasati | manugsma sastra wus ||

19. nora paja kawêntaring lathi | ya ta kang wiraos | wusing sêmbah ing mangke dyah anggèr | Menakjingga wus amadêg aji | Prabu Urubêsmi | bumintara kasup ||

20. arèntah samining nrêpati |[34] wudhu ing palugon | sarta paran yèn parêng nah anggèr | Urubêsma suwitèng jinêm mrik | owêl lami-lami | lêlamban sang ing rum ||

21. mamundhuta sajong sabêdhati | kawula sumaos | pèni-pèni raja-pèni anggèr | guru bakal ingkang [ing...]

--- 25 ---

[...kang] guru dadi | paran kang dadyègsi | dasihe sumugun ||

22. tan sumingggah sapamundhut gusti | Sri Bêsma atanggon | sarta pantês akathah wignyane | toging prana kenging dipun tagih | kawula wong sêgti | wudhu ing apupuh ||

23. yèn panduka tan arsa ing mami | Urubêsma abot | datan wande anglanggar jurite | dados karang abang Maospait | tur tan wurung panggih | sri nata kêcakup ||

6. Sinom

1. Rêtna Dèwi Rarasatya | sawusnya amaos tulis | waspa drês tumibèng jaja | kang sêrat sinêbit-sêbit | dyah matur awotsari | suraos tan yogi konjuk | dhapur sawênang-wênang | anglamar paduka gusti | prabu rara mèsêm sajroning wardaya ||

2. nora talah Menakjingga | bisa timên anglakoni | dadi wayanging juwata | wusana sang prabu dèwi | ngandika mring kya patih | kinèn magêlaran gupuh | sang dyah têdhak sing dhampar | sarwi riyak tibèng wuri | prabu rara wus kondur mring dhatulaya ||

3. kyana patih magêlaran | prayitna sagunging nangkil | sira Katbuta Kotbuta | wus ajêng-ajêngan linggih | tandya pawongan mijil | Wilaja lan Sêpêtmadu | matêdhakkên nuwala | mawi ulês tluki kuning | dhatêng Tuban [Tu...]

--- 26 ---

[...ban] tuwin wêwangsul ing Daha ||

4. myang sasêbitan nuwala | ya ta wus tinampan sami | wangsul Ni Sêpêt Wilaja | Dyan Layangseta Kumitir | sêbitan nuwala glis | kinêpêl binanting mawut | anèng ngarsaning duta | riyak sarwi ngusap rawis | Dyan Kumitir nêpsune tan kêna ngampah ||

5. mring Ki Rôngga Minangsraya | miwah mring Menak Giyanti | Kumitir pêgsa anacak | mring Buta Kotbuta Patih | datan kawrat ing kapti | mulat ingkang pêgsa digung | ring sang duta sudira | apasang dènira linggih | pêgsa nêsêg rakite wong Majalêngka ||

6. grêget-grêgêt Angkatbuta | lir ditya anaut jalmi | orêg wong ing Bêlambangan | sêdya arêrêmpon jurit | ya ta sang adipati | Lugêndèr alon amuwus | duta sira muliha | sang nata datan mangsuli | umatura sasmita ajuring sastra ||

7. Katbuta Kotbuta mêsat | asêndhu dènnya lumaris | kuncanira anêrampat | kya patih dènira linggih | sawadyanira sami | asugal

sasolahipun | angajab dadining prang | ing alun-alun wus mijil | tandya budhal dêdamêling Majalêngka ||

8. wolung atus jêjaranan | samarga ngobong-obongi | singa kamargan rinayah | padhusunan marga tapis | nêngna

--- 27 ---

kawarna malih | duta nagri Daha sampun | sinung wêwangsul mêsat | nuwala kang dhatêng Tubin | Arya Simping ingkang bêgta gêgancangan ||

9. kocapa Dyan Menak Koncar | kang têtruka ing wanadri | ing sagarwa sêlirira | sagung wong kang sami ngili | ngumpul dadya satunggil | wus rinakit bitingipun | wus tigang dalu dènnya | anèng têngahing wanadri | cinarita radyan dalu lampah dhustha ||

10. rong puluh wong trunalanang | kang kinèn atêngga biting | sêpalih tumut rahadyan | mring Lumajang nyidra pati | nuju Sang Urubêsmi | mêntas abubaran nayup | ya ta kaparêng nêndra | Menak Koncar anglêbêti | kalih ingkang binêgta wong trunalanang ||

11. dene ingkang kathah-kathah | wus pininta-pinta kardi | nyiluman ing prênah samar | pangamuknya kinèn nganti | marang Rahadyan Mantri | yèn wus karuwan kapangguh | anigas Menakjingga | a[...]suwarèng dasih | trunalanang rong puluh kinèn [...] ||

12. dyan mantri amping-ampingan | wu[...]sang Urubêsmi | angaglah dènira nendra | [...]nèng kasur sari | wus awas radyan mantri | wadya [...]kinantun | Menak Koncar nêrajang | Uru[...]kahi | sinudukan eca angorok [ango...]

--- 28 ---

[...rok] kewala ||

13. mukane cinacah-cacah | tan pasah datan ngulisik | netranira ingurêgan | gumilir tan mawi osik | sêmana amarêngi | Sang Prabu Bêsma ngalindur | radyan arya malumpat | ngêjlogi pawongan guling | samya opyak sajroning pura gumêrah ||

14. gègèrira awurahan | pasanggrahan klêbon maling | obor lir pendah raina | radyan saparane kègsi | wong bajo-barong aglis | wong golong-gothang mangêbyuk | Dyan Arya Menak Koncar | pangamuke karo kêris | singa ingkang katêrajang anggulasah ||

15. singa maju-maju pêjah | kang lumayu nandhang kanin | sêdaya wong trunalanang | ngamuk angulara gusti | rinampog datan osik | linamêng pinêdhang milur | singa katrajang pêjah | pangamuke lawan kêris | saya kathah sumahap wong Bêlambangan ||

16. Radyan Arya Menak Koncar | lumayu sarwi nuduki | sawadyane trunalanang | lumayu amiyak biring | ya ta radyan kasupit | milaring bata sumiyut | lajêng atêruntunan | wus anjog prapta ing jawi | sawadyane ana ingkang mêdal lawang ||

17. wênèh nusup margi toya | warna-warna ngrêbut urip | wênèh mancik [ma...]

--- 29 ---

[...ncik] padha rowang | gênti-gênti anulungi | wus sami praptèng jawi | anti-inganti wus kumpul | dyan arya mêgap mêgap mêgap |[35] sêsiring ngebat-ebati | kaupama damare tan kêna pêjah ||

18. wadyanira trunalanang | akathah lajêng gulinting | sawênèh amêgap-mêgap | watukira turut margi | wênèh sêngara sami | tobate akambon apyun | bukan makanan orang | trayoli uwong madati | radyan arya sawadya mantuk ing wana ||

19. pan sarwi agiyak-giyak | amarna tingkahing nguni | si binantang setan alas | sakêrmin sakêrbi anjing | sudun tan ngulipik |[36] si drondosi asu buntung | kranjingan setan kawak | si luwak anggêgilani | sun tatêdha olèha tandhing prawira ||

20. anglèlèh Dyan Menak Koncar | andheprok pinggir wanadri | lan wadyane trunalanang | ngaringakên napas sami | ana wadyane siji | duk kala samangkatipun | apyune dèrèng ngantya | inguntal sêlak lumaris | jrih sumaya apyun binuntêl kewala ||

21. rong pes satali bobotnya | kang satali wus dèn gigit | kang sapes kinarya jimat | nèng ikêt tugil sêmail | sadaya opyak sami | ting salênthêng mambu apyun [a...]

--- 30 ---

[...pyun] | kang bêgta tinakonan | tan ngaku mêgsa dèn udi | wong satunggal ginujêg marang wong kathah ||

22. wus kapanggih kang pes-pesan | nèng ikêt binuntêl brêndhil | tandya ingêdum wong kathah | ingkang gadhah mrêbês mili | dyan arya gumya angling | yèn wus prapta kuwon |[37] sun lironi bot sreyal | saiki aja ngrêdatin | sambung umur iku otot tunggu nyawa ||

23. warnanên ing pasanggrahan | magsih gumuruh swaratri | gègèr wong sapêbarisan | Prabu Bêsma tan ngulisik | ya ta kawarna enjing | kajinêman Daha rawuh | Adipati Sindura | sineba busanèng jurit | sakèrine pra menak lan pra dipatya ||

24. wus kumpul abrêdandanan | duta prapta awotsari | ing purwa madya wasana | saaturira wus titis | sarta ngaturkên tulis | wêwangsul ing Majalangu | cinandhak kang nuwala | binuka sinugsmèng galih | sasampuning paman ing pangèstuningwang ||

25. rèh paman atur wuninga | yèn Si Menakjingga balik | paman nuwun ing parentah | dènnya arsa magut jurit | langkung tarima mami | nanging datan sagêt ingsun | paman angsung parentah | wuruk-wuruk kang nglakoni | lamun ajrih paran gon sun murunêna ||

26. lamun [lamu...]

--- 31 ---

[...n] purun sun tan wignya | amapag suraning janmi | dene ta Si Menakjingga | ing mangke sampun dhatêngi | panglamarnya mring mami | yèn sun lênggana ginêmpur | kinarya karang abang | paman nagri Maospait | datan wande Menakjingga ring prang ||[38]

27. wangsul manira têtanya | anggêpe paman mring mami | ing mangke kaananan |[39] manira arsa udani | titi têmbunging tulis | sang dipati mijil kang luh | sarya nungkêmi sastra | wusana sang adipati | ciptanira umangkat yuda kênaka ||

7. Pangkur

1. kapiting tyas sang dipatya | rerehannya akathah ingkang balik | pra menak para tumênggung | ing Gêmbong Pasuruhan | ing Trênggalèk ing Bangil pan wus anungkul | saklangkung dènira merang | lawan ingkang kaping kalih ||

2. cinacat kurang graita | awusana sinêmon wêdi mati | sami sakêdhap wus daut | budhal sakancanira | para menak dipati para tumênggung | akêrig wadya ing Daha | kadi ta sela blêkithi ||

3. yangyang wrêdu-ôngga sasra | têngara ngrik awor ngriking turanggi | gumêntar kang kalaganjur | cucukira ing lampah | Giwangkara ing Malang ika tumênggung | sumambung Dipati Ngrawa | Dyan Arya Surônggapati ||

4. Kalangbrèt Ki Nilasraya | angun-angun ing Wajak Watuurip | ing Panaraga [Pa...]

--- 32 ---

[...naraga] sumambung | kalih bupatinira | Endrajala lawan Menak Candrakètu | ya ta wong agung ing Daha | anitih swandana èsthi ||

5. sinongsong asutra jênar | kawan nêmbang[40] prajurit wani wati | sèwu gêgangsinganipun | aran wong saradula | winêkasan wong Surabaya sumambung | dêmang ngabei pra menak | rerehane sang dipati ||

6. sinawang sangking mandrawa | abra murup anglir wukir kabêsmi | wênèh lir mêndhung lêlaku | anglir sêkar sêtaman | winêntara salêgsa arêbut punjul | untape kang wadyakuswa | lir sêgara tanpa têpi ||

7. pramugarining alaga | Sang Dipati Sindura gêng ngajrihi | dhasar pamulu ngron-ron puh | wuwuh jaja lir ngobar | yèn sinawang lir Duryadana[41] mapupuh | netrandik lir surya kêmbar | ngagêm limpungnya cinangking ||

8. agêmnya bindi nèng ngarsa | gotong wolu tur wêsi pulasani | sinêrasah abra murup | mênur manik dumilah | sarya ngagêm turôngga anèng ing ngayun | aran pun Jatha Payudan | ulêsira mangsi warih ||

9. kalih agêmnya ingaran | pun Subrastha nate ingagêm jurit | anglarug ing tindakipun | nèng marga gêgancangan | mêne gêntya ingkang kinôndha ing wuwus | Ki Rônggalawe

--- 33 ---

ing Tuban | kang lagya miyos tinangkil ||

10. mênggêp anèng sokasana | pêpak sagung para arya pra mantri | dipati para tumênggung | rôngga myang para menak | kandhuruhan êmpu mêlandang bêbuyut | pêcattôndha minangsraya | supênuh mantri ing Tubin ||

11. pasisir môncanêgara | samya pêpak sêdaya anèng Tubin | menak binarong tumênggung | Dipati Garobogan | Menak Gônda Mêstaka Dipati Warung | ing Dêmak Sliringan Menak | ing Pathi Menak Widuri ||

12. ing Lasêm Menak Prêmuja | ing Balora Ki Menak Sônggalangit | Purbarana ing Sêdayu | Tohpati ing Lamongan | ing Garêsik Sawunggaling Ki Tumênggung | Jipang Menak Kêrtagnyana | aglar sagung munggèng ngarsi ||

13. saha bala sakuswala | amiranti sasikêping ing jurit | Rônggalawe mirêng sampun | ing mangke Bêlambangan | wus saèstu Menakjingga mêsthi purun | sakait lan para raja | gilig lan para dipati ||

14. mangrurah surèng prang padha | arêbut rok lawan ing Maospait | mila pinêpak sêdarum | pasisir môncapraja | eca lagya agunêman patihipun | Dyan Arya Jayakusuma | kasaru dutèndra prapti ||

15. Dyan Arya [Ar...]

--- 34 ---

[...ya] Sasimping sarya | mundhi sastra miyak sagung kang nangkil | Dipati Tuban agupuh | têdhak sangking kursinya | kalih gêpah Sang Arya Simping amuwus | Ki Rôngga tampi timbalan | kang pangèstu prabu dèwi ||

16. dhumawuh ing jêngandika | lawan malih gusti paring sastra di | gêpah tampi matur nuwun | ri wusnya tata lênggah | gya binuka nuwala udayèng têmbung | paman pangèstu manira | dhatênga paman dipati ||

17. sampuning kadya punika | wiyosipun ulun angsung udani | Menakjingga madêg ratu | saha nglamar maring wang | yèn tan purun ing Majapait ginêmpur | kawula sumôngga paman | pasrah nagri Maospait ||

18. sintên mapagêna ing prang | ingkang yogya namung paman dipati | sun darma jumênêng ratu | paman ingkang kawogan | mugêring rat rêrêntênging praja hayu | manira sumôngga paman | wus titi têmbunging tulis ||

19. brêmantya Dipati Tuban | wadana brit sumyak lir wora-wari | jaja bang manglatu-latu | kadya blêdhos winulat | cingak sagung pra dipati pra tumênggung | goyang sing palênggahira | pan sarwi angusap rawis ||

20. sinamun saya kawêntar | sasêmutên sarira ngêmu gêtih | sêrat ingidrêkên sampun | gantya manugsmèng

--- 35 ---

diya[42] | warna-warna pra menak lan pra tumênggung | sawênèh mijil kang waspa | sawênèh kang waja gathik ||

21. nging tan kawêntar ing sabda | ting barêngkuh samya angajap jurit | sigra lêluwaran sampun | sarya ubaya mangkat | Radèn Jayapuspita swarèng wadyagung | prajurit wong dulang-mangap | kalawan wong judhipati ||

22. akalawan wong tramtraman | sarawisa sadhiya ing ajurit | Ki Rônggalawe wus kondur | tansah kêkanthèn asta | lan Dyan Arya Sasimping aruntung-runtung | bisik-binisik sumrasah | adu sêmu padha lungit ||

23. gya pinarak ing pandhapa | sang dipati lawan Arya Sêsimping | ing purwa wusananipun | dinangu mring dyan arya | amangsuli sasanès karyanya rampung | manggut Rônggalawe Tuban | tan mawi mangsuli angling ||

24. wus mijil ingkang tadhahan | kampuh binggêl botor lan ali-ali | paningsêt cêlana sampun | tinampan mring dyan arya | tandya ngunjuk dhaharan dêdharanipun | kêmbul saambêng kalihnya | kang ngladosi para sêlir ||

25. miwah kang para bêdhaya | lagi ana surya bisikan minging | kang gêndhing slukat binarung | rêbab suling mangraras | sang dipati dènira dhahar anginum | sabên-sabên katamuan |

--- 36 ---

wong agung miwah bupati ||

26. mangkana yèn anyugata | mila ingkang wadya sami wêdyasih | rerehannya para ratu | sêdene pra dipatya | para menak ambêg marta among tuwuh | miwah tamuan pandhita | adamêl gunêm sêmèdi ||

27. sawusira bojakrama | Dyan Sasimping sinung wangsulan gya mit | mêsat saha bala daut | lampahe gêgancangan | aprayitna dyan arya sabalanipun | kunêng malih kawarnaa | sang adipati ing Tubin ||

28. nimbali santananira | kasalira pamomongnya dyan kalih | kang wasta Ki Dêmang Gathul | sêpuh cucut ing sabda | praptèng ngarsa kang putra kinèn anungkul | dhatêng wana Pêgrogolan | dhasar tatumpon wus lami ||

29. Dêmang Gathul sigra mêsat | radyan kalih ingaturan mring wanadri | [43] makat[44] lan panakawan wus | asikep towok kantar | panah pasrê

suligi sawadyanipun | dhasar samya warganira | dyan kalih nêdhêng birai ||

30. cêngkrama sangsam andaka | kêbo danu siniwo ing turanggi | wulange kang rama rampung | radyan wus linampahan | wasis olah turôngga anandêr mamprung | onclang magêbang manumbak | supiting wêweka ngênting ||

31. tuwan yèn asikêp pêdhang | myang sanjata tuhu yèn angênèni [angê...]

--- 37 ---

[...nèni] | sêdene ing dharatipun | rikat trampil trangginas | tau ijèn ing banthèng minungsuh dhuwung | lumpatira kadi kilat | yèn ngancap angrêspatèni ||

32. manuduk sarwi amilar | mila langkung rênanira ing galih | panggulanging rama rampung | lesan sabarang lesan | main pêdhang atênapi main ganjur | wus laju mring pagrogolan | mêgatruh kang anèng wuri ||

8. Mêgatruh

1. wus sadintên sêdalu dènya ngimur kung | sira dipati ing Tubin | mriyêmbada para arum | agantya sinawung ing sih | tuhu baut asmarèng don ||

2. anging garwa pêpuncêring tyas kang kantun | dènnya adhatêngi ing sih | ing mangke sang dyah ingimur | Rêtna Dèwi Banowati | gêpah sinambut jinêm rom ||

3. lah kantuna gusti mêmanising arum | pun kakang aminta jurit | maminta sihing sang ing rum | mapag wong sura sinêgti | widigbyèng rat ing palugon ||

4. tan tumama ing braja tapaking palu | gurenda sisaning kikir | sèwu tan loro kang purun | mring Menakjingga ta yayi | mung ingsun purun silih rok ||

5. yèn ta angsal pangèstunira mas ingsun | sarta tampi sihing gusti | têlênging pinujyèng kayun | ywa tansah mindêl [mi...]

--- 38 ---

[...ndêl] wong kuning | baya pun kakang rinêngon ||

6. iya apa suwadine duka mring sun | pun kakang atadhah runtik | suka sinêrêng alulut | kinunjara ing jinêm mrik | mangèstu pada sumaos ||

7. nadyan akèh yayi ingkang para um |[45] têนapi kang para sêlir | nora paja-paja ingsun | sang dyah ing angin ngèmprêri | andika guruning sinom ||

8. Wilutama ing swarga rêbutan pasmun | tandhinga ruming mêmanis | yayi tan môntra mèmprê kung | sagunging kang widadari | pantês anyèthi sang sinom ||

9. mung andika gusti kang asih mring kakung | angratoni ing wêwangi | musthikaning asmarèngsum |[46] pun adipati ing Tubin | pan sinihan ing Sugsmanon ||

10. pinaringan garwa têtungguling patut | sasotyane luwês manis | kumaraning widasantun | pinuji ing Hyang Pramèsthi | nitis andika mas ingong ||

11. ciptaningsun yayi mung andika masku | angabdi-abdi sayêgti | tan rumaos garwa ingsun | ing ariloka mas gusti | pun kakang malawijangron ||

12. lamun cidra têngrêrana ing saumur | ing ariloka wak mami | tagihên ngarsa dèwa gung | yayi yèn ginalih lamis | pun kakang tumamèng pakon ||

13. pangèstulun [pangè...]

--- 39 ---

[...stulun] ing gêsang pan namung catur | kang dhihin Hyang Sugsmana di | kapindho dyah ratu ayu | kaping tri dika wong kuning | baku titising krahaon ||[47]

14. ciptaningsun ingkang amrih ayu-ayu | ingkang mupangat ing bumi | pujiku jangkêpnya catur | ewa mangkono ta gusti | pêpêt-pêpêting ciptèngong ||

15. kang gumarit mung andika ing sir suwung | suwunge yayi nglimputi | kahana wujuding arum | kang momor sajroning mèdi | mung dika sang murtining ron ||

16. sang dyah dangu ingimur jroning tilam rum | pinangkya ing kasur sari | sêmang driya kapirangu | kawlasên sêpdaning laki | nambang liring turiranor ||

17. adhuh gusti sang dipati nuwun sampun | kapundhi sihing akrami | wrating tyas tinilar pupuh | ulun datan sagêt kèri | mênang tiwas ing palugon ||

18. ulun tumut yèn layon tunggil capurung | yèn unggul kula ngladosi | mawongan madyaning pupuh | sukang[48] sang kakung namur sih | angrês binarung sêbda lon ||

19. nora kamas anggêr kang gêtir juruh |[49] kasuwun kapundhi-pundhi | kasugsmana wrêdayèng kung | wong ayu trêsna ing laki | kêdyarsa milyèng palugon ||

20. yêgti rikuh sèdhèng pamêlênging pupuh | môngsa kobrêra ngladèni | anggèr mring andika masku | baya

--- 40 ---

durung babak busik | wadya gung sun têkèng layon ||

21. salabêting pangèstu pujwa môntra nrus | sun tan etang baya pati | katongton manising pasmun | èsême gumarit ati | kepyan ingrêring palugon ||

22. dèn pracaya yayi gon ingsun prang pupuh | yèn rinusak jawata di | nora pilih marganipun | tan kêna dipun palangi | andhap tiwasing palugon ||

23. wus pinasthi janjine tan kêna wurung | yèn rinêgsa Sugsmana di | sapa bisa ngrusak mringsun | yèn kinarya unggul jurit | sapa klar mungsuh lan ingong ||

24. balik yayi lindhungna marang Hyang Agung | sapangrèh darma nglakoni | myang andhap ungguling pupuh | dudu pakaryaning janmi | atas karsaning Sugsmanon ||

25. sang dipati ngrakêti jwala pangungrum | ngladosi gantyaning ari | aluwês sasolahnya lus | ngêsêp-êsêp pasang liring | lir brêmara manguswèng ron ||

26. nyênyêt manis sang kakung ingkang pitêmbung | mangranu padaning ari | nah anggêr jimating ulun | musthikaning adi luwih | mung dika gusti sun êmong ||

27. wusanane mung andika akèn wurung | pun kakang tan èstu jurit | prandene

--- 41 ---

para tumênggung | pra menak para dipati | pêpak lir jalanidi rob ||

28. lawan bênrê pamintanira masingsun | ala kinèn wurung jurit | nanging wus karsaning ratu | ewa mangkono mas yayi | wuruk-wuruk karsaningong ||

29. prabu rara pantês andhahar rèh ingsun | sênadyan wurung ajurit | pun kakang sayêgti sanggup | pirangbara têmbe yayi | nêmtokakên prang madu ngron ||

9. Dhandhanggula

1. sang dyah nyiwêl aturnya mikat sih | kagawokan lamun duwe sabda | tur iku lêlamis bae | mendah suraking mungsuh | yèn ta lamun wong agung Tubin | yèn tan miyos kêlagan | ngèsêman dewa gung | prajurit anjayèngrana | mung cacade tan asih adarbe cèthi | nora nimbangi trêsna ||

2. sun tatêdha ing siyang myang ratri | sun bêbuntar nèng padoning kunca | aja pisah lan dhèwèke | nanging tan pinilaur | winastanan ngribêdi jurit | sang kakung rêsêp mulat | mèsêm manguswèng gung | kang guywa binarung sabda | nahing anggèr kang nora-nora ginalih | mendah yèn mangkonoa ||

3. nora liwat gusti wong akuning | ginaliha utamaning yuda | lir wong sêmèdi ciptane | iku pamêndêng anrus | pêndadaran [pêndadar...]

--- 42 ---

[...an] Sugsmana Luwih | tan kêna maro tingal | dhompo wawasipun | sêdene yèn têkèng ajal | kurang budi karon utamaning pati | cinêla Sugsmanongsa ||

4. bènèh lawan pati kang patitis | trusing tingal têkèng kawisesan | anggulanggung kaswargane | mas mirah ariningsun | dipun pasrah Kang Murbèng Urip | sagêlar isining rat | tan liyan wong ayu | amung sih dika kusuma | sun karyane anggèr sanguning ajurit | minôngka tumbaling prang ||

5. manguswèng dyah ngêsês nambang liring | anoragèng lumèngsèr sing pangkyan | winor ing èsêm dêlinge | bok sampun sang binagus | mriyêmbada marang ing cèthi | apa tan bosên mana | wong wus padha sêpuh | bok têpung sanak kewala | nora isin putrane têtiga sami | tur padha wus diwasa ||

6. sang dipati sêbdanira manis | nahing anggèr duk pangrasanira | abènèh lawan yêgtine | Sêkati putraningsun | kakangira pantêse ngadhi | mas mirah lawan sira | pinêsthi dewa gung | gêsang dèn tumêkèng lena | ngariloka dèn tulus wong loro rêsmi | sêngsêm andon asmara ||

7. yèn sun dulu marang sira yayi | kaya duk anyar durung sawarsa |

--- 43 ---

lami sayimbuh[50] lêngêse | duk putra siji wuwuh | mêmanise ya nusuli | [51] paputra kalih wêwah | ingungsi sumyarum | paputra tiga mas mirah | kumarane luwês mêsês amilêt sih | ngumpul mring Banowatya ||

8. srining buwana lan srining manis | pasrangkara myang srining sasekar | ngumpul marang dika kabèh | srining kaswargan pitu | srining widadari wus ênting | ngumpul ing Banowatya | gusti mirah ingsun | midrê ring rat tanpa sama | sumrah rumnya gandhange angrêspatèni | ngêbêgi nagri Tuban ||

9. kêmanisên Rêtna Banowati | sinugun-sugun pinujwèng tilam | lênglêng ngênglêng ing driyane | lir sarah munggèng ranu | wus rumojong karsaning laki | wimbuh ing kadrêsanan | kagunturan madu | winayang susila brôngta | amartani ing rèh kasmalaning rêsmi | maharsèng tama sabda ||

10. pan kacatur kang anèng jinêm mrik | wus dumugi gènnya pulang laras | enjing gumêntar swarane | têngara mung gumuruh | kang kêndhang gong tambur lan bèri | salumprèt munya ngraras | têtêgnya lir kêtug | sumahab kang pra bupatya | balakuswa pra menak rôngga ngêbèi | aglar munggèng paseban ||

11. sajuru-juru sagunging dasih | aneka-neka [a...]

--- 44 ---

[...neka-neka] dinulu sinang | satunggul kumlap layune | lir obar-abir kuwung | kang kêkôndha bandera asri | pênuh wadya ing Tuban | aglar ngalun-alun | Dyan Arya Jayapuspita | minta-minta mêmatah lakuning baris | ya ta sang adipatya ||

12. wus angrasuk kapraboning jurit | sang dipati pinarak pandhapa | kinubêng para garwane | Sang Banowati ayu | lir mintuna kêlawan mimi |

dahat tan kêna bênggang | sang dipati bagus | angêlipur paribrôngta | rêbut manis kang pra garwa para sêlir | sinrambrama ing sabda ||

13. putranira Sang Rêtna Sêkati | tansah rinangkul dhatêng kang rama | winangwang-wangwang citrane | lir sunggingan winangun | kraosing tyas Dipati Tubin | apan kadi sinêndhal | kang putra ingimur | dhasar gungan ingla-êla | ya ta garwa kang putra lan para sêlir | ri wusnya nugsmèng pada ||

14. alon mangkat ring sang adipati | ginarêbêg para garwanira | putra ambondhèt sondhère | kêkanthèn asta mungguh | lan kang garwa Sang Banowati | kandhêg nèng paregolan | Ki Rôngga nêbda rum | lah kantuna mirah ingwang | nahing anggèr pun kakang umangkat jurit | sun minta jampi brôngta ||

--- 45 ---

15. sang dyah mucang mulung sangking lathi | tinarimèng waja sang dipatya | mangrês mangrangkul garwane | kadya pêksi atarung | dangu dènnya amêgat ing sih | pan sami èsmu waspa | sêdaya pararum | ya ta ingkang kawarnaa | sang dipati wus pinarak pôncaniti | aglar ingkang sumewa ||

16. menak rôngga myang para dipati | kinèn mangkat saha wadya budhal | kang gêndhing tinêmbang rame | kalôntaka jumêgur | kadya gêrah swaraning janmi | lir sulung mêdal enjang | èbêg wor supênuh | tan kaliru prênahira | wijah-wijah asêlur agolong pipit | makupu-kupu atap ||

17. pasrang gurnitaning kang kuswa sri | panjrah bajra prakatha lir gêrah | sumahap patya wèsthine | ywa na srining mawa gyut | pirang-pirang winulat kadi | têtaru ing udaya | kamangsaning catur | kang dadya cucuking lampah | Kêrtagnyana ing Jipang sumambung wuri | Tohpati ing Lamongan ||

18. Sawunggaling Garêsik nambungi | gya cumundhuk Arya Purbarana | Sêdayu ya ta wurine | Sônggalangit Tumênggung | ing Balora ingkang nambungi | Nglasêm Menak Prêmuja | sumundhul ing pungkur | Menak Sliringan ing Dêmak | sinambungan Menak Widuri ing Pathi | tandya wadya

--- 46 ---

ing Tuban ||

19. sarawisa araning prajurit | sèwu sikêp biring lawan tinggar | sinambungan ing wurine | dulangmangap pônca tus | sikêp kêrbin ingkang sêpalih | saparo dhadhap kantar | towok ondhe tulup | sinambungan wong trantaman | satus samya wisesa sikêp jêmparing | jamang mas kinartipa ||

20. wuri pisan ingkang anambungi | kawandasa prajurit ingaran | jodhipati andêl tos-tos | dharat asikêp ganjur | gagah-gagah prakosèng jurit | brêngos godhèg plawangan | tur samya gung luhur | rampèt polèng kuluk cawang | abêbadhong kotang jro baludru langking | tau tinatah mêndat ||

21. pinetaran gèbèg nora osik | taha-tate[52] akêramas obat | angrêmpak ganjur lungide | wurinira sumambung | upacara samarga asri | lante gêndhaga bawat | kuthuk lawan kacu | tênapi kandil lantaran | tandya tindakira ring sang adipati | amungkur durmèng ngarsa ||

10. Durma

1. kang minôngka pramugarining alaga | sira sang adipati | mênggêp nitih kuda | dhawuk ran Sariyuda | pinanganggyan sarwa rugmi | solah wiraga | asongsong mliyo kuning ||

2. yèn sinawang lir Sasrabau [Sa...]

--- 47 ---

[...srabau] mangsah prang | makutha bra rêtna di | murup kang ujwala | kênyar liringing netra | merang Hyang Pratônggapati | kinaring[53] cahya | nênggih minuni sari ||

3. kudanira andhungan kang anèng ngarsa | aran pun Sangupati | ulêsnya dhawuk bang | tate ingagêm aprang | gulang-gulang amêrapit | Dipati Tuban | kadya binayangkari ||

4. ginarêbêg ing mantri para santana | songsong mawarni-warni | lir krêndha manglayang | èbêg busana raras | pirang-pirang kang kuswasri | radèn apatya | Jayapuspita pêkik ||

5. amêkasi ing wuri amangku wadya | ngirit kalih dipati | binarong Grobogan | Warung Gônda Mustaka | pratistha rahadèn patih | nitih turôngga | aran pun Layarwarih ||

6. sinongsongan dyan arya maliyo jingga | jamang mas winarja sri | ginarudhèng wuntat | arumbing gagêng[54] kentar | sêmbada dêdêg rêspati | jênar bêranyak | lir Sadewa ajurit ||

7. sampun daut sêdaya kang mangkat aprang | lir hyang sela blêkithi | wêrdu-ôngga sasra | mawukir guntur agra | panjrah kumilating rawi | saking gungira | lir pendah kilat thathit ||

8. rindik-rindik gonastra anggana [angga...]

--- 48 ---

[...na] raras | tunggul kêkôndha asri | lêlayu bandera | hyang-hyang lêngkawa teja | sangking mandrawa kaègsi | kang balakuswa | lir jalanidhi ngalih ||

9. asri tinon kang busana warna-warna | kang kuning padha kuning | angrok tiningalan | lir podhang sèwu nêba | samya bang sinang lir agni | kang sarwa seta | lir kuntul nêbèng warih ||

10. wungu golong lir mêndhung ngêmu ludira | kang ijo-ijo asri | lir bèthèt sayuta | kang biru-biru samya | lir mêndhung tumibèng siti | wênèh kang samya | anganggo sora-sari ||

11. lir manyura rêraton lamun sinawang | kang langking ngumpul langking | lir dhandhang sayuta | tuhu maneka-neka | lir sêkar sêtaman asri | untaping bala | lir sèwu guntur ardi ||

12. gantya kawarnaa Sang Sri Urubêsma | ri sêdhêngnya tinangkil | para raja miwah | nata arya pra menak | menak rôngga lan ngabèi | kang sinrangsaya | dêmang rôngga bupati ||

13. para dhaèng para andêl para lurah | tinon awarni-warni | wênèh lir rasêgsa | wênèh anglir andaka | wênèh kadya gajah srênggi | wênèh lir singa | barong dèn bêbasahi ||

14. kang sawênèh pinangku jajenggotira | brêngos macarak sisih [si...]

--- 49 ---

[...sih] | godhèg wok plawangan | simbar lir bêbarongan | busana mawarni-warni | wênèh makutha | kêncana kang kinardi ||

15. kang sawênèh tatopong anglir gupala | praba maringih-ringih | dinulu lir parang | têbah jaja asinang | bêbadhong awanci-wanci | kadi gupala | têkês mawarni-warni ||

16. jamang sungsun-sumungsun abra asinang | sawênèh udhêng gilig | sapupu gêngira | rinenda ing kancana | sasumping mawarni-warni | wênèh kancana | rineka surèngpati ||

17. kang sawênèh pindha sêkar kanigara | sawênèh gajah nguling | sawênèh sumping mas | cara pudhak satêgal | sawênèh ingkang sasumping | masêkar-sêkar | gêgodhongan wanadri ||

18. kang sawênèh rinangkêp ingkang curiga | rinangkêp cara Bali | anracak sadaya | ukirannya kêncana | rineka mawarni-warni | ingkang satêngah | sagolèk gêng ngajrihi ||

19. mangah-mangah lir naut lambung winulat | wênèh nyuriga bindi | kang sawênèh pêdhang | pêdhang sadhêpa-dhêpa | ana ingkang gendhong krêbin | kalung bêdhama | wênèh gada sinandhing ||

20. kang sawênèh rambute pinara tiga | cinakot kang sapalih | prajurit balabar | aran wong golong-gothang | bajo-barang kanan kering [ke...]

--- 50 ---

[...ring] | wong gathodara | juranggatho nisihi ||

21. macanambal carukdênggung surarayah | miwah wong cukilmanik | rujakpolo lawan | surabêthot mêlatar | samya ingugung ing gusti | sawênang-wênang | sagung wong ngajap jurit ||

22. Prabu Bêsma dumugi siniwagara | kasukanira ngênting | giyak ôndrawina | kasaru praptanira | Katbuta Kotbuta Patih | asigra-sigra | miyak sagung kang nangkil ||

23. kagyat mulat sang nata ing praptanira | duta patih nèng ngarsi | lah ta paran bapa | sira mring Majalêngka | ngaturakên surat mami | mring sotyaning rat | dhenok wong anjukining ||

24. kang kaègsi ing siyang dalu katingal | Ratu Mas Majapait | kang akarya rimang | wèh edan karungrungan | kang gawe rêntênging ati | katiga dawa | kêsêl angêluk gigir ||

25. age arsa ngêmban ratu Majalêngka | matura bapa patih | sira gawa sastra | wêwangsule sang rêtna | Prabu Dèwi Maospait | Kotbuta nêmbah | gusti tan angsal kardi ||

26. sêrat dalêm sampun katur prabu kênya | gusti kang nugsmèng têtulis |[55] santananing nata | wanodya ayu endah | aran Dèwi Rarasati | wusananira | ponang

--- 51 ---

sêrat sinêbit ||

27. apan ngantya prabu rara lêluwaran | ulun tan dèn wangsuli | dhatêng prabu rara | wusana Layangseta | mangsuli pêpucuk jurit | apêgsa lanang | ayya ngungkurkên jurit ||

11. Pangkur

1. ya ta Prabu Urubêsma | duk miyarsa aturnya kyana patih | sakêlangkung dukanipun | idêp mangada-ada | wadanabrit kithal wor-suh wuwusipun | wus pinasthi ing juwata | tan kêna ginawe bêcik ||

2. nêgara ing Majalêngka | nora wurung sun karya karang abrit | dene ngrêgêdi dhadhêngkul | iya Si Layangseta | kumasura angajab dadining mungsuh | êndhasa sèwu sênadyan | rupoa buta sakêthi ||

3. kang kaya Si Layangseta | sun tan ulap têka kêpati-pati | angêndhêgkên surat ingsun | sêdène Rarasatya | kumalancang anêbit nuwalaningsun | lumuh bosên ing agêsang | si binantang gege pati ||

4. yèn ta si sêsotyaning rat | mokal lamun anampik marang mami | tan kêna ginawe hayu | lamun nampik maring wang | Angkatbuta Kotbuta nêmbah umatur | lêrês gustiku Sri Bêsma | amba gusti

--- 52 ---

dèrèng uning ||

5. yèn siniwi prabu kênya | dèrèng nate katingal miyak samir | amung sapraptaning ulun | anglèla miyak gobah | mancêr liring mring kawula sang aprabu | têrsôndha panggih kawula | dènira akarya sandi ||

6. Rarasati Layangseta | kumapurun adigung kumasêgti | dene ta sang ratu ayu | katêmbèn ingsun mulat | ing citranya kawula tan sagêt munjuk | lir gambar jroning supêna | sêjagat tan angsal kalih ||

7. Sri Bêsma kadya ingunggar | sigra kinèn nêmbang têngara jurit | sawadya ingatag daut | gumêntar salang-tunjang | nata lampah sabalakuswa nung-anung | saha bala sadipatya | gumrêgut atata baris ||

8. kawarnaa Prabu Bêsma | sampun ngrasuk sakapraboning jurit | para garwa sêlir manggung | tata kaprajuritan | tandya miyos wau dhatêng tarup agung | sang nata sagarwanira | saha manggung para sêlir ||

9. majêmur tangara gumrah | kang kêndhang gong têtêg mawanti-wanti | sanjata mriyêm gumludhug | pracina mangkat ing prang | kang gora rèh

kang suwara gumaludhug | bêdhol sakala sumahab | Sri Bêsma anitih èsthi [è...]

--- 53 ---

[...sthi] ||

10. Seta galaknya kagila | aranira pun palwaga ngajrihi | songsongnya manyura sungsun | pratistha Sang Sri Bêsma | agêmira bindi pusaka amungguh | tan pisah munggèng matêngga | para garwa manggung sêlir ||

11. kawan dasa munggèng ngarsa | warna-warna wahananira sami | sawênèh anitih crupung | wênèh joli jêmpana | kang sawênèh bêdhati tihanipun |[56] wênèh gêrbong ya ingkang |[57] têtiga kang pramèswari ||

12. pan samya anitih liman | kang parêkan pawongan para cèthi | anitih kuda sêdarum | samarga gêgancangan | Sang Sri Bêsma asangêt parentahipun | pacuan mong murang dalan | miwah wong lèrèn ing margi ||

13. wadyabala Bêlambangan | anglir gunung banjir lêladhu bêlis | lir sulung katiban jawuh | umèp mangambak-ambak | yutan wêndran maalas magunung-gunung | gêmpur atêmahan ratan | jurang miwah kali-kali ||

14. kèdêg kèlês ing kuswala | sagungira wadya mônca bupati | sigra Blambangan kapungkur | sêdalu lêrêp marga | enjing budhal ing Prabalingga wus rawuh | kawarna dipati Daha | Prabalingga dènnya baris ||

15. sampun[58] [sa...]

--- 56 ---

[...mpun] amiyarsa warta | Menakjingga ing Prabalingga prapti | enjang kang swara gumuntur | sumrêg kang bala budhal | mapag ing prang tan ana kang ngucap takut | ya ta ring Sang Urubêsma | nèng Prabalingga saratri ||

16. enjing umangkat sumêdya | rêrêp anèng Pasêdhahan nêgari | sabalakuswa wus daut | makêthi-kêthi yutan | wong bang wetan matarap-arap[59] supênuh | lêlakon sapalih dina | gya têmpur kang ponang baris ||

17. gêgamaning Majalêngka | manrot giyak sarwi ambendrong bêdhil | gègèr wong bang wetan kuwur | kagèt tinêmpuh ing prang | bilulungan jinêjêl saka ing pungkur | wong Majalêngka mangidak | wong wetan kathah ngêmasi ||

18. pra menak pra adipatya | langkung duka sami ngawaki jurit | mangidak turôngga mamprung | singa katrajang bubar | kathah pêjah wong Majapait lumayu | bubrah tataning ayuda | para menak Maospait ||

19. ngawaki kuwêl padha las | kèkèt mangrok pêdhang-pinêdhang gênti | sawênèh suduk-sinuduk | wênèh tumbak-tinumbak | para menak pra dipati Majalangu | kinaro tiniga kapat |

--- 57 ---

tan ana angucap ajrih ||

20. manungkêb wadya ing Daha | Dyan Sindura mangamuk ngowak-awik | gumêntar kang kala ganjur | surak lir gunung rêbah | kôlôntaka mariyêm lir gunung guntur | sang dipati saya nêngah | singa kang katrajang gusis ||

21. pra dipati ing bang wetan | kathah pêjah linimpung myang binindi | dipati Bangil wus lampus | Menak Calunthang pêjah | Menak Wilôntaka ing Gêmbong wus lampus | Pangsêng ing Wajak wus pêjah | bubrah wong wetan kang baris ||

22. pra Dipati Majalêngka | ingkang samya kasambut ing ajurit | Wajak menak Angun-angun | Kalangbrèt Nilasraya | wusnya caruk tambuh rowang lawan mungsuh | têmahan pêtêng gab-gapan | cloroting mimis lir thathit ||

23. tan lyan swaraning paprangan | amung sêbrak rêkatak ting carêngkling | gumropyak gopyak kumêpruk | pating brêkuh wong brana |

ing payudan atêmah sêgara marus | kasapih dêrêsing jawah | lan malih kasaput wêngi ||

24. wus mundur kang bôndayuda | Sang Sri Bêsma dukanira tan sipi | wadyanya tumpêsan larut | ginêbag ing payudan | pra dipati para menak kathah lampus | wus mundur mring Prabalingga | gagapan samargi-margi ||

25. malih ingkang kawarnaa | adipati ing Daha ingkang baris [ba...]

--- 58 ---

[...ris] | anggêgrêg ing gajah watu | lêpas anèng barisan | tan kawarna ing ratri enjing wus daut | angangsêg ing Prabalingga | datan kawarna ing margi ||

26. wus prapta kikising kitha | wadya Daha samya ngobong-obongi | Sri Urubêsma kawuwus | kêlangkung dukanira | gya parentah pra menak myang para ratu | kinèn samya ngantêp yuda | sarya ngawaki ngajurit ||

27. gya budhal sawadyanira | wong bang wetan kêrig tan ana kèri | kadya arga sèwu guntur | rumap angara-ara | pirang-pirang anggênggêng datanpa petung | umèp supênuh bêlabar | anglir jalanidhi ngalih ||

28. dêdamêling Majalêngka | saya cêlak bêbahak turut margi | sêsêg pan samya andulu | mring dêdamêl bang wetan | adipati ing Daha ngabani asru | kang kala ganjur tinêmbang | têngara majêmur atri ||

29. wong saradula manrajang | para menak manurung saha dasih | mangêdrèl surak gumuruh | wong bang wetan atadhah | angrok-rinok bêrêg-binêrêg apangguh | pan samya sudiranira | tan ana mangeman pati ||

30. dhasar padha warêg dana | tuwuk dadar tur pênuh sihing gusti | tan ana kang ngucap takut | sanjata wus katilap | kumêrapyak tumbak-tinumbak kumêpyuk | kulewang tarung lan pêdhang |

--- 59 ---

gêbrag-ginêbrag lan tamsir ||

31. ing payudan sêgara rah | sarah watang wangke kêpala jisim | lumut bandera lêlayu | parang turôngga liman | kapênuhan mug pyaling sanjata têdhuh | kang yuda gagap-gagapan | ting brêkuh swaraning kanin ||

32. dhadhal ngarsa wuri ngidak | ting salêbrak swaraning kang mangungkih | wong saradula acakut | lawan Bugis Madura | kuwêl kèkèt apan kadi pêgsi tarung | wênèh manyakot manêkak | manuduk mawanti-wanti ||

33. acangklèt wong Panaraga | mambêng Bali Bandhung kuwêl lir bêlis | maputrê mangkrak manuduk | lir sulung bu-tumangan | tumpês ngarsa ing wuri ngidak manubruk | manglut mapikut gol ginal | macithat bêdhol mawa kris ||

34. giwangkara saya nêngah | ngiwang-ngiwung angamuk karo kêris | manrombol Menak Prêmangsul | Dipati Pakacangan | sru mangrênjah kang kuda kèkèt manaut | pamatangira kaliwat | suduk-sinuduk sing wajik ||

35. kalih samya suranira | anêrajang dipati ing Wêlèri | kinalih giwangkara wus | pêjah tiba sing kuda | Ki Surônggapati ing Rawa angamuk | Menak Pangsêng ing Pasruan | tadhaha kèkèt kang wajik ||

36. panumbakira kaliwat |

--- 60 ---

Menak Pangsêng sinabêt wus ngêmasi | Surônggapati saya nglut | linambung sangking kanan | Menak Jayalêlana wau mapan wus | wêntus pinarêng lan tumbak | Dipati Ngrawa ngêmasi ||

37. Côndrakètu Endrajala | manrot mamuk singa katrajang mati | Sri Dewataka ing Bandhung | nadhahi Endrajala | Rajèng Bali Gung Walikrama manglambung | sikêp bindi anêrajang | Côndrakètu anadhahi ||

38. manumbak watangnya patah | nora osik sira raja ing Bali | narik pêdhang Côndrakètu | manabêt pêdhang patah | manrot rukêt Côndrakètu gya pinupuh | malumpat sangking turôngga | ngamuk dharat karo kêris ||

39. trangginas Sang Basutôntra | Condrakètu sinabêt wus ngêmasi | Endrajala Rajèng Bandhung | dangu pêdhang-pinêdhang | Dewa Jarumaka Raja Bugis nêmpuh | solah inggar narik pêdhang | Endrajala dèn larihi ||

40. nora titis pinêdhangan | saya dangu saya rêmpu ngêmasi | dipati Daha kawuwus | sampun ajêng-ajêngan | lawan raja Madura dènira pupuh | kalih sami nitih liman | acangkèt kang ponang èsthi ||

41. asikêp limpung bêdhama | sami jojoh-jinojoh nora busik | ngrangkêp gada bindi nêmpuh | sami sudiranira | datan ana kuciwa dènira pupuh | malumpat Dipati [Di...]

--- 61 ---

[...pati] Daha | ngrasuk mundur ing ajurit ||

12. Durma

1. tan gumingsir sira raja ing Madura | kèkèt nèng luhur èsthi | agada-ginada | tan ana kang kuciwa | ring Sang Sindura Dipati | Sang Baudhêndha | samya ebat ing galih ||

2. buwang gada sawat gya cêngkah-cinêngkah | êndhase ponang èsthi | dhinêngkul wus pêjah | gya rêbah kapisanan | sarêng lumumpat sang kalih | tumibèng kisma | angisar gada bindi ||

3. myang gumuruh suraking mungsuh lan rowang | kadya gogragna langit | gong maguru gôngsa | têtêg kaya butula | kang kala ganjur mêlinging | para dipatya | para raja nungkêbi ||

4. adipati ing Daha kèsisan bala | kinatug ing bêdhil |[60] sinosog ing watang | suligi kadya jawah | sang dipati nora osik | singa rinêmpak | mawur tan môngga-pulih ||

5. anêrajang malih ring Sang Baudhêndha | pinupuh sang dipati | anging tan rinasa | kalih wus buwang gada | dhosok-dhinosok kêkalih | sêndhal-sinêndhal | tan ana nguciwani ||

6. para raja mudhun sing liman turôngga | ngêmbuli sang dipati | saha sikêb arga | wênèh limpung myang konta | sigêb[61] gora piling gandhi | datan rinasa | Sang Sindura Dipati ||

7. mêgsih kèkèt macêpêngi ikêt pinggang | lan Sang Madura Dipati[62] [D...]

--- 62 ---

[...ipati] astanira kanan | ingkang kinarya nglawan | singa kacandhak tininggil | binuwang kentas | rêmuk luluh wor siti ||

8. singa ingkang mangrusuk dhinupak pêjah | Menak Sopal ngêmasi | dhinêngkul muka crah | ya ta Sang Baudhêndha | duk bênggang sigra tinangsil | binuwang kentas | Jayalêlana aglis ||

9. numbak sangking ing kiwa rinêbat kêna | kang watang tugêl palih | sigra Prabalingga | kinisar anèng tawang | sinabêtakên tumuli | dening prêbata | luluh sampun ngêmasi ||

10. Sri Dewa Gung Walikrama sigra mangsah | ngrasuk goco kêtampin | curiga rinêbat | binuwang sampun kontap | maputrê maglut mangungkih | sigra binuwang | kentas sang rajèng Bali ||

11. sira Menak Caluring nuduk tinampan | kinisar nèng wiyadi |[63] Caluring kinarya | ngamuk mapupuh lawan | wus bubrah tataning baris | amawurahan | menak raja ngunduri ||

12. sang dipati wus kawuron ing ayuda | singa sinrang ajurit | Katbuta umapag | manêrang kuda galak | pamêdhangira tan titis | kuda cinandhak | rêbah wus angêmasi ||

13. tibèng kisma Kotbuta ngrasuk binuwang | Katbuta angingrêri | si wuri nêrajang | mêdhang sampun kêtampan | binuwang kentar [ke...]

--- 63 ---

[...ntar] lir mimis | Sri Urubêsma | dukanira tan sipi ||

14. sigra mangsah ginarêbêg wong sêliran | sarya anitih èsthi | putih pun palwaga | wong golong gothang ngarsa | bajobarang kanan kering | wong gathodara | juranggatho nisihi ||

15. macanambal carukdhênggung surarayah | miwah wong cukilmanik | rujakpolo lawan | surabêthot sumahap | asikêp ganthol campuling | gêrènèng canggah | pênthung lawan suligi ||

16. wong ing Daha wus kumpul malih barisnya | sasisane kang mati | nusul sang dipatya | sarta nêmbang têngara | sumêja angantêp jurit | rêrêmponing prang | sira sang adipati ||

17. sarêng mangkat Sri Bêsma umangsah ing prang | lêga tyase dipati | majêng mangsah dharat | gadanira kinisar | saha bala golong pipit | surak gumêrah | kala ganjur munya sri ||

18. sarêng cêlak sira ring Sang Urubêsma | sigra têdhak sing èsthi | wadya kinèn surak | rame têngara gumrah | salomprèt kêndhang lan bèri | bêndhe sauran | têtêg mawanti-wanti ||

19. sangsayènggar sira Sang Dipati Daha | dhasar agêng ainggil | asinggih wiraga | sigra ing lampahira | kadya angobahna bumi | amandhi dhêndha | ebat ingkang ningali ||

20. makutha bra jamangira sungsun tiga | kang

--- 64 ---

rema pinara tri | atêbah mênggala | tinon lir Jayajatra | Sri Bêsma sru dènirangling | hèh ta Sindura | sun eman mapag jurit ||

21. nora wurung sira tumêka ing pêjah | dudu lawanmu jurit | angur anututa | sira nora palastra | besuk yèn ingsun wus panggih | lan prabu kênya | sira sun gawe bêcik ||

22. lawan ingsun têtêpakên anèng Daha | lawan sun gawe bêcik | Kalangbrèt Têrsana | Trênggalèn[64] lawan Ngrawa | lawan sun trimani putri | Nyonyah Mrêisa | lawan picis sakêthi ||

23. Adipati Sindura sarêng miyarsa | talingan lir sinêbit | akras sabdanira | ora Si Menakjingga | tan kêna ginawe bêcik | tan buwe ala | Prabu Brawijaya di ||

24. sira dadak balela amurang dana | pêgsa angrata bumi | yèn isih Sindura | aja age mangguyya | kêplok tangan banting sikil | tan wurung sira | rêmpu katiban bindi ||

25. latah-latah wau ta Sang Urubêsma | ambapang sarya angling | lah mara Sindura | tibakna gadanira | Kotbuta Sang Adipati | krura wêtu glap | kumrêkot waja gathik ||

26. ponang dhêndha tinibakakên bantala | mungkrê kang ponang bumi | anggiro lumumpat | Urubêsma jinangkah | ginada mawanti-wanti | kang gada rêmak [rêma...]

--- 65 ---

[...k] | krodhanira tan sipi ||

27. gya rinasuk Sri Bêsma sigra kinisar | sinabêtakên aglis | ing watu kumlasa | ajur kang ponang sela | saya sru krura mawêngis | manaut rema | Bêsma tinubruk aglis ||

28. sinabêtkên prêbatang ajur kang wrêgsa | ya ta sang adipati | klangkung bêndunira | mangrik magrah ruara | kumutug awêtu gêni | ambêdhol sigra | waringin gya tininggil ||

29. wong ing Daha surak-surak mati sira | surak gumêntar atri | akubêng sumahab | wong Daha lan wong wetan | Sri Bêsma sarêng ambêlik | dhapur mathingkrak | ambêg sarosa wuri ||

13. Pangkur

1. bakudhu butêng ingkang tyas | sang dipati anggro andrês waspa ngrik | magarot bau sumiyut | malumpat ngisar gurda | kadya bajra godhongi amalêdug |[65] sinabêt Sri Urubêsma | galêpung kang ponang ringin ||

2. gumruh sugaknya[66] wong wetan | kêndhang bèri swaranya amêlingi | ring Sang Sindura manggêdrug | bêkuh Bêsma kacandhak | putêr cangklèt ambêg sarosa kumrutug | rinawuk Sang Urubêsma | rinêngkah mangungsêp siti ||

3. kinisar kumbul kêtampan | sinabêtkên ing wêntis nora osik | dhinupak kontal katubruk | winang kris [kri...]

--- 66 ---

[...s] dhuwung rêmak | kèdêg kèlês ingukêl wanti tinuntun | cape astaning dipatya | sêkala angêmu gêtih ||

4. kinipat kentas lir balang | ring Sang Bêsma tiba kuwalik-walik | sakêlangkung dukanipun | nyandhak bindi pusaka | wêsi kuning kinisar ingikal mêtu | dahana mangarab-arab | Sang Sri Bêsma asru angling ||

5. hèh Adipati Sindura | lah pilihên urip kêlawan mati | dene ta kelangkung-langkung | ambêg sura dibyèng prang | Adipati Sindura nauri wuwus | iya sun pêlaur pêjah | mulih kawisesan mami ||

6. untapna mring ariloka | ingsun nusul mring Sri Brawijaya di | mring dewane ingkang agung | Dyan Sindura lumêkas | namèl[67] wêntis sidhakêp rapêt kang suku | anutupi karnanira | Sri Bêsma nêrajang aglis ||

7. pinarjaya Sang Sindura | dening bindi poking talingan kering | rah muncar anglayon pan wus | mulih ing ariloka | sasisane wong Daha sami angamuk | wênèh angrêbat kunarpa | layonira sang dipati ||

8. gêprah winrat ing turôngga | wus binêgta lumalya dening dasih | malêbèng jroning wanagung | wong wetan wus katilap | rêbut rinok wong Daha barêng gumulung | Kêbogêdhah gya umangsah | labuh pan sarwi anangis ||

9. para santana karuna | ngamuk nangis mangliwung karo [ka...]

--- 67 ---

[...ro] kêris | wong gologothang mangêbyak | wong juranggatho tadhah | macanambal rujakpolo daragathu | surabêthot surarayah | carukdhênggung ngrubut wani ||

10. Ki Kêbogêdhah magalak | wong Blambangan akèh wonge kang mati | Angkatbuta sigah[68] nêmpuh | Kotbuta ngingrê galak | Kêbogêdhah kinalihan dènnya pupuh | pinêdhangan sampun pêjah | pra santana para mantri ||

11. kinarubut sampun gêmpang | kang kuswa lit larut tan môngga-pulih | Katbuta Kotbuta manglut | sarowangnya manglêmpak | Urubêsma kondur masanggrahan sampun | saha bala sakuswala | nênggih gantya kang winarni ||

12. nguni Kumiti[69] lan Seta | nuwun mangsah mapag Sang Urubêsmi | ngirit wong ing jro sêdarum | lan menak kêpatihan | sampun prapta padhêkahan gunêm rêmbug | kalih Madiun Dipatya | Kincang Menak Balaruci ||

13. sira Gajah Têpèngsara | Jagaraga Ki Menak Balaruci | Krêtasana Menak Klungkung | Sarêngat Bagaspatra | ingularan nênggih pakewuhing laku | paran yayi dayanira | Si Paman Sindura uwis ||

14. anglanggar mring Prabalingga | kari gawe nêmu sisa ing jurit | Layangkumitir umatur | kakangmas Layangseta | ulun datan mawi anusul ing pupuh | kadidene tyang utama | amomor ngêmbul ing kardi ||

--- 68 ---

15. sae amba wrat priyôngga | kantênane mangke paman dipati | andhap ungguling apupuh | yèn marêngi paduka | paman Kêrtasana prayogi ingutus | lan yayi mas ing Sarêngat | lan kakang ing Saosragi ||

16. angatungna[70] kang nuwala | inggih dhatêng Paman Daha Dipati | nantun kasagahanipun | lamun paman dipatya | sinaguhan prayogi ta ingkang pupuh | yudanira Menakjingga | tanpa gawe bantu jurit ||

17. kônca têtiga wangsula | pacak baris ing ngriki pan prayogi | sêdhêng cêlak têbihipun | datan kontap ing mêngsah | tan gêpokan lingsêmira ing apupuh | jêr paman Dipati Daha | cupêt nalar ing wêwadi ||

18. angandika Layangseta | iya bênêr rêmbugira ta yayi | Si Paman Sindura busuk | kurang nganggo waweka | tan ngawruhi unggah-ungguhing wong agung | tan malipir kasujanan | sêgsana akarya tulis ||

19. dhapur mring dipati Daha | sampun dadya Kumitir nêbda aris | lah paman Menak Kalungkung | lan yayi Bagaspatra | lawan kakang Brajamusthi ingsun utus | nusul anèng Prabalingga | aturêna surat mami ||

20. nuwala sampun tinampan | sang dipati sira ing Saosragi | Sarêngat mangkat sawadu | antara saonjotan | gya kapêthuk tyang kang sami kawon pupuh | saya sinêrang lampahnya [lampah...]

--- 69 ---

[...nya] | anulya kapêthuk malih ||

21. wong brana sapirang-pirang | tinupigsa sasolahing ajurit | umatur kang kawon pupuh | wadya ing Majalêngka | samya anrot kalampah tandya kapêhuk | dêdamêl kang lorot aprang | saha atêtawan tangis ||

22. tinanya mangsuli tandya | Adipati Sindura wus ngêmasi | kasambut madyaning pupuh | wadyane tatumpêsan | para menak dêmang rôngga samya larut | dèrèng dumugi gyan tanya | kasaru wong wetan prapti ||

23. Buta Kotbuta mangrêmpak | gologothang rukdhênggung cukilmanik | gathodara juranggathu | wong bajobarang rayah | rujakpolo surabêthot sru manubruk | mangêdrèl nyampuling nyanggah | gêrènèng nyurung mêthungi ||

24. wong Kêrtasana manulak | wong Sarêngat Saosragi magusis | kathah pêjah rinaruwuk | kaplayu nandhang brana | pra dipati angawaki aprang pupuh | ngêtap kuda nyandhak watang | singa kang katrajang mati ||

25. kakênthung bèri gumêrah | surak lawan awor krutuging bêdhil | Kotbuta ngingêr mangrasuk | Angkatbuta mangrêmpak | Bagaspatra ingincih sêgsana nêmpuh | silih rok gêbang-ginêbang | Menak Kalungkung nulungi ||

26. Kotbuta nrombol manumbak | tatas Menak Kalungkung wus ngêmasi [ngêma...]

--- 70 ---

[...si] | mangrêbat wong juranggathu | manigas murdanira | Bagaspatra magiris tandya lumayu | Menak Brajamusthi ika | kinarutug ing campuling ||

27. ginanthol kuda wus pêjah | Brajamusthi cinanggah dèn kêmbuli | sinikut pusaranipun | rinusak dhinedhelan | kari ngadêg mung kari calananipun | Bagaspatra wus binêdhag | wong surarayah nadhahi ||

28. kinarubut ing ngakathah | sang dipati sru manumbak manitir | wong carukdhênggung magulung | mamrêm ngamuk mangrurah | Bagaspatra kang kuda rêbah wus lampus | mangamukira madharat | watang rinêbut wus kêni ||

29. cinanggah dening ngakathah | wus pinikut sarwi dipun dhèdhèli | wong gathodara marusuh | apan sawênang-wênang | jinogètkên sarwi tinimblisi pênthung | sinurak magiyak-giyak | bêbandan kalih dipati ||

30. binêgta mring Prabalingga | Angkatbuta Kotbuta manglut sami | sakancanira manglarug | prapta ing Pasuruan | ngobong-obong anjarah-rayah amikut | Kumitir lan Layangseta | samya gugup tanya kalih ||

31. datansah abilulungan | wôngsa ing jro bubar larut kang baris | Buta Kotbuta wus rawuh | saha balakuswala | ngobrak-abrik mamêdhang manuduk-nuduk | nyampuling masrê manyanggah |

--- 71 ---

kakêndhang bèri munyatri ||

32. wong Majalêngka abubar | ting salêbar tambuh dènnya mangungsi | pra mantri kathah kapikut | Kumitir Layangseta | kêkadhalan maniba tangi lumayu | anjarunthul turut jurang | Menak Madiun kawarni ||

33. sira Gajah Têpèngsara | Balaruci kapanggih pipit sami | arakit sawadyanipun | wus dangu anèng wana | labêtira kabruntak wong Majalangu | dhasare nora pitaya | tinindhihan radyan kalih ||

34. mila ing manah sumêlang | para ratu dènira nglurug jurit | Seta Kumitir wus pangguh | lan Gajah Têpèngsara | Balaruci kang kuda kalih pinundhut | swandananya pan wus pêjah | asêsêg dipati kalih ||

35. dènira mangsuli sêbda | sinaosan liyane ngagêm jurit | Layangseta asru bêndu | ngundhat mangundhamana | Dyan Kumitir anarik curiga gupuh | kuda kalih linarihan | kapisanan wus ngêmasi ||

36. wadya Gajah Têpèngsara | Balaruci samya dipunkêjèpi | gya giyak ngêdrèl kumrutug | dyan kalih nêbas-nêbas | pinêtakan lumayu manusup-nusup | dipati kalih wus têbah | rêmbug nungkul mring apati ||

37. anulya minta utusan | sigra mentar prapta ngarsaning patih | umatur ulun ingutus | mring Gajah Têpèngsara [Têpèng...]

--- 72 ---

[...sara] | pan nagari kalihira ing Madiun | anungkul dhatêng paduka | kalih Menak Balaruci ||

38. ingkang duta saha sêmbah | yèn ing mangke kalih ulun dipati | datan eca ing tyasipun | ngabdi nèng Majalêngka | sêdya beluk ngabdi paduka pukulun | narendra ing Bêlambangan | ingkang gung kasmarèng galih ||

14. Asmaradana

1. kasmaran ingkang miyarsi | Kotbuta lan Angkatbuta | lah utusana dèn age | ngaturi ing gustinira | luwih rumojong ingwang | beluk marang jêng ingsun |[71] kang ponang duta umêsat ||

2. prapta aturnya wus titis | dipati kalih lumampah | wus prapta sasolahnya nor | ki patih ngrakêti sabda | sami sinêtya-sêtya | myang janji toging apupuh | pra dhaèng lan para rôngga ||

3. dhasar mêntas mênang jurit | gumêntar swara gumêrah | ya ta kêsaru praptane | utusanira ki patya | lêlurah kajinêman | Udanprahara ranipun | lawan pun Baratkatiga ||

4. mangah-mangah wêdana brit | lir sêkar wora-wari bang | anyana yèn olèh gawe | wus titi ing aturira | angaturkên kêpala | têrsôndha Menak Kalungkung | lawan ngaturkên babêstan ||

5. Jagaraga Brajamusthi | ing Sarêngat [Sarênga...]

--- 73 ---

[...t] Bagaspatra | Sang Sribêsma andikane | hèh yayi mas ing Madura | paran ing karsanira | Sri Baudhêndha umatur | dewa ji yèn padukarsa ||

6. prayogi dipun têlasi | jamaknya wong kalah aprang | amanggih pati têmahe | lamun ta ajriha pêjah | ing nguni punapaa | tan têluk dèrènging pupuh | angêdohi tindak nistha ||

7. Sang Sribêsma manêbda ris | lêrês yayiku Madura | anêdha pinatèn age | ya ta sampun kêlampahan | binunuh ing ngakathah | tinigas murdanira wus | Bajramusthi Bagaspatra ||

8. dyan wontên utusan malih | sing Patih Buta Kotbuta | atur uninga sang rajèng | ing mangke rêkyana patya | wus ngancik Pasêdhahan | Seta Kumitir wus pangguh | nanging ngoncati barisnya ||

9. mawut wadya samya ngisis | lan malih atur wuninga | dipati Madiun karo | aran Gajah Têpèngsara | kithanira ing Gêlang | lawan malah aranipun | Balaruci ing Kinancang ||

10. têluk dhatêng kyana patih | tan mawi kêrana aprang | lajêng kinanthi samangke | baris anèng Pasêdhahan | lawan miyarsa warta | Rônggalawe arsa rawuh | ing Tuban sabalatôntra ||

11. pasisir môncanêgari | Sri Bêsma kêlangkung suka | kang duta tinulak age | sarta paring mimis obat [o...]

--- 74 ---

[...bat] | mring Madiun Dipatya | sarta makutha lan kudhung | dhuwung kampuh myang calan ||[72]

12. miwah inuman ngajurit | branduwin arak wêragang | datan kawarna lampahe | gênti ingkang kawursita | Rônggalawe ing Tuban | sakônca wadyakuswa nung | papta ing Bangil malatar ||

13. wus tarub kawula alit | têluk mring Ki Rôngga Tuban | ya ta duk sarêng praptane | pra dipati para menak | rôngga lan sinang arya | akumpul dhahar akêmbul | kang gêndhing munya angraras ||

14. anginum dhahar wêradin | ya ta sawusnya bibaran | sowang-sowang mring kuwone | kasaru Dyan Layangseta | Kumitir guwalan |[73] sumungkêm ing pada gupuh | angling Sang Dipati Tuban ||

15. putraningsun radyan kalih | sampun amônca udrasa | paran purwa wusanane | umatur Dyan Layangseta | dhapur ulun dinuta | dhatêng maha ratu ayu | kinèn nindhihi paduka ||

16. minôngka tingaling jurit | jênêngi gèn tuwan aprang | nging lajêng mangetan nèng ngong | ngêntosi dhatêng paduka | kalamèn botên prapta | kawula lajêng umagut | dhêsêg dhatêng Prabalingga ||

17. botên nyana botên ngimpi | para menak kêpatihan | ing tingal wus malih kabèh | kaot lan tiyang Blambangan | anèng ngarsa manulak [ma...]

--- 75 ---

[...nulak] | ambanggèl ngêpruk ing mungsuh | kawula kasoran aprang ||

18. wôngsa ing jro mawur gusis | kèdêg karoban ing lawan | wantu wong Madiun kabèh | ing Kêrtasana Sarêngat | Saosragi kêlawan | Kotbuta Katbuta magut | kawula karoban lawan ||

19. kasangsang ing ganjur lungit | wong Majalêngka sumêbar | mila kawula lumèngsèr | yèn paman inggala prapta | kados tan manggih tiwas | mèsêm Ki Rôngga amuwus | lêrês anak jêngandika ||

20. Dyan Seta umatur aris | Paman Dipati Sindura | ing mangke wus têkèng layon | tumpês ingkang balatôntra | dipati para menak | ambalik nulak anapuk | punika tiwasing paman ||

21. wimbuh pun Katbuta patih | Kotbuta sami mangrêmpak | paman kaloloh yudane | pitambêt cidraning aprang | têmahan kenging gêlar | Ki Rônggalawe angungun | wusana alon ngandika ||

22. wus pinasthi ing Sugsma di | kakang Dipati ing Daha | kasambut anèng palugon | tansah kumêmbêng kang waspa | matur Dyan Layangseta | tyang wetan ing mangke manglut | baris wontên Pasêdhahan ||

23. wangsul paman adipati | ing mangke karsa paduka | kadospundi ing palugon | nagari

--- 76 ---

ing Majalêngka | paduka kang kawogan | timbalane ratu ayu | ulun kinèn dados tingal ||

24. anggêp paduka ing jurit | tênapi kang pra dipatya | para menak sêkathahe | ulun sumôngga ing tuwan | mênggah dadosing aprang | tênapi sirnaning mungsuh | ratu ayu wus pitaya ||

25. dumugia gunêm-kawis | sang adipati ing Tuban | ing dalu tan winiraos | enjang budhal saha bala | nglanggar mring Pasêdhahan | kadi gunung alêlaku | lir samodra rob bêlabar ||

26. lir sêkar sêtaman asri | sinang lir gunung pawaka | kêbêg mandrawa pênuhe | sasotya abra kumilat | jatha mangarab-arab | lir sêdhênge môngsa catur | gora-rèh magra ruhara ||

27. têtunggul kêkôndha asri | lêlayu lawan bandera | teja wangkawa pindhane | gumawang-gawang ing tawang | lir obar-abir sinang | nagri ing Bangil kapungkur | lir pêgsi glar ngara-ara ||

15. Dhandhanggula

1. sira Buta Kotbuta winarni | Balaruci Gajah Têpèngsara | agunêm rèh ing palugon | rêmbug kang baris mundur | sawetane ing Kalicacing | mancal ing Pasêdhahan | saha bala daut | winawratan bangkat-karya | wus winawrat bobot-boboting [bobot-bobo...]

--- 77 ---

[...ting] ajurit | mring Rônggalawe Tuban ||

2. ingkang dadya pakeringing galih | iya Ki Rônggalawe ing Tuban | ambêg budya santa tyase | waskithèng glaring wadu | saha dasih sakuswa mantri | rôngga menak dipatya | mèstuti tyas kêmbul | raharjwa surèng wêweka | wignya ngadu ing balatôntra mamrês sih | sumbaga anjayèng prang ||

3. tan pakewuh dènnya mrih ajurit | ayêm ginasah awasing gêlar | ngarah-arah pakewuhe | patitising apupuh | pilih tandhing gêlaring jurit | jêr Buta lan Kotbuta | tau padha wawuh | bodhol angunduri lampah | pacak baris sawetaning Kalicacing | mangungkang ing hèrnawa ||

4. biting kapang amidêr miranti | sinêla-sêla ing kalataka | sarya minta bantu age | mring prabunira gupuh | Sang Sri Bêsma bantoni baris | daut ing Prabalingga | sabalakuswa nung | pêmbarisannya mêlatar | biting ropoh anèng sawetaning kali | mariyêmnya pinasang ||

5. malih warnanên Dipati Tubin | mangu sarêng prapta Pasêdhahan | wong wetan sampun lumèngsèr | wadya rêrêp sadalu | sang dipati sêgsana enjing | budhal sabalakuswa | lumrang wra supênuh | lir jalanidhi lumembak | rênggèng surya sara [sa...]

--- 78 ---

[...ra] busana lir sangking | udaya giri bêsma ||

6. sampun prapta sakilèn bênawi | abaris gêlar atata tingal | pinasang kalatakane | sabala bra supênuh | lir maendra sêkar mangalih | sunar lir arka merang | gêbyar-gêbyar santun | pating karênyêp kumilat | pêrnatèng rat sangsaya minuni sari | anging tan ngajak aprang ||

7. atênapi wong wetan abaris | datan ana purun mêdal aprang | eca nèng jro biting bae | tansah asami nayub | sêsauran kang gêndhing muni | surak ambal-ambalan | kang gêndhing gumuntur | sadintên sadalu datan | ana wong prang kang gêndhing munya angrangin | mawantêr kawiragan ||

8. lamun dalu sumuk mring wiyati | oborira padhang pabarisan | ngakasa angêmu tinon | mega-mega anglayung | lir raina padhanging sami | myang wadya ngambil tirta | mring kali asêlur | obornya saparan-paran | ting kalêncar munggah mudhun ing banawi | wimbuh sri di winulat ||

9. dungkap kalih dintên kalih ratri | datan ana amêtoni aprang | lèrèh padha pêngarahe | miranti siyang dalu | miwah ingkang para dipati | ngumpul pakuwon Tuban | ôndrawina nayup | mêntarakên kawiragan | kasêntikan abêgsa [a...]

--- 79 ---

[...bêgsa] rinakit-rakit | gêndhing munya angraras ||

10. wênèh bêgsa rakiting ajurit | kang sawênèh ana bêgsa dhadhap | bêgsa kêmbang lan jêbênge | sawênèh bêgsa gambuh | wênèh bêgsa anginum warih | ngêdhasih ponang sênggak | lokira gumuruh | kang kêplok ambal-ambalan | sang dipati tansah umèsêm ing galih | myat kasukaning liyan ||

11. ingkang dadya gawoking ningali | lamun bêgsa Arya Purbarana | lan Kêrtagnyana sisihe | rèh gora-godha digung | aprakosa ngobahkên bumi | Kumitir Layangseta | bêgsanira baut | bêsus rarasing wirama | sapêngadêg solahe awor lan gêndhing | dadya pangeram-eram ||

12. Yangyang Utara wora sang krami | ri sêdhêngnya ngira mamrêsing dyah | urub sasolah netyane | radyan patih amungguh | sisih lawan Menak Widuri | ing Pathi kadya kêmbar | solah wiraga nrus | tan kabatang angsung rimang | mung sêdhêpe prawira amrak-atèni | lir Nakula Sadewa ||

13. liyaning pra menak pra dipati | samya dawêg tan ana kuciwa | Ki Rônggalawe duk anon | mèsêm suka ing kalbu | tandya dhahar minum brênduwin | sawusnya akasukan | Sri Bêsma kawuwus | agiyak-giyak wurahan [wuraha...]

--- 80 ---

[...n] | Sang Sri Bêsma acucut dènira ngibing | mangèdhèng kasêntikan ||

14. sumrap kênthung bèrinya tan kèri | wadya wênèh bêkik sêsauran | têka dadi pêpantêse | wênèh kang para ratu | ingkang gêndhing acarabali | wênèh kala gumêntar | wênèh slomprèt tambur | sawênèh rêbab biolah | sasukane wusnya dhahar minum warih | kêmbul apêrjanjian ||

15. para rôngga para dhaèng sami | para menak tinandhing ing aprang | Malangsumirang ature | sumbar-sumbar gumuruh | lir gapyuk kang padha sawêngi | miwah kang para lurah | tansah ngajak pupuh | Sri Bêsma kêlangkung suka | juranggatho gathudara dèn lilani | miwah wong gologothang ||

16. bajobarang rujakpolo manik | caruk dhênggung myang wong surarayah | gumêrah kasaguhane | wênèh ana bêngkilung | putêr-putêr pêdhang ngajrihi | wênèh amain tinggar | wênèh onclang pênthung | gol-

ginal[74] mata mucithat | pèngêl mangkrak datan kawarna ing ratri | ngantya durmèng kasukan ||

16. Durma

1. kawarnaa sira Radyan Layangseta | enjing nyêpêng wong Bugis | juru pêkathiknya | sira Sri Jarumaka | kupingnya pinêrung sisih | cinukur mrapat | gya kinalungan tulis ||

2. dhapur dhatêng Raja Bugis Jarumaka | sêrat pênantang jurit |

--- 81 ---

sêgsana wus prapta | ngarsane Jarumaka | kagyat sarêng aningali | wêngis sabda kras | sêrat binuka aglis ||

3. bêbukane pèngêt ingsun Layangseta | kang angsal sihing gusti | tur ingkang minôngka | pamugarining laga | praptaa mring Raja Bugis | Sri Jarumaka | yèn padha wong linuwih ||

4. anabranga sira kuloning bangawan | payo tandhing lan mami | yèn dhasar prawira | prajurit sura mrata | eman jênênging narpati | yèn tan wania | angur nisila têki ||

5. Raja Bugis iku cocote lir luwak | tan pantês awor jalmi | akuthuh tur mangkak | ngawula menak alas | ratu jêjêmbêring bumi | tan wurung sira | dadi sasrahan pati ||

6. sampun putus ungêle ingkang nuwala | sigra ngabani dasih | Dewa Jarumaka | sabala sakuswala | bêngkilung gêbyur bênawi | wong kawan nêmbang |[75] ngrêngês anèng ing warih ||

7. gamanira mung cundrik lamêng kulewang | towok wêrgu cêmpuling | nglangi ting kurambang | Bugis sapirang-pirang | pinentaran tan ngunduri | pan kathah pêjah | prandene tan ngunduri ||

8. sampun nabrang ing sakuloning bangawan | Jarumaka awêngis | saha bala nrajang | mangrêmpak pabitingan | ingêdrèl nora nêdhasi | nuduk [nudu...]

--- 82 ---

[...k] magalak | Layangseta manggêndring ||

9. amarêngi pabitingan ing Lamongan | Sawunggaling Garêsik | dharat sikêp watang | gègèrira puyêngan | kadi gabah dèn intêri | Sri Jarumaka | mangrot angowak-awik ||

10. sigra mangsah Menak Tohpati Nglamongan | Sawunggaling Garêsik | dharat sikêp watang | balanira kinêtap | akèkèt rok silih ungkih | kuwêl sakut prang | wong Bugis kadi bêlis ||

11. Jarumaka anguwuh mring Layang Seta | papagên tandang mami | payo Layangseta | padha wong sura mrata | ngling sarta mêncak nampiling | nyukit macithat | nêpak lamêng makitir ||

12. mêncak milar manapuk mangering nganan | singa tinêpak mati | maputêr nêrajang | nglamêng sarwi amilar | Sawunggaling anadhahi | landheyan patah | lawungira manarik ||

13. nabêt langkah mring Jarumaka lumumpat | Tohpati anglarihi | tinangkis watang crah | rinukêt jaja bêncah | tinigas murda cinangking | ambyuk mangrêmpak | wong Bugis golong pipis ||[76]

14. Sawunggaling sampun katanggêban papan | kinrocok ing campuling | rêbah wus katigas | sirah kinarya onclang | sira Sang Dipati Tubin | duk amiyarsa | dukanira tan sipi ||

15. amarêngi Radèn Arya Purbarana | lawan [la...]

--- 83 ---

[...wan] rahadèn patih | nèng ngarsa dipatya | kalih umêsat sigra | kêlawan wong jodhipati | prapta ing ajang | rêbut rok silih-ungkih ||

16. wadya Bugis nampuling ginêbang kentas | nusup kasundhul biring | amêncak tinumbak | milar-milar winatang | nadyan buntunga kang biring | lamun ingancap | nadhahi pêdhang biring ||

17. kang katlampik pan akèh dugang-dinugang | manglut maputêr biring | cinundrik tan pasah | wong jodhipati panggah | winangkris Bugis kèh mati | radyan apatya | kinarutug ing jurit ||

18. sinakawan liniman dyan arya panggah | linamêngan tan osik | cinundrik pinêdhang | tansah wayang-wayangan | mangrêsthawal tinampiling | pèngêl kalênggak | binithi crah kapicil ||

19. Purbarana kinêmbulan ing ngakathah | gêbang buntar mabiring | maju-maju pêjah | tumbak cinuthat kentas | akathah maju pinandhi | wangke kumawang | dhupak manganan ngering ||

20. Jarumaka amêcah milar tinrajang | tinadhahan lan biring | katulak manrajang | malih ginêbang kentas | amamrêm abutêng mangrik | mire lumumpat | sarwi anangkis biring ||

21. gapyuk macok ing driya kuwêl magalak | Purbarana tan osik | mangungkil binuwang | dhawah mangering nganan | nigas kapala prajurit | tigas matatas | gapyuk wor kèkèt malih ||

22. ing Sêdayu Adipati [Adipa...]

--- 84 ---

[...ti] Purbarana | wêtus lamêng lan kêris | mapagut putêran | kalih sudirèng aprang | mangungkil biring mangungkih | Sri Jarumaka | tininggil tiba têbih ||

23. anututi Dyan Arya Jayapuspita | ngancap kêt pinggang muntir | kang rema mangikal | mangitêr anèng tawang | winuwung Sang Raja Bugis | dening curiga | salang tatas ngêmasi ||

24. wus gumulung pra dipati para menak | mangrêmpak mring wong Bugis | maninggar manumbak | mistul manumbak mêdhang | manah amasêr jêmparing | maglut manigas | saya kathah kang mati ||

25. wadya Bugis lir sulung lêbu-tumangan | wangke sungsun matindhih | kang nabrang bêngawan | tinadhahan wong Jipang | Krêtagnyana anumbaki | asarah watang | bêngawan mili gêtih ||

26. wadyabala anggêbyur aramon watang | wong Jipang amentari | wangke ting kurambang | ing wuri jêjêl nabrang | Katbuta Kotbuta patih | kadya kitiran | lawung mangampah jurit ||

27. Rajèng Bali ingangsah ngadhang-adhangan | mring Prabu Urubêsmi | wong wetan malatar | aglar anèng pinggiran | sampun sinapih kang jurit | ingkang wus nabrang | tumpês tan ana kèri ||

28. sampun sami makuwon ing pabitingan | sira Sang Urubêsmi | siniwèng pra arya | pra menak pra dipatya | rôngga dhaèng para mantri | ya ta ngandika | mring Sang Madura Aji ||

29. yayi prabu

--- 85 ---

paran prayoganing lampah | pakewuh dènnya jurit | lamun tan linanggar | wadya akèh kang rusak | tan kêna kinrokos jurit | kalamun datan | linanggar tan nglanggati ||

30. dèn antosa sacôndra môngsa nglawana | paran rêmbagnya yayi | matur Sri Madura | dewa ji yèn kawula | yogi ginêbyuran sami | sira bêjaa | pasrah Hyang Sugsmana di ||

31. Rajèng Bali tinari nênggih aturnya | yèn marêngi dewa ji | yogi kinêrtêgan | nênggih ingkang bêngawan | ngong merang wurung ngajurit | mendah ta ingkang | pocapane ing bumi ||

32. lamun datan dados sarêmbag punika | suwawi milih-milih | sabrangên kang kêna | cinacap dening kuda | nadyan têmpuh jroning kali | yya têbih lawan | pabitingan kang lami ||

33. Raja Kêling tinari ya ta aturnya | ulun rêmên anganti | tan kenging ingucap | nadyan sasèn-sasèna | arjaning bala kang pinrih | lan sampun ngantya | cuwa karsa narpati ||

34. yèn kenginga tuwanku sampun kumôngga | amondhong prabu dèwi | ywa ngrisakkên bala | lawan sampun sangsara | Buta Kotbuta tinari | lah paran bapa | prayoganing ajurit ||

35. sira Buta Kotbuta matur wotsêkar | lamun suwawi gusti | baris ingunduran | dimèn wong kulon nglanggar | dhatêng sawetaning kali | tuwan mundura |

--- 86 ---

mring Prabalingga gusti ||

36. kang supados pun Rônggalawe ing Tuban | galak anêmpuh jurit | gampil tinadhahan | mila mangke tan nglanggar | ering mring paduka gusti | aliting manah | manungsa Maospait ||

37. tangèh lamun puruna mungsuh lan tuwan | salumahing pratiwi | kurêbing akasa | tuwanku tanpa timbang | yèn nêdhasana prajurit | Dipati Daha | prandene tan kuwawi ||

38. mila sangêt jèngkèngipun dhatêng tuwan | gusti ngamungna mami | kang umagut ing prang | lawan sapalih raja | pra menak rôngga dipati | anging paduka | sampun tega ing dasih ||

39. dhadhalira ing wingking sampun kadhadhal | tuwan nglambunga aglis | wondening kawula | baris tan têbih kitha | lêhêng kapara ngunduri | kang pinrih nroda | mêngsah ing Maospait ||

40. kang supados kenginga linanggar ing prang | têmah ènthènging jurit | Dipati ing Tuban | kalamun dèrèng nyabrang | ginêbrak ing rèh tan kongkih | ayêm ginasah | papanira miranti ||

41. Sang Sri Bêsma sakêlangkung dukanira | anyêntak sabda wêngis | liwat merang ingwang | nganti mundur sajangkah | mendah Ratu Majapait | ngèsêmi mringwang | sinêngguh sun gumingsir ||

42. lèrèh têmah miranti srayaning aprang | kurang gugu Kumitir | kaya dudu lanang | wong agung ing Blambangan | wiguh-wiguha ing pati | matur wotsêkar [wotsê...]

--- 87 ---

[...kar] | Buta Kotbuta Patih ||

43. hèh prabuku pukulun ginalih ingwang | rêbut rok silih-ungkih | nèng madyaning aprang | ulun mundur sajangkah | cacahên sabiting-biting | lamun kumêcap | mengo sagodhong pati ||

44. sinosoga ing ganjur biring kang ngatap | tanna langkung dewa ji | mung wagêda aprang | rèh mungsuh ayêm aprang | prajurit prangnya matitis | datan maganas | kewran tangkêping dasih ||

45. para raja gumuruh ngêmbul aturnya | Buta Kotbuta patih | wus lilih Sri Bêsma | kondur mring Prabalingga | pra raja menak dipati | dhaèng pra rôngga | daut sakuswanyatri ||

46. sira Buta Kotbuta mundur sêgsana | maglar atata baris | nèng kikising kitha | menak raja dipatya | sapalih sampun rinakit | gantya kawarna | sri nataning ajurit ||

Judul tambahan redaksi. (kembali)
sinarkara. (kembali)
Sengkalan: surya ilang teruse ing sanubari (23 Mei 1901 A.D.). (kembali)
Sengkalan: rupa gêni ing madya Damarwulan (3 Sapar 1831 A.J.). (kembali)
Lebih satu suku kata: Kêncanawungu juluke. (kembali)
abrôngta. (kembali)
Lebih satu suku kata: tulus panjênêngan aji. (kembali)
manuhara. (kembali)
kaèksi (dan di tempat lain). (kembali)
Kurang satu suku kata: de parabanira arum. (kembali)
Kurang satu suku kata: lan para raja jajare. (kembali)
Kurang satu suku kata: Raja Minangkabu tuwin. (kembali)

Lebih satu suku kata: mung Rêkyan Patih Lugêndèr. (kembali)
pangewan-ewan. (kembali)
siji. (kembali)
sêsamanira. (kembali)
Kurang satu suku kata: Ramayana gada balik. (kembali)
wêktune. (kembali)
Suksma (dan di tempat lain). (kembali)
kêpatihan. (kembali)
Lebih satu suku kata: wus kapanggih anèng Blambangan sami. (kembali)
Kurang satu suku kata: kathahe kadang priyôngga. (kembali)
ngèstuti. (kembali)
Kurang satu suku kata: sêca tuhu kakêning rèh tan rahayu. (kembali)
wadya. (kembali)
Kurang satu suku kata: sing ajrih mring Sang Hyang Wisnu. (kembali)
madya. (kembali)
samêkta (dan di tempat lain). (kembali)
sêkti (dan di tempat lain). (kembali)
nambang. (kembali)
Kurang satu suku kata: tambur awor kêndhang munya sêsauran. (kembali)
wor. (kembali)
Lebih satu suku kata: wong dagang layar gusti pun wradin. (kembali)
Kurang satu suku kata: aparentah samining nrêpati. (kembali)
Lebih dua suku kata: dyan arya mêgap mêgap. (kembali)
Kurang satu suku kata: sinuduk tan ngulipik. (kembali)
Kurang dua suku kata: yèn wus prapta ing pakuwon. (kembali)
Kurang dua suku kata: datan wande Menakjingga ring paparangan. (kembali)
Kurang satu suku kata: ing mangke kaananira. (kembali)
nambang. (kembali)
Duryudana. (kembali)
driya. (kembali)
Lebih satu suku kata: radyan kalih ngaturan mring wanadri. (kembali)
mangkat. (kembali)
Kurang satu suku kata: nadyan akèh yayi ingkang para arum. (kembali)
asmarèngsun. (kembali)
krahayon. (kembali)
sukèng. (kembali)
Kurang satu suku kata: nora kangmas anggêr ingkang gêtir juruh. (kembali)
sayèmbuh. (kembali)
Kurang satu suku kata: mêmanise saya nusuli. (kembali)
tau-tate. (kembali)
kênaring. (kembali)
ganggêng. (kembali)
Lebih satu suku kata: gusti kang nugsmèng tulis. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang sawênèh bêdhati titihanipun. (kembali)
Kurang satu suku kata: sawênèh gêrbong ya ingkang. (kembali)

Mestinya halaman 54, tertulis halaman 56 dst, tetapi tidak ada teks yang hilang. (kembali)
matarap-tarap. (kembali)
Kurang satu suku kata: kinarutug ing bêdhil. (kembali)
sikêb. (kembali)
Lebih satu suku kata: lan Madura Dipati. (kembali)
wiyati. (kembali)
Trênggalèk. (kembali)
Kurang satu suku kata: kadya bajra godhongira amalêdug. (kembali)
suraknya. (kembali)
nampèl. (kembali)
sigra. (kembali)
Kumitir. (kembali)
angaturna. (kembali)
Kurang satu suku kata: beluk marang jênêng ingsun. (kembali)
Kurang satu suku kata: dhuwung kampuh myang calana. (kembali)
Kurang satu suku kata: Kumitir gurawalan. (kembali)
gol-ginol. (kembali)
nambang. (kembali)
pipit. (kembali)

17. Sinom

1. Ki Rônggalawe ing Tuban | samana ingkang winarni | nuju anèng pasanggrahan | lênggahira ki dipati | anèng dalêm pribadi | aminta ungguling pupuh | manêkung jro wardaya | Sira Dipati ing Tubin | sirnèng tingal ning Hyang-hyang Jagat Pratingkah ||

2. binantêr samèdinira | tan antara ingkang prapti | juwata ing Suralaya | ring Sang Yyang Yamadipati | matur sang adipati | hong Siwah Boja dewa gung | dewane dewa mulya | kuwangwang netraning dasih | anuruni mring padaning [pada...]

--- 88 ---

[...ning] kang winênang ||

3. nir dahna pina sabda |[1] dêrmaning nata suruping | ing sang hyang nata priyôngga | angrèh sarik nagra widi | angling Yamadipati | iya pawong sanak ulun | hong padya sirantuna | sae-sae migênani | namunana sidhêp titahing winênang ||

4. iya kêkasihing dewa | ngong ingutus Hyang Pramèsthi | at ing Hyang Sugsmanôngsa |[2] mundhut nyawanira kaki | rèhning wus praptèng janji | ya ajaling putraningsun | panjang cêndhaking yuswa | kaki tan kêna gumingsir | anglêg ing tyasira Sang Dipati Tuban ||

5. tan liyan kèsthi ing manah | apan amung prabu dèwi | kang dadya sumêlang driya | dene sang dyah dèrèng krami | wimbuh ing mangke dadi | lêlakoning Majalangu | dèrèng kantênan andhap | unggule dènnya ajurit | sênadyan ta pinundhuta ingkang yuswa ||

6. yèn wus pêjah Menakjingga | kapala rêgêding bumi | wusana sang adipatya | umatur sarwi wotsari | sabdaning hyang kapundhi | nanging pamintaning ulun | ing Sang Hyang Siwah Boja | tan kilap wus ngudanèni | nabda Yamadipati lah adipatya ||

7. dadi sira kurang pasrah | tan jumêneng ing wong luwih | milih nampik ing wisesa | umatur sang adipati | lêrês sang hyang dewa di | ing agêsang kang linuruh | mulyaning kasampurnan | tan mengrat mulyaning [mu...]

--- 89 ---

[...lyaning] jisim | nikmat arja kang têka ing ariloka ||

8. bok inggih Hyang Siwah Boja | sumados madyaning jurit | wangsul ta karsaning dewa | anitahakên ing mami | punapa ta kinardi | utama sawusing nêmu | lampahan ngariloka | lawan punapa kinardi | utamèng trus ing gêsang tumêkèng pêjah ||

9. kanggêg Sang Yamadipatya | tandya tumêngèng wiyadi |[3] sigra Sang Hyang Panji Nrada | Manikmaya kang linuwih | matur sang adipati | hong Siwah Boja Dewa Gung | dahning pinara sabda | surupnya nata prayogi | amêminta ulun padaning winênang ||

10. jarwanana sêdyanira | sapangrèh sêtyaning dasih | ing gêsang tumêkèng pêjah | nistha madyaning utami | urip jamaning pati | miwah amba luhuripun | angling Hyang Panji Nrada | babo titah ingsun kaki | hong masidhêp sirantuna sih wigêna ||

11. iya kêkasihing dewa | wus pinasthi ing Sugsma di | sira kinarya utama | musakani Majapait | sinatriya pinarjurit |[4] kinarya praboting ratu |

arngarcapada[5] sira | babo kinarya utami | ngariloka wus ginadhang-gadhang mulya ||

12. nanging ta ubayanira | ing mangke iya wus prapti | mulih marang kailangan | anging sarasaning urip | wus katur Hyang Pramèsthi | kumaranira sang bagus |

--- 90 ---

wêwayanganing Sugsma | wus nèng pangayunan gusti | nora kêna sumaya pêcating nyawa ||

13. lamun sira paripêgsa | jumênêng lawan utami | tur tan wurung têkèng ajal | mundhak amêmurang kang sih | anging linilan ugi | babo kita mring Hyang Agung | nganti têmpuhing yuda | rèh pamintanira kaki | karya tilas labête tingkah utama ||

14. nanging têka wurung ora | sira tumêka ing pati | eman gêmpaling kamulyan | yèn darbe karsa pribadi | têmahan nrimèng pêsthi | sinuda sihing dewa gung | matur sang adipatya | sihing hyang kapundhi-pundhi | anuruti padane ingkang winênang ||

15. alatah Hyang Panji Nrada | angguguk Yamadipati | iya iku wong utama | nora bakal wong angsal sih | dene rêntênging bumi | lindhungêna ing dewa gung | sêdene putranira | iya sang narendra putri | pra juwata ingkang darbeni bubuhan ||

16. pangèstu lan puja-môntra | sarta karsaning Sugsma di | wus marêm sang adipatya | têpung kalanira nguni | prabu rara wus mangsit | lakone sariranipun | mangkana sang dipatya | wusana sumrah naya di | wus umiyat dutaning Hyang Jagatnata ||

17. ing ratri datan kawarna | enjang mangkat sang dipati | siniwi ing pra bupatya | pêpak sagung [sa...]

--- 91 ---

[...gung] ingkang nangkil | miwah Seta Kumitir | ajar ngapit mabukuh |[6] radèn patih nèng ngarsa | anggusthi têmpuhing jurit | wus pininta dhadha tênapi pangawat ||

18. miwah cucuking alaga | tuwin ingkang samya dadi | angalap-alaping aprang | ingkang pirêmbug wus dadi | manglat manglanggar jurit | wus nabrang sadaya daut | ing ênu tan winarna | wus ajêng-ajêngan jurit | baris wetan wus umèp matata gêlar ||

19. tangkêpira prit anêba | gumulung agolong pipit | raja lan menak dipatya | rôngga dhaèng amênuhi | saha-saha kang dasih | caruk wor gêlaring pupuh | lir gunung gêni sinang | lir sêgara tanpa têpi | pirang-pirang mariyêm lan kalataka ||

20. sinêla-sêla makapang | lan panggritan obat mimis | pirang-pirang tanpa wilang | ngundhung-undhung kadya wukir | miwah inuman jurit | pirang-pirang tanpa etung | arak kênit wêragang | brênduwin kêlawan api | kawarnaa dêdamêl ing Majalêngka ||

21. tinon sing mandrawa gumyar | lir sêkar sêtaman asri | paptèng[7] kala marcu merang | gunastra marindik-rindik | makilat-kilat thathit | lumrangtara wra supênuh | soroting sunar kumyar | daludag dêdêl kasilir | kêntar-kentar kêkôndha nglela gumawang ||

22. gawang-gawang awèh rimang | lêlayu

--- 92 ---

bandera asri | manguwung mateja-teja | wangkawa mangobar-abar |[8] èrêm hyang bagaspati | para juwata supênuh | dewa-dewa nêningal | widadari ngintip-intip | gêbyar-gêbyar mêmanon manoning aprang ||

23. lidhah-malidhah kumênyar | kumilat mangilat thathit | pracalita tar-antaran | ujwalanya anyarêngi | puspa warsèng mawanti | gônda kusuma sumawur | panjrah-panjrahing sêkar | kêpyur-kêpyur atrang sumrik | arum-arum mêlêg gônda kamarutan ||

24. anglela Dipati Tuban | kang dadya lajêring jurit | asongsong maliyo jênar | anitih pun Sangupati | lir Sasrabau sigit | wong jodhipati nèng

ngayun | kêlawan wong trantaman | sarawisa amênuhi | dulangmangap apit-apit ngering nganan ||

18. Pangkur

1. Binarong gônda pustaka | para mantri miwah para prajurit | wau manahnya wus mundur | kumêlap ing dewanya | sarêng myarsa Ki Rôngga ingkang pamuwus | tan ana kang malih tingal | mung dewane kang kaèsthi ||

2. mangamuk manrot mangrêmpak | sira Gônda Mêstaka wus ngêmasi | kasambut madyaning pupuh | pêjah de Walikrama | surak umung wong wetan lir gunung guntur | awong[9] swaraning matêngga | Binarong sampun ngêmasi ||

--- 93 ---

3. pêjah lawan dewa sraya | para mantri lir sulung lêbu gêni | sang adipati anêmpuh | rinêbut ing ngakathah | sakudanya pun Sangupati atêguh | tênapi panongsongira | awasta pun Wôngsapati ||

4. tan pasah dening tigswara | kuda datan pasah katiban mimis | apan lir parada gumyur | tinon agêbyar-gêbyar | sang dipati manahira saya mêtu | tigswara makêthèn yutan | wong wetan akèh ngêmasi ||

5. nuju dhadhaning ayuda | baudhêndha Sang Madura Dipati | wadyanira sami larut | kacundhuk ing tigswara | Sri Madura Kotbuta Katbuta nêmpuh | tan tumama dening braja | mamrêm mangiwung mangungkih ||

6. Dyan Arya Jayapuspita | pêgsa kiwul tinatiga pan konthit | pinêdhang kontal tinubruk | binuwang wus katampan | dening sira Madura binuwang mamprung | tiba ngarsa sang dipatya | gya mangsah wus dèn lancangi ||

7. Kotbuta nrajang magalak | tinadhahan ing wadya jodhipati | rinampog mamrêng manggulung | singa pinêdhang tatas | Angkatbuta angiwut amiyak ganjur | tangkis mangidak watang crah | pinêdhangan nora osik ||

8. singa rinasuk ing pêdhang | pagas tatas wong jodhipati gusis | Sri Baudhêndha manglambung | sarwi sikêp nanggala | tandya sang dipati [di...]

--- 94 ---

[...pati] jinojoh tan keguh | sinampe nanggala gigal | Sri Madura dèn lêpasi ||

9. dening kang sanjata dibya | wus malêsat tiba jabaning baris | Kotbuta mêdhang manubruk | sinarêngan tigswara | pêdhang putung milar Kotbuta manubruk | sinarêngan ing gandhewa | kentas malêsat lir mimis ||

10. Kotbuta malih nêrajang | radèn arya patih malih nadhahi | mawanti panggoconipun | Angkatbuta tan pasah | kêrèt gèbèg dyan arya sampun kacakup | maputrê binuwang kentas | tibèng siti ngancap malih ||

11. angukêl rema anjambak | mancat lambung muwung-muwung mawanti | winêngkang radèn sinambut | binuwang tibèng têbah | Radyan Rônggga anggêdhêg gandhewanipun | satjata[10] dibya lumêpas | Kotbuta kentas jêmparing ||

12. Gajah Têpèngsara kentas | Balaruci angaro sang dipati | sikêp watang numbak asru | tinangkis ing gandhewa | wanti-wanti panumbakira tan tutug | Ki Rônggalawe manabda | durmane sira ambalik ||

19. Durma

1. lah pagene yayi Gajah Têpèngsara | lan yayi Balaruci | tan nêtêpi sira | papintaning juwata | tinitah nèng Maospait | tur binupatya | têmah balela gusti ||

2. lah ta yayi

--- 95 ---

elinga mring Sugsmanôngsa | kêrana juwata di | anggêlar utama | sumrah gêlaring kita | dene sira wani silip | watak kalunta | kaluputan dèn sêmi ||

3. saya ngungkih Balaruci Têpèngsara | sigra manumbak aglis | gulali biringnya | Ki Gajah Têpèngsara | Balaruci numbak wani | sinampe kontal | ngandika sang dipati ||

4. iki si wong lumuh têka kabêcikan | nêmu apa ing pati | Têpèngsara nrajang | ngancap sarya amêdhang | brêmantya sang adipati | mêdhang tinampan | pinutung tikêl kalih ||

5. narik katga ngancap anglarihi sigra | tinêpan gandhewa glis | kang kêpala rêmak | wus pêjah kapisanan | Balaruci angunduri | Jayapuspita | nêrajang narik kêris ||

6. Balaruci panumbakira kinayang | angawêt waja gathik | dyan patih amilar | pyak mangkat ikêt pinggang | mangukêl rema muwung kris | cacingklok tatas | Balaruci ngêmasi ||

7. kawarnaa sira Radyan Purbarana | ingkang pangawat kering | wus kesisan bala | tumpês sawadyanira | kinalihan datan osik | caruk padha las | kambah-kambah mangungkih ||

8. Adipati Pêkacangan sampun pêjah | tinumbak dhadha iring |

--- 96 ---

ya ta Janurwenda | sira Raja Balega | wus dangu asilih biring | lan Purbarana | limpung wus tan ngênèni ||

9. alugora angênting datan tumama | samya alèrèn kalih | samya sayahira | sawusnya nginum dhasar | cangklèt malih silih-ungkih | dhêngkah-dhinêngkah | maglut putêr mawungking ||

10. gênti junjung magênti kentas-kinentas | gapyuk wor kèkèt malih | ya ta Kêrtagnyana | sangking kanan kawarna | caruk wor bala magumrit | akathah pêjah | padha tos silih-ungkih ||

11. datan wiguh Raja Bandhung widigdaya | tumbak-tinumbak gênti | apêdhang-pinêdhang | suduk-sinuduk panggah | gada-ginada mawanti | sami sudira | karingêt mêtu gêtih ||

12. galasahan acêpêngan ikêt pinggang | samya dhèprok ing siti | ajèngkèng rumangkang | pupuh-pinupuh tandya | pating barêkuh sang kalih | gagap-ginagap | pating glêrêng kapyarsi ||

13. gênti gorok-ginorok gumrèt kang waja | gloyoran wus ngêmasi | wadyanya tumpêsan | nigan sapêtarangan | rêmuk wor tan ana kèri | gênti kawarna | sira Sang Urubêsmi ||

14. bantu aprang manglingkung sabalakuswa | sagung kang para aji | prajurit magiyak | carukdhênggung glogothang | bajobarang cukilmanik [cu...]

--- 97 ---

[...kilmanik] | wong gathodara | juranggatho mangungkih ||

15. surabêthot wong surarayah umangsah | gumulung ngêdrèl wani | anyanggah nyarampang | angganthol grènèng gumrah | sami amasêr nyêmpuling | swara lir gêrah | kênthung bèri munya sri ||

16. kang ayuda wiwit enjing ngantya asar | tan ana kang gumingsir | rêrêmponing ajang | ya ta sarêng tinunjang | mring sira Sang Urubêsmi | samya katimpah | tan bisa kiwul jurit ||

17. kadi glona sinambêr dening matêngga | mawut sisaning pati | kang lumayu rêbah | kang borang sara rangap | wangke lir babadan pacing | rawa-rawa rah | ilining rah lir tasik ||

18. baris kilèn upama bêndungan bêdhah | larut tan môngga pulih | mung kèri lajêrnya | sira sang adipatya | anitih pun Sangupati | nglela katingal | songsong maliyo kuning ||

19. Radèn Jayapuspita ambuntut kuda | sarwi angliga kêris | wong wetan angrêmpak | maju-maju katulak | pinanah dibya pramusthi | sapirang-pirang | wong wetan ingkang mati ||

20. Sang Sri Bêsma sakêlangkung dukanira | tandya ngawaki jurit | têdhak sing matêngga | sarwi mangikal dhêndha | kumutug mawulat gêni | kang wadya surak | kênthung bèri tinitir|| [tini...]

--- 98 ---

[...tir||]

21. nguwuh-uwuh mabêlik Sri Urubêsma | Rônggalawe ing Tubin | lah payo nututa | eman lamun palastra | mendah dene prabu dèwi | yèn sira pêjah | tangise ngrèndèng ati ||

22. lan ta sapa kang sun aku maratuwa | talingan lir sinêbit | sira sang dipatya | manêbda winor guyya | Menakjingga pêgsa luwih | digung kumawa | aja kakehan angling ||

23. Sang Sri Bêsma nêrajang gya linêpasan | ing panah bibya[11] musthi | makentas kabuncang | kuwalik tibèng kisma | mangsah amilar mabêlik | kacundhuk kentas | tibèng siti kuwalik ||

24. sakêlangkung Sri Bêsma brêmantyanira | sigra anitih èsthi | gya nandêr magalan |[12] prayitna sang dipatya | surak lir karêngèng langit | gumrah gumêntar | kênthung bèri tinitir ||

25. kalih samya andhatêngakên prabawa | byuh bayu bajra prapti | kêkuwung manglayang | obar-abir gumawang | teja wangkawa mênuhi | kang puspa warsa | siram-siram nrus nginging ||[13]

26. sarêng cêlak arsa mangrênjahkên liman | Urubêsma pinusthi | kinalih sanjata | tinibèng jaja kentas | dhawah sajawining baris | kang ponang gajah | têlale pagas pancing ||

27. gêro angrik nandêr [na...]

--- 99 ---

[...ndêr] kang ponang dirada | nubruk pun Sangupati | dyan arya trangginas | gajah sigra ingancap | ginoco ingkang pok kuping | atuna dungkap | nora amiyatani ||

28. liman anggro dyan arya rinênjah-rênjah | gadhingira manukit | dyan arya lumumpat | mubêng midêr putêran | nusup manggoco dyan mantri | ponang andhêman | cêcêp anggro kang èsthi ||

29. sru gumêbrug liman anggre[14] kapisanan | ya ta Sri Urubêsmi | saya sru brêmantya | mangsah malih katulak | tiba satêngahing baris | swara gumêrah | subawa ting carêngkling ||

30. wadya wetan gègèr mirut maputêran | kurdhanira tan sipi | Prabu Urubêsma | pinalih yudanira | undhang kinèn ngrubut bêdhil | mriyêm gurnita | kalataka mawanti ||

31. kadya gêlap sakêthi sarêng mangampar | tansah ngurugi mimis | Ki Rôngga ing Tuban | sangking ing katêbihan | tinangkis sara kang mimis | ajur katulak | wênèh laju ngênèni ||

32. tibèng jaja tinon kadya sasunggan |[15] panongsongira kanin | Wôngsapati rêbah | tatu wus ingambênan | kuwat malih Wôngsapati | ngadêg tan pisah | ya ta sang adipati ||

33. datan pêgat anglêpasi kang sanjata | ewon makêthi-kêthi | sami kathahiri[16] [ka...]

--- 100 ---

[...thahiri] | kulon lawan ing wetan | ya ta sira sang dipati | sumpingnya gigal | katrajang dening mimis ||

34. galihira kumêsar sang adipatya | tandya songsong kapusthi | dhandhanira patah | sigar muluk ing tawang | Wôngsapati dèn kêjèpi | kinèn lumajar | ya ta sang adipati ||

35. nêngèng tawang ningali kèrining swarga | binuka ngraras ati | gya Yamadipatya | prapta lan pra jawata | ambêg ta maligi rugmi | myang widadyarya | mijil kang burat wangi ||

20. Mijil

1. wus murcita yuswaning dipati | sêkala anglayon | ponang kuda wus dangu pêjahe | anging magsih ngagêm sang dipati | saniskara sami | lir duk uripipun ||

2. kapêrbawa dening sang dipati | asurèng palugon | ya ta wusnya pralaya ing mangke | kuda rêbah kang layon gumuling | gêpah radèn patih | pan adrês ingkang luh ||

3. sêsambate radèn mêlasasih | adhuh gustiningong | datan sagêt akantun dasihe | antènana ing pangarib-arib | anusul ngêmasi | gusti dasihipun ||

4. ajanmaa kaping pitu ngabdi | nèng swarga sun êmong | ngranupada gusti kawulane | datan sagêt ngabdi lyaning gusti | dèrèng ngraos dasih | malês sih pukulun ||

5. angungkêp-ungkêp rahadèn [rah...]

--- 101 ---

[...adèn] patih | anungkêmi layon | Urubêsma wus awas tingale | têkèng layon Sang Dipati Tubin | sawadyakuswasri | marêpêgi gupuh ||

6. sarêng cêlak dyan patih ngadhangi | datan awèh ingong | aja sira pêrpêgi layone | lamun ingsun durung angêmasi | Menakjingga anjing | patènana ingsun ||

7. aja liya ingkang anangani | ngamungna sira wong | aja tanggung rusaking jênênge | mring gusti sun malih mring mami |[17] mara dipun aglis | untapêna ingsun ||

8. Sang Sri Bêsma angabên kang dasih | wadya kinèn ngrocok | mring dyan patih lumagsana age | pirang-pirang kang kuswa mapipit | tan ana nêdhasi | radèn nguwuh-uwuh ||

9. sarya jèngkèng angampingi jisim | Menakjingga katong | mara ingsun patènana dhewe | Sang Sri Bêsma marêpêgi aglis | dyan patih binindi | pok talinganipun ||

10. tandya pinentaran ponang jisim | tan tumêkèng layon | tansah wayang-wayangan jisime | gya parentah Prabu Urubêsmi | kinèn ngobong aglis | sêgsana tumanduk ||

11. rêrêmukan pacikêpan jurit | kadya arga tinon | ngundhung-undhung gya sinumêt age | ingêsokan obat lan brênduwin | urubing kang gêni | gandanya sumrik rum ||

12. pra juwata para widadari | supênuh nênonton | angurugi [anguru...]

--- 102 ---

[...gi] ratus kasturine | ngalat-alat lir wukir kang agni | panong[18] layon kalih | murca awor kukus ||

13. sêkarine wadya kang ngêmasi | kang kanin matrompong | wênèh gulung awor lan mayite | myang kang angum arêrawat gêtih | gya ingorak-arik | mring wong wetan gupuh ||

14. wênèh ingêdrèl myang cinampuling | kinêpruk pinacoh | Purbarana Danurwenda Rajèng | apan sampun pêjah wor ing jurit | layonira kalih | mêgsih kèkèt kukuh ||

15. kawarnaa Dyan Seta Kumitir | nèng Buntar palugon | wôngsa ing jro pinêpêg barise | pan sumêdyarsa ngantêp ing jurit | wadya golong pipit | ing solah anggrêgut ||

16. pêpêg nèng wana trataban baris | tampingan jurang jro | sagunging wong cêcawêtan age | wus prayitna angawêt jupiping | brêngose pinuntir | amandêng dêlanggung ||

17. kasaru praptanya Wôngsapati | wong Tuban panongsong | tatu dhadha ing ambên kanine | miyak wana dènira lumaris | kagyat radyan kalih | pan sinêngguh mungsuh ||

18. saya cêlak dyan kalih ningali | tan supe panongsong | pan agêpah tinanya purwane | ing alaga matur Wôngsapati | sanèskarèng jurit | Ki Rôngga kêsambut ||

19. atumpêsan [atumpêsa...]

--- 103 ---

[...n] sakêdhik wong urik | payudan rêrêmpon | Seta Kumitir langkung gla tyase | dadya wurung dènnya ngantêp jurit | kasaru kang prapti | wong kawon pupuh ||[19]

20. wong kang brana ngarintih anangis | samarga ting blocor | wong sêsambat gumrumung swarane | opyak mungsuh Dyan Seta Kumitir | sigra nitih wajik | adhadhal lumayu ||

21. wôngsa ing jro samya rêbut dhingin | jinêjêl tan alon | gumarubyuk ing marga swarane | ting jarêthot nasak ing wanadri | akathah kuwalik | ikêt pinggang runtuh ||

22. tan tinolih kudanya anggêndring | kang sawênèh mogok | tandya mudhun tinilar kudane | wadya kang dharat sami ngarintih | tinunjang ing wajik | sambat adhuh biyung ||

23. kang sawênèh wadya lan pêkathik | kudanya kinoncong | ginêndiran samya mungkur bae | sikêpira angamplok tan osik | dhadha kinapithing | samya luru apus ||

24. ya ta ring Sang Prabu Urubêsmi | akondur makuwon | dhatêng Prabalingga sawadyane | kathah longe wadya kang ngêmasi | dêstun cacah janmi | kantun pitung èwu ||

25. langkung suka tyasira sang aji | wadyanya rêrêmpon | mangu-mangu anglanggar jurite | mêne gantya kang kawarna malih [ma...]

--- 104 ---

[...lih] | nagri Maospait | ring sang murtining rum ||

26. kasêngkêlan ing driya kawadi | rèh Sindura nglayon | Majalêngka ilang bêbanthènge | wimbuh ginubêl Dyah Rarasati | tan pêgat apamit | sumusul ing lampus ||

27. sêdya lê tumangan nglabuhi |[20] ing rama sêlayon | tansah sarta seta busanane | tanpa dhahar sang dyah tanpa guling | waspanya drês mijil | ing siyang myang dalu ||

28. akaruna Dèwi Rarasati | nglayung ujwala nglong | prabu rara wagugên ing tyase | tansah ngimur mring Dyah Rarasati | jinum sêbda ririh | sêpêt madu juruh ||

21. Dhandhanggula

1. yayi aja wigêna ing galih | wus pinêsthi janjining juwata | Paman Sindura ajale | kasambut ing apupuh | iku pati ingkang linuwih | mulya tanpa antara | laju mring swarga gung | nglabuh ing rèh raharja |[21] nora ginggang ing sabda kang wus kawijil | pêrcayèng Sugsmanongsa ||

2. alah sira dene paman yayi | gênging trêsna marang pujamôntra | mung sira kang dadi tyase | prandene datan ketung | labêt amrih pratamèng bumi | tinruskên ngariloka | krahayon ginêlung | gulang langgênging sampurnan | yayi aja anggalih kang wus angsal sih | kinarsan ing

--- 105 ---

Sugsmana ||

3. kapindhone dènira mrih puji | kalokèng prang sura kawidibyan | sira kang dèn titipake | yayi mring jênêng ingsun | rèh tan darbe atmaja malih | yayi pan amung sira | kang sinugsmèng prabu | têmahan lêbu-tumangan | tan kamantrus ing urip têkèng ing pati | mung siji olèhira ||

4. amung kapatèn ingkang pinanggih | sanadyan ta yayi kapanggiha | yèn durung tama uripe | yayi nora pinunjul | tur asiya-siya ing jisim | balik dipun narima | ing dewa kang agung | sinau olah kamulyan | Majapait sira mèlua darbèni | gêlung kalêngkèng ing rat ||

5. iku yayi kaswargan linuwih | kalamun wignya mangulah jagat | sêmbada pamrês budine | tumêkèng pati luhur | nikmat tulus sihing Sugsma di | swarga saya ingembah | ngarilokanipun | witning ingsun iki apa | yayi dèwi kinarya lakoning bumi | prandene sun narima ||

6. piraba benjang têmbe yayi |[22] linuwarkên sing gêlah sungkawa | sun lindhungkên dewa bae | yèn sira trêsnèng tuhu | marang ingsun karyanên yayi | gagêntining sudarma | kamugtèn pinandum | yayi pan wus bêjanira | bêjaningwang wong loro padha nglabuhi | yayi ayya sulaya ||

7. amituhu [a...]

--- 106 ---

[...mituhu] Rêtna Rarasati | sinung sabda sumèh sumrik sumrah | rumêsêp ing tyas sarine | gantya ingkang winuwus | amangsuli purwaning nguni | duk Patih Maundara | darbe putra jalu | abagus suwarnanira | sinung aran nênggih Radèn Damarsasi | putra pintaning dèwi ||

8. samendraning buwana tan manggih | sakurêbing akasa tan memba | sêklangkung-langkung baguse | lir Hyang Asmara nurun | nora mèmpêr nora na mirip | ing Hyang Sang Hyang Asmara | iya Damarsantun | singa mulat ngênglêng brôngta | swaranya rum manganyut yuswaning èstri | manggung karya la-êla ||

9. wus karsaning juwata linuwih | sanagri Jawi môngsa punika | miwah ing Suralayane | sakèhing bagus-bagus | alus-alus myang sigit-sigit | dêling myang raras-raras | myang kang rayung-rayung | manglêntrèh myang mawilêtan | manis sumèh mrak-ati mintaning angin | kari ampas sêdaya ||

10. kumaraning ngambilan wus ênting | kinumpulkên ing Dyan Damarwulan | tangèh rinonce baguse | bagus ratuning bagus | lir mêmanon rêtnaning bumi | tur bumi ingkang mulya | mulyaning wong

bagus | kaelokaning kaswargan | kalêngkaning lênglêng kalunglun linuwih | luwih Dyan Damarwulan ||

11. wus ginêbag titahing dewa [de...]

--- 107 ---

[...wa] di | adinira sampun ingambilan | angumpul sinaring manèh | pinèt ing sarinipun | sari nulya sinaring malih | ingambil cahyanira | kang cahya binubut | kantun galihe kewala | gya binubut pinatut ing dewa luwih | dadya Dyan Damarwulan ||

12. dudu wulan ingkang anyênêni | dudu srêngenge kêng karya padhang | pasrahêna kang adarbe | ingkang darbeni suwung | suwungira ginêlar yakin | graitanên dènira | satuhuning kawruh | kawruh kang mêsthi utama | utamane ing urip tumêkèng pati | wêrana Damarwulan ||

13. amangsuli kang cariyos malih | Sang Hyang Tunggulmanik garwanira | Dyah Campursari namane | anênggih putranipun | Hyang Musthikamaya Sang Rêsi | pilênggah Paluhômba | kasêbut bêbuyut | pandhita angraga sugsma | bêntur tapa sampurna ingkang pamuji | pinuji puja brôngta ||

14. Hyang Tunggulmanik lan Campursari | ayêyogya ing Dyan Damarwulan | timur têkèng diwasane | ingêmong Sang Hyang Wiku | Paluhômba ingkang palinggih | Buyut Musthikamaya | ya ta dyan kawuwus | sinung kalih pamong jiwa | roro sanak santana Hyang Tunggulmanik | Sabdapalon kang tuwa ||

15. Nayagenggong rane ikang ari | pandhita samar sinamur sabda | cucut ing sapratingkahe [sapra...]

--- 108 ---

[...tingkahe] | pinêndhêm nora bawuk | nora gêsêng dene ing gêni | pangucap sapangrèhnya | dadya pujinipun | tinarima ing Sugsmana | parpat kalih datan pisah radyan mantri | musakani ing lampah ||

16. pan ing mangke Radyan Damarsasi | pamit eyang sumêdya suwita | mring Majalêngka rahadèn | sang wiku angsung tuduh | lamun prapta ing

Maospait | kinèn jujug ki patya | tur sudarma tuhu | sapangrèh kinèn lumagsa | mèstutèng rèh datan kawarna ing margi | prapta kikising kitha ||

17. tuhu bagus Radyan Damarsasi | kampuhira gadhung pinarada | kinonang-konang sakêbon | paningsête sinawur | clana cindhe sêkar pinrêsmi | jamang mas kinatipa | winarjasèng santun | asumping côndrawirama | rumbing rêtna pinindha sêkar mêlathi | dhuwung tinaturôngga ||[23]

18. wayang-wayangan dènnya lumaris | kasuluh dening hyang arkamaya | gumêbyar ing pamulune | Hyang-hyang Asmara nurun | pan ingiring parêpat kalih | radyan ing tindakira | èbêg kang andulu | singa mulat lênglêng brôngta | cêngêng kumyus karingêtira drês mijil | kasaput ing asmara ||

19. pra wanodya gumrah aningali | mondrèng dêdungik lan sambiwara | lir mati ngadêg ciptane | ana angusap rambut | wênèh payudara liniring [li...]

--- 109 ---

[...niring] | wênèh angêmban anak | pinindha kêlayu | wênèh ingkang wade sêkar | rawe-rawe sêkare dipunarasi | sêmune anjêjawat ||

20. wênèh wanodya kapêthuk margi | jêjêr datan bisa lunga-lunga | ngêtutakên paningale | nadyan samining kakung | lênglêng mulat abrôngta kingkin | radyan ing tindakira | samarga tumungkul | Sêpdapalon Genggongnaya | lêlakone pinatut pinikir-pikir | luwung nyuwira gambang ||

21. pacak sêngguh sasigar sadhuwit | wayanganira winangwang-wangwang | têka mundhak cucut bae | malênthèt wêtêngipun | kulitira akinyis-kinyis | kaku rasaning manah | tan ana kang dulu | tiwas kèri lan gustinya | ya ta wau lampahira radyan mantri | prapta ing kapatihan ||

22. sampun katur mring rêkyana patih | lamun ana wong sêdya nyuwita | ya ta ingandikan age | kyana patih kawuwus | pinrak bangsal ing madesari | Damarwulan duk prapta | ing natar kasuluh | ngirawan agêbyar-gêbyar | kyana patih kagyat sarêng aningali | lir mulat Danasmara ||

22. Asmaradana

1. dyan mantri bukuh alinggih | nèng ngandhaping papêthetan | dangu tan dinangu radèn | sinamur sinambi mucang | sarya gêbêg landheyan | tansah nyolong liringipun [li...]

--- 110 ---

[...ringipun] | pangunadikaning manah ||

2. iki si wong bagus luwih | lawan sun nèng marcapada | katêmbèn têmên sun tumon | dudu ing suwadinira | baya pujan juwata | yèn ta kawêntar ing luhur | murungake lêlampahan ||

3. Ki Seta Layang Kumitir | yèn luput-luput kasingsal | kêlamun ta bocah kiye | awèt anèng Majalêngka | nora wurung kinarsan | ing sang maha ratu ayu | ya ewuh apa ta ingwang ||

4. gya ingawe radyan mantri | umarak wus praptèng ngarsa | kya patih ngandika alon | janma ngêndi sira bocah | arsa suwita maringwang |[24] wonsêkar[25] Dyan Damarsantun | ulun lare Paluhômba ||

5. Maundara kang sêsiwi | sumêdya angranupada | dhatêng paduki[26] wiyose | awas ta pun Damarwulan | kya patih angandika | sun tanya mring sira kulup | sapa ingkang angsung nama ||

6. umatur rahadyan mantri | inggih sudarma kawula | ya ta kya patih lingnya lon | yèn mêngkono sira bocah | dadi anak manira | nanging ta luwih botipun | wong ngawula marang ingwang ||

7. sira apa anglakoni | marang ing pituduh ingwang | ya ta dyan mantri ature | inggih sakarsa paduka | kawula tan lênggana | ing gêsang tumêkèng lampus [la...]

--- 111 ---

[...mpus] | sapangrèh ulun sandika ||

8. ya ta wong sadalêm puri | samya angintip rahadyan | supênuh kang para sinom | agupita-ginupita | cêngêng lênglêng tumingal | lir dudu manungsa tuhu | ya uga juwata mulya ||

9. ingkang satêngah pawèstri | kagagas karasa-rasa | wênèh angambung kancane | wênèh ngusap-usap jaja | wênèh akirap rema | sawênèh amijêt lambung | kêmpung uyap sikut bêngka ||

10. wontên kawursitèng malih | putrane rêkyana patya | Anjasmara sang lir sinom | arsa umarak ing rama | sarêng sapraptanira | kagyat sarêng duk andulu | dènnya mulat tamu prapta ||

11. sang dyah rêtna gya mêrpêgi | angintip anèng warana | sarêng andula[27] warnane | dhatêng Rahadyan Sêsôngka | kumêsar galihira | gumêtrê sariranpun | sêkala tanpa jamuga ||

12. wimbuh duk rahadyan mantri | umatur mring kyana patya | arum anyênyêt swarane | gumêbyar sorot waja |[28] lir thathit rêbut paran | sang dyah kêtêgnya sumawur | tanbuh raosing wardaya ||

13. amawang-mawang kang liring | liringe Radyan Sêsôngka | kadi wulan samêloke | nglela gumawang kang cahya | cahya nrus marang tawang | lir mugswèng ngênggon sang

--- 112 ---

ayu | kêna ing pêngaribawa ||

14. ya ta sang rêtna marêngi | ngasta sêkar sumarsana | ing wau tan ngantos ngangge | dadya ingasta kewala | grègèli datan krasa | gya mundur ing dalêmipun | gandrung-gandrung nandhang brôngta ||

15. brangtanira amilêt sih | sumaput têlênging driya | sarwi ngrimong sêmêkane | Rêtna Dèwi Anjasmara | dahat kunjana papa | ing sasolah tingkah ngungun | biyadaning kêpatihan ||

16. tan liyan kaciptèng galih | mung Radèn Damarsêsôngka | wadung pari sira radèn | kaniaya angsung brôngta | sêmbung tikta ing têgal | sun samur mêgsa kagugu | satriya ing Paluhômba ||

17. jae wa sun wastani |[29] kang ati poyang-payingan | labête trisna dhèwèke | galêpung panyidrèng surya | sun lalipur tan kêna | kêbo bang kagok ing sungu | sêpi rêrasaning driya ||

18. ramon kali wong abênthing | toya mijil ngawang-awang | pirabara ingsun radèn | wawuh lawan jêngandika | parikan sariboja | sun tatêdha mring dewa gung | dadia laki kawula ||

19. kêpuh gung awoh kenari | dhandhang wiring sira dewa | mung sok aja lunga bae | sira sangking kêpatihan | yuyu langking samodra | sun rewangi adol pinjung | darbe sobat lan andika ||

20. sangsaya kandhohan[30] kingkin

--- 113 ---

| amayang susela brôngta | barang winangwang isthane | satriya kang anyar prapta | kang kèsthi kasat mata | kumanthil anèng jêjantung | pawor lan budi kasmaya ||

21. sang dyah wus minggah jinêm mrik | mujung kampuhira jingga | ngêsêb-êsêb gêgulinge | tanbuh surasaning driya | baya karsaning dewa | sang dyah kêbanjiran wuyung | ginoyang ing madu brôngta ||

22. malih warnanên kya patih | ngandika mring Dyan Sêsôngka | iya sun anggêb dhèwèke | angawula marang ingwang | pirabara ing benjang | sira sun paringi lungguh | dhingin maganga kewala ||

23. nanging yèn ingsun anangkil | sirèku yya mèlu seba | kèria ing wisma bae | wantu sira anyar prapta | soso ing têmbung lampah | yèn ta kapranggul wong agung | sira mêgsih mambu desa ||

24. matur nuwun radyan mantri | kya patih malih ngandika | lan sira sun wèhi gawe | sawawêngkoning paseban | regol lan lêlurungan | poma aja kongsi jêmbrung | lan sakèhing papêthetan ||

25. patutên ingkang awingit | rampasana kang tan rampak | yya kongsi pêgat sirame | lan sira aja angambah | sajroning palataran | sigug tur durung tau wruh | pratikêle wong nèng praja ||

26. matur [ma...]

--- 114 ---

[...tur] sandika dyan mantri | malih kya patih ngandika | lawan sira ngiras gawe | ambumèni lawang jaba | lan aja lunga-lunga | dèn awas wong mlêbu mêtu | lan yèn ana wong gêgawa ||

27. dèn titi amitakoni | wruha pakaryaning lampah | lan yèn ana sandining wong | sira ingkang katêmpuhan | sawab wong tunggu lawang | sandene pala gumantung | sawawêngkoning paseban ||

28. cacahna ingkang atiti | lumrah gadhangan utama | titi patitis karyane | angêdèhi[31] tyas kang suka | yya katungkul pêpeka | dèn sêm mring pakaryanipun | tan kêna manah ngrasula ||

29. saparentah dèn lakoni | sinêdya dadia tapa | bêgtèkêna ing dewane | sabdene marang manira | radyan matur sandika | ya ta laluwaran sampun | wus mêdal Radyan Sêsôngka ||

30. ya ta parêpatnya kalih | wus samya tumut uninga | ing kyana patih karsane | Sabdapalon Genggongnaya | tandya sami mirantya | ngrampas norok bêsik lurung | anirami papêthetan ||

31. wowohane dèn brongsongi | sarwi winilang sadaya | myang têngga paregolane | sagunging wong manjing mêdal | samya kandhêg ing lawang | jomblong mulat mring sang bagus | miwah pra

--- 115 ---

wanodya ing lyan ||

32. samya sandi darbe kardi | langkung regol kêpatihan | jatine kudu wruh bae | dhatêng Radyan Damarwulan | sawiyah ing agêsang | singa mulat lênglêng mangu | ing sang akarya la-êla ||

33. miwah kusumaning ati | Rêtna Dèwi Anjasmara | noya mili utusane | sandi anamur cundaka | êmban kalawan inya | angrugti mring sang binagus | bara-bara dadi karya ||

34. sasanèskara atiti | ing purwa madya wusana | mikolèhi pitêmbunge | nanging radyan wus graita | sasolah mambu manah | kênyina ruming pitêmbung | rarasing wong awibawa ||

35. pranane anuju ati | sêmune anandhang brôngta | tur dudu karyane dhewe | radyan saklangkung jrihira | kathah tangsiling sabda | angêdohi mangrèh luput | mendah dhêndhaning juwata ||

36. sarya pamêlèhing bumi | yèn gingganga ing panyipta | muja brôngta ing Sugsmanon | sabdene anglanggatana | nalar kang tan raharja | mila sakêlangkung-langkung | sêtya tuhu mring sang patya ||

37. ya ta kang parêpat kalih | Sêbdapalon Geggongnaya | apan nutug kamugtène | kathah kang munjung panganan | kapencut ing cucutnya | samya sung jênang bêkatul | plèk-êmplèk angkêp-angkêpan|| [angkêp-ang...]

--- 116 ---

[...kêpan||]

38. bulus angrêm lawan inthil | sêga giling lawuh kêthak | cabuk lawan balondhone | kathah janma ingkang trêsna | sarya èngêt ing kina | kalih kulawarganipun | ing nguni Hyang Maundara ||

39. abdi têtumbaling bumi | amusakani ing lampah | tur ingugung mring gustine | ngiras dadya langlang wija | cucut ing warnanira | Ki Sabdopalon atêdhuh | kandêl pacaking wadana ||

40. wêtêng wêkrê mata ngriyip | adhèmês tênaganira | lawan malih kang papêthèk | pantês timbula ing braja | janma warna mangkana | acucut pradhah ing sanggup | Ki Nayagenggong kawarna ||

41. cèbol kêpalang acanthik | irung sunthi bathuk banyak | angglingsêng pakulitane | netranya bundêr ngatirah | amung papêthèkira | wiraga pangadêgipun | amantêp têguh wiyana ||

42. barang kanisthane dadi | nênggih ing cangkêm larutnya | nanging mantêp karya abot | tan darbe susahan manah | tansah atêtêmbangan | sangking sêngkêl-sêngkêlipun | alêlagon roning kamal ||

23. Sinom

1. ya ta ingkang kawursita | maha sang narendra putri | siniwi ing pra dipatya | miwah ingkang tôndhamantri | supênuh kang anangkil | ajajaran [aja...]

--- 117 ---

[...jaran] tundha pitu | bandera warna-warna | amakubêng ing sitinggil | dorapati jagabela pêrangtandang ||

2. miwah wong wisapracôndha | nyangkraknyana wanèngpati | wiruta satrutama |[32] abdi têtumbaling bumi | tinon mawarni-warni | abra busananya murup | kyana patih ngandkan | minggah dhatêng ing sitinggil | miwah Radyan Sasimping wus praptèng ngarsa ||

3. ngandika prabu wanodya | paran bapa kang pawarti | Paman Rônggalawe Tuban | dènira amagut jurit | miwah Seta Kumitir | tansah sumêlang tyas ingsun | dene Paman Sindura | adigung prakosèng jurit | suprandene tiwas anèng adilaga ||

4. umatur rêkyana patya | ing pandugi kula gusti | inggih ugi bangkat karya | pun Paman Dipati Tubin | mumpuni ing ajurit | pasah dhatêng agal alus | datan kuciwèng ing prang | pun paman amitadosi | inggih ugi pasah dhatêng Menakjingga ||

5. utawi pun Layangseta | lawan pun Layangkumitir | kados tan tiwas ing karya | kalih samya mitadosi | guna sêrana ngênting | ing kadigdayan pinunjul | wignya angabên bala | ing prang botên nguciwani | inggih ugi kalih samya bangkat karya ||

6. ngandika prabu [pra...]

--- 118 ---

[...bu] kumara | èsmu srêt pamêdharing ngling | bênêr aturira bapa | nanging ingsun nulayani | karsaning juwata di | bapa kaya durung tutuk | dènnya karya lampahan | iya marang awak mami | milanira sumêlang rasaning driya ||

7. ya ta malih angandika | dhatêng Rêtna Rarasati | dhuh yayi paran wartanya | lakune Seta Kumitir | dene têka alami | pandugi kawula prabu | kados unggul ing aprang | dene ta ngantos alami | lamènira angutamakakên lampah ||

8. yèn ta upami tiwasa | kados wus atur udani | para mantri pra prawira | kang samya kinanthi jurit | ing mangke wus tawis |[33] tan wontên pawartosipun | eca lagya ngandika | maha sang narendra putri | gya kêsaru praptane Dyan Layangseta ||

9. lan Layangkumitir Radyan | sigra-sigra sang akalih | gumrubyuk sabalakuswa | praptèng pagêlaran aglis | tandya ngandikan sami | minggah dhatêng sitiluhur | lan Rôngga Minangsraya | miwah Ki Menak Giyanti | praptèng ngarsa umatur Dyan Layangseta ||

10. sapratingkahing alaga | myang andhap ungguling jurit | seda Adipati Daha | miwah Dipati ing Tubin | sapatraping ajurit [ajuri...]

--- 119 ---

[...t] | ingaturakên sêdarum | purwa madya wusana | apan jinarwa wus titi | sapatute rada ngalingi sarira ||

11. ya ta sang prabu wanodya | sapandurat datan angling | duk myarsa ing aturira | Radyan Seta lan Kumitir | jêngkar sang prabu dèwi | tandya

kondur angêdhatun | kya patih sigra bubar | pararya maglaran sami | tandya mijil Ni Sêpêtmadu Wilaja ||

12. andhawuhakên timbalan | dhumatêng rêkyana patih | ing mangke karsa narenda | animbali ingkang bibi | garwanira dipati | ing Tuban saputranipun | dene ingkang lumampah | Ni Sêpêtmadu pribadi | lawan wadya kliwon jawi sapangiwa ||

13. sandika ture kya patya | gya pininta-pinta sami | kang badhe dhumatêng Tuban | ya ta lurah para gusti | Wilaja malbèng puri | gya mangkat Ni Sêpêtmadu | kalawan kliwon jaba | Menak Blêdhug lawan malih | Menak Tunjung Sabuktali Datu lawan ||

14. Sabukjanur Talimimang | gancangan samargi-margi | wus lêpas ing lampahira | ya ta kang kawuwus malih | sagung ingkang anangkil | luwaran sadaya sampun | ing dalu tan kawarna | enjing Dyan Seta Kumitir | samya sowan dhumatêng ing kapatihan ||

15. gulang-gulang anèng ngarsa | kajinêman amêrapit | ginarêbêg [ginarê...]

--- 120 ---

[...bêg] balatôntra | asikêp pêdhang lamsir |[34] towok kantar suligi | talêmpak tênapi busur | ya ta sapraptanira | kapatihan regol jawi | kagyat mulat wong bagus manglong nèng lawang ||

16. cahyanya mindha sêsôngka | lir Komajaya sing swargi | karêngga dening busana | tangèh winarnèng palupi | radyan panas kang galih | wus têdhak sing kudanipun | tandya ngasta talêmpak | mrêpêgi rahadyan mantri | wadyanira angubêng samya prayitna ||

17. ngandika Dyan Layangseta | dhumatêng Dyan Damarsasi | lah sira iku wong apa | manglong-manglong anèng kori | lawan wong têka ngêndi | lan malih sapa aranmu | matur Radyan Sêsôngka | kula abdine ki patih | taksih inggal awasta pun Damarwulan ||

18. tiyang sangking Paluhômba | atmaja Udara nguni | ing mangke ulun kinarya | magang ngiras kêmit bumi | lan kinèn têngga kori | Dyan

Layangseta amuwus | nadyan têtunggonira | iki lawanging bupati | nora patut tingkahmu sawênang-wênang ||

19. cêdhis desa kurang ajar | nyak-bênyunyuk tan pakering | manira nora rumôngsa | darbe cacêndhêng wong dèsi | ingsun putraning patih | mendah ta pocapanipun | darbe sanak wong desa | jaban rangkah tanpa èsi | Damarwulan matur minta

--- 121 ---

pangagsama ||

20. inggih radèn jenang sela | dèn gung pangapuntên kang sih | ing tyang dhusun inggal prapta | sumôngga yèn ngaping kalih | ing sapisan puniki | ngapuntên lêlêpat ulun | Layangkumitir sigra | amundhut kang ponang kêris | Dyan Sêsôngka èsmu mundur datan suka ||

24. Durma

1. Layangseta sakêlangkung dukanira | manêntak dènira ngling | lah mara ulungna | kêrismu mring yayi mas | yèn sira kêpati-pati | angukuhana | curiganira pêsthi ||

2. nora wurung sira tumêkèng palastra | matur Dyan Damarsasi | kadospundi radyan | duka ing kawlas-arsa | dhuwung tilaring sudarmi | karsa paduka | pundhut paran kang dasih ||

3. Radyan Layangkumitir sarêng miyarsa | talinga lir sinêbit | dhasar bêrangasan | bang-bang sring mara tangan | tan kêna pinadhan angling | sigra anumbak | dhatêng Dyan Damarsasi ||

4. wus tinampan ya ta kang godhi cinandhak | sêndhal-sinêndhal wani | Radyan Layangseta | anumbak sangking kiwa | wus katampan ponang biring | sinêndhal datan | kungkih Dyan Damarsasi ||

5. Damarwulan matur kadospundi radyan | kawula minta kang sih | bok inggih paduka | ngapura mring wong anyar | saya duka radyan kalih | anarik pêdhang | ngrasuk nabêt manitir ||

6. Radyan Damarsêsôngka [Damar...]

--- 122 ---

[...sêsôngka] mundur sing papan | pinêdhangan tan osik | wadya kajinêman | nosok sangking ing wuntat | kumrapyak kang watang pipit | Dyan Damarwulan | sariranya tan titis ||

7. Sêbdapalon Nayagenggong kinêmbulan | pinoporan ing bêdhil | kinêpruk ing lungka | bata myang sela-sela | kajungkêl kuwalik-walik | rêbah sêgsana | anulya dèn talèni ||

8. dèn lêlaran apan sarwi jinêjêgan | Nayagenggong anjilih-|[35] jêlih jinotosan | Sêbdapalon jinambak | ingungsêb-ungsêbkên siti | anggro jinêjak | ambêngok dèn gêbugi ||

9. Sêbdapalon sêsambat sarya karuna | edan têmên wong iki | dene tan sêmanak | lir satru kabuyutan | tan olèh brêkating kaki | jamak kang lumrah | wong anyar sinung inthil ||

10. mundur têka cacêngêl dèn idak-idak | Nayagenggong anjêrit | pan sarya sêsambat | nini bêlondho kêthak | kaki bêkatul lan inthil | tulungên ingwang | ingong dinulang siti ||

11. Radyan Damarwulan rinêmpak ing kathah | pinêdhang cinampuling | sinosog ing watang | tansah wayang-wayangan | sing pangrêksaning Sugsma di | sung parimarma | ing dasih kang kaswasih ||

12. radyan kalih kêlangkung [kêlang...]

--- 123 ---

[...kung] ing dukanira | wadyanya kathah mati | runjang padha rowang | caruk wor liru lawan | sing sêsêg sara mapipit | sira rahadyan | tandya ngabani dasih ||

13. kinèn mundur rahadyan kalih umangsah | sikêp pêdhang lan tamsir | kinubêng magalak | mêdhang sarya amilar | lir pêgsi prênjak tinaji | kêbat acukat | wau rahadyan kalih ||

14. Dyan Sêsôngka pinêdhangan tansah indha | sarya matur ngrêpa sih | minta pangagsama | radyan kadya punapa | niyaya dasih kaswasih | yogya ngapura | ing wadya anyar prapti ||

15. sarya indha pêdhang tinangkis ing kunca | ponang wastra tan titis | nadyan mranananana | pêdhang tumibèng jaja | lalu murub nora busik | radyan kalihnya | ing manah samya gigrig ||

16. sing wratira kinubêng ing balatôntra | merang mêdhot ing jurit | dadya pinaliwat | mêdhang sarya amilar | Dyan Sôngka wus ngèsthi pati | tan lyan kacipta | mung Sugsmana Kang Luwih ||

17. sagunging wong gumuruh swara magiyak | samyalok mati-mati | manggung dêr-gêdêran | ting balêbêr wong mulat | tuwa anom jalu èstri | wong kapatihan | umung samya anangis ||

18. kyana patih kagyat ana ing paseban | putranira sinapih | aja kaki aja | iku [i...]

--- 124 ---

[...ku] sadulurira | apuranên ingkang sisip | iku putranya | kakang Udara Patih ||

19. Layangseta Kumitir sawadyanira | mundur marak sudarmi | Genggongnaya lawan | Sêbdapalon ngluwaran | wus samya tata alinggih | rêkyana patya | ngawe ing putra kalih ||

20. sampun samya binisikan putranira | Seta Layangkumitir | gya kondur kalihnya | sawadyanira bubar | para cèthi ing jro puri | èbêg nêningal | umung samya anangis ||

21. sawusira bubar gya manjing jro pura | sagung kang para èstri | sosote tan pêgat | dhatêng Dyan Layangseta | miwah Dyan Layangkumitir | ingsun tatêdha | marang juwata luwih ||

22. muga-muga dyan kalih dèn adilana | sikara tanpa kardi | baya nêmu apa | besuk radyan kalihnya | dene ta kêpati-pati | anganiaya | mring Radyan Damarsasi ||

23. ya ta malih warnanên rêkyana patya | ngandika mring dyan mantri | babo sira aja | dadi rasaning driya | dèn gung pangagsama kaki | mring kadangira | Seta Layangkumitir ||

24. dèn narima kaki titahing juwata | pirangbara ing benjing | sira manggih mulya | nanging saiki aja | grantês ing sapangrèh mami | matur Dyan Sôngka | sakarsa ngong lumiring ||

25. angandika malih

--- 125 ---

sang rêkyana patya | iya ing karsa mami | jaranku sêdasa | ing mangke gamêlana | ritêna sukêt pribadi | yya kangsi kurang | padha lêmokna sami ||

26. Radyan Damarwulan umatur sandika | kya patih ngandika ris | kulup putraningwang | bangêt ingsun maminta | yya nganggo-anggo prayogi | cara satriya | iku anyikani ||[36]

27. iki lurik brakutut luwih prayoga | ginawa lunga ngarit | sêlamêt nèng marga | tan ana kara-kara | lawan iki sabuk putih | luwih utama | sêlamêt tur asuci ||

28. lawan iki kêndharat karyanên pisan | bênting luwih abêcik | taklim mring wong tuwa | rahab sinungan karya | lawan sun paringi arit | timah prayoga | marang jaran kalimis ||

29. doyan mangan tur ngêdohkên sela karang | busanamu kang lami | miwah dhuwungira | ingsun kang ngrawatkana |[37] gampang besuk yèn wus mugti | pakewuh apa | sun paringake malih ||

30. awotsêkar sandika Dyan Damarwulan | pisalin gya tinampin | namung dhuwungira | pinundhut datan suka | wus lèngsèr rahadyan mantri | ngrasuk busana | asor cara pêkathik ||

31. mung dhuwungnya tinatah kinaturôngga | rênggèng rêtna wrêja sri | pinundhut tan suka | tansah [ta...]

--- 126 ---

[...nsah] ngagêm kewala | nanging kinèn buntêl upih | aja katingal | dadya wor lan pêkathik ||

32. sru kaswayun Rahadèn Damarsêsôngka | enjing gya kesah ngarit | kranjangnya sadhêpa | midrê ing agêngira | sadina wangsul kaping tri | parêpatira | mikul sarya anangis ||

33. suprandene samarga atêtêmbangan | singa non wêlas-asih | apan Dyan Sêsôngka | narima ing Sugsmana | kinarya lakon nèng bumi | sinêdya tapa | sapangrèh dadya puji ||

34. pamujine Sugsmana ingkang winênang | ulun tan nampik milih | ing pikarsa Tuwan | dasih datan rumêngkang | ngong pasrah kang murbèng bumi | kang karya titah | ingkang angsung artati ||

25. Dhandhanggula

1. kawarnaa Rêtna Banowati | garwanira Rônggalawe Tuban | pinarak lawan putrane | Sêkati Sang Rêtnayu | aprituwin kang para sêlir | ya ta Sang Banowatya | tansah angêmu luh | tan eca raosing driya | sapungkurnya kang raka umangkat jurit | tansah amêlang-mêlang ||

2. sampun sapta dina siyang ratri | wulan surya rambah kaping tiga | grahana sasi sêdene | ngrêmêng akasa têdhuh | pracalita kilat lan thathit | siyang-siyang gumêbyar | dhandhang [dha...]

--- 127 ---

[...ndhang] munya ngungkung | pêgsi-pêgsi mencok ing pang | samya agring sêdène kitiran putih | manggung èrêg swaranya ||

3. sêkar datan ana babar sami | tunjung-tunjung akuncup yèn enjang | kang pucang kuncup mayange | pêpêthetan samyalum | èrêm-èrêm kang bun tumitis | wimbuh Sang Banowatya | nyupêna ing dalu | katingal sang adipatya | akasukan lan sagung kang pra dipatya |[38] anèng pinggir samodra ||

4. sinewagara kang para mantri | gya cangkrama nitih panggêritan | bêdhati sinang isthane | jingga agêming kampuh | saya cêlak lawan jêladri | tandya ngancap anêngah | sabalakuswa nung | Sang Rêtnayu Banowatya | anututi nanging datan dèn lilani | malah ngantya dinukan ||

5. mêgsa nusul nanging tan tinolih | sang dipati sawadya murcita | kèrêm ing laut sirnane | kasêlak sang dyah wungu | môncadrasa waspa drês mijil | supêna winaonan | ing galih mangungun | mila sangsaya sungkawa | duk sêmana ingkang putra kalih prapti | sing wana pagrogolan ||

6. wus miyarsa yèn tinilar jurit | radyan putra genira sing wana | wus pitung dalu lamine | tandya sowan mring ibu | praptèng

--- 128 ---

ngarsa rahadyan kalih | têtanya rèhing rama | jinarwanan sampun | mring ibu Sang Banowatya | embah radyan ingarêm-arêm ing galih | kang putra suka myarsa ||

7. Dyan Buntaran gumujêng sarya ngling | sira ri mas besun[39] nuwun apa | ing rama olèh-olèhe | Radyan Watangan matur | benjang kula nuwun turanggi | pamburon kawan dasa | kang samya gêngipun | paduka nuwun punapa | raka nêbda yayi ingsun nuwun gundhik | putri atmajèng raja ||

8. ingkang akèh ingkang kuning-kuning | ingkang dêdêling ingkang mêjana | lawan kang padha gandhange | kang lênyêt liringipun | kang jatmika wignya mikat sih | iku pan rêmên ingwang | kinroyok ing pupuh | anggalakakên ing mêngsah | luput êmoh ingsun sanggup dikaroni | tiniga saya sura ||

9. samya mèsêm sagung para bibi | radyan dadya panglipur sungkawa | cucut ing pangandikane | tur gadhangan binaut | Dyah Sêkati ngewani liring | ya ta Sang Banowatya | tan liyan kang ketung | amung ingkang ulah yuda | eca lagya ngandika rahadyan kalih | kasaru praptanira ||

10. abdi panongsong pun Wôngsapati | mungub ing kori lan Gathul Dêmang | dyan putra awas tingale |

--- 129 ---

ingawe kalihipun | ingkang ibu lan para sari | kumêsar galihira | kanyanan ing kalbu | dene panongsong kang prapta | Sang Dyah Banowati waspanya drês mijil | datan kêna ingampah ||

11. praptèng ngarsa Wôngsapati aglis | anungkemi ing padanya radyan | awor karuna ature | gusti pukulun atur wruh |[40] kangjêng rama paduka gusti | kasambut ngadilaga | seda ing apupuh | dene Raja Menakjingga | kunarpane rama paduka binêsmi | lan layone dyan patya ||

12. pra dipati tumpês angêmasi | saha balakuswala gêmpuran | dene wong wetan yudane | Prabalingga gèn pupuh | ya ta sira pun Wôngsapati | sawusnya tutug turnya | aniba gya lampus | Sang Banowati kantaka | Dyah Sêkati anjêrit gubêl kang rayi | gègèr wong jroning pura ||

13. umyang gumuruh swaraning tangis | para sêlir samya bilulungan | warna-warna sêsambate | wênèh niba tan èmut | wênèh ana kang ngrontog wèni | wênèh amala jaja | akathah liripun | sawênèh sêsambatira | dhuh pangèran tan wêlas dhatêng kang cèthi | ulun tinilar seda ||

14. kang sawênèh sêsambating tangis | dhuh gustiku Dipati ing Tuban | nora nyana nora dimpe | kêsambut [kêsambu...]

--- 130 ---

[...t] ing apupuh | nora môntra ing nguni-uni | dene pangandikanya | tan lawas gya rawuh | sapa gusti sun tatênga |[41] lawan sapa gusti ingsun kawulani | wênèh sambatirèng dyah ||

15. dhuh pangeran ulun tumut lalis | datan sagêd ngabdi kakung liyan | antènana kawulane | wênèh sêsambatipun | dhuh gustiku sang adipati | duk arsa tindak duda | mamriyêmbada nrus | angasih-asih kang sabda | kawulane sinugun ginusti-gusti | sun sidhêp tulus mana ||

16. kang satêngah sêsambating èstri | dhuh gustiku kang bagus utama | kang asih marang cèthine | bêg darma mong tumuwuh | angecani manahing èstri | ulun durung rumôngsa | amalês sihipun | ing sapta-sapta pan janma | sun tan nyipta angabdi liyaning gusti | sanèsing sang dipatya ||

17. Dyan Watangan apêtêng kang galih | dening ibu tansah kapidhara | saya ngrês myarsa sambate | sagung kang para arum | wênèh bondhèt mring radyan kalih | tênapi ingkang raka | Sêkati angrangkul | sêsambatnya mêlas-arsa | Dyan Buntaran anggêglêg tan kêna angling | waspa drês tibèng jaja ||

18. sêsambate Dyah Rêtna Sêkati | katuwone rama raganingwang | kèri lola satêmahe | sapa kang sun sêsugun | lawan sapa [sa...]

--- 131 ---

[...pa] kang sun ladèni | rama dene atega | nilar marang ingsun | dene ta dadya wanodya | ingsun ri mas arubêt kabotan tapih | tan bisa nusul ing prang ||

19. nora bisa nagih lara pati | ingsun yayi mring Sri Urubêsma | dene ingsun dadi wadon | dewa banjutên ingsun | susulêna rama dipati | mênyang ing ariloka | nora bisa kantun | ya ta kang rayi kalihnya | ing tyas gêmpung angadêg suraning galih | myarsa sambating raka ||

20. Dêmang Gathul wus kinèn ngrumati | mring kunarpanya Ki Wôngsapatya | atênapi ing somahe | wus sinung reyal satus | radyan kalih sêgsana mijil | amêpak wong kanoman | wolung dasa sampun | samêgta ajêjaranan | Dyan Buntaran Watangan mangkat sêdasih | dhatêng ing pambarisan ||

21. nandêr nungklang asamargi-margi | ya ta sampun lêpas lampahira | gênti ingkang winiraos | praptane Sêpêtmadu | nagri Tuban ambêgta joli | tandhu lawan jêmpana | ing pura tumanduk | nimbali Sang Banowatya | saputranya samaru lan para sêlir | nanging radyan wus mangkat ||

22. Sêpêtmadu wus sipêng saratri | anèng Tuban kawuwusa enjang | Banowati saputrane |

--- 132 ---

kêlawan kang para rum | tandya mangkat wahana joli | tandhu lawan jêmpana | samarga asêlur | dhinèrèk wong Majalêngka | kawuwusa maha sang narendra putri | lagya miyos sineba ||

23. mênggêp ing witana di rinugmi | Rarasati lan rêkyana patya | sumiwèng ngarsanèng sinom | ing paglaran supênuh | pra nararya rôngga dipati | maha sang prabu rara | dhawuhkên sêbda rum | anjênêngkên para menak | pra dipati kang karèh Daha nêgari | linumrahkên ing bala ||

24. putranira kang samya gêntèni | kang tan darbe putra kadang wôngsa | nunggak sêmi sanamane | para menak tumênggung | ingkang karèh ing kyana patih | wus sami ginêntenan | putra kadangipun | kang balik pêjah ing aprang | ing Madiun abdi sanès kang gêntèni | nanging nama lir lama ||

25. wus mupakat wadya kang anangkil | Pranaraga Côndrakètu lawan | Endrajaya lan malihe | ing Wajak angun-angun | Menak Ngrawa Surônggapati | Kalangbrèt Nilapraya | Trêsana Kalungkung | ing Sarêngat Bagaspatra | Giwangkara ing Mambêng Madiun kalih | ran Gajah Têpèngsara ||

26. sisih lawan Menak Balaruci | Brajamusthi nagri Jagaraga | saha myang Surabayane [Sura...]

--- 133 ---

[...bayane] | ngabèinira wolu | karèh dhatêng Dyah Rarasati | umung para pandhita | ajar myang manguyu | guntung wasi janggan-janggan | myang bêbuyut êmpu mêlandang ngèstrèni | ngèstuti pujamôntra ||

27. gya kêsaru Sêpêtmadu prapti | ngirit garwanya Dipati Tuban | lawan putranya sang sinom | Sêkati myang para rum | wus ngandikan minggah

sitinggil | sang nata miyak gobah | anglela kadulu | kang bibi Sang Banowatya | lan Sêkati lumajêng atawan tangis | lir rugma tibèng toya ||

26. Maskumambang

1. anungkêmi ing padanya prabu dèwi | ngungsêb-ungsêb tansah | sêsambatira kaswasih | kang bibi lan Dyah Sêkatya ||

2. prabu rara sêklangkung ngrês ingkang galih | ketang trêsnanira | gya tumrun sing dhampar manik | tansah kumêmbêng kang waspa ||

3. sêbdanya rum yayi Sêkati ywa nangis | paman adipatya | antuk sihing Sugsmana di | amanggih swarga kang mulya ||

4. rèhning paman seda madyaning ajurit | mapag ing wong arda | kang sinatru ing dewa di | iku nglabuhi utama ||

5. wus pinasthi juwata ingkang linuwih | wong kêsambut ing prang | mêgati sukêring bumi | swarga tanpa kira-kira ||

6. mulya [mu...]

--- 134 ---

[...lya] têrus yayi paman adipati | musakani ing rat | anggêlar mulyaning bumi | among tuwuh trus budyarja ||

7. sih ing sama ngrêsêpakên para rêsi | mule ing pandhita | arja ingarjakkên tyas sih | asih ing wong budi tama ||

8. pira-pira yayi paman adipati | dènnya olah praja | sarta kang praja samèdi | pangguh-panggah ing ubaya ||

9. tur sêmbada abêgtine ing Sugsma di | andina datansah | ing kasucèn susela di | mrih adining ariloka ||

10. marêming tyas Sang Rêtna rara Sêkati | malih angandika | sang prabu rara mring bibi | bibi pundi putra dika ||

11. Ki Buntaran Watangan datan kaègsi | matur Banowatya | gusti wus anusul jurit | mugi gusti ambangsulna ||

12. yèn kenginga arinta kang derah pati | panuwun kawula | pukulun darbea karsi | yya kêlajêng kawlas-arsa ||

13. animbali gusti sampun ngantos jurit | pun paman wus seda | ing mangke arinta kalih | sumêdya alabuh pêjah ||

14. yèn ngantosa gusti kêlampahan lalis | paran polah ingwang | sintên kawula gendholi | lan sintên kang ngimpunana ||

15. kadang warga sêntana wadya ing Tubin [Tu...]

--- 135 ---

[...bin] | lan dene yèn wusa | diwasa tega pun bibi | de magsih jaka taruna ||

16. angandika maha sang narendra putri | bibi bênêr dika | sun ngutus nusul si yayi | ywa nganti kêpara tiwas ||

17. prabu rara wus pinrak ing dhampar malih | ngandika mring patya | sapa bapa kang prayogi | sun utus nusul yayi mas ||

18. Kyana Patih Lugêndèr matur wotsari | gusti yèn sêmbada | lan karsa paduka gusti | yogi Rôngga Minangsraya ||

19. lan pun yayi Menak Giyanti prayogi | sarya ambêgtaa | sakancanira wong jawi | prabu rara angandika ||

20. iya bapa manira iku marêngi | anging umangkata | iya ing sadina iki | ya ta sawusnya ngandika ||

21. prabu rara wus jêngkar gènnya tinangkil | kundur angêdhatyan | ginarêbêg ing pra cèthi | manggung tênapi bêdhaya ||

22. saha nganthi kang rayi Sang Dyah Sêkati | wuwusên ki patya | wus maglaran aminta wis | bupati ingkang lumampah ||

23. adipati kêkalih Menak Giyanti | Rôngga Minangsraya | wus mangkat sing pôncaniti | kawuntat ing Majalêngka ||

27. Pangkur

1. sinêrot anèng ing marga | Rôngga Minangsraya Menak Giyanti | gêgancangan [gêgancang...]

--- 136 ---

[...an] lampahipun | samêgta ing ayuda | dyan warnanên Urubêsma Sang Aprabu | miyos anèng sokasana | supênuh wadya kang nangkil ||

2. amacak kawula bala | sêsulihnya pra menak pra dipati | kang samya tiwas ing pupuh | sampun samya kagêntyan | pêpilihan êndi wadya kang dibya nung | kang têguh timbul ing braja | samya ingangkat dipati ||

3. malah akurang nêgara | mila ngantos pinaro pinra katri | nagri ing satunggilipun | malah pinra sêkawan | ingkang agêng kang nagri pinara wolu | nanging pra raja ing sabrang | kang atiwas ing ajurit ||

4. tan ana ingkang gumantya | pan ing mangke Sang Prabu Urubêsmi | wus minta kang para ratu | miwah kang pra dipatya | kinèn samya angrupak jajahanipun | nagari ing Majalêngka | dene ta sang Urubêsmi ||

5. eca anèng Prabalingga | akasukan nutug raina wêngi | ya ta ing panyiptanipun | maha sang prabu rara | dimèn miris nungkula sangkaning alus | mila kinèn ambêbahak | kewala kang têpis-wiring ||

6. wuwusên Radyan Buntaran | lan Watangan kang arsa labuh pati | prajuritnya wolung puluh | ingangkat wong kanoman | tur ta samya tindak sêntana sêdarum | sêpalih [sê...]

--- 137 ---

[...palih] asikêp tinggar | kang sêpalih sikêb biring ||

7. samarga-marga karuna | kang prajurit sêdya alabuh pati | ya ta sira Dêmang Gathul | pamomongnya rahadyan | janma sêpuh binandrê ing lampahipun | gigitanira wus têlas | angomplèh samargi-margi ||

8. brêbês mili cêlangoban | ting darêjêt balung lir dèn lolosi | kudane jojog angunthul | ngantuk aparenggotan | mêlèk-mêlèk yèn kudanira kêsandhung | anjanggirat guragapan | sawusnya angantuk malih ||

9. trêkadhang kang kuda nasak | sira dêmang kagyat kacanthèl ngêri | riyak umbêl dadi mungsuh | watuk kasêlak-sêlak | suprandene nora suda ungasipun | bote wong duwe momongan | labête wong nora gigit ||

10. lèknya binênjèng kewala | nanging mêgsa sumurup ponang manik | sêmana radyan wus rawuh | nagri ing Pasêdhahan | ring sangsaya binandrêng ing lampahipun | wuwusên kalih dipatya | sira Si Menak Giyanti ||

11. lawan Rôngga Minangsraya | wus nututi dhatêng rahadyan kalih | dèn lancangi lampahipun | radyan gya ingadhangan | Rôngga Minangsraya Giyanti amuwus | dyan kalih

--- 138 ---

tampi timbalan | kang pangèstu prabu dèwi ||

12. Radyan Buntaran Watangan | matur nuwun abukuh nèng turanggi | Sraya Giyanti amuwus | jêngandika ngandikan | radyan kalih dhumatêng ing Majalangu | kanggêg Buntaran Watangan | tan mawi mangsuli angling ||

13. Giyanti lan Minangsraya | malih ngucap suwawi radyan kalih | sarênga ing lampah ulun | sangêt timbalanira | prabu rara tuwan tan kalilan magut | rêbut rok lan Menakjingga | dene ta rahadyan kalih ||

14. dèrèng mêmpêng kang diwasa | ina nistha lamun tiwas ing jurit | kêlara rama pukulun | yuda lan Urubêsma | mila radyan ngandikan mring Majalangu | kaping kalihnya sang nata | sangêt kasêngkêlan galih ||

15. sedane rama paduka | mangke wêwah radyan mangsah ing jurit | yèn tiwasa ta pukulun | kasambut ing alaga | kadospundi maha sang kumaraning rum | sungkawa têmahan kadya | suduk gunting tatu kalih ||

16. mangsuli rahadyan putra | wus jamake atma lanang nglabuhi | silih rok madyaning pupuh | yèn datan kêlampahan | ulun merang sêsamining ngong tumuwuh | satriya takut ing pêjah | kaya dudu trah prajurit ||

17. punapa ta

--- 139 ---

walês ingwang | mring jêng rama ing anak kênèng bumi | lamun ta ajrih ing lampus | ngur matia duk jabang | sira Menak Giyanti juwêt kang wuwus | nadyan radyan apêranga | yèn wus pilênggah ing Tubin ||

18. sêmbada ing adilaga | sugih bala ngrekakkên[42] pra dipati | pra menak para tumênggung | sumbaga jayèng rana | lamun tiwas tan sinurak ing dewa gung | labête nglabuhi wawrat | sêmbada ingran prajurit ||

19. yèn paduka paripêgsa | dadya ngamuk punggung kurang utami | sintên kang lêmbaning pupuh | mêdal sangking ing wawrat | barangkarya datan tilar wawratipun | radyan kalih ngucap sugal | pasrahna ing juwata di ||

20. yèn rinusak ing Sugsmana | sintên ingkang wignya ngrêksèng pêpati | yèn rinêsa ing dewa gung | sintên ingkang angrusak | pati urip myang dawa cêndhaking umur | wus pinasthi ing Sugsmana | titahe darma nglakoni ||

21. solah bawaning manungswa | atas Sang Hyang Sugsmana kang akardi | Rôngga Minangsraya muwus | nadyan karsaning Sugsma | wênang nampik milih arjaning linuruh | tan marentahakên salah | tan lyan mupangat kang pinrih ||

22. sumambung Radyan Watangan | nadyan sêdya amrih mulya nèng bumi | yèn gingganga tekatipun [te...]

--- 140 ---

[...katipun] | nora nglabuhi basa | dyan mulyaa mulya sapa ingkang angsung | tur môngsa linanggêngêna | yèn wong tan nglungguhi puji ||

23. ing mangke puji manira | pêjah sokur urip langkung prayogi | nanging wus sêdya acucuh | paran ngunduri sabda | tur sabda trus sumendhe ing dewa agung | punika ingkang utama | lêlabuhan wong nèng bumi ||

24. Menak Giyanti angucap | datan kenging radyan wong anèng bumi | sumendhe karsèng dewa gung | dewa tan duwe karsa | luwih-luwih ciptane kang duwe kayun | kayune ingkang sêmbada | samurwate kang pinuji ||

25. Radyan Buntaran brêmantya | nabêt kuda saha bala wus gêndring | praptèng bêngawan manggêbyur | nglangi kang ponang kuda | wadya wolung dasa tan ana kang wiguh | katisên Ki Gathul Dêmang | nanging tan pisah lan gusti ||

26. sêmana radyan wus prapta | awu tilas pambêsêming sudarmi | gya mudhun sawadyanipun | ngruruh tulanging rama | tan pinanggih tandya na swara anguwuh | babo radyan sudarmanta | wus minggah ing suwarga di ||

27. saklayone wus binêgta | aprituwin pra menak pra dipati | prajurit kang wani lampus | kang awas ing budyarja | nyawanira wus minggah [ming...]

--- 141 ---

[...gah] swarga sêdarum | sakèndêle ponang swara | radyan gya nitih turanggi ||

28. anandêr sawadyanira | adipati Majalêngka tut wuri | sangking katêbihan samun | gantya kang winursita | wong bang wetan kang ngingkut ing Majalangu | wong Mêkasan Basutôntra | Dewa Pêrlagi ing Kêling ||

29. lawan Buta Ongkotbuta | myang pra menak anyar ingkang angsal sih | andêl tos-tos wuwu jitus | tau tinatah mêndat | ngracak biring akramas obat lan busur | manaut lamêng kulewang | galak para cêkak budi ||

30. Mangrupagsa Wirubraja | Brajapati lan Menak Gajah Srênggi | Trajudhêndha Dhêndhakètu | lan Menak Bimakendra | Bayugora Krêdabayu Bayukètu | Mamangdraya Drayuwila | Wirudhêstha Dhêsthapati ||

31. Macanlaut Singadara | Antulaut Wedangsêgara tuwin | Lindhuparang Lindhuwulung | lan Menak Gala-gala | Gêndhangantru lan Menak Kêndhanggumulung | samêgta sikêping yuda | lir sêgara tanpa têpi ||

32. ingkang sinêdya ing lampah | môncanagri kidul kang dèrèng balik | pan arsa ingawut-awut | sêmana lampahira | gya kapêthuk Buntaran Watangan ngamuk | putranya Dipati Tuban | wolung dasa kang prajurit ||

--- 142 ---

33. dyan kalih samya angrêmpak | sikêp watang singa katrajang gusis | wadya dhomas sarêng ngamuk | ngêdrèl samya anumbak | anggulasah wong wetan kathah kang lampus | mawur-mawur asar-saran | pating balocor wong kanin ||

34. wong Tuban sapêrti setan | pangamuknya amêrêm sarya nangis | asambat ing gustinipun | adipati ing Tuban | para menak pra rôngga para tumênggung | angokol amangsah dharat | tan ana sêdya gumingsir ||

28. Durma

1. sawadyanya sêdaya asarêng mara | bêndhè tinitir-titir | suraknya gumêrah | têtêg ambal-ambalan | kadya alun nêmpuh wukir | gumruh gumêntar | mangêbyuk sagung dasih ||

2. maju rampak makubêng atêpung gêlang | numbak mangrutug bêdhil | manowok mêmanah | nyuligi anyêrampang | masêr nulup anyampuling | wadya ing Tuban | kathah longe kang mati ||

3. kukus pêtêng mimisira kadya kilat | gêbyaring sara kadi | kala marcu lumrang | magêdêr maputêran | wong Tuban agolong pipit | alêlumbungan | kinarya lesan mimis ||

4. suprandene tan ana mundur sajangkah | gya manrot gênti kêris | atumbak-tinumbak [a...]

--- 143 ---

[...tumbak-tinumbak] | manglut pêdhang-pinêdhang | kèkèt magarot mangungkih | kuntus kinentas | tan ana ngeman pati ||

5. rukêt caruk-acaruk gagap-ginagap | mungsuh rowang wus sami | bingung ingkang yuda | singa ingkang kacandhak | goco-ginoco wor mati | sosrah gêlasah | kadya babatan pacing ||

6. radyan putra kudanira samya pêjah | ginagap karo kêris | Wirubraja pêjah | pun Basukendra lawan | Brajapati angêmasi | myang Lindhuparang | Lindhuwulung wus lalis ||

7. Bayugora Gêrdabayu sampun pêjah | pun Bimakendra mati | Basukendra pêjah | Dhêsthapati Dhudhêstha | apan sampun angêmasi | pun Mamangdraya | pun Drayawila mati ||

8. Angkatbuta Kotbuta Rajèng Mêkasan | Sang Basutôntra Aji | Rajèng Kêling dewa | Pêrlagi[43] bêg sarosa | Mangontama Pilinggandhi | nglamêng mamêdhang | gada bindi mawanti ||

9. datan osik radyan kalih kinêmbulan | pracayèng ing Sugsma di | anglindhung ing dewa | singa ginagap pêjah | Radyan Buntaran caruk kris | lan Basutôntra | Watangan lan Prêlagi ||

10. rok makuwêl sang Basutôntra wus pêjah | Dewa Prêlagi lalis | radyan kadya yêgsa | mamuk mamunah janma | Buta [Bu...]

--- 144 ---

[...ta] Kotbuta mangungkih | makendra makyat | cangklèt pêdhang mawa kris ||

11. samya têguh ungkih-kinungkih magalak | radyan wus wuru gêtih | Kotbuta lumumpat | pun Angkatbuta milar | kalih samya angunduri | bala mangrêmpak | dyan kalih dèn popori ||

12. ing sanjata saya dangu saya sayah | gumêtrê radyan kalih | astanya ngêmu rah | ukirannya wus pêcah | kang mupuh datan dèn gopi | sêgsana rêbah | radyan watangan aglis ||

13. gya tinubruk ing Katbuta gya binônda | Radyan Buntaran ngungkih | ngamuk lawan asta | tinubruk ing ngakathah | Kotbuta ingkang nalèni | wadya kanoman | siji tan ana urip ||

14. namung Dêmang Gathul ingkang mêgsih gêsang | gulung awor lan mayit | ya ta sarêng mulat | radyan kalih kacandhan |[44] Ki Dêmang Gathul anjêlih | mêrpêgi radyan | sarya ambuwang kêris ||

15. buwang kampuh awuda kantun cêlana | sigra dipun popori | ing sanjata Dêmang | Gathul sampun binêsta | katur mring Katbuta patih | bêstan têtiga | jinèjèr ngarsa sami ||

16. Dyan Buntaran Watangan asru manêbda | Buta Katbuta anjing | ingsun patènana | belakna ing jêng rama | ingsun aja [a...]

--- 145 ---

[...ja] dèn uripi | lah age mara | patènana wak mami ||

17. yèn wus mati mustakaningsun saosna | marang si menak baring | rêrêgêting jagad | dhapure lir wrangutan | sêmbada raimu kalih | kaya wêraha | payo tigasên mami ||

18. èsmu merang ki patih asru anyêntak | aja bribini kuping | dene wus binêsta | têka kagila-gila | besuk nèng ngarsaning gusti | tan wurung sira | amêsthi dèn patèni ||

19. Dyan Watangan angucap saiki mara | patènana dèn aglis | Angkatbuta nêntak | aja carèwèt sira | aja akon amatèni | tan wurung sira | ing mêngko sun patèni ||

20. Dyan Buntaran abudi sigra anjêjak | dhatêng rêkyana patih | Kotbuta kang jaja | ampêg tan bisa ngucap | gya kinèn ngundurkên aglis | mring Prabalingga | ponang babêstan katri ||

21. kang ingutus kajinêman kawan dasa | lêlurahnya kêkalih | pun Udanprahara | lawan Baratkatiga | radyan lumêpas wus kering | sira Kotbuta | Katbuta nglurug jurit ||

22. saha bala sakuswala tandya budhal | menak rôngga dipati | warnanên Ki Rôngga | Minangsraya lan Menak | Giyanti kang mêndhêm baris | mêpêti marga |

--- 146 ---

tandya rok silih-ungkih ||

23. suraknya wor têngara munya sauran | kadya ngrubuhna langit | gong maguru gôngsa | têtêg kadya butula | brêg-binêrêg silih ungkih | pentar-pinentar | caruk biring-biniring ||

24. kathah pêjah wong kulon lawan wong wetan | brêg-binrêg ingkang jurit | makuwêl gap-gapan | wong Majalêngka bubar | mantri jaba kathah mati | kidang gayoran | lawan pun kidang gathik ||

25. Menak Sondong Menak Tunjung Talimimang | nênggih ingkang ngêmasi | wus bubrah sumêbar | lumayu asar-saran | wong wetan manglut mangungkih | gênti kawarna | sira Sang Urubêsmi ||

26. eca lagi siniwi ing sokasana | pêpak kang tôndhamantri | dhaèng para lurah | lir samodra bêlabar | kang anèng ngarsa dipati | Sri Baudhêndha | ring Sang Madura Aji ||

27. lan Sri Bali Bêthara Gung Walikrama | kasaru duta prapti | pun Udanprahara | lawan Baratkatiga | tinimbalan praptèng aji | sarya ambêgta | bêstan satriya kalih ||

28. lawan êmbanira satunggal binêgta | sumaos ngarsa aji | Buntaran Watangan | jêjêr tan purun lênggah | ebat sagung kang ningali | bagus sêmbada | ladak [lad...]

--- 147 ---

[...ak] tan ajrih pati ||

29. Sang Sri Bêsma suka gumuyu alatah | ningali radyan kalih | iki kadangira | Ratyayu Majalêngka | aladak tan gêlêm linggih | mendah ta ingkang | darbe santana mêsthi ||

30. patang mono wong ayu ingkang wibawa | tur gungan marang mami | yèn kalane mothah | angicak-icak pangkyan | pantês ngidoni rêrai | sapa wêruha | rasane ingkang ati ||

31. Sang Sri Bêsma tanya mring Udanprahara | radyan duk ingajurit | ing sasanèskara | sampun katur sadaya | alatah Sang Urubêsmi | Radyan Buntaran | Watangan asru angling ||

32. Menakjingga raimu lir wêrangutan | lah patènana mami | belakna jêng rama | mara-mara untapna | ingsun nora bisa kèri | aywa klayatan | tigasên murda mami ||

33. latah-latah guguk Prabu Urubêsma | pa gene dèn patèni | mendah dukanira | ratu sasotyaning rat | pantês tan carêm tumuli | kêlamun sira | padha tumêkèng pati ||

34. radyan kalih akêras dènnya ngandika | lah mara menak anjing | patènana ingwang | sêdene pra punggawa | matane pating pandêlik | tan wani nrajang | payo cacakên mami [ma...]

--- 148 ---

[...mi]

35. singa mulat punggawa jomblong sêdaya | ebat bulu dyan kalih | langkung kumasura | tan ana dèn sawawa | ngandika Sri Urubêsmi | inggal aturna | Pamênggêr sang ayogi ||

36. rinêgsaa ing sasandhang-panganira | nanging dèn ngati-ati | ayya kongsi gagal | sarta ywa kongsi pêjah | sêdene sira nèng margi | dipun prayitna | aywa kongsi bilai ||

37. duta mêsat datan kawarna ing marga | Ardi Sêmèru prapti | pratapannya Sang Hyang | Pamênggêr duta nêmbah | angaturakên dyan kalih | ngungun sang tapa | mungguh dadining jurit ||

38. boting trêsna ayêyoga sang pandhita | radyan kinunjara glis | kang kunjara waja | ing jawi tinuguran | patpuluh samya miranti | wong kajinêman | Dêmang Gathul nèng jawi ||

39. tan tinaha dene janma wus atuwa | ya ta wus kalih ratri | ki dêmang miruda | ngupaya sraya ingkang | sujanma guna sinêgti | ingkang supaya | wignya ngrêbat dyan kalih ||

40. siyang dalu Ki Dêmang Gathul lumampah | datan anyipta urip | anasak ing wana | ajrih mêdal ing marga | yèn kadênangana iki | wong Bêlambangan | mila nasak wanadri ||

41. duk [du...]

--- 149 ---

[...k] sêmana ki dêmang awas tumingal | babadan anyar dadi | alaju ki dêmang | tandya ningali sêndhang | ki dêmang sukèng jro galih | sampun rumôngsa | bakal mangan rêjêki ||

42. pirangbara ana janma wade apyan | wêruh rasaning gigit | nulya wontên tiyang | èstri ngangsu mring sêndhang | ki dêmang atanya ririh | sintên kang gadhah | babadan anyar kègsi ||

43. kang tinanya mangsuli punika radyan | dyan arya kang darbèni | Dipati Lumajang | têtruka anèng wana | duk binêdhah Urubêsmi | kasoran ing prang | sang anom nèng wanadri ||

29. Sinom

1. wuwusên Dyan Menak Koncar | kang tatruka nèng wanadri | pan sampun angsal tri côndra | tansah anggêgabah dasih | prandene nora lali | kêlangênan abên sawung | miwah ngabên dherekan | sinambi angabên pêgsi | lamun dalu tan pêgat dènnya babêgsan ||

2. tamèng jêbêng miwah panah | tênapi gambuh sarimpi | bêdhayan atêtandhakan | siyang dalu dhahar larih | kêlawan ingkang abdi | wong trunalanang sêdarum | pinuja kasuranya | kang ngladosi para sêlir | kawan dasa samya endah warnanira ||

3. patmènira mung sêkawan |

--- 150 ---

ingèbèr tan ngangge wadi | sêmbada ing warnanira | sêmune dèn iming-iming | mring sagung kang ningali | akarya brôngta wulangun | kayungyun singa mulat | garwane papat sinandhing | ayu-ayu sêdhêng nome cumêngkrama ||

4. kang sêpuh putri Mêkasan | aran Dèwi Angronsari | sing Acih ingkang panênggak | ingran Sumarsanawati | panêngahira sangking | Siyak ingran Mayangsantun | pamêkas ing Mrêtisa | ingran Nyonyah Mantarsari | ngracak kabèh garwa sêlir kagok nyonyah ||

5. pênganggone sêsabrangan | bedane lan sabrang yêgti | namung waja lawan sinjang | sêngkangira cara Jawi | anracak agêr èstri | basane cara Mêlayu | satêngah basa Bandar | dyan arya tuhu ambênthing | bocah cikcar sugih bojo kuwarisan ||

6. pan wus panggêsanganira | dènnya kulina ing èstri | abancar para ancikan | tan kêna towong saratri | anggrê rèha karêsmi | sadina ambal ping pitu | sadalu kaping sanga | yèn kurang angolang-aling | angur wuwuh êndême anglêr kewala ||

7. yèn êsês pacitanira | pistul sarya dèn mimisi | sinungsun jêthoting jlagra | mimis riniyakkên mijil |

--- 151 ---

tibèng sêsaka titis | anratas ing gêbyog butul | anulya inginuman | brênduwin lawan pêpait | gêlasira sajênthik isi satêngah ||

8. tinutuh ing hèr tèh panas | apan tèhira siyongking | cangkire sanyamplung patah | sinambi angaras rabi | ing mangke radyan mantri | wus pinêdhot êsêsipun | kantun nguntal kewala | sabên enjing rolas ranti | pêndhak sore awan esuk nora beda ||

9. kajawi yèn manggih karya | amêsthi dipunsusuli | saêjam ngunjuk sapisan | binobot lan wrating karyi | punika tur jêjampi | anggi-anggi kang binubuk | kinarya saprapatan | kang saduman anggi-anggi | jinantonan candu ingkang têlung duman ||

10. sêlamèni radyan arya | duk kasupit nyidra pati | punika lajêng sêngara | tinobatakên madati | winawratan prayogi | nyuda kaprawiranipun | lêsu tur cêkak napas | bêncirih ingkang sêsakit | ewuh-aya arubêt yèn ana karya ||

11. mila ngantya sapunika | mantun êsês wong abênthing | kajawi nuju tamuan | tuwin animbali dasih | nglêbêti mung sakêdhik | ngecani sarating patut | tênapi yèn sêsanjan [sêsanja...]

--- 152 ---

[...n] | satriya adarbe kardi | panganggguran kewala ngecani manah ||

12. amrih rahabing pangucap | kinarya angudi pikir | têpung bêcik padha sanak | punika êsês dyan mantri | lumayan wong madati | bisa ngomong

tanpa nganggur | cacade mung satunggal | raga rusak tur bancirih | yèn kêtlangso lali sanak bapa biyang ||

13. ya ta ing satunggal dina | radyan lagya ngabên pêgsi | lan wadyane trunalanang | tohira gêgocon kêris | anèng ing tarub jawi | ingiring gundhiknya wolu | angampil gônda wida | pawohan miwah sêsumping | lawan nyôngga brênduwin lan pamojokan ||

14. atênapi talam gêlas | kang juru ciyum anggilir | gêndhingnya munya angraras | clêmpung rêbab lawan suling | calapita myang kangsi | katipung ukur dinumuk | patut padha kêrasa | tandhake anyênyindhèni | wadyanira ing manah samya gambira ||

15. ya ta kasaru kang prapta | Têmang[45] Gathul tawan tangis | sumungkêm padaning radyan | sêsambatira mlas-asih | kagyat rahadyan mantri | bapa apa purwanipun | sira prapta ing wana | nungkêmi pada anangis | wus linggiha bapa matura maringwang ||

16. Ki Dêmang Gathul tur sêmbah | gusti kawula atur wrin | rama paduka ing Tuban | ing mangke kapupu jurit | lan [la...]

--- 153 ---

[...n] Urubêsma aji | sabalatôntra agêmpur | pra menak têtumpêsan | satunggal tan wontên kèri | kuwandane rama paduka ingobar ||

17. wontên madyaning paprangan | arinta rahadyan kalih | Buntaran lawan Watangan | sumêdya alabuh jurit | kathah antuk pêpati | pra raja menak tumênggung | wusana rayi tuwan | kacêpêng madyaning jurit | pan ing mangke rinta kinunjara waja ||

18. anèng Sêmèru pratapan- | ira Sang Pamênggêr Rêsi | kêlangkung kawêlas-arsa | ing mangke sumôngga gusti | luware rinta kalih | môngsa-boronga pukulun | anglênggêr Menak Koncar | sapandurat datan angling | awusana dyan arya mijil kang waspa ||

19. Dêmang Gathul malih turnya | pukulun kadosa pundi | ing mangke karsa paduka | luware arinta kalih | tan lyan paduka gusti | kang wêlas rinta pukulun | Menak Koncar ngandika | witning bapa ingsun iki | luwih trêsna mring paman lan ariningwang ||

20. nanging ingsun wus tan pasah | bapa mring si menak anjing | sarta wus tita antara | bali-bali sun ayoni | Si Menakjingga sêgti | guna sêrana pinunjul | wignya angadu bala | sêdene mangsah pribadi | bapa kaya ingsun tobat-tobatêna|| [tobat-to...]

--- 154 ---

[...batêna||]

21. amungsuh si menak alas | ingsun bapa wus angucir | sajroning pangimpèn kalah | malah asring kagum bêngi | katon dèn incih-incih | dibêburu menak asu | lah wadi-wadi apa | ingsun wong nora kêkêlir | sun tan wani bapa mring si asu ajag ||

22. yèn ta liya Menakjingga | dunên karo apa mami | sapa sapa mungsuhêna | sayêgti ingsun tan ajrih | dhasar têguh sayêgti | ingsun digdaya pinunjul | jaba kinêdhèp ilang | iku bapa ingsun wêdi | sok ajaa mungsuh lan Si Menakjingga ||

23. malih umatur ki dêmang | panggènane rinta kalih | atêbih lan Menakjingga | nèng Ardi Sêmèru gusti | radyan arya ngling aris | bapa ingsun nora sanggup | satanah sabuminya | sabalane menak anjing | ingsun takut abangêt kawus manira ||

24. Ki Dêmang Gathul karuna | gustine sinambat tangis | dyan arya mijil kang waspa | saklangkung putêg kang galih | sring trêsnanya mring ari | mring Menakjingga sru takut | Dêmang Gathul wotsêkar | wuwuse awor lan tangis | sun kauli gusti yèn anyanggupana ||

25. angrêbat rayi paduka | yèn sampun kalakon ugi | luwar sangking ing kunjara | arinta [a...]

--- 155 ---

[...rinta] Rêtna Sêkati | sampun lyan kang darbèni | gusti kêjawi pukulun | benjang kawula ingkang | matur dhatêng radyan kalih | sarta purun ngong kandhas mring prabu rara ||

26. sok si dhasar kalakona | luwar arinta kêkalih | sumêdhot Dyan Menak Koncar | mangangên-angên ing galih | nguni dhasar tau wrin | mring Dyah Sêkati sang ing rum | liya sing prabu rara | wanodya sanungsa Jawi | nora nana kang kadya Rêtna Sêkatya ||

27. kuning-kuninging sarira | lan mêmak-mêmak ing wèni | lan jait-jaiting tingal | lan manis-manising lathi | pacaknya anjukining | gumrining sasolahnya lus | swaranya rum lir kilang | cumêngkling pamêdharing ngling | mendah baya ing mangko wimbuh diwasa ||

28. nadyan anaa kang memba | gandêse kang ora olih | oliha ing gandêsira | sêmune nora nimbangi | timbanga pasmon mirip | ing manah nora pinuju | liya ing Dyah Sêkatya | putrane sang adipati | pinetangan pêsatuhane utama ||

29. dêrman putra sugih donya | atutut ingkang rijêki | tur tumiba ing nak-sanak | cacade kêrêp rêbut ngling | nanging kapuwung ugi | wong ayu asugih maru | wibawa dêrman putra | aninong uning unaning | radyan [radya...]

--- 156 ---

[...n] arya ing galih lir guladrawa ||

30. Dhandhanggula

1. paman dêmang ing mangko sang dèwi | apa mêgsih anèng nagri Tuban | apa wus malbèng kêdhaton | matur Ki Dêmang Gathul | sampun wontên sajroning puri | ya ta mèsêm dyan arya | bapa janji mau | cok aja oncat kewala | sun labuhi yayi mas ingkang kaswasih | kadange wong Lumajang ||

2. ri mas nora darbe tingal kalih | raka dika wong ladak sêmbada | ambancèr candhang lancure | dhasar wong tau jitus | sampun susah andika yayi | pun kakang nuntên prapta | ngrêbat sang binagus | onêng brôngta dirèng pulas | ing wadana sun lalipur-lipur yayi | mêgsa kangên mring dika ||

3. manik arja wigêna Nawangsih | dipun lana paman dêmang sira | aja cidra ubayane | dodol gularèn ingsun | wisa anggêng munggèng jaladri | nadyan lali kêng warna | tênaga tan pandung | kang sela pênglawêt gônda | padha pisan palwa gêng kandhêg jêladri | sun labuhi yayi mas ||

4. Dêmang Gathul sampun dèn pisalin | kuluk kampuh paningsêt cêlana | mirantya lan curigane | mentar sampun rinasuk | sawusira ngandikan malih | dyan arya langkung rêna | dhatêng Dêmang Gathul | wus watake radyan arya [ar...]

--- 157 ---

[...ya] | lamun ana sêbarang kang dados galih | pradhah padha sêkala ||

5. gya parentah dyan arya mring dasih | wadya trunalanang kawan dasa | ing enjang mangkat jurite | ya ta dyan arya kondur | Dêmang Gathul saha kinanthi | prapta ing pêlataran | radyan cêluk-cêluk | mring garwanira sêkawan | canthur dungik kêmprèng dowèh datan mijil | mirah mring ngêndi sira ||

6. wong adhenok mirah wong akuning | wong asèdhêt anèng ngêndi sira | wong gandhang dene tan miyos | ya ta pra garwa catur | samya mêthuk lan para sêlir | anèng ing palataran | dyan arya agupuh | kang garwa sêpuh ingaras | Angronsari gantya Sumarsanawati | ingaras gantya-gantya ||

7. Mayangsari wus ingaras sarwi | prêmbayunira ingêmak-êmak | garwa martita kalungsèn | prodong-prodong awangsul | radyan arya amalajêngi | pinondhong Mantarsêkar | ingras kang prêmbayun | jangan gusar katinggalan | bini mudha trak lupa pur lain kali | pur cium sama nonah ||

8. sunggu-sunggu tidhak lain-lain | bini êmpat sama kita orang | kasih ampun nonah radèn | tandya binêgta wangsul | ingidhunkên jajar lumaris | garwa sêkawan tansah | sinêmbramèng [sinêmbra...]

--- 158 ---

[...mèng] têmbung | sumèh sumyar jait tingal | radyan arya wus pinrak lan para rabi | anèng kuwon jêrambah ||

9. atap aglar ingkang para sêlir | Dêmang Gathul alinggih nèng ngarsa | tansah nyolong liring jomblong | dènnya linggih mrêkungkung | wus sinungan gantyan lan hèr tih | sarta sinung gigitan | ki dêmang acakut | dhasar sangêt pêtagihan | hèr tih sirih agya katêmu ing wuri | apyun kang munggèng ngarsa ||

10. suka gumujêng radyan minantri | Dêmang Gathul tandya inguncalan | apyun saglondhong mring radèn | tinampan sumarikut | tur rumakêt ngêmorkên galih | anulya linarihan | jêne wêrgya nginum | Dêmang Gathul saya inggar | kêna tyase dongènge karya amintir | marna kang endah-endah ||

11. dêming arak lan dêming panggigit | saya ngadêg surane ing nala | pulih lir duk nom-nomane | agêdhe saguhipun | radyan arya pundhutan mijil | kang gêndhing munya ngraras | linadèn para rum | tandhakira endah-endah | pitu sarya sêsindhèn pinuju galih | lêlèjême asmara ||

12. tandya dhahar dyan arya lan larih | Dêmang Gathul sampun sinunggatan [si...]

--- 159 ---

[...nunggatan] | nora pêgat pandongènge | suka tyasnya sang bagus | garwanira sêkawan gênti | angliling sarya ngaras | sasêbdanya cucut | dening para sêlir ingkang | angladosi datansah kasukan liring | kang manglung pan ingaras ||

13. kang sawênèh tinutul ing nangsi | wênèh ingusap kang payudara | wênèh pinijêt drijine | Dêmang Gathul tumungkul | mèsêm-mèsêm amakolèhi | andulu mring dyan arya | amênuhi ing kung | kang tandhak kinèn anjawat | mring ki dêmang wênèh kinèn angêpêti | wênèh ngladosi dhasar ||

14. Dêmang Gathul èsême pinirit | nora kawrat sukanirèng manah | kêrasa duk ing anome | irunge mênut-mênut | radyan arya suka ningali | pra garwa tutup waja | mèsêm kang para rum | dumugi dènira dhahar | radyan arya gya majêng kang kuwih-kuwih | dhahar wus linorodan ||

15. radyan arya mundhut sêpah aglis | mring garwa sêpuh Sang Angronsêkar | amulung sangking lathine | tinrimèng waja gupuh | radyan ngaras sang dyah anjiwit | sarya mèsêm anêbda | ana Dêmang Gathul | apa nora lingsêm mana | radyan latah isin-isin apa yayi | saradan timur mula ||

16. Dêmang Gathul sêmu nglik-nglirik[46] [ngli...]

--- 160 ---

[...k-nglirik] | radyan arya mèsêm atêtanya | paman duk sira mêgsih nom | apa ta nora tau | sasêpahan lawan si bibi | Dêmang Gathul wotsêkar | inggih sang binagus | ing nèm ngantya sapunika | ulun magsih sasêpahan lan pun bibi | mèsêm sagung kang mulat ||

17. sira Dêmang Gathul matur malih | rêmên ulun pun bibi punika | yèn angsung sêpah maring ngong | jêbugipun wêwolu | sêdhahipun pan kalih candhik | gambir sakojong mangang | ênjête sasêntul | punika ujare sêpah | Angronsari gumujêng atutup lathi | dyan arya gumya latah ||

18. garwa kalih majêng angonyohi | Sumarsanawati Mayangsêkar | radyan ambapang astane | asta ing kananipun | ngiras jaja ingkang ngonyohi | Sumarsana panênggak | asta keringipun | ngiras gigir Mayangsêkar | radyan duk ingasta ginandan ingampil | anyuwol payudara ||

19. garwa kalih mèsêm nambang liring | radyan cinêthot ing lambungira | alatah suka gujênge | garwa nèm Mantarsantun | saos sêkar radyan ngèsêmi | manglung sarya ngandika | baik nonah taruk | rindhu trak [tra...]

--- 161 ---

[...k] cium sabêntar | mari dhêkêt marganti sa punya sumping | mas nonah lêkas-lêkas ||

20. sang dyah mèsêm sarya anumpingi | mènglèng-mènglèng radèn alêlewa | sang dyah ingras prêmbayune | noragèng mundur-mundur | cara Mlayu sarya nyiwêli | jangan tuwanku jangan | mangungsir pur cium | cis trak malu banyak orang | sampe sakit ponya tètèk dhuwa kali | dhikêrja pêrmainan ||

21. gumya latah rahadyan minantri | kangsi mata-walangên ki dêmang | pating darêjêt sungsume | kapengin sêmunipun | wong Jalarat asugih rabi | kinalulutaning dyah | anglangsar kang cium | sêmbada kang para garwa | bangun turut landhêp sasmitaning liring | tur wignya mikat trisna ||

22. wus dumugi kang pambojakrami | sira radyan dhatêng Gathul Dêmang | ya ta wus kinèn lumèngsèr | kawarnaa ing dalu | Menak Koncar pamit ing rabi | arsa ngrêbat arinta | ing Tuban sang sunu | garwanira kawandasa | wus rinampit ing rêsmi dèn dêlajahi | wong bancèr cincar bancar ||

23. wong Jêlarat amèrèt jakithit | dhandhing wingwing bênthing tur rêrendhan | lèmèt tatêpèn bêrngose | ambranyak ladak patut | sèrèt-sèrèt [sèrèt-sèrè...]

--- 162 ---

[...t] tur sugih wani | tan kêna ingungkulan | mring sasamènipun | gêcas-gêcos para tantang | Menak Koncar tan kêna dèn mêjanani | sêkala prapta numbak ||

24. para tabok tur para tampiling | para pisuh tur para sudukan | tur jumêngglèng kêkulite | sêmana dyan kawuwus | enjing sampun saninggèng jurit | tinon lir Krênaputra[47] | kang garwa ingimur | warata samya ingaras | para sêlir ginêntya winolak-walik | ingras kang papungkuran ||

31. Pangkur

1. wus budhal Dyan Menak Koncar | apratistha songsong krêtas sinungging | nitih kuda pun Jêthayu | cêmêng panggung wiraga | wadyanira wong trunalanang manggrêgut | Ki Dêmang Gathul tan pisah | datan kawarna ing margi ||

2. wus prapta sukuning arga | Mahamèru prêtapanya sang yogi | wanci surya tunggang gunung | dyan rêrêp sawadyanya | karsanira kang lampah cinidrèng dalu | kuda samya cinancangan | inggahira dèn dharati ||

3. parentahira mring bala | wadya kinèn ulur dènnya lumaris | aja kacina ing laku | radyan ngrumiyini lampah |[48] namung Dêmang Gathul ingkang atut pungkur | sarya ambêgta busana | pisalin lan dhuwung kalih ||

4. lampahnya pêtêng gap-gapan | sarya matak sirêp rahadyan [raha...]

--- 163 ---

[...dyan] mantri | lan ki dêmang wus lumaju | warnanên kajinêman | kawan dasa ingkang rumêgsèng sang bagus | kêlangkung dènnya prayitna | tansah samya ting jupiping ||

5. gêgaman samya liniga | ponang tinggar wus samya dèn isèni | ponang kunjara kinêpung | mangidung mêmadatan | ura-ura sainggate Dêmang Gathul | tan rumôngsa adarbe rah | tan wurung nêmu bilai ||

6. ya ta pun Udanprahara | lawan Baratkatiga angatyati | wus karsaning juwata gung | kêna pangaribawa | kajinêman kawan dasa barêng turu | kocapa kang nèng kunjara | kêlangkung gènnya kaswasih ||

7. tanpa dhahar lawan nendra | tan lyan radyan ingkang ciniptèng galih | mung juwata ingkang agung | anêgês karsaning hyang | murwèng pandum kang akarya lara lampus | myang kang angganjar misèsa | kang sinugsmèng ing sabumi ||

8. Radyan Buntaran sêmana | rêm-rêm sata nyupêna aningali | apan ta lêluhuripun | cumlorot sangking wiyat | kang jêjuluk Hyang Samèdi Maha Wiku | ambubrah kunjara waja | lan malih Sang Hyang Samèdi ||

9. paring sêkar kang wrat puspa | pan sêpasang siji sewang lan ari | pan kagyat sarêng awungu | ngandika mring arinya | anjarwakkên [anjar...]

--- 164 ---

[...wakkên] supênanira ing wau | dyan kalih asrêp ing manah | rumaos badhe angsal sih ||

10. sihing Sang Hyang Sugsmanôngsa | gya kasaru Dyan Menak Koncar prapti | wayahira têngah dalu | angintip nèng kunjara | lan rowangira sajuga Dêmang Gathul | radyan kalih sarêng nyapa | wong apa kang ngintip-intip ||

11. sira apa kajinêman | payo mara patènana wak mami | ingsun nora bisa kantun | bèlakna kangjêng rama | mara payo untapna age wak ingsun | Dyan Menak Kuncar[49] duk myarsa | sêsambate ingkang rayi ||

12. ki dêmang winisik tandya | saurana paman ika si adhi | aja salah ciptèng kalbu | wruha yèn ingsun prapta | Dêmang Gathul mêrpêgi kunjara gupuh | umatur rahadèn putra | gusti pun bapa kang prapti ||

13. dene kang ngintip punika | raka tuwan Lumajang ingkang prapti | Menak Koncar sang binagus | sêdya ngrêbat paduka | ya ta radyan kalih karuna duk krungu | kakangmas ulun tan nyana | panggih lan kangmas nèng ngriki ||

14. Dyan Menak Koncar miyarsa | adrês mijil waspanira ngusapi | sêbdanya dhuh ariningsun | panggih pintên prakara | lamun kula yayi tan purun angrêbut | gadhah sanak pintên ingwang |

--- 165 ---

kêjawi mung ri mas kalih ||

15. sampun tumêka ing lara | nadyan pêjah pun kakang anglabuhi | radyan kalih matur nuwun | kapundhi sih paduka | Dêmang Gathul miyarsa suka umatur | ing mangke sumôngga radyan | luware rinta kêkalih ||

16. Menak Koncar angandika | aja susah prakara yayi kalih | sêgsana dyan arya gupuh | kinêpêl ponang asta | bêg sarosa ponang kunjara jinagur | rêmuk sêkala wus bubrah | radyan kalih gya nungkêmi ||

17. mring Dyan Arya Menak Koncar | sêsambatnya karuna amlas asih | dyan arya gêpah angrangkul | Dêmang Gathul karuna | sarta bêgsa têtayungan wungsal-wangsul | dyan kalih lan Menak Koncar | pêngkul-pinêngkul samya sih ||

18. kang rayi kalih sinungan | kang pisalin wus rinasuk prasami | Radyan Buntaran umatur | yèn marêngi kakangmas | pun Pamênggrê apan arsa ingsun amuk | Dyan Menak Koncar ngandika | yayi sampun-sampun yayi ||

19. Pamênggrê tan duwe ala | dadining prang atas pun menak anjing | lan malih Pamênggrê iku | pandhita bêntur tapa | lamun mandi yayi ing supatanipun | karana Yyang Sugsmanongsa | amurahi marang dasih ||

--- 166 ---

20. wasul[50] kajinêmanira | ingkang sami tunggu kunjara wêsi | ulun cacake sêdarum | pun kakang pêtagihan | sampun lami tan kambon biring lan busur | matur nuwun Dyan Buntaran | sakarsa raka mèstuti ||

21. ya ta wadya trunalanang | saya dangu saya kathah kang prapti | wus kumpul wong patang puluh | nèng ngarsanira radyan | Menak Koncar tandya asuwarèng wadu | sakèhing wong trunalanang | karyanira ingsun ambil ||

22. punggawane menak alas | kajinêman padha ijènên sami | dene ta lêlurahipun | loro ngèngèhna mring wang | Dyan Buntaran Watangan kalih mêsat wus | tan suda raosing manah | mring kang raka nora pamit ||

23. mêrpêki wong kajinêman | ingkang samya kapita gènnya guling | Radyan Buntaran pan asru | gugah kang samya nendra | sinosogan ing obor tangi agugup | pan samya abilulungan | sangking prênahnya gumingsir ||

32. Durma

1. awas mulat kajinêman kawan dasa | bubrah kunjara wêsi | radyan kinêmbulan | sikêp biring myang tinggar | sawênèh canggah campuling | lamêng bêdhama | wênèh mangsah karo kris ||

2. radyan kalih pangamuknya lawan asta | sinosog ganjur

--- 167 ---

lungit | kadya panjang putra | tinumbak alang-alang | pinentar gèpèng kang mimis | singa sinêrang | tinabok akèh mati ||

3. trunalanang angrubut karo curiga | goco-ginoco wanti | tinumbak tan tatas | jumêklèk lambung kuntal | singa winangkris ngêmasi | wong kajinêman | ginagap tan ngluputi ||

4. sasisane pati lumayu sumêbar | mogok lurahnya kalih | kang timbul ing braja | sira Udanprahara | Baratkatiga angungkih | sinuduk panggah | winaglut nora kongkih ||

5. Radyan Menak Koncar sagsana lumumpat | Udanprahara aglis | ingancap lambungnya | ingukêl ponang keswa | budi maputêr mangungkih | radyan binuwang | kentas umangsah malih ||

6. sira Udanprahara sirah tinêpak | mlocot kang ponang kulit | ambêngok lumumpat | tinututaning ngriyak | cumêplos êndhasnya kenging | bolong nêratas | aniba wus ngêmasi ||

7. sira Baratkatiga wus kinalihan | dhatêng putra ing Tubin | ginoco tan pasah | binuwang nora kentas | malês nuduk dyan tan osik | kakal-kinakal | kinalih nora kongkih|| [kong...]

--- 168 ---

[...kih||]

8. Menak Koncar têtulung sigra mangancap | pyuk putêr manglut ngungkih | dyan arya binuncang | Watangan ngawuk sirah | mangukêl rambut manguntir | radyan winêngkang | binuwang tiba têbih ||

9. Dyan Buntaran mangrasuk sampun katampan | cangklèt masilih-ungkih | Radyan Menak Koncar | eca rèrèn amucang | pan sarya ngidung rêrêpi | swara lir kilang | nêmbang sinom pêngrawit ||

33. Sinom

1. kumênyut rasaning driya | kèngêtan kang mindha ratih | pun kakang brôngta angarang | lamun tan kêpadhan ing sih | puspa pinta wong kuning | dadia sambunging umur | pantêse amung gantyan | tur mijil sangking ing lathi | pragat jôngga pun kakang ngunduri sabda ||

34. Durma

1. Dyan Buntaran adangu kakal-kinakal | lan Baratkatiga glis | dyan ngungkil winêngkang | binuwang sampun kentas | Baratkatiga mangungsir | tandya pinapag | mring Menak Koncar bênthing ||

2. sarya mucang dyan arya tinubruk milar | Baratkatiga aglis | binalang kang mata | ing susur mring dyan arya | cumêplos manik macicil | kapala nratas | anglumba gya ngêmasi ||

3. mawurahan wêwasi asêsingidan | pandhita ngindhit-indhit [ngindhi...]

--- 169 ---

[...t-indhit] | endhang ting kudhangdhang | guntung gumluntung jurang | manguyu lumayu gêndring | puthut ambêthat | ajare kocar-kacir ||

4. Hyang Pamênggêr anglênggêr tan kêna ngucap | cantrik jèntrèk ing ngarsi | rêsi asasaran | myarsa swara gumêntar | gêdêre asilih-ungkih | kunjara bubrah | wong kajinêman gusis ||

5. lingsir dalu dyan arya lan putra Tuban | kondur tumrun sing ardi | tan kawarnèng marga | prapta patrukan wana | winangwang babadan kègsi | sêmana radyan | wus ngrumiyinkên dasih ||

6. kinèn karya kuwone putra ing Tuban | myang kinèn andhawuhi | mring garwa sêkawan | sêsaji endah-endah | lan sagunging para sêlir | kinèn paesan | badhaya lan sarimpi ||

7. kawuwusa malih Radyan Menak Koncar | lawan arinta kalih | ing wijil duk prapta | ingurmatan sênjata | kang kalontaka mawanti | gêndhing gumêntar | kodhokngorèk swaratri ||

8. regol lêbêt carabali munya gumrah | sêlendro anisihi | kang munya ing tratag | gêndhing pelog angraras | niyagane samya èstri | kang para garwa | miwah kang

--- 170 ---

para sêlir ||

9. samya mêthuk tarab anèng pêlataran | Sang Dyah Kalpikaningsih | myang Kalpikawatya | mêthuk anèng têratag | kanthèn asta ari kalih | lir daru kêmbar | sarya ngrokokkên gêndhing ||

10. dhasar wasis sang dyah angolah wirama | pêputusan ing kawi | utamèng ing sastra | gandhang raga kêrana | ngrampungi saliring kardi | Sang Dyah Kalpika- | wati Kalpikaningsih ||

11. nanging samya piningit dhatêng kang raka | dyan arya tandya prapti | jroning paregolan | Buntaran myang Watangan | Dêmang Gathul datan têbih | Dyan Menak Koncar | nguwuh-uwuh mring rabi ||

12. sarya riyak-riyak gumuyu alatah | garwa lan para sêlir | lumayu rantaban | dyan arya binondhetan | ginubêl mring para rabi | arêbut papan | dyan arya kêmpis-kêmpis ||

13. kang ingaras pan mung garwaning sêkawan | radyan karoban tandhing | para sêlirira | sinambramèng ing sabda | wênèh ingusap kang pipi | wênèh lambungnya | wênèh ngusap kang wèni ||

14. kang sawênèh ingusap sêsinomira | wênèh inglus kang gigir | wênèh bêbokongnya | ingusap wantya-wantya | wênèh pinijêt kang driji |

--- 171 ---

wênèh sikutnya | dinêkêp asta wanti ||

15. dangu dènnya dyan arya kèndêl ing latar | nêmbrama ing pra rabi | sinawung ing tingal | liring winor guywenggar | lampahnya mêrak-kasimpir | asta kalihnya | kinanthi ing pra rabi ||

35. Kinanthi

1. dalêm pakuwon wus rawuh | Menak Koncar wong abênthing | gantya-gantya nugsmèng pada | sakathahing para rabi | miwah pra sêlir sêdaya | manugsmèng pada mèstuti ||

2. arinta kalih sang ayu | Kusuma Kalpikaningsih | tênapi Kalpikawatya | kalih wus samya ngabêgti | winangwang-wangwang ing raka | inglus-êlus rayi kalih ||

3. sarya ngandika sang bagus | dhandhing têmên bocah iki | bêjane kang darbe garwa | nora wingwang ari mami | mardhêkêt lêkas mas nonah | satukarkên sama baik ||

4. mana rugi mana untung | nyang dhapêt sapa nyang kasih | bêrmula sa urang kalah | dhiblakang untungnya lêbih | mêsti satu sama dhua | trak mênapa nonah yayi ||

5. Menak Koncar miyos gupuh | mring pandhapa wong abênthing | wus pinrak sira rahadyan | kalawan arinta kalih | prituwin Ki Gathul Dêmang |

--- 172 ---

wus samya linggih ing kursi ||

6. wong trunalanang sêdarum | aglar nèng ngèmpèr pêndhapi | agêpah Dyan Menak Koncar | kang rayi sinungan larih | gundhiknya kang nôngga dhasar | sarya bisik angsung brangti ||

7. kang ragi nata yu-ayu | apêngawak lindhusari | wolu busana kinêmbar | kongas gandanya nrus minging | dyan tiga sêkawan dêmang | wus samya nginum branduwin ||

8. larih mundur hèr tèh maju | kopi pohan datan kèri | miwah samanisanira | kang ngladosi para sêlir | pênganggènnya cara nyonyah | wolu kinêmbar rêspati ||

9. dyan tiga lan Dêmang Gathul | ngunjuk wedang angrêsêpi | sinilir sindhèning tandhak | linggihnya sinêla kursi | Radyan Buntaran Watangan | tumungkul suka inggih ||[51]

10. kang gêndhing rarasira rum | panabuhe ukur jawil | pelog sêlendro ginêntya | anganyut-anyut ing galih | gundhikira mundur mara | nut rèhnya rarasing gêndhing ||

11. wong trunalanang sêdarum | wus samya pinaring larih | wedang miwah mêmanisan | inggar gambira ing ati | ya ta dyan putra ing Tuban | nuwun lumèngsèr sang kalih ||

--- 173 ---

12. dhatêng ing pakuwonipun | dyan arya wus anglilani | ya ta sampun aluwaran | wong trunalanang wus mijil | warnanên atmajèng Tuban | nèng kuwon pinadi-padi ||

13. wus manggih pisalin kampuh | binggêl botlor ali-ali | kuluk têkês myang makutha | tênapi gajah anguling | siwah jamang kinatipa | sasêkar mas warni-warni ||

14. cêlana tênapi sabuk | sasondhèr myang anting-anting | sangsangan lan niyaka |[52] atênapi kang rêrumbing | jêbat wida lawan ambar | sêkar-sêkar amênuhi ||

15. dhahar gumlar santun-santun | tênapi kang kuwih-kuwih | brênduwin arak wêragang | jênèwêr sinêlang-sêling | tinata anèng ing meja | hèr tèh pohan lawan kopi ||

16. wus manggih gêndhing wilêt rum | padha kêrasa ing ati | dyan mantri kêlangkung suka | saya golongan trisna sih | mring raka Dyan Menak Koncar | kirang winalês ing pati ||

17. pisalin raka rinasuk | bojakrama wus binugti | Dêmang Gathul acarita | sasanèskaraning nguni | rinèngrèng kang purwa madya | wusana mring radyan kalih ||

18. ki dêmang luwês ing wuwus | pinatut kang adu manis | tan arsa carita madya |

--- 174 ---

mung utamane kang pinrih | rukune dènnya kêkadang | yya ana sulayèng galih ||

19. yya ngantos ngluputi kayun | winor ing upama ririh | ngarah-arah dongèngira | sinangkan têpa palupi | dyan kalih suka ing manah | sakarsa raka lumiring ||

20. Dêmang Gathul malih matur | ature amakolèhi | anjarwa labuhaning prang | myang labuhaning darpati |[53] sarta pambêging satriya | myang pambêgan wong linuwih ||

21. dyan kalih ing tyas kayuyun | kawayang tutur ngrêtèni | artinya Ki Gathul Dêmang | ubaya bahya kang uwis | tur têtêp-tinêtêpana | barang amrih kang utami ||

22. têmên-têmên amrih rukun | rakêtnya rahadyan kalih | lan rakanta Menak Koncar | dyan kalih saya mèstuti | asrah jiwa raganira | mring rakanira wong bênthing ||

23. ywa pêcak saliring santun | Kusuma Rêtna Sêkati | kinarsan tan sinungêna | sênadyan kang pati urip | kasrah raka Menak Koncar | rèhning kêdanan antêp sih ||

Kurang satu suku kata: nir dahna pinara sabda. (kembali)
Kurang satu suku kata: tekat ing Hyang Sugsmanôngsa. (kembali)
wiyati. (kembali)
Lebih satu suku kata: satriya pinarjurit. (kembali)
ing ngarcapada. (kembali)
Kurang satu suku kata: ajar mangapit mabukuh. (kembali)
praptèng. (kembali)
Guru lagu seharusnya: 8i, wangkawa mangobar-abir. (kembali)

awor. (kembali)
sanjata. (kembali)
dibya. (kembali)
magalak. (kembali)
minging. (kembali)
anggro. (kembali)
Kurang satu suku kata: tibèng jaja tinon kadya sinasunggan. (kembali)
Guru lagu seharusnya: 6a, sami kathahira. (kembali)
Kurang satu suku kata: maring gusti sun malih mring mami. (kembali)
ponang. (kembali)
Kurang satu suku kata: wong kawon apupuh. (kembali)
Kurang satu suku kata: sêdya lêbu-tumangan nglabuhi. (kembali)
Kurang satu suku kata: nglabuhi ing rèh raharja. (kembali)
Kurang satu suku kata: pirabara benjang têmbe yayi. (kembali)
tinaturêngga. (kembali)
Kurang satu suku kata: arsa suwita mringwang. (kembali)
wotsêkar. (kembali)
paduka. (kembali)
andulu. (kembali)
Kurang satu suku kata: gumêbyar soroting waja. (kembali)
Kurang satu suku kata: jae wana sun wastani. (kembali)
kandhuhan. (kembali)
angêdohi. (kembali)
Kurang satu suku kata: wirutama satrutama. (kembali)
Kurang satu suku kata: ing mangke wus katawis. (kembali)
Kurang satu suku kata: asikêp pêdhang lan tamsir. (kembali)
anjêlih-. (kembali)
Kurang satu suku kata: iku anyikarani. (kembali)
ngrawatana. (kembali)
Guru lagu seharusnya: 12i, akasukan lan sagung kang pra dipati. (kembali)
besuk. (kembali)
Lebih satu suku kata: gusti pukulun tur wruh. (kembali)
tatêngga. (kembali)
ngrikakên. (kembali)
Prêlegi. (kembali)
kacandhak. (kembali)
Dêmang. (kembali)
Kurang satu suku kata: Dêmang Gathul sêmu nglirik-nglirik. (kembali)
Krêsnaputra. (kembali)
Lebih satu suku kata: radyan ngriyini lampah. (kembali)
Koncar. (kembali)
wangsul. (kembali)
Kurang satu suku kata: tumungkul suka alinggih. (kembali)
Kurang satu suku kata: sangsangan lawan niyaka. (kembali)
narpati. (kembali)

36. Asmaradana

1. sampun sadina sawêngi | sira sang atmajèng Tuban | ya ta ingkang winiraos | Radèn Arya Menak Koncar | ing dalu akasukan | lan [la...]

--- 175 ---

[...n] rinta kalih sang bagus | anèng pandhapa bêbêgsan ||

2. dyan arya pinrak ing kursi | ingapit garwa sêkawan | pra sêlir ing wuri andhèr | dyan kalih pinrak ing ngarsa | lawan Ki Gathul Dêmang | wong trunalanang supênuh | asri lir sêkar sêtaman ||

3. amidrê kang ponang larih | sinungan sumping wêrata | tênapi gônda widane | kang ngidrêkên pra biyada | mrih lulut gunging bala | ambêg darma winong tuwuh | ya ta Radyan Menak Koncar ||

4. akampuh jingga rinugmi | paningsêt mas pinambara | rêspati dhuwung ingoglèng | arja binggêl natas mara | kêkalung kêbo mênggah | anting-anting mas sinawur | rineka nagendrasmara ||

5. têkêsnya gajah manguling | sumping mas sinurèngpatya | cindhê wungu sêsondhère | cêlana pathola jênar | pinarêm ing renda mas | wong ambancèr candhang lancur | bocah ladak kuwarisan ||

6. sira sang atmajèng Tubin | kinêmbar busananira | kampuhan tanu sarine | paningsêt pita suratya | cêlana cindhe sêkar | tatêkês baludru gêmpung | rinenda dening kêncana ||

7. arêrumbing intên bumi | sapêlik sisih sumpingnya [su...]

--- 176 ---

[...mpingnya] | aglang mas naja murtine | tanpa sondhèr dyan kalihnya | kalpika jumrut maya | pasaja lamun dinulu | baguse tan kawoworan ||

8. lir hyang mahadewa pêkik | tansah angêmu sungkawa | sangsaya embah baguse | radyan ingawe mring raka | Menak Koncar ngandika | yayi pun kakang akaul | lah ing mangke luwarana ||

9. apan wus ing ujar mami | yèn pun kakang wignya ngrêbat | dhatêng paduka kalihe | pun kakang asung pawongan | juru nutu pangadang | mring yayi mas wong abagus | sami kadangnya priyôngga ||

10. pun yayi Kalpikaningsih | kasraha yayi Buntaran | yayi Kalpikawatine | kasraha yayi Watangan | matur nuwun rahadyan | nanging ta pamintèng ulun | benjang yèn wus kalampahan ||

11. kawula sagêt mangsuli | ing sih paduka kakangmas | ing mangke lênggana ingong | kados ginuyya ing dewa | kangmas yèn ulun krama | benjang anèng Majalangu | kawula amalês trisna ||

12. punika bilih mênawi | parêng lan paduka kangmas | punika tur mêgsih tangèh | tan paja-paja [paja-pa...]

--- 177 ---

[...ja] yèn mimba | nimbangi sih paduka | ingkang rumêntah ing ulun | amèsêm Dyan Menak Koncar ||

13. owah dènira alinggih | ting krêjot sariranira | kathah kêraos ing tyase | kalêbêt sukaning manah | Dyan Arya Menak Koncar | ngandika winor guywarum | yayi kang karsa punapa ||

14. mring pun kakang wong ambênthing | wong aladak kuwarisan | wong arendan tur jêlanèt | Radyan Buntaran wotsêkar | yèn marêngi kakangmas | kakang bok Sêkati besuk | ngong saosakên mawongan ||

15. ambêbuntar anyênyèthi | miwah ing awak kawula | sapangrèh ulun rumojong | dadosa gêntining rama | swargi sang adipatya | dyan arya mangrêpa muwus | yayi mas langkung katêdha ||

16. sênadyan pun kakang yayi | pantês kaprênah ing tuwa | tur lowung ing pakaryane | nanging ta yayi pun kakang | ing batos ngranupada | sapangrèh ulun miturut | yayi mas sampun cuwêngah ||

17. dèn kadya angrêngkuh abdi | pun kakang rinekakêna | sapangrèhing kabupatèn | miwah pratikêling praja | sarta gèn sun suwita | mring sang maha ratu

--- 178 ---

ayu | pun kakang pasrah sarira ||

18. matur nuwun radyan kalih | tan wignya mangsuli sabda | sakarsa ulun rumojong | tan darbe atur têtiga | sarta dèn yêtosana |[1] yèn ta gumingsir ing sanggup | ulun merang ing Sugsmana ||

19. dyan arya mèsêm sarya ngling | yayimas kang muga-muga | jinurunga ing Sugsmanon | kang sarta linanggêngêna | dènira akêkadang | yayi mas kêlawan ingsun | sinêgsènana ing jagat ||

20. Dêmang Gathul amiyarsi | kang sabda radyan têtiga | ki dêmang bingar manahe | tandya maju mamêndhapan | matur sarya lêlewa | ulun nuwun burat arum | kang kêna ginawa pêjah ||

21. alatah dyan arya angling | iya bapa bênrê sira | suwe nora abêborèh | lah ta dhenok Angronsêkar | ingsun sungana sêkar | sêsumping miwah burat rum | lan arènira yayi mas ||

22. binêgtoa yayi dèwi | Kalpikaningsih kêlawan | Kalpikawati dèn age | sang dyah sampun tinimbalan | prapta ambêgta sêkar | ing talam lan burat arum | angambar saparan-paran ||

23. arja sinjang cindhe wilis | kasmêkan [ka...]

--- 179 ---

[...smêkan] seta pinrês mas | kinonang-konang sakêbon | asêngkang hèrnawa muncar | sang dyah datanpa sêkar | mônda-mônda buratnya rum | kadya widadari kêmbar ||

24. akalpika siji sisih | hèr laut agêbyar-gêbyar | pantês lawan lêlakone | gêndrèh manis karya rimang | biyadaning lumajang | pan awor gêndhing apatut | awèh edan karungrungan ||

25. kasênênan pandam lilin | mêlok-mêlok kadya wulan | wong kuning-kuninge dhewe | liringnya sang dyah kumêncar | lir thathit imbah raras | dyan arya suka andulu | kang rayi kalih pinapag ||

26. praptèng ngarsa pinrak kursi | dyan arya arum ngandika | nonah mapaga mring radèn | saosa sumping myang burat | patut wong darbe sanak | sênadyan bacut tinutul | tan kapara dohing prênah ||

27. sang dyah kalih angewani | angliring sarya ngandika | kakang isin têmên ingong | ngêndi ana duwe kadang | èstri kinon bêbarang | marang ing dhêdhayoh kakung | lagi tumon mung si kakang ||

28. mèsêm dyan arya ambênthing | ngandika mring garwanira | padha katêmpuhan[2] [katêmpuh...]

--- 190 ---

[...an] kabèh | angonyohana yayi mas | myang nênumpingi sêkar | payo kêmprèng duwèh canthur | dungik mara dèn akêbat ||

29. tur arinira pribadi | ngarah apa si yayi mas | rakêt têpung sanak bae | mèsêm pra garwa sêkawan | mrêpêgi nôngga burat | dhasar ayu dèn pêpatut | ri sangsaya angsung rimang ||

30. dyan kalih matur wotsari | nuwun-nuwun kakang êmas | ulun ajrih mring Sugsmanon | ngèsêman Hyang Jagatnata | sinurak dening dewa | lênggahnya sing kursi tumrun | ngandika Dyan Menak Koncar ||

31. kêmprèng dowèh canthur dungik | mara tubrukên kewala | apan wus punaginingong | dyan kalih wus kinonyohan | kinalih loro sewang | sinumpingan sêkar gupuh | kang oncèn sinawur ing mas ||

32. tumungkul radyan kalih |[3] noragèng angranupada | dyan arya suka gujênge | bapang sarya kinonyohan | dene Kalpikawatya | Kalpikaningsih pan sampun | nênumpingi sira radyan ||

33. Dêmang Gathul jêlah-jêlih | anuwun konyoh lorodan | si radyan arya wuwuse [wuwu...]

--- 191 ---

[...se] | lah majua paman dêmang | Ki Gathul mamêndhapan | sinung burat gya inguyup | rêraine ingusapan ||

34. wusnya gya tayungan bali | ki dêmang mring prênahira | acucut salêlewane | Kalpikaningsah[4] kêlawan | Kalpikawati miwah | garwa sêkawan wus wangsul | pinarak ing kursi atap ||

35. atmajèng Tuban saya jrih | mring raka Dyan Menak Koncar | tansah bukuh pilênggahe | ki dêmang asêsendhehan | ing kursi sarya jegan | kawuron êndêming apyun | ingubêg kêlawan arak ||

36. sinandhing tandhak ingapit | sinindhenan kinêpêtan | Ki Dêmang Gathul angomplèh | suka sagung ingkang mulat | pênuh kang anon raras | myang sagunging para arum | kêmanisên roning kamal ||

37. Sinom

1. wus samya lekas abêgsa | wong trunalanang angrangin | bêgsa tamèng lawan dhadhap | nracak samya wasis-wasis | rakiting prang sudira mrih | [5] mamonah suduk-sinuduk | datan ana kuciwa | pinêdhang-pêdhang tan osik | surakira arame lir ngabên sata ||

2. wus angsal rambah ping tiga | trunalanang angrêrangin | dyan arya nulya ngandika | hèh Dêmang Gathul si yayi | sasukaning

--- 192 ---

ing galih | yèn arsa bêgsa rèningsun | Dêmang Gathul wotsêkar | kawula ingkang makili | nanging sampun mawi gèsrèk sêsudukan ||

3. luput-luput dhindhal nyawa | têmah dadi tai aking | dyan arya gumujêng latah | gumrê sagung kang ningali | Dêmang Gathul gya ngibing | asisih tandhak têtêlu | cucud dènira bêgsa | ngambung dumuk ngêmut driji | medhak-medhok kampuhira kuleweran ||

4. lêlewa banyol pangucap | ki dêmang ajêlah-jêlih | anjêgrig rêrambutira | kopyahe binanting siti | awake kirig-kirig | anggêbêg kagunganipun | sinambêran ing tandhak | ki dêmang lucune dadi | bêrik bakang lathinya nyungir ing tawang ||

5. kang guyya ambata rêbah | sagung ingkang aningali | sêgsana rahadyan arya | amêdalakên sarimpi | busananya sarya di | èbêg kang rêtna sumawur | kadya jin kamanungsan | tinon lir tan ngambah siti | gawe brôngta arum tingkah pasrangkara ||

6. lir dhêdhali nyampar toya | awor lan wilêting gêndhing | kêploknya ambal-ambalan | sênggakira angêdhasih | sira atmajèngTubin | èsêmnya nora kawêtu | tansah ngliring mring raka | pangunadikaning galih | dhasar bangêt lêlancure [lêla...]

--- 193 ---

[...ncure] wong Lumajang ||

7. aladak tur kasêmbadan | acucut nora nyanyêngit | sêmbrana aparikêna | sasêbdanya dèn lungguhi | cacade mung sawiji | rada kêpara ing rusuh | tan bisa olah praja | dudu pusakaning bumi | wus bobote mugti anèng ing Lumajang ||

8. gya ngliring mring sang kusuma | Dyah Wara Kalpikaningsih | radyan ginêgêt kang waja | kumêsar angrês kang galih | awas dènnya ningali | tan kênyanan kang pandulu | warnanên radyan arya | tan kobrê tajêm kang linggih | ngiwa nêngên garwanira ingarasan ||

9. wus mundur sarimpinira | dyan arya anulya larih | lan rinta atmajèng Tuban | ki dêmang myang para abdi | surak gumêntar asri | kang kalontaka jumêgur | gêndhingira angraras | mônda-mônda ukur muni | mung clêmpunge kinorèk mawantya-wantya ||

10. dyan arya ngadêg abêgsa | lan garwa Sang Mantarsari | tinêngên ing jêbêngira | sasolahe rêbut manis | kang nglagoni pra sêlir | gêndhinge pelog pinatut | barang padha kêrasa | niyaganira samyèstri | sênggak gumruh kêploknya nimbangi raras ||

11. radyan lan garwa nyonyah mas | jêbêngira wus kinering | samya anarik curiga | ingukêlakên milêt sih | saya minuni sari | liringe [liring...]

--- 194 ---

[...e] tingal abarung | rumbing hèrnawa muncar | kondhene kêbak rêtna di | gêbyar-gêbyar lir lintang sayuta lumrang ||

12. runtut pacaking wirama | astanya awor lan cêngkling | kumrampyang ngetang wêdana | sasuling manjing ing liring | clêmpung nèng lambung asri | kangsine trus anèng suku | rêbab anèng ujwala | salukat anèng rêrumbing | ponang dêmung amanjing anèng ing jôngga ||

13. kêthuk kumênthung nèng tindak | kênong nèng udhêt aminging | gambange ngungsi nèng sinjang | panêruse awor driji | manduli gong duk muni | kukuse anèng prêmbayun | lêlagon awor tingkah | mêngênge nêrusi manis | candonira kang gêndhing manjing wardaya ||

14. ngancap sarêng pêngarahnya | cumlorot lir lin ngalih |[6] curiganya gêbyar-gêbyar | sinêrasah ing rêtna di | dyan arya saya bênthing | jungkarangin angsung wuyung | lir gambar wêwangunan | yangyang ringgit munggèng kêlir | radyan arya duk ginoco ponang jaja ||

15. kadya waja ginurenda | murub sumêmbur kang agni | saya dêdêl ponang raras | lêlagone ngasih-asih | èbat sagung ningali | saya dangu saya baut | sira atmajèng Tuban | tansah angêtutkên liring | èsêmira aprana anuju manah ||

--- 195 ---

16. Menak Koncar wus anduga | arinta kalih ngèsêmi | saya kinayang bêgsanya | tandya angancap lir thathit | ginoco Mantarsari | kumênyol ingkang prêmbayun | dhuwungnya bêkung tiga | sang dyah eca dènnya ngrangin | gunging mulat kumêpyur ing manahira ||

17. dinuga kêlamun tatas | majadira anrus gigir | amèsem dyan putra Tuban | ki dêmang jomblong ningali | sèlèh jêbêng dyan mantri | dhuwungnya sampun sinarung | mingkis sasondhèrira | kang kunca nêrampat siti | Mantar Nyonyah pinondhong tandya ingaras ||

18. binêgta ing prênahira | wus samya lênggah ing kursi | suraking wadya gumêntar | kang kalontaka munya sri | pênuh kang ponang larih | sêgsana adhahar kêmbul | radyan lan ari Tuban | prituwin kang para rabi | sira dêmang andhèrèk kêmbul sameja ||

19. pra sêlir ngladèni atap | miwah busananya asri | Kusuma Kalpikawatya | lan Sang Dyah Kalpikaningsih | tansah ampingan wuri- | nira raka sang binagus | dene wong trunalanang | wus samya sinungan bugti | swara gumruh wor gêndhing kadya ampuhan ||

20. dumugi gènnya kasukan | pênuhing wilêting sari | tutug ponang kawiragan | sêdalu datan kawarni |

--- 196 ---

kawuwusa ing enjing | dyan arya daut sawadu | sagarwa sêlirira | tênapi rahadyan kalih | sowan dhatêng ing nagari Majalêngka ||

38. Dhandhanggula

1. kawuwusa Radyan Damarsasi | anglampahi ing kawêlas-arsa | lagya kinarsan dewane | ciptanira sang bagus | tan darbe sak ing Sugsmana di | manungsa wignya apa | pinurwèng dewa gung | tandya pinêgsu ing driya | mung pawore tingal kaananing jati | jatining yyang wisesa ||

2. kang misesa saisining bumi | kang akarya pati lawan gêsang | Dyan Sôngka lumembak ing rèh | lir sarah munggèng ranu | sinêpuhan ing darma yogi | Buyut Musthikamaya | tumamèng pituduh | wimbuh nglampahi ing karsan- | ira patya pinanjingakên ing puji | puja mring Sugsmanôngsa ||

3. radyan sinung karya mring kya patih | kinèn makathik ngramuti kuda | lan parêpatira roro | Sabdapalon sêklangkung | Nayagenggong dènnya

kaswasih | datan sinungan pangan | tansah dèn kêkuru | sabên dina ngajak minggat | Dyan Sasôngka dahat dènira tan apti | narima ing satitah ||

4. pirmaning dewa ingkang linuwih | wontên bêbakul ing sadagaran | Ni Mbok Sarunjang kalihe | Puspalaya ranipun | Bok Pêrada [Pê...]

--- 197 ---

[...rada] katiga sami | sinungan palimirma | dhatêng ing dewa gung | èngêt purwakaning kina | mila sugih bêbakul katiga nguni | awit Sang Maundara ||

5. ginadhuhan gangsal èwu picis | linampahkên kinarya sudagar | dèrèng ngantos malês sihe | Maundara gya nglungsur | amrêtapa murcitèng ragi | ing mangke bakul tiga | apan wus samya wruh | yèn Radyan Damarsêsôngka | wus saèstu putrane rêkyana patih | nguni Sang Maundara ||

6. lan tan samar parêpatnya kalih | kulawarganira kyana patya | iya ing kuna-kunane | sêmana wong tatêlu | amrêpêgi mring radyan mantri | angsung busana wastra | miwah kampuh-kampuh | jamang paningsêt cêlana | atênapi kang dhaharan amênuhi | ing Dyan Damarsêsôngka ||

7. miwah mring parêpatira kalih | ponang sukêt pirang-pirang rêmbat | radyan minantri dêlinge | klangkung panêdhanipun | bibi dika sami asung sih | nanging ingsun tan tômpa | busana di luhung | myang dhahar-dhêdharanira | sih andika bibi pan sampun katêdhi | manira datan arsa ||

8. yèn paripêgsa andika bibi | apan namung sukête kewala | ing mangke ngong tampanane | lawan parêpat ingsun [ingsu...]

--- 198 ---

[...n] | sabên dina ywa kirang bugti | angrês ing manahira | bakul tiga ngungun | tansah amijil kang waspa | langkung dènnya awêlas mring radyan mantri | mila ing mangke radyan ||

9. nora susah mawi lunga ngarit | sukêt pirang-pirang ngantya turah | atênapi parêpate | ing sabên dina tuwuk | nora susah ngupaya bugti | lamun ngarit mring pasar | sukêt gumarudug | Ni Sarunjang Puspalaya | Ni Parada ingkang samya anyaosi | labête palimirma ||

10. kuda sêdasa ngantya amalik | awakira alêmu sadaya | Sêbdapalon suka tyase | Genggongnaya sêklangkung | kaupama awarêg inthil | angkêb bêkatul jênang | giling kêthak cabuk | balothong bungkile miwah | srundèng jagung jênang jagung sêga jali | ênthoge ting gulethak ||

11. myang paringan sangking dalêm puri | kusuma yu Rêtna Anjasmara | sêklangkung gêng kawlasane | mring prêpat kalihipun | boja wastra myang kuwih-kuwih | tênapi hèr tèh panas | miwah kang burat rum | Sabdapalon Genggongnaya | kêna tyase dèn laloma siyang ratri | saya sêngkut ing karya ||

12. Dyan Sêsôngka anggraitèng [anggra...]

--- 199 ---

[...itèng] galih | tan suwi putra kêpatihan |[7] gumati ing parêpate | sangêt ingkang pêpacuh | Genggongnaya ngecani galih | Ki Sabdapalon tansah | dinukan sang bagus | ing panyiptanira radyan | nora wurung ingsun tumêka ing pati | marga ingapus krama ||

13. parêpatnya kalih anauri | kaliru têmên andika radyan | ana wong wlas ing dasihe | sumêlang dèn wêwurung | malah-malah dèn misna bumi | bisa saprentah orang | trak usah mêmikul | kêcil memang tau makan | dyan trak kasih amêsthi saya mêncuri | lagi barang manukan ||

14. sabêcike wong nguya bugti |[8] balung usus rosane lan pangan | radyan asangêt dukane | maras yèn têkèng luput | papucuke tan mêsajani | biyada kêpatihan | Dyan Sôngka angungun | pamintane ing Sugsmana | lyan ta sangking cêla marga tingkah silip | sumôngga ing sakarsa ||

15. Dyan Sêsôngka sarira winanting | datanpa dhahar kêlawan nendra | supaya dadi tapane | sêmana sang binagus | cahya endah saya nêlahi | gumilang-gilang raras | anglela sumunu | ing siyang dalu tan pêgat | asêmèdi [a...]

--- 200 ---

[...sêmèdi] sukarêna barang kalir | ing Sang Hyang Sugsmanôngsa ||

16. datan kesah-kesah radyan mantri | sing gêdhogan ngisik-isik kuda | gêntya ingkang winiraos | kang dalêm kêbon santun | putranira rekyana patih | Kusuma Anjasmara | tansah anamur kung | tan lyan kang sinambat brôngta | mung rahadyan ingkang kinarya pêkathik | dening sudarmanira ||

17. tanpa dhahar sang dyah tanpa guling | nglayung-layung kuwangwang gumilang | wimbuh nêm dina manise | sèdhête ngundhung-undhung | prak-atine saya nusuli | gandêse rêbut papan | pirang-pirang pikul | malate agêgotongan | luwês mêsêsira songalas bêdhati | praptane bangun enjang ||

18. byar raina sagung widadari | samya ngungsi dhatêng kêpatihan | ngumpul Anjasmara kabèh | lingsir wetan gumrudug | sumèh sumyar malah nampêgi | kêmpyange padha magang | praptanira bêdhug | jêjêl anèng kêpatihan | lingsir kilèn wiragane lir gurimis | ngêbêsi ing sarira ||

19. surup surya wong kuning sabumi | sarinira samya ingambilan | kèri bagorane bae | yèn pukul songa[9] dalu |

--- 201 ---

kilat thathit gêbyar ingungsi | mondhok anèng ing waja | lamun têngah dalu | sêbarang kang bôngsa endah | kumarane ginêrus dadya sajimpit | kunjuk ing Anjasmara ||

20. yèn anuju dina Gara Kasih | widadari pri jin pêrayangan | asok takêr têdhak kabèh | arum-arume katur | udakara pitulas pêthi | anulya pinilihan | mring sang rêtnaning rum | murnine olèh rong êpak | pinahat mung angsal ing sagêbyas alit | kagêm mring Anjasmara ||

21. tansah kunjana-papa sang dèwi | gandrung-gandrung ing saparanira | kabyatan ing wirangronge | ing byat brôngta na wuyung | mung Dyan Sôngka kang dados galih | dalu kèmpi yèn siyang | sumandhing kadulu | sandhung jêkluk Damarwulan | barang sabda nora lali Damarsasi | kaya wong karungrungan ||

22. nuju pinrak ing natar sang dèwi | layung-layung surya tunggang arga | ingayap pra pawongane | êmban inya nèng ngayun | Anjasmara anamun wingit | nanging mêgsa kawêdhar | têlênging jroning kung | ngandika mring babu inya | paran biyang wartane Dyan Damarsasi | satriya Paluhômba ||

23. wêlas [wê...]

--- 202 ---

[...las] têmên biyang ingsun iki | mring si jênat Jaka Paluhômba | dadi lêlakon awake | sêdene ramaningsun | nora kogêl mring kadang siwi | ywa dumèh yèn wibawa | apêgêl tyas ingsun | biyang apa risi mana | ingauban mring sêntanane pribadi | kaya wong potang ala ||

24. datan èngêt mring kang dèn gêntèni | awibawa anèng kêpatihan | tur sangking kadange dhewe | jêng uwa purwanipun | Maundara kang gawe bêcik | iya mring kangjêng rama | prandene tan ketung | amburu panasing driya | mundhak apa wong asih dipun gêthingi | wong arja pinrih ala ||

25. alah dene si kakang kêkalih | wong mênyunyang wong amurang krama | dhêmên ngrusak samaning wong | tur mundhak apa iku | dene têka kêpati-pati | milara tanpa dosa | lir wong mêndêm gadhung | tan èngêt mring kadang tuwa | tangèh lamun wong arda anêmu bêcik | anggung olah sikara ||

26. ora etang pamalêsing puji | manggung dadi ing pangewan-ewan | sugih satru tanpa gawe | ni êmban awotsantun | aturira mêthuki galih | lêrês andikaning dyah | ing rama pukulun | paring kumêt karya panas | rêmên ngèsi-èsi sêsamining janmi | gêthing mring wong wibawa ||

--- 203 ---

27. lawan gêthing wong olah sêmèdi | gêthing ing wong ingkang wicêgsana | gêthing wong bagus rupane | gething sinihan ratu | budi bênêr dèn pinrih sisip | miwah Dyan Layangseta | Kumitir sêklangkung | tan arsa ngambah lêrêsan | tungkul dènnya amrih mugtine pribadi | lumuh sinamining lyan ||

28. datan mambêt andêling narpati | rusuh ing tingkah nguthuh ing karsa | sêmbada ing panastène | atur kula sang ing rum | pan sayêtos-yêtose ugi | ni inya matur nêmbah | inggih sang lir santun | wingi duk ulun mring pasar | aningali rakanta Dyan Damarsasi | pitêkur nèng gêdhogan ||

29. ulun mampir pitakèn kang abdi | anggêpira ing gusti mring radyan | sakêlangkung niayane | witning yèn paring sêkul | mung sacowèk awor cumêndhil | datansah tinindakan | ing gêdhoganipun | yèn kirang klimising kuda | kirang dhêdhak sukêt ragi nguciwani | rama paduka gusar ||

30. ngumpah-umpah tur cumêri-cêri | datan môntra darbe kaponakan | tandya sung dhadharaningong | nanging radyan tanpayun | mung parpate ingkang nampèni | sang dyah kadya sinêndhal | ing galih mangungun |

--- 204 ---

gya wontên cèthi rêrasan | lan kancane bibèkne mau ingsun wrin | Radyan Damarsêsôngka ||

31. sare anèng soring nagasari | pinêtêkan mring parêpatira | nglela gumilang cahyane | punakawane nguwuh | marang ingsun gya sun parani | anjaluk pêpanganan | angrês sun andulu | gya manira atêtanya | Dyan Sêsôngka sêlawase anèng ngriki | paran ing solahira ||

32. parêpatnya tutur tanpa guling | tanpa dhahar sing kathah ing karya | saya sangêt pangênêse | sang dyah duk myarsèng wuwus | tandya minggah marang jinêm mrik | gêmpung raosing driya | wimbuh kasmarèng rum | amayang sucipta brôngta | minggah tumrun poyang-payinganing galih | wus karsaning jawata ||

33. sang dyah limut wêwadining èstri | anêmpuh byat ginosong ing trêsna | kapilêt ing tyas wuyunge | ni babu inya gupuh | tinimbalan wus praptèng ngarsi | sang rêtna angandika | swara nglayung-layung | biyang paran wartanira | Dyan Sêsôngka prêpate sun gumatèni | kang mijil sangking sira ||

34. ni ban inya nêmbah matur ririh | Dyan Sêsôngka tyas têguh raharja | tan gumingsir parentahe | ramanta sang pukulun | apitambêt ngecani liring | gusti dhatêng kawula [kawu...]

--- 205 ---

[...la] | sabên-sabên rawuh | sêmune sampun graita | ngong gumati mring parêpatipun kalih | sêmune tan kaduga ||

35. malah-malah asring mamirêngi | sampun ngantya kapanjang ing tingkah | kawula dhatêng prêpate | kadya wus wruh ing sêmu | marma ulun kêlangkung ajrih | juwêt ngambah gêdhogan | tan arja tinêmu | mendah jêng rama paduka | miyarsoa mêsthi radyan dèn patèni | kawula têkèng pêjah ||

36. sang dyah mèsêm sinamur wor dêling | nyanyêngit têmên wong Paluhômba | salah cipta tanpa gawe | pêgêl rasaning kayun | biyang ingsun nora kakêlir | ewuh apa mring sira | payo derah lampus | biyang sun pêlaur pêjah | wurung panggih lan kakang mas Damarsasi | kang lagya kawlas-arsa ||

37. biyang ingsun nora pati laki | yèn tan olèh komisaris jèndral | kang lagi dadi lêlakon | pinasthi ing dewagung | sun labuhi papa kaswasih | mêngko sun rêrêmbugan | mring kang gawe wuyung | age mara sêsajia | samanise tamuan tuwan kumingsi | bicara dadining prang ||

38. sêsaosa jêbat lan kasturi | anotoa busanane priya | ni babu inya saure | nah anggèr nuwun-nuwun | nora wurung kula ngêmasi | kinêthok [kinêtho...]

--- 206 ---

[...k] mring sang patya | sang dyah sêbdanya rum | biyang sira mèlu apa | lara pati ingsun andhêmi pribadi | wus janjine wak mara ||

39. nora bakal wong kudu bilai | lara wirang saobahing jagat | wus pinasthi sadurunge | pasrahna ing dewa gung | babu inya pan èsmu tangis | kagoyang wrating trêsna | mring sang rêtnaning rum | sangking jrihnya yayah rena | têkèng pati nglabuhi ing manah sisip | tan wun manggih bêbaya ||

40. yèn rinasa wrating kang trêsna sih | kinêlêma ing côndragumuka | miwah dhut blêgêdabane | papa cintrakanipun | ingandhêman tumêkèng pati | dadya ngrojongi karsa- | nira sang lir santun | sang dyah wus ngrasuk busana | yèn sinawang lir Putri Cêmpalamanik | duk mijil ing unjana ||

39. Mijil

1. dhasar ayu utama sang dèwi | Anjasmara kaot | arja sinjang cindhe jlamprang bange | kasmêkan bangun tulak pinrêsmi | niyaka hèr manik | gêbyar-gêbyar mungguh ||

2. ukêl rêja panjrah puspita mrik | acundhuk rêtna byor | pindha dewa andaru sarine | kancing manyura pindha hèr gêni | sêngkang mungkung rêsmi | sinangkara madu ||

--- 207 ---

3. sasumping mas winarjèng ron sari | akalung sutèngson | aglang murti miwah kalpikane | jumrut pêkaja mirah mênuh sri | gêgônda kasturi | jêbat andon santun ||

4. ngambar sumyar mrêbuk wor kungas mrik | saparan sung wirong | singa kasimpir lir tinrês tyase | jêbat mawar têmpur ruming sari | sarira sumrah mrik | kasmarjèng mamrês kung ||

5. rum kang muluk binêgta ing angin | nêrajang ron gogrog | lêmut jingklong sêmut bubar kabèh | gègèr ingungsi kabruntak wêwangi |[10] lalêr mencok mati | kêsangêtên arum ||

6. dêdêg jagêr-jagêr amantêsi | kuninge mêncorong | mêlok-mêlok sang dyah wêdanane | tingal kocak lir intên hèr thathit | waja gumyur kengis | tejane ngênguwung ||

7. lathi gêsêng manise pinirit | akarya wirangrong | kadya gambar wangunan pasmone | anêlasna karêtas lan mangsi | turah kang rinujit | pangrêngganing kidung ||

8. Anjasmara wus mijil ing jawi | nèng latar mangrimong | amarêngi purnama wulane | tawang sumilak bêntèr kang sasi | kang myat sagung dening | pratiwi kasuluh ||

9. lir raina bedane angrawit | sênêne kêlayon [kêla...]

--- 208 ---

[...yon] | lir paningal sajroning pangimpèn | maya-maya anglela kaègsi | ngrêmêng mêspadani | angembahi santun ||

10. sumilir-silir samirana sri | asrine winaon | sêkar-sêkar awigar gandane | kungkulan dening sang anggêng brangti | mayang mêkar bali | kayoman ingkang rum ||

11. cêngkir dênta sêdhêng cumêngkrami | sumuluh yèn tinon | sarêng mulat ing dyah prêmbayune | ponang cêngkir merang ngungsi ing wit | mayanira kari | tur kungkulan patut ||

12. lunging gadhung mungkrêt duk mangègsi | jangganing sang sinom | sêkar pudhak sêdhêng pêmbabare | kuncup-kuncup sami bungkrê malih | myad dèwi padaning | kesisan wastra rum ||

13. thathit lidhah rêbut wor lan liring | wêkasan acêlong | manoning sêkar pan asrêp kabèh | dadi tawa kungkulan mêmanis | myang purnama sasi | sêmune mawêlu ||

14. rêbut mêlok gumilang nglangêni | wêdana mêncorong | dhasar ayu-ayu sawèntèhe | wimbuh karênggêng ing busana di | maladi panglungit | tan kêna winuwus ||

15. Anjasmara pinrak kursi gadhing | majang wulan awor | para cèthi mangayap ngarsandhèr | babu inya ngapit kanan kering | nôngga talam rugmi | ya

--- 209 ---

isi burat rum ||

16. masak rawis ingkang manisihi | gantyaning sang sinom | pamojokan lan saput jajare | kumbala badhak lan kêpêt gadhing | gunging kang pra cèthi | ngangge-angge murup ||

17. sang kusuma angandika manis | èsêmira winor | lah ta biyang ayya ta kasuwèn | amrêpêgi wong bagus kasyasih | wong dhandhing jukining | wong lumrê arurus ||

18. wong abagus mundhak mambu angin | atêmah kêmanjon | mêsthi ingsun tumêkèng layone | yèn tan panggiha padha saiki | biyang aku mati | wurung pawor têmbung ||

19. ni ban inya matur awotsari | gusti sang lir sinom | lah punapa kang ingantos anggèr | yèn kadangon ing pangangkah gusti | mindhak juwarèhi | kacina ing pasmun ||

20. mumpung sêpi ing pênatar gusti | sidhêm kang ponang wong | Anjasmara amèsêm dêlinge | priye biyang yèn ingsun tinampik | angisin-isini | tan kêpadhan kayun ||

21. ni ban inya sumambung wotsari | lêrês sang lir sinom | sanèsing dyah kang kadya nah anggèr | nging paduka gusti ingsun tohi | tan angambah siti | yèn nampik sang ing rum ||

22. Radyan Sôngka dhasare kaswasih |

--- 210 ---

tan eca ing batos | pintên-pintên sinampar nah anggèr | tur tan tanggêl dèn labuhi pati | pirangbara ngakir | luwar sing kaswayun ||

23. sun wêntawis ramanta sang patih | dhasar mrih kadudon | kawon sirnane tinundhung bae | lah sumôngga pinarpêgan gusti | awlas ngong ningali | dhatêng sang binagus ||

24. Anjasmara mèsêm tanpa angling | busana winaon | gya jumênêng tindak sing pêrnahe | ginarêbêg ing pawongan cèthi | sang dyah duk lumaris | tinon gandrung-gandrung ||

25. buntaring sinjang pantês winingkis | gêndrèh-gêndrèh tinon | bating asta lir putur esthane | mêndal-mêndal madyanira mêngkik | amanasbarani | mungaling prêmbayun ||

26. dhangah-dhangah awijang mathinthing | gilig tur mancorong | pênuh rarasing kawiragane | dadya pangungsèn sagung mêmanis | ing saparan minging | ngambar gandanya nrus ||

27. kadya mugsa kêdhèpna sang dèwi | Anjasmara kaot | sang dyah mêmpêng dhasar biraine | winangkara lir pujan rêtna di | nadyan samya èstri | lumyat brôngta wuwus ||

28. winarnaa Radyan Damarsasi | kang lagya linakon | eca lênggah radyan nèng pangyome | nagasêkar dyan kasilir [kasi...]

--- 211 ---

[...lir] ngangin | kacitrèng trang rêsmi | mangêsêp ing kalbu ||

29. tan lyan ingkang kaciptèng ing galih | mung wêkasing êndon | Sang Hyang Jagat Pratingkah ing rèhe | pinuja môntra jroning sêmèdi | pinrês kyating puji | winorkên ing pandum ||

30. nging sêmangke rahadyan minantri | ing tyas sumêlang wor | maras-maras tambuh wurcitane | mungna sang hyang jawata kang luwih | mituhokna dasih | têguh ing rahayu ||

31. sampun kenging rêncana ing bumi | lyan karsèng Hyang Manon | sampun rinèh ing budya tan arjèng | hèh jawata ingkang mugi-mugi | têtêpêna dasih | mulyaning pangèstu ||

32. prêpat kalih wau kang kawarni | aturu ngalosot | nèng sasoring pucang pratingkahe | angêloni bêdhiyan malêdhing | ngiras têngga kori | korine gumandhul ||

33. Genggongnaya brahalane kègsi | dinulu mathongol | mathuk-manthuk[11] ing lawang adhêpe | lindurane angrantêg sawêngi | trêkadhang nglindur mring | kali golek yuyu ||

34. yèn wis olèh gya binêgta mulih | sêgsana ginosong | wusnya matêng pinangan yuyune | niba gêblag nulya ngorok malih | sêjatine guling | iku pan anglindur|| [ang...]

--- 212 ---

[...lindur||]

35. pan têrkadhang ngalindur lunga mring | pasar luru klobot | yèn wus olih gya ginawa mulèh | praptèng ing gon gêblag turu malih | sêjatine guling | ngorok sênggur-sênggur ||

36. Anjasmara kawursitèng kawi | gandrung-gandrung ngrimong | praptèng prênahing pagêdhogane | ni ban inya lumampah ing ngarsi | duk praptèng ing kori | Genggongnaya nglindur ||

37. ngadêg wuda amêrêm maringis | untunira kêrot | kêcap-kêcap anggêbêg-gêbêge | sambêl gorèng punar cècèk mênir | lodhèh kêthak giling | bêl bawang dèng jagung ||

38. ni bok êmban anjumbul kêpati | jumbule kêcocog | gya tinampèl ing tangan cocoge | amanthuk-manthuk amêrbês mili | gya niba aguling | ngorok sênggur-sênggur ||

39. mundhak gumêrah kang para cèthi | kang sawênèh mlengos | Sabdapalon anggrayah lindure | sarwi mêrêm anggolèki inthil | ni inya anjondhil | jondhile kêcaul ||

40. gya ginuwêl ingaranan inthil | konthole anglomproh | Sêbdapalon niba ngorok manèh | ni bok inya sosote drêwili |

--- 213 ---

bêlo bêlang bêlis | dibêbêsèt ngantu ||

41. Anjasmara lathinya ginigit | mengo tan arsa nor | gya lumaju sang dah[12] ing tindake | wus kawasan sira radyan mantri | pinuju alinggih | nèng sor nagasantun ||

42. pamulunya kasonar lir sari | rarase mancorong | Anjasmara lir kinanyut tyase | kêtêg sumawur ampingan ing wit | lyan kang nagasari | sang dyah jêjêr mangu ||

43. sariranya kumutug lir agni | tambuh solahnya wor | maras-maras nanging sênêng wonge | kêpyur-kêpyur ing galih ngrêsêpi | têbihnya wêntawis | lawan Damarsantun ||

44. tigang cêngkal malah nora luwih | ingantun kang pawong | namung ni mban inya sêkalihe | datan têbih lan sang liring sari | sang dyah rosing galih | lir agea gapyuk ||

45. mawur ciptanya sang agêng brangti | dhirèktur jendral nom | têka enak-enak minggu bae | nora nyapa nora anglungani | nora mobah mosik | sidi parak ngarum ||

46. nora sêgu nora aningali | si komisaris nom | apa lumuh kuciwa sêmune | ni mban nêmbah kados sawêg muji | wus adatnya gusti | rêmên lênguk-lênguk ||

47. Damarsôngka pitêkur datan [data...]

--- 214 ---

[...n] wrin | mring sang ruming sinom | mangke nah anggèr ngong paranane | wong abagus pantês dèn dhèdhèli | tan graitèng galih | angkuhe pitambuh ||

48. ya radyan mantri wus udani |[13] pinran[14] sang lir sinom | gandanya nrus ngambar saparane | ngidid kongas amulêt ing galih | mingingnya nampêgi | angêdusi arum ||

49. lir ginoyang tyasnya radyan mantri | kumênyut lêsah wor | Radyan Sôngka akewran ing tyase | lunga pêjah kèndêl angêmasi | dewa kang linuwih | paran polah ulun ||

50. wus kapêngkok ing papan kasupit | adhuh pêjah ingong | kaningaya sang dyah ing dasihe | paranbaya gen ingsun ngoncati | hèh Hyang Sugsmana di | kanthinên yuswèngsun ||

40. Kinanthi

1. murcita napasira wus | awor dewa kang linuwih | cêngêng sajroning paningal | radyan kawimbuhan ing sih | hèrnawa têmpur samodra | jumbuh wantahnya lan asin ||

2. padhanging jagat kinukut | wangsul ing prêdônggapati | lir warna sajroning kaca | manjing mring kang aningali | kumandhang awor lan swara | suruping baskarèng wêngi ||

3. kawêngku ing astanipun | Bathara Surya kang luwih | atas Sang Hyang Dewa Surya | pangwasane Hyang Pramèsthi [Pra...]

--- 215 ---

[...mèsthi] | jinurung sing karya puja | Hyang Manikmaya mèstuti ||

4. Manikmaya Sang Hyang Guru | padama pamujwaning sih | Hyang Nurcahya Hyang Nurrasa | rasane sampun kawingking | Dewaruci kang gumantya | jumênêng kêlawan dasih ||

5. sihing Sugsmana kang luhur | kênyataan Dewaruci | musakani ing agêsang | jumênêng kalawan urip | uripe sapa kang karya | tan lyan Sugsmana Kang Luwih ||

6. lir samodra lawan alun | lembak-lumembak kaègsi | ragane upama sarah | alune Hyang Dewaruci | kênyataan Sugsmanôngsa | kang ingupama jêladri ||

7. golong gumulung ing ranu | upama urubing agni | kênyataan ruci brôngta | wujude cahya lan êsir | mugswaning pandam kapyarsa | manjing ing kaanan jati ||

8. tan lyan jawata kang agung | jumênêng kêlawan puji | pujine kang sipat mulya | mulyane kang mupangati | kang karya sabab raharja | angarjani ing sabumi ||

9. kêrana Dyan Damarsantun | nglindhung urip ing Sugsma di | urip sajroning palastra | amati sajroning urip | angungsi mring dewa brata | uripe wus ngrasa mati ||

10. anetra datan andulu | akarna datan miyarsi |

--- 216 ---

atutun[15] datan ngandika | kang napas wus tan lumaris | radyan datan osik obah | amung prêmana kang mêgsih ||

11. gêrana datan angambu | anapas datan lumaris | kang ôngga datan subawa | namung prêmana kêng kèri | sirna ingkang pôncadriya | Damarwulan angêmasi ||

12. lênyêping paningal samun | tingale kêlawan budi | pangucape lan wardaya | pênggandanira lan êsir | lan saèstu kang pamyarsa | jumênêng lan Dewaruci ||

13. raganira kèri jêtung | kang pôncadriya piningit | layung-layung ramyang raras | tansah pitêkur alinggih | Rêtna Dèwi Anjasmara | dangu jumênêng sor sari ||

14. ni êmban mêrpêgi gupuh | dhatêng rahadyan minantri | umatur sarwi wotsêkar | tuwanku Dyan Damarsasi | punapaa minggu radyan | tamuan nonah ratpêni ||

15. punapa ajrih sang bagus | kêrantên dipun ajrihi | punapa angangkah ala | paranta mawi ngangkuhi | kinadang sinaudara | mring prisman nur nonah gusti ||

16. Dyan Damarwulan ajêtung | ni êmban saya ngrakêti | dyan mantri winangwang wangwang | winungu awanti-wanti | anggèr pukulun tamuwan | sèkêrtaris sangking swargi ||

17. tan mosik Dyan Damarsantun | Anjasmara ngandika ris |

--- 217 ---

biyang inya paranbaya | si êmban dènnya mêrpêgi | suwe têmên nganggo apa | akaku rasaning ati ||

18. ni inya matur wotsantun | bilih Damarwulan sakit | ginoyang minggu kewala | ingoyog-oyog tan osik | lumampah sinung usada | gêgêcêle wong akuning ||

19. mèsêm kusumaning ayu | datan sarônta ing galih | kêkêtêgnya sumyar-sumyar | kabyatan asmara brangti | sang dyah amêrpêgi tandya | gêndrèh-gêndrèh angsung brangti ||

20. sarya dhèhêm gêtir juruh | sang dyah ngasta mangsak rawis | sarêng cêlak gya binalang | lêlambungira tan osik | mangu tingkah pasrangkara | gandrung-gandrung angsung brangti ||

21. angadêg sang ruming santun | cênthèng-cênthèng dènira ngling | angkuh têmên sira radyan | sumangkehan wong ambênthing | pinaranan nora nyapa | bok aja kêpati-pati ||

22. aja dumèh wong binagus | disanak nora nglanggati | Dyan Sôngka minggu kewala | tagsih pitêkur alinggih | kêjèp-kêjèp ni mbok êmban | sang dyah tan dêranèng galih ||

23. radyan gya rinangkul gapyuk | wêntise dipuncêblèki | lambung tansah cinêthotan | Dyan Damarwulan tan osik | sang dyah apêgêl kang manah [ma...]

--- 218 ---

[...nah] | wuwuse angasih-asih ||

24. kakang mas sapanên ingsun | ingsun Anjasmara prapti | angruwat papa cintaka | amudhari kawlas-asih | sapa ingkang duwe trêsna | kakang kêjaba wak mami ||

25. sapa asih wong abagus | mung kadangmu ingkang prapti | mara kakang alungguha | nyanyêngit têmên wong iki | tan osik Dyan Damarwulan | nora sêgu nora mosik ||

26. Anjasmara pan èsmu luh | datan katimbangan ing sih | radyan rinangkul kang jôngga | winêngkang kang asta kalih | wus ginggang radyan gya niba | anèng ing pangkyan gumuling ||

27. sang dyah kagyat sarêng dulu | radyan napasira sêpi | kantun prêmana kewala | ginoyang-goyang mawanti | ingoyog-oyog tan glawat | gêpah sang rêtna nungkêmi ||

28. sarya andrês kang ponang luh | ngêsêb-êsêb jaja wanti | kinarang-ulu rahadyan | ing sang dyah kang asta kering | mlas asih sêsambating dyah | kakang-kakang aja mati ||

29. kangmas sira yèn tan wungu | ingsun nusul angêmasi | tanpa gawe ingsun gêsang | yèn tinilar wong asigit | tan dêrmane awak ingwang | katula-tula manah gring ||

30. wus nglilira wong abagus | sun bêtakken mangsak rawis | myang wida ambar hèr mawar | kakang mara

--- 219 ---

sun konyohi | ênya-ênya kakang sêpah | mêngko ingsun busanani ||

31. ban inya sumungkêm gupuh | ing pada sarya anangis | gusti-gusti awungua | wêlasa mring rinta dèwi | wanuh tanggung dika radyan | amanggihi sarya lalis ||

32. sang dyah mundhut hèr mawar wus | tansah sinuryan dyan mantri | ginuling-gulingkên radyan | katut kewala tan mosik | sêsambate Anjasmara | kakang-kakang aja mati ||

33. apan uwis basaningsun | Anjasmara nora apti | kakung liya sangking dika | lalu ngarang sun lakoni | kakang-kakang aja pêjah | ingsun nora bisa kèri ||

34. lah êmban inya dèn gupuh | undangên kang prêpat kalih | sun takokne si kakang mas | yèn wus larane ing nguni | lah apa jêjampinira | ni mban mundur sarwi nangis ||

35. Palonsêbda Genggong gupuh | ginugah nora ngulisik | ambathang sarya wêwuda | ciniwêlan nora nglilir | lalu akêrot kewala | nyamuk-nyamuk sarya mringis ||

36. ni mban inya tyasnya gugup | gugupe binêthot aglis | kinaro ing kering kanan | bingung angatut wus tangi | ni mban kêbat mèlu kêbat | lamun rindhik mèlu rindhik ||

37. paringisan sambat [sa...]

--- 220 ---

[...mbat] biyung | wus praptèng ngarsa sang dèwi | sang rêtna yu angandika | paman gustinira iki | apa wus kêlaranira | angleloh kaya wong mati ||

38. apa kêsambêt sang bagus | paman tutura mring mami | umatur pun Genggongnaya | atur kawula sang dèwi | sayêtosipun punika | kang sakit kagungan mami ||

39. wondene ing gêrah ulun | akungsul kagungan mami | pringsilan kesah nêmbêlas | copot kêpalane siji | ni êmban awas yèn wuda | prêpat kalih dèn gablogi ||

40. Genggong Sabda wus lumayu | bêbêdan anulya bali | wus awas yèn gustinira | anèng ing pangkyan gumuling | datansah akapidhara | prêpat kalih mrêbês mili ||

41. katêmpahan sang lir santun | gusti kawula dyan mantri | dhasare inggih apêsan | wimbuh kawratan ing kardi | ing mangke paduka prapta | bêta tênung sing Bêtawi ||

42. ngandika sang liring santun | eman-eman pinrih pati | sinobat sinaudara | radyan ingsun ajak mugti | ing mangko têmah kantaka | paran rêmbugira sami ||

43. Ki Sabdapalon umatur | pamanggih kawula gusti | bok inggiha jinampenan | basusu lan jêruk lêgi | miwah kamiri sasomah | gêpak jêndhul padha siji ||

--- 221 ---

44. ngewani tingal sang ing rum | Dyan Sôngka winungu wanti | Anjasmara gêpah mucang | sepah cinêcêpken aglis | sami alathi aprana | sang dyah lathinya ginigit ||

45. kagyat Anjasmara jumbul | basakna si wong ambênthing | napasira nora nana | lalidhah teka ginigit | arsa ingsun sèlèhêna | eman yèn kabacut mati ||

46. radyan ginungsur burat rum | pan sarwi winungu wanti | wus tangia sira kakang | wêlasa marang ing mami | adoh elok pinaranan | wong anom têkyarsa lalis ||

41. Sinom

1. ya ta Dyan Damarsêsôngka | kagyatira nugsmèng pati | kagungsur ing gandawida | cinêcêpan sêpah wangi | sarya winungu wanti | tinangisan kadrêsan luh | napasira lumampah | sagung plawanganing budi | sampun pêpak kang ingaran pôncadriya ||

2. Rêtna Dèwi Anjasmara | duk mirsa napas lumaris | asrêp raosing wardaya | dyan tansah winungu wanti | nglilira wong abênthing | kakang ingsun apan rawuh | wêlasa mring manira | kangmas sira sun kauli | sok mulyaa mugtia tilam asmara ||

3. ya ta kang pindha kunarpa | tumindak praboting urip | sira Dyan Damarsêsôngka | kang dadya kagèting pati | anrus kulunging [kulung...]

--- 222 ---

[...ing] galih | duk kapidih ing prêmbayun | têmahan paripurna | radyan sêgsana wus nglilir | kewran ing tyas dènira api kantaka ||

4. pamurcitaning wardaya | hèh jawata kang linuwih | paran ing awak manira | kacakup putraning patih | dewa kang mugi-mugi | têtêpna pangèstuningsun | ywa ngantya kenging coba | dasihe ginêbang èstri | kèh jawata kêkahna tyas kang raharja ||

5. Rêtna Dèwi Anjasmara | Dyan Sôngka winangwang wanti | sarya sinuryan hèr mawar | èsmu alihan dyan mantri | amingkêt sangking kêdhik | tan wrin anyundhul prêmbayun | Anjasmara anjingkat | mèsêm sarya anyêblèki | iki si wong mati têka anggulathak ||

6. mara kakang mas wungua | anggantèna mangsak rawis | dene iki wis agêsang | têka tan arsa alinggih | pêjah pupèngsun kalih | sun alihan wong abagus | êndi sêpahmu kakang | sun lironane wong bênthing | sang dyah mucang sawusnya nêbda mring radyan ||

7. ênya-ênya kakang sêpah | cinêcêpkên samya lathi | amengo Dyan Damarwulan | obahnya sinangkan ririh | dhawah ing pangkyan nênggih | tan wruh kêlajuk akêmpung | sang dyah kagyat anjola | kang jôngga sinundhang malih | ingengokkên sapi [sa...]

--- 223 ---

[...pi] mindha kunarpa kiyat ||[16]

8. sang dyah sêgsana alihan | Radyan Sêsôngka gumuling | wêdana tumibèng jaja | wonga-wonge[17] amarêngi | kasmêkannya sang dèwi |

kaplorot sang dyah agupuh | tinangkêp prêmbayunnya | dawêg katingal sêpalih | Anjasmara radyan sarêng kumêsarnya ||

9. kasmêkan wus winaonan | Dyan Sôngka ngunduri ririh | mêgsa api kapidhara | radyan lambungnya pinulir | èsmu kagyat dyan mantri | anjumbul murcitèng kalbu | hèh Sugsmana kang mulya | têguhna ing tyas kêng suci | hèh jawata wêlasa ing titah tuwan ||

10. radyan saya kuwanguran | denira akarya sandi | adangu datanpa wêkas | pangudasmaraning galih | bok iya sun anglilir | nglindhung ing Hyang Jawata gung | alon wungu rahadyan | sêdya lumèngsèr aririh | Anjasmara gêpah ambondhèti radyan ||

11. kêkêtêgnya mawut sumyar | kumêsar raosing galih | ya ta Dyan Damarsêsôngka | amungkur dènira linggih | tan paja mawang liring | pilênggahira tumungkul | Kusuma Anjasmara | sêbdane angasih-asih | paranbaya angangkuhi ing wong prapta ||

12. munduran anganiaya | sira kakang mas mring mami | ywa dumèh sun êla-êla [ê...]

--- 224 ---

[...la-êla] | tan sotah madhani ing sih | tan wurung ingsun mati | lamun tan kêdhan kayun |[18] apan sinêngguh apa | kakang sira sun parani | swarga nraka sun mati awor lan dika ||

13. kakang aja sêla-sêla | ingsun kadangmu pribadi | tur môngsa kêtanggungana | yêgti sira sun labuhi | payo mugti lan mami | luwara papa kaswayun | nadyan tumêkèng pêjah | ingsun kakang anyênyèthi | Radyan Sôngka kumênyut ing galihira ||

14. myarsa sabdanirèng sang dyah | lir tinrês raosing galih | ya ta dyan arum ngandika | mas ayu uculna mami | gusti kang rada ririh | botêne kula lumayu | Anjasmara ngandika | gêndhèng-gêndhèng angsung brangti | wong abagus môngsa ingsun uculêna ||

15. jêr sira wong nora trêsna | kakang marang awak mami | mêngko yèn sira lumajar | amêsthi ingsun ngêmasi | urip tanggung nèng bumi | angur

binanjuta ingsun | ing jawata kang mulya | wirang isin sun lakoni | wusanane wong trêsna tan linanggatan ||

16. dangu Rahadyan Sêsôngka | binondhetan mring sang dèwi | ni êmban inya sêpira | bungahe rasaning ati | sêdene prêpat kalih | abungah tansah gumuyu | radyan ngantos punapa [pu...]

--- 225 ---

[...napa] | bok andang[19] nimbangi ing sih | ingsun uga ya anut payu kewala ||

17. witning kawula punika | gusti asêdhih kang ati | tan wontên èstri kang arsa | kapèngin arabi uwing | ing ngêndi-êndi èstri | sun takèkkên nora pêthuk | kalunta kongsi kawak | durung wruh rasaning rabi | paduka dyan dèrèng wrin ugêring gêsang ||

18. bôngsa urip arêpana | sêdya kang agawe bêcik | kabêcikan marcapada | iku ingkang anêgsèni | puji mring bumi langit | puji mring kêng karya pandum | namung lara lan nikmat | kang nelakkên ing dewa di | pêjah gêsang sinung lara lawan nikmat ||

19. datan kêna sininggahan | karsaning hyang jawata di | kadya ta titahing Sugsma | sagung kang sinungan rêsmi | tan lyan mugtining èstri | sampak lan wong ayu tulus | gandhang tur prangwêdana | punapa ngulatan malih | durung bae pinikir kang hihi-haha ||

20. Rêtna Dèwi Anjasmara | wuwuse angasih-asih | cênthèng-cênthèng nuju manah | sira kangmas Damarsasi | pêgêl rasaning ati | angkuh têmên wong abagus | bisa agawe brôngta | pinaran nora nglanggati | sumangkeyan wong bagus dinama-dama ||

21. kakangkakang [kakang...]

--- 226 ---

[...kakang] Damarwulan | payo marang wisma mami | mulanga tilawat Kuran | mêngko kakang ingsun ngaji | bok aja ngadi-adi | dumèh sira wong

abagus | sapa wruha tyas ingwang | agêmpung kagyatan brangti | jae wana kang ati poyang-payingan ||

22. yèn manuka awak ingwang | manuk bisa tata jalmi | kapetcut[20] mring sira kakang | satriya kang mati ragi | dhandhang netrane abrit | katuwone awak ingsun | parikan guringsing bang | senthe kang tuwuh ing wukir | lara mara kêjarah dhêmên mring dika ||

23. yèn gununga awak ingwang | gunung sakilèn Sêmawis | nora wurung karungrungan | lamun tan kêpadhan ing sih | gunung wetan Sêmanggi | sun lêlawu wong abagus | mêgsa trisna kewala | kakang gununge wong Têgil | pragat jangga wurunga sobat lan dika ||

24. gununge wong Pêjajaran | sungkan krama lalu mati | yèn nora lan sira kakang | gêgununge wong Wêlèri | tan pêgat dadi ati | kangmas gununge wong Kêdhu | sok uga kêlakona | sun rewangi adol rumbing | ujar pisan lamun ingsun linanggatan ||

25. ni mban umatur mring radyan | anggèr bok dipun labuhi | nadyan tumêkaning [tumê...]

--- 227 ---

[...kaning] pêjah | angsab lan nonah ratpêni | liman mêndhak ing srati | bêndha ijo sang binagus | tigswara munggèng ing pang | jinruma wong sanêgari | luwih-luwih karsanira tuwan bêsar ||

26. dandanan wus kêlampahan | sang dyah panggih lan dyan mantri | tan wurung tumêkèng corah | kawula tan wurung mati | nadyan tumêkèng pati | yèn wus kêlakyan sang bagus | maos palêkat jendral | ulun tan mandhêg tumolih | sokur-sokur ing têmbe manggih raharja ||

27. pêsthi ulun bukak pasar | angadêgakên wang kongsi | Dyan Sôngka mèsêm ing driya | Genggong matur mring sang dèwi | tuwan saja kumingsi | purak-purak malu lalu | dhipegang nonah bêsar | baik dhiikêt sêkali | tarik saja bawak kantornya nonah mas ||

28. pêsthi belum timbang saja | nyang muwah sama nyang sakit | cobak sudah tau brasa | pêsthi trak mau kumbali | tidhur dhi kêstal lagi | enak

orang campur climut | prêmain dhalêm kamar | siyang malêm makan roti | mêsti baik ponya pêrut kêlaprêran ||

30. mèsêm Rêtna Anjasmara | ni inya gumya kêpati | ni êmban alatah-latah | Sêbdapalon angawêti | kawête dipun lirik | ini mentak sama

--- 228 ---

itu | itu dhimakan enak | enak main sama ini | ini laprê itu lama tidhak makan ||

31. ni mban sosote gumrayah | sini kêpruk-kêpruk kuning | si dikêthok-kêthok jingga | anggêlathak ngajak gathik | môngsa arsaa mami | mring wong kaya rêraimu | Sêbdapalon angucap | sabobot-bobote nyai | orang kaplak sama kapluk sudhah timbang ||

32. ya ta Dyan Damarsêsôngka | binondhèt dipun ciwêli | ing Sang Dèwi Anjasmara | lêlambung dipun ciwêli | baune dèn cêblèki | linendhotan saking pungkur | sang dyah wus anêmpuh byat | sêbdanya angasih-asih | dhasar canggèh swaranya angrèndhèng manah ||

33. Dyan Sôngka ing tyas kagiwang | kalêlêngan ing mêmanis | kèrêm ing samodra kilang | kêbanjiran madu brangti | kapilêt ing wêwangi | goyang tinêmpuh ing arum | panyiptanira radyan | wus untunge awak mami | lara pati ing pandum nora suminggah ||

34. mobah-mosiking manungsa | atas karsanèng Sugsma di | tumindak lawan nugraha | kang murba solahing urip | ing Sang Yyang Sugsma Luwih | kang marna ing titahipun | roro pajuning karsa | kamulyan lawan bilai | yèn [yè...]

--- 229 ---

[...n] kinarsan mulya sampun sinandhingan ||

35. ing lêlakon karaharjan | sampurna kêlawan budi | yèn kinarsan ing Sugsmana | bilai wus dèn sandhingi | nalar tan ngraharjani | ing nistha tindak kang luput | dêdalan rong prakara | sumandhing tan kêna gingsir | pan kinarya istilah dadining karsa ||

36. yèn manungsa tibèng mulya | dumadakan ngraharjani | ing tindak lawan utama | amêsthi Hyang Sugsmana di | badhe ngrêntahkên ing sih | trêsôndha wus kapêngayun | yèn dasihe winênang | kinarsan ingkang bilai | tinrêsandhan ing rèh nalar kaluputan ||

37. ing mêngko awak manira | manggih lêlakon kang yêgti | gingsir sangking karaharjan | baya wus karsèng Sugsma di | ingsun sinung bilai | dumadakan ing rèh luput | ing manah sêmang-sêmang | kagimir saliring sari | wus tan bakal tibèng cala kawêndakan ||

38. môngsa ingsun gingsirana | narima sinung bilai | datan sêdya angrasula | wus kapêngkok ing piranti | tan wurung angladèni | ing karsanira sang ing rum | hèh sanak badan nyawa | kabèh saisining jisim | dèn agilig ing janji aja sêlaya ||

39. payo padha anarima | urib bêja lara pati | puluh-puluh [puluh-...]

--- 230 ---

[...puluh] sang kusuma | dadi marganing bilai | pirabara ing wuri | yèn wus kapungkur ing saur | dhêndhaning kaluputan | badan nyawa dèn agilig | sokur-sokur amanggih madu srêngkara ||

42. Dhandhanggula

1. arum dhèhèm Radyan Damarsasi | tandya mingsrê sing palênggahira | miragèng ngranupada nor | ngajêngakên sang ing rum | sang dyah rêtna tansah nglendhoti | duk ingajêngkên sang dyah | ing galih kumêpyur | katrangan côndra tumawang | têmpuh liring lir kilat barung lan thathit | kadya datanpa jiwa ||

2. sampun sumyur sumawur ing èsthi- | nira sang kalih tanpa jamuga | cêngêng lênglêng wursitane | sang dyah gya ngrangkul gapyuk | wus kapadhan asmara brangti | supe purwa duksina | kabyataning nglimut | suh sirna tanpa wikara | mugsèng driya lir pêjah sajroning urip | uripnya lawan brôngta ||

3. suciptane byat mantrining èsthi- | nira tandya panjrahning sarkara | sumawur-mawur rum rèhe | rèhning tigsara rampung | kapratisthan ruming pangègsi | pawurtirèng patra yyang | ing sang campur madu | Yanghyang Buda winartama | pangrubasèng yudya ning-ning sandi-sandi | drêsanani kusuma ||

4. ni mban inya asuka ningali | mirsa gapyukira sang kusuma [kusu...]

--- 231 ---

[...ma] | pawor rukêt ing sakaron | kadya puyuh atarung | awusana jêngrê ningali | binglêng padha sêkala | Sabdapalon ngantuk | Genggongnaya pucicilan | aningali solahira sang akalih | mêngkirig gêgithoknya ||

5. gya ngambung mring Sêbdapalon aglis | kagyat dènnya ngantuk agêgubras | pipinira umbêl bae | ya ta Dyan Damarsantun | angrêpakên swara kang manis | nganyutkên yuswaning dyah | sang rêtna sinambut | pinangkya ngasta ngarasan | jênang sela dèn gung pangapuntên gusti | ing dasih kawlas-arsa ||

6. rèh ta abdi paduka aguling | lagya kinarsan ing Sugsmanôngsa | kagyat sarêng panglilire | guguping manah kuwur | tanbuh-tanbuh raosing galih | ing cipta kaya-kaya | mring sang ruming santun | ing mangke pun Damarsôngka | pasrah jiwa anaoskên pati urip | sumôngga ing sakarsa ||

7. datan grantês sapanjrahing angin | myang sarema kang pinara sasra | pinundhut pêjah gêsange | kinèn punapa ulun | ngendralaya anglaya bumi | sakarsa tan lênggana | ing sang murtining rum | kinèn amanjing pawaka | sêgaragni gusti pun dasih mèstuti | ketang sih jêngandika|| [jêngandi...]

--- 232 ---

[...ka||]

8. ulun nglampahi karsaning gusti | pintên-pintên wong kawêlas-arsa | pêkathik dhusun nah anggèr | sinampar ing wong agung | sampun pêcak tumêkèng sakit | sênadyan têkèng pêjah | yuswa dasih katur | tan langkung gusti kang mulya | mung agsama paduka pinintèng dasih | kang asih ing wong papa ||

9. anoragèng aturnya dyan mantri | asta kering ingaras kang madya | kanan anôngga astane | sang dyah sinugun-sugun | pan pinundhi-pundhi mawanti | astèng dyah ingarasan | wuwusnya sumrah rum | Rêtna Dèwi Anjasmara | kêmanisên tansah anambang kang liring | ing tyas kadya sinêndhal ||

10. sarira mar kagunturan angling | anglir warsa kalungsèn ing surya | kêtara layung-layunge | duk sang dyah rinarungrum | kang kukila nusuh ing siti | saya ngembahi raras | gambar munggèng panggung | pêraga têmpur samudra | dangu wayang-winayang sawangan liring | radyan lan sang kusuma ||

11. tan ingucap dènnya supêkêt sih | prajangjine rèh apawong-sanak | sarya ing sabiyantune | sinêgsèn ing budyarum | amupakat kang jisim kalih | sarta ingkang kapyarsa | miwah kang

--- 233 ---

kadulu | samya nyaidi sêdaya | têmên-têmên palêkatnya gantyan wangi | myang burat rum hèr mawar ||

12. sang dyah kundur dhatêng kubon sari | radyan tansah kinanthi samarga | rêspati dhèncèng-dhèncènge | kayangan ajar wiku | pan sagung kung raosing galih | surasaning baita | wus kapadhan kayun | biyadaning kêpatihan | yèn kayua kayu pinggiring pasisir | wus bêgta jampi brôngta ||

13. Sêbdapalon Genggongnaya sami | samya tumut mring ing kubon sêkar | lawan para cèthi awor | angglidhig tur ambêsur | dhepe-dhepe ngêmorkên ati | katungkul gambul bakang | lowung nyundhul bêngkung | yèn ciniwêl wol-owolan | yèn cinablèk cêblèke dèn iming-iming | mengo sagung kang mulat ||

14. ya ta sira Radyan Damarsasi | praptèng dalêmira Anjasmara | wus ginantyan busanane | kampuh wangkara linut | ing parada gumyur mangrêsmi | paningsêt mas pinarja | sinotyèng rêtna byur | cêlananya lungsir jingga | binludir mas linud ing sungging mangrawit | akondhe kakêlingan ||

15. kinancingan ing garudha manik | asêsumping ran mangroning sêkar | rinaja

--- 234 ---

muka rêsmyawor | sunar lênyêp sumuluh | dhasar bagus rahadyan mantri | karêngga ing busana | lir mugswèng kadulu | jumbuh lan Hyang Kumajaya | Anjasmara kadya wong ningali sungging | winangwang wantya-wantya ||

16. winawas-wawas ing nganan ngering | tansah mèsêm ningali mring radyan | kang dèrèng pantês winaon | sinawang sangking pungkur | tinêbihan dipun pêrpêgi | ingulap-ulap sarya | mèsêm sang lir santun | agêrgêt-gêrgêt kang manah | Anjasmara Dyan Sôngka dipun puliri | cinêthot ciniwêlan ||

17. tinêbihan sing ngarsa ingègsi | sabdaning dyah cumênthèng lir kilang | gêthing têmên ingsun radèn | wong kaya sira iku | nora kaprah ana ing bumi | pantês mugti nèng swarga | aja sira tumrun | yèn tan dina Gara Mulya | ingsun bae kakang tan pisah ngladèni | anyèthi marang sira ||

18. kangmas-kangmas payo sun borèhi | gônda wida kasturi hèr mawar | kakang sapa kang aduwe | kadang bagus atulus | mung cacate ngakokkên ati | kêbangêtên kakang mas | bok sing rada anu | wong abagus anu apa | anu têmên nora pati anganoni | nglêlaga gawe brôngta|| [brông...]

--- 235 ---

[...ta||]

19. kukus gantung pulasing wong nyungging | yèn sun sawang kakang warna dika | buron kali punjul dhewe | pandhe gong pothak jêpun | tinandhinga ing wong sakêthi | gêbang pangulês sata | tan ana kang tiru | suku jungkung sapolahnya | pagêr wayang toya mijil sangking langit | sakalire wèh edan ||

20. puspa biru kangmas sun wastani | namung dika têlênging wardaya | pênyu sêndhang alus dhewe | sata wana kêkuncung | nadyan korak wong sanêgari | wuluh rawa kakang mas | ampungana mring sun | kang kayu

marganing toya | kukus gunung kinapakna awak mami | ingsun kang talah pêjah ||

21. têka mèsêm rahadyan minantri | winangwang-wangwang sang lir kusuma | wus samya lênggah sêkaron | lir ringgit munggèng panggung | Yangyang Parta lawan Srikandhi | ingayap pra pawongan | ban inya nèng ngayun | Sabdapalon Genggongnaya | saosane ing lawang parêpat kalih | andadèkkên bêdhiyan ||

22. ni mban inya lawan para cèthi | mawang gusti anjomblong sêdaya | kumêdhèp têsmak netrane | kakungira abaut | luwês manis amilangoni [a...]

--- 236 ---

[...milangoni] | miragèng ngranupada | sasêbdanya arum | Kusuma Yu Anjasmara | gandês manis rumakêt amêsajani | wong ayu gawe brôngta ||

23. awiraga gandhang galak liring | gêbyar-gêbyar sunarnya kumilat | urup lan waja mancorong | kêkuwungira têmpur | tumaleram arêbut manis | gumilang-gilang raras | wor sêngkang sumawur | pating karênyêp sumirat | ting karêthap lir lintang sayuta kègsi | kang sarêng pangalihnya ||

24. Dyan Sêsôngka ginandan burat sri | pan jinanton rêsmi myang hèr mawar | linut kasturi jêbate | ngambar gandanira nrus | têmpur lawan ruming sang dèwi | arumnya gêgotongan | sêparan-paran nrus | kumutug mangampak-ampak | ngidid kungas lir kayangan widadari | sajroning padalêman ||

25. nora siwah lir kaswargan ngalih | èbêg sagung kumaraning endah | asri ing pisunggatane | datan kêna winuwus | kawis-kawis rêja-rêja sri | asrining ing kawuryan | kawiryawan pênuh | cêngêng lênglêng kalênglêngan | singa mulat kadya linêlês kang ati | atine karungrungan ||

26. langkung dènnya sang dyah amawor sih | datan pêgat ingkang sih-sinihan [sih-...]

--- 237 ---

[...sinihan] | aja wêlèh caritane | mosa-borong kang ngidung | pangidunge kang nuju galih | yugya kinawruhana | dènira satuhu | pangulahe ngasmararja | arjèng pragya kasmaya winayang rêsmi | rêsmyanrus kajuwatan ||

27. paja-paja winangkarèng kawi | ya ta ring sang maworkên ing raras | wus minggah ing jinêm rume | mangun kasmarjèng lulut | puja brôngta mulêt milêt sih | anglir Sang Kumajaya | mamriyêmbadèng rum | naya wimbuh-kawimbuhan | embah-embah sarkara têmpur lan manis | niscayèng endra prana ||

28. kasosrawi môndra martèng lungit | padya-padya priyakèng sudama | rumangguh tanpa liripe | de sang môndraja tèngsu | srining parta carana rêsmi | kungas pangrêganing tyas | rujit puspita rus | irim-irim ramyang raras | pangudyèng drêsananing raras wiyati | kocap thathit kumênyar ||

29. maharjèng wignya asmara brangti | dirèng wulangun pangrarasing dyah | rêjas wong sari sêdyane | mayangkara sumawur | lir brêmara misudyèng ing sih | miragèng ngranupada | titising pasêmun | pandam liringnya winawang | siram-siram wêrdaya kilating èsthi | mahartyèng swara dibya ||

30. wus dumugi dènira don rêsmi | tan [ta...]

--- 238 ---

[...n] ingucap dènnya pulang raras | rinasa ing sêmu bae | ya ta sang kalihipun | lir mintuna kalawan mimi | dahat tan kêna bênggang | ing saparan runtung | ombak agung ing tunjung bang | golang-golong lêmpuyang kang anèng têgil | tansah aprêjanjian ||

31. têngah dalu Radyan Damarsasi | dènnya praptèng anèng kubon sêkar | dungkap bangun rainane | gênti ingkang winuwus | Layangseta Layangkumitir | anèng ing kapatihan | sowan ramanipun | sadalu agunêm ing prang | pratingkahnya ring Sang Sindura Dipati | myang Rônggalawe Tuban ||

32. miwah marna Prabu Urubêsmi | Sêta Kumitir mundur sing ngarsan- | ira ing rama wancine | apan wus lingsir dalu | datan eca raosing galih |

kèndêl anèng pandhapa | ngantya bangun esuk | myarsa bênce mawurahan | têkak[21] gantêr têtuhu barung lan kolik | anèng ing pêpungkuran ||

43. Pangkur

1. Dyan Kumitir Layangseta | wadyanira pinêpak sampun prapti | kajinêman patang puluh | samya binêgta nganglang | radyan midêr-midêr anèng kubon santun | sêgsana Dyan Layangseta | lawan Dyan Layangkumitir ||

2. saya tan eca ing manah [ma...]

--- 239 ---

[...nah] | gya majêjêb dalêmira kang rayi | Anjasmara sang lir santun | sarêng prapta ing lawang | aningali wong loro padha alungguh | swaranya pating karêcap | ingulap-ulap awanti ||

3. kumlebat anulya kesah | tinututan dhatêng rahadyan kalih | ingupados tan kêpangguh | radyan sampun graita | dalêmira kang rayi klêbêtan pandung | ya ta sêgsana kinêpang | lan wong kajinêman sami ||

4. sinêsêg pangêpangira | samya sikêp tinggar kêlawan biring | dènira dyan kalihipun | asikêp tamèng pêdhang | ri sêgsana dyan kalih mangintip gupuh | amawas rêngganging lawang | gya myarsa swaraning rayi ||

5. lawan swaraning satriya | imbal laras gêguyon rêbut manis | Seta dhodhog kori asru | nguwuh mring Anjasmara | Anjasmara sapa rowangira iku | kaya swaraning satriya | gaguyon nèng tilam sari ||

6. kumêpyur ing manahira | Anjasmara dangu datan nauri | gya ngrangkul mring sang binagus | kangmas ika si kakang | Layangseta anguwuh-uwuh maringsun | ênya-ênya dhuwungira | kangmas dandana sing bêcik ||

7. amèsêm Radyan Sêsôngka | sarya ngaras dêlingira amanis | kados pundi radèn ayu [a...]

--- 240 ---

[...yu] | ing karsa jêngandika | pan punapa kawula kinèn anutut | punapa kinèn apanggah | sakarsa ingsun lampahi ||

8. manguwuh malih Dyan Seta | Anjasmara dene nora nauri | sapa rowangira iku | ya ta sang dyah ngandika | Kangmas Damarwulan aja sira nutut | lawan aja pacakara |[22] kakang yèn sira ngêmasi ||

9. ya ta kang para pawongan | ting bilulung tambuh ingkang dèn ungsi | ni êmban inya agupuh | nangis nungkêmi radyan | gusti-gusti kawula amanggih lampus | ing mangke wus kawanguran | tan wande kawula mati ||

10. Dyan Damarwulan ngandika | bibi sira mênênga aja nangis | pasrahna ing jawata gung | yêgti môngsa bakala | sun labuhi bibi lamun sira lampus | dèn prêcaya ing Sugsmana | bibi aja nyipta pati ||

11. Anjasmara angandika | kangmas-kangmas aja pisah lan mami | mêngko yèn si kakang nubruk | ingsun tamèngna ngarsa | dimèn kogêl kangmas mring dika wong bagus | sênadyan tumêkèng pêjah | angur ingsun kang dhingini ||

12. amèsêm Dyan Damarwulan | sang dyah rêtna pinangku dèn arasi | sang

--- 241 ---

dyah patrêmnya ingunus | pinusthi anèng asta | Dyan Sêsôngka amawang sabdanya arum | jimat mundrine pun kakang | punapa patrêm tinarik ||

13. sang dyah amangsuli sabda | lamun sira kakang tumêkèng pati | ingsun anglabuhi lampus | sokur kangmas yèn ora | radyan mantri angaras sabdanya arum | jimat mundrine pun kakang | sêsotyaning tilam sari ||

14. biyadaning kêpatihan | ingkang asih ing dasih kang kaswasih | pasrahna ing jawata gung | rakamta[23] Damarwulan | ingkang patrêm

yayi prayogi sinarung | purba punapa manungsa | ngandêla ing Sugsmana di ||

15. ingkang karya pêjah gêsang | wangsul dipun pintaa kang nugra sih | yèn parêng lan bêjanipun | sayêgti tinulungan | Anjasmara mèsêm patrêmnya sinarung | sapa ingkang tan wêruha | Sugsmana kang karya pati ||

16. yèn anu kaya pandhita | sêpiraa kang ati sênag-sênig | amèsêm Dyan Damarsantun | sang dyah ngras prêmbayunnya | anyiwêli Anjasmara sarwi muwus | bok si matak-matak apa | matak apa-apa aji ||

17. pijêr ngarasi kewala | iki si wong ora duwe kuwatir | kaku rasaning tiningsun | ing kene mêlang-mêlang | jêr Sugsmana [Su...]

--- 242 ---

[...gsmana] murah marang titahipun | yèn mati kapriye kangmas | mèsêm dyan ngaras panêpi ||

18. Kumitir Dyan Layangseta | ponang kori adangu dèn dhodhogi | awanti-wanti manguwuh | hèh sira Anjasmara | ala têmên sapa dhayohira iku | lah age sira mêtua | Anjasmara anauri ||

19. gumêndhèng awor lan guyya | sungkan sungkan pan lagi ewuh mami | Dyan Seta manabda asru | lah ewuh-ewuh apa | sang dyah mojar lagi ewuh jaluk pangku | mring kakang mas Damarwulan | Dyan Seta anêbda bêngis ||

20. nora talah asu desa | wani-wani marang sadulur mami | dyan mantri mangsuli wuwus | supados yèn puruna | awit sangking karsane rinta sang ayu | darmi ngladosi kewala | ing mangke kula labuhi ||

21. brêmantya Dyan Layangseta | nguwuh-uwuh sarya jêjêgi kori | alah dene mènthèlipun | sabên tinari krama | sakèh mantri pungkawa para tumênggung | tinampikan ujarira | lumuh nambut ing akrami ||

22. saiki alaning ala | wong caluthak dadak gondhol pêkathik | sang dyah gumêndhèng amuwus | sapa arêp wong kompra | para mantri tumênggung pating

--- 243 ---

cathuthuk | asêbut tur mangkak-mangkak | lêkas ladak kaya anjing ||

23. sênajan si pêkathika | bagus têrus ambênthing tur gumrining | wingwing jukining tur alus | mêmês mêsês wiraga | sêkar banjar kuning mêncorong lir daru | tur putrane kangjêng uwa | pantês ingsun kawulani ||

24. sapa sapa sapa kakang | kang abagus kaya Dyan Damarsasi | priye ta apa wis rêmbug | sira wong roro kakang | ingsun panggih lan kakang mas Damarsantun | yèn tan rêmbug ingsun minggat | rangkat lan Dyan Damarsasi ||

25. Layangkumitir anyêntak | Anjasmara cocote lir gulamit | labuhi kêkompra dhusun | sumaur Anjasmara | sikak asu aja sira ajêjêgug | cocote si kurang ajar | bramantya Layangkumitir ||

26. nimbali wong kajinêman | kawan dasa andêdêl ponang kori | gya bêncah Dyan Seta gupuh | lumumpat ngikal pêdhang | aprayitna kang tamèng pinutêr asru | Dyan Sôngka amangku sang dyah | anèng watoning jinêm mrik ||

27. sêgsana Dyan Layangseta | duk mangayat mêdhang kogêl mring rayi | sang dyah gumêndhèng amuwus | mara-mara tibakna [ti...]

--- 244 ---

[...bakna] | Damarwulan yêgti sun belani lampus | amênggah Dyan Layangseta | sêgsana Layangkumitir ||

28. ngundha tamèng ngikal pêdhang | duk mangayat Anjasmara sru angling | mara tibakna dèn gupuh | mêdhang mring Dyan Sêsôngka | pan sayêgti kangmas sun belani lampus | mara-mara tibakêna | grêgêtên Layangkumitir ||

29. Dyan Sôngka rangkêp lan sang dyah | gya pinêdhang jumêbrèt tan nêdhasi | sang dyah jajanira murub | kinarya tamèng ngarsa | pan tinitir Kumitir pamêdhangipun | ngantya sangêt nora pasah | sang dyah ginêbrag ing tamsir ||

30. manangkis sang dyah ambalang | pamojokan kêpranan Dyan Kumitir | kumêpruk ing mukanipun | agubras dubang jingga | lathi malik bathuk manyonyo sasêntul | Kumitir tandya lumajar | kadya wong kuramas gêtih ||

31. Dyan Layangseta amojar | Damarwulan têka tamèng pawèstri | payo tadhahana ingsun | Anjasmara angatag | tuman bae mara papagna dèn gupuh | mara-mara kangmas mara | mangsah datan angunduri ||

44. Durma

1. tinadhahan ing pêdhang mring Layangseta | Damarwulan tan osik | dyan tansah lumumpat | amêdhang sarya milar | wanti amêdhang

--- 245 ---

manitir | sarya angucap | hèh mati sira mati ||

2. Dyan Sêsôngka tan lawan ing kyating sura | pinêdhangan tinitir | anangkis ing asta | radyan èsmu mangrêpa | putêr-maputêr matitir | pêdhang lir kilat | gègèr kang para cèthi ||

3. bilulungan tangisnya amawurahan | sêsambat ing dyan mantri | Rêtna Anjasmara | mrêpêki mring Dyan Sôngka | kangmas malêsa dèn aglis | kakang mas mara | ywa pijêr dèn pêdhangi ||

4. Radyan Seta pamêdhangira sarosa | milar mêdhang manamsir | pêdhangnya kêtampan | ing astanira radyan | kang pêdhang pinuntir aglis | dadya têtiga | tikêl kadya gugali ||[24]

5. Seta milar wus prapta jawining lawang | manahira atintrim | wadya kajinêman | wêwalu kinèn nrajang | Dyan Sôngka mêdal sing kori | wus tinadhahan | kinarubut ing bêdhil ||

6. ponang mimis tan tumama ing sarira | sinosog ganjur lungit | Dyan Sôngka apanggah | tansah wayang-wayangan | wong kawan dasa ngêbyuki | ngêdrèl anumbak | tan ana kang ngênèni ||

7. Anjasmara nututi Radyan Sêsôngka | angsung talêmpak aglis | sêgsana [sêgsa...]

--- 246 ---

[...na] tinampan | radyan sarya angaran | tandya umangsah dyan mantri | wong kajinêman | binuntaran kèh mati ||

8. bêncah tatas macicil netra macithat | usus manguwir-uwir | singa maju pêjah | kang mundur tan brana |[25] Palon Sabdapalon aglis | nrombol umangsah | sangking umpêtan gupit ||

9. sadangunya nèng pawon angrikitiyan | sêmana amarêngi | kang bêkothok jangan | anèng kuwali panas | miwah sambêl goreng tuwin | anèng ing wajan | sawadhahnya cinangking ||

10. Palonsabda Genggongnaya sarêng mênjak | wong kajinêman aglis | sasisaning pêjah | mukanya siniratan | ing bêkothok jangan sami | wênèh tinêpak | ing goreng sambêl wanti ||

11. bilulungan wênèh jungkêl myang lumajar | gègèr mawur magusis | Dyan Seta nguncalan | ing kuwali kang sirah | kumêpruk kalung kuwali | mamrêm lumajar | Layangkumitir gêndring ||

12. tinututan ing Genggong sarya binalang | ing goreng sambêl aglis | gêgêrira gubras | sangsaya nêbas-nêbas | gègèr otêr jroning puri | kadya ampuhan | tangis pating jalêrit ||

13. kyana patih [pa...]

--- 247 ---

[...tih] saklangkung ing dukanira | wong kapatihan aglis | pinêpak wus prapta | baris nèng pêlataran | wong dhomas asikêp biring | myang sikêp tinggar | towok pêdhang lan tamsir ||

14. andêlira ingaran wong yudaraga | asikêp ganjur lungit | kèhnya kawan dasa | malih pan ingaranan | wong kawan dasa saragni | asikêp tinggar | rongpuluh talangpati ||

15. tau jitus asikêp tamèng lan pêdhang | iya wong talangpati | ki patih wus ngasta | waos agêm pusaka | surya sumirat kang wanci | sapirang-pirang | natar èbêg kang baris ||

16. kyana patih lumêbêt ing kubon sêkar | ingapit talangpati | Kumitir lan Seta | matur sarya karuna | kalih samya tawan tangis | matur wotsêkar | sasanèskara titi ||

17. saya sangêt ki patih brêmantyanira | talingan lir sinêbit | mangsah gurawalan | lawan wong talangpêjah | Anjasmara kang winarni | tansah karuna | ambondhèt mring dyan mantri ||

18. buntarira ing sinjang wus binundhêlan | lan kuncanya dyan mantri | Sabdapalon lawan | ni mban wus gêgandhengan | ni inya bundhêlan kalih | Ki Genggongnaya | wus samya

--- 248 ---

ambêg pati ||

19. Anjasmara ngandika mring Dyan Sêsôngka | kangmas ingsun labuhi | payo barêng pêjah | tigan sapêtarangan | aja sêlaya ing pati | sokur jêng rama | awêlas mring wong kalih ||

20. kang supaya tulusa apalakrama | gêsang tumêkèng pati | nèng ing swarga nraka | aja pisah lan dika | mangsuli Dyan Damarsasi | sakarsaning dyah | nah anggèr sun labuhi ||

21. ri sêgsana sang kalih kêkanthèn asta | sêdya mrak ing sudarmi | lan ni babu inya | Gegong[26] lan Palonsabda | ya ta sang rêkyana patih | kasaru prapta | ginrêbêg talangpati ||

22. Layangseta Kumitir lumampah ngarsa | sang dyah patrêm tinarik | wus ambêg palastra | tan ana kang kacipta | liya si radyan minantri | praptèng byantara- | nira sudarma patih ||

23. sang kusuma sarya amônca udrasa | rangkulan lan dyan mantri | kya patih duk myarsa | mênggah angusap jaja | gêrêng-gêrêng kewran galih | dene ta sang dyah | rangkulan lan dyan mantri ||

24. Anjasmara sambate kadya gurantang | rama ulun ngêmasi | yèn paduka duka | dhatêng Radyan Sêsôngka | sayêgti darmi nglampahi | awak kawula | ingkang adarbe kapti ||

25. rama-rama lêhêng kula pêjahana | èstri rêgêt nèng

--- 249 ---

bumi | nyidra ing asmara | rêmên pêkathik desa | anistha tur kawlas-asih | putraning uwa | Maundara ing nguni ||

26. jêr ing mangke sampun murca amrêtapa | mila dyan Damarsasi | tuwan siya-siya | awon ing tingalira | tinundhung ing Maospait | alaning ala | ing mangke nyidrèng rêsmi ||

27. ngong labuhi wong loro datan sulaya | gêsang tumêkèng pati | kawula tur asab | apêjah lan kakang mas | sokur yèn paduka sudi | abti ngambila | mantu dhaup lan mami ||

28. puluh-puluh rama jêr kawula trêsna | mring kangmas Damarsasi | tur trahing utama | dhasar anunggil bôngsa | ewasêmantên dèn suprih | ing dedenira | yêgti kula belani ||

29. lan sêdene wong loro pun babu inya | samya drêmi nglampahi | datan darbe ala | witning lir cocak môngsa | dènnya mambêngi mring mami | ulun tan kêna | mila lumiring kapti ||

30. lakar kula rama kula tuking ala | ywa tanggung têkèng kapti | yèn paduka duka | lamun tan kolu rama | amêjahi dhatêng mami | jaja kawula | ulun suduk pribadi ||

31. sinurakan ulun dening ing jawata | ingaran wêdi mati |

--- 250 ---

mêdal sing trahira | Jêng Eyang Gajahmada | cacade dadi pawèstri | pun Anjasmara | lananga ngrata bumi ||

32. dhasar lumuh ing karya panggawe nistha | tan watak amrih silip | sênadyan rêmêna | dhatêng Radyan Sêsôngka | dhasar nglabuhi kaswasih | datan kuciwa | kangmas sun kawulani ||

33. amawia nêmbung dhatêng ing paduka | mendah paduka yêgti | tangèh nurutana | mindhak saya niaya | dhatêng kangmas Damarsasi | kula tur môngsa | sandeya apêpanggih ||

34. mendahane kakang Kumitir lan Seta | dènira amrih pati | mring Dyan Damarwulan | lir satru kabuyutan | ulun tan wurung amati | nglabuhi kangmas | mila mangke wak mami ||

35. untapêna rama ing pêjah kawula | yèn lingsêm ngakên siwi | dhatêng Dyan Sêsôngka | ya ta rêkyana patya | myarsa sambate sang dèwi | pan èsmu waspa | jroning tyas èsmu kingkin ||

45. Asmaradana

1. wagugên rêkyana patih | ketang trêsnane mring Sang Dyah | Anjasmara sang lir sinom | tur putra dinama-dama | ngrampungi salir karya | tadhah budya sarèhnya rum | wignya ngadani nagara ||

2. ing rèh kabopatèn wêgig | kêna tinari ing karya |

--- 251 ---

sok dhasar dimonga bae | tau nigas karya prana | bèr donya prangwadana | nalar ing kagunan putus | ing tindak-tanduk prasaja ||

3. tur bisa amujanggani | ruwêt-rêntênging sudarma | kêna jinujug wadyane | sadaya wong kapatihan | kang samya kakurangan | mring sang dyan pangungsènipun | bisa angecani manah ||

4. mila kogêl sang apatih | wusana arum ngandika | Seta Kumitir nak ingong | ewuh têmên atiningwang | marang si Damarwulan | ingsun pêjahana tamtu | Anjasmara bela pêjah ||

5. matur Dyan Seta Kumitir | inggih sênadyan atmaja | yèn awon yogi pinatèn | akarya rêntênging praja | nistha kalokèng jana | nyênyampur lampah rahayu | alêgêg rêkyana patya ||

6. wusana ngandika aris | kulup iya karêp ingwang | yogi kinunjara bae | gampang ing pamburinira | mêngko Si Anjasmara | kêlawan Si Damarsantun | ingong siasat kewala ||

7. ban inya parêpat kalih | iya padha siniasat | jêr padha panunggalane | ngugungi panggawe ala | wêdi malangi karsa | bok iyaa tutur mring sun | wong tuwa datanpa [da...]

--- 252 ---

[...tanpa] karya ||

8. angrojongi nalar sisip | padha rantenên kewala | iya pirangbara têmbe | kaki ingsun olèh nalar | kang yogya dadi tilas | nanging saikine kulup | mangkono ing karsaningwang ||

9. nêmbah Dyan Seta Kumitir | rumojong karsaning rama | rêkyana patih dêlinge | dhatêng putra Anjasmara | lah dhenok priye sira | apa gêlêm amiturut | ing sakarsa-karsaningwang ||

10. sang dyah aturnya kaswasih | yèn kalih dyan Damarwulan | yêgti tan lênggana ingong | dhatênga ing lara pêjah | nglampahi ing sakarsa | kyana patih sabdanya rum | lah ta babo putraningwang ||

11. sira lan Si Damarsasi | ing mangko ingsun kunjara | dèn narima sira anggèr | witne sun iki kalintang | trêsna marang ing sira | tur cotho ing karsaningsun | sira anèng ing kunjaran ||

12. yèn tan sun trapana nini | agawe pangewan-ewan | ambubrahakên wong akèh | ngugung nalar kaluputan | ingsun kang kaluputan | rêntênge ing praja besuk | katarik ing ati sabar ||

13. kang amilih-milih adil | amirang-mirangi tindak | iku lêlarangan [lê...]

--- 253 ---

[...larangan] gêdhe | tinagih ing Sugsmanôngsa | ing rèh sadirgèng praja | yèn tan katrapa putrèngsun | ginrayang ing tyas raharja ||

14. ya ta kusumaning adi | abêbisik mring Dyan Sôngka | lah ta kakang kaya priye | karsaning jêng rama patya | pan samya kinunjara | tan pisah sira lan ingsun | rahadyan mangsuli sabda ||

15. sumôngga ing dika gusti | katrap sajroning kunjara | sok sampuna pisah bae | gêpah Rêtna Anjasmara | tandya matur mring rama | inggih sakarsa pukulun | kawula datan lênggana ||

16. sok sampuna pisah ugi | ulun lan Radyan Sêsôngka | rêkyana patih dêlinge | iya tan sun pisah sira | aran sapadha-padha | tur dadi panrimanipun | yèn mati nunggil kuwônda ||

17. Dyan Seta Layangkumitir | tan arsa mulat arinya | tansah amalengos bae | ya ta sang rêkyana patya | garwanya tinimbalan | praptèng ngarsa wus tinutur | ing sasanèskaranira ||

18. purwa wusana tanapi | karsanira sang apatya | kang garwa asru tangise | nungkêmi mring putra sang dyah | sasambatnya mlas-arsa | nanging wus narimèng pandum | sarya panyêrênging raka ||

19. sabdanira sang apatih | mara

--- 254 ---

yayi pramèswara | Si Anjasmara dèn age | lêbokêna ing kunjara | lawan Si Damarwulan | nèng pungkur kori dèn kukuh | kuncinên sêka ing jaba ||

20. dene kang parêpat kalih | si êmban lawan si inya | padha gandhèngên ing rante | dene kaki Layangseta | Kumitir amèlua | manjing ing kunjara gupuh | lan ngrante si êmban inya ||

21. sêdene parêpat kalih | pramêswari lumagsana | lan Dyan Seta Kumitire | wus kering Dyah Anjasmara | lawan Radyan Sêsôngka | parêpat êmbanira wus | dhatêng kubon pêpungkuran ||

22. Anjasmara lan dyan mantri | samarga kêkanthèn asta | awirandhungan lampahe | radyan arêrimong kunca | Yangyang Parta sungkawa | singa mulat mijil kang luh | akèh ucaping wanodya ||

23. kênaa dipun talangi | dukane rêkyana patya | sun gêlêm dèn sulihake | manjing sajroning kunjara | owêl Radyan Sêsôngka | lawan kusumaning ayu | Rêtna Dèwi Anjasmara ||

24. sawênèh ujaring cèthi | iku si pilara apa | nèng kunjara tunggal bae | malah tan maro mrêtira |[27] nutug dènnya asmara | tunggal manèh nora

--- 255 ---

sêngkut | angêntèkkên samatian ||

25. adoh elok dèn layari | samya larag-linaragan | iya amrih pêdhadhune | sun têtêdha ing jawata | sang kalih muga-muga | inggala angsal pitulung | luwar sangking ing kunjara ||

26. ingsun kaul angladèni | nora kudu apa-apa | sok panèna mata bae | sawênèh ujaring janma | Sang Rêtna Anjasmara | mendah dene anonipun | anu lawan Dyan Sêsôngka ||

27. ya ta sêmana dyan mantri | lan sang dyah wus kinunjara | asri tinon lêlangsene | pêsareannya apelag | tansah arêrangkulan | lan rakanta sang binagus | kadya mimi lan mintuna ||

28. narima ing Sugsmana di | katrap dene ing siasat | labêt lèngrèh tan krahayon | amurang tataning praja | nyidrani ing apatya | ing mangke wus praptèng pandum | mungkur ing Hyang Sugsmanôngsa ||

29. ni êmban inya wus sami | rinante cinancang saka | tuwin ki parêpat karo | rinante cinancang sarya | binlênggu cinêngkalak | kang gulu samya dhinadhung | tur êduk ingkang kinarya ||

30. Si Radyan Seta Kumitir | sêklangkung

--- 256 ---

asiya-siya | dhumatêng Ki Nayagenggong | datan pêgat jinotosan | sarya dinulang lêmah | ginêpyokan ing kêmadhuh | sarya siniraman toya ||

31. Nayagenggong jêlah-jêlih | mamisuh sarya karuna | sinêlanan alêlagon | Sabdapalon linorekan | angus mring Layangseta | sinambêlan matanipun | sarta ingidonan dubang ||

32. Ki Sêbdapalon anangis | datansah apêngkêrêdan | sawiyah-wiyah pisuhe | ya ta ring sang pramèswara | Kumitir Layangseta | wus kondur ing prênahipun | kadya mêntas mêgat nyawa ||

46. Mêgatruh

1. gênti ingkang kawuwusa sang hyang wiku | kang pilênggah Ardi Manik | sinuji[28] ing jawatagung | wus bôngsa dewa tan pêsthi | kègsi ing sasamining wong ||

2. ngraga sugsma pan sampun wêngku-winêngku | tiningalan aningali | wignya amarna ing suwung | suwungira amimbuhi | sêkarèngira sih pawor ||

3. Sang Hyang Ruci brôngta ing kanyatanipun | atuwuk datanpa bugti | kawiryan sampun kagadhuh | datan karna amiyarsi | tan guling datan kalêson ||

4. ing sadhèpokira tan pêsthi kadulu [kadu...]

--- 257 ---

[...lu] | wujude kêlawan êsir | sirna kamanungswannya wus | bisikanira sang yogi | Hyang Bathara Murti kaot ||

5. hyang bathara iya ing Sang Hyang Suwendu | iya Hyang Srêkara Manik | Hyang Tunggul Winênang iku | iya Hyang Kumadhagiri | ya Hyang Ciptamaya kaot ||

6. Hyang Sakôntha Hyang Ganaswara sang wiku | iya Sang Hyang Tunggulmanik | watak nawa songa sampun | linênggahan sang hyang yogi | lan paringing jawata nom ||

7. mila aran Bathara Murti sang wiku | angluhuri ing sêkalir | mila aran Hyang Suwendu | awas karsaning Sugsma di | kang durung kênyataning wong ||

8. mila Sang Hyang Srêngkara Manik jujuluk | langgêng wus mungkur sing pati | mila pêparap sang wiku | Hyang Tunggul Winênang dening | jinurung ing Hyang Sugsmanon ||

9. malih Hyang Kumadhagiri kang jêjuluk | dene awrat kang dumadi | tan kungkulan kawruhipun | Hyang Ciptamaya wêwangi | wus wruh ing sakrêntêging wong ||

10. mila juluk Hyang Sakôntha sang awiku | lamun ningali ing wêngi | jumbuh lan rainanipun | tan padhang sing surya sasi | tan pêtêng kalingan ênggon ||

11. apêparap Ganaswara sang awiku | wruh caturing widadari | myang pra jawata sêdarum [sêda...]

--- 258 ---

[...rum] | miwah jin prayangan pêri | kapyarsa ing sang kinaot ||

12. mila Tunggulmanik ingkang ajêjuluk | awas ing warna piningit | wruh kang samya bôngsa alus | singa kinarsan kaègsi | ing sawantahnya pasêmon ||

13. sangkêp lan babahan nawa sanganipun | pêparapira sang yagi |[29] têtêp-tinêtêpan sampun | trima-tinarimaning sih | sanga nêpsuning dumados ||

14. wus ingulihakên mring kang karya pandum | mila namanya sang yagi | pambêgta kalaning timur | Maundara tan kawarni | ing rèh jisim wus kagêntos ||

15. pamujutnya lawan kanugrahanipun | ing mangke sang maha yêgti | kacatur adarbe sunu | pêpujan kalaning nguni | pêparingira Sugsmanon ||

16. alantaran Hyang Samba nama Yyang Guru | Hyang Komajaya lan Ratih | ingkang pinuja binêsut | winujutkên warna kalih | Hyang Cakrakêmbang sêkaron ||

17. upamine sarira ingambil kang rum | sêkar Yahyang Asmara di | lan Ratih dening rumipun | kinarsan pinuja dadi | ing atma endah sêkaron ||

18. winadhahan ing kunthi tirta marta rum | Hyang Putra Kaneka Rêsi | iya Hyang Kaneka tumrun | maringakên ponang [po...]

--- 259 ---

[...nang] kunthi | sawusnya binuka alon ||

19. kalih warna ingkang satunggal abagus | Tanpauna kang wêwangi | Yanghyang Kumajaya jumbuh | ingkang satunggal pawèstri | endah lan Ratih pan awor ||

20. Tanpauni anênggih ingkang rum-arum | sarining Yyang Kumasari | sarining sari pinrês kung | ing purwa atmajèng kalih | sajagat tanpatuk[30] anon ||

21. dene Sang Hyang Kumajaya Ratih sampun | sinimpên anèng swarga di | apan kantun sêkaripun | arume sampun tumitis | anèng sang yogi ingêmong ||

22. Hyang Tanpauna Tanpauni sang ing rum | nanging ta tansah piningit | nèng sajroning kunthi cupu | pambabarira anganti | ing jagat kang ponang lakon ||

23. pan ing mangke Hyang Sakôntha sang awiku | dahat kapêtêngan galih | rèhning nagri Majalangu | sigra Hyang Narada prapti | lan Hyang Endra sabdanya lon ||

24. hèh ta babo mintraningsun[31] sang awiku | prakara ing Majapait | atas karsaning dewa gung | titahing sang prabu dèwi | lagya kinarya lêlakon ||

25. lan sêdene yogyanira Damarsantun | lagya kinarsan dewa di | anglakoni ing kaswayun |

--- 260 ---

ing rèh bakal mêngku bumi | mila sinung karya abot ||

26. kang supaya kinarya sasêpuhipun | ing sasêdyanira kaki | lir gluga sinusur santun | kawimbuhan ing prêtapi- | nira atmanta sang anom ||

27. dhasar wijinira wus pinêsthi ratu | amarentah Nungswa Jawi | imbuh kang pujamôntra nrus | pamintanta ing Sugsma di | iya pawong-sanak ingong ||

28. wimbuh kungas tan ngluputi ing sakayun | nanging atmanta pribadi | mingsih kurang tapanipun | sayêgti anguciwani | awrat wong jumênêng katong ||

29. bênrê alusira wus pinêsthi luhur | raga durung nêmbadani | akathah kuciwanipun | rèh padha rosane kaki | alus lan wadhag tan golong ||

30. kang sawênèh nugrahan kagawèng alus | wênèh kapurba sing jisim | rong prakara pajunipun | dene kang kalêbèng jisim | ing nguni alusira sor ||

31. nanging wadhagira kang pêrtapa bêntur | akèh tapane kang jisim | ana tapa kurang turu | ana tapa kurang bugti | ana tapa mrih krahayon ||

32. yèn si dhasar têmên-têmên ing dewa gung | aluse kapurbèng jisim | nadyan andhap sinung luhur | sangking pamangsuding

--- 261 ---

puji | sinung murah ing Sugsmanon ||

33. kang sawênèh wadag kapurba ing alus | tur asor wujuding jisim | ing pangrèh datan rahayu | sing têmên tênnya luwih |[32] alus minulyakkên kaot ||

34. sadurunge wus pinasthi bôngsa luhur | kawasesa ponang jisim | nugrahan pujining alus | sinung murah ing Sugsma di | iku pawong-sanak ingong ||

35. upamane babo titahing dewa gung | nyawane nyawa kang luwih | tur papêsthèn bôngsa luhur | jisime kang nêmbadani | tur warnanira kinaot ||

36. bêntur tapa sasolah ngrèh kang rahayu | wimbuh sinurung ing puji | utama puji kang wus wruh | awas ing kaanan jati | sumbaga panglêmbaningong ||

37. myang panggunggung sagung titah kang tumuwuh | tuwuhing rèh ngraharjani | lawan sing darajadipun | tumindak nugrahan jati | marma pawong-sanak ingong ||

38. putradika[33] Si Damarwulan sêklangkung | pinrêtapakkên nèng bumi | sawab gêgadhangan ratu | aja kawisesèng budi | ing nyawa jisime golong ||

39. wadhag alus têrus kanugrahanipun | ywa karana dèn murahi | mulyaa lan tuhunipun | sêmbada lan kang pamuji | iya pawong-sanak ingong ||

40. Hyang

--- 262 ---

Suwendu wotsêkar umatur nuwun | Hyang Panji Nrada lingnya ris | babo-babo mintraningsun | karsaning Sang Hyang Pramèsthi | pan ing mangke kita kinon ||

41. manjingakên Si Tanpauna dèn gupuh | mring atmanta Damarsasi | dene Tanpauni iku | panjingna mring prabu dèwi | ing Maospait kêdhaton ||

42. Hyang Srêngkara wotsêkar umatur nuwun | sapakon dasih mèstuti | latah Hyang Manikmaya wus | mêsat lan Hyang Endra sami | sri natanira gumantos ||

47. Sinom

1. ya ta Sang Tunggul ngasrama | wus marêm ing tyas mèstuti | mêsat dhatêng Majalêngka | gêntya winursitèng kawi | sira Dyan Damarsasi | kinunjara lan sang ing rum | Kusuma Anjasmara | kêlangkung dènnya lulut-sih | anujoni ing dina Anggara Mulya ||

2. lingsir dalu wancinira | Dyan Sôngka eca alinggih | kagyat duk kala tumingal | cumlorot sangking wiyati | ujyala mindha sasi | praptèng jro kunjara lungguh | gandanya sumrik kongas | titise ing sabta swargi | Dyan Sêsôngka mangrêpa nêmbramèng sabda ||

3. pukulun sintên kang prapta | amrêpêgi ing kaswasih | arum dêlingnya kang prapta | iya [i...]

--- 263 ---

[...ya] kêkasih dewa di | sira tanya ing mami | Sang Hyang Tanpauna ingsun | titising Kumajaya | piturun sangking swarga di | babo arsa manjing marang garbanira ||

4. umatur Dyan Damarwulan | paran gèn tuwan margani | lan ing pundi marganira | amanggèn sajroning jisim | rèhning wus pênuh sami | kagungane Hyang Sugsmama gung |[34] lan punapa kang marga | ing rèh samya darbe kardi | Tanpauna manabda ing lesanira ||

5. umatur Radyan Sêsôngka | hyang pukulun lesan mami | rinewang nabda mring dewa | Sugsmana kang luwih adi | Hyang Tanpauna angling | sangking netra marganingsun | umatur Dyan Sêsôngka | pukulun netrangong kalih | darbe karya mulat ing kaanan tunggal ||

6. Hyang Tanpauna manêbda | iya kaki sangking kuping | umatur Radyan Sêsôngka | karnaningsun darbe kardi | myarsakkên swarèng bumi | tur swara sangking dewa gung | Hyang Tanpauna nêbda | sangking granânira kaki | Dyan Sêsôngka umatur grana kawula ||

7. pan sampun adarbe karya | gônda pangwasaning Widi | tur ta dadya pêlawangan | nêpsu têtalining urip | Tanpauna lingnya ris |

--- 264 ---

iya kaki sangking êmbun | umatur Dyan Sêsôngka | êmbun kawula sayêgti | panggenane ing budi kang luwih mulya ||

8. Hyang Tanpauna ngandika | iya sangking pusêr kaki | umatur Radyan Sêsôngka | pusêr kawula sayêgti | wus andarbèni kardi | nênggih pakumpulanipun | sagung kang samar-samar | kang alus sajroning jisim | anèng pusêr atas sangking Hyang Wisesa ||

9. Hyang Tanpauna ngandika | sangking jajanira kering | umatur Dyan Damarwulan | kang jaja kering sayêgti | pasênêtaning urip | kang urip lawan pangèstu | tur pangèstuning Sugma | prasasat Sang Hyang Sugsma di | angêdhaton anèng soring susu kiwa ||

10. Hyang Tanpauna ngandika | yèn mangkono iku kaki | sira sun tunggu sing jaba | Dyan Sôngka umatur aris | dadya datanpa kardi | tuwan arsa nitis mringsun | têmah wayang-wayangan | tanpawor sarosèng urip | tanpa karya ngêmadheyan sanès raga ||

11. ngandika Hyang Tanpauna | yèn mangkone Damarsasi | ingsun manjing guwa garwa |[35] awor lan alusireki | dene margèngsun yêgti | iya sakkaduganingsun | rèh ingsun sipat samar | môngsa kewuhana [ke...]

--- 265 ---

[...wuhana] margi | Dyan Sasôngka arum amangsuli sabda ||

12. inggih Sang Hyang Tanpauna | pukulun nugsmèng jro jisim | kadospundi esthanira | raga siji nyawa kalih | Tanpauna tan angling | Yya[36] Suwendu tandya rawuh | ngintip jawi kunjara | amèsêm sang maha yêgti | myarsa dènnya umatur Dyan Damarwulan ||

13. dhatêng Sang Hyang Tanpauna | ya ta Sang Srêngkara Manik | pinêsu kang pujamôntra | cinipta Dyan Damarsasi | sêgsana anglimputi | Hyang Dewaruci wus rawuh | mijil sangking ing grana | kumutug raga tan kègsi | wus kagêntyan ing wujude Ruci brôngta ||

14. Dyan Sôngka sampun murcita | kalimputan dening ing sih | warôngka manjing curiga | curigane Dewa Ruci | Hyang Tanpauna aglis | ingatag dhatêng sang wiku | payo klayatan apa | Tanpauna dipun aglis | lah rasukên aluse Si Damarwulan ||

15. dènnya nabda sang pandhita | sinurung lawan sêmèdi | ginêlak ing pujamôntra | Sang Hyang Tanpauna aglis | ngrasuk mawor manitis | wimbuh-kawimbuhan sampun | karo-karoning tunggal | lir kilang pawor lan manis [mani...]

--- 266 ---

[...s] | padha alus-aluse tanpa wangênan ||

16. pawor ponang cipta rasa | rasane wus dadi siji | Tanpauna Ruci brôngta | kalimputan ing Sugsma di | ing Sang Hyang Dewa Luwih | kang mêngku saliring suwung | suwunge wus kênyatan | ing aluse Damarsasi | alusira jumênêng kalawan wadhag ||

17. wadhagira Dyan Sêsôngka | sangkane jumênêng urip | uripe tanpa kêrana | kêrana Dyan Damarsasi | kang nêmbah kang amuji | marang iya pujinipun | liya Dyan Damarwulan | tan beda sagunging urip | namung kari kang êsih kasrah kewala ||

18. mahawiku tandya mugswa | ya ta Radyan Damarsasi | ragane wus paripurna | alusnya sampun ngrêsêpi | wujut kalawan jisim | ya ta sira sang binagus | cêngêng duk kalênglêngan | rumasuk kêlawan ing sih | sumyar-sumyar kang cahya saya gumawang ||

19. kadya ta purnama wulan | sumyak manglela nêlahi | padhang sajroning kunjara | kongas kang gônda mimbuhi | asor jêbat kasturi | sarining Hyang Kumasantun | dewa mulya ing swarga | pinujwa ingkang wêwangi | wus karasuk ing Radyan Damarsêsôngka ||

20. ya ta Rêtna Anjasmara | sadangunira [sa...]

--- 267 ---

[...dangunira] aguling | sarêng nglilir kagyat mulat | padhang sajroning piranti | kasênênan cahyaning | rakanta Dyan Damarsantun | mêncorong kadya wulan | sêdhênge purnama sidi | tanpa gônda arume ngêbêgi papan ||

21. ngungkuli wangining sêkar | ambar lan jêbat kasturi | kênyataan ruming swarga | sangking sih nugraha jati | sang dyah saya lulut-sih | ing rakanta sang abagus | sang dyah tan nyipta krama | ing sama-samining janmi | anggêpira angabdi jawata mulya ||

22. sêdene ni êmban inya | tênapi parêpat kalih | kagyat mulat jro kunjara | anyana katiban sasi | saha gônda sumyak mrik | samya anjêngêr duk

dulu | wusana suka ing tyas | rumaos badhe angsal sih | samya sokur ing Maha Hyang Sugsmanôngsa ||

23. malih ingkang winursita | maha sang narendra putri | kang tansah èsmu sungkawa | sare anèng môndragini | lami datanpa guling | lagya ing mangke sang ing rum | eca dènira nendra | pinêtêkan Rarasati | prabu rara amujung kampuhnya jingga ||

24. andungkap bangun raina | Rarasati datan guling | kagyat aningali cahya | lir wulan sangking wiyati [wi...]

--- 268 ---

[...yati] | kongas gônda nrus minging | angambar gandanira rum | cumlorot tibèng jaja- | nira sang narendra putri | prabu rara amurup sariranira ||

25. kantar-kantar kang ujwala | mawulat jroning jinêm mrik | sumuk ing sadhatulaya | Rarasati anungkêmi | cêngêng lênglêng ningali | kanikmatan ing sumrah rum | kadya datanpa jiwa | kasor ingkang cahya adi | tandya wungu maha sang prabu wanodya ||

26. pêpungun carêm ing driya | driya kadriyan sumrah mrik | upama lêbu katiga | kasoka bêntèring rawi | tandya katiban riris | siram-siram sing tawang rum | rumêsêp kanikmatan | nikmat ingsih jawata di | duk pawore Tanpauni lan alusnya ||

27. ketang sajroning supêna | lir samêloknya kaègsi | sokur ing Hyang Sugsmanôngsa | karênan pinawor ing sih | matur Dyah Rarasati | duk mirsa kang cahya murup | cumlorot sing awiyat | tibèng jaja lir kabêsmi | manrus sumyak jinêm rum dadya pawaka ||

28. prabu rara angandika | sêjatine ingsun ngimpi | rinasuk ing widadarywa | aran Sang Dyah Tanpauni | sarining Dèwi Ratih | pinujya dening dewa gung | kinèn anitis [ani...]

--- 269 ---

[...tis] mringwang | sawuse pawor lan mami | rasa roro wus dadi karoning tunggal ||

29. yayi ing cipta manira | ingsun ya Ratih ing swargi | Tanpauni iya ingwang | Kêncanawungu ya mami | tur sinung gônda wangi | kênyataan ing swarga gung | kumaraning kayangan | Hyang Cakrakêmbang ing swargi | pustakane wus kagadhuh marang ingwang ||

30. iya ta môngsa bakala | nguni Hyang Kaneka Rêsi | ingutus Hyang Jagatnata | marna karsanèng Sugsma di | baya mèh amêkasi | lêlakone Majalangu | cahyane wus tumiba | kang bakal mêngku rat Jawi | duk ing ariloka wus têtanggon ingwang ||

31. ing sapta-sapta pan janma | yayi tan wurung kêpanggih | pangajapaningsun tawang | kang piningit ing dewa di | sêdene sira yayi | baya pinêsthi dewa gung | barêng mugti lan ingwang | anduwèni Majapait | nora bakal nglabuhi lêlakon ingwang ||

32. rèhning ta sira tumingal | praptèng sun sarya bêgta sih | nugraha jati wisesa | pan ing têmbe sira yayi | barêng lara lan mugti | Rarasati matur nuwun | ing tyas marwata suta | Rêtna Dèwi Rarasati | langkung dènnya kapencut ing madubrôngta ||

--- 270 ---

48. Dhandhanggula

1. kawuwusa enjing prabu dèwi | samya cingak sagung ingkang mulat | gumilang-gilang cahyane | ngambar gandanira nrus | sakêdhaton ing Maospait | pênuh kèbêgan raras | sira sang lir santun | samya anyana ing manah | prabu rara katurunan nugra jati | sinung sihing Sugsmana ||

2. duk sêmana Ki Menak Giyanti | lawan sira Rôngga Minangsraya | sampun katur ing lampahe | radyan kalih kêcakup | miwah wadya ing Maospait | kathah longe kang pêjah | wong wetan saya nglut | dene têtindhihing lampah | Angkatbuta Kotbuta digdayèng jurit | bala wêndran ayutan ||

3. malah sampun ngancik ing Kadhiri | mambêng Kalangbrèt Trêsana Ngrawa | ing Wajak wus nungkul kabèh | Sarêngat wus kacakup | kang pra

menak lumayu tintrim | ngumpul mring Majalêngka | kawratên ing mungsuh | dhasar ajrih mring tilasnya | kawimbuhan rinêmpak kiwul tan pulih | kosik kambah kabrêbah ||

4. sarêng katur mring sang prabu dèwi | sakêlangkung sang dyah dukanira | ing para dipati kabèh | nanging wusananipun | wus sumendhe ing dewa luwih | sasolah-bawaning rat | kawêngku

--- 271 ---

dewa gung | wimbuh sang prabu wanodya | mawang deya amawang suciptèng brangti | ika ing têtanggonnya ||

5. nguni batangnya Hyang Mayamanik | Panji Putra iya Hyang Narada | duk mêgsihnya Rônggalawe | nguni sampun tinutur | dènnya krama abantên jurit | sarah wukir kêpala | asamodra marus | ing mangke wus kêlampahan | kawimbuhan Tanpauna Tanpauni | wus tumrun Majalêngka ||

6. ponang cahya sampun amanjingi | mring sang lagya winayang ing dewa | nanging kêsamaran mangke | Tanpauna trusipun | mila sang dyah sri nata dèwi | mawas-mawas ing tawang | nawang-nawang luhur | titise Hyang Tanpauna | duk sêmana kusuma sang prabu dèwi | kapêtêngan ing driya ||

7. tandya minggah ing sanggar panêpin | anênuwun ing Hyang Sugsmanôngsa | ing rèh wagugên ing tyase | sigra Hyang Nrada rawuh | gya nambrama sang prabu dèwi | hong Sang Hyang Siwah Boja | sing netra kadulu | nir dahna pinara sabda | drêman dêrma suruping nata prayogi | Hyang Carik Widi Nagra ||

8. linging Nrada hong sirantuna sih | saha saha migênana muna | iya kasihing Sugsmanon | babo ingsun ingutus | dene Sang Hyang Jagat Pramèsthi [Pra...]

--- 272 ---

[...mèsthi] | apa ta karanira | kita yogyèng ulun | sira amêmuja brôngta | amintaa kamugtènira wus mugti | mintaa warna endah ||

9. sira nini wus luwih sabumi | sakurêbing akasa tan ana | kang mèmprê mirib dhèwèke | apa ingkang sinuwun | ing Hyang Sugsmanôngsa dewa di | umatur prabu rara | inggih hyang satuhu | nagri Majalêngka risak | yèn tan wontên pitulunging hyang dewa di | dasih langkung sungkawa ||

10. hong Hyang Siwah Boja lawan malih | sintên ingkang mapag Menakjingga | kêlangkung surèng palugon | andêl kawula lampus | tatêlasan kuciwèng jurit | lan Sang Hyang Siwah Boja | dasih minta wêruh | ing Sang Hyang Padya Bathara | sintên titah kang dadya têtanggon mami | angling Hyang Panji Nrada ||

11. babo babo kasihing Sugsma di | kêkasihing Sang Hyang Jagatnata | Samba kasih jwata kabèh | babo kêkasih ulun | aprakara rusaking nagri | lagya kinarsan dewa | jawata kang agung | iya saiki mangsanya | Hyang Sugsmana anitahakên prajurit | tur kêkasihing dewa ||

12. tur ta ingkang bakal amêjahi | iya marang bêthuh Menakjingga | Tanpauna patitise | sang dyah duk myarsèng [myar...]

--- 273 ---

[...sèng] wuwus | sira Sang Hyang Kaneka Rêsi | ing tyas marwata suta | sêgsana umatur | inggih Hyang Padya Bathara | Tanpauna sintên ingkang dèn titisi | tênapi wêwanginya ||

13. lan ing mangke sang hyang wontên pundi | titisira Sang Hyang Kumajaya | latah Hyang Nrada dêlinge | lah aja nini ratu | sira tanya ingkang wêwangi | dene ing prênahira | adoh yèn linuru | yaiku têtanggonira | sapa si wong ingkang bisa amatèni | marang Si Menakjingga ||

14. iya iku Hyang Asmara yêgti | Tanpauna kinrasan ing dewa | tur ta jodhonira dhewe | Ratih asmara nurun | angêdhaton ing Majapait | Sang Hyang Nêrada mêsat | ya ta sang lir santun | wus marêm ing galihira | ya ta gênti ingkang kawuwusa malih | Dyan Arya Menak Koncar ||

15. lan arinya radyan putra Tubin | samarga-marga dènnya lumampah | asri tinon dêdamêle | sagarwa sêlir daut | dhatêng nagri ing Maospait |

datan kawarnèng marga | sêmana wus rawuh | têlatah nêgari Daha | kawarnaa Kotbuta Katbuta patih | kang samya pêbarisan ||

16. sawetannya nagri Maospait | sakidulnya wus beluk [be...]

--- 274 ---

[...luk] sadaya | wus pinacak bupatine | ana pinara têlu | kang sawênèh ingkang nêgari | ana pinara lima | myang pinara wolu | wênèh pinara sêdasa | kyana patih baris anèng ing Kadhiri | parentahnya Sri Bêsma ||

17. tan kalilan ngrêmpak Maospait | kinèn angênês-ênês kewala | prabu rara dêdimène | nungkul sangkaning alus | Angkatbuta Kotbuta patih | mêgsih siniwi gara | rina wêngi nayup | kang gêndhing munya gumêntar | para menak dhaèng rôngga myang ngabèi | tansah kasukan-kasukan ||

18. saya kathah andêling ajurit | sabên aprang macak rôngga dêmang | kang katongton ing karyane | sêngkut krah lawan mungsuh | Singadara pun Gajahsrênggi | lan Menak Trajudhêndha | Menak Dhêndhakètu | lawan Menak Prajugana | Antulaut lan Wedangsêgara tuwin | myang Menak Gala-gala ||

19. Pundikwaja lan Menak Prêmuni | Suradikya lan Dikyasambawa | pun Bubutbêsi jajare | lan Menak Sandhunggunung | Samparmega Mêndhungjêladri | lan Menak Citrajatha | Menak Citrabêsu | Basukenta Kentalaba | Babuksurajatha lawan Jajagadhing | lan Menak Godhogwedang ||

20. Mangrupêgsa [Ma...]

--- 275 ---

[...ngrupêgsa] Drupêgsa Wilpati | lawan Menak Brajawila miwah | pun Kêndhangantru jajare | Menak Kêndhanggumulung | Malangkrêndha myang Darubêgsi | lan Menak Calakutha | Menak Setan Gêmbung | lawan Menak Karungkala | Sura Racut Lêmbugiyêng Pothapathi | Menak Malangsêmbawa ||

21. Kêbo Gêdrug Kêbo Wora-wari | Kêbo Singat asingat sadasa | pun Branjangkawat jajare | lan Menak Sambangjagur | Tapakmuka lan Carukbêsi | lan Menak Tracakwaja | Menak Babaksalu | lawan Menak Drêmbamawa | Menak Carang lan Menak Gêsêngbaruci | lan Babah Amat Asra ||

22. pan sadaya gêbêngan dipati | nora tampik singa kang digdaya | dadi menak rôngga dhaèng | ngracak samya atêguh | sura-sura tur wani mati | cêkak para sumbungan | ing pakarya labuh | sadaya wong Bêlambangan | samya kurang dêduga akaduk wani | wantêr tur bêrangasan ||

23. dyan kêsaru wong pêcalang prapti | ngarsaning patya agurawalan | atur wuninga lampahe | Dyan Menak Koncar rawuh | têlatahnya nagri Kadhiri | anrajang pêbarisan | wadya lit kèh larut | kang samya ngadhangi marga | kathah bubar kang sinêrot sirna gusis | wênèh [wê...]

--- 276 ---

[...nèh] kacandhak pêjah ||

24. maju pêjah ingkang mundur kanin | samya sinêrang wadya Lumajang | Dyan Menak Koncar lampahe | arsa mring Majalangu | sarya bêgta atmajèng Tubin | sagarwa sêlirira | samarga asêlur | sira Buta Angkatbuta | duk miyarsa brêmantyanira tan sipi | sigra suwarèng bala ||

25. sarya têngara mangrêmpak jurit | swara gumrah lir ombak samodra | sigra daut sawadyane | para menak tumênggung | rôngga dhaèng miwah pra mantri | kadya sêkar sêtaman | samarga anggrêgut | kadya buta amêmôngsa | rêbut dhucung dhasare mangrobi tandhing | tan sêdya mundur ing prang ||

49. Durma

1. kawuwusa Radyan Arya Menak Koncar | ingkang lagya lumaris | lan arinta radyan | datan kandhêg lampahnya | binendrong samargi-margi | makiwul sarya | lumaku ngincih pati ||

2. suprandene wadyabala Bêlambangan | kèh longe kang ngêmasi | wadya trunalanang | mamuk sarya lumampah | mangèdhèng mamiring-miring | singa sinêrang | wong wetan akèh mati ||

3. garwanira Radyan Arya Menak Koncar | miwah kang para sêlir | tuwin arinira | Sang Dyah Kalpikawatya | myang Rêtna Kalpikaningsih [Kalpika...]

--- 277 ---

[...ningsih] | sadaya samya | mênggêp nitih turanggi ||

4. apratistha abusana cara priya | wênèh sikêp jêmparing | kang sawênèh tinggar | myang tulup pasêr upas | angracak kang para rabi | wasising kuda | datan anguciwani ||

5. binendrongan sing pungkur eca lumampah | wênèh kang para sêlir | rêrêpèn wangsalan | wênèh akêkidungan | sawênèh nêmbang mênyanyi | ingkang satêngah | lêlagon rêbut manis ||

6. kang pinisah namung garwa Mantarsêkar | tunggil lawan dyan mantri | mêkasi ing wuntat | sarya asikêp panah | yèn sinawang langkung pêkik | tuhu bêranyak | tan môntra lamun èstri ||

7. kang kanyina namung mungale kang jaja | yèn nuju kênèng mimis | kumêtès tan pasah | eca ngêntrakkên kuda | amanis sarya angliring | pan samya sura | sinawang lir wong ngrangin ||

8. radyan arya ing galih marwata suta | ri nrapkên kang turanggi | mangrangkul mangaras | yèn kalanira bênggang | gaguyon amain liring | Dyan Menak Koncar | ambancèr saya bênthing ||

9. dhasar moncèr alancur tur kasêmbadan | ladake mrak-atèni | cênanang-cênanang | dhasar bocah rêrendan | pêradan [pê...]

--- 278 ---

[...radan] tur wani mati | wong sasongketan | bocah sinrasah rugmi ||

10. Dyan Buntaran tansah matur mring rakanta | kangmas suwawi jurit | sampun amêmirang | ingêdrèl datan lawan | suwawi alabuh pati | Radyan Watangan | gêpah nambungi angling ||

11. kangmas arya lêrês ature arinta | suwawi magut jurit | sinurak ing mêngsah | satriya lumuh ing prang | mèsêm Menak Koncar angling | lah ta yayi mas | tan enak wong ajurit ||

12. ing sapapan-papan dununge wong aprang | winawrat lan kang tandhing | saecaning lampah | wuruk-wuruk ing lawan | dene sapunika yayi | mêngsah wong rucah | tur karoban ing tandhing ||

13. tanpa damêl yayi mas ngantêp ing yuda | mungsuhan lan brêngkutis | tambuh kang rinêbat | bonggan yèn têkèng tiwas | rêbut balung tanpa isi | yêgtine kalah | ingsun lan menak anjing ||

14. angurbaya yayi angarasa garwa | sumrah kêrasèng kucir | gliyak-gliyak prapta | nêgari Majalêngka | gampil wong acampuh jurit | yèn wus kêlakyan | luware kang punagi ||

15. ari kalih umatur inggih kakang mas | sakarsa ngong lumiring | mèsêm Menak Koncar [Ko...]

--- 279 ---

[...ncar] | dhawuh mring Mantarsêkar | dhenok si nonah lu panggil | kumari lêkas | adha pakêrja lêbih ||

16. Mantar nonah angrapakên kang turôngga | nimbali ari kalih | Dyah Kalpikawatya | Kalpikaningsih prapta | sarya ngêntrakkên turanggi | ngasta gandhewa | cumênthèng sang dyah angling ||

17. apa gawe kakang ingsun sira undang | mèsêm dyan arya angling | nonah rinta radyan | kasihên sirih nonah | cape prêjalan sahari | biyarnya kuwat | dhikasih obat murni ||

18. sang dyah kalih mlengos angawrati tingal | èsmu mèsêm dènnya ngling | gawokan si kakang | wong anèh nora lumrah | bok sinung gantyan pribadi | sun sêngguh apa | alatah radyan mantri ||

19. Dyan Buntaran Watangan saya kasmaran | ningali sang dyah kalih | amèsêm rahadyan | sarya ngêtutkên tingal | sang dyah kalih wangsul aglis | mring prênahira | sarya ngêntrakkên wajik ||

20. radyan arya mèsêm sinamur ing netya | duk ngêliring dyan kalih | sira Gathul Dêmang | netra kumêdhèp têsmak | aningali sang dyah kalih | wasising kuda | warna lir yangyang tulis ||

21. de warnanên sira Buta Angkatbuta | sakancanira [sakanca...]

--- 280 ---

[...nira] prapti | angodhol mring radyan | lampahira ginêlak | surak lawan ngrutug bêdhil | têngara gumrah | lir udan sinêmèni ||

22. Menak Koncar gya kèndêl dènnya lumampah | lan garwa Mantarsari | lan atmajèng Tuban | ngabani trunalanang | wong rongpuluh ambêg pati | kang anèng wuntat | samya asikêp biring ||

23. radyan arya tênapi putra ing Tuban | samya sikêp jêmparing | lumêpas lir jawah | kang baris samya tadhah | mangêdrèl lawan bêdhili | mring trunalanang | campuh rok silih-ungkih ||

24. gênti wawal-winawal gêbang-ginêbang | tumbak-tinumbak wani | wong wetan kèh pêjah | wong trunalanang panggah | namung kuda kathah mati | mangamuk dharat | lir banthèng tawan kanin ||

25. para dhaèng para rôngga para menak | samya tandang ing jurit | majêjêl manrajang | manglambung kering kanan | dyan arya lan Mantarsari | sira lumêpas | tibane lir gurimis ||

26. Gêndhangantru sigra aliwung mamêdhang | trunalanang nadhahi | manumbak tan tatas | Kêndhanggumulung ngrêmpak | tinumbakan nora osik | Radyan Buntaran | manrot mêdhang manitir ||

27. sira

--- 281 ---

Kêndhanggumulung wus tinadhahan | lan watangan caruk kris | nèng luhuring kuda | kèkèt mangrênjah wantya | goco-ginoco manitir | dhupak-dhinupak | radyan arya nulungi ||

28. sira Kêndhanggumulung muka tinêpak | ing radyan arya aglis | dene ing gandhewa | têdhas pêjah wus sirna | Menak Gala-gala ngincih | ing Mantarsêkar | panumbaknya tinangkis ||

29. ing gandhewa watang putung narik pêdhang | Mantarsari nglêpasi | ing tigswara tandya | Gala-gala kang jaja | kapranan nanging tan titis | kontal sing kuda | dyan arya anulungi ||

30. sigra nandêr manglayang sangking turôngga | Gala-gala kang wèni | jinambak sinêndhal | mlocot kuliting sirah | nglumba tandya dèn riyaki | kapala nratas | anjungkêl wus ngêmasi ||

31. angunduri wadyabala ing bang wetan | kawarnaa ing ngarsi | linambung ing mêngsah | tadhah wong trunalanang | caruk wor asilih-ungkih | tumbak-tinumbak | tinggar-tininggar gênti ||

32. caruk kèkèt macangklèt pêdhang-pinêdhang | wênèh wangkris-winangkris | asêndhal-sinêndhal | swaranya lir ampuhan | pating barêkuh wong kanin |

--- 282 ---

sêbrak rêkatak | swara pating carêngkling ||

33. mamuk mamrêm wong trunalanang magalak | singa sinêrang mati | wus mundur wong wetan | rôngga dhaèng mangrêmpak | pra menak angantêp jurit | mangsah magalak | trunalanang tan osik ||

34. para garwa pra sêlir samya prayitna | rakit magolong pipit | samya lêlumbungan | pangêdrèlnya tan pêgat | wênèh ngudani jêmparing | wong Bêlambangan | singa mangrêmpak mati ||

35. maju pêjah kang mundur atawan brana | pra menak kathah mati | ingurugan tinggar | wênèh pinasêr upas | wênèh ngudanan jêmparing | maju katulak | durung kacundhuk lalis ||

36. saya giris wong wetan kathah kang pêjah | kadya babadan pacing | Malangkrêndha Gajah- | srênggi wus samya pêjah | Mangrupêgsa angêmasi | pun Suradikya | Dikyasêmbawa mati ||

37. Singadara Macanlaut samya sura | gèbèg katiban mimis | mamrêm ngrik lumumpat | milar mangikal pêdhang | tinumbakan nora osik | wong trunalanang | bubar tan môngga pulih ||

38. para garwa pra sêlir masêr maninggar | wênèh ngrutug jêmparing | Macanlaut panggah | Singadara mangrêmpak [mang...]

--- 283 ---

[...rêmpak] | Sang Rêtna Kalpikawati | nglanjak sing papan | tan ngantèni ing wuri ||

yêktosana. (kembali)
Hal. 171-189 dilewati, isi tetap utuh. (kembali)
Kurang satu suku kata: tumungkul radyan kêkalih. (kembali)
Kalpikaningsih. (kembali)
Lebih satu suku kata: rakit prang sudira mrih. (kembali)
Kurang satu suku kata: cumlorot lir lintang ngalih. (kembali)
Kurang satu suku kata: tan suwawi putra kepatihan. (kembali)
Kurang satu suku kata: sabêcike wong ngupaya bugti. (kembali)
sanga. (kembali)
Lebih satu suku kata: gègèr ngungsi kabruntak wêwangi. (kembali)
manthuk-manthuk. (kembali)
dyah. (kembali)
Kurang satu suku kata: iya radyan mantri wus udani. (kembali)
pinrak. (kembali)
atutuk. (kembali)
Lebih satu suku kata: ingengokkên sapi mindha kunarpa kyat. (kembali)
wonga-wonga. (kembali)
Kurang satu suku kata: lamun tan kêpadhan kayun. (kembali)
êndang. (kembali)
kapencut. (kembali)
têkèk. (kembali)

pancakara. (kembali)
rakanta. (kembali)
gulali. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang mundur tan kêbranan. (kembali)
Genggong. (kembali)
mrêtiga. (kembali)
pinuji. (kembali)
yogi (dan di tempat lain). (kembali)
tanpantuk. (kembali)
mitraningsun. (kembali)
Kurang satu suku kata: sing têmên têmennya luwih. (kembali)
putrandika. (kembali)
Lebih satu suku kata: kagungane Hyang Sugsma gung. (kembali)
garba. (kembali)
Hyang. (kembali)

50. Pangkur

1. wus têlas jêmparingira | narik pêdhang Sang Dyah Kalpikawati | pun Singadara manubruk | sarya mangikal pêdhang | kudanira Sang Dyah kinêcètkên mamprung | manglayang manambrê pêdhang | kumêlapira lir thathit ||

2. pun Singadara pinêdhang | mukanira jungkêl nanging tan titis | dyan arya awas andulu | ing ngarsa pacakara | Mantarsêkar Buntaran Watangan sampun | nandêr angêmbat turôngga | ya ta malih kang winarni ||

3. makrudha pun Singadara | giro-giro lir buta monah daging | Kalpikawati agupuh | nabêt mangalap-alap | Singadara nangkis pêdhang kalih putung | rikat samya narik katga | Singadara dèn larihi ||

4. milar manuduk turôngga | kuda rêbah sang dyah malumpat aglis | Radyan Buntaran têtulung | wus anjog sangking kuda | kuwêl kèkèt lan Singadara mawa glut | goco-ginoco mapanggah | Macanlaut mangêmbuli ||

5. rinêbut lan radyan arya | lan Watangan Macanlaut kinalih | tinabok [tinabo...]

--- 284 ---

[...k] mukanya rêmuk | ya ta Radyan Buntaran | dangu cangklèt lan Singadara masangkut | radyan tinangsil binuncang | Menak Koncar anulungi ||

6. lumumpat sangking turôngga | pyuk maputrê Singadara pinuntir | kang kiswa salang sinuduk | tatas wus kapisanan | Dyah Kalpikawati dharat dènnya ngamuk | pinapag ing Dyan Buntaran | sang dyah gya pinondhong aglis ||

7. Menak Koncar gumya latah | lêbur tiwas dagangan kocar-kacir | sang dyah tinitihkên gupuh | ing kuda Dyan Buntaran | sasisane pati wong wetan asumyur | Buta Katbuta umangsah | nanging kasaput ing wêngi ||

8. tandya sapihing ayuda | Menak Koncar laju mring Maospait | wong ing Bêlambangan mundur | dhatêng kitha ing Daha | de warnanên Urubêsma Sang Aprabu | sinusul mring sang pandhita | Hyang Pamênggrê Maharêsi ||

9. pitutur lir cocak môngsa | sarya ngerang-erang têpa palupi | ingkang putra rinarimuk | kinèn bubarkên ing prang | sarya amurungna dènnya darbe kayun | anggarwa sang prabu rara | Sri Bêsma bêndu tan sipi ||

10. tansah agèdhèg kewala [ke...]

--- 285 ---

[...wala] | Hyang Pamênggrê juwêt amituturi | ring sang maha ratu ayu | ratu musthikaning rat | ambêg santa-budya marang krama putus | aja sira mêmungsuhan | lan prabu ing Maospait ||

11. tan wun yèn manggih bêbaya | kumalungkung buwang nalaring gusti | ing satêdhak turunipun | pantêsira sumewa | duk suwargi Brawijaya Sang Aprabu | sira wong ginawe mulya | ing mangko amindakani ||

12. tangèh yèn nêmua arja | yèn wong mumpung-mumpung angrusak niti | bêkuh Sri Bêsma agangsul | gawokan sang pandhita | anggung gawe Brawijaya kang wus lampus | tan liya kinudang-kudang | beda mangke lan ing nguni ||

13. Sang Hyang Pamênggrê angucap | nora beda ratu nyawane bumi | biyèn ratu mêngko ratu | tagsih anggêlar mulya | nitikrama amasesa among tuwuh | tur sinihan Hyang Wisesa | kinamulèn widadari ||

14. awit baboning manungsa | Hyang Sis Cahya Nurasa Hyang Pramèsthi | prapta ing saturunipun | ingkang jumênêng nata | wus pininta Hyang Sugsmana ingkang agung | nora kêna sinêlanan | ing titah

--- 286 ---

kang bôngsa dasih ||

15. ing tyas nora kêna pêgat | nora kêna sira angrusak gusti | tan linilan ing dewa gung | kaki prabu elinga | tanah mulya ing nêgara Majalangu | ratune ratu utama | musakani Nungsa Jawi ||

16. Sang Urubêsma manêntak | ting kalêpyur idune dènira ngling | Hyang Pamênggrê ramaningsun | sampun kakehan ujar | amunduran glar pambêg ginunggung-gunggung | ugêr ingkang wus kaana | kawidigbyan sura sêgti ||

17. ing mangke sapa kang nôngga | ing payudan nênggih dhatêng ing mami | Maospait andêlipun | namung dipati Daha | sêprandene tan nôngga ing yudaningsun | sêdene Dipati Tuban | ing adat sura sinêgti ||

18. ing mangke wus têkèng pêjah | tan kuwawi amungsuh lawan mami | wong Majalêngka sêdarum | cawêta lan èstrinya | godhong ringin dadiya mungsuh sêdarum | kêrigên cindhile abang | sayêgti ulun tan wêdi ||

19. lan malih sang prabu rara | datan ingsun suprih ingkang rudatin | supaya arsaa mringsun | sampun kalawan aprang | mangke rusak nêgari ing Majalangu [Ma...]

--- 287 ---

[...jalangu] | pan wus jinarag priyôngga | tan arsa amilih bêcik ||

20. andêl-andêl Hyang Sugsmana | têmah rusak nêgari Maospait | dene datan atêtulung | dewa ing suralaya | amajua amasthi ingsun tan takut | dewa busuk wuta mamak | wania mungsuh lan mami ||

21. Sang Hyang Pamênggêr angucap | kaki ayya akèh-akèh dènnya ngling | basa Hyang Sugsmana Luhur | tan asih ing wong arda | tindak luput kêkêl ingkang murka digung | kang pinilih wong utama | kang tumindak lawan niti ||

22. kang sumasrah ing kraharjan | angarjani ing sasamining janmi | ingkang bisa nimbang wuwus | wuwus kang bêcik ala | kang sumingkir sabarang kang tan rahayu | iku pinilih ing Sugsma | pra jawata angasihi ||

23. babo kaki putraningwang | payo mulih marang Blambangan nagri | wurungna dènnya mrih pupuh | pan iku gustinira | pan sayêgti gusti kêdhik luwangipun | wong balela nêmu mulya | satêmah anyilakani ||

24. wilalat ingkang pinanggya | atasira abisaa sayêgti |[1] tan kêna rumêngkang kayun [ka...]

--- 288 ---

[...yun] | môngga ing rèh tan arja | kaya sira arsa garwa mring sang ing rum | garwanira kurang apa | bok aja karsa ing gusti ||

25. dene-dene kêtampana | panglamarmu kaki mring prabu dèwi | wuta dêgsura ing pandum | sira aparipêgsa | bok si aja pugal marang ratu ayu | iku kêkasihing Sugsma | pra jawata ngrêgsèng bumi ||

26. widadari mèstudeya | pra pandhita jrih lulut gung kang puji | wong sabumi winong tuwuh | yèn ampuh upatanya | tur ta sira kaki anêmu rahayu | Sri Bêsma saya brêmantya | de sudarma asru kingkin ||

51. Asmaradana

1. jaja bang lir mêtu gêni | nênggih ring Sang Urubêsma | andik ngatirah netrane | nuju pinrak kursi samya | lawan sudarmanira | kaya anyuduka gapruk | pan sangking sangêting duka ||

2. pawohanira binanting | sêbarang cêlak sinepak | Sri Bêsma sugal wuwuse | dene ta kaliwat-liwat | kaya mêdèni bocah | sêdaya wong Majalangu | sapa kang wani maringwang ||

3. sintên-sintên wong aurip | kang kasongan ing akasa | kang sinôngga bumi [bu...]

--- 289 ---

[...mi] kabèh | ratu kang animbangana | dhatêng pun Urubêsma | Blambangan prawira têguh | kyating rat misesèng jagat ||

4. angrêmak ing Maospait | amondhong sêsotyaning rat | iku èstri ungas bae | ya durung wruh tog manira | basane lumuh krama | tumruna Bathara Guru | mambêngi ingsun tan kêna ||

5. Hyang Pamênggêr Maharêsi | sabdanira èsmu waspa | ambêkuh dhuh putraningong | tan ana kang dadi cacat | ratu soca ludira | nanging ana mangsanipun | pêsthine kang linakonan ||

6. kang tan pantês dèn lakoni | sayêgti anganggo môngsa | amriyoga barang gawe | ana sudira utama | ana sudira nistha | sudira kang nistha iku | pantês aja linampahan ||

7. sudira tibèng utami | pantês linakon ing aprang | iku kaki utamane | sira wêdi mêmungsuhan | lawan ing gustinira | nora dadi nisthanipun | malah dadia utama ||

8. dene ta sang prabu dèwi | pusakane tanah Jawa | ambêg santa budya sumèh | barang rèh ingkang tan arja | amung amrih utama | ring sang maha ratu ayu [a...]

--- 290 ---

[...yu] | sinôngga rinêgsèng dewa ||

9. yêgti yogya dèn singkiri | arda misesèng utama | dadya wruh bênêr têgêse | nora dadi nisthanira | dene amilih mêngsah | êndi ratu Majalangu | bathara angejawantah ||

10. kabèh kang para dipati | tana na lir Nusa Jawa | Maospait têtunggule | pininta-pinta ing dewa | musakani utama | nadyan èstria sang prabu | iku sinihan ing Sugsma ||

11. tan ana wong amrih luwih | darbe polah kaya sira | anggung sikara karêpe | margane yèn waluyaa | ngrusak ing gusti tama | wong murka mungsuh rahayu | tangèh mênanga kang murka ||

12. lamun sira wurung jurit | ngarsani sang prabu rara | wong pandhita bungah kabèh | miwah sawawêngkonira | sêdaya manglêmbana | santana myang anak putu | miwah ratu liya-liya ||

13. suka tur wuwuh pakering | rèh nêtêpi babênêran | yèn wurung juritmu anggèr | yêgti ingaran waspada | amilih-milih mêngsah | dene kang têtêp dèn mungsuh | ing waweka wus têtela ||

14. dadya wruh ing ala

--- 291 ---

bêcik | nadyan dewa suralaya | padha suka bungah kabèh | yèn nimpang ugêring sastra | mirungga amrih arda | yêgti manggih papa agung | rusake sagung manungsa ||

15. lah sapa ingkang tinagih | ing dewa rusake praja | tan lyan marang purwakane | labête kurang waspada | pitambuh ing waweka | kaya ta upamanipun | kaki jênênging narendra ||

16. anggêpe wadya yèn jurit | sagung kawulaning raja | tumindak lawan sapakon | yèn ana punggawa tiwas | anèng têngahing papan | nututa kêlawan tatu | sayêgti pan dudu titah ||

17. bôngsa kewan iku kaki | dudu jinising manungsa | tan pantês ingabdèkake | saturune aja cêdhak | lawan jênênging raja | wong jêmbêr abôngsa asu | tan pantes awor manungsa ||

18. iku alaning wong jurit | atinggal mungsuh adêgan | binirata saturune | yèn ratune wus wêweka | lamun durung wêweka | bênrê wong tinggal ing ratu | pan sangking tiwasing raja ||

19. pan ing mangko sira kaki | angamuk punggung [pung...]

--- 292 ---

[...gung] kewala | yèn ta bubara balane | yêgti apantês kewala | lawan durung wêweka | ing pamruh[2] durung ginilut | agah kakèhên ing karsa ||

20. pira-pira wani mati | sagung wadyabalanira | tur iku panglulu bae | sangking murahing jawata | nanging wawêkasira | tan kaya dhasar rahayu | tur awas wahyuning raja ||

21. Sri Bêsma kang waja gathik | sarêng miyarsa kang sabda | saya sangêt brêmantyane | kumutug jaja lir kobar | agèdhèg tanpa ngucap | remanya tansah sinaut | gumêtrê kang ponang asta ||

22. Pamênggrê nabda wor tangis | dhuh putraku aja pugal | masalih[3] liring kêprabon | datan kêna ginagampang | pramugarining jagat | nora kêna luru-luru | babo pangrèhing agêsang ||

23. jêr kêna anampik milih | mungguhing rèh kabêcikan | môngsa kinon ala bae | ing Sang Hyang Jagat Pratingkah | tur kêdhik luwangira | murka ngalahkên rahayu | sênadyan dèn murahana ||

24. ing Sugsma ingkang linuwih | sakêdhap ungguling murka | nêngahi praptèng

--- 293 ---

apêse | malah têkèng ing wêkasan | ungguling rèh raharja | nêngahi pan saya unggul | rahayu rinowang Sugsma ||

25. arda murka kang ngrewangi | drubigsa amomor tilas | nora panggih salawase | dhêmên wong tumêkèng rusak | tur sayêgti kungkulan | ing bêbudèn kang rahayu | rèh ngidenan Hyang Pratingkah ||

26. Sri Bêsma ngadêg mucicil | anyandhak bindi pusaka | nora kawrat bêrmantyane | sigra mundur sang pandhita | puwas raosing nala | jrih ing dewa kang linuhur | katêmpuh atmaja pugal ||

27. sangêt digung murkèng bumi | tan wun amanggih dêduka | atiwas rumêgsèng katong | tansah adrês ponang waspa | tumênga sirèng tawang | mêminta mêmurung laku | yogya têmah ingupatan ||

28. tandya gêtrê patrê muni | anêkakakên prabawa | lèsus kang jawah adrês wor | buh bagra gura gumiwang | Sang Hyang Pamênggêr mêsat | mantuk mring kayanganipun | lampahnya awor maruta ||

29. Sri Bêsma cuwa kang galih | sudarmanira murcita | nguwuh mring tawang sêbdane [sêbda...]

--- 294 ---

[...ne] | payo dewane majua | atandhing lawan ingwang | pra jawata agya umyung | tan kaya Bêsma Sri Nata ||

52. Sinom

1. malih warnanên dyan arya | wus prapta ing Maospait | lajêng sowan mring apatya | lawan radyan putra Tubin | wus sinunggata sami | sêgsana bubaran mundur | mondhok ing Katubanan | surup surya ingkang wanci | Dyan Buntaran matur raka Menak Koncar ||

2. kangmas yèn paduka arsa | bok ipe sêkawan sami | maraka mring jro kêdhatyan | ing sang maha prabu dèwi | miwah kang para sêlir | tênapi rinta bok ayu | Kalpikawati lawan | kakang bok Kalpikaningsih | dêdimène kawuningan prabu rara ||

3. yèn paduka lan kawula | prapta nagri Maospait | rèh nguni ulun ngandikan | asru dènnya ngarsi-arsi | kang sarya awak mami | kados wus misuwur lampus | ing mangke têkèng luwar | kakang mas kêng dados margi | radyan arya mèsêm dangu datan ngucap ||

4. wusana arum ngandika | yayi mas langkung prayogi | nanging sumêlanging manah |

--- 295 ---

mênawa ngêgèt-êgèti | akathah gundhik mami | ayu-ayu gumarudug | patminipun sêkawan | kêjawi pun nonah kalih | bilih-bilih kasiku awak manira ||

5. kula punika yayi mas | sakêlangkung têmên ajrih | dhatêng sang prabu wanodya | dene ta tiwas ing jurit | kawon lan menak anjing | arinya mangsuli wuwus | kakang mas tan kuciwa | kawona lan Urubêsmi | dene timbang timun amungsuh lan durywan ||

6. balanya wêndran ayutan | Menakjingga sura sêgti | pantês sang prabu ngapura | kangmas mring paduka yêgti | kathahe pra dipati | miwah kang para tumênggung | datan kados kakang mas | surèng prang tan arsa balik | lalu nglambrang wisma satêngahing wana ||

7. lumuh beluk nanging wêgah | sing bote wantêring galih | kawula kang nanggêl kangmas | yèn sang prabu rara runtik | malah luntura kang sih | amargi sing luwar ulun | mèsêm Dyan Menak Koncar | Radyan Watangan nambungi | lêrês rinta kangmas ywa sumêlang driya ||

8. ki dêmang matur wotsêkar | radyan rinta sang dyah kalih | yogi umarsèng ing

--- 296 ---

pura | sapunika lan pra rabi | ngandika radyan mantri | lah ta Paman Dêmang Gathul | sumôngga ing sakarsa | sapangrèh ulun lumiring | tan kawarna dènira agunêm rêmbag ||

9. ya ta ari kalih sang dyah | lan sêkawan para rabi | sêdaya gêgundhikira | samya lumêbêt ing puri | tandya kandhêg ing wijil | wus katur ing ratu ayu | Sang Rêtna Rarasatya | lan Sang Dyah Rêtna Sêkati | ingkang samya kinèn mêthuk paregolan ||

10. Sang Rêtna Kalpikawatya | lan Rêtna Kalpikaningsih | miwah pra garwa Lumajang | myang sagunging para gundhik | manèrngagyèng ngrêpa sih | binagèkakên sêdarum | ing Sang Dyah Rarasatya | miwah Dyah Rêtna Sêkati | sang dyah kalih dangu dènnya rêrangkulan ||

11. wus kerit kêkanthèn asta | Kusuma Rêtna Sêkati | lan Sang Dyah Kalpikawatya | dene ta Sang Rarasati | lawan Kalpikaningsih | lampahnya aruntung-runtung | gabagan arantaban | pra garwa lan para sêlir | tan myat ing lyan sadangunira lumampah ||

12. pan amung Rêtna Sêkatya | ingkang tinutakên liring | kuninge kuning utama |

--- 297 ---

sèdhête sèdhêt rêspati | dêdêlingnya gumrining | mêthinthing gilig apatut | pamulu lir kêncana | kaya tan angambah siti | pantês wignya anggoyang yuswaning priya ||

13. bêsus anamur pasaja | mêmêse amitambuhi | liringe lir pasopatya | sêmune nora nyanani | swaranya rum cumêngkling | pantês gandês ing tilam rum | nging rèh pacaking netra | busananya mêsajani | mung arume kewala ingkang kinayang ||

14. tanpa wida tanpa sêkar | mung tasik lamat kaègsi | amrusuh tur mônda-mônda | antarane mêsajani | nanging ponang kasturi | jebade ngambar kungas rum | ratuse anrês manah | dèn ukup ing bungah ramping | pinênciran ambar sêpatêr hèr mawar ||

15. para garwa ing Lumajang | amicorèng jroning ati | pantês Radèn Menak Koncar | kasmaran ing Dyah Sêkati | tan wingwang dèn labuhi | rinowangan takêr marus | iki si jawanira | Dêmang Gathul duk prêjanji | mendahane besuk yèn wus kêlampahan ||

16. iba dyan arya ing manah | tan pêgat amain kèngsi | êtope tur êpêng-êpêngan |[4] pantês tan nguman-umani [ngu...]

--- 298 ---

[...man-umani] | mendah susahing ati | tau sawah gaga gadhu | wusana larang pangan | sun tatêdha ing Sugsma di | sok dhasara sang dyah ywa èpèh kewala ||

17. nora kudu nyamènana | sok si enaka sing ati | narima dadi pawongan | sok isiha radyan mantri | wong bagus anjêlanthir | ywa dumèh akrama ayu | ngêmpèk trêsna kewala | wong abancèr sugih rabi | sok si aja nglarakkên ati kewala ||

18. ya ta sang prabu wanodya | munggèng prabayêgsa adi | ingayap manggung biyada | bêdhaya rong lajur sisih | miwah Dyah Citrawati | Citrasmara anèng pungkur | myang Widawati miwah | Widasmara datan têbih | amênuhi manuhara ing kêdatyan ||

19. maha sang sêsotyaning rat | pinarak ing kasur sari | kaya murca kinêdhèpna | lir Ratih tumrun sing swargi | rênyêp-rênyêp kaègsi | ujwala mêlok sumuluh | ing kering Banowatya | sang pramèswari ing Tubin | ingkang tansah anampèni pangandika ||

20. amarna solahing janma | duk anèng madyaning jurit | kacakup ing wong bang wetan | malah ta ingkang [ing...]

--- 299 ---

[...kang] pawarti | wus kinunjara wêsi | anèng gunung Mahamèru | dinuga-duga samya | kados sampun angêmasi | yèn sinuduk ing ardanya Menakjingga ||

21. lan pambêganira radyan | kyating tyas surayèng wèsthi | ya ta ring Sang Banowatya | datansah sru èsmu tangis | sêbdaning prabu dèwi | tansah angecani kayun | ya ta Kalpikawatya | Kalpikaningsih wus prapti | myang pra garwa Lumajang tarap nèng ngarsa ||

22. Rarasati lan Sêkatya | wus cêlak ngarsaning gusti | prabu rara angandika | lah ta Bibi Banowati | èsmu pitambêt mami | ing rèh nguni pan dèrèng wruh | marang Kalpikawatya | sêdene Kalpikaningsih | lawan sintên kang anèng ing wurinira ||

23. umatur Sang Banowatya | apan nênggih sang akalih | punika atma kawula | Menak Koncar kang darbyari | putrane sang arêsi | Butlawa ing kakang ulun | ingkang wingking punika | pun Menak Koncar kang rabi | wuri pisan sêlire pun Menak Koncar ||

24. prabu rara angandika | bibi sintên kang wêwangi | semahe pun Menak Koncar | umatur Sang Banowati | punika Angronsari | dene ingkang wingkingipun | pun Sumarsanawatya | kering malih Mayangsari | wêkas pisan [pi...]

--- 300 ---

[...san] punika pun Mantarsêkar ||

25. ya ta sang prabu wanodya | ngandika arum amanis | lah yayi Kalpikawatya | sêdene Kalpikaningsih | para majua yayi | ingsun tanya wartanipun | rakamta[5] Menak Koncar | miwah yayi mas ing Tubin | sang dyah kalih tandya umajêng wotsêkar ||

26. sarya manugsmèng ing pada | sumugun sang prabu dèwi | umatur Kalpikawatya | ari paduka ing Tubin | nguni kinunjra wêsi | anèng ardi Mahamèru | rinêbat mring pun kakang | wusana luwar sang kalih | mangke samya sowan dhatêng ing paduka ||

27. Radyan Buntaran Watangan | pun kakang wus samya prapti | mondhok pasanggrahan Tuban | ing lampah raharja sami | ing rèh rêntênging margi | tan punapa sang pukulun | angsal pangèstu wan |[6] wong wetan datan nêdhasi | lawan angsal ing sih srêngkaraning Sugsma ||

53. Dhandhanggula

1. sukanya wor kumêpyur ing galih | prabu rara duk miyarsa turnya | inggar sêkala ing tyase | upama lampah dalu | kapêtêngan panglonging sasi | kapêthuk obor mubyar | padhang [pa...]

--- 301 ---

[...dhang] kang driya nrus | lan wulan kalingan mega | duk matitis sangsaya ngembahi manis | sanetya sêtya sumrah ||

2. Banowati tyas marwata siwi | lir siniram ing tirta wahana | asrêp sêkala galihe | ketang ing trêsnanipun | mring Dyan Arya Lumajang pêkik | gêpah Sang Dyah Sêkatya | gya mangrangkul gapyuk | ing Rêtna Kalpikawatya | tambuh inggar ing driya wantêr ingèsthi | lambung kadya pêpêsa ||

3. prabu rara èsêmnya piningit | myat ing ari Sang Rêtna Sêkatya | pawor ing rêsêp wor sumèh | niscahyèng sarèhnya rum | para garwa Lumajang sami | kamitênggêngên mulat | dènnya pawor têmbung | Sang Rêtna Sêkati lawan | Dyah Kalpikawati lan Kalpikaningsih | ngasih-asiha prana ||

4. risang kalih sêmu mikolèhi | sawuwusnya rada mambu manah | rakanta ingingisake | ing sêtya antêpipun | dènnya darbe sudara-wèdi | mring sang atmajèng Tuban | winarna rèh kang wus | malah wuwuh nora kurang | Dyah Sêkati saya golongan trêsna sih | mring Arya Menak Koncar ||

5. risêgsana kang

--- 302 ---

tadhahan mijil | pisunggatan wau ingkang prapta | pênuh prabu rara sihe | garwa sêkawan gupuh | dipun awe mring prabu dèwi | majêng saha wotsêkar | pinaringan pampun |[7] singsim jumrut nira mirah | nigang rakit dyan arya kang para rabi | konjêm tyas manglêmbana ||

6. kinèn mundur wus tata alinggih | para sêlir wrata pinaringan | sinjang ing kasêmêkane | Kalpikawati gupuh | lawan Sang Dyah Kalpikaningsih | ingawe praptèng ngarsa | sêbdane sang ingrum | yayi sun paringi sira | sangsangan mas sutèngson sinilih asih | matur nuwun kalihnya ||

7. malih ngandika sang prabu dèwi | ingsun angsung paningsêt ing sira | pathola wungu pinrêsmèn | sang kalih matur nuwun | wus tinampan saha wotsari | mundur atata lênggah | Rarasati matur | kadang garwa wus ginanjar | Menak Koncar ginanjar punapa gusti | mèsêm sang prabu rara ||

8. sun tan bisa angganjar mas picis | pirangbara yèn kêrtaning jaman | besuk uga ana dhewe | Sang Dyah Sêkati matur | gusti yogi sinung nêgari | ing pundi mônca praja [pra...]

--- 303 ---

[...ja] | bang êlèr sêdarum | pinilihan sasukanya | prabu rara mèsêm angandika iris |[8] Menak Koncar tan arsa ||

9. sinung praja ing môncanêgari | sun wêntara yayi nora rêna | Menak Koncar sapatute | tanah pasisir kidul | kang ingangkah saksire ngati | tansah sinamun raras | ing netya pitambuh | nanging kang sujana ing tyas | nora samar samobah-mosiking liring | kacakra ing ujwala ||

10. duk sêmana lêluwaran sami | kadang garwanira Menak Koncar | mantuk prapta pakuwone | dyan arya tanya gupuh | mring arinya myang garwa sêlir | sasanèskara dènnya | anèng jro kêdhatun | Kusuma Kalpikawatya | lan Kalpikaningsih jarwanira ngênting | dyan arya suka ing tyas ||

11. garwa sêkawan tinanya gênti | ingkang dadya karênanirèng tyas | duk anèng jroning kêdhaton | datan sulayèng atur | namung Sang Dyah Rêtna Sêkati | sapangrèh sumèh sumrah | pêngêmorkên tyas rum | rakêt-rumakêt ing netya | sabda manis pasaja ngecani galih | mendah yèn [yè...]

--- 304 ---

[...n] wus akênal ||

12. nora wingwang dèn labuhi pati | cacatira pan namung satunggal | têka ewuh têtangguhe | wong srèsèh namur luruh | wong alandhêp nora nyanani | bêsuse apêsaja | wong agandhang samun | wong kêmpyang mêsês jatmika | sabên-sabên ngandika dipun pênciri | ing èsêm papingitan ||

13. lir ginoyang tyasnya radyan mantri | pating karêjot saliranira | èsême dèn èbèr bae | pra sêlir samya matur | manglêmbana mring prabu dèwi |

wênèh ing Dyah Sêkatya | wênèh aturipun | amarna kang pangandika | prabu rara sêmune amêmiringi | ing Sang Rêtna Sêkatya ||

14. miwah dhatêng arinta sang kalih | prabu rara kadya darbe karsa | nênggih ing têmbe akire | dyan arya saya sêngkut | juwêd dènnya amitakoni | ing ari kalihira | sarya manggut-manggut | Kusuma Kalpikawatya | lan Kalpikaningsih aturnya mranani | asru sêdhêp ing raras ||

15. tur linalar ênggone mêmanis | yèn nujoni têlênge ing sabda [sa...]

--- 305 ---

[...bda] | wangsul-wangsul ing marnane | yèn pinrih rampungipun | yêgti nora rampung sawêngi | malah rong dina kurang | dyan arya sêklangkung | poyang-payingan ing manah | tan sarônta kapalang anèng jro puri | tansah abuntayangan ||

16. rêngêng-rêngêng angidung rêrêpi | tan lyan ingkang kacipta ing manah | mung sang dyah kang nèng kadhaton | pra garwa sêliripun | kang pinindha ing Dyah Sêkati | sabên ngrêrêpi radyan | pada tibèng cium | sabarang winayangkara | saparane jinaga kang para gundhik | juru tadhah ciuman ||

17. kadang katut mirah sangking laki | marimpèni kusuma ing Tuban | mas citra munggèng sirahe | aja mamang wong ayu | mring pun kakang wong dhandhing wingwing | bondhol agêng mas mirah | dèn muluh sihipun | kayu rêbah anèng tawang | Menak Koncar sumangsang mring dika gusti | canthur ngong awibawa ||

18. yuyu tasik dhenok sun wastani | wus sêdhênge nambut ing akrama | sobrah laut nahing anggèr | cagrê rêna wong ayu | Menak Koncar amitayani | rare ngapit jêmpana | jalak jênar

--- 306 ---

masku | wus pinatah ing jawata | cêcadhange wong ambancèr sugih wani | intêne wong Lumajang ||

19. kêmangirêng nonah sun wastani | kadang Pandhawa mèlu Ngastina | lamun asih ing tanggone | paringa mirahingsun | puspa krêna marang kang abdi | sun karyane pratôndha | tandhane sih lulut | bajing bangkang saba wana | nora larang wong ayu sun tohi pati | mundrine wong Lumajang ||

20. Menak Koncar minggah ing jinêm mrik | nglipur brôngta kinapat gundhiknya | sak jam ping songa unggahe | cinipta têlênging kung | sêprandene sarya rêrêpi | dara roro mas mirah | èstu jodhoningsun | toya mijil sing sarira | nonah dinar èngêta mring wong ambênthing | siyos ingajak sampak ||

21. kêcul patut wong dhugal prak-ati | wong dêladag milih angon papan | sigêgên ing pamoncère | malih gantya winuwus | Sêpêtmadu Wilaja mijil | ingutus sri wanodya | mring rinta sang bagus | tênapi mring Menak Koncar | paring dhahar [dha...]

--- 307 ---

[...har] dhadharan gantyan burat mrik | kampuh sapêngadêgnya ||

22. wus tinampan sinugun punang sih | Menak Koncar lan atmajèng Tuban | marwata suta ing tyase | tan kawarna ing dalu | enjing nuju dina Rêspati | maha sang prabu rara | siniwèng wadya gung | mêpêg anèng siti bêntar | pan kasongan ing witana di rinugmi | pinrak ing dhampar dênta ||

23. kang nèng ngarsa Sang Dyah Rarasati | Citrawati lawan Citrasmara | Dyah Widawati jajare | Widasmara sumambung | de warnanên ing pôncaniti | ring sang rêkyana patya | kang putra sumambung | Dyan Kumitir Layangseta | sinambungan sira Dyan Arya Sêsimping | myang Rôngga Minangsraya ||

24. atênapi Ki Menak Giyanti | malih Radyan Arya Menak Koncar | atmajèng Tuban jajare | pêpak para tumênggung | para menak rôngga ngêbei | sêdaya tan winarna | ajêjêl supênuh | lir sêgara gêni sinang | pirang-pirang wadyabala Maospait | èbêg tanpa wilangan ||

25. kyana patih ngandikan wus prapti | ing sitinggil sumiwèng

--- 308 ---

ing ngarsa | prabu rara ngandikanane |[9] hèh bapa karsaningsun | lumrahêna kawula sami | kabèh wong Majalêngka | sayumbaraningsun | sapa janma ingkang bisa | amatèni mring Si Menakjingga sêgti | kasrah ing Majalêngka ||

26. jumênga nagri Majapait |[10] amêngku rat ing Sanungsa Jawa | lan poma aja tampik wong | mudha sênadyan sêpuh | kumbah srakah myang cukit dulit | wong pedak-pêndarakan | iya madêg ratu | sok si dhasar matènana | gêlah-gêlah agêdhêg sukêring bumi | lah mara undhangêna ||

27. matur sandika saha wotsari | sira sang apatih tandya mêsat | magêlaran undhang age | ing sayumbaranipun | ring sang maha narendra putri | wadya saur-kukila | tan ana kang sanggup | amêjahi Menakjingga | para arya niyaka mantri dipati | samya atur têtêkan ||

28. kang sawênèh ngaturkên kang linggih | ana ngaturkên kêndhaga bawat | sawênèh payung lampite | midrê ondhang maumung | agêng alit atur upêgsi | ajrih mring

--- 309 ---

Menakjingga | tan ana kang sanggup | sêdene Sang Menak Koncar | dangu dènnya tumungkul ing manah kingkin | suka atur têtêkan ||

29. kyana patih minggah ing sitinggil | sampun katur saaturing bala | prabu rara èmêng tyase | paran wêkasanipun | Sang Hyang Tanpauna kang titis | jêngkar sing sitibêntar | kondur angêdhatun | tansah anamur sungkawa | abêdhayan kang gêndhing munya angrangin | nanging mêgsa kawêntar ||

30. tandya minggah ing sanggar panêpi | ngobong mênyan saêndhasing liman | sumuk mring suralayane | tandya Hyang Nrada rawuh | medhok-medhok gumya mabêlik | jumênêng anèng ngarsa | prabu rara matur | hong ring Sang Hyang Siwah Boja | Hyang Narada pinaro sêbda drêmaning | sumrup nata priyôngga ||

31. hong hyang mulya sarik nagra widi | jawabira sang hyang Panji Nrada | hong sirantun nayogyèngong | saha amigêna nrus | namung nrêm

sidhêm-sidhêm mrik |[11] hèh kêkasihing Sugsma | paran rèh manêkung | jawata ing Suralaya | kagegeran rèh gora kagiri-giri [kagi...]

--- 310 ---

[...ri-giri] | kêna pêngaribawa ||

32. blêgêdaba mlubèr dadi agni | kocak-kacik kang côndragumuka | kawah gumludhug swarane | gonjing marcukundha rug | Ôntaboga mangkrik kumitir | ponang sapi gumarang | ngolang-ngaling bêkuh | agawe rusaking jagat | nini putri yèn sira sungkawèng galih | ing swarga kagegeran ||

33. timbalane Hyang Guru Pramèsthi | wudharana ing tyas kang rudita | kakasihing Hyang Sugsmanon | apa kang sira jaluk | umatura marang ing mami | ywa gawe gara-gara | babo yogyèng ulun | ya ta sang prabu wanodya | myarsa sabda tandya umatur wotsari | hèh sang Hyang Manikmaya ||

34. mêrtanana ing dasih kaswasih | wontên pundi Sang Hyang Tanpauna | Hyang Panji Nrada dêlinge | heh babo yogyèng ulun | sapa si wong ingkang matèni | marang Si Menakjingga | iku nini ratu | sêjatine Tanpauna | kêkasihing jawata ingkang linuwih | umatur prabu rara ||

35. wêrtakêna samêloke kang sih [s...]

--- 311 ---

[...ih] keron budi bawur ing pratingkah | Hyang Panji Nrada dêlinge | Tanpauna wus tumrun | anèng nagrinira pribadi | iya Si Tanpauna | iya Damarsantun | gya mêsat Hyang Manikmaya | prabu rara sêkala asrêp kang galih | miyos saking pamujan ||

54. Mijil

1. de wuwusên Sang Dyah Rarasati | lan sagung pra sinon |[12] namur brôngta amrih ing lêjare | gustinira ring sang prabu dèwi | akasukan gêndhing | sagung kang para rum ||

2. myang bêdhayan tênapi sarimpi | arum kang lêlagon | munggèng tratag ing prabayêgsane | kang sawênèh ana ingkang cuki | satêngah rêrêpi | kêkawi angidung ||

3. Rarasati nyalêmpung angrangin | Sêkati sang sinom | ngasih-asih sang dyah panggêndère | Citrasmara angrêbab winasis | Sang Dyah Citrawati | pangêndhange baut ||

4. Widasmara agambang gôngsa sri | Widawati kaot | nabuh dêmung anyênyêt swarane | pra biyada samya amanjaki | pinarsèng ngêrangin | sêpêt madu juruh ||

5. lagon muluk [mu...]

--- 312 ---

[...luk] sinamur ing gêndhing | larase wèh wirong | lir mangalap jiwa sing arume | rêbut manis sangsaya milêt sih | sêmbada ingègsi | lan bêdhayanipun ||

6. kadya ing kayangan widadari | sajroning kêdhaton | angêntèni kang para sarine | manuhara anracak awasis | rambah-rambah asri | asri ngembahi kung ||

7. dungkap sirêp janma ingkang wanci | suwancining tumon | lir kinanyut ing driya rêsêpe | keron mulat tanbuh kang pinilih | samya ayu luwih | ing niskara baut ||

8. gambuhing rèh saniskara liring | pasrangkara tinon | angrampungi ing kalir karyane | kawiryan wimbuh sajroning puri | lêngêse mênuhi | lir kaswargan tumrun ||

9. gya kêsaru sang aprabu murti | rawuh ing kadhaton | suka mulat sang dyah kasukane | ri sampunira umarsèng ngarsi | sang diwatèng murti | animbali gupuh ||

10. sang apatih praptèng sri mênganti | prabu ruming sinom | paring sastra tindhihkên dhawahe |

--- 313 ---

mring sira sang rêkyana apatih | wus binêgtèng mijil | mring Ni Sêpêtmadu ||

11. lan Wilaja praptèng sri mênganti | kya patih ngrêpa nor | wus tinampan sinugmèng ge-age | bukaning srat sira bapa patih | ngupayaa aglis | sarating apupuh ||

12. sêranane nagri Majapait | sayêgti raning wong | ingkang ngaran dyan Damarwulane | poma upayanên dèn pinanggih | yèn luputa pêsthi | sira ingsun lungsur ||

13. iki ponang surasaning tulis | kya patih ing batos | sakêlangkung kumêpyur galihe | tansah wagugên tan kêna angling | sapandurat dening | akonjêm tumungkul ||

14. têka kathah kêraosing galih | awusana alon | kyana patih sandika ature | angupaya kang ran Damarsasi | Sêpêtmadu tuwin | Wilaja mêsat wus ||

15. datan lingên kang lumêbèng puri | ya ta winiraos | kyana patih mantuk ing wismane | tansah gunêm lan kang pramèswari | Dyan Seta Kumitir | tinimbalan rawuh ||

16. kyana

--- 314 ---

patih angandika aris | adhuh putraningong | mau ingsun ngandikan sang rajèng | sinung sêrat kinèn ngupadosi | srananing nagari | aran Damarsantun ||

17. têka nora anduga tyas mami | karsaning sang katong | datan ana ran Damarwulane | liya kang sun kunjara sayêgti | pan cinêtha dadi | sarate ngapupuh ||

18. apa sarat pinapagkên jurit | apa ta linayon | apa arsa kinraman jatine | marma sira ingsun undang sami | apêtêng kang ati | marase kagugu ||

19. timbalane sang narendra putri | yèn tan panggih kang wong | nora wurung linungsur sun anggèr | Layangseta umatur wotsari | èwêt kula dugi | ing nalar tan têpung ||

20. yèn pinriha dadi jatukrami | nglêngkara ponang wong | nampik Menakjingga wusanane | palakrama angsal Damarsasi | nampik macan gudhig | milih kucing kuru ||

21. mênggrik-mênggrik akuru tur mêngi | mokal sang lir sinom | ratu punjul iya sêsamine | adupara rèh kanisthan pinrih | klampahana dadi |

--- 315 ---

jatukramanipun ||

22. Menakjingga datan wurung prapti | ngrarusak bêboyong | lah ta sintên kang dèn andêlake | punapa pun kucing gêring mêngi | otote rong dhacin | pilêrên tur kuru ||

23. kyata mêngsah Sindura Dipati | suprandene layon | awidigda prakoswa jurite | têguh prakoswa tur agêng inggil | agagah sinêgti | suprandene lampus ||

24. miwah Ki Rônggalawe ing Tubin | asurèng palugon | sêkti guna wêweka gêlare | gung prabawa sinihan dewa di | prandene ngêmasi | anêdhasi pupuh ||

25. upaminta Damarwulan dadi | sarating palugon | kinèn mapag mring Menakjinggane | yèn boloa balane dèn suprih | sêgtia kang sêgti | ana kang tinêmu ||

26. Menakjingga atêguh sinêgti | widigbyèng palugon | sugih bala wignya mangsahake | gêlar dadi siyasat mamrês sih | labuh marang dasih | ing sabumi punjul ||

27. Dyan Kumitir umatur wotsari | ing panduginingong | bilih srana-srana sêjatine | pan pinundhut ingkang pati urip |

--- 316 ---

tan sanès kinardi | kêjawi linampus ||

28. kyana patih ing tyas tan nêpungi | pramèswari alon | aturira dhatêng ing kakunge | nadyan kinèn umaguta jurit | myang kang pati urip | pinundhuta patut ||

29. kinaryaa jatukrama yêgti | ing sakarsa dados | ingrèh abdi-abdi satuhune | borong punapa sang prabu dèwi | ing sakarsa dadi | mring wong Majalangu ||

30. yogi sinaoskên Damarsasi | ing sang prabu sinom | yèn ta sampun myarsa sêjatine | Damarwulan kinunjara nguni | wangsul yèn ngikibi | tan eca ing kayun ||

31. kyana patih angandika aris | bênêr ariningong | darbe apa kawulaning rajèng | yayi nadyan pati urip mami | ing sakarsa aji | pinundhuta katur ||

32. sarêng matur Dyan Seta Kumitir | lêrês sudarmèngong | dêdimène ing têmbe pinatèn | dadya sarat sêrananing jurit | ywa liya nangani | ngamungêna ulun ||

33. pan sêdalu dènnya gunêm pikir | enjing winiraos | pramèswari wus dinuta age | kinèn angluwari Damarsasi | lan putranya [pu...]

--- 317 ---

[...tranya] èstri | kang tansah kaswayun ||

34. kawuwusa kang anèng piranti | Anjasmara kaot | wus narima ing dewa pandume | tur jinarag nadyan pati urip | yèn tunggil dyan mantri | dadya rênanipun ||

35. sang akalih anèng ing piranti | amawi kêkobong | pan tinundha sêkawan langsene | lungsir cêmêng myang abang lan kuning | ing jro lungsir putih | jro pisan jinêm rum ||

36. pasareanira amêsagi | pelag lamun tinon | mapan sampun samadya côndrane | dènnya kinunjara sang akalih | pangraosing galih | pan lagya sêdalu ||

37. tansah leyangan sang liring sari | pangkyaning sang sinom | maos Kawi Wiwaha kalane | Mintaraga anèng ing swarga di | tatkala lironsih | lan Supraba ngungrum ||

38. adi-adi adining mêmanis | manise kêlangon | anglangêni wulangun ing tyase | kang têrkadhang maos Rama Kawi | duk Putri Mantili | dirja rinangrungrum ||

39. ring sang Ragasuta[13] nèng jinêm mrik | swara rum wèh wirong | kadya suling barung rikalane | patut manyura

--- 318 ---

manis dumêling | urub lawan liring | sèlèhing pangidung ||

40. pinênciran pangincanging alis | lir ngalap yuswèng wong | atênapi manise lathine | nuju kapranan sinêdyèng galih | kèwêse ngrontog sih | kongas waja gumyur ||

41. deyanya wor sinugsmèng ing tulis | kadya mugswèng ngênggon | lir kaana iya samêloke | radyan mantri ing tyas cilik wukir | mawang rum wor ing sih | ambarungi kidung ||

42. ni mban inya tansah mrêbês mili | lir satêngah layon | nging yèn myarsa ing Gusti swarane | sakêlangkung tuwuk tanpa bugti | marêm tanpa guling | tyas narimèng sokur ||

43. Genggongnaya tan pêgat anangis | tansah gêro-gêro | yèn wus bosên sira panangise | tatêmbangan yèn wus kêsêl muji | onggok golong mênir | camlerong bêl cabuk ||

44. hèh jawata ingkang mugi-mugi | yèn titahe layon | ywa pinêndhêm pakuburan gêdhe | pinêthaka ing pasar kang dasih | dimène ywa wêdi | akathah wong langkung ||

45. Sabdapalon ngantuk sarwi nangis | umbêlira molor | awor

--- 319 ---

lan luh kumrumpyung lalêre | lambe kandêl kabêntus awanti | tinon saya malik | nangis sênggruk-sênggruk ||

46. tan lyan ingkang sinambat ing tangis | mung kuthuke trondhol | nèng gêdhogan yya kirang pangane | tansah matur ing dewa kang luwih | hèh Hyang Sugsmana di | yèn kawula lampus ||

47. dasih titip pitik trondhol siji | jawata ywa ngantos | kinurangan pasaban pangane | sarta sampun sinikarèng janmi | yèn tan krana bêcik | pamintaning ulun ||

48. ri sêgsana pramèswari prapti | ingiring ponang wong | Anjasmara tandya nyapa age | iku sapa gumrudug kang prapti | aparsa matèni | mring Dyan Damarsantun ||

49. yêgti ingsun nora bisa kèri | tan wurung sêlayon | ingkang ibu duk myarsèng swarane | putra sang dyah angêrontog galih | waspanya drês mijil | kandhuwaning wuyung ||

55. Asmaradana

1. pramèswari nêbda aris | ingsun wong atuwanira | ngluwari mring sira anggèr | lawan Si Damarsêsôngka | wus samya ingapura | gumêndhèng sang dyah umatur | kawula tan arsa

--- 320 ---

luwar ||

2. miwah Radyan Damarsasi | dahat kawula tan suka | yèn tan angsal janji ingong | lawan jêng rama priyôngga | ing mangke aturana | rawuh ing kunjaran gupuh | punika kawula arsa ||

3. mijil sangking ing piranti | yèn jêng rama datan arsa | yêgti lumuh luwar ingong | nadyan taunan windonan | gograg anèng kunjaran | lan kakang mas Damarsantun | sun sêdya tunggil kunarpa ||

4. ya ta sang rêkyana patih | ingaturan sampun prapta | ing kunjaran lon wuwuse | denok-denok Anjasmara | babo sira mêtua | sêdene Si Damarsantun | wus padha ingsun apura ||

5. wus sinorog ingkang kunci | kori binuka sing jaba | kyana patih nêbda alon | babo wus padha mêtua | aywa sumêlang driya | Sang Dyah Anjasmara matur | rama kawula tan arsa ||

6. yèn paduka datan apti | angambil mantu priyôngga | mring kakang mas sang wira nom | sarta ingkang lulus rila | rama ing awak mara | dhaup lawan sang binagus | satriya ing Paluhômba ||

7. yèn tan arsa

--- 321 ---

anyanggupi | kula rama datan arsa | mêdal sangking kunjarane | ing gêsang tumêkèng pêjah | narima nèng kunjara | dadosa dhêg amun-amun | tan grantês raosing driya ||

8. puluh-puluh ngong labuhi | rama jêr kawula trêsna | mring mantu paduka radèn | angling sang rêkyana patya | ing tyas kadya sinêndhal | iya babo putraningsun | sira Ki Damarsêsôngka ||

9. têtêp ing salaki rabi | arinira Anjasmara | kasraha ing sira radèn | sukalila ing sakarsa | sajroning madyapada | ing ariloka dèn rawuh | atas dadi kramanira ||

10. matur nuwun radyan mantri | kapundhi kalingga murda | ing sih paduka wiyose | umatur sang Anjasmara | inggih punika rama | nguni ing mangke ngong suwun | dadosa kang jatukrama ||

11. sudarma arum kang dêling | dhenok-dhenok Anjasmara | wis mêtua sira anggèr | babo lawan lakinira | aja akèh rinasa | dèn narima ing Sugsma Gung | ing pangrèh tan milih marga ||

12. sêdene sira ki mantri | aran uwis kêlampahan | sira ingsun mantu dhewe | apikrama padha kadang | kang nalar [na...]

--- 322 ---

[...lar] wus kaliwat | ywa rumôngsa pilih dudu | borong apa Hyang Pratingkah ||

13. tur kuwasa apa mami | darma kinarya jalaran | pan wus untungira dhewe | umatur Radyan Sêsôngka | sadèrèng sasampunnya | tan mawi grantês saglugut | wus atas Hyang Sugsmanôngsa ||

14. Sabdapalon tumut angling | ki patih putih ing jaba | ing jro lir wêdêlan wutoh | abangrê biru amangkak | jujur macin kang manah | jaile anurut wulu | elinge yèn ana karya ||

15. sadinane tansah lali | anggêlar budi sêngara | kalingan dening kamugtèn | basane sêbarang karya | atas ing dewa mulya | tan ana jawata nguthuh | amrih rusaking manungsa ||

16. tanbuh drubigsa momori | ngampung marang kajuwatan | sumiya-siya tibane | upama karsaning dewa | anggawe lara mulya | sêpi mring amrih tumuwuh | tan kacakra dening purwa ||

17. rèh paduka sang apatih | kacina ing solah netya | nênggih sadina-dinane | rahadyan pinrih tan arja | saya kalunta-lunta | awit sangking sang pukulun | gêlar

--- 323 ---

karya pêpanasan ||

18. nguni dènnya amrih sisip | pitambuh ing kautaman | kya patih duk myarsa linge | Sêbdapalon ngundhamana | merang namur wadana | Nayagênggong cêluk-cêluk | wuwuse awor karuna ||

19. kya patih uculna mami | bok sampun kaliwat-liwat | nganiaya marang uwong | lali têmên marang sanak | sagêgêm sajumputan | sun uga sêntananipun | bok sampun sawênang-wênang ||

20. tur sêjatine wong urip | gêdhe cilik nora beda | kang be mung dêrajate |[14] dêrajat iku nugraha | sinilih dening dewa | kinèn amarna ing pandum | nyantosani karaharjan ||

21. angrèh jumênêng lan puji | Hyang Sugsmana ingkang mulya | jatine tan ngraosake | patikbra rêkyana patya | ing purwa ana apa | saiki apa tinêmu | basakna wong Majalêngka ||

22. gunane bisa miwiti | apolah panggawe ala | tur uga pinurba dhewe | wêngkasan[15] sèndhèn ing dewa | lah iku basa apa | ampungane wong kalurung | sasolah darma kewala ||

23. darmane wong darbe

--- 324 ---

kapti | nututi nalar kaliwat | asêsambat ing dewane | ing nguni sangking paduka | wong bêcik pinrih ala | amêmirang tanpa nganggur | siya-siya ing sêsama ||

24. têmbene sun amiyarsi | kaponakane priyôngga | kinèn ngariti kudane | tur sinungan arit timah | iku dèn aritêna | gulune wong Majalangu | sayêgti mômgsa têdhasa ||

25. kya patih merang kêpati | kathah kêrasa ing manah | gya lumêbèng kunjarane | lawan ingkang pramèswara | sang kalih èsmu waspa | mangrêpa nor Damarsantun | miwah Rêtna Anjasmara ||

26. wus samya kinanthi mijil | luwar sangking ing kunjaran | atênapi parêpate | apan sampun linuwaran | ni inya lan ni êmban | samya linuwaran sampun | suka sagung kang tumingal ||

27. ya ta ing dalêm wus prapti | wus samya tata pinarak | kyana patih lan garwane | dyan mantri lan Anjasmara | lir mimi lan mintuna | kaya tan bênggang sêrambut | singa dulu lênglêng brôngta ||

28. tan liyan kang dèn tingali | anjomblong cèthi pawongan | kumêdhèp [kumêdhè...]

--- 325 ---

[...p] têsmak netrane | yèn nuju Sang Anjasmara | pagut liring lan raka | èsmu mèsêm gêtir juruh | aprana datan kawêdhar ||

29. yayah rena sang apatih | rukun rumakêt mrih trêsna | sumrambah ing sabda sumèh | riwusnya tata amucang | rêkyana patih nêbda | mring atmajèng sang binagus | lah ta kaki wruhanira ||

30. yèn ing mangko karsa mami | iya ing benjang paseban | sun gawa seba siranggèr | kinarya sarating aprang | radyan matur wotsêkar | ing sakarsa ngong pukulun | kawula datan lênggana ||

31. Anjasmara awotsari | matur ing rama mangrêpa | sarat punapa jatine | dene ta amilih nama | Radyan Damarsêsôngka | kyana patih sabdanya rum | tanbuh karsaning sang nata ||

32. mênawa ingadu jurit | kêlawan Si Menakjingga | Anjasmara rum ature | sakêlangkung kaniaya | yèn radyan linurugna | dene wong papa kaswayun | tan darbe bala satunggal ||

33. durung wirya durung mugti | wusana tumêkèng tiwas | rama kadospundi ingong | tan wurung

--- 326 ---

abela pêjah | ulun tan sagêt pisah | Radyan Sêsôngka sumambung | radèn ayu dèn pracaya ||

34. borong punapa ing gusti | sakarsa sampun lênggana | mokal pinriha tiwase | atas kawulaning raja | sagung wong Majalêngka | lumaku lawan pituduh | sumarah ing Hyang Sugsmana ||

35. angandika sang apatih | dhenok bênêr lakinira | dèn pracaya ing dewane | sarya dèn mèstudèng driya | ing sakarsaning nata | ing samobah mosiknya wus | winawrat lawan utama ||

36. tinimbang sangking ing budi | dènnya mrih mulyaning wadya | borong apa ing karsane | maha sang prabu wanodya | kinarilan ing dewa | pinujwa ing bumi kasub | sinutya ing Nungswa Jawa ||

37. aja lênggana ing kapti | babo-babo putraningwang | prakara kakungmu anggèr | matur Sang Dyah Anjasmara | pantêse mantu tuwan | wusana kêna ingapus | pinaekan ingkang gêlar ||

38. jêr sagung wong Majapait | tan wontên rêmên satunggal | mring mantu paduka radèn | tênapi punika kakang | sêjatine tan [ta...]

--- 327 ---

[...n] rêmbag | radyan lan kawula dhaup | mila tan eca ing manah ||

39. ngusap jaja sang apatih | sabdanira angrarêpa | dhenok ywa akèh rinaos | Si Kumitir Layangseta | kapurba ing manira | ingsun tingalana masku | dèn angandêl ing Hyang Sugsma ||

40. Anjasmara matur aris | inggih sumôngga ing karsa | nanging ta panuwun ingong | rama ingkang tulus mana | asih mring Dyan Sêsôngka | sarya agsama dèn agung | ngawruhi ing punggung mudha ||

41. kawula titip sayêgti | rama ing mantu paduka | ywa ngantos risak manahe | pintên-pintên darbe atma | mantu putraning uwa | tur dhaup padha sadulur | pêthuk ati golong manah ||

42. èsmu mèsêm radyan mantri | sinuduk liringing netya | kyana patih sabdanya lon | dhenok-dhenok Anjasmara | ywa pindho gawe nyawa | dèn pêrcaya marang ingsun | beda mengko lan ing kuna ||

43. dene saikine nini | iya Si Damarsêsôngka | dhasar putra [...]we | kapindho dadi kramanta | babo [...]kara | yèn tan sun priha rahayu | [...]kur-sokur [[...]...]

--- 328 ---

[...kur-sokur] putraningwang ||

44. anaa ingsun aubi | mugtiya nèng Majalêngka | sinihana ing dewane | ingsun wus tuwuk wibawa | tan liwat namung sira | sun pêpinta ing Sugsma Gung | ing satêmbe akirira ||

45. kênaa ingsun ngèngèri | ing sasanak-sanakira | babo namung sira anggèr | ing timur têkèng diwasa | sun kudang-kudang nyawa | dadia pangungsèn agung | jinurungna ing jawata ||

46. matur nuwun sang lir sari | radyan mangênorkên raka | kya patih arum dêlinge | lah ta dhenok Anjasmara | babo sira kondura | sarimbit lawan lakimu | dèn eca ing manahira ||

47. sang dyah lan radyan minantri | wus lèngsèr sangking ing ngarsa | akarya brangtaning tumon | kondur dhatêng dalêmira | ing made kubon sêkar | samarga sang dyah sinambut | pratistha anèng êmbanan ||

48. gantya kawuwusa malih | Radyan Arya Menak Koncar | kalangkung sangêt gêrahe | tan ana jampi tumama | tansah mujung nèng tilam | lamun kêraos ing dalu | kadya tan mênangi siyang ||

49. yèn siyang [si...]

--- 329 ---

[...yang] tan têkèng ratri | sing sangête ponang gêrah | tan lyan kang ingamèkake | namung sang atmajèng Tuban | Dyan Buntaran Watangan | wus katur ing ratu ayu | Menak Koncar nandhang gêrah ||

50. ing dalu Sang Banowati | lan putra Rêtna Sêkatya | kinèn tuwi mring kuwone | myang Sêpêtmadu Wilaja | ya ta sang pramèswara | lan kang putra sang lir santun | mênggêp anitih jêmpana ||

51. sagahanya[16] amêrapit | miyos dhatêng katubanan | datan kawarna lampahe | sêmana Dyan Menak Koncar | tan pêgat tinangisan | ing arinya kalihipun | miwah garwa roning kamal ||

56. Sinom

1. Radyan Buntaran Watangan | nèng dagan pan èsmu tangis | prituwin Ki Gathul Dêmang | apêtêng rasaning ati | kêsaru ingkang prapti | Banowati lan sang ing rum | Sang Dyah Rêtna Sêkatya | têdhak ing natar lumaris | Dyah Kalpikaningsih lan Kalpikawatya ||

2. mêthuk anèng pêlataran | myang pra garwa para sêlir | Radyan Buntaran Watangan | tan kenging pisah dyan mantri | tan [ta...]

--- 330 ---

[...n] lyan sinambat ing sih | namung ari kalihipun | gêpah sang pramèswara | miwah Dyah Rêtna Sêkati | amêrpêki ing Dyan Arya Menak Koncar ||

3. laju minggah ing papêrman | pramèswari Banowati | winanti winangwang-wangwang | winungu rahadyan mantri | Menak Koncar sun prapti | lan rinta Sêkati rawuh | dingarèn putraningwang | têka apês nandhang sakit | Menak Koncar dangu dènnya pinêtêkan ||

4. tan mosik datan subawa | nglayung ujwalanya kègsi | napasira pêgat-pêgat | winungu-wungu tan osik | ya ta sang pramèswari | saya ketang trêsnanipun | adrês mijil kang waspa | pra garwa sangsaya nangis | Dyah Sêkati ngandika mring Dyan Buntaran ||

5. ri mas iki lara apa | kangmas arya kêng suwadi | dene ta kaliwat-liwat | sangête kang ponang sakit | Dyan Buntaran wotsari | ing nguni saunduripun | sowan sangking paglaran | wite kraos ingkang sakit | ulun matur sabdane wus timur mula ||

6. darbe sakit surya prana | angsring arsa [ar...]

--- 331 ---

[...sa] miyatani | nanging ingkang kina-kina | datan kadya sapuniki | kabutuh mêntas jurit | tuwuk kambon biring busur | dhapur gêrah kunduran | sang dyah sru ngêrês kang galih | myarsèng sabda sêkala mijil kang waspa ||

7. dyan arya awas tumingal | duk ngliring sang pindha ratih | ing manah kadya sinêndhal | lir mati sajroning urip | ya ta sang pramèswari | radyan sinurywan ing sangku | sarya winungu wantya | Menak Koncar nora mosik | Dyah Kalpikaningsih Dyah Kalpikawatya ||

8. tandya minggah ing paprêman | ingkang raka dèn sungkêmi | sêsambate kawlas arsa | kangmas arya aja lalis | ingsun tan bisa kari | kakang aku mèlu lampus | dyah kalih èsmu waspa | Buntaran Watangan sami | mulat sang dyah sambate angrèndèng manah ||

9. ya ta tan kêna tinambak | sêgsana anulya mijil | dyah kalih sinambat ing tyas | tan lyan Sang Kalpikawati | miwah Kalpikaningsih | wong ayu aja amuwun | yèn balut tingalira | sapa baya kang nêmpuhi | Dyah Sêkati tansah nungkêmi dyan arya ||

--- 332 ---

10. saklangkung marwata suta | Dyan Menak Koncar ing galih | alon denira alihan | sarya dhèhèmira lirih | sarêng wêntis gumuling | lêrês tibèng pangkyanipun | Sang Dyah Rêtna Sêkatya | gêpah dènnya anginggati | gya tumurun sang dyah sangking pasarean ||

11. pamurcitènging wardaya | basakna si wong asakit | panglilire mambu manah | sumêlang nimpahi wêntis | winêngkang saya mipit | maras-

marase tyasingsun | rusak dagangan ingwang | yèn wudhu sapa tinagih | tanpa aji sisane si yuyu kakang ||

12. èsmu angrawati tingal | nanging tansah mandêng liring | gêthing trêsna awor maras | pangunadikaning galih | nora amasajani | liyêping netra gumagus | ujare kapidhara | sasolahe ngêtut liring | sun bênggangi dene ta nora alihan ||

13. nanging sun rasa ing manah | yèn yêgtia ingkang sakit | wusanane têkèh[17] pêjah | sun kelangan kadang yêgti | sang dyah gya minggah malih | agêpah pan èsmu tambuh | sarya alêlendhotan | ing Sang Dyah Kalpikawati | maju mundur

--- 333 ---

ing manah kabotan trêsna ||

14. dyan arya suka ing manah | ningali sang pindha ratih | miyat sinamun ing netya | pangudasmaraning galih | lawe panyandhêt jajik |[18] yayi rada kêna ngapus | parikan gênthong sabrang | ruci têmên wong akuning | sun tatêdha tulus sih mring wong abrôngta ||

15. yèn sinawang warna dika | sêjagat tan ana tandhing | èsême asor Supraba | yèn ngandika kadya ratih | lêlakune wong kuning | Yanghyang Wilutama nurun | nonah ratpêni Tuban | ayam irêng mubal putih | mung ayune dadya panulak pralaya ||

16. kêlabang sinandhung muncar | buron kali môngsa janmi | baya rêna sira dewa | ing têmbe sun sênggarani | bok aja nganggo wadi | mring kadange brôngta wuyung | senthe jurang ngayangan | kang dêgan sampun cumukil | pindho mêngko kêjarah dening wanodya ||

17. palwa gung kaisèn toya | kukus gunung sun wastani | kinapakna ingsun mirah | labête kèrêm wong kuning | pun kakang èstu lalis | yèn tan gêpok senggol masku | aja rasa-rumasa | atêtinjo wong asakit | radyan [radya...]

--- 334 ---

[...n] arya ing manah nora sêrônta ||

18. aja ewuha ing tindak | sarta ywa ajrih mring bibi | kaya rinangkul-rangkula | sêkala tumêkèng rêsmi | alon nglilir dyan mantri | apan èsmu pungun-pungun | mulat ing rena swara | sêdya têdhak sing jinêm mrik | kadya sata kêna pilis solahira ||

19. rêngih-rêngih minta mucang | ing rayi Kalpikawati | sarya ngrangkul api ora | mèh kliru ing Dyah Sêkati | sang rêtna anginggati | têdhak sangking jinêm arum | Dyan Arya Menak Koncar | ngadhuh ngêsês sambat mati | têrantanan gya tumrun sing pasarean ||

20. ya ta ring sang pramèswara | kêlangkung dènnya rakêt sih | ing putra Dyan Menak Koncar | wus tata lênggahnya sami | Sang Dyah Rêtna Sêkati | anèng keringnya kang ibu | Sang Dyah Kalpikawatya | Kalpikaningsih jagèni | ing rakanta lênggah abukuh nèng ngarsa ||

21. kang winangwang namung sang dyah | Sêkati rinungrum galih | mas mirahe wong Lumajang | kang akarya lara brangti | benjang punapa gusti | angsung jampi wong kalurung | pun kakang sida edan | kêlamèn [kêla...]

--- 335 ---

[...mèn] tan têkèng rêsmi | mung anune gawe anu wong abrôngta ||

22. tambak gung kang sinalaran | bara-bara kusuma di | anggalih mring Menak Koncar | kang duwe rasaning ati | tawon gung tala siti | suwadine nora katur | kadang sangking wanodya | nora dimpe wong akuning | sun wêntara ing galih sampun uninga ||

23. bakung bang awoh pandhoga | sampun ganas wong ajait | duka dhumatêng pun kakang | kapithing kang sabèng sabin | rakanta wong ambênthing | kêdah-kêdah kapiluyu | angabdi ngèstupada | cêcawu kang nusuh siti | kawulane baya dinalih punapa ||

24. supe nèng ngarsaning rena | lathine pating kajuwit | Radyan Arya Menak Koncar | tan lyan sinambramèng liring | namung Sang Dyah Sêkati | kabêlêt ing manah wuyung | mèsêm sinamur mulat | ngêsês-ngêsês nganan ngering | pungun-pungun gêrahnya kinarya-karya ||

25. ri sampunnya angrarêpa | matur sowan awotsari | minta-minta pangagsama | ing ibu Sang Banowati | radyan atmajèng Tubin | sumiwèng wus praptèng [pra...]

--- 336 ---

[...ptèng] ngayun | dyan tiga mèstudeya | ing ibu sang mèswari |[19] radyan arya tambuh solah liringira ||

26. sandi lungiting ujwala | noragèng sumiwèng ngarsi | lan radyan atmajèng Tuban | rêna kapirênan ing sih | dyan arya sinung aglis | gantyan ing rena agupuh | tinampan tandya mucang | lurah pawongan kêkalih | langkung dènnya owêl mring Dyan Menak Koncar ||

27. Ni Sêpêtmadu Wilaja | prana dènnya nugsmèng liring | ing radyan têtiga pisan | solah bawanira sami | dyan arya jungkar angin | liringe sinêdyèng kayun | namung mring Dyah Sêkatya | tan môntra wong lagya sakit | langkung bingar jwala lir sêkar sêtaman ||

28. dene Rahadèn Watangan | Buntaran kilating liring | tan kanyanan ing lyan mulat | nanging ta amitayani | dhatêng Kalpikawati | Kalpikaningsih sang ing rum | samya sawang-sinawang | colong-cinolong ing liring | lamun pagut sarêng tumungkul ing jôngga ||

29. sira Dyah Rêtna Sêkatya | nora nglêgewa ing kapti | kêna gêlaring wong brôngta | kang sangêt [sangê...]

--- 337 ---

[...t] mangluh dènnya gring | dene kang para rabi | miwah ing gêgundhikipun | kamitênggêngên mulat | mring Sang Dyah Rêtna Sêkati | iki si wong ratune ayu tama ||[20]

30. ratune wong ayu raras | pêsaja ratuning kuning | ratu-ratuning jatmika | ratune wong mikat ing sih | ratuning wong jukining | ratune wong gandhang ruruh | ratune kawiragan | tuhu ratuning pawèstri | mindha brôngta lêlaga inggaring driya ||

31. panjang rinênggèng ing papan | kang sugun-sinugun ing sih | dyan arya sampun waluywa | sêmana Sang Banowati | kondur malêbèng puri | lan putranira sang ingrum | pra garwa ing Lumajang | sêdene kang para sêlir | samya dhèrèk lumêbêt ing dhatulaya ||

32. tênapi wong trunalanang | kawan dasa anjajari | asikêp paris myang pêdhang | siyaga sikêping jurit | Radyan Buntaran tuwin | Watangan dhèrèk nèng pungkur | kandhêg ing srimêngantya | datan kawarna ing ratri | kawuwusa ing enjing agula-drawa ||

57. Dhandhanggula

1. kawuwusa Radyan Damarsasi | wus dumugi gènnya pawor raras |

--- 338 ---

nèng kubon sêkar sang anom | lan kusumaning ayu | Anjasmara sang liring sari | biyada kêpatihan | wus kêpadhan lulut | tangèh rinêngga ing têmbang | adu sêmu padha kêrasa ing kapti | duk pista tuwan jendral ||

2. nênggih lawan kang para ratpêni | anyanggêmi ingkang prêjanjean | miwah ing kauntungane | Sabdapalon kêlangkung | Nayagenggong rêma kêpati | pênuh ponya makanan | ikan-ikan sayur | sayur apa-apa adha | kuwih-kuwih buah-buah manis-manis | jênang bêkatul banyak ||

3. lagi cincin batu mirah kuning | jumrut magari widuri banyak | intên barleyan tajuge | mêspir krêstal supênuh | tradhak harga mêsthika lagi | samua musthi adha | lêbih kaya sunggu | sampe tak kliyatan orang | gampêr giwang kang pênding intêne murni | myang nyamat isi salak ||

4. lagi uwang brapa-brapa pêthi | kêton rupiyah tradhak kêrjanya | inggrisnya sumur têmpate | pêsmat myang perak pênuh | dirham dinar-dinar slebari | wang merah tradhak guna [gu...]

--- 339 ---

[...na] | lêbih kaya sunggu | talam pudhi buwang saja | kurang têmpat kantor gudhang lêbih isi | dhuwite wingka rolas ||

5. duk sêmana rahadyan minantri | ri sêdhêngnya dènnyarsa sumewa | lumiring ing sudarmane | mênggêb busana luhur | lir piturun sangking swarga di | sangsaya embah-embah | warnanya binagus | kadya ta purnama wulan | nglela wênês ujwala minuni sari | adining kajuwatan ||

6. Anjasmara tansah migên ing sih | gandhang canggèh gandêsira kongas | saya rêbut gon manise | èsêmira binarung | liring kadya intên hèr manik | kakung tansah winangwang- | wangwang gêtir juruh | jae bang ing kêpatihan | gêrah-uyang lamun ora anyêblèki | ping rolas satêngah jam ||

7. ratus wida kudhuping wrat sari | wong adhandhing aja lunga-lunga | yèn binêskup ing mêmondrèng | tan wurung ingong lampus | panu biru sun tohi pati | layar gêbang kakang mas | wong arangkung-rangkung | bisa timên dudut manah | wong asigit pisangkara sun wastani | grahitanên wak mara ||

8. kathah

--- 340 ---

ingkang rinasa ing galih | Sang Dyah Ayu Rêtna Anjasmara | aningali ing kakunge | kuwatir nèng dêlanggung | bok ingewat mondrèng dêdungik | bêbakul sambiwara | wêlanjar ing ênu | jinanji winantya-wantya | kangmas aja salah karya anèng margi | mênawa kêna salam ||

9. mêngko kangmas yèn sira anangkil | aja suwe-suwe nèng paseban | lamun kanginan baguse | suda bobote suku | sapa baya ingkang ngilèni | dewa ing suralaya | môngsa na kang sanggup | sun wangêni têlung êjam | nèng paseban yèn wus tita nora prapti | sun susul sira kakang ||

10. mangrêpa nor radyan Damarsasi | mèsêm ngaras binarung ing sabda | nahing anggèr mirahingong | kang asih marang kakung | gusti sampun mawi ginalih | dasihe pun Sêsôngka | tan maro mrêtêlu | nyipta lyan kang sangking dika | ulun nangkil nora dangu tandya prapti | ketang kang sawang rêtna ||

11. sang dyah mèsêm sarya nambang liring | sêsawangan kapranan ing sabda | ing kakung sang jayèng sinom | sang dyah wuwusira rum | gagêthingên ingsun kêpati [kê...]

--- 341 ---

[...pati] | priya basa ing garwa | tur kaprênah sêpuh | bênêre malah manira | ingkang nugsmèng padasa[21] ingkang wotsari | lir nyèthi dewa mulya ||

12. têka isin arsa sun marèni | gungan tênaga mring sira kangmas | dandanan wus saratane | apuranên wong bagus | pawongane dhoso mring laki | kurang mangranu pada | sabda kumalungkung | marma tuwanku kewala | dipun agung pamêngku agsama kang sih | cèthine punggung mudha ||

13. radyan mèsêm angaras panêpi | sang dyah sinambut munggèng ing pangkyan | liniling-liling dêlinge | nah anggèr mirahingsun | wus kapatuh gustining abdi | nate angabdya pada | tur dasih sabau | ing mangke karsa andika | ayya kantos rasa-rumasa ing kapti | kasuwun sih andika ||

14. sapa baya gusti wong akuning | ingkang wignya angruwat tyas brôngta | sing papa cintraka wite | sumêngkèng ing aluhur | pamrêsing byat sinugsmèng gusti | mirah wong awibawa | pinujwèng môntra nrus | dene ing hyang padya brata | mèstutèng rèh ing sang kumaraning sari | sarining dyah triloka ||

15. kalokèng rat samendraning bumi | titah ing hyang kasmara di

--- 342 ---

raras | sinih winong suciptane | lyan sih paduka masku | paja-paja panjrah trus sumrih | winangkara sung rimang | embah sang lir juruh | adoh elok rumantara | rumambat sih marsudyèng rat Maospait | nêngèng sang sari rêtna ||

16. wêntaring guywa prana mamrês sih | mangras winangun jyala kagagas | sang dyah lir rinontog tyase | embah-embah mangun kung | pujyaning kang widrawa kègsi | kusuma Anjasmara | supragyèng mrih

tyas rum | ruming rèh sinidi brôngta | karongron sihira ring sang marswèng rêsmi | sumyarjyèng lam-lam deya ||

17. riwusnya marna ingkang lulut sih | ya ta ing mangke rêkyana patya | sowan ing pôncanitine | sêdene sang binagus | kering mring sang rama sumiwi | samarga-marga gumrah | dene wong dêdulu | kagyat mulat ing rahadyan | jêg kumêlip nèng ngalam donya durung wrin | ing warna sang lir Parta ||

18. tuwa anom miwah gêdhe cilik | ebat umung jêjêl arantaban | èbêg marga apênuh wong | tinarka dewa tumrun | datan lingên ucaping janmi | ri sêdhêngnya kawarna | sang narendraning rum | mênggêp miyos siniwaka | ingkang munggèng

--- 343 ---

sitinggil baturana di | sakapraboning nata ||

19. pirang-pirang rêsmining naya di | manuhara ruming prênadyèng rat | kongas kapêrbawèng kang wong | èbêg paglaran pênuh | busana bra makilat thathit | teja maya sumirat | makênyar sumuluh | lir samodra rob bêlabar | wadyabala sadaya ing Maospait | sumewa gara gumrah ||

20. gita-gupita jiwit-jiniwit | mulat mawulat jêjêl mawaglar | panjêmendra môndra andhèr | orèg kagyat mawa gyut | beda saban-saban gung dasih | singrêring tara gumrah | drês warna-warnèng rum | swara rum amalad-alad | inggar-inggar sêsumuk ingkang nêgari | karya pêngaribawa ||

21. kyana patih ngandikan wus prapti | ngabyantara lir konjêm ing kisma | myang Seta Kumitir Radèn | Rôngga Minangsraya wus | Arya Simping Menak Giyanti | tuwin atmajèng Tuban | andhèr marikêlu | tênapi Dyan Menak Koncar | atap aglar pra niyaka ing ngarsa ji | dhêdhêp tanpa subawa ||

22. prabu rara angandika aris | mring apatya kayaparan bapa | ing nguni parentah ingong | sira ingsun pituduh | ngupaya wong ran Damarsasi [Da...]

--- 344 ---

[...marsasi] | apa saèstu panggya | atênapi luput | paran ta ing mangke bapa | umatura iya marang jênêng mami | ring sang rêkyana patya ||

23. gêtêring tyas sêklangkung dènnya jrih | aturira gusti kasinggihan | pun Damarwulan wiyose | atma kawula mantu | abdi dhusun anyar duk prapti | lakinya Anjasmara | ing mangke sang prabu | sumaos ing pagêlaran | sri wanodya duk myarsa turnya kya patih | kumênyut raosing tyas ||

24. maya-maya widrawa mangun sih | mantya kisma kasrang radityama | katri mongsa têmahane | siniram ing udan rum | rumêsêp sih nugraha jati | winangyah wahyuning rat | manikmaya tumrun | nguni marna titahing hyang | kang pinujya môntra nagri Maospait | dumadak lumagsana ||

25. sumuking tyas angêmu mêmanis | manisira kongas ing ujyala | maha sang murtining sinom | alon andikanya rum | bapa patih matunira[22]

glis | lah mara timbalana | kang ran Damarsantun | kya patih matur sandika | saha sêmbah ngliring Dyan Seta Kumitir | sang kalih sigra mêsat ||

26. curiganya datansah pinipit |

--- 345 ---

tingkah wiraga winulat hyang-hyang | mênjangan kêwan radèn |[23] kampuh sinandhung-sandhung | kuncanira nêrampat siti | tumrun sing sitibêntar | sangsaya gumagus | nora pati yèn bagusa | mung bêsuse gawe ojat ing sêsami | dadya sêkaring praja ||

27. cingak sagung wadya kang anangkil | kagyat mulat satumrunnya radyan | Seta Kumitir cahyane | lir sêkar isthanipun | pan nêdhêngnya kang wora-wari | gawok sapasewakan | dyan kalih prapta wus | ngarsane Dyan Damarwulan | andhawuhkên kang timbalan prabu dèwi | sêndhu ing netya sabda ||

28. Dyan Sêsôngka wus kèring dyan kalih | darmi ta ngrèh ing susela krama | marwata suta ing tyase | ngrasuk pamrunga luhur | nanging tingal kinuswèng lungit | lênglêng ing hyang wisesa | surasèng driya nrus |

niscaya sêca-sumêca | cahywannya duk kongas ngêdusi sêkalir- | ira sasolah netya ||

29. pêrpat kalih maras ingkang ati | yèn manawa gustine pinatyan | sing kya patih pênggawene | wantu wrangkaning ratu | misesani ing Majapait | binapa ing narendra | kadhahar [kadha...]

--- 346 ---

[...har] kang atur | danguning kêpalang driya | dènira mrih pêjah gêsange dyan mantri | tan lyan ing budya arda ||

30. pinaekan sinangkaning niti | tata tumrap wisesaning praja | sinunduk lan purwakane | mila maras kêlangkung | sagunging wong kang samya nangkil | ing cipta warna-warna | mring Dyan Damarsantun | nêngna gupitaning manah | Dyan Sêsôngka ing ngabyantara wus prapti | lir Parta mangun brôngta ||

31. datan liyan sagung ingkang nangkil | jalu èstri ajomblong sêdaya | cêngêng lênglêng wurcitane | myang sagunging para rum | kang angayap sumewa sami | supe nèng ngarsa nata | akathah liripun | wênèh gigal busananya | tan karasa jamang sampur dèn waoni | astanya tibèng prênah ||

32. wênèh banyakdhalang sawunggaling | wêntus lawan kang ardawalika | kacu-mas ngumbar liringe | kapilih malah ngungun | pra bêdhaya samya abrangti | manggung anggung kasmaran | marang sang binagus | miwah radyan ayu patya | Rarasati dangu ngêtutakên liring | lir Sang Hyang Partasmara ||

33. ketanging tyas suselaning èstri | malulu myat winaon ing tingal | lyan sing panyolong [panyo...]

--- 347 ---

[...long] liringe | nahan kang samya wuyung | ya ta ring sang narendra putri | rêtna sêsotyaningrat | Dyah Kêncanawungu | sapraptanira Dyan Sôngka | mingkis gobah anglela gumawang kègsi | lir piturun sing swarga ||

34. tumaleram gumêbyar rêsmya di | asor èrêm sarining kang wulan | manoning rat kucêm kabèh | sonar hyang arka kusut | surêmira dening cahya di | kadya ngalapna jiwa | sagunging tumuwuh | gêtêr konjêm singa mulat | lir pinêcat yuswane kang nêngèng liring | tan wênang ngujung tingal ||

35. lyan ta sangking Radyan Damarsasi | sêkala pagut liringing tingal | lir panjang putra tumibèng | ing sumayana rêmpu | mawuting tyasira sang kalih | anglir tanpa jamuga | Radyan Damarsantun | sinamun ruming ujwala | nora paja-paja kawêntar ingègsi | tan kanyanan lyan mulat ||

36. sakêdhap netra kapranan ing sih | wus tumangkêp samir tundha sapta | prabu rara lênglêng tyase | sinujwèng myat pinrês kung | pasrangkara sasmita lungit | lungiding kasuselan | mah sang murtiningrum | sirna kamanungswanira | panugsmèng dyah sira ing Dyan Damarsasi | èstu

--- 348 ---

Hyang Tanpauna ||

37. pinancêr kilat murub dumêling | pujwa môntra èstuning jawata | pitung swarga kênyatane | Hyang Kara-kara linut | cahya mulya nuring dewa di | rênggèng asmara brôngta | ing sang Damarsantun | sêkarêng madya padyèng rat | nir sucipta niscayèng suralaya di | wijiling nugra limpat ||

58. Mijil

1. ketang brangtanira prabu dèwi | duk kênyarira non | duk ing alus pinurwèng titise | Sang Hyang Kumajaya lawan Ratih | ing hyang dewa luwih | ngarcamanik tumrun ||

2. kilang drawa campur rasa jati | sêjatine tumon | nora samar pawikaraning rèh | bawa pangaribawa kêrtyadi | mrih susela brangti | brangtane wong agung ||

3. sinakarèng winarna gya dening | Maha Sang Sugsmanon | tinitahkên sang kumara rajèng | angrênggani kraton Maospait | ya Sang Tanpauni | Ratih mêlokipun ||

4. sinujwèng rat iya dèwi Ratih | ya sang prabu sinom | nguni tumawang nêngèng wiyate | lamya tanpa ngumyat kêng radyègsi | ing nalika prapti | hyang asmara nurun ||

5. nora môntra kawêntaring liring | sinamur ing pasmon | wimbuh

--- 349 ---

sinung ing sabda wêntare | pilih wadya nênggih Maospait | wruh pasmoning osik | sasmitaning alus ||

6. alusira kang winrat ing jisim | nugrahan Sugsmanon | sir kasmaya punika dununge | prêmana kang anèng jaja kering | bale pare warni | panglindhunganipun ||

7. gya tinampan ing Hyang Dewaruci | kang ngrasuk sêkaron | wadhag alus iku panyampure | basa ing tyas wignya nampik milih | punika kang dadi | pangruhuning laku ||

8. kang minôngka pamolahing jisim | Ruci brôngta kaot | lir kumudhi palwa ing isthane | kang linakyan obahing jasmani | uripnya sangking sih- | ira jawata gung ||

9. mila marna sabda kang piningit | ayya kumalojok | sampun ngantya upama pamine | tanpa rupa-rupa kang sêjati | jatine pamuji | mring sih pujinipun ||

10. pan ing mangke nugraha kang prapti | mring sang prabu sinom | saha para dewa pêrmanane | polahing rèh nagri Maospait | rinênggèng palupi | linimpat kang têmbung ||

11. Dyan Sêsôngka dangu munggèng ngarsi | tansah mangrêpa nor | tan ingucap dyan manugsmèng tyase [tya...]

--- 350 ---

[...se] | mring sang maha pustakaning rêsmi | rêkyana apatih | jrihira kêlangkung ||

12. ginagap ing driya tan andugi | karsaning sang katong | Radyan Seta Kumitir kalihe | graitanya nataning dyah runtik | tansah yitnèng wèsthi | kyat surèng mapangguh ||

13. Dyan Buntaran sêdangunya ngliring | dhatêng sang wira nom | lir myat gambar winangun rahadèn | rêsêp kacarywan kasmarèng galih | iki si wong luwih | lawas ngong tumuwuh ||

14. durung mulat titahing dewa di | kadya sang wira nom | ratuning wong patut satuhune | angluhuri bagus lawan sigit | mendah wus amugti | ki raka wong patut ||

15. pasêmone mantêp ing pakardi | kêdhik ing wiraos | solahnya lus netya sabda sumèh | sun tatêdha Sugsmana Kang Luwih | asiha mring mami | sun anggêp sadulur ||

16. Menak Koncar anjomblong ningali | tansah gawok-gawok | sun wêntara wong iki pambêge | lana ing tyas tur awani mati | cacade mung siji | kurang ototipun ||

17. tangèh têdhasa mring menak anjing | sêmune aleloh | sun dhèdhèki mung pakulitane [paku...]

--- 351 ---

[...litane] | lêmbut lumêr pantêse wong iki | kalis dening wesi | sabêtane lulut ||

18. mendahane sadulure èstri | pantêse amlodong | baya nora kaworan ayune | dhasar ayu kacampuran kuning | gêlêm ingsun dadi | punakawanipun ||

19. kinêluha anglir kêbo sapi | tan lênggana ingong | sok si dhasar wêruhêna bae | nusup wong ayu lumêr jukining | iku kang upami | darbea sadulur ||

20. ênêngêna panggusthining kapti | ya ta sang akatong | sakêlangkung wagugên ing tyase | kewran amurwèng wêntaring èsthi | wusana nimbali | mring Ni Sêpêtmadu ||

21. lan Wilaja ingutus gya mijil | wus tundhuk sêkaron | lan Dyan Sôngka ni lurah dhawuhe | radyan kang timbalan prabu dèwi | radyan tiyang pundi | ing pinangkanipun ||

22. lawan sintên ingkang ayêyogi | lan malih sang anom | pintên yuswa paduka rahadèn | Dyan Sêsôngka aturnya ngrêpa sih | ulun tiyang sangking | dhusun purwanipun ||

23. Paluhômba dene kang yayogi | Maundara kang wong | kang wus mugswa kawula [ka...]

--- 352 ---

[...wula] wiyose | pan ingêmong dene sang ayogi | Musthimaya nênggih | kasêbut bêbuyut ||

24. ing Paluhômba ingkang palinggih | dene yuswaningong | apan sampun sêlawe warsane | tandya mêsat pawongan kêkalih | aturnya wus titi | ing sang murtining rum ||

25. prabu rara angandika manis | èsêmira winor | yayi Rarasati wêntarane | wus sapira yuswanira yayi | sang dyah awotsari | aturnyèsmu wuyung ||

26. yuswèng ulun kalih dasa warsi | andikaning katong | yayi kacèk mung sawarsa bae | ingsun apan wus salikur warsi | nêmbah Rarasati | èsêmnya sinamun ||

27. sakêlangkung sumêdhot kang galih | sang dewaning sinom | adu sêmu kêcandhak liringe | ing Sang Rêtna Dèwi Rarasati | sinamun ing lungit | saya gêtir juruh ||

28. sunarnya wor dinusan mêmanis | akarya wirangrong | tandya jêngkar sang murtining rajèng | ginarêbêg sagunging pra sari | lir pujwan rêtna di | kondur angêdhatun ||

29. Adipati Lugêndèr wus mijil | sakancanira lon [lo...]

--- 353 ---

[...n] | magêlaran atata lênggahe | kang makubêng pênuh kang anangkil | lir manungsung wangsit | esthaning wadya gung ||

30. sidhêm tanpa subawa gung dasih | tambuh garjitèng wong | mung Dyan Sôngka tinutkên liringe | mênggah-mênggah tyasnya sang apatih | ningali dyan mantri | kang tinutuh-tutuh ||

31. nora wurung akarya pakardi | satêmah rêrêmpon | ajur samya sadulur wêkase | runjang lan rowang dènnya rêbut sih | bramantya tan sipi | tambuh dhawahipun ||

32. mingut-mingut sinamun ing liring | ing sasolah sagok | myang Dyan Seta Kumitir sêdene | jajanya brit lir mawulat agni | dinulu dyan kalih | lir nuduka gapruk ||

33. Dyan Sasôngka wus angudanèni | ing sasolah pasmon | langkung dènnya ngênorkên ragane | nging jroning tyas sêrambut tan gigrig | pracayèng Sugsma di | sumarah ing ratu ||

34. kawuwusa malih prabu dèwi | kang kondur ngêdhaton | kandhêg anèng gapura tindake | mulat kawiryan rêngganing puri | pura raras rêsmi | lir kaswargan nurun ||

35. myat ing rênggèng prêdôngga sri sumrik | panjrah puspita [pu...]

--- 354 ---

[...spita] ngrok | wijah-wijah jahning maya nglude | minangkara rêsêp mêndannyan sri | lênglêng kalêngkaning | lêngês mara ngungrum ||

36. sêmaning rat ketang karongron sih | duk kaswargèng sinom | angrênggani ing Cakrakêmbange | rikala Hyang Kumajaya Ratih | maembah kang brangti | ing sang karya wuyung ||

37. duk mangiwa saliring ningali | sang murtining sinom | pustakane pandhan surat age | pinêthik tandya sinugsmèng galih | sinrat sastra sandi | linimpat kang têmbung ||

38. pilih janma ingkang ngudanèni | sandine wèh wirong | sinrat dening kênaka lungide | gya sinungkên mring pawongan kalih | satêdhaknya sangking | dhêdhampar sang ing rum ||

39. sarya tindak tan kacakrèng lungit | titising sastrèng ron | wus katampèn sang nata pasmone | gêpah Sêpêtmadu Wilaja glis | mring paglaran mijil | sêgsana tumanduk ||

40. ing Dyan Sôngka kang nèng pôncaniti | bukuh mangrêpa nor | gya dhumawuh timbalaning rajèng | wus tinampan pustakèng ron sandi | sinugsmèng ing galih | bêbukaning têmbung ||

41. pèngêt maha sang narendra putri [pu...]

--- 355 ---

[...tri] | sinujwèng Sugsmanon | kang sinung rèh ing pra jawatane | kinamulèn sagung widadari | kang kinarsan dadi | lêlakon kaswayun ||

42. dhumawuh ing Radyan Damarsasi | wiyose sang katong | kapêtêngan ing praja rêntênge | ingrèh Menakjingga kyat ing jurit | môndra sura sêgti | tan lawan ing pupuh ||

43. pantês lamun Radyan Damarsasi | ngêntasi palugon | wignya mocok murda digung rajèng | tan lyan yogya pininta sraya di | mung Dyan Damarsasi | kang sih ing kaswayun ||

44. cacadira sang narendra putri | gêgampang ponang wong | dene durung sinungan kamugtèn | sinangsrayan mapag ing ajurit | yèn ta wus amugti | tan kuciwèng sêmu ||

45. ing satêmah ginubêl pakardi | rèh sang prabu sinom | tanpa yayah rena myang kadange | èsthining tyas kawrat ing sastra di | titi punang tulis | sang anom tyas ngungun ||

59. Sinom

1. sêkala kadya sinêndhal | ing driya rahadyan mantri | kurang winalês ing pêjah | mêmanisnya prabu dèwi | galihnya cilik wukir | kongas netyarja sumuluh | gêpah

--- 356 ---

mangsuli sêbda | ing lurah pawongan kalih | dasih nata tan lênggana ing sakarsa ||

2. Ni Sêpêtmadu Wilaja | wus mêsat lumêbèng puri | orêg sagung kang sumewa | pita-ginupita sami | nyana-nyana mawarni | warna-warna bisikipun | ring sang rêkyana patya | sumung-sumung sêdana brit | ngadêg bubar ya ta sampun aluwaran ||

3. gora rèh kagiri gumrah | sagunging wong nêningali | marga gung lir binusanan | kadya sulung mêdal enjing | mulat mawulat asri | pôntha pêpanthan supênuh | datan lyan kang ingucap | namung Radyan Damarsasi | sugun-sugun kaya wong takon pawarta ||

4. ya ta ingkang kawuwusa | sang dyah kang tinilar nangkil | kusuma yu Anjasmara | datansah angarsi-arsi | ing kakungnya dyan mantri | poyang-payingan tyas gandrung | sang dyah kabyatan trêsna | gandrung-gandrung angsung brangti | roning kacang anglayung dangu tan panggya ||

5. buron arum kinunjara | maras-marase kang ati | alaki wong kadi Parta | yèn ta dèn limang sukoni | atal sangiting ardi | mendah baya wirang ingsun | pantês sun [su...]

--- 357 ---

[...n] têkèng pêjah | lawe ingkang dinum kêrti | yèn rawuha mêngko kakang sun rarêngga ||

6. baita kaisèn toya | cêpaka rinujit miring | bubrahe ati manira | kèrêm dene wong abênthing | parikan wohing dami | pari kudu ingsun susul | wadung cina pangeran | kinapakna awak mami | pêtis manis jêr dika dadi pocapan ||

7. kêrangeyan munggèng têgal | wong bagus sun anti-anti | kang gêbang binêsut mudha | apêgêl rasaning ati | dene kêpati-pati | seba têka nglangut-langut | sang dyah arsa anggantyan | tansah binuwang ingambil | mung kakunge tan lyan sinambat ing brôngta ||

8. sêbdane mring babu inya | pa gene ta wong asigit | suwe têmên nora prapta | nganggo apa wong abênthing | maras-marase ngati | mênawa mati kêsandhung | sirna kabur kanginan | kodanan udan pawèstri | padha ilang angur sanak bapa biyang ||

9. sêjagat môngsa na memba | kaya dika wong abênthing | olèha ing bênthingira | ujar kèri sarya wingwing | akèha wong awingwing | ujar kari rangkung-rangkung [rangkung-rang...]

--- 358 ---

[...kung] | padha rangkung-rangkunga | ujar kari pêrak-ati | prak-atia ing manah môngsa sênênga ||

10. sapa kang kandhêg kampiran | angganggu mring wong asigit | mawuh angrong prêsanakan | kinraha buta sakêthi | pinarag kaga gêring | sinambêra gêlap sèwu | wanodya kang sikara | linuda ing mutah ngising | wong abagus poma aja salah karya ||

11. ni êmban matur wotsêkar | raka paduka dyan mantri | adangu anèng paseban | tinimbalan prabu dèwi | mêlang-mêlanging ati | mênawi tinuju kayun | pinundhut jatukrama | sinangkan sing solah niti | sêbdaning dyah yaiku maras ngong biyang ||

12. poyang-payingan ing manah | Anjasmara èsmu kingkin | sêgsana Radyan Sêsôngka | wus rawuh dènira nangkil | duk katingal nèng wijil | sang dyah tyasira kumêpyur | gya mêthuk kapang-kapang | gêndrèh-gêndrèh angsung brangti | gupuh-gupuh rahadyan maoni kunca ||

13. gapyuk sêgsana ingêmban | sarya ngaras kang panêpi | samarga awirandhungan | wangwang-winangwang ing liring | rêbut gon kang mêmanis | sang kalih tuhu [tu...]

--- 359 ---

[...hu] abaut | nêdhêng kang pêpasihan | lir mintuna lawan mimi | sang dyah lajêng binêgta ing pêsarean ||

14. supe dhahar lawan nendra | mung kasmarannya kaèsthi | tansah anèng pagulingan | tan ketang karya duk nangkil | mung lêngês marèng rêsmi | mantya wartikèng mangun kung | kongas marjèng ing tilam | srangkara mantrês ingkang sih | arum-arum ing satpada nuksmèng sêkar ||

15. nutug dènnya pacakara | pêrmain tigswara lungit | lungite sinawung brôngta | brangtane amigênani | migêna pamujwan sih | sihira tuwan gumêndur | gupêrnur rat Indhiya | anèng laut môndra rêsmi | pênuh raras mas nonah ing kêpatihan ||

16. wus jinarwa ing suwadya | sapangrèh duk kala nangkil | katitisan sandi sastra | tumrap pustakèng ron rêsmi | sinransraya ing jurit | ing maha kumaraning run |[24] mapag Sri Menakjingga | kyating sura môndra sêgti | têguh timbul prawira ing adilaga ||

17. Rêtna Dèwi Anjasmara | ing manah brangtaning kingkin | wuyang-wuyungan ing cipta | ajrih maras awor asih | jrihnya mring prabu [pr...]

--- 360 ---

[...abu] dèwi | dene gêntining dewa gung | mulya trus mutêr ing rat | sapituduh dèn lakoni | nora wênang mindakèng karsaning raja ||

18. maras-marase kang manah | mênawa tan bangkat kardi | sêpi sangking kira-kira | dudu lawan sirèng tandhing | yèn têmah têkèng pati | gawe rôndha tanpa nganggur | sihira wus kênyatan | kumanthil kulunging ati | wusananya sang dyah amônca udrasa ||

19. mingsêg-mingsêg anèng pangkyan | tansah jinum sêbda manis | sinangkan sing nitikrama | tinruskên kasmaya jati | kasampurnaning urip | inguripan ing Sugsma Gung | pangrèh sulanging titah | tata anggêp anèng bumi | binarung sih ruming sabda mangla-êla ||

20. lingsir dalu wancinira | rikala apamit jurit | radyan baut ing srênggara | rèrèh kang ingarih-arih | kamantyan sang sudèwi | asmara tôntra winrês kung | tandya kapi nendra[25] | wus sinarèkkên aririh | kinrangulon sang dyah dening asta kanan ||

21. embah sri nataning atap | manggung winangwang ing liring | kadya murca kinêdhèpna | paja-paja mangkat jurit | trênyuh kabyatan ing sih | ing saniskara [saniska...]

--- 361 ---

[...ra] kaetung | Radyan Damarsêsôngka | lir pêjah sajroning urip | aningali sang dyah kang sawang purnama ||

22. radyan mangunus kang asta | sinangkanan sangking kêdhik | manut sêlanirèng napas | sinamur duk mongah-mangih | Yanghyang Brêmara kadi | sinêdhêng ngrêbasèng santun | yèn kalanira sang dyah | èsmu sêsêg napasnya gis |[26] radyan mantri ngêndhoni tanpa subawa ||

23. kunus pênariking asta | mangu mangêntyas gung brangti | brangti mulat ing wadana | asor hyang purnama sasi | waja gumyur kasilir | kongas tejane ngênguwung | sêngkang hèrnawa muncar | lir lintang sayuta ngalih | rêbut raras goyang-goyang kapêrmanan ||

24. kaya angalapna jiwa | kusuma kang lagya guling | gêtêr madu pinasthika | rêmrêm sata ramyang sumrik | sangsaya rêbut manis | anèng jroning tilam santun | Radyan Damarsêsôngka | lumèngsèr sing jinêm wangi | singêb kongkih sang dyah katrang prêmbayunnya ||

25. manglela maya gumêbyar | Dyan Sôngka jêngêr kêpati | anglês sarya ngusap jaja | èsmu mênggah sambat mati | wus tumrun sing jinêmrik | mawang ing garwa mangungun | gilang-gilang [gilang-gi...]

--- 362 ---

[...lang] winulat | sang dyah kêpati aguling | radyan mantri ing manah kadya kang maca ||

26. malih minggah ing paprêman | sang dyah rêtna ingarasi | cinêcêp-cêcêp lathinya | napasing dyah dèn sarêngi | ingêdêd mangrit-irit | tinarik pamiyosipun | tumrun mring wonga-wonga | nugsmèng padaning panêpi | môngsa-borong kang ahli tilawat Kuran ||

27. tajuwit lan mukalapah | bila nonahira minging | sang dyah sampun siningêban | sarya ingmêg-êmêg lirih | dèn apit ing gêguling | asta ingastan mangsak rum | sêkar suwun ingalap | kinarya jimating urip | malah mandar dadya têguh kayuwanan ||

28. mêne sêkarênging solah | pangrèh ing pamujwaning sih | dyan tumêdhak sing paprêman | satindak gya mawang liring | samir èsmu kawingkis | katon mêlok sang lir santun | sang kakung trênyuh ing tyas | gagubah winangun malih | wus tinangkêp datanpa nolih ing wuntat ||

60. Pangkur

1. riwusnya ngrasuk busana | Dyan Sêsôngka tandya sowan apatih | lan parêpatnya wus pangguh | laju ing lampahira | de warnanên ki adipati pinuju | sêdalu

--- 363 ---

pinrak lan putra | Seta lan Layangkumitir ||

2. anèng ing bangsal sineba | gunêm rêmbag gusthi karsaning gusti | pêpucukan nyinèng sêmu | sêmu mring Damarwulan | kadya ingosikkên Sugsmana Kang Agung | pituduh jawata mulya | mring maha sang prabu dèwi ||

3. mangraoskên ingêring rat | wahyuning rat pratingkah ing praja di | tuwin budayaning laku | kalakuaning titah | sinung murah dening hyang bathara luhur | wênang ihtiyar ing lampah | nyalangi durunging pêsthi ||

4. mila tansah rêrêmbagan | kyana patih lan putranira kalih | Dyan Layangkumitir matur | dhatêng yayah dipatya | Damarwulan prayogi cinidrèng dalu | sampun ngantos manjang wirang | yèn lami saya angsal sih ||

5. saya jêmbar kang daulat | kuncara nrus ngait wong Maospait | awrat iritnya ingapus | mojar Dyan Layangseta | yayi aja laku cidra amrih lampus | abot pradataning lampah | kuwat pira nalar siji ||

6. kalah lan nalar sêjagat | pujining kang ngudi dursilèng juti | tan wus ing bahya pinangguh | satêmah kawêndakan [kawê...]

--- 364 ---

[...ndakan] | rama mojar paran rakanira ulun | Dyan Seta matur wotsêkar | yèn sêmbada lawan budi ||

7. yogi angakên narendra | sinangkan sing pangrèh kang madu manis | manis kang pamicara lus | nêbihi kira-kira | winisayèng kartaning buwana samun | sêmonira tan kênyanan | nyanane angraharjani ||

8. lunturing tyas lumagsana | gunging urip tan wontên amrih sisip | mulyaning sinêdyèng kayun | tan wrin yèn pringga pasang | sêsingate andaka têmah tinanduk | linaba suselaning rat | tan susah dadya pakardi ||

9. ing rèh kasiku ing tingkah | sinaidan isining bumi langit | ratu lumuntur kang bêndu | agampil winoran byat | ginosongan ing bêbudèn sêtya tuhu | yèn wus tiwas tyasing raja | gugur kagubêl ing sisip ||

10. saha kang bala kuswala | saprajanya tumindak lawan kingkin | kang kas nalar kang rahayu | ruwêt pamujwa arja | Damarwulan môngsa dadosa têlingus | pêjah kêsandhung ing rata | ngestrenan kalawan niti ||

11. amanggut rêkyana [rêkya...]

--- 365 ---

[...na] patya | wêcana rum sabdanira aririh | luwih bênêr sira kulup | cacade wus kaslêpak | ing wong mayang mônġsa kewuhana kulup | wus katêkêm astaningwang | lêlakone Damarsasi ||

12. radyan kalih saya nyêlak | lênggahira ngadhêkês tyas mèstuti | kyana patih sêbdanipun | pating kranthuk anglamat | lan putranya pasmon kewala asamun | gutuk kidul lor kêpranan | lewat-pinalewat lungit ||

13. tandya na abdi manêmbah | matur lamun Dyan Sôngkyarsa sumiwi | katrinya ing manah jumbul | sinamur wus ngandikan | nanging pamojarnya tan kandhêg kang wuwus | sasolahira tan owah | sanetya kinardi-kardi ||

14. grêgête yèn kala marna | Sang Sindura duk campuhing ajurit | manise yèn kala muwus | prange dipati Tuban | èsêmira yèn marna para tumênggung | pra dipati para menak | kang samya kanisthan jurit ||

15. gêtun-gêtune ing netya | duk manêbda risaking Maospait | Dyan Damarwulan wus rawuh | agêpah ingancaran [inga...]

--- 366 ---

[...ncaran] | kinèn lênggah lan putra kalih wus kêmbul | abukuh kapara wuntat | ya ta Dyan Seta Kumitir ||

16. tan pêgat matur wotsêkar | sarikutan ingambil kang mêmanis | kang prapta dangu tan dinuk | ing tingal saha sêbda | tungkul dènnya anggumunakên kang atur | mring sudarmanira radyan | luwês kang têmbung patitis ||

17. ya ta sang rêkyana patya | sawusira nimbangi putra kalih | nabda mring Dyan Damarsantun | wartanya ing pakarya | Dyan Sasôngka tandya

umangsah wotsantun | ngaturakên sandi sastra | kang tumrap ing ron tinampin ||

18. wus sinugsma ing sang patya | kang nawala tandya sinungkên malih | nabda paran sira kulup | mungguh wêkasing karya | nêmbah matur Dyan Sôngka panyiptèng ulun | nadyan dhumatêng ing pêjah | kawula èstu mèstuti ||

19. lumampah mring Prabalingga | sumêngkèng rèh pêngawak braja jurit | lan Si Menakjingga digung | tan lyan ingsun pêpinta | mung pangèstu paduka ingkang sinugun | manggut kya patih ngandika | iya bênrê sira kaki ||

--- 367 ---

20. borong apa karsèng nata | sapituduh kudu dèn lêgsani |[27] balik angkatira kulup | mapag mring Menakjingga | nêmbah matur sira Radyan Damarsantun | inggih lajêng sapunika | manggut kya patih dènnya ngling ||

21. dene lingsir wêngi radyan | garwanira apa wis têpung kapti | dyan matur paduka sunu | dahat tan suka mangsah | mila ulun sowan mring paduka dalu | Anjasmara sangêt mothah | ngong limpe inggih duk guling ||

22. sing jrih kawula mring nata | myang ing tuwan kang sung nugraha ing sih | garwa katilap jinêm rum | patyèsmu mèsêm nêbda | luwih bênêr babo mangkata dèn gupuh | sasat karsanèng jawata | barang parentahing gusti ||

23. Dyan Seta ewa ing manah | mingrê mucang èsêmnya nocog galih | cumêri mènjêp aidu | Kumitir panas mulat | liringira mrakitik kacinèng sêmu | adhoso ingkang pangucap | ki raka mangkata aglis ||

24. poma dipun angsal karya | dèn kapocok Menakjingga ing jurit | Dyan Sôngka ngrêpa tan muwus | kya patih ngatag mangkat | nêmbah majêng dyan mantri manugsmèng

--- 368 ---

suku | sawusnya lèngsèr gya mentar | lan parêpatira kalih ||

25. amarêngi padhang wulan | kalalumrang trênggana mawur asri | srining mêmanon mangungun | sumilak ngêmu brôngta | ing sang kadi Parta Asmara mrih pupuh | sang marga sinêmangkara | mring sagung jawata kang sih ||

26. nirbaya tanpa wikara | tan lyan ingkang kaciptèng kasmaya di | mung sandining sastra wèh rum | wirama prama manras | rumasuk sih sutijèngkara sinawung | lamlam brôngta kawurywantas | karêspatèn tigswèng lungit ||

27. tan ingucap kang nrang marga | ginupita malih gitaning patih | Seta Kumitir wus rêmbug | rêmbug kang môntra mulya | glar ingaran braja-trustha tyasing gupuh | lêlandhêping namung tingal | anggêp ungguh agsama sih ||

28. byar raina surya muncar | Anjasmara pinojaran suwadi | sang dyah aniba tan emut | sêmanging driya mamang | byat trisna sih ing kakung tinilar dalu | kuwur sumawuring manah | sapanglilirnya kaswasih ||

29. sêsambat awor karuna | wayang-wuyung marasira kêpati | pawongan pating bilulung | tambuh ing

--- 369 ---

purwakannya | awurahan gustine sinambat wêwuwus |[28] tintrim wong sakêpatihan | sar-saran miyarsèng tangis ||

30. gêpah Rêtna Anjasmara | malbèng pura marsèng byantaranya ji | mangèstu pada kaswayun | sampurnya kuleweran | môncadrasa asambat-sambat mring kakung | prabu kênya angrês mulat | tansah angecani galih ||

31. sasêbdanya gêtir kilang | awusana tandya parentah aglis | mring apatih wus dhumawuh | kinèn abantu lampah- | ira Radyan Sasôngka sadhiya gupuh | gêpah wus samya pininta | dêdamêl ing Maospait ||

32. pararya myang para menak | pra tumênggung dêmang rôngga ngabèi | myang balakuswa wus daut | mangrob mangarab-arab | têngarangrok gurnita têtêg makêtug | winantêr winantya budhal | kadi alun nêmpuh wukir ||

33. kang dadya tindhihing lampah | sira Radyan Seta lawan Kumitir | wadya kapatihan magut | pênuh datanpa wilang | pra dipati môncanêgara sêdarum | wong pasisir lèr bêlabar | kadya jalanidhi ngalih ||

34. malih ingkang [ing...]

--- 370 ---

[...kang] winursita | Dyan Sasôngka sinrang lampahira glis | tan kocap kang samya nusul | dêdamêl Majalêngka | kandhêg anèng ing Daha kabrokan mungsuh | barise wong Bêlambangan | Katbuta Kotbuta patih ||

35. myang sagunging para menak | para dhaèng miranti magut jurit | baris aglar opyak mungsuh | kadya dhawuhan bêdhah | gênggêng muntap kaya gunung alêlaku | swara ngrok panjriting liman | kadya udan sinêmèni ||

36. ganjur-maganjur mangrêmpak | braja kilat makilat-kilat thathit | byuh bayu bajra magêntur | gêntur gêtêr sauran | tanjak bajra prêkatha lir sèwu guntur | baris kulon lawan wetan | tan ana sêdya gumingsir ||

Kurang satu suku kata: atasira abisaa kang sayêgti. (kembali)
pamrih. (kembali)
masalah. (kembali)
Lebih satu suku kata: êtope tur êpêng-pêngan. (kembali)
rakanta. (kembali)
Kurang satu suku kata: angsal pangèstu tuwan. (kembali)
sampun. (kembali)
aris. (kembali)
Lebih satu suku kata: prabu rara ngandikane. (kembali)
Kurang satu suku kata: jumênênga nagri Majapait. (kembali)
namung manrêm sidhêm-sidhêm mrik. (kembali)
sinom. (kembali)
Ragusuta. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang beda mung dêrajate. (kembali)
wêkasan. (kembali)
sêgahannya. (kembali)

têkèng. (kembali)
wajik. (kembali)
Kurang satu suku kata: ing ibu sang pramèswari. (kembali)
Kurang satu suku kata: iki si wong ratune ayu utama. (kembali)
pêpada. (kembali)
mantunira. (kembali)
Kurang satu suku kata: mênjangan kêdawan radèn. (kembali)
rum. (kembali)
Kurang satu suku kata: tandya kapi anendra. (kembali)
glis. (kembali)
Kurang satu suku kata: sapituduh kudu dèn lêgsanani. (kembali)
Lebih satu suku kata: awurahan gustine sinambat wuwus. (kembali)
Kategori
Agama dan Kepercayaan
Arsip dan Sejarah
Bahasa dan Budaya
Kisah, Cerita dan Kronikal
Koran, Majalah dan Jurnal
Referensi
Huruf Jawa
Lambang Fonetis
Penanggalan Jawa
Singkatan dan Akronim

61. Durma

1. Angkatbuta Kotbuta ngabani bala | tadhah wong Maospait | sêsumbar magumrah | èbêg swara gumêntar | bêgor kang bèri tinitir | bêndhe sauran | surak karêngèng langit ||

2. sênjatangrok lir gêlap manêngkêr jagat | bendrong-binendrong wanti | kang sêbrak rêkatak | ganjur sungsun [sungsu...]

--- 371 ---

[...n] matumpang | pirang-pirang brana mati | pating jalêmpah | kadya babadan pacing ||

3. wong bang wetan manrot magiro magalak | lir buta monah daging | tan wikarèng papan | pêjah samya ingidak | ing wuri nrajang mangungkih | wong Majalêngka | dhadhal tan môngga pulih ||

4. kosik kawus katimpah bubar sar-saran | tanbuh ingkang dèn ungsi | Radyan Layangseta | Kumitir langkung susah | katulak bala matintrim | kuwur sumêbar | samya angungsi urip ||

5. radyan kalih wus samya ngracut busana | wadyanira magusis | dêstun wolung dasa | kantun andêl kewala | nusup têngahing wanadri | atilar kuda | dyan dharat saha dasih ||

6. rêgag mundur pangungsire wong bang wetan | ya ta malih kawarni | nagri Prabalingga | ring Sang Sri Urubêsma | sadintên miyos tinangkil | sinewa gara | kasukanira ngênting ||

7. gêndhing awor salomprèt tambur sauran | kang kêndhang lawan bèri | sênggak mawurahan | surak muluk mring wiyat | kêploknya jêmur mawanti | sanjata urmat | kadya ngobahna bumi ||

8. pirang-pirang wadya gung malang-sumirang [ma...]

--- 372 ---

[...lang-sumirang] | maneka-neka asri | asri tiningalan | pênuh kang kawiragan | wuru-wuru kaduk lali | winulat galak | grêgêt main ngajrihi ||

9. pênuh muput sadina ngantya anggagab | dalu datan dèn gopi | nayup ôndrawina | nginum mawantya-wantya | abuja kulina ngênting | sapangkat-pangkat | masêla-sêla ngênting ||

10. pracekane wong nginum arak wêragang | ya eka patmasari | dyi[1] mêrtani miwah | tri kyula busana |[2] catur wre rukêm lan malih | kang pônca sura | sura mapanggah nênggih ||

11. malih ingran apan ta sat[3] guna weka | sapta kulina tuwin | kang astha kacara |[4] myang nawa agra lapa | malih dasa yêgsa mati | wong nginum arak | sadhasar dèn arani ||

12. eka patmasari kang eka satunggal | patma kêmbang sayêgti | sari ruming sêkar | wong nginum sadhêdhasar | sumringah lir sêkar asri | sanetya mulat | angembahi mêmanis ||

13. kang dwi roro mêrtani wicara endah | wong nginum arak nênggih | angsal kalih dhasar | barang kang winicara | manis sumrah angrêsêpi | malih ingaran | tri kula busana sri ||

14. tri têtêlu kula sêsamining [sê...]

--- 373 ---

[...samining] bala | busana wus ngarani | nginum tigang dhasar | sumbaga rosa pelag | sarya pantês mrak-atèni | inggaring manah | jumbuh kawula gusti ||

15. lawan malih catur rukêm wre ngaranan | catur pat wre ngarani | kang rukêm wowohan | wong nginum patang dhasar | lir bêdhès arêbut bugti | wicara rênyah | rame sêbarang angling ||

16. pônca sura panggah apan ingaranan | pônca lêlima nênggih | sura wus kanyatan | sudira ingran panggah | yèn wong nginum arak olih | gangsal dhêdhasar | mantêp sudira wani ||

17. malih ingkang aran sat guna wêweka | sat nênêm guna nênggih | sêbarang kawignyan | wêweka yitnèng ing tyas | yèn wus nginum arak olih | ênêm dhêdhasar | umbage kapêngarsi ||

18. ingungaskên sêbarang kagunanira | sêsikunira lali | kang sapta kulina | sapta pitu ingaran | kulina karêm ing ati | wong nginum arak | pitung dhasar sayêgti ||

19. karêming tyas winiyak ing pasamuan | cara-cara corih |[5] yèn wong nginum arak | olèh wolung dhêdhasar | ing sasêtyanya tan kègsi | mung umbagira | wiyah-wiyah

--- 374 ---

dènnya ngling ||

20. tingkah angling gora rèh sawênang-wênang | nawa gralapa nênggih | nawa sanga ingran | agra cèlèng kêlawan | lawa[6] tatu lamun olih | sangang dhêdhasar | wong nginum arak kadi ||

21. cèlèng kanin bingung sêbarang tinunjang | datan wikarèng wèsthi | dasa yêgsa lawan | pati iku ingaran | sadasa puluh lan malih | kang yêgsa buta | pati wus angarani ||

22. yèn wong nginum arak sêdasa dhêdhasar | wus kadya buta mati | ya ta cinarita | sira Sang Urubêsma | kasukan dhahar lan larih | panginumira | mantya mawarni-warni ||

23. sasêbdanya sasukanya ing panginggar | pirang-pirang mawanti | mêdal sangking wawrat | nutug kang kapênuhan | warna-warna para aji | myang para menak | rongga dhaèng prituwin ||

24. para andêl sawênèh para magalak | wênèh wanti mangibing | wênèh main pêdhang | umbag ing kaprawiran | sawênèh satêngah mati | acacah-cucah | pratingkah kadi bêlis ||

25. Sang Sri Bêsma pan kaya edan kinarya | tansah ngidung rêrêpi | ratu Majalêngka | ingkang sinambat brôngta | ngungrum sarya rêngih-rêngih | gumuyu latah | magoyang-goyang wêntis ||

--- 375 ---

26. alêlagon sêsindhèn atatêmbangan | bêgsa ngidung mênyanyi | kapan nonah dinar | pêrmain sama guwa | canthur lêbih jadhi hati | kêrja pêrgila | sampe sa makan pêrcil ||

27. kita orang mênunggu mipro upêstrak | tinggal nagri Bêtawi | marah-marah gusar | dhatêng sa ponya romah | orèk mata pinggang kuping | antêm kêpala | ajur jadhi cumêndhil ||

28. angkat tidhur tarik pegang punya tangan | mentak anak kyai ni | kakak sama tuwan | nyang bagus pêrti setan | nyang kuning pantat kuwali | taruk pakean | têsbèh kluwak kêmiri ||

29. laju ingsun nyandhak cindhe sêsampiran | laju sun srênggarani | bêlo anak jaran | komprèng bêlo mênjangan | papêdhèt komprènging sapi | sapira manah | balêdhog pêdhèt kancil ||

30. munyak-munyuk blêdhoge kêthèk alasan | tai munyuking kucing | blêdug plêncing gajah | gudèl blêdug maesa | gagênjik blêduging babi | kêkirik bêlang | gênjike asu lurik ||

31. ratu ayu lêlakune suntrang-suntrang | sênêng sun srênggarani |

--- 376 ---

malerok ngujiwat | anulya ingsun êmban | ban-êmbane cindhe wilis | mulêsing manah | manawa sun antupi ||

32. wong akuning sambate angrèndèng manah | nuli sun arih-arih | ing asmara tôntra | wulung ulêse jingga | si gagak kulambi langking | si kuntul pêthak | podhange slendhang kuning ||

33. gawok ngungun sêkathahe kang tumingal | ing sang sri narapati | dènnya karungrungan | mring sang sêsotyaning rat | tan têpung rarasing budi | makutha singsal | mêmanisnya kuwalik ||

62. Dhandhanggula

1. kawuwusa Radyan Damarsasi | praptèng jroning kitha Prabalingga | nèng margi prapatan rèrèn | apan kêsaput dalu | ri sêdhêngnya purnama sidi | bêntèr manglela sumyak | radyan sêbdanya rum | paran Sabdapalon ingkang | prayogane ing lampah dèn angsal kardi | karyane sang kumara ||

2. Sabdapalon umatur ing gusti | tuwan gampil wong acampuh ing prang | yèn wus wruh ing pakaryane | karya kang agal alus | agalira ngrêbat nêgari | atandhing kasudibyan | suraning apupuh | karya tilasing sajagat |

--- 377 ---

pujining kang tumuwuh ingkang ngèstrèni | narik ing kaluhuran ||

3. luhurira tumêka ing pati | titi tumrap wicagswèng kêlagan | luwih agung nugrahane | langgêng pinujwèng tuwuh | luhurira paroswèng bumi | saturun praptèng têdhak | jinurung dewa gung | sinaidan bumintara | kulêding rat tan wontên ingkang munjuli | kapunjulaning aprang ||

4. dene kang alus angakên gaip | gaibing Hyang Sugsmana Kang Mulya | pasrah dhatêng jawatane | tan lyan sinêdyèng kayun | pêngayune lêgawèng pati | rêbut sihing kasidan | sida bôngsa luhur | luhuring wong marcapada | sadèrèngnya tinitah sampun pinêsthi | pêsthèn mring kaluhuran ||

5. èsmu mèsêm Radyan Damarsasi | kêpranan tyas ambêg kawisesan | wusana arum bêlinge |[7] paman ingsun mituhu | sakarsanta amramugari | agal alusing tindak | tindak kang mrih pupuh | Sêbdapalon matur nêmbah | yèn suwawi aprang tandhing padha siji | nanging ywa nyidrèng lampah ||

6. samya ngandêl karsaning dewa di | sintên kinarya mulya ing jagad | amêsthi unggul yudane | mokal hyang jawata

--- 378 ---

gung | ginggang dènnya akarya pêsthi | papêsthèning manungswa | ing wusananipun | tuwan antêpi ing titah | wus têtela minta kahana kang gaip | gaibe kang sarira ||

7. bonggan gawe manira tut wingking | ngarsa-arsa kanugrahan tuwan | kandhêga dadi lêlakon | yèn kantên bakal wurung | nêdha mantuk mring jaman pati | yèn kintên sinung arja | ing pamuji tutug | mèsêm Dyan Damarsêsôngka | Sabdapalon juwêt aturnya ing gusti | nêdha suwawi mangsah ||

8. anjujuga ing madyaning puri | datan keron kang pinuju manah | Menakjingga padha ijèn | ywa ngantos wowor sambu | keron budi kathahên tandhing | kuwur pamawasing tyas | mring Sugsma Kang Agung | pirangbara mangke ngêpak | jênang dodol sêga gorèng lawan inthil | mèsêm Radyan Sêsôngka ||

9. Nayagenggong anambungi angling | bêtul tuwan baik lêkas brangkat | dhalêm banyak ikan dhèndhèng | muwah banyak nyang gêmuk | brapa-brapa kuwihnya srabi | martega roti muwah | lagi jêruk-jêruk | têrang saya dhapêt [dhapê...]

--- 379 ---

[...t] kabar | Menakjingga abanyak dhiponya bini | dhikêrja panggonjakan ||

10. tandya mangkat rahadyan minantri | lampah sabdi[8] tanpa janma mulat | katiga myang parêpate | sêdyanya kang jinujug | pakuwone kang para putri | prapta ing pagêr bata | gya ingusap gupuh | pinêsu kang puja môntra | banon mêndhan[9] tandya radyan anglêbêti | tênapi parêpatnya ||

11. lênglêng mulat rakiting pura sri | siluk-siluk sêlaning kêkaywan | ayom angrompyoh godhonge | sêdhêng ambabar santun | santun atap tumraping têpi | têpining bata rawa | kang bêngawan dulur | dulur-dulur kaidêran | midêr-midêr rahadyan rêsêp kang liring | liringnya karungrungan ||

12. winurcita sagung para putri | garwanira ring Sang Urubêsma | kawan dasa tri kathahe | tiga patminira yu | ayu samya atmajèng aji | Sang Dyah Juwitawatya | garwa ingkang sêpuh | Juwitaningsih panêngah | warujunya Juwitaningrum sang dèwi | tri samya manuhara ||

13. dene Sang Dyah Sang Juwitawati | gandhang bêsus olah kawiragan [kawi...]

--- 380 ---

[...ragan] | gandês pantês lêlewane | rêspati sarira lus | pumulunya mangroning sari | Juwitaningsih Sang Dyah | mêjana ing têmbung | dêdêling pêngadêg raras | pamulunya pindha lilin pêthak kingis | solah raga kêrana ||

14. tan kêbatang warnanya linulih |[10] mung sêpêpe[11] mangolah ing netya | kang ngêdusi mêmanise | Sang Dyah Juwitaningrum | pamulunya pindha wrat sari | lir gambar munggèng papan | èsmu gandrung-gandrung

| nyênyêt manising pangucap | mung liringe sumêdhèt lir patrêm kengis | prak-atinira kongas ||

15. tan ingucap raning para putri | warna-warna endahing winulat | nracak mêpêg biraine | lyan lumêr ngrayung-rayung | manis-manis gandhang prak-ati | gandês manginggar manah | sengoh kêmpyang ruruh | sedhok sêdhêp dhangah malat | lêcêm macês luwês mêsês anjukining | gumrining dhandhing mantras ||

16. kanthèt gilig pêrdikês ajait | dlongèh-dlongèh cangingehngah laras | gandrung jagrê gêndrèh-gêndrèh | lyan kawiragan bêsus | moblong mêndal gilig [gi...]

--- 381 ---

[...lig] tarincing | andlèdèr larah-larah | galak ulat arum | amayang mêmêt kumêclap | sêkar banjar gilar-gilar ana kadi | branduwin munggèng gêlas ||

17. wênèh ana kadi laras hèr tih | wênèh laras kadi arak adas | roti bêskuwit myang tangkyèh | sawênèh larasipun | lir manisan kang kolang-kaling | wênèh laras hèr mawar | ana laras hèr trus | ana kang laras hèr kêras | ana laras ambar sêpatêr lan malih | anênggih laras hèr mas ||

18. wênèh ana lan laras hèr muslim | wênèh kadya taswe wijil mandras | malih ingkang satêngahe | lir agni larasipun | wênèh laras kain surati | sawênèh laras pêsmat | kang sangahipun |[12] ana ingkang laras dinar | kang sawênèh ana kang laras dewane | wênèh laras rupiyah ||

19. kang sawênèh ana laras kadi | mori Jêpun myang gunting ing Prêsman | myang gunting kusta larase | sawênèh larasipun | atap kadi bathik Bêtawi | sawênèh laras slukat | kang satêngahipun | ana ingkang laras kêmpyang |

--- 382 ---

wênèhira ana ingkang raras pangsi | malih ingkang satêngah ||

20. apan ana ingkang raras suling | wuluhira wijil bobot sêkar | ana kang raras sundarèn | myang raras ricik panrus | wênèh alaras èrloji | tênapi kang laras jam | malih larasipun | cuki kadi jintên sulah | kang sawênèh ana kadya las ganthi |[13] wênèh lir kayu anyang ||

21. aglar samya nèng natar aninis | munggèng pangyom ingkang naga sêkar | para garwa kingkin kabèh | pujinya mring dewa gung | nora bêtah samya anyèthi | marang Sang Urubêsma | kapan baya rawuh | pajurit[14] ing Majalêngka | kang sudibya surèng prang anjayèng rêsmi | kang bagus kadi Parta ||

22. kawuwusa Radyan Damarsasi | sampun dangu mrêpêki para dyah | namur ampingan witing ron | manugsma ing pirêmbug | malar dadya panimbang galih | dènnyarsa tandhing lawan | Menakjingga Prabu | duk myarsèng pagunêming dyah | radyan mèsêm anggêgêt sajroning galih | galih wus nimbang laras ||

23. Sêbdapalon anglosor mêrpêgi | mring pawongan kang mêncil linggihnya | sarya nguculi [ngu...]

--- 383 ---

[...culi] ucula |[15] gumlinting awor lan wuh | uwuhira sura mangincih | ngadhêkês awor prênah | asamun dinulu | ana pawongan satunggal | wus kajaul jaule dèn wingkis-wingkis | ing manah nora nyana ||

24. pan sinêngguh uga setan kunthing | gundhul lêngar bathuk adoh lan dhas | rambute adoh lan dhase | gulu mêlêt sinambut | inglus-êlus dèn gumatèni | têlatèn lungguh misah | têbahe sinamun | dhasar julig tau-tatal | nora mundur ngêmbari mriyêm saloji | aran bok blotong gajah ||

25. inglig-ulig dènira aguling | nora nyana ana kang kagungan | setan kunthing sasuwene | Ki Nayagenggong nul |[16] panglosode nglangsur wor siti | lamun wus cêlak tandya | Ki Naya kapêntut | gêpah mundur angon ulat | sawusira maju gya kapêntut malih | undure dhêrakalan ||

26. tandya mapan ing jaba gumuling | lumah-lumah lumahe pinasang | têka bêncung babuncunge | gya na pawongan rawuh | sigra-sigra kabêlêt cincing | mangarah tuna dungkap | uyuh tibèng irung | marga

--- 384 ---

suta sipat mata | ni pawongan wangsul Nayagenggong nangis | maringis pucicilan ||

27. Dyah Juwitawati dènira ngling | mring pra maru surasaning manah | paran iki wêkasane | ginarwa ratu ucul | kêna tulahing para rêsi | tan arus sami raja | kêsanglad ing ratu | Brawijaya Majalêngka | dewa wantah rinusak kang praja niti | tan wun angsung wilalat ||

28. kaku timên rasane kang ati | dadi garwa kapêgsa kewala | sapa gêlêm nginggatake | sun ngèngèri satuhu | ingsun anggêp angguru gusti | sokur ginarwa pisan | ingsun kapingin wruh | rasane krama wong waras | aja kaya sang nata ing manah baring | dhapure kadya luwak ||

29. Dyah Juwitaningsih anauri | sapunika kawula mèh pêjah | jinêmalan ing sang rajèng | ulun kinarsan lulut | alênggana kêpati gêthing | lir mulat buron alas | ing manah sru kolul | mila ngantya jinêmalan | ingsun têmah suka lila têkèng pati | lir rêsmi lan wong buyan ||

30. Dyan Sêsôngka lathinya ginigit | kapêtêl dènnya gumya ing

--- 385 ---

manah | ya ta garwa nèm wuwuse | Sang Dyah Juwitaningrum | mingsêg-mingsêg sarya anangis | kakang bok nêdha kesah | dhatêng Majalangu | bêja kêcandhak ing marga | suka lila kawula tumêkèng tumêkèng pati | [17] pinatyan Menakjingga ||

31. tan asotah ingsun angladèni | kaniaya rama nguni tuwan | ulun sinung mring sang rajèng | Juwitawati muwus | yayi dèwi dèn rèrèh dhingin | pirangbara ing benjang | wong ing Majalangu | ana kang nanggulang ing prang | atênapi andhustha sira lan mami | myang para maruningwang ||

32. radyan mantri sru angrêsing galih | galihira pan kadya sinêndhal | miyarsèng sang dyah wuwuse | tansah jaja ing manglus | Radyan Sôngka kasmarèng kingkin | ya ta sagung para dyah | akathah kang muwus | tansah pra samya karuna | kang ingajap mung prajurit Maospait | asiha têkèng luwar ||

33. radyan mantri saya ngrêsing galih | wimbuh sangsaya marwata suta | ing wusananira dhèhèm | kagyat sagung para rum | wênèh nyana sri narapati | sawênèh ngadêg bubar | ana kang lumayu | wênèh

--- 386 ---

mawang wantya mulat | myat swara rum dudu swaraning sang aji | agêpah pinaranan ||

34. sang dyah gita anyapa mawanti | Dyan Sasôngka sêbdanya wor guywa | arum amanis swarane | ingsun wong Majalangu | Damarwulan sinambat ing sih | arsa prang tandhing lawan | Menakjingga Prabu | sang dyah kumênyut ing manah | kêmanisên myarsa swarane dyan mantri | kadya mêcatna yuswa ||

35. para sang dyah saya anyêlaki | Dyan Sêsôngka duk ginggang sing prênah | nglela katawang citrane | tri sang dyah ngrangkul gapyuk | mring wêntisnya rahadyan mantri | samya matur wotsêkar | tuwan ingkang rawuh | punapa dewa ing swarga | kamur[18] kula wêcanana kang kaswasih | punapa ta manungswa ||

36. radyan mantri èsêmnya wor ing ngling | ya manungswa satuhune ingwang | prabu kênya kawulane | nanging sinêdyèng kayun | mintan sraya nanggulang jurit | sinraning Majalêngka | ya ta kang para rum | sarêng saèstu manungswa | astanira winêdhar tandya wotsari | tumêngèng nganthi brôngta ||

63. Kinanthi

1. para sang dyah para arum | kang lumayu samya bali | agabagan arantaban | umyarsèng mring

--- 387 ---

radyan mantri | kubêng gantya nguswèng pada | kalênglêngan ing tyas brangti ||

2. maworkên ing tyas juwêt rum | ririh matur migêning sih | ngasih-asih prana mulat | lir mulat têpa panglupi | sangking pasunggingan anyar | sajêg tumitah nèng bumi ||

3. durung paja-paja wêruh | mèmpêr mirib ing dyan mantri | kumutug sarira gumyar | gumêtêr kabyatan brangti | samya rongèh ing pilênggah | umyus karingêtnya mijil ||

4. ting kadhêkês rêbat ngayun | sêkathahe para putri | Rahayan Damarsasôngka | nora nyanani ing liring | kang pinêlêng mung têtiga | pêngarsane para putri ||

5. Sang Dyah Widawati gupuh | anyaosi kursi sari | radyan mantri lênggahana | pisunggatane kang cèthi | eman kagêpok ing kisma | mênawi sinêrêng mami ||

6. ing jawata ingkang agung | pra bathara ingkang luwe | sunggatamba lênggahana | sumôngga pinraka gusti | radyan minantri dêlingnya | luwih panari mami ||[19]

7. iku kamugtènan luhur | ingsun ajrih anglênggahi | durung sinung wênang ingwang | ing sang maha prabu dèwi | pan mingsih sapadha-padha | iya sira lawan mami ||

8. Dyah Juwitaningsih matur [ma...]

--- 388 ---

[...tur] | gusti sunggataning cèthi | gantyan lawan puspa krêsna | agêmên sang jayèng luwih | lêganana dasih tuwan | pratôndha agsamèng kang sih ||

9. radyan mantri sêbdanya rum | luwih panarima mami | iku kasukaning manah | trêsandhane wong angsal sih | ajrih dhingini sukèng tyas | rarênggane wong amugti ||

10. matur Dyah Juwitaningrum | pukulun kula burati | sêdhêng mêntas alêlampah | sumrahing sarira gusti | suwawi agêmên radyan | gèn ulun karya pribadi ||

11. suwawi gusti sang bagus | pukulun kula konyohi | radyan mantri mèsêm nêbda | luwih panarima mami | ewuh ngrumiyini lampah | ing sang maha prabu dèwi ||

12. dyan tiga nyêlak ngrêpa yun | gusti sang anjayèng luwih | lêganana tyas kang brôngta | prêtandhanana trêsna sih | kang cèthi kawêlas arsa | gusti nimbangana kang sih ||

13. èsmu mèsêm sang binagus | sêbdanya angasih-asih | aprana panujuning tyas | iya dèn padha aririh | tan lyan sun sêdya ing manah | mung prang lan Sang Urubêsmi ||

14. ing mangke durung kêlakun | môngka dhinginkên suka [su...]

--- 389 ---

[...ka] sih | ulun merang ing jawata | sinurak isining bumi | durung karuan ing lampah | ngathahkên ingring ati ||[20]

15. yèn kasiku ing Sugsma Gung | kalongan nugraha ing sih | angur baya sêlamêta | ywa ngantya kuciwèng jurit | ywa tinutuh ing budyarja | toging prang sang ngarsèng kardi ||

16. mendah sang pustakaning rum | prabu kênya Maospait | tiwas margèng kaluputan | ngong tanbêt susilèng budi | kang liningga murbèng titah | kasampurnan kyating puji ||

17. para putri pan èsmu luh | lênggahnya saya ngrakêti | rakêt samya karungrungan | majêng samya anglendhoti | wênèh nôngga-nôngga asta | wênèh ngusap-usap wêntis ||

18. gulat-gulêt agung wuyung | akathah kinarya sandi | sandinira bara-bara | akathah ture pra putri | dyan mantri têguh raharja | sasêmang ngecani galih ||

19. Juwitawati umatur | sarya goyang-goyang wêntis | suwawi gusti tindaka | mring pakuwone kang cèthi | punapa ingkang kinarsan | dhahar dhêdharan sumaji ||

20. Juwitaningsih umatur | ngrangkul lambungnya dyan mantri | suwawi paduka radyan |

--- 390 ---

mring kuwon kawula gusti | dhatênga ing lara pêjah | cèthinira anglabuhi ||

21. matur Dyah Juwitaningrum | sarya anungkêmi wêntis | asta ngasta astaning dyan | sinugun-sugun minta sih | sakarsa paduka radyan | gusti kawula tut wingking ||

22. kathah kuwone para rum | ing pundi dipun karsani | gusti kawula tut wuntat | ambêbuntar anyênyèthi | awon dulunira radyan | pinrak ing natar sang pêkik ||

23. sang dyah akathah kang atur | ingkang kadya dewa luwih | nglendhot mêngglalêt ing pangkyan | prêmbayun amidih wêntis | kumêpyur tyasira radyan | wuwusnya arum amanis ||

24. wis wungua sang lir santun | tan wurung mêmurung kardi | yêgti uga pêmbegalan | ingsun ngènthèngna pakardi | tan lyan sing pamintaningwang | sun panggihna Urubêsmi ||

25. wus jamake wong darbyayun | wratnya pinujwa ing ngarsi | yèn ta sampun kêlampahan | jinurung ing Sugsmana Di | gampil-gampile linakyan | marna kapirênaning sih ||

26. tandya kang sunggatan rawuh | roti lan martega hèr tih | kopi atênapi pohan | samanisan kuwih-kuwih [kuwih-ku...]

--- 391 ---

[...wih] | asri sumaos ing ngarsa | Radyan Sôngka datan apti ||

27. tansah angecani kayun | sampun ingundurkên sami | sêgsana atur inuman | jênèwêr lawan branduwin | anggur manis lan anggur kap | winadhahan têmpat lusin ||

28. Dyan Damarwulan tanpa yun | tansah angecani galih | para putri winaratan | sinrambrama sêbda manis | ginantya sinawung tingal | linêngês ing solah liring ||

29. ya ta winarna sang prabu | bubaran dènnya tinangkil | pracina sênjata urmat | barung tambur lan saruni | têngara swara magumrah | jêmur magêtêr swara tri ||

30. para putri samya matur | ing Rahadyan Damarsasi | sumôngga gusti ngong samar | Sri Bêsma mantuk mring puri | tan sande yèn kawanguran | Si Menakjingga sinêgti ||

31. pra putri sêdaya lampus | lamun paduka kaègsi | mèsêm Rahadyan Sêsôngka | padha sumingkira sami | sun papagne Menakjingga | para sang dyah ambondhèti ||

32. sêgsana sang nata rawuh | nèng nataring dalêm puri | nguwuh-uwuh mring pra garwa | tan ana subawèng èstri | pra garwa sêlir biyada | anèng pêpungkuran sami ||

--- 392 ---

64. Pangkur

1. ya ta ring Sang Urubêsma | langkung duka amisuh mring pra rabi | mendah ta yèn wus arawuh | ratu mas Majalêngka | saya wuwuh dènnya edan marang ingsun | saiki wus padha ewa | tan ngèstokkên marang mami ||

2. sapêrti wong kurang ajar | anjing gila prêmpuan cukimèi | gêpah nimbali pun Dayun | kawula kawêraga | rinakêt sih wênang kêpanggih para rum | praptèng ngarsa ngutus sigra | animbali para rabi ||

3. pun Dayun mêsat anêmbah | praptèng kuwon pun Dayun kagyat ngègsi | satriya anom abagus | kinubêng para sang dyah | gêpah wangsul tandya tinututan gupuh | mring pun Sabdapalon lawan | Nayagenggong amblojodi ||

4. sira Dayun winudanan | wudanira dangu dipun slêntiki | bênggang kongkih wus lumayu | anangis sarya wuda | praptèng ngarsanira Sri Bêsma anjumbul | pun Dayun ngaturkên tiwas | jro pura kalêbon maling ||

5. Sri Bêsma langkung brêmantya | sabdanya kras nora sira tandangi | dene sae tutur-tutur | pun Dayun matur nêmbah | liwat sangking ing wau kawula pikut | nanging ulun katiwasan [katiwasa...]

--- 393 ---

[...n] | kinalihan prêpat kalih ||

6. pinala sarya winudan | Sang Sri Bêsma saya duka tan sipi | mangsah pêdhangnya ingunus | praptèng ing papungkuran | Dyan Sasôngka tandya amêthukkên gupuh | para putri samya bubar | mring sang nata langkung ajrih ||

7. wulan padhang lir raina | pangguh sigra sang nata lan dyan mantri | gêpah panyapanira sru | sapa ranmu ta baya | wani-wani manjing pakuwon para rum | si mancuri kurang ajar | ngêmping lara genjah pati ||

8. sumaur Dyan Damarwulan | iya ingsun prajurit Majapait | ingutus sang nataning rum | amocok murdanira | payo aprang atandhing kantaran bau | Sri Bêsma bêngis angucap | sirèku wong pa mancuri ||

9. ngling sun abdi sinran karya | magang anyar mantune kyana patih | Damarwulan araningsun | ring Sang Sri Bêsma ngucap | durung mugti eman sira têkèng lampus | angurbaya anututa | sira sun karya bupati ||

10. bagus anom warnanira | mung cacate tanpa kusur ing kardi | dudu lawanira pupuh | ingsun wong wudhu ing prang | radyan mantri manrajang Sri Bêsma pangguh | nitir manabêt [manabê...]

--- 394 ---

[...t] ing pêdhang | pêdhang tinangkis crah titis ||

11. pyuk maputêr cangklèt cêngkah | ngungkih kipat-kinipatakên gênti | kentas-kinentas majunjung | jinunjung gêntya buwang | rikat pasang tangginas suduk-sinuduk | sambêr-sinambêr kumentar | wantya manuduk manitir ||

12. tarampil samya prawira | esthanira kadya prênjak tinaji | singa ginoco sumawur | dahana sirèng jaja | pindha sara ginurenda têmah murub | kyating sura môndra limpat | lir dhêdhali nampar warih ||

13. katrang hyang côndra kuwangwang | gêbyaring kang ujwala kadya thathit | lir Hyang Mintraga mapupuh | lan dityanira wabyat | sirèng aprang kêkalih sudira têguh | curiga sinarung mangsah | gênti mabuncang matitis ||

14. para putri èbêg mulat | lan waspa drês marasira kêpati | kala Sang Parta sumiyut | kinentas ing Sri Bêsma | matêg kaping byantala pra sang dyah umung | sambat marma mangrês mulat | rika Sri Bêsma tinangsil ||

15. umung manglêmbana ing dyan | mèstutèng tyas katrustha tibèng siti | ing puwa duk sinalimut |

--- 395 ---

nir pamyatirèng lawan | sukaning tyas dèn nyana tumêkèng lampus | sawênèh lyaning kang prapta | byantarèng sang jayèng jurit ||

16. marsèng nom pamburat puspa | gantyan mulung sing asta kang trêsna sih | manis pamuwusira rum | ing sang tumamèng laga | tanpa rêngyantya pinojar para santun | risang pra tatu ring mandya | madêg paripurna wêngis ||

17. mangsah makrura magalak | mingêr nyandhak talêmpak krot mangungkih | radyan kinantar sru pangguh | tumibèng jaja gumyar | kinongkih crah gigal Sri Bêsma mangrasuk | kosik kontal tibèng lêmah | ngadêg manrajang tinangkis ||

18. kaasta tininggil mêsat | mamrêm mangrik mangkya sura katitih | mundur gya musthi sira wus | pusaka bindi kilat | pamojar sru hèh ta sira têkèng lampus | pira wudhu suh sirna das | pinonah pusaka bindi ||

19. ring sang minantya lumêkas | mangsah prana kawi sandirèng bindi | layon manglosot sirambruk | ing kisma sru dumilah | maya gilang manglela sumyak kadulu | bêntèr kang cahya sumilak | tuhu piturun sing swargi ||

20. ya ta sagung para sang dyah |

--- 396 ---

myarsèng lamun Dyan Sôngka praptèng lalis | waspanya drês sru kaswayun | kathah sambatirèng dyah | tandya samya mrêpêgi layon sang bagus | umung para dyah karuna | para sang dyah anungkêmi ||

21. sêsambatnya mêlas-arsa | dhuh pangeran tan nyana têkèng lalis | tan wêlas ing cèthinipun | ulun tinilar seda | awusana kang layon samya jinunjung | binêgta mring pakuwonnya | ing manah pra samya kingkin ||

65. Asmaradana

1. sang dyah pangangkatnya ririh | pan awrat kapuk salômba | sarya layon ngrangkul dhewe | samarga awirandhungan | binêgta ing paprêman | dinilahan sang abagus | tanpa kanin tilas sonya ||

2. tan ana kang babak busik | nanging ta èstu pralaya | tandya ginungsur widane | sinuryanan ing hèr mawar | pan sarwi kinutugan | cinêcêpan sêpah arum | winanti winantya ngucap ||

3. kang jaja pêrmana sêpi | saèstu yèn têkèng pêjah | sang dyah asrêpnya ing tyase | yèn mulat ujwalanira | tan môntra yèn kunarpa | rêmyanging netya tan santun | wêdana sawang purnama ||

--- 397 ---

4. kang layon ginulang-guling | têka angatut kewala | sang dyah kêlangkung rêsêpe | layon linênggahkên tandya | apan ngatut kewala | sangsaya kabyatan wuyung | ngrôngta[21] mangrêsing wêrdaya ||

5. gantya nyundhang gantya muji | pujinira ing jawata | hèh jawata sabênêre | ulun mêminta ing tuwan | ki maling gêsangêna | dimèn tulung ing kaswayun | mugi tuwan narimaa ||

6. radyan gya winungu wanti | siningenan ing panêdha | ki layon aminggu bae | Sasmitaningrum sêgsana | nanêdha ing jawata | gusti lilir-lilir kantu | sabuk cindhe ing pinantya ||

7. gilang-gilang layon asri | asrine patra anglayang | mangundang-undang dewane | ala dewa dening sugsma | widadari tumruna | gumrubyug sasônga rawuh | amungu kang lagya nendra ||

8. gya winungu radyan mantri | kunarpa tanpa subawa | Suselawati pujine | lilir lilir tandurira | ing wong sumilir mulya | ijo royo ingsun sêngguh | pêngantèn anyar paduka ||

9. bocah angon angon sami | pènèkên balimbing ika | sun karya masuh kampuhe | kumitir [ku...]

--- 398 ---

[...mitir] ing manah radyan | bêdhah ing pinggirira | mumpung gêdhe wulanipun | mumpung jêmbar kalangannya ||

10. yèn suraka surak urip | sang dyah kalih sarêng nêbda | surak mulya-mulya radèn | ya ta radyan kang kunarpa | prapta ingkang pêrmana | napasira wus lumaku | alihan tumibèng jaja ||

11. jajane Suselawati | wêntis alihan tumiba | Sasmitaningrum wêntise | sang dyah kalih suka ing tyas | sinarèkakên radyan | siningêban jingga mujung | wêntis kalih pinêtêgan ||

12. Sasmitaningrum lingnya ris | mring Sang Dyah Suselawatya | ingsun têdha ing Sugsmanon | mugi ki layon mulyaa | sun sanggup ngaturana | pusaka sikêping pupuh | gone pêjah gêsangira ||

13. Sri Bêsma ingsun wruh nguni | duk Pamênggêr ingkang jarwa | iya marang sang arajèng | Suselawi manêbda |[22] kula kauli radyan | ngong ambil priyôngga gupuh | wêsi kuning nèng kêndhaga ||

14. tumêka ing lara pati | sayêgti manira têmah | namung sok gêsanga radèn | Sasmitaningrum anêbda | yayi dèwi paranta | anganti kang lagya lampus | pêgêl [pêgê...]

--- 399 ---

[...l] rasaning tyasmara ||

15. arsa ingsun tilar yayi | kuwatir mênawa ilang | bok ingambil maling dhèndhèng | sapa baya nêmpuhana | kunarpa sang lir Parta | gograga anèng jinêm rum | yayi sun tunggu kewala ||

16. Dyah Suselawati angling | lah suwawi dipun tilar | dyan kunarpa dêdimène | pinangan ing gogo kathah | adate pujiningwang | ampuh panguriping lampus | jinurung nini bongkokan ||

17. dhasar kunarpa nyênyêngit | nora nitèni ing sabda | sêbdaning wong sèjèn-sèjèn | jêr ingsun sinêngguh apa | garwane Menakjingga | tan ampuh pamingsikipun | sisa kinêrah ing sona ||

18. wutah-wutah kula gusti | suwawi tuwan wungua | widadari prapta kabèh | jin pêri miwah prayangan | marak dhatêng ing tuwan | angirit mêmintranipun | labête kinèn mawongan ||

19. Sasmitaningrum wotsari | pamungune nganyut manah | sipat jaja pilênggahe | kang layon ginoyang-goyang | gusti kula pangeran | wus wungua sang binagus | kang layon gumilang-gilang ||

20. mangke uga ulun [ulu...]

--- 400 ---

[...n] lalis | lumuh tangi kang kuwônda | sun marak aluse bae | patut-patute rahadyan | ngantosi nyawaningwang | ne[23] bale pangangên mangu | anolih kang kapang-kapang ||

21. lamun tan arsa ngêntèni | mêsthi sun susul kêpanggya | nèng pêngarib-arib radèn | pantês awlas mring pawongan | lamun tan panggih ingwang | sun susul ing wot sang bagus | aluse pêsthi kêpanggya ||

22. duk mulat mring sun gya nolih | mendah ta ecaning manah | lamun tan kasusul radèn | sun adhang nèng marcukundha | amêsthi yèn kêpanggya | anèng pangayun dewa gung | dewa samya andum swarga ||

23. kêlamun nora kêpanggih | sun susul junggring sêlaka | nyawa mulya pakuwone | kala nampèni kaswargan | paringe Hyang Pratingkah | yèn mêgsa nora katêmu | sun susul ing swarga pisan ||

24. radyan wus kêpanggya mugti | ngrêgani[24] ing kaluhuran | jumênêng lan nugrahane | pan awor sih nikmating Hyang | manira amawongan | yèn mêgsa nora katêmu | sun susul mring kêlanggêngan ||

25. ingran bale parewani [pare...]

--- 401 ---

[...wani] | pinrakane Hyang Sugsmana | kaliwat luwih endahe | iku rahadyan pinanggya | pinarak kursi cahya | ing sawahya môntra jumbuh | tambuh gusti lan kawula ||

26. lamun mêgsa tan kêpanggih | sun ulari mring Pacinan | yèn nugma mring têpèkonge | pêsthi ing kono pinanggya | ambukak kauntungan | yèn èstu nora katêmu | sun wangsul mring wismaningwang ||

27. radyan yuswane wus bali | manjing ing kuwandanira | ngêndi panggonane manèh | sun ngupaya ngariloka | tita nora pinanggya | mila sun wêntara wangsul | manjing raga dadi mulya ||

28. radyan duk miyarsa ngling |[25] mèsêm sajroning wardaya | sêgsana alihan alon | miring nêngên sang kunarpa | kang asta ngrangkul madya- | nira Sang Sasmitaningrum | sang dyah tan pêgat ngandika ||

29. kaniaya wong amugti | nora animbangi trêsna | kapan baya mulya radèn | jati têmah paripurna | kaku rasaning driya | Suselawati amuwus | kakang bok dene punika ||

30. wus sagêt miring pribadi | ngrangkul dhatêng ing paduka | punika obahe dhewe | Sasmitaningrum anêbda | ujar iku nglêngkara | miring [mi...]

--- 402 ---

[...ring] pisan sang binagus | jêr sira jongkèng sing kiwa ||

31. Suselawati ngling malih | kados wus aparipurna | kêtawis pêra grayange | Sasmitaningrum anêbda | lah pêra-pêra apa | apan magsih sarya jêkut | satuhu yèn mêgsih seda ||

32. nêbda Dyah Suselawati | tumiling pucuking grana | radyan duk ngêdêt napase | sang dyah mèsêm sarya ngucap | kakang bok èstu gêsang | midit napas wus lumaku | Sasmitaningrum manêbda ||

33. nora urap nora urip | uripa apan kêtara | sarwi bisa obah dhewe | matur malih Dyah Susela | suwawi yêktosêna | jajanya torèng sang bagus | sugmanên ingkang pêrmana ||

34. Sasmitaningrum gya nuli | jajanya dyan tinindhihan | pan sarya tinilingake | sêgsana dyan kang kunarpa | katêtêg tandya mugswa | nêbda Dyah Sasmitaningrum | dene iki èstu pêjah ||

35. rahadyan kang asta kering | rinangkulakên kang madya | pinidihakên ing pangkon | Suselawati sêgsana | amanglung pilênggahnya | jaja ngrungkêbi lêlambung | èsthanya winayangkara ||

36. asta ngrangkul mring dyan mantri | trêsôndha subawèng jaja [ja...]

--- 403 ---

[...ja] | pêrmana gya pêpak kabèh | kangbok punika wus gêsang | Sasmitaningrum nêbda | êmbuh-êmbuh sira tutur | mati-mati ingran gêsang ||

37. Suselawati mêmuji | lilir-lilir guling radyan | gulinge sugsma katonton | raga-raga mus[26] mulyaa | sapanên dhayohira | aja suwe nèng dêlanggung | mêsakake kang abrôngta ||

38. yèn suraka surak urip | uripe tanpa kêrana | srihing[27] Sugsma mring titahe | tinitah pinurbèng karsa | kang karsa wus dhumawah | dhatêng sir kasmayanipun | ing Radyan Damarsasôngka ||

39. yèn suraka surak urip | yèn suraka surak mulya | yèn suraka wungu dhewe | ya ta Rahadyan Sêsôngka | amingkis ingêbira | ririh dhèhèm gêtir juruh | sang dyah sarêng pêngrangkulnya ||

40. alon alênggah dyan mantri | sang kalih angèstupada | rahadèn alon wuwuse | pagene awak manira | ana ing pasareyan | kacakup wanodya ayu | kêkalih samya utama ||

41. nora nyana nora ngimpi | ingsun dadi lêlampahan | têmah nèng kuwon kaputrèn | sang dyah sêdangunya mawang | ing sang mulya têmahan |

--- 404 ---

kamitênggêngên andulu | luntur mijil ingkang sabda ||

66. Mijil

1. sang dyah matur mring Dyan Damarsasi | saniskarèng lakon | purwa madya jinarwa solahe | radyan mèsêm anglês ingkang liring | sang dyah matur malih | ing Dyan Damarsantun ||

2. minta-minta agsama ingkang sih | sarya mangrêpa nor | animbangi dyan mantri wuwuse | malih matur awotsari |[28] sarira winarni | pujwaning rum-arum ||

3. yayah rena jinarwa matitis | titising sêkaron | raosing tyas wus winêdhar kabèh | radyan manggut angecani liring | sang dyah matur malih | anjarwa sang prabu ||

4. sêgti sura prakoswèng ajurit | têguh wudhu atos | malih marna ing kaapêsane | radyan wuwusnya mangsuli angling | sêdhêp nyênyêt manis | manise wèh wuyung ||

5. Sang Dyah Sasmitaningrum Sang Dèwi | Suselawatya lon | tinêlaskên janji mring rahadèn | sok si uga wignya têtulung sih | ngambil punang bindi | pusaka sang prabu ||

6. Dyan Sasôngka winantya mèstuti | ing sang ruming sinom | sang dyah kalih akathah ature | wênèh wanti-wanti angrêsêpi | rêsêp-rêsêp manis | manise

--- 405 ---

wèh wuyung ||

7. lendhot-lendhot lêngkête minta sih | nyawang sang wira nom | radyan mantri ngecani wuwuse | naya di trus solah lêngês manis | cacade tan apti | andhatêngkên lulut ||

8. yèn ta durung sampurna tyas kingkin | jayaning palugon | kathah-kathah radyan panglipure | têguh tuhu raharjèng budyadi | tan lyan pinintèng sih | ing sihe Sugsma Gung ||

9. ing kasmayan winangkyat ing puji | pitulung Sugsmanon | ya ta Sêbda Genggong sêdangune | ginumatèn mring pawongan kalih | winêlêg ing bugti | wêlêge tinêmu ||

10. sawusira mulat purna jati | ing manah pitados | linindhungkên radyan ing dewane | borong apa kang misêsèng bumi | saenak ing muji | enak nyambêl cabuk ||

11. saayême wong susah prihatin | ayêm nôngga cadhong | padhang bulan asêdhêng mangsane | napuk pindhang anyandhing kuwali | lali susah kingkin | kaenakên muluk ||

12. sang dyah kalih lan rahadyan mantri | gya lumagsana lon | amêrpêgi Menakjingga rajèng | tiga tansah runtung lêngês manis | samarga mamor

--- 406 ---

sih | Dyah Sasmitaningrum ||

13. Dyah Suselawati migênani | ing sasolah cocog | praptèng lawang wus awas tingale | Urubêsma ambathang jinêm mrik | anendra kêpati | ngorok sênggur-sênggur ||

14. radyan kèndêl nèng pipining kori | Suselawatya lon | dimik-dimik lumipir lampahe | kang gêndhaga nèng uloning Bêsmi | dèrèng ngantos têbih | sang dyah lampahipun ||

15. katrang dilah wêwayangan kègsi | pangraos sang katong | sang dyah wangsul cangkelak lampahe | mlayu cingcing sarya tutup lathi | mêrpêki sang pêkik | dyan rinangkul gapyuk ||

16. guyyanya wor kumêsaring galih | dyan mantri cinêthot | lambungnya dyan jiniwit baune | dyan mangrêpa ing sabda rum manis | paranbaya gusti | sira têkèng wangsul ||

17. Dyah Suselawati tanpa angling | èsêmira winor | nyêndhal tingal akarya wirage | Dyah Sasmitaningrum sabdanya ris | payo karo mami | ngambil wêsi pupuh ||

18. cabar sanggup angisin-isini | ginuyya sang anom | tansah mèsêm kang sinung sêbdane | sang dyah kalih kêkanthèn [kêkanthè...]

--- 407 ---

[...n] lumaris | datansah lumipir | mring uloning prabu ||

19. sampun cêlak lan gandhaga rugmi | sang kalih mêngkorog | rêngèng ring sang Sri Bêsma glugure | kaya-kaya tyasira sang kalih | asta duk ngayati | jôngga sarêng manglung ||

20. Sang Sri Bêsma glugurnya manangrik | kumêrkèt jaja krot | sang dyah kalih sarêng pêlayune | kepyan cincing mêrpêki dyan mantri | wêntisnya duk kengis | tumlorong wèh wuyung ||

21. prapta sarêng kang lathi ginigit | gya ngrangkul sang anom | têrataban sumawur kêtêke | mèsêm radyan ginubêl tan aris | mangrêpa minta sih | ngasih-asih wuwus ||

22. ngêsês-ngêsês angrawati liring | mring sang jayèng sinom | ing wusana Dyah Sasmita linge | gêthing têmên ingsun wong abênthing | bunggan tanya kardi | mêmintêri wuwus ||

23. Dyah Susela kêjêp anungkêmi | pungkurnya sang anom | astanira angrangkul jajane | yèn pinojar sang dyah anjiwiti | èsêmnya dyan mantri | winor ing pamuwus ||

24. paran sang dyah tinanya tan angling | lêbur jajaningong | Dyah Suselawati lon wuwuse | môngsa-borong kakang bok [bo...]

--- 408 ---

[...k] kang pikir | lan paduka gusti | prayoganing laku ||

25. Dyah Sasmitaningrum anauri | yayi rêmbug ingong | iya ingsun lawan sira dhewe | mêngko ingsun ngambil ponang bindi | nging dèn têrna mami | mring tuwan kumêndur ||

26. toging prana tan ingsun selaki | mung srêpe tyas ingong | ana rowang kang tinolèh-tolèh | mayar-mayar suda gila mami | mring Sri Urubêsmi | mèsêm sang binagus ||

27. sêbdanira payo mirah gusti | sun atrê mas ingong | sang dyah nolèh mèsêm lêga tyase | iya itu sa mentak kumingsi | enak sa punya ti | byar jangan bêrtakut ||

28. datan ajrih tumêka ing pati | ran wus ngèsthi layon | nadyan urip mring pati wêkase | pêjah gêsang sapa kang akardi | tan lyan Sugsmana Di | kang aluwih agung ||

29. mung gilane yèn ingsun ningali | dhatêng sang akatong | tur sêmbada kang swara tingkahe | datan kenging tinata ing ati | gêgithok mangkirig | kakêtêg sumawur ||

30. radyan mantri sêbdanya amanis | gusti sang lir sinom | anyingkiri Menakjingga rajèng | Damarwulan atêmah tut [tu...]

--- 409 ---

[...t] wingking | tan sanès ingègsi | gêgilani tumut ||

31. sang dyah mèsêm dyan mantri jiniwit | ginèndèng tan alon | gya lumpah aruntung tindake |[29] ngarsa pisan Dyah Suselawati | ing têngah sang dèwi | Dyah Sasmitaningrum ||

32. wuri pisan Radyan Damarsasi | sang rêtna sêkaron | namung radyan kang tinolèh-tolèh | sarwi mèsêm lampahnya ajinjit | lamun radyan têbih | ingantenan mangu ||

33. ri sêgsêgsana si taga wus prapti |[30] anèng ulon-ulon | Sang Sri Bêsma tan pêgat pangrote | sang dyah kalih mèncêp nora gigrig | gêndhaga gya ngambil | mring sang liring santun ||

34. wus binêgta amentar aririh | gêndhaga rugma lon | sang dyah mèsêm angliring rahadèn | Damarwulan manah cilik wukir | sapraptaning jawi | nèng natar alungguh ||

35. Tan[31] Sêsôngka tansah dèn têblèki | mring sang ruming sinom | sang dyah kalih wus sinambut age | mungging pangkyanira kanan kering | ingras wanti-wanti | tansah rinarungrum ||

36. ni mban inya sumusul wus prapti | lan Ki Sabda Genggong | samya suka mulat ing gustine | prapta ingkang sinêdya kapti |[32] pan wus [wu...]

--- 410 ---

[...s] binuka sri | jro gêndhaga murub ||

37. tandya ngambil bindi kilat aglis | mring Suselaningron | gantya mawang lan Dyah Suselane | nanging radyan èsmu mitambuhi | tandya tinêlêng sih | mung sang ruming santun ||

38. lêngês-lêngês nyênyêt manis-manis | manise katongton | lir brêmara manguswèng sarine | sang dyah dirèng pangkyan kalênglêng sih | suh sirna tyas kingkin | angglêng asmarèng kung ||

39. gya pinondhong anèng kanan kering | sang rêsmining sinom | wus binêgta kundur ing kuwone | ni mban ingkang ngambil gêndhaga di | ni inya angampil | mojokan gantyan rum ||

40. ki parêpat ngampiri kang guling | sendheyan angorok | sira Dayun kapati turune | mêndêm sangêt pangribawa kenging | èstu darpa kang sih | mring Dyan Damarsantun ||

41. gya jinêjêg mring Genggong gumlinting | eca mêgsih ngorok | sênggur-sênggur akèh panglindure | tinabokan mring parêpat kalih | tan obah kumlisik | tagsih enak tidhur ||

42. sêbdanya lon Radyan Damarsasi | lan sang dyah sêkaron | nèng jro tilam sakêlangkung dene |

--- 411 ---

awèh brôngta mring nugsmèng tulis |[33] nanging ta piningit | pamarnaning lulut ||

43. linalara pangrasaning rêsmi | larase karongron | pan kinuswa padha sêmu bae | mring pra ahlul ibadah pra khaji | kojahnya ingapti- | apti asmarèng rum ||

44. sanèsira Radyan Damarsasi | lawan nisthaning wong | nora têkèng lulut satuhune | sang dyah samya ciniptèng ing rêsmi | sumyar rasa jati | sawahyanira nrus ||

45. trus asmara tôntra minurah sih | sihing Hyang Sugsmanon | mayangkara sucipta arjasèng | lan brôngta sru mangrêsèng ing lungit | pangruhun budya mrik | wêning pamrêsing kung ||

46. sang dyah kalih tinras ingkang puji | pinujwa lir layon | murcitèng tyas driya-kadriya nrèh | mantya wartikèng kasaput ing sih | sumukswe pamrègsi | kaprêdyèng dibya rum ||

47. Damarwulan eca amêmuji | sajawining kobong | tan lyan ingkang winangkyat pintane | namung satru sura môndra sêgti | malata sira wis | dyah kapênuhên kung ||

48. bindi ngambil mangsah dirèng jurit | pangguh Sabda Genggong |

--- 412 ---

dulur mangkyat prapta byantarajèng | tuduh pamyat parêpat mawa glis | si wantya tinangi | sahasah magêlur ||

49. Hyang Katgrita sumayana glis |[34] magutuk suh pawor | têka kengis Genggong myat sirage | wragang kênit mangêdus suh aji | maglur tanpa osik | Bêsma binêsmi wus ||

50. murub muntap kang deya mawanti | sirah ji wus ngobong | bêkuh-bêkuh magra sura rajèng | bahning mawur kumutug Bêsma ngrik | musthi sirèng bindi | sunya durmanya wus ||

67. Durma

1. mangrik rika parêpat kalih tinêbah | lalu lumagswèng Sang Sri | Bêsma sru makrura | mingrê mangèsthi kunta | ringas kêpanggih sira glis | sang wirutama | mangwuh hèh si mancuri ||

2. sura sandi prang tan môntra jaja mangkyat | dêstun wong mêskin sêgti | nglingnya sang minantya | èstu ingsun darbyarsa | cidra ing prang sura silip | tambuh ta sira | garwanta kang mrih silip ||

3. digung raja manrot mamonahkên kunta | lumêgswèng jaja kadi | sara ginurenda | sumawur sri winulat | musthi sara mawa piling | kinutus sumyar | mring jaja murub asri ||

--- 413 ---

4. musthi bargakan lumêpas crah ing jaja | mingêr limpung matinggil | nubruk sura mangkrak | sru pangguh sang jayèng prang | jaja tumanjak lir agni | mawut têmahan | ing jaja murup asri ||

5. watêg ditya lir mamonah sirèng janma | wangwang arda mangungkih | untap sirèng laga | pamupuk kyating sura | wagra suwasuh katitis | tan têkèng lawan | tumamèng kilat bindi ||

6. ulun mugswa kang jaja panjrah murcita | ri kakiwul mapulih | pinupuh lumêkas | kentas manrang kabuncang | mangwuh rika Bêsma mangrik | hèh ta sira sang | sandi dibya mrih pati ||

7. payo-payo ywa tambuh mrêjaya mring wang | yèku pamonah jurit | wiru môndra gêmpang | mangkya-mangkya matêkap | tan ana sangsayèng kardi | ingkang panulak | surambêg dibyèng jurit ||

8. sumung muntap dahana jaja mawulat | sadêkung pada sami | cêcêb ing byantala | Sasôngka lan Sri Bêsma | sringus môndra sura sêgti | sêgsana radyan | mawanti dènnya bindi ||

9. gèbèg-gèbèg Sang Sri Bêsma nora pasah | kongkih bênggang kêtangkis [kêtang...]

--- 414 ---

[...kis] | Sri Bêsma lumêsat | radyan èmêng jroning tyas | purwa duksina mangèsthi | kang pujwa môntra | pinrês wor ing pamègsi ||

10. sanalika Sri Bêsma kamyat kumilat | ponang lêlatha kering | murub kantar-kantar | ring sang sigra manrajang | tadhah Sri Bêsma kapilis | ing bindi kilat | lêlathanira kering ||

11. crah umanjing marang ing bindi pusaka | rah muncar tibèng siti | pêjah kapisanan | ponang driwa tinigas | tatas kang layon gumuling | sêgsana radyan | mangwuh mring parpat kalih ||

12. Genggong Sêbda prapta ebat ing pamulat | kuwandanya mangambil | sinamun nèng tilam | mangèstha lir duk gêsang | ri wusnya dyan mantri mijil | punang parêpat | ngampil kêpala aji ||

13. winursita sang dyah kang anèng paprêman | sarêng nglilirnya guling | awayang-wuyungan | tinilap sang jayèng prang | dyah gêtêr sayèsmu tangis | sang liring sêkar | kuwur paran ingègsi ||

14. kepyaning rèh radyan dènira mrih laga | manigas ing Bêsma Ji | dyah kawêlas-arsa | ngupados sang lir Parta | kanan kering i[35] jinêm

--- 415 ---

mrik | winantya-wantya | lênglêng karungrungan sih ||

15. labêting dyah kasaput asmara tôntra | ngrimong kasmêkan wingit | Dyah Suselawatya | datan kêna tinambak | waspanya drês sru kaswasih | datan lyan ingkang | sinambat mung dan[36] mantri ||

16. Dyah Sasmitaningrum aminggu kewala | gêmpung rasaning ati | waspa mijil tansah | sinamun ingusapan | anggantyan mandhêg tumolih | binuwang tansah | tandya amucang malih ||

17. ni mban inya wanti tinanya tan wikan | ing sang anjayèng rêsmi | kêkalih parêpat | dangu datan katingal | ana siji Dayun mêgsih | ngorok gêluran | tangan kalih ginodhi ||

18. Sang Susela matur mring Sang Dyah Sasmita | ing wau kadospundi | sang lir Partasmara | ulun datan uninga | murcitèng tyas pinrês malih | dahat kantaka | paduka kang ngantuni ||

19. Dyah Sasmitaningrum amangsuli sêbda | kondur mring Maospait | marang ingsun datan | ngandika karya ing lyan | sanèse sranggara rêsmi | ingkang wêkasan | satêmah layon mami ||

20. sira ngaku tan wrin [wri...]

--- 416 ---

[...n] ing sang jayèng tilam | luwih nglêngkara yayi | tunggal sapaprêman | mendah tan wruha pisan | singêp siji wong kêkalih | katiga radyan | tur sira kang ngèrèni ||

21. ri sêgsana rahadyan minantri prapta | myang ingkang prêpat kalih | nèng pintu katawang | dhèhèm agêtir kilang | sang dyah kumêpyur ing galih | amingkis gubah | manahnya cilik wukir ||

22. radyan gêpah minggah dhatêng ing paprêman | sang dyah kalih jiwiti | anyêthot anyêngkah | anyiwêl lêlendhotan | lir manggih rêtna saardi | Sang Partasmara | baut manginggar brangti ||

23. sang dyah kalihira wus minggah ing pangkyan | ingaras mrih rêsmyasri | srining kalênglêngan | lêngêsira winoran | anjarwa pratingkah jurit | Bêsma matiwas | kapocot murda titis ||

24. kamanisên sang kalih suka ing manah | ri wus tumrun tri ririh | sangking pagulingan | mring bèji sri kawuryan | tan têbih lan dalêm puri | kalih pawongan | nampani busana di ||

25. tiga sarêng siram gêntya kêkosokan | sirat-sinirat gênti | awangwang-winawang | lêngês sih kapênuhan [ka...]

--- 417 ---

[...pênuhan] | katlorong kênyaring sasi | lêngês sumilak | anglela sawang rugmi ||

26. kasênênan bèji sêkala têrba mas | wimbuh kang puspita mrik | mamrik panjrah ingkang | lala yèn kadya sarah | lunture wida kasturi | sêkala pindhan | tirta mawar trus minging ||

27. dugi radyan dènnya manginggar asmara | anggagap punang wanci | mega bang sumirat | ya ta wus samya mêntas | busana raras winasri | pratistha sang dyah | sinjang limar kêtangi ||

28. kasêmêkan gadhung cawêni rinenda | sang dyah datanpa rumbing | tênapi kalpika | cundhuk sêkar kewala | abra citrane rêtna di | Radyan Sasôngka | ginantya busana di ||

29. datan arsa datansah ngecani sabda | sang dyah sinambut kalih | mungging kering kanan | samarga angsung rimang | tirtaning rema matitis | asri winulat | lir rêtna tibèng siti ||

30. sêpiroa ing galih kusuma rara | wus samya kapadhan sih | ing Sang Partasamara | tur bauding srênggara | wicêgsèng mudhar budyamrik | winèstu brôngta | kasudyarsaning èsthi ||

31. rika parpat Ki Dayun sampun ginugah | tansah ngorok kêpati | sêgsana ngêntêban |

--- 418 ---

ponang rambut bêdhiyan | tangi kagum kramas gêni | apuringisan | tanganira ginodhi ||

32. wus binêgta Ki Dayun ing wismanira | Ki Sabda nuntun ngarsi | Genggong anèng wuntat | samarga tinabokan | meliknya sajroning panti | kêlamun datan | ngaku dipuntêndhangi ||

33. sêbdanira Ki Dayun reyang aliman | têtêb bênêr tyas eling | reyang nora watak | dora samining gêsang | mila ingandêl sang aji | kinulawarga | awisma jroning puri ||

34. kanggêp marga reyang wong lare nurutan | sirarsa donya mami | ambilên sêdaya | wong dhasar sugih brana | jarit êmas lawan picis | tênapi reyal | bêrkate sang nrêpati ||

35. ya ambilên reyang wong lare wewehan | Ki Naya Genggong angling | tanya sêkul jangan | lêlawuh myang wowohan | yèn ana mêngko sun ambil | Ki Dayun ngucap | muwah reyang bak bugti ||

36. Sêbdapalon kang tinanya somahira | nom tuwane kang wanci | Ki Dayun angucap | iya têgsi mêjana | nora sor warnane yêgti | sêdhêng kewala | brêkate sang narpati ||

37. labêtipun [labêti...]

--- 419 ---

[...pun] reyang wong lare gumunan | barang paringing gusti | Ki Sabda angucap | minta lila ginarap | Ki Dayun mangsuli angling | lah iku aja | reyang wong mêskin rabi ||

38. akèh donya rajabrana aja somah | Genggong nêndhang sing wuri | Ki Dayun manêbda | iya somah manira | sakarêpmu angarêpi | reyang wong watak | lêgawa ing sêsami ||

39. nanging aja sawiyah-wiyah kewala | rusak kang kari-kari | Ki Genggong anjêjak | ambithi sarya jambak | Ki Dayun anulya angling | reyang wong lilan | sasukamu nyukaki ||

40. Sabda Genggong gumuyu alatah-latah | prapta wismanya aglis | tur sawênang-wênang | untung dènira ngampak | tan lyan sira kang ingambil | namung juwadah | lawan dhog pindhang siji ||

41. sira Dayun lalu ingugêr lan cagak | lawang rinrut ginodhi | somahnya binêgta | samarga wêwêdhusan | gêntya kawuwusa malih | kang para sang dyah | garwanya Urubêsmi ||

42. mèh raina sang dyah mêrpêki kunarpa | tandya pawongan cèthi | matur yèn Dyan Sôngka | apan wus [wu...]

--- 420 ---

[...s] paripurna | nèng kuwonira sang dèwi | Suselawatya | Sasmitaningsih nênggih ||

43. para sang dyah gêpah umarak ing radyan | kubêng tarab ing ngarsi | Dyan Sôngka sêgsana | gêpah nêmbramèng sêbda | saha sanetya arja mrik | saya wèh rimang | rêsêp dyan roning sari ||

68. Sinom

1. para putri pinojaran | yèn sang nata sampun lalis | tinuduh ponang kêpala | nèng jroning gêndhaga rugmi | mèsêm sagung pra rabi | umatur suka ing kalbu | sokur sakêthi Pangran | sèwu jumurung sakêthi | pêjahira sang nata sangking paduka ||

2. Sasmitaningrum lan Sang Dyah | Suselawati samya ngling | saèstune wong akrama | ing gêsang tumêkèng pati | datan sêdya gumingsir | angèstu pada ing kakung | sanès lawan manira | tan ginarwa ing sang aji | para putri yogi sami tumut bela ||

3. kucêm kang sinungan sêbda | para sang dyah tiga sami | Tuwitawati[37] kêlawan | Juwitaningrum sang dèwi | miwah Juwitaningsih | tumungkul sarwi èsmu luh | datan sêdya abela | mring Bêsma kang wus ngêmasi | nadyan laki jêr sami siyal ing karsa ||

4. pari [pa...]

--- 421 ---

[...ri] kudu kula sang dyah | bela mring paduka sami | anêdya nyèthi mawongan | ingkang kadya dewa luwih | mèsêm Dyan Damarsasi | sun tarima sang lir santun | padha paraning karsa | sira lawan yayi kalih | kari bêja kinuntungkên ing jawata ||

5. mila aja salah karya | mas mirah ing sang dyah kalih | tangèh winalês ing pêjah | ing rèh tulung ing kaswasih | sapira ing tyas mami | duk ingsun tumêkèng lampus | sang dyah marganing gêsang | sun margane jayèng jurit | gèn manira campuh prang lan Menakjingga ||

6. pra sang dyah matur kukila | botên-botên kula gusti | mèri dhatêng sang lir sêkar | rumaos tiwasing cèthi | ulun tan wignya kadi | sang kalih anuju kayun | ing wahya môngsa-kala | kinuntungkên ing dewa di | aturing dyah sumèh sumrah jaiting tyas ||

7. mèsêm sang lir Partasmara | myarsèng turing para putri | sang dyah kang munggèng ing pangkyan | solah netya migêna sih | angasah-asah sami | mèsêm sangking pangkyan tumrun | radyan tan suka ginggang | sang dyah kêkalih jiwiti | palorodan mèsêm sarya awot sêkar ||

8. pangeran dhirèktur jindral | têlungane ingkang

--- 422 ---

cèthi | punika kang para sang dyah | sampun tuwan pitambuhi | gawe laraning ati | adumèh wong binagus |[38] dene ta wusa angsal | supêkêt sihe Kumpêni | datan karya pangeran pangraosing tyas ||

9. mèsêm Radyan Damarwulan | sang dyah kalih ingras gênti | Sasmitaningrum mawantya | putri tiga dèn kêjèpi | tinuduh ing pangliring | sêmu-sêmuning sang ing rum | kinèn manugsmèng pada | minta agsamèng dyan mantri | ing rèh samya kirang labuhing tyas brôngta ||

10. tumungkul katiga sang dyah | kapirênan kala pangjrih |[39] ing sang jayèng Partasmara | gêpah dyah Suselawi |[40] lambungnya dyan pinulir | ujarnya amikat wuyung | gutuk lor kidul pasah | adu sêmu padha lungit | Dyan Sêsôngka arum wijiling wacana ||

11. mring sagung kang para sang dyah | sêbda wor manising liring | mirah yya sumêlang driya | ingsun karyanên gêgênti | kakungnya sri bupati | kang wus tumêka ing lampus | pirabara manira | wignya manginggar suka sih | amung budya mêgati rèh kang sungkawa ||

12. matur para dyah têtiga | tan sagêt mangsuli kang sih | dhumatêng ing lara pêjah | sakarsèng [sa...]

--- 423 ---

[...karsèng] dasih mèstuti | tan lyan pinintèng cèthi | kawulakna wawongipun | dadosa pyoh pêrdapa | angawu-awu ing gusti | radyan manggut kang sabda nganyut wardaya ||

13. angawe Juwitawatya | majêng sarwi awotsari | tingkah manis pasrangkara | mèstutèng pada dyan mantri | lambuhnya[41] dyah pinidih | migênani sang binagus | kang sabda nyênyêt sumrah | aja owah sang lir Ratih | samantara tinêngèng sajroning pura ||

14. among maru sela krama | gusti aja salah galih | ing kakung Damarsasôngka | satriya ing Maospait | matur nuwun sang dèwi | wotsêkar lèngsèr sing ngayun | cinandhak astanira | sang dyah ing rahadyan mantri | aja adoh mas mirah kang sawang rêtna ||

15. Juwitaningsih sêgsana | ingawe majêng wotsari | praptèng ngarsa ngèstu pada | sri nata winangun wanti | tansah sinambat ing ngling | liringira sang lir santun | sarêng rêgut ing tingal | lir kilat barung lan thathit | sarêng mundur sang dyah cinandhak kang asta ||

16. mèsêm nabda sang minantya | yya kongsi doh lawan mami | dèn eca susela krama | among maru kadya uni |

--- 424 ---

matur nuwun sang dèwi | inggare kanyina sêmu | sêmune mandam kentar | rahadyan ngrakêti kang sih | Dyah Juwitaningrum ingawe wotsêkar ||

17. majêng solahnya wiraga | ngèstupada angrakêti | rakêtê padha kêrasa | sang dyah pamadhangan[42] kalih | ingasta mring dyan mantri | wanti winangwang ing pasmun | sêmune mambu manah | klebate amitayani | sang dyah mundur rahadyan dangu tan suka ||

18. liringe winayang brôngta | pamidhanganira mêgsih | ingasta dêlingnya radyan | nah anggèr kang sawang Ratih | dipun cakêt alinggih | gusti lan

pun Damarsantun | aja sumêlang driya | ing rèh suselaning krami | lulusêna ing dasih sêkaring pura ||

19. sang dyah kayungyun ing driya | ginunturan sêbda manis | para putri kawan dasa | ingawe rahadyan mantri | majêng saha wotsari | ngèstupada kang para rum | ginantya winaratan | linêngêsan ing mêmanis | sapatute manginggar pangestha brôngta ||

20. ri wusnya atata lênggah | ya ta rahadyan minantri | parentah mring para sang dyah | ing sajroning dalêm puri | kinèn anamun wingit | aywa

--- 425 ---

kanyanan ing sêmu | sang nata têkèng pêjah | para sang dyah amèstuti | wus pininta sakarsane juga-juga ||

21. kinunci wijiling pura | kang punang gêndhing angrangin | badhaya barung angraras | sinêla lawan sarimpi | nutug sadina ratri | rêsmining pura wèh rungrum | tangèh rinênggèng papan | sagung ingkang para putri | gêntya-gêntya warata pinriyêmbada ||

22. wênèh-wênèh winurcita | rarase asalin-salin | nyênyêde alêlambaran | wijang-wijang amêmanis | lêngêsnya tan mawori | rêsmine sêdhêng kang patut | asmara warna-warna | tumraping kidung palupi | awèh brôngta prajuriting Majalêngka ||

23. ya ta Rahadyan Sasôngka | sêklangkung dènnya mênuhi | ing sang bagus surèng laga | baut ing srênggara rêsmi | tur môndra sura sêgti | raharja kabudyannya lus | sagunge para sang dyah | saklangkung ing tyas lulut sih | ing panyipta kadya wong munggèng ing swarga ||

24. namung inggar myang wibawa | winurah rinêgsèng budi | amarêm datan wiraga | tan ana sangsayèng kapti | wimôndra martèng rêsmi | jumbuh Hyang Asmaraning kung | ing rat jagat triloka | kalokèng tan môntra mirip |

--- 426 ---

angratoni wahyu puji panglêmbana ||

25. sadina akêlangênan | kawuryan sajroning puri | malah wuwuh nora kurang | lan adatira ing nguni | pawongan para cèthi | tan owah ing tatanipun | mila sagunging wadya | tan wruh gupitaning wèsthi | tan graita yèn sang nata wus katigas ||

26. punang pracekaning wayah | puspa teja titiyoni | bôndayana ingaranan | puspa teja ingkang wanci | surupe Sang Hya[43] Rawi | ing akasa sri anglayung | titiyoni ngaranan | têngah dalu punang wanci | bôndayana sêdhênge bangun raina ||

27. ing mangke kang kawuwusa | wancinira têngah wêngi | kang gêndhing têgsih angraras | ya ta rahadyan minantri | nungkul kalaning latri | kundur dhatêng Majalangu | mung Dyah Suselawatya | Sasmitaningrum sang dèwi | kang binêgta kundur dhatêng Majalêngka ||

28. myang pawongan kalih lawan | sêdene parêpat kalih | kang nunggi gêndhaga rugma | ya isi kêpala aji | tan ana janma mègsi | wêdalnya tan sangking pintu | datan kacakra ing tyas | nêpi wantaraning janmi | mung jawata kang angsung marganing lampah ||

29. ya ta ing pura [pu...]

--- 427 ---

[...ra] kawarna | pra garwa têtiga sami | rikala pinriyêmbada | wus winangsit kang suwadi | dènnya kundur dyan mantri | mring nêgari Majalangu | pan amung kalih Sang Dyah | Sasmita Suselawati | mung punika kang binêgta kundur radyan ||

30. pamojarnya sang lir Pata |[44] limut sêmara tôntra mrik | mèstuting tyas têlêng brôngta | mila sagunging pra sari | dahat tan ana kang wrin | sang môndra Partasmarèng rum | kundur mring Majalêngka | gantya kawuwusa malih | sira Radyan Kumitir lan Layangseta ||

31. dhêdhêp sadhiya nèng wana | nèng marga amêndhêm baris | prajuritnya wolung dasa | tur saandêling wèsthi |[45] ngrêrangu Damarsasi | mring Prabalingga sang bagus | tansah apagunêman | Rahadyan Seta Kumitir | paran ri mas prakara Si Damarwulan ||

32. Kumitir mangsuli sêbda | punapa rinêmbag malih | yèn Damarwulan wus pêjah | sokur kang sèwu sakêthi | kêlamun gêsang mêsthi | anglangkungi marga agung | yogi samya binegal | dêdimèn tumêkèng lalis | raka nabda yayi mas luwih prayoga ||

33. yèn Si Damarwulan prapta | sun wêntara angsal kardi | merang sêsamining gêsang | ngambah nagri Maospait | lamun tan angsal kardi | baya [ba...]

--- 428 ---

[...ya] abali dêlanggung | malah sun duga minggat | pêthoke nora nêdhasi | Damarwulan otote namung saprapat ||

34. Menakjingga dibya ing rat | têguh sinêgti ing jurit | prawira utamèng weka | bala pirang-pirang kêthi | ewasêmono yayi | tanbuh karsaning dewa gung | karya buwana sungsang | kalah cinocor ing mêri | nadyan pêsthi tan adoh lawan wêntara ||

35. kang rayi mangsuli sabda | lêrês paduka sayêgti | yèn boloa ingkang bala | yèn sêgtia kang kasêgtin | têdhas mri[46] Urubêsmi | wong mrênyènyèng tur akuru | mojar Dyan Layangseta | nanging ta Si Damarsasi | mung sêmune mulat amêngku nugraha ||

36. yèn ana wijayanira | pan amung puniku yayi | ing mangko karsa minira |[47] sapiroa ingsun anti | windonan warsa yayi | sun tuguri nèng marga gung | ingsun merang mantuka | marang nagri Maospait | luwih ewuh yayi lêlakon manira ||

37. yèn ta sinusula pisan | Damarwulan pinrih pati | tur môngsa wurunga pêjah | mundhak-mundhak ngalingsêmi | ing marga langkung wêrit | kapêpêtan dening mungsuh | dadi kurang wêweka | tan nimbang wawrating kardi | karsaningsun yayi yogya ingantenan ||

--- 429 ---

38. sabarang pangkating karya | mawa-mawa kang pangarsi | manut saliriging papan | duga-prayoga kang dadi | sanès puwasa yêgti | yayi

beda wêkasipun | sêdaya nora padha | gênti tindak gênti pikir | pikir iku manut pratikêling lampah ||

39. lampah lumaku andika | sadinane gênti-gênti | nadyan ta lakuning surya | sorote tan wangsul enjing | dalu tan wênang bali | yayi marang siyangipun | nadyan onoa môngsa | wancine kang surya sasi | dene dina beda sasi lawan warsa ||

40. mila ing barang prakara | tumindak barang pamègsi | kahana sinawung tingkah | gampang mungguh Damarsasi | asêdhêng olèh pikir | pikir kang môngsa tumantuk | sawahya môngsakala | sanalika mangarani | duga-duga ginawa solanging[48] karya ||

41. wus gilig ingkang pirêmbag | tandya baris anèng margi | marga amêjahi lampah | sêsupite kang dèn goni | nyiluman sangking sandi | aja kanyanan ing mungsuh | gênti ingkang kawarna | lampahe rahadyan mantri | lawan sang dyah kalih samya wirandhungan ||

42. tan ana baya kaetang | tan lyan kang kèsthi ing galih | mung panglingga-murdaning kang | karsane sang prabu [pra...]

--- 430 ---

[...bu] dèwi | ingiring cèthi kalih | parêpat lumampah ngayun | bêgta gêndhaga rugma | kang isi kêpala aji | dyan warnanên pacalangnya Radyan Seta ||

43. awas ing pamulatira | Dyan Sôngka abêgta èstri | ngiringkên gêndhaga rugma | kênyanan yèn angsal kardi | gêpah atur upêgsi | mring Rahadyan Seta sampun | sadhiya anèng papan | wadyanya sami rinakit | ingkang dados supit kanan lawan kiwa ||

44. miwah wadya kang sinamar | tênapi ingkang lumiring | radyan wus ngaglah nèng marga | kang ngadhêp wong sawêntawis | ya ta rahadyan mantri | tan kandhêg ing lampahipun | Sang Dyah Suselawatya | Sasmitaningrum duk mègsi | sinatriya angadêg têngahing marga ||

45. sang dyah amônca udrasa | angguběl mring radyan mantri | maras-marasnya kalintang | dinalih wong ngadhang margi | ambegal amrih pati |

srayane wong wetan mangrut | radyan awas tumingal | yèn sudaranya kang kègsi | Layangseta Kumitir ngadêg nèng marga ||

46. radyan sêbdanya mring sang dyah | ajarwa sarwi lumaris | yayi wong ing Majalêngka | kang samya anèng ing margi | tur padha kadang mami | wong agung sinihan ngratu | putrane sang apatya [apa...]

--- 431 ---

[...tya] | aran Dyan Seta Kumitir | Layangseta pantês ingutus sang nata ||

47. kèndêl pamuwunnya sang dyah | bondhèt lumampah nèng wuri | Sabda Genggong anèng wuntat | gêndhaga tansah pinundhi | gêpah rahadyan kalih | muwus ngrakêti pamuwus | sumèh manising tingal | rahadyan ngancaran linggih | sawusira lênggah sapinggiring marga ||

48. mojar Radyan Layangseta | andhawuhkên sabda aji | ki raka ulun dinuta | ing sang maha prabu dèwi | numpigsa kang pakardi | lan paduka kang anglurug | mawang sulanging tindak | paduka kalaning jurit | angrarêpa Rahadyan Damarsêsôngka ||

49. matur kang lampah raharja | angsal pangèstuning gusti | wus katigas Menakjingga | sirah nèng gêndhaga rugmi | Radyan Seta Kumitir | gênti dènira amuwus | singa kang èstu kurang | samanisnya dèn susuli | lawan marna karsane sang prabu rara ||

50. sang dyah kêkalih tinanya | wus jinarwa mring dyan mantri | Dyan Seta atiti prana | purwa wusananing kardi | Kumitir anglangkungi | pitêgês esthaning mungsuh | jinarwa titi wantya | dyan kalih kêdah wrin sami | warnanira kang murda Sri Menakjingga ||

51. binuka ing parêpatnya | mawantya Seta Kumitir | sabdanya [sabda...]

--- 432 ---

[...nya] wor guywa latah | sêmbada murkaning budi | adigung sura sêgti | têguh watak kumalungkung | Ki Sabdapalon tansah | tan enak rasaning ati | kêjap-kêjèp mring Sang Dyah Suselawatya ||

52. lan Sasmitaningrum tansah | ping-ampingan ulat liring | sang dyah bêbisik sêgsana | mring kakung nora nyanani | radyan tansah liniring | eca anambungi wuwus | ri sampunnya mangkana | warnanên kang mayang dasih | samêntara wakyating yuda kênaka ||

69. Pangkur

1. rika sang lodra lumêkas | nugsmèng ring byat ardaning Dyan Kumitir | tandya Sang Hyang Siwah gupuh | manugsmèng sirèng radyan | Layangseta ing panyipta kalih wus[49] | tan èrèp makrodhaning lyan | nirbaya wikarèng jurit ||

2. umadêg suraning nala | wringut mangkrak arda galak mawêngis | sinamun manising wuwus | dyan kalih awêkasan | andhawuhkên kang timbalan nataning rum | ing lampah kawula kakang | karsane sang prabu dèwi ||

3. ngêrangu ing lampah tuwan | yèn paduka tiwas madyaning jurit | manira kinèn angrêbut | layon labuh pralaya | lawan sinransraya nanggulang ing mungsuh | yèn paduka lanang ing prang | amocok [amo...]

--- 433 ---

[...cok] kapala aji ||

4. amboyongi putri tawan | saha bala saha putra sadasih | angirit kuswa mabeluk | têluk kajèdhi ing prang | sagung para raja kang adados mungsuh | kèdhêp sumewa srah pêjah | kèrit ing paduka sami ||

5. ulun kinarsan ing nata | angêtêpi kundur paduka margi | saatur uningèng prabu | ing rèh ta sang narentra |[50] prêtôndha sih nêdha kapraboning ratu | èstune tyas lokaning rat | ing kadibyan jayèng jurit ||

6. lamun ta lampah paduka | tanggêl karya datan kasbadèng puji | pujine sang nataningrum | kuciwa gêlaring prang | nanging nama ugi ing karya kêcakup | paduka tan linilanan | mantuk dhatêng Maospait ||

7. ngupadosa lampah ingkang | tamaning rèh tan bakal mêngku bumi | nanging ta kawula gupuh | kinèn atur uninga | sarta ingkang pratôndha anjayèng pupuh | pamrih sang prabu wanodya | dadosa panglipur wingit ||

8. ing mangke sumôngga kakang | wawrat timbang karsane sang narpati | ing rèh lampah paduka wus | kawangwang ing kanyatan | nistha madya utama karsaning ratu | utamane kang kinarsan | lêgêg rahadyan tan angling ||

9. awusana rum kang sabda |

--- 434 ---

langkung-langkung radyan karsaning gusti | atas sasmitaning luhur | kang dasih kadya wayang | pinurbèng rèh dhalang sugsma murbèng ngulun | sumôngga gêndhaga rugma | kang isi murdaning aji ||

10. mojar Radyan Layangseta | lêrês kakang mituhu ing karsa ji | Dyan Sôngka mèsêm ing kalbu | Ki Sabdapalon ngucap | datan enak radyan punika ing laku | nguni karsaning sang nata | tan lyan murdane sang aji ||

11. kêdhik luwange ing tindak | ratu cidra owah ingkang prêjanji | tan arsa gumingsir wuwus | lampahe kaluhuran | atêmahan beda ing ngarsa lan pungkur | gampil benjang yèn wus prapta | sinaosakên pribadi ||

12. nolèh Rahadyan Sêsôngka | sabdanya rum paman ywa salah kardi | borong punapa dyan muwus | marna karsaning nata | Nayagenggong matur sarya ngusapi luh | adate satriyanira | alumuh nganggur kêpati ||

13. Dyan Seta ngrawati tingal | mring prêpatnya gêndhaga wus tinampin | mring radyan kalih agupuh | Layangkumitir nabda | sang dyah kalih yogi rinuwunkên laku | tan sanès lan murdèng raja | pratandhane jayèng jurit ||

14. dyah kalih sarêng [sa...]

--- 435 ---

[...rêng] panjritnya | anungkêmi ing kakung sru kaswasih | radyan tyasnya lir kinanyut | wusana aris nabda | nahing anggèr gusti mituhua mring sun | rumiyina sira lampah | mring nagri ing Maospait ||

15. Radyan Layangseta mojar | mituhua bok adhi marang laki | ing rèh kinarsan ing ratu | ywa sira salah cipta | aja watir ing kakungira sang bagus | sêdene sira prayoga | aja sumêlang ing ati ||

16. ni pawongan akaruna | radyan mantri tansah ngrawati liring | dangu sang dyah linalipur | kinèn lumiring radyan | Layang Seta Kumitir mring Majalangu | kinarsan ing prabu rara | dadya têrsandhèngsun jurit ||

17. kathah pangèngrèhnya radyan | sinung sabda amanis amranani | sang dyah aminggu tan tumut | saya sangêt karuna | patrêmira sang kalih tansah ingunus | Dyan Sôngka saya ngrês mulat | mring sang dyah kang sru kaswasih ||

18. tan pêgat pangririhing tyas | sabda sumèh kasuselaning èstri | anrês ing prana sêbdarum | saya lilih ing manah | sang dyah kalih ngetang kawêkasanipun | sumawitèng nataning dyah | sasotya ing Maospait ||

19. Dyan Seta suwarèng bala | kang pininta [pi...]

--- 436 ---

[...ninta] lumiring ing sang dèwi | miwah gêndhaga ruma[51] wus | dyah kalih tandya mentar | nanging patrêmira tan pêgat ingunus | datansah mônca udrasa | angusapi waspa mijil ||

20. ni mban inya kawlas arsa | mèstutèng rèh ajrih mring radyan mantri | sirèng lampah lumêstantun | Ki Sabda Genggong tansah | adrês mijil sadangunira punang luh | wantya sinêrênging radyan | tumungkul ajrih mring gusti ||

21. ri wusnya bênggang sêgsana | sang dyah lawan prênahnya radyan mantri | wêntawis datan kadulu | anênggih sirèng papan | sira Radyan Seta Kumitir agupuh | ngabani wadya nyeluman | sumrêg prapta angêbyuki ||

22. radyan mantri kinêmbulan | dening wadyanira Seta Kumitir | Ki Sabdapalon mangamuk | Ki Nayagenggong mêncak | kinarubut ing wadya karoban mungsuh | rêbah anulya binêsta | rika Sang Seta Kumitir ||

23. kadya buta amêmôngsa | solahira dènnya ngabani dasih | madêg Dyan Sôngka ingêbyuk | sinosog ganjur atap | kadya panjang putra tinumbak malurut | datansah wayang-wayangan | ambêg sarosa dyan mantri ||

24. biring sinêndhal kinentas | kungkih

--- 437 ---

pancrah katiga tugêl kalih | singa binuntar muka trus | tinêbah jaja bêncah | gègèr giras kang pa prawira mawur |[52] Seta Kumitir magalak | manrot manantêr manangkris ||

25. wantya mojar sang minantya | luwih bêcik sira rahadyan kalih | karya wisunaning laku | mêmurung arjèng tingkah | kaestrenan isining buwana kang wruh | rahayu sikaraning kang | samobah-mosiking urib ||

26. Seta Kumitir maganas | nuduk sarya pamojarira bêngis | ywa akèh swara pamuwus | sira wong utang dosa | wirang cidra kanisthan tindak kang luput | iki pinanggya ing lampah | mêsthi sira têkèng pati ||

27. ambêg krura sang lir Parta | kalih radyan kêt-pinggangnya pinusthi | binuwang kentas sumiyut | kumuntus tibèng lêmah | Sang Hyang Lodra Bayu Siwah gya mugswa wus | Bathara Gana tumandang | manjing mring Layangkumitir ||

28. mangsah macangklèt pyuk lawan | putêr gantya kendra-makendra kungkih | Kumitir kinentas asru | kentas tiba kabuncang | Hyang Bismara nugsma Sang Seta mangsah pyuk | sudira maglut kabuncang | tandang Hyang Sambu manitis ||

29. Kumitir [Kumi...]

--- 438 ---

[...tir] mangsah magalak | wêntus dugang-dinugang dyan matinggil | Kumitir binuwang riwus | kumêtap tibèng lêmah | Citragatra citrane gya manugsmèng wus | masah sarêng sura mangkyat | sarêng managlut katangsil ||

30. Hyang Kala Yama lumêkas | gya manugsma wus mangsah dyan mawêngis | hyang lir ditya wudhu pupuh | gora rèh sura panggah | wêngis mamuk nubruk Dyan Sôngka mapangguh | cangklèt winaglut tan kongkal | ambêg sarosa sang kalih ||

31. radyan ingangkat binuncang | mrês budyapyuk sarambut nora osik | Seta dinugang sukontus | binuwang tiba têbah | Dyan Kumitir tinawang kinisar asru | binuwang tumibèng têbah | tandang Hyang Bayu mawêngis ||

32. Dyan Seta sudirèng mangkrak | bêg sarosa musthi kumlasa aglis | magutuk malumpat nubuk |[53] sumawur sirèng jaja | gapruk cêngkah dêdêl-dinêdêl mapangguh | Seta katangsil kabuncang | krura myat gurda pinusthi ||

33. nabêt malêdug wrêgsa crah | ngrasug sirèng katampin wus katinggil | binuncang tiba makuntus | Hyang Manikmaya tandang | nugsmèng riwus campuh Dyan Sôngka winaglut | kongkih

--- 439 ---

binuncang wus kentas | gêpah Hyang Kumara Murti ||

34. Tunggul Manik nglanglang jagat | nugsma gêpah mangsah Dyan Damarsasi | wêntus cangklèt dirèng pupuh | dêdêr-madêdêr panggah | môngga mangkyat kongkih-mangongkih sru pangguh | sang kalih sudibya ing prang | byuh bayu prabawa prapti ||

35. mêndhung-mêndhung tara rimang | bagaspatra sumurêm kênyar agring | mangkara duta kumutug | parbata goyang-goyang | kuwung teja lêngkawa tanjak supênuh | rika sang kalih widigda | kapênuhan byating jurit ||

36. wiku darpa trus bramantya | tyaning sura kumutug mawêtyagni | prabawa kumbul sumundhul | dahana sirèng tawang | kalihira tan kawrat kurdhaning pamuk | samya amiyak warana | pamyating kang padha siji ||

37. Seta Sasôngka macêngkah | Hyang Narada pagut lan Tunggulmanik | kendra maputêr mawaglut | Hyang Panji Nrada ginggang | gya kinisar ing tawang wuwusira sru | latah pamojarira Sang | Kaneka mring Sang Hyang Rêsi ||

38. Palibaya mintraningwang | salah gawe jawata mayang[54] dasih | ing rèh sidaning tumuwuh | titising karsaning kang | Hyang Pratingkah kêlawan solahing ulun [ulu...]

--- 440 ---

[...n] | têmah amêmurung lampah | papêsthèning jawata di ||

39. babo pawong-sanak ingwang | eman-eman sira kasêrêng runtik | iya ing wusananipun | ngêlongi kaluhuran | nikmating Hyang Sugsmana ingkang ginadhuh | badharing rèh kampurnan |[55] lilih Hyang Srêngkara Murti ||

40. kang asta sampun winudhar | matur nêmbah hong Siwah Boja luwih | dewane bathara luhur | sumrup nata priyôngga | jênang sela kang gung pangapuntên hyangku | angling Hyang Kaneka Putra | nirdahna pinaroning ngling ||

41. sawuse durunge bapa | sun apura rêke sasiring budi | payo ywa ngregoni laku | ring sang kalih murcita | Manikmaya nugsma mring Layangseta wus | rame dènnya pacakara |[56] lan Rahadyan Damarsasi ||

42. kari jinurung ing dewa | Dyan Sasôngka loyo wakyating jurit | ya ta sêgsana sirambruk | dahat luntak ludira | wus kasambut ing adilaga sang bagus | cêngêng lênglêng ing panyipta | pasrah Kang Miseswèng Jati ||

43. emuting tyas sanalika | mung garwanya ingkang tinilar guling | Anjasmara sang lir santun | kawangwang sir kasmaya | ing wusana Dyan Sôngka mijil ingkang luh | ginêgêt [ginê...]

--- 441 ---

[...gêt] jroning wardaya | sêsambatnya radyan mantri ||

44. ariningsun Anjasmara | dèn lêgawa pun kakang têkèng pati | anglakoni lara lampus | karia awibawa | rinêgsaa ing budya dening Sugsma Gung | amanggiha suka wirya | ingsun ingkang anglakoni ||

45. saya trênyuhing wardaya | ketang ing rèh saparipurna kang sih | ya ta sangsaya mangunggut- | unggut kabyatan ingkang | èstu darpa angsung pamrah soring pupuh | mojar Radyan Layangseta | Damarwulan wêdi mati ||

46. têmahan mijil kang waspa | kaya dudu lanang Si Damarsasi | rahadyan mangsuli wuwus | sarya luntak ludira | eman-eman yèn ingsun wêdia lampus | sanalika kang kaetang | mung rinta kang sawang sasi ||

47. mendah baya kawlas-arsa | ingsun pêjah satêmah bela lalis | Seta sugal wuwusipun | môngsa kuranga priya | Anjasmara ayu anom bôngsa luhur | atmajane wong wibawa | dêstun abela wong mêskin ||

48. radyan jèngkèng pilênggahnya | ngingsêb-ingsêb padoning kunca kering | Dyan Seta wuwusira sru | hèh payo Damarwulan | pilih êndi ngisor atênapi dhuwur | lor

--- 442 ---

kidul kulon lan wetan | lan urip sawuse pati ||

49. myang pati durunging gêsang | Damarwulan tandya mangsuli angling | kabèh pisan ingsun ayun | kabèh wus darbèkingwang | jagat papat ing ngandhap miwah ing dhuwur | nora nampik milih ingwang | apan wus kawrat ing mami ||

50. Sang Hyang Wênang Sang Hyang Tunggal | Hyang Nurasa Nurcahya Sang Hyang Wêning | Hyang Wisesa ananingsun | mojar Dyan Layangseta

| yya gumêndhung sira wrat saliring alus | yèn tan sêmbada ing tindak | miwah sampurnaning pati ||

51. yèn tuhu tyasira arja | ingsun arsa wruh patinira yêgti | mangsuli rahadyan bagus | iya luwih prayoga | sun adhêpkên ing jawata kang linuhung | lara pati tan suminggah | titahe darma nglakoni ||

52. mojar Radyan Layangseta | Damarwulan dêstun têmên lan urip | wawrat timbang pamuja trus | kagadhuh ing kawula | aja sira sumendhe ing dewa luhur | iku mingsih ujar keras | dudu labête wong luwih ||

53. angling Rahadyan Sêsôngka | Layangseta balik sira karsani | têmên-têmên amrih lampus | apa sêdya sikara |

--- 443 ---

yèn sikara ingsun pasrah ing Sugsma Gung | yèn sira kudu mratôndha | ing tyas pamusthining pati ||

54. sun pintakkên ing jawata | ing wusana sapa kang ngudanèni | nanging ta panjaluk ingsun | marga na tatu jaja | ri sêgsana Dyan Sôngka ngungalkên gupuh | tangginas Dyan Layangseta | curiganira tinarik ||

5. manrajang anggoco jaja | tatas manrus walikatira kering | rah muncar radyan layon wus | gumuling kang kunarpa | Seta mojar kaya dudu wong linuhung | rah jingga arus kang gônda | tandya kang rah pêthak mijil ||

6. minging gandanira kongas | Layangseta ebat sajroning galih | nimbali arinta rawuh | Kumitir munggèng ngarsa | sawadyanya wus pêpêg sumiwèng ngayun | Sabda Genggong tinêlasan | rinampog datan patitis ||

7. anangis angaru-ara | ki parêpat sarwi ngidung mênyanyi | môngsa matia wak ingsun | kajaba ana gajah | sumurup ing lèng dom sêdhêng êndhasipun | sêsêg buntute kêlawan | ana keyong nguntal mêri ||

8. mojar Radyan Layangseta | iki si wong gèsèh sêtya lan gusti | gustinira Damarsantun | tuhu yèn wong utama | angluhuri sampurnaning tyas ginêlung |

--- 444 ---

patitis pamuja arja | sun jurung mulyaning swargi ||

9. Ki Sabdapalon angucap | wong amati matine mênyang ngêndi | Dyan Layang Kumiti[57] muwus | marang ing kalanggêngan | Nayagenggong nangis sarya ngusapi luh | langgêng niku kaya napa | sanikine ontên pundi ||

10. Dyan Seta mangsuli sabda | langgêng iku têtêp ora gumingsir | datan kacakra ing kalbu | kang darbe ing Sugsmana | Sabdapalon nabda Hyang Sugsmana niku | sapa ingkang duwe anak | punapa jalu lan èstri ||

11. angling Kumitir manêntak | mungguhing Hyang Sugsmana tanpa siwi | tan ana ingkang sêsunu | lan ora èstra[58] lanang | Genggong mojar dene têka ewah-ewuh | punapa adarbe omah | karuhane dèn sanjani ||

12. manêbda Dyan Layangseta | kadhatone Sugsmana Kang Linuwih | kasampurnaning aluhur | kasucèn myang kamulyan | kaelokan kaluwihan gunging agung | kang têtêp tan kêna owah | langgêng kratone Sugsmama di ||[59]

13. Ki Sabdapalon angucap | Sugsma niku kaya apa kang warni | Layangkumitir amuwus | saèstu tanpa rupa | tanpa swara tanpa karna tanpa dulu | nanging luwih sangking [sang...]

--- 445 ---

[...king] janma | mumpuni sakèhing urip ||

14. urip datan inguripan | wus jumênêng lan karsane pribadi | tan kapadhan ing tumuh[60] | ki parpat saya sora | panangise akaku rasaning kalbu | wujude nora kababar | pangwasa ngêbêki bumi ||

15. awusana pasrah jiwa | sarya bapang duk arsa dèn larihi | ambêngok sambating wuwus | hèh Sugsmana Kang Mulya | ulun titip sêkul kula golong kantun | anèng nagri Prabalingga | myang lawuhku wawung siji ||

16. ing nguni dèrèng ngong pangan | panggihêna ing benjang jaman pati | gumya kang samya angrungu | sêgsana linarihan | jajanya trus aniba wus samya lampus | Kumitir lan Layangseta | sawadya budhal lumaris ||

17. mantuk dhatêng Majalêngka | ponang layon tinilar awanadri |[61] èstu kapupu ing pupuh | kunarpa sang lir Parta | sumyar-sumyar siniraman ing udan rum | sinongsongan mega pêthak | jinaga ing dhandhang milir ||

70. Dhandhanggula

1. Sang Hyang Tunggulmanik amrêpêgi | mring kang lagya nêmahi pralaya | arupa wong bagus anom | jumbuh lan ingkang lampus | têka mèsêm sajroning galih | kaelokaning Sugsma | parmaning tumuwuh | lênggah keringing kunarpa | sang mrêtapa

--- 446 ---

awas sasmitaning lungit | lungide Hyang Wisesa ||

2. dangu dènnya amancêr ing liring | liringira èstu karungrungan | ririh sang tapa sêbdane | sarya ngusapi marus | kanin dinrês tirta marta mrik | ki pantèn wus wungua | aja lembon turu | sira uga wus nguripan | ing bathara jawata ingkang linuwih | luwih asih mring sira ||

3. sang kunarpa dahat tanpa mosik | angling malih ring sang maha tapa | wus wungua sira radèn | kêlawan karsaningsun | ri sêgsana rahadyan mantri | kagyat sajroning pêjah | paripurna sampun | alon alênggah mangrêpa | Dyan Sasôngka mulya atêmahan jati | matur saha wotsêkar ||

4. teja mulya lêgsananing adi | sinatriya sintên kang tinujwa | mèsêm sang tapa dêlinge | yayi mas basaningsun | marang sira wruhanta yayi | ingsun kang dadi marga | pitulung Sugsma Gung | anguripakên ing sira | wastaningsun yayi Hyang Srêngkara Manik | satriya amartapa ||

5. balik ingsun atêtanya yayi | sapa ingkang pinujwa ingaran | myang pinangkanira radèn | radyan nêmbah umatur | wastèng ulun pun Damarsasi | satriya Paluhômba | Maundara sunu | sumawitèng Majalêngka |

--- 447 ---

sang mêrtapa sabdanya arum amanis | paran purwakanira ||

6. dene têmah layon ing wanadri | radyan mantri umatur wotsêkar | tandya cinêndhan[62] wuwuse | apa luhuranipun | amirangrong pucak sêmèdi | tan susah sira jarwa | yayi manira wruh | ing sasanèskaranira | ing wêkasan paran sinêdya ing kapti | ing rèh wus paripurna ||

7. matur nêmbah Radyan Damarsasi | yèn marêngi paduka sang tapa | manglêbur tapat[63] tilase | ing pada sang pukulun | mèstutèng rèh lumiring kapti | sumêdya ngranupada | sang mêrtapa muwus | babo babo mintraningwang | ngêndi ana wong bakal amutêr bumi | sêdya wisma ing arga ||

8. pan ing mêngko pituduh sun yayi | tutugêna ngrêbut Majalêngka | wus kagunganira dhewe | dene wong roro iku | parêpatnya kang padha lalis | aja sumêlang driya | nguripan Hyang Agung | sang tapa tandya murcita | Dyan Sasôngka angungun sajroning galih | ing sang asih sung purna ||

9. parêpatnya ginugah awanti | Sabdapalon Genggong tandya gêsang | wus waluya satêmahe | Ki Nayagenggong muwus | Sêbdapalon ingsun angimpi | winudan anèng pasar | cinorengan angus | sarta dèn cukur marapat | gêdêring wong jare sun ngutil kêmiri | mila ki tôndha

--- 448 ---

gusar ||

10. radyan mantri wuwusnya amis |[64] paman priye ing pirêmbugira | mungguh pakêrtining lakon | Ki Sabdopalon matur | yèn marêngi paduka gusti | wangsul mring Prabalingga | amboyong para rum | myang ratu sèwu nêgara | tinêlukkên pra menak para ngabèi | sagung kang dados mêngsah ||

11. malar dadya nyina jayèng juri |[65] ing rèh mangke sampun kenging gêlar | wêwekaning wong kang dahwèn | Ki Nayagenggong matur | lêrês Sabdapalon sang pêkik | wangsul mring Prabalingga | nguni wêsi pupuh |

nênggih kang bindi pusaka | tagsih kantun anèng jroning dalêm puri | rinêgsèng ing pra garwa ||

12. rêbat lampah pusaka ingambil | bindi kilat yèn sampun kaasta | sakarsa paduka dados | nadyan sapintên mungsuh | atangkêpa sakêthi sisih | têgsih awrat Sri Bêsma | prandene kapupu | sanadyan wong Majalêngka | adadosa mêsah[66] sêdaya tan gigrig | paduka yèn wus ngasta ||

13. bindi kilat mêsthi pilih tandhing | tuwan dados lêlananging jagat | tan tanggêl lêlampahane | pun Sabdapalon lamun | ladan[67] dhatêng kawula yêgti | yogi pinukul pisan | kang ngantya kumêpruk | dêmang prêkule majua | mamrêm gulung sayêgti kula

--- 449 ---

tadhahi | warnane kadya umpak ||

14. byar sakala rahadyan ing galih | duk miyarsa ature Ki Sabda | Genggong ginêgêt ing tyase | radyan sêgsana wangsul | dhatêng Prabalingga nêgari | datan kawarnèng marga | ing pura wus rawuh | suka ing tyas amiyarsa | tiga sang dyah ingayap sagung pra putri | asri akêlangênan ||

15. wancinira dungkap madya latri | sawusira dumugi kasukan | radyan anglimpe wurine | garwa sêpuh sinambut | wus binêkta ing tilam sari | garwa kalih kang tansah | ingayap para rum | sawuse kèndêl bêdhayan | para sang dyah ana ingkang padha cuki | ana kang kar-akaran ||

16. wênèh ana catur ana kèngsi | kang satêngah ana kang amaca | lir suling barung swarane | kala sang murdaning kung | ararêsmèn rahadyan panji | ya ta Sang Partasmara | paprêman tumurun | amêrpêki para sang dyah | kalih kundur Juwitaningsih Sang Dèwi | Juwataningrum samya ||

17. akêkanthèn pliring-pliringing sih | gya kapêthuk sang anjayèng tilam | gya pinondhong kalih nyemot | binêgta ing tilam rum | kuwonira Juwatiningsih | arame [ara...]

--- 450 ---

[...me] campuhing prang | kinalih ing pupuh | para putri kawêratan | kuwonira samya isi Damarsasi | yèn tiga tiga radyan ||

18. lamun pitu pitu radyan mantri | lamun sanga sanga Radyan Sôngka | kawêratan padha ijèn | kang saos dalêm agung | Damarwulanira nênggani | kang maca binarungan | myang kang mêncil lungguh | sinandhing mring Damarwulan | kang wus turu ngimpi panggih Damarsasi | pinrêsmi ing panendran ||

19. Sabda Genggong mring Dayun kêpati | patènira sampun kinalihan | katiga Dayune dhewe | reyang wong bangun turut | ing sakarêpira ngarêpi | parêmpon anèng jaja | aja na kang mundur | arame undur-unduran | wong tatêlu tinêlu lan api-api | marong ponang bêdhiyan ||

20. bêdhiyane nora rupa gêni | gêninira tan kêna ginarap | ginarap dene wong akèh | kakèhên epor jagung | jagungira sakucing-kucing | kucinge bêbarêngan | barêng munggah ngusuk | usuk-usuk kongsi rusak | rusak lêbur gêgêbêr kobar kêbalik | ambêlok katingalan ||

21. ri wusira marna jroning puri | ya ta ing jawi [ja...]

--- 451 ---

[...wi] enjing paseban | raja sinatriya andhèr | sèwu nêgara prabu | Maharaja Mandura Aji | Sri Dewa Baudhêndha | malih rajèng wangsul | Sri Dewa Gung Walikrama | ingkang tansah sadhiya ing pôncaniti | ngimpuni balakuswa ||

22. kadang katut Sri Mandura Aji | garwa sêpuh Dyah Juwitawatya | gung Walikrama Sang Rajèng | yayah tarunanipun | ingkang dados garwa narpati | Juwitaningsih Sang Dyah | de garwa waruju | Juwataningrum pranyata | atmajanya ring Sang Balega Narpati | nênggih Sang Danurwenda ||

23. satiwasnya kapupu ing jurit | putra ari nênggih kang gumantya | Dewa Carangwaspa Rajèng | malih kawarnèng wuwus | Putra Japan ingkang gumanti | Dyan Arya Wijanarka | ri Sasmitaningrum | Walèri putra gumantya | sira Radyan Menak Sarijana nênggih | rakanta Dyah Susela ||

24. liya sangking punika ta sami | kasambut ing prang gumantya lênggah | milih lyan wong têguh totos | malih ingkang winuwus | para raja kang tiwas jurit | sanèsnya Sri Balega | namung patihipun | kang ngimpuni balakuswa | katut dening Sri Mandura Rajèng Bali | ya ta kang kawuwusa ||

25. nagri

--- 452 ---

Bandhung Macan Gleyang Patih | ing Sumênêp Dêmang Drêpanila | nagri Mêkasan patihe | sira Ki Gajahdhungkul | Patih Kêling pun Môndhakaki | ing Bugis pun Cik Kapal | sabala supênuh | lyan ta pra menak dipatya | pirang-pirang ing kursi samya anangkil | lir gunung gêni sinang ||

26. Menak Kantar Menak Jalanidhi | Bajo Rante Bajo Barong miwah | malih Menak Macan Gaèng | myang Menak Sapulêbu | Sapu Laut myang Sapu Langit | myang Menak Sapu Barat | Menak Sapu Mêndhung | Sapu Mega Sapu Gêlap | Batu Barang Batu Gunung Batu Wukir | myang Menak Batu Laya ||

27. Batu Mayang Menak Batu Kunthing | Batu Lapak Menak Batu Wangkang | Batu Pacalang jèjère | lan Menak Batu Wêrnung | Batu Kêras lan Batu Kêcil | lawan Batu Istantra | lan Batu Kêstambul | Batu Jong myang Batu Mirah | Batu Yankong Batu Undrus Batu Kalsing | lan Batu Ônggadôngsa ||

28. Dhaèng Sembang lan Dhaèng Makincing | Dhaèng Prêlan lan Dhaèng Marewah | kêlawan Dhaèng Lupèhèk | lawan Dhaèng Upêrkup | Dhaèng Pilman Dhaèng Upêrti | kêlawan Dhaèng Gustap | lan Dhaèng Prijakup [Prija...]

--- 453 ---

[...kup] | Dhaèng Lêpèr Dhaèng Lêstrap | lawan Dhaèng Lêstram lan Dhaèng Drahmani | kadya sêkar sêtaman ||

29. kênyar kumilat teja mawa sri | pagut rênggèng kala marcu lumrang | rêtna kêncana rugma byor | ring Sang Mandura Prabu | Walikrama Narendra Bali | kang dadya gêgunungan | tinênga wadya gung | warnanên wau ing pura | nguni sang sri gunêm rèh lan para putri | lir ta Sang Sri Hyang Endra ||

30. istha sêdhêng pratistha duk dening | misudèng sih Sang Parta wiwaha | suralaya madêg rajèng | Palguna dikarèng rum | surèng laga lan nirbinta ji | kabyatan sir kawirywan | amênuhi ing kung | suranadya sapta dasa | kasrah sirèng Dananjaya jayèng jurit | tan siwah samantaya ||

31. kawuwus Sang Dyah Juwitawati | aturira cocak môngsa |[68] nanging padha sêmu bae | radyan rumojong sampun | ya ta Sang Dyah Juwitawati | Juwitaningsih miwah | Dyah Juwitaningrum | akarya sêrat sêgsana | ing rèh pura wusananira ing nguni | satriya Majalêngka ||

32. dutaning sang maha prabu dèwi | sinotyèng rat kêkasihing dewa | ingestrenan sakarsane |

--- 454 ---

nênggih Dyan Damarsantun | mangrêbat rok atandhing jurit | lan sang Sri Urubêsma | awusana prabu | tiwas katigas kang murda | myang pusaka bindi kilat wus pinusthi | ing môndra Partasmara ||

33. kang pinujwa sagung para putri | tur ingangkat kasudibyaning prang | para garwa lulut kabèh | luwar papa kaswayun | kang sungkawa manah tansah gring | sokur ing dewa mulya | Menakjingga lampus | ing mangke wus kalampahan | para sang dyah ginarwa sang jayèng jurit | sêgti tur dikarèng rat ||

34. jumbuh ing Sang Hyang Asmara kègsi | kasusra tuhu datanpa timbang | lir sang hyang surèng baguse | nanging Sasmitaningrum | lawan Sang Dyah Suselawati | myang murdanya Sri Bêsma | Maospait sampun | rinuhunakên ing lampah | kang minôngka pêrtôndha ungguling jurit | tiwas Bêsma katigas ||

35. wusananing srat ingkang pinuji | tôndha astanira sang dyah tiga | sabiyantu para sinom | dhatêng ing sang aprabu | Sri Mandura lan Rajèng Bali | tênapi Sri Balega | Carangwaspa Prabu | myang Dyan Arya

Wijanarka | tuwin dhatêng ring Sang Dipati Wêlèri | Dyan Menak Sarijana ||

36. sang dyah tiga miwah para [pa...]

--- 455 ---

[...ra] putri | minta ing sih biyantu ing lampah | agya mèstuti gyèng tyase | mring sang anjayèng pupuh | rèh ta sampun tumêkèng janji | pamarnaning jawata | mring kêkasihipun | rinowang sabda ing dewa | ing prajanji karaharjan sarta suci | sinotya ing jawata ||

37. ri sampuning dados punang tulis | sinung tôndha ponang cap têtiga | tiningkêm lumêgsana ge | binêgta sirèng Dayun | sapraptanya ing pôncaniti | cingak sagung tumingal | winantya ing pasmun | tinampèn Sang Sri Mandura | punang sêrat binuka sinugsmèng galih | ing têmbung ngêmu brôngta ||

dwi. (kembali)
Kurang satu suku kata: tri kawula busana. (kembali)
sad. (kembali)
sacara. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang cara-cara corih. (kembali)
lapa. (kembali)
dêlinge. (kembali)
sandi. (kembali)
mêndhak. (kembali)
linuwih. (kembali)
sêdhêpe. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang satêngahipun. (kembali)
Kurang satu suku kata: kang sawênèh ana kadya laras ganthi. (kembali)
prajurit. (kembali)
Guru lagu seharusnya: 8e, sarya nguculi ucale. (kembali)
Kurang satu suku kata: Ki Nayagenggong nusul. (kembali)
Lebih tiga suku kata: suka lila kawula tumêkèng pati. (kembali)
namur. (kembali)
Kurang satu suku kata: luwih panarima mami. (kembali)
Kurang satu suku kata: angathahkên ingring ati. (kembali)
brôngta. (kembali)
Kurang satu suku kata: Suselawati manêbda. (kembali)
nèng. (kembali)
ngrênggani. (kembali)
Kurang satu suku kata: radyan duk miyarsa angling. (kembali)
wus. (kembali)

sihing. (kembali)
kurang dua suku kata: malih matur sarwi awotsari. (kembali)
Kurang satu suku kata: gya lumampah aruntung tindake. (kembali)
Lebih satu suku kata: ri sêgsana si taga wus prapti. (kembali)
Dyan. (kembali)
Kurang satu suku kata: prapta ingkang sinêdya ing kapti. (kembali)
Kurang satu suku kata: awèh brôngta mring kang nugsmèng tulis. (kembali)
Kurang satu suku kata: Hyang Katgrita Sumayana aglis. (kembali)
ing. (kembali)
dyan. (kembali)
Juwitawati. (kembali)
Kurang satu suku kata: adumèh wong binabagus. (kembali)
panggih. (kembali)
Kurang satu suku kata: gêpah dyah Suselawati. (kembali)
lambungnya. (kembali)
pamidhangan. (kembali)
Hyang. (kembali)
Parta. (kembali)
Kurang satu suku kata: tur saandêling kang wèsthi. (kembali)
mring. (kembali)
manira. (kembali)
solahing (dan di tempat lain). (kembali)
Kurang satu suku kata: Layangseta ing panyipta kalih wuwus. (kembali)
narendra. (kembali)
rugma. (kembali)
Kurang satu suku kata: gègèr giras kang para prawira mawur. (kembali)
nubruk. (kembali)
marang. (kembali)
Kurang satu suku kata: badharing rèh kasampurnan. (kembali)
pôncakara. (kembali)
Kumitir. (kembali)
èstri. (kembali)
Lebih satu suku kata: langgêng kratone Sugsma di. (kembali)
Kurang satu suku kata: tan kapadhan ing tumuwuh. (kembali)
ing wanadri. (kembali)
cinêndhak. (kembali)
tapak. (kembali)
Kurang satu suku kata: radyan mantri wuwusnya amanis. (kembali)
jurit. (kembali)
mêngsah. (kembali)
ladak. (kembali)
Kurang dua suku kata: aturira cocak môngsa kala. (kembali)

71. Asmaradana

1. ya ta ring Sang Mandura Ji | pamaosnya punang sêrat | duk angsal satêngah rajèng | jumbul sangking pilênggahnya | jaja mawinga-winga | kang ujwala sumung-sumung | pinuntir rêrawisira ||

2. ya ta malih ingkang kapti | kadung-kadung pamaosnya | andik ngatirah tingale | kanggêg sri rajèng Mandura | kapranan dirèng sabda | gumêtêring astanipun | gêdrug tinampèl wêntisnya ||

3. srat sinôngga asta kering | kanan nêbah-nêbah jaja | kumêrkot ponang wajanya | ingingêr curiganira | lir buta amêmôngsa | kaya [ka...]

--- 456 ---

[...ya] anuduka gapyuk | dinulu Sri Baudhêndha ||

4. tandya ingayatan malih | kawuryan têmbunging sastra | migênani ing wêkase | rampung surasaning sabda | sêgsana Sri Mandura | kaya-kaya ing tyas kêmbul | winawrat ing wusananya ||

5. tandya midrê punang tulis | gênti-gênti nugsmèng driya | Dewa Gung Walikramane | tandya dewa Carangwaspa | embal mring Wijanarka | gya Sarijana nugsmèng wus | sapandurat tanpa nêbda ||

6. mawut surasaning galih | awusana kang panyipta | rumojong ing manah rèrèh | samya nyêlak pilênggahnya | ri wusnya ginupita | sabiyantu têmah guyub | nungkul mring Radyan Sêsôngka ||

7. nanging Sri Mandura Aji | ing manah maro mêrtiga | lamun ta durung wruh dhewe | prajurite Majalêngka | kang nigas murda nata | malih kudu kantar bau | rêbut bok tandhing widigdya ||

8. nanging sasabira manis | sanetya ngecani manah | angrèh aja slaya tyase | ya ta sagung kang sumewa | gupita-ginupita | tanbuh ing panêrkanipun | suwadose punang sastra ||

9. tan lyan tinutkên kang liring | namung sang kalih narendra | myang dipati [di...]

--- 457 ---

[...pati] katigane | dèrèng ngantya winangsulan | sira Ki Dayun tandya | kêsaru ing pura gumruh | miyos ring Sang Partasmara ||

10. ginarêbêg para putri | manggung tênapi bêdhaya | cèthi miwah pawongane | tan owah praboning nata | kadya duk Urubêsma | sanèse mangkya sang bagus | pra garwa mijil sêdaya ||

11. tangèh rinênggèng palupi | pupug punang kawiragan | lir widadi rêraton |[1] ngayap ing Hyang Sang Asmara | lir murca kinêdhèpna | pating pancorong dinulu | kumêthap kumilat raras ||

12. lir wulan purnama rêsmi | linud sudama gumawang | tumeja lumrang kênyare | wadyabala Bêlambangan | cingak tanpa kumêcap | kasaput lungiting pasmun | kasênênan pêrnadèng rat ||

13. wimbuh nuring sang dewaning | kongas darpa mangasmaya | mayangkara mêmanone | kênyatane adimulya | mêlok Radyan Sêsôngka | kajatèn sapta swarga nrus | èstu môndra Partasmara ||

14. singa mulat lênglêng brangti | cêngêng ing manah murcita | katrêsah[2] pangribawane | sabala sawang kunarpa | sagung kang pra prawira | tan kaliru pêrnahipun | kadya duk Sang Urubêsma ||

--- 458 ---

15. gumruh gurnang têngara sri | orêg sagung kang sumewa | miyose sang jayèng sinom | pinrak anèng sokasana | mênggêp ing kursi rugma | samoga lawan saluku | musala cakra côndrasa ||

16. ingkang ngampil para sari | manggung tênapi biyada | murub mawa sri sunare | bêdhaya ing kering kanan | lir widadari kêmbar | bisik kang ragi natanglut | apêngawak lindhu sêkar ||

17. èbêk citranya rêtna di | wimbuh akarya la-êla | embah sang anjayèng sinom | ingapit kang para garwa | kadya pêpujan rêtna | para sang dyah kang sumambung | aglar nèng kursi pratistha ||

18. pratistha arêbut manis | manise kang manuhara | ngrênyêp gumêbyar sunare | tumlorong myang tumalerang | saya ngluhuri laras | sang jayèng asmara jumbuh | ngratoni ing Cakrakêmbang ||

19. midrêra sèwu nêgari | kang kauban ing akasa | datanpa tandhing baguse | ingkang lir Murti atmaja | sasêkaring ujwana | sinidikarèng dewa nrus | pinujwa ing dewa mulya ||

20. konjêm sagung kang anangkil | tan wênang tumêngèng tawang | kasimpir dene liringe | mring sang

--- 459 ---

dibya adi mulya | gêtêr lir tanpa jiwa | nadyan Sang Mandura Prabu | ing wau ingkang panyipta ||

21. nêmpuh byat sumêdya jurit | mangrok bôndawala mangkrak | ming[3] sang dikarèng palugon | Rajèng Bali lan Balega | miwah kalih dipatya | ingajêngakên tyas pamuk | sêdene rerehanira ||

22. samya jiniwit ing wangsit | pra dipati para menak | miwah para rôngga dhaèng | biyantu mamuk mangrêmpak | ing mangke satêmahan | cêngêng limut ing pandulu | akonjêm datanpa tingkah ||

23. krêntêg garjita mugswa nir | lir pinêcat ing jawata | kawuron ing kaywane |[4] ing sang jayèng Partasmara | sagunge kang sumewa | kadya popola kang kampuh | kèdhêp datanpa subawa ||

24. tan adangu tandya mijil | kunarpanya Sang Sri Bêsma | dirèng bandhosa sang rajèng | pawongan ingkang anôngga | tênapi Genggong Sêbda | prapta sumaos ing ngayun | saya ebat kang sumewa ||

25. binuka layon gumuling | dirèng Parta sang lir Parta | alon amancêr tingale | tanggap Dewa Baudhêndha | miwah Gung Walikrama | ingawe gêpah wotsantun | sumugun [sumu...]

--- 460 ---

[...gun] majêng darminta ||

26. samèh[5] pamulu minta sih | mangrêpa mangranupada | prapta bukuh pilênggahe | muka lir konjêm ing kisma | lyan ta manamur tingal | liringira pan sinamun | ngawe malih ri sagsana ||

27. majêng sarwi awotsari | gantya angèstu ing pada | radyan ngrakêti sêbdane | sira kakang ing Mandura | lan paman Walikrama | aja rujita ing kalbu | ing rèh wus karsaning dewa ||

28. saiki Si Urubêsmi | layon kapocok kang murda | pasrahêna ing janjine | nêmbah matur amêrdapa | Rajèng Bali Mandura | pun dasih narimèng pandum | nadyan ta awak kawula ||

29. pinundhut ing pati urip | sumôngga ing ngabyantara | tan grantês ing dasih anggèr | darmi paduka rahadyan | amarna lêlampahan | wus atas karsa dewa gung | arum nabda sang lir Parta ||

30. iya sun tarima sami | ing rèh ta sapadha-padha | winayang ing jawatane | balik ta ingkang kunarpa | apa èstu sang nata | sawab ingsun wong anyar wruh | nêmbah kêkalih narendra ||

31. inggih saèstu sang aji | layon kang mungging bandhosa | ring Sang Sasôngka

--- 461 ---

dêlinge | sukur sèwu kêlampahan | karsaning nataning dyah | sêsotya ing Majalangu | sayêmbara Menakjingga ||

32. matur nuwun sang akalih | malih rahadyan dêlinga | sapa kang bagus warnane | satriya têtiga ingkang | nèng ngarsa kang alênggah | Sri Mandura nêmbah matur | yayi dewa Carangwaspa ||

33. raja ing Balega Gusti | lawan yayi adipatya | Arya Wijanarka anggèr | ingkang pilênggah ing Japan | lan rimas Sarijana | ing Walèri kang pilungguh | mèsêm sang lir Partasmara ||

34. sang tiga ingawe sami | gêpah nampèni sasmita | majêng minta sih pasmone | lênggah wurine sang raja | Mandura wangsul tandya | ingawe malih magupuh | majêng saha awotsêkar ||

35. gênti nugsmèng pada sami | rinakêt ing basa krama | wus samya tata lênggahe | dangu amawang Dyan Sôngka | kumênyut raosing tyas | kaot èstri lawan kakung | lawan kang samya ginarwa ||

36. ya ta rahadyan minantri | ngliring arwa taruna |[6] winor ing lêngês netrane | Juwitaningrum sêgsana | tumungkul jangganira | sinamur mucang sang ing rum | manise mêgsa kawêntar ||

37. langkung dènnya [dè...]

--- 462 ---

[...nnya] migênani | rahadyan mring para kadang | pinawor ing sabda sumèh | sang tiga saya sih trêsna | lir ngabdya dewa mulya | sajêg tumitah dèrèng wruh | memba sang lir Partasmara ||

38. konjêm mèstuti ing galih | ring sangsaya gêgolongan | dhatêng ing sang jayèng sinom | ya ta sagung balakuswa | kang samya kamêngarsa | lawan sagung pra tumênggung | rôngga dhaèng pra nararya ||

39. ngawe majêng sawêntawis | sinung sabda manis sumrah | saur-kukila ature | nêmbah umung mèstudeya | kapencut myarsèng sêbda | kurang winalês ing lampus | turah ingkang sih wilaya ||[7]

40. ngandika rahadyan mantri | dhatêng kalih dipatya |[8] yayi Wijanarka Radèn | myang yayi mas Sarijana | aywa sungkawèng driya | kadangira sang lir santun | lagya dadi lêlampahan ||

41. pirangbara ri mas kalih | sang dyah ingkang sawang rêtna | manggih wirya wibawane | ingsun tingalana ri mas | aywa sumêlang ing tyas | dèn pitaya ing Sugsma Gung | tênapi marang pun kakang ||

42. matur nuwun sang akalih | saya kapencut ing manah | têmah lir

--- 463 ---

rinontog tyase | tan wignya mangsuli sabda | konjêm tansah mangrêpa | bukuh sarya awotsantun | anglir madu mangun tirta ||

43. malih ngandika dyan mantri | mring Sang Dewa Baudhêndha | myang Gung Walikrama Rajèng | paran ta kalih narendra | mungguh layoning nata | matur Sri Mandura wangsul | pukulun yèn padukarsa ||

44. yogi ingobong kang jisim | sampurnanya dirèng jagat | ywa dadoskên gêlah tyase | sagunging wong Bêlambangan | tulus sabdya tuwan |[9] ywa ngantos manomêr têlu | ciptane kang para kadang ||

45. mèsêm rahadyan minantri | sun tarima sira paman | apadene kakang rajèng | nanging ta arjaning tindak | mrih labêt kautaman | kalih raja matur nuwun | tandya Dyan Sôngka dêlingnya ||

46. dhatêng Sri Balega Aji | paran yayi Carangwaspa | ponang layon prayogyane | kasinung sabda wotsêkar | yogi cinacah-nacah |[10] wus limrah sumêdyèng pupuh | yèn tiwas madyaning rana ||

47. suka dadya tawur jurit | jinura lir mimis obat | dados bantêning palugon | mèsêm Rahadyan Sêsôngka | yayi [ya...]

--- 464 ---

[...yi] ingsun tarima | nanging kurang tamèng kewuh | kakênan ing rèh sikara ||

48. yayi darma anglakoni | kang raga upama sarah | tumindak lan hèrnawane | aluse Si Urubêsma | nanging kêna bineka | ing tyas arda kumalungkung | kang mêmurung ing kasidan ||

49. sidane wong amrih luwih | ing urip têkèng ing pêjah | dipun langgêng nugrahane | ing mangke Si Menakjingga | sinimpên ing jawata | alusira wus kinukut | raga-raga kawlas-arsa ||

50. Sri Balega awotsari | abukuh èsmu mangrêpa | Sabdapalon Naya age | angawe Ki Dayun prapta | angajak rarêmbugan | lah ta paran kakang Dayun | mungguh utamaning lampah ||

51. rika urun-urun pikir | mungguh kunarpaning nata | paran ta ing prayogane | lamun rika datan arsa | reyang ararêmbugan | pilih êndi reyang jibus | somah biyang nini canggah ||

52. lawan rika milih malih | rika dhawak bapa canggah | reyang jidhulane kabèh | lan malih reka piliha | awuda anèng latar | kagungan rika ngong tulup |

--- 465 ---

reyang pilih rarêmbugan ||

53. mungguh layone sang aji | yogya sinungkên sudarma | Hyang Pamêgêr[11] Mahmèrune | wawrat timbang sang pandhita | aran ingkang atmaja | myang wruha solanging pupuh | sudigbyane sang lir Parta ||

54. tan ewuh tinampan lungit | lungite wong pasrah jiwa | aja kuciwèng sêmune | nadyan arsa bela pêjah | iya môngsa ewuha | sênadyan dadia mungsuh | gampang linanggar ing yuda ||

55. pêpantêse sang arêsi | ing manah luwih lêgawa | witning nguni mambêng bae | ing atmaja Sang Sri Bêsma | mungguh dadining aprang | mêgsa garwa nataning rum | sang nata tansah brawala ||

56. malah angipat-ipati | pinintakakên ing dewa | putra apêsa jayane | nging sang nata sura pugal | datan piniarsa |[12] malah-malah sang awiku | pantês praptèng mèstudeya ||

57. Ki Sabdapalon lingnya ris | bênêr ujar-ujarira kakang |[13] lamun dudu sira dhewe | kang mulih mring Bêlambangan | ambêgta kang kunarpa | yèn rika dhewe kêlaut | kinarya jalaran minggat ||

--- 466 ---

58. Ki Dayun mangsuli angling | dene sira kaya bocah | amindha gawe têmahe | singa ingkang ingutusa | iya luwih prayoga | ngêmungna tandhaning laku | lakuning rèh kaluhuran ||

59. mèsêm rahadyan minantri | katuju ing galihira | sêgsana arum sêbdane | bênêr kakang ing Mandura | Si Dayun pêmanggihnya | yèn mêngkono dèn agupuh | kunarpa sira angkatna ||

60. lawan mintoa bupati | lumiring mring Bêlambangan | nêmbah Sang Sri Mandurane | tênapi Gung Walikrama | aminta pra dipatya | Dayun tinuding mêsat wus | umangkat punang bandhosa ||

61. kadya ta binayangkari | pirang-pirang wadya ingkang | lumiring layoning rajèng | tan lyan kang kèsthi ing manah | namung sang jayèng tilam | pragya dibya ambêgnya lus | bagus môndra wicagsana ||

62. bisa angenaki ati | amuja suraning bala | nora kêtara gunane | sira ring Sang Baudhêndha | Gung Walikrama miwah | Carangwaspa ing tyas ngungun | miwah sang kalih dipatya ||

63. saya dangu saya asih [a...]

--- 467 ---

[...sih] | embah-embah kapirênan | wuwuh sumuyude |[14] miwah sagung para sang dyah | amawas rarasing sang | saya kabyatan sih wuyung | ing sang akarya la-êla ||

64. dhasar kasihing dewa di | pra jawata kang winênang | amung budya wênês tangrèh | ya ta sampun aparentah | sang môndra Partasmara | daut dhatêng Majalangu | sumiwèng sri nataning dyah ||

72. Sinom

1. ya ta sampun aluwaran | dènira miyos tinangkil | orêg sagung kang sumewa | lir mulat ing dewa luwih | duk mêsat sing swarga di | adining

sang awèh wuyung | kawurywan swarèng pamyat | sagung saisining bumi | kongas dumling sirna ingkang kamanungswan ||

2. sapraptaning dalêm pura | sang môndra jayèng linuwih | asri dènnya kêlangênan | badhaya miwah sarimpi | rarasnya salin-sanin |[15] akarya brôngta wulangun | ngênglêng kang para sang dyah | pisukanira ing galih | inggar-inggar inggare sinawung dana ||

3. Danasmara smarèng tingal | karungrung dirèng ngègsi |[16] ya ta malih kang kocapa | sang pramèswari [pramèswa...]

--- 468 ---

[...ri] ing Bali | widaning rum wêwangi | lan garwa Mandura Prabu | Sang Dyah Kênakawatya | mêjana pêngawak lungit | malbèng pura umarak Sang Partasmara ||

4. angirit pra putri tawan | atma kadang pramèswari- | nira ingkang tiwas laga | myang rajabrana mas picis | wus katur mring dyan mantri | tinimbalan praptèng ngayun | tarap anèng ing ngarsa | ya ta sagung para putri | lênglêng mulat ing sang môndra Partaningrat ||

5. linêngêsan ruming sabda | tinambuh wêntaring liring | sinampar pamawasing lyan | nanging têka amranani | dahat akarya brangti | kang satêngah èsmu bingung | kasaput ing ujwala | awilêt manising lungit | singa pagut sanalika tyas kumêsar ||

6. kadya amêcatna jiwa | lir ngayap yuswaning urip | wontên satunggal wanodya | Mêkasan kang pramèswari | ran Sang Dyah Gôndasasi | sampun kapara ing sêpuh | nanging nora ngopaa | sinawang lir golèk gadhing | galak ulat abêsus olah wiraga ||

7. tan sêpira citranira | Sang Dyah Ayu Gôndasasi | mung prak-atinya kang kongas | ingkang [ing...]

--- 469 ---

[...kang] ngêdusi mêmanis | kuninge bêngle keris | dahat akarya wulangun | tan môngtra-môngtra sang dyah | yèn wus darbe atmaja tri | mung tingkêse anyiram ing samantaya ||

8. ya ta kawuwusa sang dyah | lir mati sajroning urip | amawang sang kadi Parta | saya sru kandhuan kingkin | wimbuh myat para putri | garwane sang jayèng santun | lir mimi lan mintuna | pinuja asmara kang sih | dirèng kakung sanetya sumyarjèng tilam ||

9. saya tan kêna tinambak | Sang Dyah Ayu Gôndasasi | gumêtêr kang sarira mar | sinamun saya dumêling | radyan mèsêm ing galih | tan paja kacinèng sêmu | sêmuning sanès ingkang | kadriya wardayèng lungit | lungitira sumugun mring Dyah Mandura ||

10. mring Widaningrum lan sang dyah | animbangi sabda lungit | pamangsul sumrik rum kongas | marna pratingkahing kardi | aturnya ngasih-asih | manise binarung wuwus | sasolah awor laras | Dyah Dèwi Kênakawati | Widaningrum sêmune amambu manah ||

11. ing manah èsmu kagiwang | kuwangwang gorèh ing liring | Dyan Sôngka ngrakêti sabda | wontên malih kang kawarni | arinta rajèng Kêling | Wandhansari kang rum-arum | èsmu [è...]

--- 470 ---

[...smu] kaku tênaga | gandrung-gandrung marak-ati | pamulunya mindha mangroning puspita ||

12. wadana landhêp araras | rêspati agalak liring | liring mandam kamarutan | dhasar pasmone winasis | wasis mikat mêmanis | manise anginggar kakung | nêdhêng ingkang diwasa | duk mulat sang jayèng luwih | karungrungan sang dyah rongèh kang pilênggah ||

13. malah tansah ngalih pêrnah | kabyatan asmara brangti | brangtanya saya kawêntar | tansah ngêtutakên liring | liringira dyan mantri | saparan winor pandulu | wimbuh sang liring Parta | mring garwa sung sabda manis | tungtung mèsêm Wandhansari èsmu guywa ||

14. lir luwe martarèng boja | kepyan suselaning brangti | rumbing rêntah tan karasa | kumyus karingêtnya mijil | radyan awas ing liring | mèsêm

sajroning pitambuh | wontên malih wanodya | ingran Dyah Rêtna Wiyadi | atmanira nênggih Sumênêp Dipatya ||

15. jukining tingkês pasaja | pamulu mindha wrat sari | antêng aruruh jatmika | èsmu balut marak-ati | jait laras alindri | nanging kapara ing timur | nêdhêng kasmêkan anyar | prêmbayunnya sawêntawis | mung cacade èsmu grathul kang wêcana ||

16. nora pati salah [sa...]

--- 471 ---

[...lah] cipta | sira Dyah Rêtna wiyadi | nanging ring sang Partasmara | èsmu kayungyun ing galih | winangwang migênani | wantya tinut ing pandulu | mayang sucipta brôngta | tan kanyanan ing panglungit | datan lingên sadangunira nèng pura ||

17. ya ta Widaningrum Sang Dyah | Kênakawati wus mijil | tan lyan kacipta ing manah | namung sang jayèng di luwih | kagarit jroning ati | ing sasolah-bawanipun | malih ingkang winarna | para tawan ing jo[17] puri | kêmanisên kawurywan manah lêgawa ||

18. dumugia kêlangênan | boja sih boja pan drês sih | sihira sang Partyasmara | sinugun mring para putri | datan kawarna ratri | enjing têngara gumuntur | lir ombaking samodra | bodhol dhatêng Maospait | saha garwa saha bala sakuswala ||

19. pirang-pirang tanpa wilang | gunastra makilat thathit | rindik riktara rimang |[18] surêm Hyang Pratônggapati | punang turôngga èsthi | rata sagotha madulur | dumulur sirèng awan | ya ta wahana parèstri | rugmèng lumrang rêtna tumeja angraras ||

20. warnanên ingkang lumampah | ya ta nagri Maospait | gègèr gumuruh wurahan | sapraptanya radyan kalih | Seta Layangkumitir | kang mocok murdaning prabu [pra...]

--- 472 ---

[...bu] | sira Sang Urubêsma | Balambangan sura sêgti | gawok umung sagunging wong Majalêngka ||

21. ri sêdhêng miyos sinewa | maha sang narendra putri | ing sitinggil baturana | kasaru wau kang prapti | Radyan Seta Kumitir | nèng madyaning wringin kurung | ngadhêb gêndhaga rugma | tênapi wanodya kalih | Dyah Sasmitaningrum lan Suselawatya ||

22. ya ta sampun ingandikan | kèrit sang rêkyana patih | miwah kang para dipatya | aglar sumiwèng ing ngarsi | nêmbah matur kya patih | naoskên atmajanipun | titi solanging lampah | ing rèh pratikêling jurit | wus sumaos ing ngarsa gêndhaga rugma ||

23. tênapi kalih wanodya | Sasmita Suselawati | kagyat sang prabu kumara | Menakjingga têkèng pati | liya sing Damarsasi | anutuh sasmitanipun | Uni Hyang Manikmaya | ingkang anggêlarkên wangsit | prabu kênya èmêng sajroning wardaya ||

24. tambuh kang pangunadika | sapandurat tan kêna ngling | konjêm sagung kang sumewa | tan ana walang kumlisik | namung Seta Kumitir | gambira kanyinèng sêmu | sêmune mulat-mulat | netyane wong angsal kardi | radyan kalih tansah maoni busana ||

25. sapa wruh

--- 473 ---

ingkang panyipta | galihira cilik wukir | sinamun mêgsa kawêntar | pangayange solah liring | ya ta Dyah Rarasati | dangu mêrbêng pan èsmu luh | uninga pasmon ingkang | runtik sêlaya ing kardi | tandya matur sarya nyêlak kang pilênggah ||

26. pukulun Sang Murtiningrat | dasihe tur pati urip | yèn marêngi sri narendra | yogi angecani galih | têtawan kalih èstri | tênapi kêpala prabu | gusti yèn padukarsa | yogi tinampenan sami | sampun ngantya gêlah karya suselarja ||

27. arjane praja paduka | tangèh winalês ing puji | pujining lyan samantara | yèn runtik paduka kingis | Dyah Dèwi Rarasati | aturnya

anganyut-anyut | amanis wijang-wijang | winayang rarasing lungit | prabu kênya lumuntur sungkawèng driya ||

28. arum aririh kang sabda | mara tampanana yayi | iya èstrine kewala | kang sangking Seta Kumitir | manêmbah netya manis | Sang Dyah Rarasati gupuh | anolih sawatara | dhatêng sang rêkyana patih | sabdanya rum nimbali kalih wanodya ||

29. gêpah ring sang adipatya | ngêjèpi sang dyah kêkalih | gya majêng sumiwèng ngarsa | ya ta radyan ayu patih | sang kalih

--- 474 ---

pinapag sih | pinojar sumrah ing têmbung | gya jêngkar prabu rara | dènira miyos tinangkil | kang sumewa wus samya amagêlaran ||

30. tansah gita-ginupita | subawa pating kalêsik | bisiking wong neka-neka | ebat mring rahadyan kalih | ya ta sang adipati | nglênggêr datan bisa muwus | palastranya Dyan Sôngka | kya patih kraos ing galih | kang kaetang trêsnanya Dyah Anjasmara ||

31. Dyan Kumitir Layangseta | juwêt duk marna ing jurit | mring jajarira alinggah | myang èsthi èstuning gusti | pitulunging dewa di | amayang ing titahipun | gawok kang pinojaran | sangsaya nglantrah dyah kalih | wangsul-wangsul angemba duk macok[19] murda ||

32. sawicara ing sanetya | sasumbarira dènnya ngling | sarya eram kang tumingal | gumun sarya amèstuti | sagung wong Maospait | anjomblong ing tyas sumugun | garjita manglêmbana | dhatêng rahadyan kêkalih | wantêr sanggup wicagsana ngêntas karya ||

33. dhasar ladak kasêmbadan | winasis kandêl ing gusti | tur atmajane ngapatya | konjêm sang atmajèng Tubin | cêngêng èsthining galih | tan subawa tanpa dulu | bukuh sinamur mucang | Menak Koncar kang kawarni | panas [pa...]

--- 475 ---

[...nas] mulat mring Seta Kumitir Radyan ||

34. yèn dhèhèm anotog manah | lirikira amarkitik | ingusap rêrawisira | agêmpung rasaning ati | aja jriha ing gusti | kaya anuduka gapruk | kaya mancasa kêcras | ing mukanira dyan kalih | angsal karya gèsèh rarasing watara ||

35. miwah solanging pratingkah | tan têpung kêlawan budi | wêwangunan datan angsal | guwayanira tan nyait | dudu êmpaning kardi | yèn wania takêr marus | sênadyan ta puruna | sêpi ing widagdèng jurit | wirasatnya panguripe mung wicara ||

36. mardapa matut kang endah | sinêkar ing pôncaniti | adrêsanani ing tindak- | tanduk ingkang adu manis | nging ta ngadhêp mrih sisip | kang adoh karyaning pupuh | ing mangke wignya nigas | Menakjingga wudhu jurit | dewa bingung yèn angsunga kaprawiran ||

37. mila tansah mênggah-mênggah | dyan arya kêpati gêthing | sêbarang kinarya sêmang | labête amêjanani | Radyan Seta Kumitir | wus nyana nanging pitambuh | sinamur mawas ing lyan | saya umbak dènira ngling | adu sêmu dènira sumbar-sinumbar ||

38. wênèh sêkarêng ingucap | ing pura sang prabu dèwi | minggah gupit môndra sêkar |

--- 476 ---

animbali tawan kalih | myang radyan ayu patih | kinèn pitanya agupuh | rika Sang Menakjingga | palastra murda katitis | paraning rèh pratingkah èstuning lampah ||

39. ya ta radyan ayu patya | dêlingnya mring sang dyah kalih | nyênyêt manis titi prana | sumèh angêmorkên kapti | sinangkan ing rèh ririh | ngarah-arah ing pamuwus | wuwusnya manis sumrah | purwa wusananing kardi | sêtya-tuhunira Kumitir myang Seta ||

40. myang saèstunira ponang | kêpalanya Urubêsmi | kang anèng gêndhaga rugma | miwah Radyan Damarsasi | saèstunira lalis | kapupu madyaning pupuh | dene Si Menakjingga | wusana Seta Kumitir | kang ngêntasi amocok murdaning raja ||

41. sang dyah kalih duk tinanya | adrês waspanira mijil | saya ketang sang lir Parta | kagarit jroning tyas kingkin | matur saha wor tangis | ing sasanèskarèng putus | Sasmitaningrum lawan | Sang Dyah Sang Suselawati | sru kaswasih asêsambat Dyan Sêsôngka ||

42. Rarasati angrês mulat | waspanira tumut mijil | ngungun sang prabu wanodya | sinamun mèsêm wor ing ngling | pan yayi basa mami | mring sira Sasmitaningrum | miwah Suselawatya | ayya sumêlang ing ati | pirabara

--- 477 ---

luwar ing gêlah sungkawa ||

43. sang dyah kalih awotsêkar | karuna tansah minta sih | ngasih-asih saaturnya | gusti tan sagêt mangsuli | dahat kawratan cèthi | panampar paduka prabu | dhatêng ing kawlas-arsa | sakarsa paduka gusti | pêjah gêsang sumaos ing ngabyantara ||

44. nanging kang cèthi ratu mas | pamintanya ing Sugsma Di | sarta mring paduka nata | kang agung agsamèng gusti | ing rèh kapêgat ing sih | lan kakung Dyan Damarsantun | sangking ardaning Seta | Kumitir mring radyan mantri | pamit lampus yèn tan panggih lan Dyan Sôngka ||

45. datan nyana ing panyipta | pun dasih Dyan Damarsasi | kenging gêlar kamôndaka | sing jrihnya mring paduka ji | wusana datan yêgti | Seta Kumitir ingutus | kang cèthi atur pêjah | kenginga ngruruh ing laki | prabu kênya duk myarsa tyas nganthi brôngta ||

73. Kinanthi

1. sang maha sêgsana tumrun | amrêpêgi sang dyah kalih | Sasmitaningrum sêgsana | kang asta ginendheng ririh | Rarasati lan Susela | kêkanthèn asta sang kalih ||

2. maha sang pustakaningrum | têdhak dhatêng kubon-sari | kang taman raras kawurywan | kinarya anamun wingit | èsmu nandhang karungrungan | myarsèng [myar...]

--- 478 ---

[...sèng] ature dyah kalih ||

3. samarga bujungan têmbung | samya liring-liniring sih | liwat-pinaliwat raras | sêmange amilangoni | yèn èstu kapranan sêbda | lungite simur liring ||[20]

4. kanyina inggar sumrah rum | Prabu Rara Rarasati | yèn Suselawati lawan | Sasmitaningrum ngêmbani | ing panjarwa nyuda solang | ing rèh rikala dyan mantri ||

5. Sang Dyah Rarasati gupuh | bêbolèhnya angrakêti | rakête kinering kanan | kênanira tan nyanani | mèsêm sang prabu kumara | dahat kawêntaring lathi ||

6. sang dyah kalih malih matur | aturnya anuju galih | pinêcat kang ngontro brôngta | pratingkahe radyan mantri | dun[21] anèng ing Prabalingga | mèsêm sang murtining sari ||

7. Sang Dyah Rarasati matur | bara-bara paraning ling | wêntarnya sinêmangkara | saneskarèng taman sari | tan lyan paraning sasmita | prabu rara saya brangti ||

8. wimbuh gandrung kapirangu | myarsa pradôngga munya sri | mencok ing pang nagapuspa | sauran lan gêndhing muni | ri sêdhêng patut manyura | ketang duk anèng swarga di ||

9. gênti kawursitèng wuwus | Anjasmara ngèsthi pati | murca sangking pagulingan | nusul mring rahadyan mantri |

--- 479 ---

dhatêng nagri Prabalingga | lan êmbanira kêkalih ||

10. ing rèh pinojar sang ayu | ing rama rakanta lalis | kasambut lan Menakjingga | nèng Prabalingga nêgari | sang dyah ngrasuk sarya seta | patrêmnya tansah pinusthi ||

11. tumurun ing jurang têrjung | sumêngka sukuning ardi | anusup angayam alas | miyak tanjang ri pung bandhil | datansah mônca udrasa | kakungnya sinambat tangis ||

12. sambêrilèr sabèng bayu | bisa timên tilar cèthi | wadung pari sira dewa | mêrdene ing kanan kering | kaniaya kakang êmas | anungkulakên wong guling ||

13. kasur pandhan wong abagus | mung sira sun kêlosodi | kang konang abra ing tawang | terong alit munggèng têgil | kalintang rasaning manah | aku kakang mèlu mati ||

14. puspita lêsah ing gêlung | dadi layon wong abênthing | bakung bang awoh pandhoga | buron kali môngsa janmi | panas pêrih sun têmaha | awora sabaya pati ||

15. kêmangirêng dewaningsun | kang asih aduwe cèthi | kapolang awoh ing kisma | gudhe pandhak sun wastani | bok inggih ta sira kakang | anangi gon ingsun guling ||

16. layar gêbang jiwaningsun | kadudut rasaning ati | sêlaka bang kang arêngga | kadang katut sang

--- 480 ---

kang[22] laki | tan nyana ngêmasi kakang | dene nora marimpèni ||

17. sônggalangit munggèng ranu | dipun langgêng dènira sih | ancur banon sira kakang | palwa kandhêg ing jêladri | lêbura dèn kaya kisma | wong loro ingkang nglabuhi ||

18. pondhoh cêngkir wong angrangkung | paran polah ingsun kèri | gambas pait sira dewa | pathining tom sun wastani | kapriye polah manira | katula-tula manah gring ||

19. lampahnya sangsaya nglangut | lawan êmbanira kalih | samarga-marga karuna | anèng têngahing wanadri | samana sang dyah ararywan | mêrpêgi pinggiring bèji ||

20. marlupa saliranipun | tandya lênggah sang lir Ratih | anèng satêpining sêndhang | kang sêndhang pasangira sri | kinubêng sêkar kang jênar | sinêlanan andong wilis ||

21. kang pudhak manglung ing ranu | tirtanira lumrang wêning | têrate ambabar sêkar | tunjung-tunjung amênuhi | kuthilang munya ing tawang | katawingan ing ron sari ||

22. èsmu kacaryan sang ing rum | sumrah kasilir ing angin | sêgsana kraos kasatan | kapencut wêning warih |[23] lagyarsa nginum ing toya | kagyat kang sata wana jrit ||

23. sinauran mêrak ngungkung | sang dyah kumêsar ing

--- 481 ---

galih | lir sinurak ing jawata | kurang prasêtya ing laki | durung pira Anjasmara | lali sungkawaning ati ||

24. sang dyah amijil ingkang luh | cangkelak tandya lumaris | sangsaya sinrang lampahnya | ni mban inya sru kaswasih | datansah sêsambat pêjah | wurung wruh rasaning warih ||

25. kêndhal tawon gustiningsun | sasinggat kang munggèng warih | dudu padu timur mula | kêpati cugêtan galih | kambangan ingkang bêbayah | wantêre nora marèni ||

26. kaku rasane tiningsun | wong bagus kang tilar jurit | sumêlang nora pamitman |[24] agawe bubrahing ati | rêmak rêmpu raganingwang | andhèrèk saliring sari ||

27. mêne sêkarêng winuwus | ya ta Radèn Damarsasi | ri sêdhêng nèng pêsanggrahan | sineba ing para aji | bupati satriya menak | dêmang rôngga lan ngabèi ||

28. êmpu mêlandang bêbuyut | para dhaèng amênuhi | aglar lir sêtaman | [25] sumringah sagunging dasih | parêpat kalih tan pisah | Sêbda Genggong anèng ngarsi ||

29. sêmana parentah daut | mring rajèng Mandura Bali | lampahnya pinatah-patah | sang jayèng jurit nèng ngarsi | mangku sagung para sang dyah | lyane pra prawirèng ngarsi ||

30. lyan ta sagung

--- 482 ---

para arum | tan kêna wadya nglancangi | winangênan sapa mulat | baris gung kang-kang anèng wuri |[26] lan tindaknya Partasmara | Genggong Sabda kang nindhihi ||

31. nêngna gupitaning laku | bodhol sakuswala lari | pirang-pirang tanpa wilang | anggênggêng lir tambak wukir | lir wana karêmbun môngsa | busana abra mawa sri ||

32. kang dadya cucuking laku | garwane sang jayèng jurit | Juwitaningrum pratistha | anitih swandana èsthi | pinangagyan[27] sarya abra | arja songsong kêrtas wilis ||

33. sinulam ing hèr mas murub | gêbyar-gêbyar amantêsi | nindhiha sarerehannya | para maru anèng ngarsi | samya anitih turôngga | busana mawarni-warni ||

34. angrok kang songsong supênuh | kadya krêndha nêbèng warih | sumundhul ing wurinira | garwa panêngah sang dèwi | Juwatiningsih pratistha | anitih rata rinugmi ||

35. pangiridira nung-anung | dhawuk samya kuda janggi | mênggêp asongsong sarasah | para maru anèng ngarsi | samya nitih panggêritan | bêdhati abra ingukir ||

36. asri kang songsong supênuh | ingkang sumundhul ing wuri | garwa kang sêpuh sang rêtna | Sang Dyah Sang Juwitawati | mênggêp anitih jêmpana |

--- 483 ---

arja songsong sutra langking ||

37. kinêmbang abra sumawur | sunaring ujwala kadi | lir môndraja alêlampah | para maru anèng ngarsi | anitih gêrbong prasamya | wênèh crumpung myang palangki ||

38. ingkang mêkasi ing pungkur | sang jayèng môndra jayèng linuwih | [28] ginarêbêg balatôntra | mênggêp wahana turanggi | songsong jêpun tunggul rêtna | kaprabon sikêping jurit ||

39. samoga lawan saluku | trisula cakra myang piling | langkap limpung alugora | pratistha angapit-apit | abra citraning busana | tandra kumilat ing rawi ||

40. mangrênyêp-rênyêp asantun | kadya samodragni ngalih | lir wana karêmbun môngsa | mêmanone angrêsêpi | gêbyar-gêbyar tara lumrang | sangsaya minuni sari ||

41. samarga-marga mawèh rum | kadya ta binayangkari | sumrah mêmanoning jagat | kang ngrêsêpi ing sabumi | adrêsanani kawuryan | kang kasongan ing wiyati ||

42. pêpujining rèh arja nrus | trus trahing andana-warih | rêmbêsing madu kusuma | wijiling wiku sêmèdi | jinurung ing Sugsmanôngsa | winong ing budya mamrês sih ||

43. ya ta warnanên sang ingrum | Anjasmara kang kaswasih | kapêthuk [kapêthu...]

--- 484 ---

[...k] kang andon lampah | sang dyah waspadèng pangègsi | tanbuh wurcitaning driya | sinêngguh mêngsah kang prapti ||

44. ni êmban anjrit kaswayun | sêsambate awor tangis | dhuh Gusti suwawi nimpang | kapêthuk mêngsah gêng prapti | wurung panggih kang sinêdya | siyos tinawan ing margi ||

45. Anjasmara tanpa muwus | anjêjêr angèsthi pati | patrêm pinusthi ing asta | wusana ngandika ririh | paran biyang polah ingwang | baya wus pêsthi ngêmasi ||

46. ingsun nyimpang nora wurung | kawanguran têmah mati | lamun ingsun banjurêna | kapêthuk mêngsah kang prapti | tan wurung tumêkèng pêjah | iya pan wus untung mami ||

47. pati apa kang pinunjul | yèn èstu nglabuhi laki | nimpang pati siningkiran | nora wurung nêmu pati | iya sênadyan matia | yèn mati ngruruh dyan mantri ||

48. sok aja gumingsir wuwus | apan wus prajanji mami | yèn Damarwulan palastra | Anjasmara melu mati | gya myarsa swaraning barat | sumrêg nêmpuh ing wanadri ||

49. taru puspa anjrah mawur | sang dyah pan kadya sinêbit | runtik merang ing sajagat | lir sinurak bumi langit | Anjasmara ngèsthi pêjah | tan mèngèng mèstuti laki ||

50. gya binandrêng lampahipun [lampahi...]

--- 485 ---

[...pun] | samarga malisir baris | pênuh surasaning pêjah | tan ana baya kaègsi | mung kakungnya kang katingal | waspa drês samargi-margi ||

51. kagyat kang samya kapêthuk | sêkathahe para putri | andulu kang anrang lampah | apan ta dudu suwadi | wanodya ayu utama | ingiring parêkan kalih ||

52. kang satêngah para arum | kandhêg gènira lumaris | angiguh wahananira | saparan ngêtutkên liring | mulad wanodya lêlampah | angrasuk seta sêkalir ||

53. ya ta sang anjayèng lulut | awas dènira ningali | wanodya kang anrang marga | kewran panugsmanèng èsthi | kaya dudu sabaènnya | rêgag dènira lumaris ||

54. kèndêl anglela sang bagus | manggung saluhuring wajik | Anjasmara nora samar | mring kakungira dyan mantri | gya anjrit kapati sang dyah | rakanta dèn pêlajêngi ||

55. ni mban inya datan kantun | wong loro sarêng anjêlih | asêsambat Dyan Sêsôngka | rahadyan kagyat tan sipi | èstu rinta Anjasmara | tumrun sing kuda artati ||

74. Dhandhanggula

1. sarêng dènnya lumajêng mêrpêki | radyan lawan Sang Dyah Anjasmara | gapyuk sarêng pêngrangkule | radyan adrês ingkang luh | rêmpu

--- 486 ---

ing tyas tambuh ingèsthi | sang dyah niba kantaka | kadya ta kinanyut | kang koswa dening wisesa | mugswèng driya rasa surasaning kapti | sru pamrêsing kasmaya ||

2. kawayang dirèng jroning pamègsi | minurah sih kang misoswèng jagad | apan ta namung kakunge | pimrak maligi jumrut | saingayap para apsari | sang dyah sru kawiryawan | pamugtirèng tutug | labête ngrèh suselarja | arjwèng pragya mangu-mangulah tyas wêning | niscayèng ing Sugsmana ||

3. gêtêr gumyur rahadyan minantri | mulad rinta têkèng ing kantaka | gêpah ingêmban sang sinom | datansah rinarungrum | ingarasan mawanti-wanti | ngênglêng Sang Partasmara | swara nglayung-layung | jimat mundrine pun kakang | nahing anggèr kadingarèn wong akuning | lembon têmên anendra ||

4. pantês baya duka lan pun dasih | sun tungkulkên anèng pagulingan | ratune wong ayu kabèh | mirah musthikaning rum | lah wungua pun kakang prapti | gusti sapanên ingwang | dasih Damarsantun | kang angsal pangèstu dika | jayèng jurit tan lyan kacipta ing ati | gusti sang anglir rêtna ||

5. abusêkan sagung para putri | gêpah samya têdhak sing wahana | mulat ing sang jayèng sinom | kapilênglêng [ka...]

--- 487 ---

[...pilênglêng] agandrung | mugswèng pamyatirèng lyan dening | sang dyah kang nèng êmbanan | tansah ingimur kung | sabda wor pan drêsing waspa | para sang dyah lumajêng arêbut dhingin | aglar sumiwèng ngarsa ||

6. wênèh kamitênggêngên ningali | wus dèn nyana dyah kang nrang ing marga | Anjasmara satêmahe | byating-byating sruning trênyuh |[29] kapilênglêng tumamèng laki | iki si wong utama | ayune anulus | ayune tan kawoworan | pantês lamun Partasmara gêng trêsna sih | asihe kuwangwangan ||

7. lir ginoswèng ing driya dyan mantri | saya wutah rontoge wardaya | kawlas-arsa sêsambate | sêsangiding rèh wor luh | mung dewane sinambat ing sih | gusti kang misoswèng rat | paran polah ingsun | titahe sang anglir rêtna | paranbaya wong asih nandhang kaswasih | wong labuh ing akrama ||

8. sapandurat sang dyah kang antawis | kapidhara anèng ing êmbanan | binêgta gandrung wirangrong | ya ta sang rêtnaning rum | myat ing purwa duksina nuli | tandya mônca udrasa | asêsambat kakung | nora nya ingsun kakang |[30] apêpanggih lawan sira padha urip | ing jro misuwur pêjah ||

9. lir sinêndhal tyasira dyan mantri | myarsèng sabda [sa...]

--- 488 ---

[...bda] sêsambating garwa | saya kagugu ing tyase | dangu tan kêna muwus | Anjasmara kawêlas-asih | angasih-asih nabda | kakang dhuna ingsun | sokur sèwu kêlampahan | têmah arja kakang mas udhuna mami | wus kakang dhuna ingwang ||

10. gya pinarak rahadyan minantri | dirèng kisma amangku amawang | nganyut ing tyas pitêmbunge | nah anggèr sang lir santun | paranbaya andika gusti | kapêthuk anèng marga | sumêdya anglampus | pêpundhèning Partasmara | ngèstu pêjah tumamèng pada kaswasih | kang asih pun Sêsôngka ||

11. sang dyah jarwa sanèskara ngênting | purwa madya wusananing lampah | têmah kang dadya gêtêre | ing rèh misuwur lampus | duk praptanya Seta Kumitir | rêbat rok kawijayan | Menakjingga lampus | pratôndha murda tinigas | wus ingaturakên maha prabu dèwi | myang tuwin kalih tawan ||

12. kakung pinojar tiwasing jurit | pinapantês solanging pratingkah | sêmbada adu manise | ya ta myang kalihipun | kang rinêbat surayèng jurit | sruning gung kawêdakan | mila têkèng lampus | ing satêmah datan prapta | kaping tiga sinunduk wantêring jurit | pantês|| [pantê...]

--- 489 ---

[...s||]

13. sasêbdanya sang dyah awor tangis | ketang nguni lampah kang kaliwat | têmah luwar sungkawane | sagung ingkang para rum | ana angrês wênèh anangis | sawênèh jomblong mulat | ana kang tumungkul | sawênèh maras kalintang | mulat sang dyah Anjasmara sangêt runtik | ningali sang lir Parta ||

14. rèh ngimpuni sagung para putri | angrênggani bangun kawibawan | iku kang dadi purwane | sawênèh kang para rum | bisik marang rowangnya linggih | bok adhi awasêna | garwane sang bagus | kusuma yu Anjasmara | muwus têka nora pasaja ing liring | ningali marang ingwang ||

15. ingkang sinung sabda anauri | sarya jiwit bok aja ingucap | salin bubuh satêmahe | ingsun ajrih kêlangkung | yèn ginusar sapa malangi | rumôngsa ngong yèn tawan | ywa kakênan rêngu | pantêse ta panasbaran | landhêp ujar pantêse datan pakering | baya angur mênênga ||

16. dangu wau rahadyan minantri | dènnya ngimur Rêtna Anjasmara | rêrêm sêgsana ing tyase | gêntya amarna wuwus | titi ing rèh ribawèng ing ngling | ngliring Sang Partasmara | mring dyah tiga pasmun | ing Juwitawati Sang Dyah | Jwitaningrum [Jwitaningru...]

--- 490 ---

[...m] lan sang dyah Juwitaningsih | sagung pra garwa tawan ||

17. gêpah samya majêng marêpêgi | matur minta ingkang pangagsama | mring garwa sang adi kaot | sru tambêt ing pandulu | pasrah sagung kang pati urip | sumiwèng karsanira | kang sumêtyèng kakung | kang pinujwa ing akrama | kang sinugun ing pawongan tawan kang sih | gusti kang anglir rêtna ||

18. Anjasmara dêlingnya amanis | pamangsul sihira mring pra sang dyah | nanging tan keguh liringe | malih kang para arum | samya atur rêtna mas manis | miwah busana wastra | sang dyah tuntung rêngu | dahat tan arsa tumingal | labêt ing rèh sumusul sangkaning pati | tan lyan ciptaning krama ||

19[31]

20. ingajêngkên jêmpana myang joli | liman rata grêbong panggêritan | sang dyah tan dadya karsane | adangu rinarungrum | ing srênggara swaranya manis | dahat ngrawati tingal | nanging nora wurung | karya sêdhih

--- 491 ---

sapiraa | lamun duka agawe brangtaning kingkin | trusing gung pangribawa ||

21. manoragèng sang anjayèng rêsmi | tansah ngayuh pamadyaning garwa | ngasih-asih pangimure | pêrlambang winor ing kung | lir brêmara misudyèng ing sih | srênggaranira ngembah | angêdusi kang rum | anging minta kang katrangan | amlas-asih mêminta titising riris | ing sang karya la-êla ||

22. timur laut gusti wong akuning | pêgsi kitiran kinarya duta | runtikte[32] dèn pikatkake |[33] waru jêne mas ingsun | nora wurung nêmahi lalis | yèn tansah sinung tingal | dasih Damarsantun | tambak agung sela mirah | wong akuning kang sawang purnama sari | apuranên abdinya ||

23. kang etangan sêsanga lan kalih | awêlasa mring pun Damarwulan | tulus asih sêlamine | kang yuswa dasih katur | labêt ing rèh kula mèstuti | konang gung angayangan | aja mamang masku | gagêlang munggèng darijya | nora lali ing urip tumêkèng pati | gusti pun Damarwulan ||

24. dharat kabèh sagung para putri | samya tilar ing wahananira | awirandhungan lampahe | miwah wadya ing pungkur | saha raja myang saha dasih | samya dharat sadaya [sa...]

--- 492 ---

[...daya] | jrih Sang Partèng lulut | dhêdhêp datanpa subawa | namung sira nênggih ki parêpat kalih | kang tansah nunggang kuda ||

25. tatêmbangan ing samargi-margi | alêlagon sênggak sukan-sukan | baboncengan panunggange | jarane èstri kuru | tanpa kambil miwah kêndhali | iku tur kuda picak | sasisih lan buntung | saêjam tiba ping sanga | ingaturan kuda kang mawi kêkambil | Genggong nabda agusar ||

26. adu gêgêr dènnya nunggang wajik | iya iku dununge ihtiyar | dadi gêdhe graitane | nguni sakèndêlipun | Partasmara rêrêb ing margi | kèndêl gunging kuswala | ki pêrpat lumaku | tan kandhêg ing lampahira | kuncung buntut pinêkak nora ngandhêgi | sangsaya ngulêr kilan ||

27. nèdhèng nasak nrajang para putri | sinosotkên dening ing ngakathah | latah Ki Sêbda guyune | Nayagenggong angidung | swaranira ambêdhol lênjing | wus cêlak ni mban inya | barêng jumbulipun | anjog sangking kudanira | gumalinting tan lyan sinambat ing tangis | mung Sang Dyah Anjasmara ||

28. krasa têmên manah ingsun gusti | aningali nyai êmban inya | gustiku ing gumatine | kang tansah paring cabuk | jênang lêmu bêkatul [bêkatu...]

--- 493 ---

[...l] inthil | ngong lawas pêtagihan | sosote dikêpruk | jumêblès disambêr gêlap | ajur mumur rêrai dèn orak-arik | èrêk-èrêk kang swara ||

29. Sang Dyah Anjasmara duk myarsa ngling | têka mèsêm sajroning wardaya | malulu myat ing liyane | ri sampunira kêmbul | Genggong Sêbda ngarsaning gusti | tansah atatêmbangan | nglêlipur tyas wuyung | nginggang kang lagya sungkawa | Anjasmara trênyuhing tyas saya lilih | nêngna tingkahing marga ||

30. prapta sirèng kikising nêgari | tandya wau samya mêsanggrahan | Partasmara sawadyane | kadya prawata santun | angrok sinang abra mawa sri | gêndhing munya angraras | wadya gung gumuntur | saha raja sakuswala | pirang-pirang makubêng amagêr sari | kasmaran singa mulat ||

75. Asmaradana

1. kawarnaa prabu dèwi | pinarak ing saya-kambang | tansah gandrung awirangrong | tan abugti tan anendra | ngandika jroning nala | anutuh sariranipun | paran karsaning Suksmana ||

2. tan lyan kang munggèng ing ngarsi | namung radyan ayu patya | Sasmitaningrum sêdene | Sang Dyah Sang Suselawatya | ingkang winênang tansah | embal pangèsthining wuyung | marna-marna kawijayan ||

--- 494 ---

3. jayaning rèh ing ajurit | Menakjingga ing satêmah | tiwas kapocok murdane | èstu ring sang mung tyèng tilam | lyan ta pamojar ingkang | Seta Kumitir sila dur | nora wêca ing wasana ||

4. maha pustakaning aji | nora saya yèn lêjara | embah têrnyuh murcitane | kêsaru duk praptanira | Kusuma Anjasmara | dumrojog angaras suku | sarwi amonca udrasa ||

5. kumêsar sang prabu dèwi | sapraptane Anjasmara | ya ta sang nata dêlinge | karane sang Anjasmara | nangis nungkêmi pada | umatura ariningsun | paran purwakaning gita ||

6. dèn arèrèh sira yayi | ing panjarwa saniskara | apa kang dadi praptane | matur dèwi Anjasmara | sarwi ngusapi waspa | atur uninga sang prabu | sapraptane Layangseta ||

7. lawan pun Layangkumitir | angakên anigas murda | Menakjingga kêpalane | winot ing gêndhaga rugma | karya suwuring praja | pun Sasôngka têkèng lampus | tiwas anèng adilaga ||

8. kawula angèsthi lalis | ngruruh kunarpane Sôngka | mring nagri Prabalinggane | datan nyana ing panyipta | pun cèthi Anjasmara | kapêthuk madyaning ênu | lawan pun Damarsêsôngka ||

9. sarwi ngiringakên putri | para èstri [è...]

--- 495 ---

[...stri] baboyongan | myang rajabrana sêdene | ngirit ratu tatêlukan | satriya myang pra menak | rôngga dêmang lan tumênggung | êmpu tênapi mêlandang ||

10. miwah dhaèng pra prajurit | pirang-pira[34] tan petungan | wong wetan wus nungkul kabèh | kèrit ing salampahira | kèndêl kikising kitha | ngantya wawênanging prabu | sowanira pun Sasôngka ||

11. dene pun Seta Kumitir | saaturnya mring paduka | sayêgtine linyok kabèh | saèstu laki kawula | kang nigas Menakjingga | ing rèh pratingkahing ulun | sumôngga ing rèh paduka ||

12. maha pustakaning puri | sarêng myarsa ingkang sabda | lêgêg mangangên ing tyase | sirna datanpa jamuga | cêngêng ing sanalika | sihing Sugsmana kang ketung | ketang sarênging panugsma ||

13. dyah tiga kagyat tan sipi | ing manah marwata suta | samya mingsrê pilênggahe | dene radyan ayu patya | ngrangkul mring Anjasmara | pasrangkara manis arum | kawayang Radyan Sasôngka ||

14. Sasmitaningrum Sang Dèwi | Suselawati karuna | tan lyan sinambat kalihe | namung môndra Partasmara | lir anggane tri môngsa | siniram pandrêsing jawuh | kagyat rumêsêp ing driya ||

15. ngandika sang prabu dèwi [dè...]

--- 496 ---

[...wi] | yèn mangkono Anjasmara | dadi padu satêmahe | ingkang angêntasi karya | amocok Menakjingga | pakewuh jênênging ratu | andhahar atur sulaya ||

16. ewamangkono agampil | ing benjang anèng paseban | katongton bênêr lupute | sêca-tuhu ngomondaka |[35] yêgti môngsa kawora | rèhning sira kang angsung wruh | solanging rèh kakungira ||

17. bangêt panarima mami | luwih rêna suka bungah | Anjasmara matur alon | kapundhi anèng mustaka | pun cèthi amit mêdal | andhawuhkên sêbda prabu | dhatêng pun dasih Sêsôngka ||

18. pitambuh sang prabu dèwi | mengo sinamur amucang | ring Sang Dyah Rarasatine | nglingira mring Anjasmara | yayi dèwi ing mangkya | nêdha mucanga rumuhun | mangke-mangke sawantara ||

19. matur nuwun kang sinung ngling | Rarasati ngracik gantyan | nanging tan ana gambire | gya sinung mring Anjasmara | ya ta ngulungkên tandya | punika paringing prabu | yayi dèwi amucanga ||

20. Anjasmara gya nampèni | mangu-mangu pênggantyanya | adangu kèndêl sang sinom | mara yayi amucanga | umatur Anjasmara | ngantya

--- 497 ---

gambir dèrèng sinung | mèsêm ing tyas prabu kênya ||

21. gya ngambilkên ing capuri | mulung ing asta sêgsana | Anjasmara awotsinom | ri sampunira angantyan | kang gambir tyas katampan | prabu kênya sêbdanya rum | Anjasmara dèn agêpah ||

22. lumèngsèra sing jro puri | aywa kasuwèn nèng ngarsa | dhawuhna marang kakunge | tandya mentar Anjasmara | sapraptaning gapura | ingadhang pipining pintu | dening Sang Rêtna Sêkatya ||

23. kang asta cinêkêl lirih | tinanya arjaning lampah | labête angruruh layon | èsmu mèsêm dènnya tanya | Sang Dyah Rêtna Sêkatya | mangsuli kang sinung wuwus | wus jinarwa samantara ||

24. malih tanya abêbisik | paran ta kangbok sang nata | punapa wontên ajère | amangsuli Anjasmara | èsmu kapranan sabda | tan adugi radyan ayu | batange kang agung brôngta ||

25. lajêng lampahna sang dèwi | sapraptanira gapura | tembak supênuh pra sinom | datan kawarna ing marga | sang dyah kang nugsmèng gita | wus rawuh pakuwonipun | ya ta enjing kawarnaa ||

26. ri sêdhêngira tinangkil | maha sang sasotyaning rat | munggèng ing siluhure[36] [si...]

--- 498 ---

[...luhure] | tembak wadya kang sumewa | lir sarining ujwana | pipit majêjêl supênuh | lir sêgara rob bêlabar ||

27. ngandika sang prabu dèwi | marang radyan ayu patya | yayi timbalana age | Si Kumitir Layangseta | marang ing ngabyantara | sarya sababêgtanipun | pratôndha gêndhaga rugma ||

28. kang isi murdaning aji | kairida ing apatya | miwah pra niyaka kabèh | sêdene rimas ing Tuban | sakaronira pisan | sandika saha wotsantun | sang dyah nolih sawantara ||

29. ngiwa liringnya sang dèwi | gêpah Ni Sêpêt Wilaja | jinarwa lumêgsana lon | andhawuhkên pangandika | wus tundhuk lan apatya | sabda nata wus dhumawuh | orêg sagung kang sumewa ||

30. agambira sang apatih | ing panyipta suka wutah | mulat-mulat ujwalane | Dyan Kumitir Layangseta | sangsaya andêladag | lir wong nopèng lènggèr dinuk | solahnya kinarya-karya ||

31. sampun prapta ing sitinggil | sagung ingkang tinimbalan | atap aglar pilênggahe | sirah kang anèng gêndhaga | sumaos anèng ngarsa | gya kinèk[37] ambuka sampun | nênggih kang gêndhaga rugma ||

32. sirahnya Sang Bêsma aglis | kinèn amundhut [amu...]

--- 499 ---

[...ndhut] apatya | ri wusnya ingasta alon | ingajêngakên sêgsana | sang nata mingkis gubah | awas dènira andulu | mèsêm sajroning wardaya ||

33. para sang dyah para sari | samya ebat ing pamulat | wênèh mêngkarag jrih anon | kinèn gêntya pêngastanya | sagunging pra niyaka | ing sirah kang murka digung | ri wusnya tinundhung mêdal ||

34. wangsul magêlaran malih | kyana patih pra niyaka | nanging tan ana dhawuhe | prabu kênya mring apatya | ya ta sagung sumewa | gita-ginupita umung | warna-warna ing panyipta ||

35. Rahadyan Seta Kumitir | tinon lir sêkar sêtaman | sumaringah ing netyane | tansah amawang sarira | ing manah sapa madha | iki baya raganingsun | mutêr ing rat Nungswa Jawa ||

36. môngsa wingwanga sang aji | nambut titahing akrama | gusti lawan kawulane | pan kasaru praptanira | wimôndra Partasmara | swaraning janma gumuruh | pangriking laman[38] turôngga ||

37. gêtêr-patêr anauri | thathit lidhah salah môngsa | teja wangkawa-kawane | sumyak punang samirana | manêmpuh samandrawa | gônda kusuma sumawur | saênggone pênuh raras ||

38. Partasmara saha dasih | saha bala sakuswala | nèng wringin kêmbar [kê...]

--- 500 ---

[...mbar] kèndêle | kadya taruning udaya | lir gunung gêni sinang | gya karêmbun môngsa linut | trusing punang mèstudeya ||

39. Anjasmara myang pra putri | putri tawan tan pitungan | rêsmi miyat wiragane | busana abra kumênyar | mangrênyêp-rênyêp raras | anglir arga guntur santun | lir môndraja sèwu kêmbar ||

40. lajêng minggah ing sitinggil | gègèr cingak gunging mulat | kuwur kang panêrka tyase | wênèh kêkês kaebatan | sawênèh suka bingar | kang têbih atêmah jêmur | èbêg supênuh nêningal ||

41. èsmu kagyat sang apatih | tambuh lampahing nagara | karya gêtêr sagunging wong | aywa èngêta yèn dadya | warangkaning narendra | kepyan ing atmaja tuhu | tan kewran ardaning duka ||

42. maha pustakaning aji | mênggêp dènnya siniwaka | wus rinacut waranane | kadya murca kinêdhèpna | sêgsana Anjasmara | myang pra tawan glar nèng ngayun | lênggahnya angranupada ||

43. ya ta sang rêsmining puri | angliring Dyah Rarasatya | winor lungite ing pasmon | tanggap Radyan Ayu Patya | gya pisrê pilênggahnya | ngawe Anjasmara gupuh | majêng tinanya kang karya ||

44. ginêntya kang para putri | kinèn jarwa

--- 501 ---

èstuning prang | duk anèng Prabalinggane | tandya ture para sang dyah | sayêgti Dyan Sasôngka | kang mocok murdaning prabu | myang nyakup kang para tawan ||

45. tuwin nungkulkên para ji | tênapi para dipatya | Partasmara purwakane | kang sawênèh para sang dyah | aturnya èsmu wêwah | kalimput lan ing panggunggung | marna pisukaning manah ||

46. èsmu mèsêm sang dyah patih | kang umatur kawêndakan | gêpah sinamur wêntare | titi solanging niskara | jayaning Partasmara | duk myarsa sang nataning rum | aturnya kang para tawan ||

47. ngandika sajroning galih | iki baya kaanannya | kaki dewa ing wangsite | arum wijiling wêcana | mring Sang Dyah Rarasatya | mara yayi dèn agupuh | nimbali atmajèng Tuban ||

48. kèrit prapta ing sitinggil | marikêlu pilênggahnya | gya ingawe majêng radèn | pêndhapanira darminta | sumugun sariranta | kadya mopolakên kampuh | abukuh pilênggahira ||

49. angandika prabu dèwi | ri mas mara dhawuhêna | mring bapa patih karone | Damarwulan têmah prapta | anggawa kang pratôndha | tatêlukan para ratu | myang pra putri bêboyongan ||

50. lan sagung tawan dènnya

--- 502 ---

ngling | kang anigas Menakjingga | Damarwulan saèstune | sêdene Suselawatya | Sasmitaningrum samya | tan ana sulayèng atur | ing mangke karsa manira ||

51. iya Si Seta Kumitir | lawan Si Damarsasôngka | kinaro mêngsahira ge | sapa unggul yudanira | iya jumênêng nata | anèng nagri Majalangu | mêngku ing rat Nungswa Jawa ||

52. rahadyan atmajèng Tubin | karontog ing manahira | tansah kumêmbêng waspane | nêmbah matur angrêrêpa | rampung sabda narendra | ngandika sang murtiningrum | lah uwis yayi dhawuhna ||

53. umêsat rahadyan kalih | sigra-sigra lampahira | tumurun sitibêntare | cingak sagung kang sumewa | tundhuk rêkyana patya | ing rèh samantara rampung | timbalane sri narendra ||

54. Seta Kumtir tinari | aturnya purun sandika | dyan kalih lajêng lampahe | amrêpêki Dyan Sasôngka | dhawuhing sabda nata | rahadyan alon umatur | ing sakarsa tan lênggana ||

55. wangsul rahadyan kêkalih | wus katur saaturira | Seta Kumitir ature | pan sami purun sêdaya | miwah pun Damarwulan | Rêtna Anjasmara gupuh | nungkêmi [nung...]

--- 503 ---

[...kêmi] mring Sang Dyah Watya ||

56. aturira amlas-asih | kadospundi karsa nata | satêmah yèn têkèng layon | pun dasih Damarsasôngka | panuwun ulun nata | kenging anunggil capurung | nglabuhi mring Dyan Sasôngka ||

57. sri narendra tan anggalih | atur gêlar kamandaka | myang dasih sêtya-tuhune | wusana Radyan Sasôngka | ingbên pratandhingan |[39] kadospundi radyan ayu | tan wande ulun pralaya ||

58. mèsêm ing tyas prabu dèwi | arum wijiling wêcana | yayi majua ngarsèngong | Anjasmara marsèng ngarsa | nata aris ngandika | ingkang dadya karsaningsun | kang gumêlar ing nagara ||

59. ing nguni wus sabda mami | sapa ingkang wignya nigas | mring Menakjingga murdane | ambirat sêsukêring rat | jumênênga narendra | kasrah nagri Majalangu | mêngku ing rat Nungswa Jawa ||

60. ingsun nêdya anyênyèthi | ya ta Sang Dyah Anjasmara | duk myarsa sabdaning katong | lêgêg mangangên ing driya | ketang trêsnaning priya | tanbuh-tanbuh ciptanipun | gya matur nuwun sandika ||

61. nanging jroning tyas gung kingkin | ya ta radyan ayu patya | tandya mingsrê pilênggahe | bêbisik mring Anjasmara |

--- 504 ---

yayi aywa sungkawa | borong punapa sang prabu | atas karsaning Sugsmana ||

62. Anjasmara saya lilih | malih sang nata ngandika | mring atmajèng Tuban karo | lah uwis sira dhawuhna | mring patih sabdaningwang | Seta Kumitir dèn gupuh | sêdene Si Damarwulan ||

63. padha mangsaha ing jurit | nèng alun-alun dèn nglela | sangking witana dèn katon | lan sagung para niyaka | kabèh magêlarana | nèng satêpining lun-alun | jênêngana prang tandhingan ||

64. dyan kalih wotsêkar mijil | warnanên ing pagêlaran | Sang Adipati Lugêndèr | kêlangkung bêrmantyaning tyas | jaja mawinga-winga | jwala sumyak sumung-sumung | sinamun mêgsa kawêntar ||

65. sagung wadya Maospait | dhêdhêp datanpa subawa | warna-warna osiking wong | warnanên atmajèng Tuban | tumrun sing sitibêntar | sabda nata wus dhumawuh | ing ring sang rêkyana patya ||

66. lajêng rahadyan kêkalih | mrêpêki ing Dyan Sêsôngka | wus jinarwa karsa rajèng | Dyan Sôngka matur sandika | wangsul atmajèng Tuban | warnanên kang para ratu | pra dipati Bêlambangan ||

67. samya gambira ing ati |

--- 505 ---

warna-warna ing panyipta | samya adhandhang palugon | mangrok bôndawala mangkrak | sawênè[40] mangrês mirsa | kang têbih atêmah jêmur | girang-girang ngajap laga ||

68. ya ta rahadyan minantri | wikan osiking punggawa | ngandika mring para katong | kabèh wong ing Bêlambangan | aywa sumêlang driya | pasrahêna ing dewa gung | kang marna ing titahira ||

69. kang sinung sabda tanpa ngling | konjêm sagung kang punggawa | samya bukuh pilênggahe | riwusnya nêbda mring wadya | Radyan Damarsasôngka | majêng saha awotsantun | ing wuri wadya sungkawa ||

76. Pangkur

1. warnanên ing pagêlaran | kyana patih lan sagung pra dipati | wus maglaran ngalun-alun | ya ta sang adipatya | ngatag putra Setra Kumitir mangsah wus | samya sikêp tamêng pêdhang | wus pangguh rahadyan mantri ||

2. anulya wontên timbalan | mring apatya kinèn ngungêlna aglis | têngara kang kalaganjur | ngatag wus munya ngangkang | radyan kalih kang tamèng pinutêr asru | sarya kang pêdhang ingayat | sasolah pawor lan gêndhing ||

3. nora pati yên bagusa | mung bêsuse gawe ojat sabumi | kinayang sumbaganipun | karya pangeram-eram | cingak sagung [sa...]

--- 506 ---

[...gung] wadyabala kang andulu | sang kalih saya sudira | Dyan Sasôngka dèn kêmbuli ||

4. radyan sinabêt ing pêdhang | nora osik sêrambut nora titis | dyan kalih merang ing kalbu | dadya pêdhang tinampan | gêbrag sampir sarya lumumpat sumiyut | Dyan Sôngka tansah mêrdapa | tan anglawan dèn pêdhangi ||

5. ya warnanên sang nata |[41] duk umiyat ing Radyan Damarsasi | sêkala tan kêna muwus | wurcitaning wardaya | nora bakal karsaning Hyang Sugsmana Gung | amarna ing titahira | gya ngliring mring Rarasati ||

6. sang dyah patih wus anduga | liringira sang nata wus mranani | wêntaring netya sinamun | de Sang Dyah Anjasmara | sêdangunya tansah mrêbêng pan èsmu luh | mèsêm ing tyas sri narendra | wusana ngandika aris ||

7. Anjasmara dèn prêcaya | môngsa-borong karsaning jawata di | Anjasmara matur nuwun | waspa mijil ngusapan | sri narendra pinancêr pangliringipun | ing rahadyan ayu patya | tanggap Rêtna Rarasati ||

8. gya mingsrê pilênggahira | Sêpêtmadu Wilaja kang tinuding | adhawuh mring sang binagus | radyan kinèn malêsa | nêmbah mêsat dhawuhkên karsaning

--- 507 ---

prabu | ya ta dyan kalih sudi |[42] ambêg wikamama wêngis ||

9. Dyan Layangseta manrajang | mêdhang milar sarwi anggêbrag tamsir | Dyan Layangkumitir nubruk | mêdhang sarwi lumumpat | gya tinangkis ing asta kang pêdhang putung | Dyan Seta mêdhang katampan | pinutung kadya gulali ||

10. Kumitir nyandhak talêmpak | Dyan Sasôngka linantar wus katampin | Seta mingrê nyandhak ganjur | kinayang panumbaknya | gya tinangkis kunca gigal watang putung | Kumitir anarik katga | manubruk nuduk katangsil ||

11. manrajang malih katampan | kang curiga sinêndhal datan osik | dêdêr madêdêr sru pangguh | Layangseta manrajang | goco sangking kanan cinandhak kang dhuwung | wanti dyan kalih manyêndhal | tan osik Dyan Damarsasi ||

12. manubruk sarêng manyandhak | Dyan Sasôngka winaglut datan osik | mawanti-wanti jinunjung | tan osik Dyan Sasôngka | Layangseta cinandhakkên pinggangipun | binanting Seta kantaka | Layangkumitir tinangsil ||

13. binuncang tiba lir balang | anibani wadya gung kang anangkil | tiba jungkêl êndhas bênjut | kaparêng tibanira | ing ngarsane Arya Menak Koncar

--- 508 ---

jumbul | kagyat mundur pilênggahnya | Dyan Kumitir tinampiling ||

14. sangsaya akêlayaban | ingayatan arsa dèn kaping kalih | Rahadyan Buntaran gupuh | jawil mring Menak Koncar | tan prayogi têmah yèn asalin bubuh | mèsêm tumungkul dyan arya | tan mawi mangsuli angling ||

15. gumrê suraking kuswala | gêdrê gumruh lir karêngèng wiyati | giyak kadya abên sawung | ya ta wong kêpatihan | sarêng mirsa gustinira datan emut | supe ing purwa duksina | majêng sêdyarsa ngrok jurit ||

16. manêmpuh asalang-tunjang | wikan untapipun gunging pra dasih | sinapih gya pati gupuh | minggah ing siti bêntar | gurawalan wus prapta ngarsa sang prabu | umatur sarywèsmu waspa | gusti pun dasih tur pati ||

17. yèn parêng karsa sang nata | ulun suwun dasih Seta Kumitir | gusti wêlasa mring ulun | lêhêng awèt ngabdia | ing paduka pun dasih narimèng pandum | ywa ngantya kaparèng tiwas | gusti pun Seta Kumitir ||

18. angrês ing tyas sri narendra | duk miyarsa aturira kya patih | ririh angandika ya wus | bapa sira sapiha | atmanira Seta Kumitir dèn gupuh | dene Si Damarsasôngka | sun pasrahkên [pa...]

--- 509 ---

[...srahkên] sira yêgti ||

19. mungguh utamaning lampah | kyana patih matur nu wus mijil |[43] ya ta sang kumaraning rum | ri wusnya rampung nêbda | têdhak sangking dhêdhampar kundur ngêdhatun | sarwi ngawe Anjasmara | wus cêlak sang dyah kinanthi ||

20. sang adipati wus mêdal | sarwi nyapih ing putranira kalih | Seta Kumitir tinundhung | mantuk ngriyini lampah | kyana patih mêrpêki agupuh-gupuh | ing sang môndra Partasmara | kang putra rinangkul ririh ||

21. anggèr putrane pun bapa | wong abagus sampun kasêrêng runtik | pun bapa narimèng pandum | na anggèr jênang sela | dipun agung pangapura sih wong bagus | mring rinta kêkalih radyan | anggèr wêlasa mring mami ||

22. pun Kumitir Layangseta | ywa sumêlang sampun kapurbèng mami | ulun tingalana masku | Radyan Damarsasôngka | mangrêpa nor tur sêmbah umatur nuwun | nulya samya magêlaran | radyan wadyanya sinapih ||

23. konjêm sagung kang sumewa | sapraptanya radyan ing pôncaniti | tan wênang manêngèng luhur | lir mulat surya côndra | tanpa mosik atmajèng Tuban kawuwus | datansah angêmu waspa | kathah kang karasèng galih ||

--- 510 ---

24. kyana patih gya parentah | mring sagunging wadya ing Maospait | tatuguran ngalun-alun | saha anambut karya | juga-juga rêngganing pura winangun | wus samya pinatah-patah | sakaryanira pribadi ||

25. sêgsana wus aluwaran | Dyan Sasôngka ingancaran kya patih | asta kinanthi wus kondur | mring dalêm kapatihan | saha wadya kuswala luwaran sampun | warnanên sri naranata | wus kondur mring dalêm puri ||

26. Anjasmara anèng ngarsa | rinakêt sih wêntaring sabda manis | inggaring kanyinèng sêmu | Sang Rêtna Anjasmara | nuwun pamit mêdal linilan wus kondur | lan sagung pra putri tawan | wus samya luwaran sami ||

27. lajêng samya masanggrahan | nèng jawining kitha ing Maospait | sêdene Dyan Sôngka sampun | lumèngsèr masanggrahan | kyana patih ngatêrkên jawining pintu | sarya anganthi kang asta | sasolah ngêmorkên galih ||

28. rakêt-rumakêting netya | kyana patih wus pinrak bangsal malih | myang pra dipati sêdarum | pararya para menak | dêmang rôngga êmpu mêlandang bêbuyut | pêpak anèng kêpatihan | cumondhong karsaning patih ||

--- 511 ---

29. ri wusnya pinatah karya | lêluwaran pararya pra dipati | kunêng gênti kang winuwus | wau sang prabu rara | aningali marang Radèn Damarsantun | ciptèng tyas wus pêsthiningwang | tuwin wadya jalu èstri ||

30. sarêng dènira tumingal | mung sakêdhap lir kilat barung thathit | akarya wêwahing gandrung | dyan kondur prabu kênya | mring kêdhatyan ginarêbêg ing para rum | gandrung-gandrung anèng marga | sang nata ngolah mêmanis ||

77. Dhandhanggula

1. gandrung-gandrung kusumaning adi | lir pralaya sajroning agêsang | kawistara wirangronge | sagung brana di luhung | pan ginêlar mrih sirnèng kingkin | sang dyah miyat ing brana | saya wuwuh gandrung | wusana arum ngandika | Anjasmara timbalana ngarsa mami | mentar Sêpêt Wilaja ||

2. tan winarna marga sampun prapti | dhinawuhkên timbalan narendra | Anjasmara anulya ge | kèrit marang kadhatun | prapta ngabyantaranira ji | sang dyah mangraup pada | wus kinèn alungguh | sang prabu rara ngandika | dèn aparêg linggihmu kêlawan mami | sang dyah marêg alênggah ||

3. wus aparêg sang dyah ngandika ris | Anjasmara ngong mundhut lilanta | sun mèt kadang mring dhèwèke | ya yayi basaningsun | dèn alila têrusing [tê...]

--- 512 ---

[...rusing] ati | sun ajak mugti sira | anèng Majalangu | sinau mong maru kathah | Anjasmara manêmbah sumungkêm siti | gusti ulun sumôngga ||

4. ing sakarsa dalêm sri bupati | sampun mênggah gusti kang mangkana | sênadyan pêjah gêsange | pun Anjasmara kunjuk | sri narendra mangsuli angling | dhuh yayi sun tarima | sêtyanta maringsun | manira ngêmpèk kewala | marang sira baboyongan para putri | kabèh kasraha sira ||

5. lah ta yayi amuliha aglis | timbalana yi lakinira |[44] nata dhawuh timbalane | mring êmbanira gupuh | dhawuhêna marang si patih | kabèh

para nayaka | ngiringêna iku | ya marang Si Damarwulan | duta mentar praptèng jawi wus apanggih | lawan rêkyana patya ||

6. dhinawuhkên timbalan narpati | kyana patih umatur sandika | kunêng Anjasmara lèngsèr | sangking ngarsa sang prabu | para putri boyongan ngiring | sang rêtna anèng marga | tansah arat luh |[45] sangking sru trêsna mring priya | sangêt ajrih dhumatêng sang prabu dèwi | wus prasasat jawata ||

7. mêthuk paregolan prabu dèwi | abusana ingkang adi mulya | ngagêm sinjang cindhe ijo | tanpa

--- 513 ---

sêngkang sang prabu | tan antara wau kang prapti | Rahadèn Damarwulan | ginarbêg wadya gung | sang prabu sarêng tumingal | pêrnajane nênggih Radèn Damarsasi | pinandêng mring sang rêtna ||

8. kamyat mancur mancorong awêning | ponang cahya pan patang prakara | gya sirna wau urube | dene sêmuning urub | ingkang putih amêrtandhani | yèn turune wong tapa | kang abang puniku | tôndha trah prajurit tama | ingkang bêning punika amêrtandhani | yèn turuning wibawa ||

9. urubira iku mêrtandhani | lamun trahing wong mangolah tapa | urub kang nèng jaja gone | sirnaning punang urub | kamyat ana janma alinggih | munggèng ing kursi dênta | ingap pra arum |[46] ngagêm gêlung kakêlingan | Damarwulan myat jajane prabu dèwi | kamyat dyah duk sineba ||

10. prabu rara sigra marêpêgi | dupi marêg wau Damarwulan | karsanira awotsinom | sang rêtna gya sinambut | pan ingêmban kusumèng puri | marang Radèn Sasôngka | sang prabu tan ayun | têmah akêkanthèn asta | yèn sinawang lir Kumajaya lan Ratih | ya ta Dyah Anjasmara ||

11. aparentah marang para putri | kabèh padha nabuha gamêlan | pra putri gya nabuh [na...]

--- 514 ---

[...buh] age | swaranya umyang arum | busanani sajroning puri | lir pura Ngendraloka | gamêlannya suwuk | Anjasmara aparentah | payo kabèh sagung ingkang para putri | padha mundur sing pura ||

12. kabèh aja ana kang ngregoni | mring ki lurah mundur Anjasmara | sangking sajroning kêdhaton | sang dyah sru merang kalbu | para putri boyongan ngiring | sapraptanirèng jaba | Anjasmara muwun | pra putri milya karuna | ngangsêg-angsêg kang sawênèh angrêrintih | ya ta ngling Anjasmara ||

13. mênang apa ka awak mami |[47] duwe maru kang mêngku nêgara | Sasmitaningrum ature | sampun angraos ulun | lamun botên sagêt anêmpil | sabin sêdaya bêra | kang toya binêndung | ingilèkkên pucuk arga | yêgti namung ngadhang toya sangking langit | mênawi wontên udan ||

14. Suselawati sumambung angling | katuwone babo awak ingwang | lunga sangking nêgarèngong | pisah lan bapa biyung | wêkasane manggung wiyadi | baya wus pêsthiningwang | adhuh dewa adhuh | luhung banjutên kewala | tangèh lamun jinarna kang para putri | kang samya sru sungkawa ||

15. kawarnaa Radyan Damarsasi | lawan [la...]

--- 515 ---

[...wan] sira sang prabu wanodya | kang munggèng sajroning kobong | sang rêtna rinarungrum | anrapakên swara rum manis | sêmut bang caconthongan | nora larang masku | sun tohi takêr ludira | nahing anggèr lir dewadaru ing swargi | gônda rum amrik kongas ||

16. ulun gusti tan angraos krami | ciptèng ngabdya widadi swarga |[48] dhuh mas mirah musthikane | pra wanodya sêdarum | radèn sigra ngaras panêpi | sang dyah amiwal karsa | kakung saya sêngkut | nrapakên kidung srênggara | winor lawan kêkawin sinawung gêndhing | lir angalapna jiwa ||

17. dhuh kusuma musthika jro puri | ingkang jait ing wardayaningwang | sang dyah wus sumarah ing rèh | datan winarnèng kidung | dènnya main tigswara lungit | ya wêlèh ingkang kôndha | rinasa ing sêmu | sêmune

kakung wanodya | nèng jro tilam samya karsa wor ing kapti | mangun tilawat Kuran ||

18. siyang dalu tan pêgat karonsih | sih-sinihan putri lawan putra | ya ta para êmban kabèh | tuwin kang para babu | jawi kobong pra samya ngintip | datan kêna pinênggak | tanbuh polahipun | guyu-ginuyu lan kônca | kang sawênèh angucap [angu...]

--- 516 ---

[...cap] mêngko tak jiwit | dhuh marga sutaningwang ||

19. dene datan karuan ti mami | kudhandhangan kang sawênèh ngucap | dhuh kapriye bibèkane | aku kudu gumuyu | lênglêng miyat sri narapati | awakku buntayangan | panjêlat-panjêlut | lir sarpa dhiwêl makrura | kudu nyakot mring dika ingsun kêmahi | tak cêthol lambenira ||

20. dhuh bèkane kakune ti mami | kaya-kaya kadi ngong irisa | ana inya siji manèh | amingkis wastranipun | ngrungu sang dyah dipun rêrêngih | swara rum nganyut manah | wor gêndhing lan kidung | lir brêmara nguswèng sêkar | ni mbok inya kancane dipun uyuhi | bubar agirap-girap ||

21. kawarnaa kusumaning puri | sawusira pinardi asmara | sarira sangêt kalêson | de tinêmbe ing kakung | gya ingêmban sang rêtnèng puri | binêgta ing patirtan | gya sêsuci sampun | kalih lênggah kanthil dênta | linèmèkan kasur babut prangwêdani | eca kalih gêgônda ||

22. para cèthi ngayap kanan kering | sakêlangkung sukaning wardaya | wong sajro kadhaton kabèh | suka-suka anutug | abêdhayan [a...]

--- 517 ---

[...bêdhayan] raina wêngi | srimpèn abêgsa dhadhap | kang sawênèhipun | anênanggap wayang purwa | wayang gêdhog sêdayane angrêsêpi | kasukan ngalam donya ||

23. agung alit wadya Majapait | sêdya amrih sukaning sang nata | ya ta gênti winiraos | kang agung amangun kung | Anjasmara asru anangis |

dènnya tan sagêt mulat | duk kalaning dulu | ing pratingkah pêpasihan | prabu dèwi lawan Radèn Damarsasi | tansah mijil kang waspa ||

78. Mijil

1. Sasmitaningrum Suselawati | myat tingkah karongron | pan karasa ing driya kalihe | samya nangis sambate mlas-asih | katuwon wak mami | yèn awèt mangun kung ||

2. mêsthi mati ingsun tanpa sakit | tan kuwat wirangrong | dhuh kapriye ragèngsun dadine | prabu rara sarêng amiyarsi | tangise sang dèwi | sêgsana gya matur ||

3. dhuh kakang mas manira miyarsi | tangise pra sinom | bok iyaa kangmas dipun age | prihên luntur atine ywa nangis | ya ta Damarsasi | sêmana gya tumrun ||

4. amarini[49]

ênggone sang dèwi | Anjasmara alon | rum amanis rahadèn wuwuse | dhuh nah anggèr jimat mundri mami | mèndêla ywa runtik | sang dyah gya sinambut ||

--- 518 ---

5. wus ingêmban kusumaning adi | binêgtè[50] jinêm rom | rinarungrum sang dyah mring kakunge | kinidungan ing gêndhing kêkawin | swara rum amanis | lir kilang mor madu ||

6. wus kapadhan ing asmara jati | dumugya karongron | jinatenan sang dyah mring kakunge | lilih ing tyas inggar mari kingkin | sigêgên kang rêsmi | gênti kang winuwus ||

7. prabu kênya amiyos siniwi | magêlaran abyor | datan pisah Dyan Damarwulane | abra murub busananing aji | ginarbêg pra cèthi | kanan kering pungkur ||

8. ingkang upacara munggèng wuri | sawênèh wong wadon | ngampil layang kêncana samake | upacara mawarni mangapit | dene kang jajari | banyakdhalang ngayun ||

9. barsihan kacumas sawunggaling | kang nèng wuri katong | gêgamane ngayuda sagunge | nyata pantês Radyan Damarsasi | ginarbêg ing janmi | wadya Majalangu ||

10. agêng alit jalu miwah èstri | sêdayane golong | asih lulut anggusti anggêpe | marang sira Radèn Damarsasi | tan siwah ing nguni | duk jumênêngipun ||

11. prabu rara mêngku Majapait | wus rawuh sang katong | nèng sitinggil binaturatane | ratu ayu pinrak dhampar [dha...]

--- 519 ---

[...mpar] gadhing | Radèn Damarsasi | jajar dènnya lungguh ||

12. kyana patih sakancane sami | wangsul dènnya lunggoh | tan kaliru ing prênah-prênahe | munggèng ngarsa lênggahnya kya patih | lir konjêm ing siti | lingsêm dènnya dulu ||

13. awor ajrih myat Dyan Damarsasi | tuwin radèn karo | Seta lawan Layangkumitire | merang ajrih netya pucat putih | mung dyan arya tuwin | ing Tuban sang sunu ||

14. sukèng driya kamyat wêdana brit | wantêring pangrojong | para tabit êmpu mêlandange | wasi rêsi janggan nguyu cantrik | puthut aglar ngarsi | uluguntung nujum ||

15. pra pandhita wus sumiwèng ngarsi | kadya samodra rob | wadyabala tinon bêlabare | sêsêg jêjêl wadya kang sumiwi | busananing janmi | lir prawata santun ||

16. prabu rara angandika aris | sagung kawulèngong | iya padha sêgsènana kabèh | karsaningsun Radyan Damarsasi | madêga narpati | mêngku Majalangu ||

17. awit uwis ing punagi mami | sapa bisa mocok | Menakjingga iya ing murdane | pasthi ngadêg natèng Maospait | duwe saisining | nagri Majalangu ||

18. lan malihe sun paringi nami | Brawijaya Katong | dipun padha [pa...]

--- 520 ---

[...dha] ngèstokake kabèh | gêdhe cilik sagung wadya sami | samya saur-pêgsi | wadya gung gumrumung ||

19. urmat muni swara wanti-wanti | mariyêm gora ngrok | inglir[51] guntur abarung swarane | têtadhahan tan adangu mijil | sangking jroning puri | isi wastra mungguh ||

20. gya binagi busana wêradin | mring wadya sang katong | gêdhe cilik kawêratan kabèh | pêpundhutan tan adangu mijil | myang boga myang bugti | wus wêrata dinum ||

21. suka-suka kang wadya gung alit | ing tyas sami kasok | wus dumugi gènnya bugti kabèh | pra niyaka tuwin kang wadya lit | sami wangsul malih | mring linggihanipun ||

22. Brawijaya ya ta ngandika ris | sagung kawulèngong | Majapait kang wus padha layon | nèng paprangan linggihe samangkin | sutane kang dadi | dene aranipun ||

23. anunggaka sêmi kang wus mati | yèn tan darbe kang wong | atma jalu êndi li warise | gumantia linggihe puniki | sagung pra dipati | suka duk angrungu ||

24. saur-pêgsi sagung ingkang dasih | anulya sang katong | angandika pan arum sêbdane | kawulèngsun èstokêna sami | Buntaran si adhi [a...]

--- 521 ---

[...dhi] | sun sêngkakkên luhur ||

25. ingong junjung lungguh adipati | nèng Tuban gumantos | ing ramane suwargi kang layon | Si Watangan sun junjung alinggih | gumanti kang lalis | nèng Daha ngong tandur ||

26. iya lungguh adipati nênggih | Menak Koncar ri ngong | ingsun tandur Lumajang lungguhe | adipati Si Seta Kumitir | sun paringi linggih | ana Wawong sèwu ||

27. dikaroning kakang lawan adhi | ki patih karsèngong | ingsun ganjar pan sèwu lungguhe | Sabdapalon Nayagenggong iki | ingsun ganjar linggih | bêngkok bumi sèwu ||

28. uwong siji lan pun sungi putri | ya Ki Sabdapalon | iya putri kang nandhang trimane | Nayagenggong Putri Kincangmanis | Menak Koncar iki | iya karsaningsun ||

29. ngong trimani yayi Dyah Sêkati | Buntaran aringong | Dyah Kalpikawati tarimane | yayi Watangan sun tarimani | Dyah Kalpikaningsih | putri kalihipun ||

30. arinira Menak Koncar nênggih | tlas dhawuh sang katong | tan ingucap sagung rêroncène | sampun jêngkar sineba sang aji | kondur dalêm puri | praptaning kêdhatun ||

31. gya pinêthuk ing garwa sang putri | pinarak karongron | Anjasmara ingandikan age | sampun [sampu...]

--- 522 ---

[...n] prapta lênggah anèng ngarsi | jajar Rarasati | sang dyah èsmu wuyung ||

79. Asmaradana

1. prabu rara matur aris | mring raka Sri Brawijaya | kakang prabu karsaningong | kawula atur pranata | mênggahing para garwa | gilirana tigang dalu | inggih ing karsa manira ||

2. ywa ngantos sulayèng kapti | sagung ingkang para garwa | tuwan anèng pantiningong | tigang dalu agilira | pantine Anjasmara | lan putri tawan sêdarum | tigang dalu angaliha ||

3. ing gèn yayi Rarasati | putrane dipati Daha | putri papat sor-sorane | Widawati Widasmara | Citrawati Trasmara | Susela lan Sasmitèngrum | wong roro kang têlung dina ||

4. sang prabu mèsêm miyarsi | yayi ngong nora cuwêngah | sakarsa ingong rumojong | sagung pra putri miyarsa | sami inggar ing driya | nêngna wau sang aprabu | Brawijaya Majalêngka ||

5. kang sampun mangun kamugtin | lawan sagung para garwa | gênti ingkang winiraos | kocapa rêkyana patya | Lugêndèr anèng wisma | lênggah lan atmajanipun | Kumitir lan Layangseta ||

6. lan kang garwa kyana patih | Lugêndèr aris ngandika | lawan atmajane karo | kulup paran karsanira | apa wus tulus sira | Seta Kumitir [Ku...]

--- 523 ---

[...mitir] umatur | yèn rama parêng ing karsa ||

7. sae mèt sraya kang sêgti | môngsa ta kiranga jaman | sabab kula botên sae | ngawula pun Damarwulan | milane sapunika | tan sagêt nglampahi ulun | botên niyat botên nêdya ||

8. ngawula dhatêng pêngarit | lamun nyuwawèni tuwan | suwawi mring Wandhan age | tuwin mring Anggris nêgara | nguni adarbe karsa | dhatêng kusumaning arum | prabu kênya Majalêngka ||

9. garwanya ki patih angling | kulup-kulup atmajèng wang | aja lunga sira anggèr | nungkula bae nak ingwang | ngêmonga kadangira | Si Anjasmara ta kup |[52] jêr sira wus dèn apura ||

10. nadyan antuk sraya gusti | ratu kang luwih digdaya | môngsa bisa ngalahake | Brawijaya Majalêngka | apan kêkasih dewa | Seta sugal wuwusipun | agêgurêm dhidhis bêras ||

11. titiyoni punang wanci | Ki Patih Lugêndèr mêdal | lawan atmajane karo | nora pati gulang-gulang | jinêman gunggung kèhnya | sêdaya wong patang puluh | kang ngiring rêkyana patya ||

12. nêdya mring Wandhan nagari | sêmana wus bangun rina | wus katur marang sang katong | solahe rêkyana patya | langkung ngungun narendra | osiking

--- 524 ---

driya sang prabu | sapa ngêmong jênêng ingwang ||

13. Dyah Anjasmara udani | sang nata ngêmu sungkawa | winor lan guywa ature | pangeran sampun sungkawa | wong tuwa tanpa nalar | têtêp panjilmaning satru | yèn mênggah cipta kawula ||

14. suka bapa têkèng pati | sadêrah kula tan eman | têtêp wong tuwa tan sae | Brawijaya ngrangkul garwa | alon ing sabdanira | dhuh kusuma jimat ingsun | bênêr sira nora salah ||

15. nanging nimas karsa mami | si bapa patih bisaa | mugti nèng nêgara kene | mungkura pênggawe ala | nêngna Sri Brawijaya | gênti malih kang winuwus | kocapa nêgari Wandhan ||

16. prituwin sang natèng Anggris | lagya miyos siniwaka | pêpak pra dipati andhèr | para menak jagabela | drapati priyataka | prasamya adhèr[53] nèng ngayun | santana lawan satriya ||

17. prajurit rôngga ngabèi | bupati abra bêranang | maneka-neka prabote | dinulu sangking kadohan | lir gunung gêni sinang | pradônggapati mawêlu | têmpur sunaring busana ||

18. sang nata eca siniwi | kasaru ing praptanira | rêkyana patih Lugêndèr | kêlawan atmajanira | ngandikan marêg ngarsa | sang nata kalih andulu | sêklangkung kagyating driya ||

--- 525 ---

19. ya ta ngandika sang aji | ing Wandhan marang ki patya | paran karsa praptèng kene | tan nganggo paring parigsa | kaliwat kagèt ingwa |[54] kyana patih nêmbah matur | milamba marêk ing tuwan ||

20. kawula atur udani | sang prabu kênya sêmangkya | sampun akrami wiyose | antuk sikêp hyang aldaka | lajêng jumênêng nata | nèng nêgari Majalangu | kawula lan suta amba ||

21. pan arsa dipun pêjahi | saênggèn kinuya-kuya | mênawi parêng sang katong | nêgari ing Majalêngka | prayogi linurugan | owêl kusumaning ayu | kalap rèncèk dhusun sudra ||

22. prayogi sri narapati | amêngkua prabu kênya | tan kuciwa sami katong | kyana patih kathah-kathah | tur bangus ing sang nata | narendra kalih sru bêndu | jaja bang mawinga-winga ||

23. wêdana lir wora-wari | kithal wor suh andikanya | dene anampik maringong | mêngko krama panakawan | tan arsa nêmu mulya | sang nata lajêng adhawuh | dhumatêng ing patihira ||

24. kine têngara aglis |[55] patih amêpaka bala | kya patih sandika ture | kang bêndhe tinitir sigra | kêndhang bèri sauran | swaranya umyang gumuruh | wus samêgta kang gêgaman ||

25. budhal wadya kang pêngarsi | natèng Anggris lawan Wandhan [Wa...]

--- 526 ---

[...ndhan] | langkung kèh wadyabalane | gêgaman abra bêranang | busana neka-neka | lir pendah wukir katunu | Raja Anggris lawan Wandhan ||

26. busana murup marnani | ngandika marang ki patya | budhalna wadyabalèngong | wus budhal kang wadyakuswa | sang nata munggèng wuntat | tan winarna lampahipun | gênti malih kang kocapa ||

27. dhukuh Sawahan winarni | kabawah ing Majalêngka | langkung sangêt asri tinon | nalika Patih Udara | kesah sing Majalêngka | kampir pasawahan ngriku | akrama sutèng pandhita ||

28. lami-lami wêka siji | jalu bagus warnanira | Kuda Rêrangin parabe | apantês sasolahira | kacatur wus diwasa | umatur ing ibunipun | ibu pundi yayah kula ||

29. kang ibu alon mangsuli | wruhanira sutaningwang | ramanira uwis layon | tan karuwan lenanira | wus lawas lunganira | Kuda Rêrangin lon matur | yèn makatên ibu kula ||

30. sapunika nuwun pamit | ngupadosi kangjêng rama | sênadyan ta sampun layon | utami pinanggih gêsang | kula yun uningaa | yèn lena yun wrin kang kubur | gampil kanthète ing binjang ||

80. Kinanthi

1. nyai rôndha nangis asru |

--- 527 ---

mojar gusti anak mami | sira yun lunga ngumbara | jujugira ana ngêndi | Kuda Rêrangin aturnya | ibu sagène pinanggih ||

2. rama kêdah kula ruruh | wusnya mojar awotsari | bon[56] rôndha ngling ngêmu waspa | adhuh nyawa anak mami | yèn sirèstu lunga nyawa | sapa ngong tingali gusti ||

3. dene yèn tan kêna kulup | sirèku manira pênging | ya anggèr sira lungaa | panakawanmu yya kèri | Dyan Kuda Rêrangin pangkat | panakawannya tut wuri ||

4. kalunta-kalunta lumaku | anasak-nasak wanadri | sumêdya minggah ngaldaka | wusira prapta nèng wukir | praptèng ngarsa sang pandhi |[57] aturnya Kuda Rêrangin ||

5. kaki kula tanya tuhu | ênggone sudarma mami | ki ajar alon sabdanya | adhuh nyawa putu mami | sirèku tanya sudarma | wruhanira putu mami ||

6. wus murcita sudarmamu | ananging ta putu mami | sira duwe kadang lanang | sawiji taruna pêkik | nama Radèn Damarwulan | matur Dyan Kuda Rêrangin ||

7. nèng pundi panggenanipun | sadhèrèk ulun kiyai | amba badhe nuntên panggya | sang rêsi alon nauri | putu yèn sira ngupaya | midêra lumahing bumi ||

8. kaya-kaya tan kêpangguh | yèn wus praptèng mangsanèki |

--- 528 ---

yêgti panggih lawan sira | wusira ingsun tuturi | ngadhanga dalan prapatan | yèn sira wus antuk kaki ||

9. matèni wong patang puluh | sayêgti sira pinanggih | wis putu nuli mangkata | nêmbah Dyan Kuda Rêrangin | lèngsèr mudhun sangking arga | caturdhêndha sampun prapti ||

10. lajêng manggèn anèng ngriku | lan parêpatnya Si Kutis | kunêng gênti winursita | mangsuli carita ngarsi | sapêjahe Menakjingga | ingkang ginupit ing kawi ||

11. anênggih pêpatihipun | Sang Aprabu Urubêsmi | rikala sang nata tiwas | patih kalih tan udani | sira Buta Angkatbuta | têgsih sami pacak baris ||

12. lan sawadyabalanipun | anèng nêgari Kadhiri | anjêjarah angêrayah | sagung desa têpis-wiring | saha wadya sakuswala | ri wusnya miyarsa warti ||

13. yèn Sri Bêsma praptèng lampus | Damarwulan kang mêjahi | rêbat rok sudibyèng lawan | aprang tandhing padha siji | surèng prang adu prawira | Urubêsma praptèng lalis ||

14. tyas tan sipi gêtêr gumyur | tanbuh wurcitaning galih | lir tinêbak mong jajanya | anglêg ing driya prihatin | ketang sih mring Prabu Bêsma | patih kalih

--- 529 ---

waspa mijil ||

15. anglênggêr sidhakêp jêtu |[58] sêsambate awor tangis | dhuh gustiku sri narendra | wong guna dibya sinêgti | katuwone awak ingwang | wusana tinilar lalis ||

16. antènana sang aprabu | nèng bale pêngarib-arib | tan sagêt kantun pun bapa | anjilmaa ping sakêthi | sampun liyan dasihêna | ketang sih paduka gusti ||

17. dèrèng kangsi malês ulun | ing pasihan sri bupati | wusana tinilar seda | dasih kantun kawlas-asih | saya karontog tyasira | Kotbuta Katbuta Patih ||

18. jroning wardaya kagugu | ketang trêsna mring sang aji | dene ta rerehanira | pra menak rôngga ngabèi | sagunging para prawira | sami jêtung tan kêna ngling ||

19. warna-warna ciptanipun | sugswèng tyas kabyatan ing sih | sihira Sang Prabu Bêsma | kya patih nêbda mring ari | paran yayi rêmbugira | mungguhing lakon punika ||[59]

20. ingkang kaya awak ingsun | Angkatbuta matur aris | lamun ta suwawi kakang | prayogi mundur kang baris | dhatêng nagri Bêlambangan | sumiwèng rèh sang arêsi ||

21. paran ing karsa sang wiku | kang dasih yêkti lumiring | wawrat timbang sang pandhita | paduka kêlawan [kêla...]

--- 530 ---

[...wan] mami | samya kinèn mong sang nata | wusana sang prabu lalis ||

22. wit tyas arda pugal digung | angrusak gusti utami | mangrurah yudaning praja | têtêp kakang lawan mami | cabar tiwas mung rumêgsa | arjaning gusti sang aji ||

23. tan wignya namaning ulun | misesèng rat ambawani | datan liya ulun kakang | ngaturakên pati urip | lan marna solanging tingkah | pasrah jiwa raga sami ||

24. ulun dugi sang awiku | kogêl mring paduka yêgti | witning nguni sang pandhita | ngantya sangêt amambêngi | ing rèh ardaning sang nata | mangurah hayuning aji ||

25. nanging nguni sang aprabu | sura pugal tan ayun wrin | kalimput ing murka arda | Kotbuta sareng miyarsi | ingkang rayi pirêmbagnya | lêgêg mangangên ing galih ||

26. lêrês arisnya kang atur | wusana manabda manis | bênêr yayi rêmbugira | sêgsana rêkyana patih | parentah ing wadyabala | sêdya mundur ponang baris ||

27. marang ing Blambangan daut | tan winarna anèng margi | ing arga Sêmèru prapta | marêngi sang maha rêsi | tamuan cundakèng nata | sira Dayun ingkang ngirit ||

28. ambêgta bandhosanipun | bandhosa Sra[60] Urubêsmi | Dayun titi aturira | purwa madya wusananing | salirira sang jayèng prang |

--- 531 ---

myang marna kawijayaning ||

29. jayaning sang jayèng pupuh | solanging rèh susela di | arjèng pragya palamarta | ing budya ngasturi amrik | sêgti dibya dikarèng rat | santya budya ambêg luwih ||

30. puruswèng rat amarta lus | ing jagat tanpa tumandhing | wicagswèng surèng ngalaga | Dayun aturira titi | ing purwa madya wusana | saliring rèh sri bupati ||

31. sang tapa wusnya myarsa tur | bandhosa binuka aglis | nèng ngarsaning sang pandhita | jêngêr lumyat mugswèng galih | lir mati sajroning gêsang | tri pandurat tanpa manis ||

81. Dhandhanggula

1. awêkasan pasrah jawata di | tandya ngadêg saya nêngèng tawang | angangkat asta kalihe | sokur ing bathara gung | putra nata tumêkèng lalis | manglêmbana sakarsan | nira bathara gung | amayang ing titahira | wiraga lir sarah munggèng ing jaladri | anut karsaning ombak ||

2. tandya gêtêr patêr anauri | lêga tyase sang maha pandhita | malah sokur ing dewane | tandya winêdhar sampun | aparentah kunarpa aji | ingunggahkên pancaka | layon binêsmi wus | layonira wus murcita | tan wun awor kumutug urubing gêni | wimbuh sinindikara ||[61]

3. tan antara dasih tur upêgsi [u...]

--- 532 ---

[...pêgsi] | yèn kya patih Buta Angkatbuta | saha wadya punggawane | pra menak pra tumênggung | yun sumewa sang maha yêgti | èsmu kagèt sang tapa | gya ngandikan laju | kya patih sapraptanira | gurawalan sumungkêm suku sang yogi | sêsambat wor karuna ||

4. kathah-kathah ature kya patih | kang sinambat gustine Sang Bêsma | miwah ngaturkên tiwase | rèhning rumêgsèng ratu | têkèng andêl rêkyana patih | malih tur pêjah gêsang | sumôngga sang wiku | jinura kang jiwaraga | sang atapa lêgêg wau amiyarsi | wusana ririh nabda ||

5. arum manis timbalan sang rêsi | marang kalih ki rêkyana patya | lir ngarih-arih dhawuhe | wus aja sira catur | takdiring hyang kang murbèng titis | patine gustinira | pinandum dewa gung | sira padha alungguha | kyana patih sêgsana tata alinggih | sang tapa malih lingnya ||

6. ayya akèh-akèh sira pikir | wus pinasthi karsaning Sugsmana | kang agung anitahake | amurwèng rat sawêgung | kang budyarja pusakèng aji | arjaning karaharjan | murwèng rat pinunjul | samêngko pan wus tumêka | ing janjine tan kêna owah lan gingsir | sinotya ing bawana ||

7. kinasihan hyang jagat pramèsthi | kinasdu

--- 533 ---

ngrèh mulyaning utama | rinewang sabda dewane | Sang Hyang Asmara nurun | pustakane swarga di luwih | nugsmèng mring Majalêngka | wajibe wak ingsun | tinitah nèng Nungswa Jawa | panglêmbana mangèstu padaning aji | sumiwèng Majalêngka ||

8. hèh ta patih mangko karsa mami | sira lawan pra wadya sêdaya | samêgtaa samoane | sumiwèng Majalangu | nanging sira mundura dhingin | marang ing Bêlambangan | ngayêmna karuhun | sawadya sakuswalanta | sêdhêng têntrêm adêge sri narapati | besuk ta sumewaa ||

9. angirida kabèh saananing | aywa sira èngêt kang wus lena | elinga samêngko kiye | karsaning Hyang Sugsma Gung | karya nata hayuning bumi | ing pangrèh ywa rumêngkang | kya patih asujut | sumungkêm kisma sandika | wus kalilan mundur budhal sawadyèki | mring nagri Bêlambangan ||

10. tan cinatur rêroncèning margi | sampun prapta nagri Bêlambangan | kunêng gênti winiraos | anênggih lampahipun | raja Wandhan kêlawan Anggris | kanthi Lugêndèr patya | sêmana wus rawuh | têpis-wiring Majalêngka | sakèh desa binahak dipun boyongi | wong desa agegeran ||

11. samya ngungsi marang jro nagari | Demak Kudus lan saurutira | ingkang [ing...]

--- 534 ---

[...kang] kamargan lampahe | sampun têluk sêdarum | lan wong Wandhan kêlaw Anggris |[62] ya ta wau kocapa | nagri Majalangu | sang prabu miyos sewaka | mênggêp anèng sitinggil binaturadin | pêpak wadya sumewa ||

12. pra dipati tumênggung lan mantri | menak dêmang rôngga sinang arya | sêntana ngabèi andhèr | prajurit sri supênuh | Menak Koncar nèng ngarsa aji | lan ri kêkalihira | nèng ngarsa sang prabu | ing Tuban tênapi Daha | Menak Koncar manêmbah umatur aris | pukulun sri bathara ||

13. patik gusti pukulun atur wrin | rajèng Anggris atênapi Wandhan | prapta sawadyabalane | samêgtaning apupuh | sri narendra sarêng miyarsi | arum dènnya ngandika | kêlamun kadyèku | ngong mêthuk jabaning kutha | samêgtaa sawadya ngong Majapait | sagêgamaning yuda ||

14. ya ta Menak Koncar sarêng tampi | dhawuh nata lajêng aparentah | sang prabu jêngkar ngadhaton | praptane jro kêdhatun | wus pinêthuk ing garwa patmi | kusuma Majalêngka | ring sang murtining rum | tênapi garwa sêkawan | Anjasmara Rarasati lawan malih | Sasmita lan Susela ||

15. ginarêbêg sagunging apsari | ingkang sami andana rarasnya | sang nata lir upamane | Sang Hyang Bathara [Ba...]

--- 535 ---

[...thara] Guru | kalanira cangkramèng swargi | ginarbêg widadara | widadari grubyug | wus prapta nèng prabayagsa | sri narendra lênggah jajar lan sang dèwi | Kêncana Wungu Sang Dyah ||

16. garwa papat samya lênggah ngarsi | pra biyada marêg wuri aglar | tênapi kanan keringe | sang nata ngandika rum | dhuh kusuma garwèng sun sami | jimat mundri kawula | pun kakang angsung wruh | samêngko sang natèng Wandhan | lawan Anggri[63] angirit wadya prajurit | mangrurah Majalêngka ||

17. mila mangke pun kakang apamit | arsa miyos marang pabaratan | amêthukakên ripune | sadaya gustiningsun | akantuna mugti jro puri | ya

ta kang garwa gangsal | sarêng aturipun | kawula dhèrèk ayuda | ayun wikan ing rèh wong amagut jurit | kapengin ayun wikan ||

18. sri narendra angandika aris | yèn kadèku[64] hèh Sêpêt Wilaja | dhawuhêna dipun age | mring ri mas Tuban gupuh | atênapi ri mas Kadhiri | sadhiyaa titihan | sagung garwaningsun | mêsat Ni Sêpêt Wilaja | praptèng jawi dhawuhkên sêbda narpati | marang Dipati Tuban ||

19. aprituwin Dipati Kadhiri | kalih sami umatur sandika | wus samêgta sêdayane | têng-têngara [têng-...]

--- 536 ---

[...têngara] bêndhe ngungkung |[65] tambur slomprèt barungan muni | wor pangriking turôngga | swane gumuruh |[66] busana pating galêbyar | ting pancurat kasunaran ing hyang rawi | lir wukir sèwu kobar ||

20. cucukipun kang barêpi baris | Adipati Tuban sawadyanya | asri tinon gêgamane | wuri ingkang sumambung | nênggih Adipati Kadhiri | gêgamanira abra | nênggih kang sumambung | Sang Adipati Lumajang | bupati jro jajari para garwa ji | Sang Dèwi Anjasmara ||

21. Rarasati lawan garwa kalih | Sasmitaningrum Suselawatya | jêmpana di titihane | rinawi sotya gumyur | kadi lintang sayuta ngalih | sunare hyang basmara |[67] ujyalanya kusut | sri nata nitih dipangga | lawan garwa Kêncanawungu Sang Dèwi | ginarbêg wadyabala ||

22. sanggêp pênuh gêgamaning jurit | sampun prapta ngara-ara jêmbar | lajêng tata pakuwone | rinêngga wangun-wangun | pakuwone sri narapati | rinakit-rakit pura | lan sinungan panggung | kang tabuhan munya umya | [68] ya ta wau kêsaru praptanirèki | Kotbuta Angkatbuta ||

23. sakuswala gêgamaning jurit | lampahira sangking Bêlambangan | Menak Koncar ing jujuge | lajêng katur sang prabu | lamun Buta Katbuta Patih |

--- 537 ---

prapta sawadyakuswa | yun tumêngèng luhur | mangèstupada narendra | umiring rèh sang nata sarêng miyarsi | langkung sukaning nala ||

24. tinimbalan kyana patih kalih | praptèng ngarsa manêmbah suku sang | lir konjêm siti mukane | sang nata ngandika rum | iya bangêt tarima mami | mring sira kalihira | de sira padha yun | mangruruh ing rèh raharja | ing samêngko karsèngong mring sira kalih | sun srahkên ariningwang ||

25. Menak Koncar Lumajang Dipati | ing sapangrèh ywa sira rumêngkang | sandika kalih ature | nata kondur ngêdhatun | Menak Koncar atata baris | dene cucuking yuda | Menak Koncar mungguh | suwiwi kanan ing Tuban | ingkang kering adipati ing Kadhiri | awak wong Bêlambangan ||

26. Buta Angkatbuta anindhihi | buntuting prang Rôngga Minangsraya | lawan Menak Giyantine | bupati jro sêdagum |[69] anèng panggung sri narapati | lan sagung para garwa | kunêng ta ing dalu | ya ta kawuwusa enjang | gumyang gumruh muni têngaraning jurit | tan sêdya mundur ing prang ||

82. Durma

1. enjing muni têngarane wong ayuda | kêndhang gong lawan bèri | tambur slomprèt umyang | wus dadya gêlarira | wadyabala Majapait | garudha yagsa |

--- 538 ---

wadya Wandhan lan Anggris ||

2. gêlarira pritnêba sarêng umangsah | surak nêmpuh ing jurit | wadya Daha mapag | panggah datan kuciwa | wadya Wandhan angêbyuki | campuh kang yuda | kadya karêngèng langit ||

3. wadya Tuban tandange sapêrti setan | wong Lumajang nulungi | wor rukêt kang yuda | rame tumbak-tinumbak | sawênèh bithi-binithi | pêdhang-pinêdhang | ana jênggit-jinênggit ||

4. kèh warnane dènnya prang nrapakên para | tan ana ngeman pati | prasamya sudira | langkung ramening yuda | gênti rok asilih-ungkih | kathah kang pêjah | mungsuh rewang wor mati ||

5. tandya mili êrah larèn-larèn samya | sangking gunging pêpati | tamèng bêndhe lumrang | nèng kisma kumambang rah | sinawang lir bulus nglangi | swaraning yuda | lir udan sinêmèni ||

6. kèh warnane sambate wong nandhang brana | dhuh biyung kaki nini | bapa maratuwa | ana kang sambat suta | wênèh sambat kadang rabi | wadya ing Wandhan | lan Anggris ngidak wani ||

7. wadya Daha Tuban myang môncanêgara | barise bubar ngisis | wong ing Majalêngka | larut sadaya dhadhal | wong Lumajang sirna gusis | Dyan Menak Koncar | waspada aningali ||

8. wadyabala wus samya larut sadaya |

--- 539 ---

sangêt dukanirèki | mangsah ngagêm watang | Buntaran lan Watangan | mangamuk angowak-awik | lir gajah mêta | pamuknya satriya tri ||

9. singa ingkang tinrajang bubar sar-saran | kang panggah angêmasi | Nganggris lawan Wandhan | lir gabah ingintêran | mundur kasaput ing wêngi | enjang sêmana | satriya tiga sami ||

10. gangsal patih Buta lan pun Angkatbuta | lajêng mangsah ing jurit | wadya Anggris Wandhan | tan ana kiwuling prang | sadaya lumayu giris | ngungsi ing wana | jurang myang têrbis-têrbis ||

11. Layangseta Kumitir sarêng lumajar | nèng marga niba tangi | manjing wanawasa | tan sêdya nolih wuntat | ana wong Anggris barêngi | sami lumajar | asru pamuwusnèki ||

12. baya iku Si Kumitir Layangseta | satriya nistha yêgti | tan wani kiwul prang | aprang tan tatu mlajar | anjalêbut wani isin | nyawaning sona | baya iku kang manjing ||

13. mring ragane Layangkumitir lan Seta | layak jinising gênjik | bangêt dursilanya | anyênyukêri jagat | pêrang dhewe nora wani | jaile dadra | awor panastèn drêngki ||

14. pan sinigêg wadyabala kang lumajar | ya ta malih winarni | Sang Aprabu Wandhan | lan Anggris rêntênging tyas | de wadya kasoran jurit [juri...]

--- 540 ---

[...t] | nèng pasanggrahan | siniwi wadyanèki ||

15. sri narendra ngandika mring wadyanira | paran rêmbugirèki | mungguhing ayuda | apa mangrêmpak yuda | apa mundur ing ajurit | wadya sadaya | aturnya mring sang aji ||

16. sangêt merang dhuh gusti yèn mundur ing prang | luhung lêbur ing jurit | abdinta sadaya | dadosa lamaking prang | sang nata suka ing galih | arum ngandika | ya bangêt trima mami ||

17. prasêtyanta kabèh marang jênêng ingwang | kunêng sang natèng Anggris | lawan natèng Wandhan | gênti malih kocapa | Rahadèn Kuda Rêrangin | nèng Caturdhêndha | ngantya mati kang margi ||

18. sabên wontên janma liwat pinêjahan | dhase tinumpuk sami | kawan dasanira | namung kurang sajuga | kang marga kasêlak mati | tan ana janma | ingkang langkung ing margi ||

19. rina wêngi kasukan saprandènira | tan wontên janma sudi | liwat ing dêdalan | langkung jibêg tyasira | Rahadèn Kuda Rêrangin | ya ta ngandika | mring dasihnya pun Kutis ||

20. lah kapriye polah ingsun Kutis iya | dhas iki kurang siji | marga iki pêjah | tan ana janma liwat | ngong arsa panggih nêmêni | lan kadang ingwang | bok sira bae Kutis ||

21. ingong tigas iya Kutis murdanira | supaya aku nuli |

--- 541 ---

panggih kadang ingwang | Kutis mangsuli nyêntak | basakna dika puniki | dhas sun sajuga | arêp tinigas kêris ||

22. lah ta inggih punapa dosa kawula | mendah dhas jangkêp kalih | sênadyan kaliha | sayêgti niku lara | gulu tinigas ing kêris | tan sudi pêjah | ngong tagsih rêmên urip ||

23. kirig-kirig pun Kutis apandirangan | gya Dyan Kuda Rêrangin | waspada tumingal | marang ing Layangseta | kalawan Layangkumitir | sêklangkung suka | dhuh ika luwih siji ||

24. jaba siji bae ingkang ingsun tigas | sun karya gênêp iki | Kuda Rangin mojar | wong liwat umandhêga | siji bae ingkang siji | sira banjura | kang mandhêg karsa mami ||

25. ingsun tigas uwong liwat gulunira | dhas iki kurang siji | iya gênêpira | wilangan kawan dasa | ngong sêlak onêng kêpati | mring kadang ingwang | Rahadèn Damarsasi ||

26. Layangseta Kumitir ajulalatan | sangêt marasing ati | dènnyarsa tinigas | tyasira maras-maras | angrasa tan darbe gêtih | osiking driya | baya kadangirèki ||

27. Damarwulan sêmana Dyan Layangseta | lawan Layangkumitir | mara mêndhak nêmbah | radèn anilakrama | paduka karsa mêjahi | sagunging tiyang [ti...]

--- 542 ---

[...yang] | punapa kang suwadi ||

28. sirah tumpuk Kuda Rêrangin lingira | mulane sun matèni | sagunge wong liwat | manira angupaya | kadang ngong ran Damarsasi | iya wong tapa | kang tutur marang mami ||

29. bisa têmu ingsun yèn wis gawe pêjah | mring janma kawan dèsi | mêngko kurang juga | durung antuk sun ngadhang | têmah sira mêngko prapti | milarsa mangkya | ngong tigas sira siji ||

30. Layangseta Kumitir sareng miyarsa | ulat biyas aputih | gugup aturira | ajrihira kalintang | mangke radèn kula warti | dhatêng sampeyan | susah tuwan nigasi ||

31. sirah kula mindhak awêwah duraka | ulun wran[70] kang sayêgti | dhatêng kadang tuwan | Rahadèn Damarwulan | sadhèrèk kula sayêgti | nak-sanak ika | sapungkure sudarmi ||

83. Pangkur

1. inggih wontên Majalêngka | dèn niyaya Rahadèn Damarsasi | mring Sang Prabu Majalangu | kinunjara punika | mila kula kinuya-kuya sang prabu | Brawijaya Majalêngka | amargi kula nglabuhi ||

2. ngrêbat kadang Dyan Sasôngka | kula kawon aprang pupuh sayêgti | milanya mangke angluru | pangungsèn kang sayoga | angrêbata dhatêng Radèn Damarsantun | yèn sampeyan nujwèng [nu...]

--- 543 ---

[...jwèng] karsa | radèn bok inggih suwawi ||

3. Damarwulan dipun rêbat | yèn kalajêng nuntên dipun pêjahi | Kuda Rêrangin duk ngrungu | kumênyut galihira | lir sinêbit talingan sangêting nêpsu | mojar lah payo tuduhna | ênggone sadulur mami ||

4. sêmana sarêng umangkat | Layangseta lawan Layangkumitir | Kuda Rêrangin tut pungkur | lan pun Kutis nèng wuntat | kang ayuda dina-dina têgsih pupuh | dèrèng wontên kang kasoran | mangkana Seta Kumitir ||

5. Kuda Rêrangin nêrajang | pabarisan lajêng angamuk ngungkih | tandange mangiwat-ngiwut | sumbar lah di rupanya | kang ngunjara

kadangku Si Damarsantun | singa kang sinêrang pêjah | wong Daha lan wadya Tubin ||

6. Prabu Anggris Wandhan lumyat | mring pamuke Radèn Kuda Rêrangin | angêlojok pêrangipun | osikirèng wardaya | bocah ngêndi dene sudira ing pupuh | mangkana ingkang ayuda | Rahadèn Kuda Rêrangin ||

7. saya nêngah pamukira | ngobrak-abrik tan ana môngga pulih | kang pêrak thinathok[71] lampus | wong Majapait rusak | wadya Daha lan Tuban sarêng umagut | radèn kinarubut ing prang | ganjur watang tanpa wilis ||

8. upama

--- 544 ---

lir panjang putra | sinosog ing marang godhonging êpring | kang aprang kasaput dalu | sapih kang bôndayuda | masanggrahan sêdaya kang mêntas pupuh | wadyabala Majalêngka | kasukan ngarsa narpati ||

9. nêngna Prabu Brawijaya | kawarnaa Radèn Kuda Rêrangin | marang pasanggrahanipun | Lugêndèr Kyana Patya | Sang Aprabu Wandhan lan Anggris akumpul | kasukan nèng pasanggrahan | tan kari rêkyana patih ||

10. Lugêndèr lan putranira | Layangseta tuwin Layangkumitir | sami nèng ngarsa sang prabu | natèng Wandhan ngandika | hèh ta patih ingsun mau iya dulu | bocah abagus taruna | prawira ngadoni jurit ||

11. wasis ngolahakên tumbak | lah ta iku sapa ingkang sasiwi | Patih Lugêndèr wotsantun | punika suta amba | kang wuragil sang natèng Wandhan lingnya rum | besuk lamun bisa bêdhah | nêgara ing Majapait ||

12. ngong mèt mantu sutanira | Kyana Patih Lugêndèr amiyarsi | dhawuhira sang aprabu | sangêt kaduwunging tyas | dènnya ngaku atmaja marang sang bagus | têmah arsa tinariman | putrane sri narapati ||

13. yèn tulusa ngong mênênga | Layangseta lawan Layangkumitir | sêmune bakal kasingkur | kya patih sigra nêmbah | patik gusti

--- 545 ---

tadhah duka sang aprabu | kang ulun unjukkên mangkya | suta amba kang wuragil ||

14. pun Kuda Rêrangin nama | inggih sanès suta amba pribadi | anak anggèn ulun mupu | bapa biyung tan ana | nanging kabar gumrahing wartos pukulun | bèbètipun panêluhan | botên pantês nunggil janmi ||

15. nata kalih sêmu duka | nglingira sru hèh patih sira iki | turune wong tukang nêluh | têka sira mèt suta | nora wurung mêngko iya nêluh-nêluh | tan patut awor wong kathah | lah inggal tundhungên patih ||

16. ywa kongsi anandhang baya | Kyana Patih Lugêndèr awotsari | dhawuhkên sabda sang prabu | wong Anggris lan wong Wandhan | Radèn Kuda Rêrangin kinèn anundhung | sapa kang gêlêm kanggonan | dosa gêng ingkang pinanggih ||

17. siniasat ing narendra | wit Dyan Kuda Rêrangin iku dhingin | turune wong tukang nêluh | tan patut awor janma | mung sipate manungsa lamun dinulu | pan batine jajalanat | setan raton kumpul iblis ||

18. misuwur ondhang sang nata | sagunging wong nundhung Kuda Rêrangin | dèn lokakên tukang nêluh | Kuda Rêrangin myarsa | sangêt wirang lir urip sajroning lampus | sru wirang anulya kesah | punakawannya tut wuri ||

19. wangsul minggah [ming...]

--- 546 ---

[...gah] mring aldaka | panggih ajar nguni kang mituturi | tan winarna sampun pangguh | radèn sru wuwusira | sira kaki uwong dhawuk amêrkutuk | ujarmu nora sanyata | ingsun manggih wirang isin ||

20. wus ingsun matèni janma | patang puluh kadangku tan pinanggih | malah wirang kang ngong têmu | tinundhung lan wong Wandhan | lan

wong Anggris kabèh padha nyêrbu mring sun | dinalih jinising setan | radèn wusnya warta titi ||

21. purwa madya lan wusana | kyai ajar gumuyu dènira ngling | wruhana putu kaliru | wong Anggris lan wong Wandhan | iya iku mungsuhe kadangirèku | lah uwis aja dinawa | sira balia dèn aglis ||

22. dieling wêkas manira | lamun besuk mungsuhmu mangun jurit | bisa ilang tan kadulu | yaiku kadangira | lawan manèh lawan sira aprang pupuh | mungsuhira asêsumbar | Kyai Udara kang siwi ||

23. arane Kuda Tilarsa | lah yaiku kadangira taruni | banjur rangkulên ta kulup | uwis putu dèn inggal | lah pangkata pêsthi yèn sira katêmu | Kuda Rangin lêg ing tyas |[72] nêmbah mundur sangking ngarsi ||

24. sapungkurira rahadyan | kyai ajar gumu tutup lathi |[73] èngêt solah tingkahipun | Lugêndèr Kyana Patya | sigra midêr jajah

--- 547 ---

sakèh dhusun-dhusun | manjing ajur-ajèr bisa | ki ajar sêklangkung sêgti ||

25. kunêng malih winurcita | semahira nguni rêkyana patih | Maundara kalanipun | nglangut tilar atmaja | nèng dhukuhan samangkya ta putranipun | nênggih sampun adiwasa | Kuda Tilarsa kang wangi ||

26. sêmana rahadèn putra | marêg ibu aturira aririh | dhuh ibu sudarmaningsun | anèng pundi sêmangkya | ingkang ibu sêmana alon amuwus | wruhanira sutaningwang | yèn sira takon sudarmi ||

27. panggonane tan karuan | namanira Patih Udara nguni | pan dadi wrangkaning ratu | Sang Prabu Brawijaya | iya iku dhingin kang umadêg ratu | samêngko nora karuan | êmbuh mati êmbuh urip ||

28. ya ta Dyan Kuda Tilarsa | yèn makatên kula bu nyuwun pamit | kang ibu tan sagêt muwus | sangking putêking nala | sigra mangkan[74] rahadyan sumêngkèng gunung | umarêg sang maha tapa | rahadèn nyungkêmi sikil ||

29. sarwi alon aturira | dhuh pukulun kawula nyuwun uning | dunungе sudarma ulun | sang tapa alon nabda | dhuh mas putu ing samêngko sudarmamu | sinamar jawata mulya | durung binabar ing Widi ||

30. mung ta sira duwe kadang | Damarwulan suwarnane apêkik | lah iku lurunên gupuh | lah wis putu mangkata |

--- 548 ---

dipun eling putu mring wawêling ingsun | Kuda Tilarsa manêmbah | amit lèngsèr sangking ngarsi ||

31. lampahe kalunta-lunta | ya ta sigêg gênti ingkang winarni | Kuda Rêrangin andulu | ana janma lumampah | tanpa kanthi warnane anom abagus | osiking driya mangkana | wong ngêndi kang anom sigit ||

Kurang satu suku kata: lir widadari rêraton. (kembali)
katrêsan. (kembali)
mring. (kembali)
Kurang satu suku kata: kawuron ing kaywanane. (kembali)
sumèh. (kembali)
Kurang satu suku kata: ngliring garwa kang taruna. (kembali)
wilasa. (kembali)
Kurang satu suku kata: dhatêng kêkalih dipatya. (kembali)
Kurang satu suku kata: tulusa sabdya tuwan. (kembali)
cinacah-cacah. (kembali)
Pamênggêr. (kembali)
Kurang satu suku kata: datanpa piniarsa. (kembali)
Lebih dua suku kata: bênêr ujarira kakang. (kembali)
Kurang dua suku kata: wuwuh-wuwuh sumuyude. (kembali)
salin-salin. (kembali)
Kurang satu suku kata: karungrungan dirèng ngègsi. (kembali)
jro. (kembali)
Kurang satu suku kata: rindik rikatira rimang. (kembali)
mocok. (kembali)
Kurang satu suku kata: lungite sinamur liring. (kembali)
duk. (kembali)
sangking. (kembali)
Kurang satu suku kata: kapencut wêninging warih. (kembali)
pamitan. (kembali)
kurang dua suku kata: aglar lir sêkar sêtaman. (kembali)
Lebih satu suku kata: baris gung kang anèng wuri. (kembali)

pinanganggyan. (kembali)
Lebih dua suku kata: sang jayèng môndra linuwih. (kembali)
Lebih satu suku kata: byating-byating sru trênyuh. (kembali)
Kurang satu suku kata: nora nyana ingsun kakang. (kembali)
putri tawan sêklangkung samyajrih | nora paja mèmpêr miribana | lêlungite sang kinaot | kewran batanging sêmu | tangèh kenging winoran kapti | dyan mantri lêgêg mulat | angling mring para rum | parentah kinèn umangkat | sakuswala ring sang môndra Partèng titis | lumêgswèng Majalêngka ||. (kembali)
runtike. (kembali)
pikatake. (kembali)
pirang-pirang. (kembali)
ngamandaka. (kembali)
Kurang satu suku kata: munggèng ing siti luhure. (kembali)
kinèn. (kembali)
liman. (kembali)
Kurang satu suku kata: ingabên pratandhingan. (kembali)
sawênèh. (kembali)
Kurang satu suku kata: ya ta warnanên sang nata. (kembali)
Kurang satu suku kata: ya ta dyan kalih sudibya. (kembali)
Kurang satu suku kata: kyana patih matur nuwun wus mijil. (kembali)
Kurang satu suku kata: timbalana yayi lakinira. (kembali)
Kurang satu suku kata: tansah arawat luh. (kembali)
Kurang satu suku kata: ingayap pra arum. (kembali)
Kurang satu suku kata: mênang apa kakang awak mami. (kembali)
Kurang satu suku kata: ciptèng ngabdya widadari swarga. (kembali)
amarani. (kembali)
binêgtèng. (kembali)
anglir. (kembali)
Kurang satu suku kata: Si Anjasmara ta kulup. (kembali)
andhèr. (kembali)
ingwang. (kembali)
Kurang satu suku kata: kinen atêngara aglis. (kembali)
bok. (kembali)
Kurang satu suku kata: praptèng ngarsa sang pandhita. (kembali)
jêtung. (kembali)
Guru lagu seharusnya: 8i, mungguhe lakon puniki. (kembali)
Sri. (kembali)
sinidikara. (kembali)
Kurang satu suku kata: lan wong Wandhan kêlawan Anggris. (kembali)
Anggris. (kembali)
kadyèku. (kembali)
Lebih satu suku kata: têngara bêndhe ngungkung. (kembali)
Kurang satu suku kata: swarane gumuruh. (kembali)
baskara. (kembali)
umyang. (kembali)
sêdarum. (kembali)
wrin. (kembali)

thinothok. (kembali)
Kurang satu suku kata: Kuda Rangin lêga ing tyas. (kembali)
Kurang satu suku kata: kyai ajar gumuyu tutup lathi. (kembali)
mangkat. (kembali)

84. Sinom

1. lampahe sangsaya pêrak | Kuda Tilarsa ningali | duk sarêng pagut ing tingal | sarêng kumêsarnya sami | Radèn Kuda Rêrangin | hèh babo uwong lêlaku | sapa ta aranira | lan ing ngêndi kang winuri | warnanira apêkik magsih taruna ||

2. Rahadèn Kuda Tilarsa | nauri wêcana aris | aku iki wong alasan | kêmul mega kandhang langit | laku ngong tanpa kapti | mung nut saparaning suku | Kuda Rêrangin myarsa | talingan kadya sinêbit | nêbda asru babo-babo dene ladak ||

3. ngêndi wong datanpa sêdya | lan manèh datanpa panti | sajêg ngong andulu janma | durung wrin kadya sirèki | eman warnamu pêkik | cacat ujarmu jalêbut | tan wêruh tata krama | adol akuh[1] nèng wanadri | ya ta Kuda Tilarsa sarêng miyarsa ||

4. talingan kadya sinêbrak | mara lajêng anampiling | Kuda Rêrangin anyandhak | lambungira gya tininggil | binuwang datan têbih | tagsih

--- 549 ---

ngadêg tibanipun | wangsul sigra anyandhak | lambunge Kuda Rêrangin | gya binuwang tibèng doh kajêngkang-jêngkang ||

5. Kuda Tilarsa sêsumbar | aja sira angoncati | dèn padha sura mêrata | ya ta Dyan Kuda Rêrangin | wangsul mangunus kêris | Kuda Tilarsa sinuduk | ya ta Kuda Tilarsa | sêgsana angunus kêris | sami gênti suduk-sinuduk tan pasah ||

6. karone sami prawira | lir panjang putra upami | sinuduk ing alang-alang | swaraning pating carêngkling | kêris wus tanpa kardi | sarêng buwang kalihipun | gênti candhak-cinandhak | adugang bithi-binithi | kalih samya mangarah sêndhal-sinêndhal ||

7. udrêg gèndèng tan kasoran | Rahadèn Kuda Rêrangin | sêmu repot ing ayuda | cinandhak lambungirèki | binuwang tiba têbih | Kuda Tilarsa sru muwus | padha môngsa padhaa | ya Kuda Tilarsa mami | atmajane Rêkyana Patih Udara ||

8. pêpatih ing Majalêngka | Kuda Rêrangin miyarsi | ènggêt ing wawêlingira | sang pandhita kala nguni | nir dukanya barêsih | ya ta mara gupuh-gupuh | sarwi lon dènnya mojar | dhuh adhiku sira yayi | katujune yayi mas padha raharja ||

9. Rahadèn Kuda Tilarsa | sêgsana rinangkul aglis | kang sarta ingaras-aras | mring Radèn Kuda Rêrangin | Kuda [Ku...]

--- 550 ---

[...da] Tilarsa nênggih | wus sirna mêmarasipun | tan môntra yèn mêntas prang | tyas rêsêp lajêng ngabêgti | ya ta Kuda Rêrangin lon wuwusira ||

10. yayi mas kawruhanira | lamun tan[2] ora kêpanggih | kang dadya têlênging driya | ngong ulati sira yayi | nguni ingong winêling | ajar kang pratapèng gunung | Arga Wilis mangkana | dènira wêling mring mami | têmbe ngakir kêlamun sira pêpanggya ||

11. satriya bagus taruna | Kuda Tilarsa kang nami | iku kadangmu taruna | lawan sira seje bibi | sayêgti dadi kanthi | Radèn Damarwulan iku | kadangmu ingkang tuwa | Kuda Tilarsa miyarsi | lajêng nêmbah umatur marang kang raka ||

12. wontên ing pundi sêmangkya | inggih Radèn Damarsasi | Kuda Rêrangin lon mojar | krungu ngong nèng Majapait | pan lagi pinisakit | marang Brawijaya prabu | marma yayi karsèngwang | payo rinêbuta yayi | Radèn Kuda Tilarsa alon turira ||

13. langkung prayogi kakang mas | Kuda Rêrangin lon angling | lan ing nguni sun winêkas | marang ring sang maha rêsi | pandhita Gunung Wilis | lamun ingsun aprang pupuh | mungsuh prajurit dibya | bisa nir madyaning jurit | iya iku kadang ngong Dyan Damarwulan ||

14. dhawuhe sang maha tapa | nuli kinon angabêgti | ingsun yayi lawan sira | kinèn pratela

--- 551 ---

sudarmi | kang rayi matur aris | kangmas swawi bidhal gupuh | ngupaya ywa klayatan | bok kasêlan dèn pêjahi | lajêng bidhal satriya kalih sêgsana ||

15. gancange carita prapta | ing nêgari Maospait | jujug madyaning paprangan | Rahadèn Kuda Rêrangin | kêlawan ingkang rayi | sasumbar anguwuh mungsuh | payo wong Majalêngka | kêmbulana ing ajurit | lah ta iki satriya dibyèng ayuda ||

16. kagèt Arya Menak Koncar | myarsa sumbaring ajurit | dinuga satriya Wandhan | dyan arya sigra miyosi | sarwi asikêb biring | sêmana sampun apangguh | tanya Dyan Menak Koncar | sapa aranmu prajurit | mêgsih anom pêkik-pêkik warnanira ||

17. Kuda Rêrangin manêbda | iya tanpa aran mami | ubêngan datanpa wisma | Menak Koncar amiyarsi | krura sru dènnya angling | si bêlis angumbar langguk | aja oncat kewala | tadhahana tumbak mami | gya tinumbak Kuda Rêrangin apanggah ||

18. manangkis asta kewala | watangira kapalêsit | ya ta sarêng narik katga | suduk-sinuduk agênti | tan ana asor kalih | karone prawira têguh | ya ta Dipati Tuban | Dipati Daha ningali | Menak Koncar yudane sêmu kasoran ||

--- 552 ---

19. kalih mangsah ing ayuda | atêtulung ing ajurit | lajêng angarubut ing prang | ya ta waspada ningali | Kuda Tilarsa nênggih | kadangira kinarubut | lajêng têtulung yuda | Dipati Tuban Kadhiri | gya cinandhak binanting binuwang kentas ||

20. Menak Koncar gya cinandhak | mring Radèn Kuda Rêrangin | binanting binuwang kentas | tiba sajabaning baris | Buta Katbuta mègsi | dyan katri kasoran pupuh | ya ta kalih umangsah | prapta madyaning ajurit | lajêng campuh patih Buta gya cinandhak ||

21. binuwang muluk mring tawang | ing Radèn Kuda Rêrangin | tibane lajêng cinandhak | adangu kinarya undhi | ya ta binuwang aglis | tibèng jaban baris agung | tibanira alênggah | mênggèh-mênggèh kyana patih | arsa mangsah sarira wus lêsu lupa ||

22. Angkatbuta rame yuda | lan Kuda Tilarsa nênggih | adangu kakal-kakalan | Angkatbuta kasaliring | cinandhak lambungnèki | kinisar muluk mandhuwur | tiba kinarya onclang | wus dangu binuwang aglis | tibèng jawi barisan amênggah-mênggah ||

23. Sang Aprabu Brawijaya | nèng panggung awas ningali | solahe kang bôndayuda | pamit marang garwa aglis | dhuh nimas mundri mami |

--- 553 ---

dèn eca lênggah nèng panggung | pun kakang minta lilah | arsa têtulung ing jurit | dhuh tontonên kusuma yuda manira ||

24. pra garwa sami dèn aras | sang prabu tumêdhak aglis | praptèng ngandhap lajêng mangsah | ari katri dèn dhawuhi | padha nyingkira yayi | ngong papagne mungsuh iku | wus praptèng ranagana |[3] sang nata sampun kêpanggih | jêng-ajêngan lan radèn kalih punika ||

25. Kuda Tilarsa umiyat | lan Radèn Kuda Rêrangin | dhumatêng sri naranata | saya gumêrgêt kang galih | sang nata angling aris | dhuh karo sapa aranmu | dyan kalih asru mojar | tanpa aran ingsun iki | sêdyaningsun mung ambêg pati kewala ||

26. sang prabu arum ngandika | mundura ta sira kalih | eman-eman praptèng pêjah | ngur sira ngabdia mami | ingsun karya bupati | jumênêng punggawa agung | Sang Prabu Brawijaya | wus karaos ing jro galih | yèn mungsuhe ayuda pan kadangira ||

27. Kuda Rêrangin miyarsa | ngandikane sri bupati | asugal pamuwusira | dene kaya bocah cilik | kêjaba awak mami | uwis ajur kumur-kumur | iku gêlêm ngawula | tadhahana kêris mami | radèn kalih narik kris anêmpuh sigra ||

28. anitir panyudukira | Kuda Tilarsa sing kering | Kuda Rêrangin sing kanan | sang

--- 554 ---

nata tan kewran tangkis | sang nata narik kêris | sêgsana suduk-sinuduk | tan ana kang kuciwa | èsmu repot sri bupati | nulya matak aji limunan sang nata ||

29. sêkala lajêng murcita | ya ta sagung pra garwa ji | lumyat sang prabu murcita | sadaya gêtêr ing galih | prasamya têdhak nuli | sangking saluhuring panggung | ngupaya sri narendra | ya ta Dyan Kuda Rêrangin | awas mulat-mulat mungsuhira yuda musna ||[4]

30. kanggêg ing tyas têrataban | kumêsar raosing galih | èngêt wêlinge sang tapa | dyan kalih lajêng anangis | sarwi ajêrit-jêrit | sambat kakang sadulurku | dhatêng pundi kakang mas | Brawijaya kègsi malih | sarwi mojar lah kene padha nyuduka ||

31. dyan kalih datan sarônta | anyungkêmi ing pada ji | pan sarwi lara karuna | sang nata ngandika aris | tutura kang sayêgti | karane padha amuwus | Kuda Rêrangin nêmbah | ing nguni amba winêling | mring pandhita kang sagêt mêcah kaluwak ||

85. Pocung

1. mênawi ngong angandoni ing prang pupuh | lamun mêngsah amba | sagêt musna tan kaègsi | gih punika sadhèrèk kula kang tuwa ||

2. kang pêparap inggih Radèn Damarsantun | sêmangke klampahan | paduka sayêgti pêsthi | kadang amba ingkang

--- 555 ---

wasta Damarwulan ||

3. dupi myarsa sang prabu sigra angrangkul | alèn[5] andikanya | katuju padha basuki | sun tan nyana yèn sira kadang manira ||

4. Menak Koncar lan ari kêkalihipun | nusul mring paprangan | tênapi kang para rabi | sami andhèr umarêg sri naranata ||

5. ngandika rum sri nata mring garwanipun | nimas wruhanira | iku ari ngong sayêgti | atmajane jêng rama Patih Udara ||

6. para garwa sêdaya sami angrungu | sukur ing jawata | sang nata ngandika aris | yayi karo kabèh iki bakayunta ||

7. garwaningsun mara ngabêgtia gupuh | dyan kalih umangsah | ngabêgti mring para rabi | sri narendra ngandika mring Menak Koncar ||

8. tuwin ari Tuban Daha kalihipun | yayi ngabêgtia | iku kadangmu sayêgti | sadulurku tunggal bapa kang taruna ||

9. katiga wus ngabêgti mring sang binagus | rayi matur nêmbah | Rahadèn Kuda Rêrangin | bok marêngi pukulun karsa narendra ||

10. kawula mit aminta lilah sang prabu | umagut ing yuda | mêngsah tuwan Wandhan Anggris | sri narendra sêkala sarêng miyarsa ||

11. inggaring tyas wusana ngandika arum | iya ngong tarima | prasêtyanta marang mami | nanging poma yayi mas dipun prayitna ||

--- 556 ---

12. ari katri sinasmitan mring sang prabu | kinèn bantonana | yudane rahadèn kalih | tur sandika dipati katiga pisan ||

13. sang aprabu sigra minggah dhatêng panggung | lawan para garwa | ayun wrin kang andon jurit | yudanira kang rayi kêkalih samya ||

14. praptèng panggung wus sami atata lungguh | lênggah ngarsa nata | Prabu Kênya Majapait | Anjasmara lawan Sang Dyah Rarasatya ||

15. lênggah munggèng kananira sang aprabu | Sasmita Susela | munggèng keringe sang aji | pra apsari munggèng wuri nata aglar ||

16. Radèn Kuda Rêrangin lan aripun |[6] Dyan Kuda Tilarsa | lampahira sampun prapti | pêbarisan ing Anggris kêlawan Wandhan ||

17. lajêng nêmpuh pangamuke ngiwat-ngiwut | singa sinrang pêjah | kang lumayu nandhang kanin | kagegeran prajurit Nganggris lan Wandhan ||

18. radèn kalih sinosog ing watang ganjur | biring myang gudebag | dèn karutug sasêr[7] mimis | datan kandhêg pangamuke saya sura ||

19. lir gêgilang sinosog ing godhong têbu | radèn pangamuknya | kadi banthèng tawan kanin | wadya Wandhan lan Anggris giris tumingal ||

20. bubar larut baris gung arêbut dhucung | ngungsèkkên umurnya | paprangan padhang barêsih | radèn kalih katingal sru sumbar-sumbar ||

--- 557 ---

21. payo kene rêbutên ing aprang pupuh | ratu Nganggris Wandhan | mêtua tandhing ajurit | papagêna arine Sri Brawijaya ||

22. datan bêtah santana Wandhan angrungu | ran Menak Suteja | prawira taruna pêkik | marêg ngarsa nêmbah ingidèn umangsah ||

23. mandhi lawung praptèng rana sampun pangguh | Dyan Kuda Tilarsa | mara yun-ayunan panggih | sugal angling sira sang Menak Suteja ||

24. sapa ranmu satriya anom abagus | tandangmu ngayuda | sira pêgsa ngêlanangi | gya sumaur ya ingsun Kuda Tilarsa ||

25. prawirèng prang sudira prajurit punjul | wudhu tanpa lawan | lah payo numbaka agis |[8] ngong rasakne ênya dhadha pilihana ||

26. sigra Menak Suteja angikal lawung | dhapur bring lanangan | sarosa panumbaknèki | Radèn Kuda Tilarsa panggah tan pasah ||

27. Dyan rinêbun[9] Menak Suteja kang lawung | nulya narik katga | sinudun[10] rahadèn mantri | eca dènnya gumuyu alatah-latah ||

28. dhuwungira sêmana lajêng rinêbut | gya Menak Suteja | sirahnya dipun idoni | dhasnya sigar Menak Suteja palastra ||

29. gya tinigas kang sirah tinampan gupuh | mring Kutis prêpatnya | rajèng Wandhan aningali | goyang muka [mu...]

--- 558 ---

[...ka] gya Menak Jayasantika ||

30. mangsah ngrana rêspati asikêp lawung | nèng rana wus panggya | lan Kuda Tilarsa nênggih | sigra numbak Ki Menak Jayasantika ||

31. wus rinêbut watange tinikêl putung | anarik curiga | panudukira anitir | dyan rinêbut kêrise kang mêgat nyawa ||

86. Mêgatruh

1. wus rinêbut Jayasantika kang dhuwung | gya sinuduk jajanèki | tatas praptèng gigir lampus | Kuda Tilarsa ambêlik | sêsumbar anguwuh mungsoh ||

2. raja Wandhan lan Anggris agea mêtu | ing kene tandhing ajurit | raja Wandhan dupi ngrungu | talingannya lir sinêbit | parentah nabuh kêndhang gong ||

3. sigra muni kêndhang gong bêndhenya umyung | lir pendah karêngèng langit | raja Wandhan miyos pupuh | sarwi pêdhange tinarik | ya ta mara radèn karo ||

4. Radèn Kuda Tilarsa mapag ing ngayun | sigra pinêdhang tinitir | panggah wulune tan runtuh | malêsa padha wong bêcik | radèn maju nus gupoh ||[11]

5. pedhangira pinêdhangan sang aprabu | lamêng datan anêdhasi | rame pêdhang gênti caruk | tan ana nêdhasi kalih | sarêng dènnya buwang karo ||

6. narik kêris agênti suduk-sinuduk | kêris kalih tanpa kardi | binuwang sarêng angrasuk | acandhak bithi-binithi [bi...]

--- 559 ---

[...thi-binithi] | Kuda Rêrangin wlas anon ||

7. marang ari sêmana lajêng têtulung | yayi mas mundura dhingin | sun lawane mungsuh iku | wus prapta ngayunan panggih | Kuda Rêrangin ling songol ||

8. raja Wandhan apa kang ana sirèku | tamakêna marang mami | raja Wandhan angling asru | lah iya dèn ngati-ati | sun pêdhang dèn padha tanggon ||

9. narik pêdhang Kuda Rêrangin pinupuh | panggah raja Wandhan angling | malêsa padha wong punjul | narik pêdhang Kuda Rangin | sinabêt murdane pêdhot ||

10. Raja Wandhan sêmana pan sampun lampus | wadya lit sami ningali | lamun gustinira lampus | Raja Anggris mangsah jurit | sarêng mangsah radèn karo ||

11. ngikal pêdhang Raja Anggris kinarubut | sinabêt ing pêdhang mati | wadya lit miyat lumayu | bubar larut sirna gusis | salah-tunjang solahing wong ||

12. Kyana Patih Lugêndèr anumbuk-numbuk | lumayu lan putra kalih | katunjang wadya lumayu | nèng marga tiba kuwalik | dèn idak-idak ing uwong ||

13. sampun adhèng sagunging wadya lumayu | Dyan Seta lawan Kumitir | ki patih wus sami lungguh | sarirane ngêmu gêtih | lênguk-lênguk anjêdhodhog|| [anjê...]

--- 560 ---

[...dhodhog||]

14. mêgap-mêgap ambêgane ngangsur-angsur | barangkang sami lumaris | katunjang wadya lumayu | galinting mangkurêp siti | tiga pisan angguloso ||

15. kunêng wau kang sangêt kawêlas-ayun | kocap Dyan Kuda Rêrangin | lan ari lajêng umangsuk | marang pasanggrahan aglis | anjêjarah ambêboyong ||

16. rajabrana tuwin sagung para arum | sêdaya tan wontên kari | kang para putri sêdarum | radèn kalih sampun prapti | ing ngarsanira sang katong ||

17. sampun katur boyongan jarahanipun | sang nata suka ing galih | manglêmbana arinipun | sang nata ngandika aris | yayi Lumajang karsèngong ||

18. ingsun kondur malêbu marang kêdhatun | undhangana wadya mami | Menak Koncar tampi dhawuh | têngara bêndhe tinitir | obah kang wadya gung bodhol ||

19. kang jajari nèng ngarsa ri kalihipun | Rahadèn Kuda Rêrangin | lan Kuda Tilarsa patut | nitih kuda dèn songsongi | lir putra Wiratha tinon ||

20. Menak Koncar kang sumambung wurinipun | anulya Dipati Tubin | Dipati Daha sumambung | Sêbdapalon nyambung wuri | jajar lawan Nayagenggong ||

21. nitih kuda rêspati

--- 561 ---

busananipun | ngagêm kampuh ngagêm nyamping | nganggo udhêt abêbêngkung | nganggo kuluk nganggo caping | payungan sarwi lêlagon ||

22. nunggang kuda marêb buri manggut-manggut | gumêr kang sami ningali | samarga dipun gêguyu | tênagane lir wong baring | tan pêgat dadi gêguyon ||

23. kang sumambung ing wuri kang para arum | anulya sri narapati | ing wuri para tumênggung | rôngga dêmang lan ngabèi | prajurit swara gumuroh ||

24. tan winarna ing marga lampahe rawuh | ngalun-alun sri bupati | alaju manjing kêdhatun | lawan sagung para rabi | tuwin sagung para sinom ||

25. kang wadya gung sêdaya bubaran mantuk | Rahadèn Kuda Rêrangin | lan ari wus sinung dunung | jinaga para dipati | rumantya karsa sang anom ||

26. Sri Bupati Brawijaya nèng kêdhatun | pinarak lan garwanèki | sêdaya pêpak ing ngayun | sang nata ngandika aris | sagung para garwaningong ||

27. piyarsakna iya ing parentah ingsun | têtunggule garwa mami | maha sang kumaraning rum | dene kang dadi pêpatih | yayi Anjasmara karo ||

28. Rarasati kang môngka gêbayanipun | Sasmita Suselawati | angêrèhna garwaningsun [garwa...]

--- 562 ---

[...ningsun] | wolung atus para putri | sêdaya sami rumojong ||

29. langkung mugti wibawa sira sang prabu | Brawijaya Majapait | kasosèngrat[12] sang aprabu | anglir Radèn Pandhusiwi | nèng Tinjomaya sang anom ||

30. pan ingayap pra widadari sêdarum | Sang Hyang Guru aparing sih | akrama para apsantun | mangkana upamanèki | Brawijaya sang akatong ||

31. Brawijaya amugti wibawa tuhu | kèringan ing mônca bumi | wadyabala asih lulut | akèh para ratu ngabdi | datan marga aprang popor ||

32. awit sangking kungkulan ambêg marta lus | utama ngapurèng dasih | tyas arja ngasturi anrus | santana myang wadya alit | tyas eca sêdaya golong ||

33. siyang dalu sang nata tansah mong lulut | lawan sagung para rabi | suka bungah para arum | tan ana rêngat ing kapti | sang nata gung asmarèng ron ||

87. Asmaradana

1. kunêng wau sri bupati | Brawijaya Majalêngka | ya ta gênti winiraos | Lugêndèr Rêkyana Patya | lan kalih atmajanya | Seta Kumitir sêklangkung | merang ing wardayanira|| [war...]

--- 563 ---

[...dayanira||]

2. dhumating[13] sri narapati | têmah kesah nguladara | mring Sulebar ing ciptane | pan arsa aminta sraya | lampahe kyana patya | lan malih atmajanipun | nèng marga sangêt musakat ||

3. wus sirna sipatirèki | labête mugti wibawa | sakêlangkung musakate | wontên gêmpalaning kôndha | kocapa ing prêtapan | Gambir Sakêthi winuwus | sang pandhita ing sêmangkya ||

4. ajar Pamênggrê Sang Rêsi | sangêt dènnya mati raga | kinasihan ing dewane | jinurung sakayunira | wrin dèrènge jinarwa | ajur-ajèr datan ewuh | putus amangolah laga ||

5. ing nalika jênêngnèki | Sang Aprabu Urubêsma | Pamênggêr ginawe pundhèn | binapa sinung mardika | kinarya ngarsèng rêmbag | andhahara aturipun | ki ajar tan têkèng lena ||

6. nguni Prabu Urubêsmi | mung nut karsa digung pugal | surarda dir kumawanèn | ing mangke sang maha tapa | lênggah nèng dhepokira | lawan atmajane jalu | wasta Dyan Menak Supêna ||

7. abagus taruna pêkik | anglir pendah Krêsnaputra | sêmbada kèh kawignyane | prawira têguh digdaya | limpat pasang graita | rèhing wêweka wus putus | ki

--- 564 ---

ajar sangêt sihira ||

8. lir gone yoga pribadi | tumplêg ngèlmune ki ajar | sadaya winulangake | mila langkung kasêgtènnya | pilih ingkang anôngga | kaprawiraning apupuh | mring Radèn Menak Supêna ||

9. jatinira sang apêkik | Rahadèn Menak Supêna | lan ki ajar atma pupon | arine Sang Menakjingga | kang tunggal yayah rena | ing nalika sedanipun | Sang Aprabu Urubêsma ||

10. radèn yuswa tigang sasi | lajêng binêgtèng prêtapan | dèn ulig kinarya jago | malah ta ngantya diwasa | langkung sêgti digdaya | ki ajar alon amuwus | mara ing atmajanira ||

11. kulup sira ing saiki | ngabdia mring Majalêngka | Brawijaya Sang Akatong | dèn bisa sira suwita | amrih asih sang nata | sirnaa tyase kang rêtu | yèn wus klakon sutaningwang ||

12. karpanta kang angèl gampil | ingkang gampil lulus arja | Menak Supêna ature | paranta jarwaning sabda | kawula dèrèng dungkap | ki ajar mèsêm nêbda rum | wruhanira sutaningwang ||

13. malêsa ukum nak mami | marang Prabu Brawijaya | kadangmu dhingin pinatèn | ana sajêroning pura | patine siya-siya | tinugêl ing murdanipun | rahadèn sarêng [sa...]

--- 565 ---

[...rêng] miyarsa ||

14. sêbdane Hyang Maha Yêgti | mawut tyas wêntaring krodha | sumung-sumung pranajane | wadana kadya sinêcang | ginigit wajanira | cipta agea katêmu | lan Sang Prabu Brawijaya ||

15. asru kagagas ing galih | waspa adrês marawayan | awor lan tangis ature | dhuh rama pangèstu tuwan | ulun amit umentar | mugyantuk kakang pangèstu | sagêt malês ukum pêjah ||

16. sang tapa aris mangsuli | kulup poma wêkas ingwang | dèn bisa namur kulane | saupama kuwanguran | cupêt lêlakonira | wruhanamu sang aprabu | Brawijaya Majalêngka ||

17. kinasihan dewa luwih | sêgti dibya mahambara | jinurung barang karsane | pan ora kêna kinasap | yèn luput lakunira | susah sira têmu kulup | ngong gawani kanthi sira ||

18. minôngka amramugari | ya si cantrik Jagabaya | rumêgsaa sira anggèr | sang tapa alon ngandika | hèh cantrik Jagabaya | ngong tuduh mong bêndaramu | mring nagara Majalêngka ||

19. yèn wus prapta Majapait | dèn bisa amèt upaya | ya môngsa bodhoa kowe | sira cantrik Jagabaya | nêmbah matur sandika | sang wiku alon amuwus | lah

--- 566 ---

uwis kulup mangkata ||

20. sun jurung puja sêmèdi | poma kulup dèn prayitna | katêkana sasêdyane | Menak Supêna manêmbah | gya mentar sangking ngarsa | Jagabaya atut pungkur | tan kawarna anèng marga ||

21. gancanging carita prapti | nêgari ing Majalêngka | sang prabu nuju siniwèng | adipati ing Lumajang | Tuban tênapi Daha | lan ari kalih nèng ngayun | Kuda Rangin lan Tilarsa ||

22. lênggah ing dhampar sang aji | ingayap para biyada | lir mas sinangling slirane | sami ngampil upacara | dhêdhêp ing pasewakawan | [14] ya ta kêsaru kang rawuh | Rahadèn Menak Supêna ||

23. lan panakawane siji | anjujug waringin kêmbar | mabukuh ing pasilane | kawistara sri narendra | ya ta alon ngandika | sapa nèng waringin kurung | paranbaya kang sinêdya ||

24. wus asuwe ngong tingali | Dyan Kuda Tilarsa nêmbah | mentar prapta sor wringine | kapanggih Menak Supêna | alon dènnya têtanya | ngong dèn utus sang aprabu | paran dadya sêdyanira ||

25. lan sapa aranirèki | ing ngêndi pinangkanira | Menak Supêna turnya lon | sêdyamba arsa suwita | dhumatêng sri narendra | Menak Supêna ran ulun | wismamba sangking aldaka ||

26. prêtapan Gambirsakêthi [Gambir...]

--- 567 ---

[...sakêthi] | sêmana sawusnya jarwa | Kuda Tilarsa nulya ge | marêg ngarsaning narendra | wus katur saaturnya | ing purwa wusana putus | Brawijaya angandika ||

27. mara timbalana yayi | Dyan Kuda Tilarsa nêmbah | prapta sor waringin age | dhawuhkên sabda narendra | wau Menak Supêna | gya kering ing lampahipun | samarga-marga darminta ||

28. wus prapta ngarsa narpati | marikêlu pilênggahnya | lir konjêm siti mukane | sang nata alon ngandika | wong anom ingkang prapta | têmên sêdya ngabdi mring sun | lumakya sakarsaningwang ||

29. Menak Supêna turnya ris | pukulun sri maharaja | manawi parêng sang katong | ulun tumindak sakarsa | sakit dhatêng ing pêjah | ulun tan rumêngkang kayun | nglampahi rèh padukendra ||

30. sang nata angrês ing galih | kalane sarêng miyarsa | Menak Supêna ature | baya wus karsaning dewa | sih mring Menak Supêna | lir kadi sadhèrèk tuhu | sang nata alon ngandika ||

31. iya sira ngong tampani | ingsun nyatakakên sira | piraba besuk têmbe |[15] ngong bisa mugtèkkên sira | Menak Supêna nêmbah | muka sumungkêm ing lêbu | sukèng tyas kinanthi nata ||

88. Kinanthi

1. sang nata jêngkar [jêng...]

--- 568 ---

[...kar] ngadhatun | bubar sagung kang sumiwi | sami mantuk sowang-sowang | Dyan Menak Supêna nênggih | pan sampun sinungan pêrnah | ing wisma langkung prayogi ||

2. langkung kapracayanipun | radèn marang sri bupati | rina wêngi datan pisah | sumewa kadang sayêgti | rahadèn Menak Supêna | karoban sih mring sang aji ||

3. mèh lali pratingkahipun | ing karsa sang maha rêsi | ya ta èngêt ing wardaya | sêgsana katgadèng wèsthi | nir trêsna marang sang nata | madêg tyas sura kuwanin ||

4. èngêt lenaning sadulur | mangangên upaya sandi | putêg wardaya tan mênga | wusana manabda aris | praye[16] cantrik Jagabaya | paranta rèhira iki ||

5. ngong tan wignya ngampah nêpsu | paran mrih bisa tumuli | kêlakyan sêdya manira | Jagabaya matur aris | anggèr yèn mênggah kawula | sang nata gusti aturi ||

6. dhatêng wana ambêburu | sampun mawi bêgta dasih | ngamungna lawan paduka | sang prabu yêgti marêngi | jêr sangêt sampun pracaya | mring paduka lair batin ||

7. yèn sampun prapta wana gung | cinidra sayêgta[17] gampil | Dyan Menak Supêna myarsa | sêklangkung sukaning galih | lajêng malêbêt ing pura | marêg ing ngarsa sang aji ||

8. prapta ngarsaning sang prabu | manêmbah sumungkêm siti |

--- 569 ---

sang nata alon ngandika | yayi baya ana kardi | sira marêg ngarsaningwang | Menak Supêna turnya ris ||

9. dhuh pukulun sang aprabu | ulun ngaturi upêgsi | wingi dasih ulun prapta | inggih sangking ing wanadri | misaya kang buron wana | saklangkung kathahnya gusti ||

10. lawan malih tutut-tutut | kang buron saklangkung gampil | nanging gusti rêncang amba | wangsul suka prigsa mami | awit gusti tanpa rencang | manawi tuwan marêngi ||

11. sumôngga tindak sang prabu | sampun mawi bêgta dasih | anamung lawan kawula | lan rencang ulun satunggil | punika ingkang wuninga | ênggène buron kang gampil ||

12. ya ta Brawijaya Prabu | sakala sarêng miyarsi | kêlangkung sukèng wardaya | nir ing kasujanan nênggih | baya wus karsaning dewa | kênèng cinthung parêng pasthi ||

13. sang nata alon nêbda rum | yèn kadya mangkono iki | sirèku arumantia | mangkat mêngko bangun enjing | aja na wong ingkang wikan | wong têlu bae lumaris ||

14. lah wis mundura sirèku | bangun marêka mring mami | Menak Supêna manêmbah | mentar sing ngarsa narpati | sapraptaning pantinira | rawan[18] Jagabaya panggih ||

15. warta barang ing rèhipun | miwiti malah mêkasi [mê...]

--- 570 ---

[...kasi] | Jagabaya amiyarsa | kêlangkung sukaning galih | ya ta lajêng arumantya | sadaya rèhing sakêrti ||

16. kunêng dalu sampun bangun | Menak Supêna miranti | sumêgtaning kêlangênan | bêburu marang wanadri | Ki Jagabaya tut wuntat | nyadhong karsa mramugari ||

17. wus busana sang aprabu | miyos sing butulan nilip | rawuh sajabaning pura | Menak Supêna wus panggih | sêgsana lajêng lumampah | sampun prapta ing wanadri ||

18. Ki Jagabaya atuduh | marga jurang pèrèng sungil | sang nata nir ing panyipta | yèn iku upaya sandi | ananjak karti sampeka | maling aguna mrih pati ||

19. Menak Supêna lingnya rum | marang Jagabaya nênggih | ing ngêndi panggonanira | buron alas ingkang gampil | Jagabaya aturira | ing ngarsa ngrika ta gusti ||

20. ya ta lajêng lampahipun | sumêngkèng pringganing margi | siluk sungil jurang-jurang | wus prapta gon jurang sungil | sêgsana Menak Supêna | katgadèng tyas sura mamrih ||

21. manabda kras sura sanggul | sang nata ywa tambuh mami | wruhanira jênêng ingwang | arsa nagih lara pati | iya marang sira mangkya | awit ing nalika dhingin ||

--- 571 ---

22. sira mrih ing lena tuhu | ing kadang ngong Urubêsmi | tanpa dosa marang sira | mung sirago[19] tiba sampir | marang sri kumaraning rat | payo rasakna sêmangkin ||

23. sêbrak gya anarik dhuwung | sang nata dipun larihi | kawatgata jajanira | têrusing walikat kering | rah muncar sumêmbur mabang | sang nata sêrêt dènnya ngling ||

24. kalingane sira iku | kadange Sri Urubêsmi | murdane kang ingsun tigas | sira satriya pênyakit | pantês sira tan wrin wirang | lakunira mamrih silip ||

25. yèn nyata satriya tuhu | surèng prang sudira sêgti | yèn arsa amamrih pêjah | rêbut rok asilih tandhing | satmata mangun jayèng prang | singa ingkang praptèng lalis ||

26. Menak Supêna sru muwus | sang nata sira dèn eling | jati-jatining satriya | utama ingsun tindaki | ngong anut ing gustinira | kakang prabu duk ing nguni ||

27. nalikane sira lampus | lakunira laku maling | sirèku dhustha pusaka | ingkang gada wêsi kuning | siranggo mrêjaya marang | kakang prabu Urubêsmi ||

28. sira tigas murdanipun | katur marang prabu dèwi | môngka patukonmu krama | sandhangên sira sêmangkin | ingsun kang nagih mring sira | sang nata sarêng miyarsi ||

29. anglêg ing wardaya

--- 572 ---

kêju | kênyatan solahing nguni | amrih pati laku cidra | nimpang ing rèh satriya di | tumindak kêlawan nistha | mrih lena culikèng jurit ||

30. ing samangke kênèng ukum | jawata ingkang linuwih | sang nata pasrah ing Sugsma | Sugsmana Kang Luwih Adi | kang misesa ing kawula | ing rèh mobah lawan mosik ||

31. osiking tyas sang aprabu | narima sinung bilai | rèh sumôngga ing satitah | titahe darma nglakoni | nglakoni karsaning Sugsma | Sugsmana kang kumambang sih ||

89. Maskumambang

1. ngangsêg-angsêg napase sri narapati | ngêsah èngêt ing tyas | sagung ingkang para rabi | sang nata mijil kang waspa ||

2. kawistara mring Menak Supêna nênggih | asru dènnya mojar | Brawijaya wêdi mati | baya dudu wong utama ||

3. pantês lamun têrahe wong cukit dulit | sang nata ngandika | dêstun yèn wêdia mati | marmane mijil waspèngwang ||

4. kang sun rasa kaya papolahe sami | para garwaningwang | lawan kadang warga mami | ngong pralena tan uninga ||

5. ya ta angling Menak Supêna pan iki | ing panyaurira | duk kakang prabu ing nguni | apralena dening sira ||

6. garwanira lan sawadya brana sami [sa...]

--- 573 ---

[...mi] | padha siralapgang | samêngko sira ngêmasi | iya dening jênêng ingwang ||

7. pasthi iku isine ing Majapait | kaduwe maring wang | wis ta aja sira pikir | Brawijaya amiyarsa ||

8. mêgêng napas murcita yuswanirèki | layon gilang-gilang | busana wus dipun ambil | marang Dyan Menak Pupêna ||[20]

9. ngeka warna Menak Supêna anuli | kadi Brawijaya | katrima jawata luwih | mung tênaga datan sama ||

10. sigra wangsul Menak Supêna mring puri | lan Ki Jagabaya | sapraptanirèng jro puri | panggih lawan prabu rara ||

11. lawan sagung sêdaya kang para rabi | angajak asmara | mangkana sang prabu dèwi | garjita sajroning nala ||

12. paranbaya sang nata ingkang suwadi | dene têka owah | lan sabên-sabêne iki | prabu rara lon aturnya ||

13. dhuh sang nata sabarna kula sêmangkin | sawêg mintèng dewa | tan kenging parêg sang aji | nulya ngalih para garwa ||

14. ya ta sagung pra garwa sêdaya mègsi | sêmunya sang rêtna | dadya samya asêngadi | pan akathah sêngadinya para sang dyah ||[21]

15. warna-warna pra garwa ingkang sêngadi | langkung èmêng ing tyas | prabu tiron tan angsal sih | ya ta garjitèng wardaya ||

--- 574 ---

16. yèn mangkene tanpa wêkas awak mami | prabu tiron ing tyas | wus sangêt kasmarannèki | tanbuh paraning kang duka ||

17. yèn ngong babar Menak Koncar magsih urip | pasthi dadi beka | bêcik ngong sirnakne dhingin | puniki si Menak Koncar ||

18. tinimbalan Menak Koncar praptèng ngarsi | manêmbah suku sang | muka lir konjêm ing siti | sang nata alon ngandika ||

19. yayi sira ngong duta seba sang rêsi | ingkang amrêtapa | anèng ing Gambirsakêthi | aturêna layang ingwang ||

20. Menak Koncar sandika anulya amit | amundhi walgita | prapta dalêm budhal aglis | lampahira gêgancangan ||

21. praptèng wana Kyai Ajar Tunggulmanik | mangwuh lah mandhêga | sira arsa marang ngêndi | Menak Koncar amiyarsa ||

22. mulat ngarsa tan samar tingalirèki | yèn sang maha tapa | Kyai Ajar Tunggulmanik | sigra mudhun sangking kuda ||

23. gurawalan nungkêmi pada sang rêsi | ya ta angandika | sira ajar Tunggulmanik | paran sira anèng alas ||

24. matur nêmbah Menak Koncar mring sang rêsi | kawula dinuta | putranta sri narapati | ngaturkên surat punika ||

25. inggih dhatêng bêgawan Gambirsakêthi | sang tapa ngandika |

--- 575 ---

lah êndi ngong ayun uning | nuwala ngaturkên sigra ||

26. wus tinampan binuka sang rêsi angling | lah wacanên arya | nuwala sinugmèng galih | kaduga têmbunging sêrat ||

27. lêgêg ing tyas Menak Koncar tan andugi | sang rêsi ngandika | kulup wruhanira mangkin | jro pura kalêbon dhustha ||

28. maling sêgti aguna upaya sandi | amangendrajala | mara sandu bisa manjing | ajur-ajèr datan kewran ||

29. wis balia marang praja Majapait | matura sang nata | yèn ingsun kang akon bali | wruhanira Menak Koncar ||

30. kakangira Brawijaya uwis mati | ana têngah ngalas | kang madêg nata saiki | yaiku kang duratmaka ||

31. Menak Koncar talingane lir sinêbit | jaja bang ngrêbabak | wadana lir wora-wari | sang tapa malih ngandika ||

32. dèn awadi kulup ing pratingkah iki | tan kêna kinasar | iya ing pratingkah iki | sirèku pan ora kêlar ||

33. anadhahi yudane maling puniki | marma dèn asamar | aja pêgat ngati-ati | gonira rumêgsèng praja ||

34. sang pandhita murcita datan kaègsi | Radèn Menak Koncar | wangsul praptèng Maospait | samarga giris ing

--- 576 ---

driya ||

90. Girisa

1. lajêng marêg ing sang nata | praptèng ngabyantara nêmbah | pukulun sang maharaja | kawula anuwun duka | kaduta wangsul ing marga | awit sangking sang pandhita | Tunggulmanik ingkang karsa | sang nata sarêng miyarsa ||

2. yayi tiwas têmên sira | nuruti pandhita gila | wis yayi sira mundura | manêmbah dyan arya mentar | amikir samarga-marga | yèn ta ingsun rasa-rasa | kaya bênêr sang pandhita | iku ingkang duratmaka ||

3. sun timbang solah ngandika | yèn nyata sri naranata | sayêgti môngsa karsaa | anjunjung pandhita gila | iya marang ingkang rama | nanging yèn ngong dulu warna | sanyata Sri Brawijaya | apane ta ingkang beda ||

4. radèn Arya Menak Koncar | saya putêg ing wardaya | krodhanya tanbuh sinêdya | kunêng malih cinarita | Ajar Tunggulmanik prapta | ênggone layon narendra | sang tapa alon ngandika | kulup-kulup lah wungua ||

5. dêlêngên kadhatonira | kalêbon ing duratmaka | sang nata anulya lênggah | mulya kadya kuna-kuna | angraos lir wungu nendra | mulat kanan keringira | umiyat ana pandhita | tan samar paningalira ||

6. ing nguni [ngu...]

--- 577 ---

[...ni] kang asung mulya | duk anèng satêngah wana | binegal ing Layangseta | Kumitir sang nata sigra | nungkêmi ing padanira | pan sarwi lara karuna | sang tapa alon ngandika | dhuh kulup sira linggiha ||

7. mênênga aja karuna | sang nata kagyat alênggah | manêmbah mangranupada | sang tapa alon ngandika | sirèku bangêt pêpeka | misuda Menak Supêna | kadange Si Menakjingga | satêmah gawe wisuna ||

8. dene Si Menak Supêna | pakone wong maratapa | Ajar Pamênggrê kang nama | Gambirsakêthi dhepoknya | pan iku pandhita gila | nrapakên panggawe ala | samêngko sira muliha | hèh kulup kadhatonira ||

9. dèn goni Menak Supêna | malah wus umadêg nata | malih rupa kaya sira | sang tapa anulya musna | Brawijaya mundur sigra | Majapait sampun prapta | kandhêg ngasokkên napasnya | ngêncêngi ingkang busana ||

10. mung cipta mangrurah dhustha | sang nata tan wrin ing baya | gya tindak sitinggil prapta | dukane sangsaya dadra | lajêng prapta pêlataran | malêbêt sajroning pura | murcita sagung wêweka | baya wus karsaning dewa ||

11. bupati jaga tan wikan | Sang Aprabu [A...]

--- 578 ---

[...prabu] Brawijaya | dukane saya andadra | kaya ge nuli panggiha | lawan ingkang duratmaka | kunêng malih winursita | prabu tiron lagya lênggah | nèng sajroning prabayêgsa ||

12. langkung putêg ing wardaya | tan antuk minta asmara | dhumatêng ing para garwa | têkan para nyai ala | tan kênèng awor sarasa | mila langkung susahira | sagunging para biyada | kadya wus saeka-praya ||

13. kasaru sang nata prapta | angadêg anèng ing ngarsa | sarwi sru wêdharing sabda | hèh nyata sirèku dhustha | têdhak turune wong kompra | umadêg ratu culika | tan wirang ing surya côndra | nututa payo sun bônda ||

14. yèn sira pêgsa sudira | kene payo ngadu yasa | kantar bau tamèng jaja | angadu tose kang tulang | kêncênging otot samoa | lêding kulit têpung jôngga | surèng prang sira kasora | mêngkono padha prawira ||

15. tan kaya lêlakonira | satriya nisthapanistha | jalêbut bêtahing wirang | prabu tiron amiyarsa | brêmantya madêg kang sura | tandang acandhak-cinandhak | udrêg dêdêr liru papan | kalihe sami prawira ||

16. pyuk putêr dêdêr-dêdêran | sagunging para biyada |

--- 579 ---

gègèr tan ana kang pirsa | kang êndi sang nata nyata | wusana gumrah karuna | kadya suraking ayuda | kagèt bupati kang jaga | malêbêt marang jro pura ||

17. Menak Koncar nulya prapta | andulu kang bôndayuda | warnanira karo padha | èngêting driya dyan arya | wêlingira sang pandhita | nalika kapêthuk wana | wusana jêtung kewala | ari kalih Tuban Daha ||

18. Kuda Rangin lan Tilarsa | prapta arsa tulung yuda | kewuhan tan wikan nyata | bok kaliru kadangira | wusana jêtung kewala | datansah anggigit waja | ya ta kang abôndayuda | kalihe sami prawira ||

19. suduk-sinuduk agêntya | kris kalih sarêng rêmpunya | binuwang tumibèng kisma | sagunging para biyada | lumyat kang abôndayuda | pating jalêrit sambatnya | sawênèh gulung nèng kisma | wastra singsal tan kêrasa ||

20. sangking sangêt marasira | manawa sang nata lena | sawênèh ana biyada | gêdrag-gêdrug jêjak kisma | Anjasmara Sang Kusuma | putêg tyas tan wrin ing nyata | kang êndi sri naranata | mila têmah jrit karuna ||

21. ana sawiji biyada | anggêlut ing kancanira | sumbar payo sun lan sira | ing kene ijèn kewala | singa tiwasa kewala |

--- 580 ---

pinisah ing kancanira | winêngkang-wêngkang tan kêna | arubung para biyada ||

22. sami mi nora bisa |[22] saya rame swaranira | ya ta Prabu Brawijaya | sajroning yuda mêmuja | katrima Hwang Nilakôntha | lajêng ngangsêg ing ayuda | sinuduk sang nata panggah | prabu tiron gya cinandhak ||

23. tininggil ngubêngkên tawang | lir pendah angikal mêrang | wus dangu binanting kisma | prabu tiron kapidhara | adangu tan bisa obah | panganggone rinacutan | mung kari saruwalira | wus warni rupane lama ||

24. èngêt lênggah gya karuna | matur sarwi ngusap waspa | aminta ingkang agsama | sangking sru kadedenira | kang para ari duk umyat | sakêlangkung bramantyanya | gangsal sami sarêng mara | karsa dèn jur lawan kisma ||

25. Menak Supêna karsanya | sang prabu alon ngandika | yayi sêdayanira |[23] dimène Menak Supêna | mulih marang dhepokira | Gambirsakêthi pan iya | puniku namung sadarma | gonira alaku cidra ||

26. pan iku ana kang duta | dimèn warta ing pratingkah | yèn pandhita durung lêga | arsa ngawaki priyôngga | wuwuha sayuta môngsa | manira sêdya mundura | sang prabu malih ngandika | hèh Menak [Mena...]

--- 581 ---

[...k] Supêna sira ||

27. muliha mring dhepokira | tutura mring gurunira | sabarang pratingkahira | manêmbah Menak Supêna | mentar sarêng praptèng jaba | panggih lawan Jagabaya | tutur polah tingkahira | sru ngungun Ki Jagabaya ||

28. sang nata bisa waluya | kalih lajêng lumagsana | gancanging carita prapta | ngarsane sang maha tapa | nyungkêmi pada karuna | umatur pratingkahira | sang tapa malih ngandika | paran kulub budènira ||

29. yèn girisa atinira | ngamongna samono nistha | satriya adarbe sêdya | wirang yèn tan kêlakona | tumingal ing surya côndra | samêngko sira balia | ngong jangkung salakunira | ya ta pinanjingan sigra ||

30. sakabèhing kaluwihan | kadibyan myang kanuragan | kuwanèn sadaya pêpak | Menak Supêna lêgèng tyas | anêmbah sêgsana mentar | dhumatêng ing Majalêngka | sarêng si jangkung nèng wiyat | kunêng Prabu Brawijaya ||

31. sang nata wusnya mêmuja | sangking sruning marasira | Ajar Pamênggrê sêgtinya | sêmana lajêng sineba | pêpak sagung wadyabala | ari kalih munggèng ngarsa | katiga lan Menak Koncar | tuwin Adipati Tuban ||

32. tênapi Dipati [Dipa...]

--- 582 ---

[...ti] Daha | sang nata alon ngandi |[24] hèh ariningsun sêdaya | dèn padha prayitnèng driya | pan iku Menak Supêna | amung lumaku sadrêma | Ajar Pamênggêr kang karsa | luwih sêgti môndraguna | wus gambuh sabarang bisa ||

91. Gambuh

1. yayi mas nora wurung | anêkani iya aprang pupuh | marma sira dèn padha angati-ati | pra ari nêmbah wotsantun | Menak Koncar matur alon ||

2. pukulun sang aprabu | yèn ngarsakna mangkarsa sun êjur | padhepokan inggih ing Gambirsakêthi | kawula pribadi sanggup | sang nata ngandika alon ||

3. yayi tan kêna iku | ginagampang Pamênggêr Sang Wiku | sawusira ngandika jêngkar siniwi | sapraptanira kêdhatun | pinêthuk garwa sang katong ||

4. lênggah ing prabayêgsa wus |[25] lajêng dhahar para garwa kêmbul | wus dumugya linorot ambêngnya sami | kunêng wau lampahipun | Mênak Supêna sang anom ||

5. ing wanci têngah dalu | lajêng malbèng ing jroning kêdhatun | jujug anèng plataran sumbar mêlingi | payo mêtua sang prabu | Brawijaya atandhing rok ||

6. ing kene lawan ingsun | nora wurung lamun sira lampus | marang ngêndi gonmu

--- 583 ---

ngungsi ingsun ungsir | ya ta wau sang aprabu | kang anèng sajro kadhaton ||

7. kagyat sarêng angrungu | wong sêsumbar wus nyana yèn pandung | têdhak sangking ing tilam angrasuk aglis | sakapraboning prang pupuh | sang nata anulya miyos ||

8. praptèng gon ari têlu | duk kapangguh prasamya aturu | gya winungu Menak Koncar mring sang aji | lan atmajèng Tuban lungguh | katiga sarêng wotsinom ||

9. ngandika sang aprabu | cabar têmên yayi sira iku | kakangira karo padha anèng ngêndi | Menak Koncar awotsantun | duk nganglang Jawi kadhaton ||

10. wau ing kesahipun | rinta kalih lajêng nendra ulun | kadi kenging sirêping sandi sinêgti | sang nata ngandika arum | yayi mas sira tan wêroh ||

11. maling malbu kadhatun | sumbar-sumbar ingsun kinèn mêtu | lah papagna ri têlu dèn ngati-ati | ngong ngampingi anèng pungkur | nanging sun nora ngaton ||[26]

12. sandika dyan katêlu | sakêlangkung sukèng tyas sang bagus | nêmbah mentar sapraptanira ing jawi | sasumbar anguwuh-uwuh | êndi ta rupane kang wong ||

13. dhustha kang mara sandu | nanjak kartisampekambêg [karti...]

--- 584 ---

[...sampekambêg] digung | ngêmping lara genjah pati mring jro puri | payo papagêna ingsun | ngadu kyating balung otot ||

14. Menak Supêna ngrungu | wong sêsumbar prayitnèng ing kewuh | sigra marêg prapta yun-ayunan panggih | Menak Koncar awas dulu | yèn ingkang malbèng kêdhaton ||

15. Menak Supêna iku | Menak Koncar abrêmantya asru | anudingi sarwi ngling rêgêding bumi | tan idhêp ngisin nyarungus | prapta nyandi mring kêdhaton ||

16. gya Menak Supêna gupuh |[27] anarajang sarwi ngunus dhuwung | Menak Koncar sinuduk datan ngoncati | eca bapang sarwi muwus | wulu sawiji tan bodhol ||

17. katogna sira asu | panyudukmu payo dèn asêru | ngantya kiyu Menak Supêna astèki | gya cinandhak lambungipun | binuwang tibane adoh ||

18. kuwalik klêngrê dangu | ya ta wau ingkang jangkung luhur | awas mulat mêdhun lajêng animbuli | wus tinimbul lajêng emut | ki ajar lingira alon ||

19. dhuh aja maras kulup | iya lamun isih urip ingsun | môngsa sira kalaha padhaning janmi | Menak Supêna wotsantun | wangsul mangsah ing palugon ||

20. wus prapta gya mangrasuk | Menak Koncar cinandhak [ci...]

--- 585 ---

[...nandhak] kang lambung | dyan ingikal binuwang tiba kuwalik | kalêngêr nèng siti dangu | kang rayi kalih was anon ||

21. sêgsana gya tatulung | sarêng prapta kalihe sinambut | adipati kalih binanting ing siti | kalesedan kalihipun | radèn kalih awas anon ||

22. Kuda Rêrangin maju | lan ari Kuda Tilarsa gupuh | angadhangi radèn kalih kanan kering | Menak Supêna sinambut | lambunge marang sang anom ||

23. Kuda Rêrangin nêpsu | gya binanting sru winasuh-wasuh | lambungira radyan gya cinandhak aglis | binuwang asru sumêbut | lir sawat tibane kulon ||

24. Kuda Tilarsa nyambut | Menak Supêna winasuh-wasuh | dyan binuwang adangu kinarya undhi | marang radèn kalihipun | Menak Supêna kalêson ||

25. napase kêmpus-kêmpus | mêgap-mêgap kang panon sumaput | dyan cinandhak mring Pamênggêr Sang Arêsi | rahadèn lajêng tinimbul | kaluwihan ingkang ngatog ||

26. pamungkas dibyanipun | kinèn bali radèn sigra wangsul | sangêt runtik anulya Kuda Rêrangin | lan ari cinandhak gupuh | ingadu kumba gas[28] karo ||

27. radèn kalih ngalumpruk | kalêngrê ring sit apan dangu[29] [da...]

--- 586 ---

[...ngu] | awas mulat Brawijaya Sri Bupati | kantaka ri kalihipun | sru runtikira sang katong ||

28. lir bêsmi buwana gung | mangsah panggih kêlawan kang mungsuh | dyan cinandhak Menak Supêna tininggil | binanting siti ngalumpruk | cinandhak malih sang anom ||

29. winasuh têngah lampus | arsa tinigas ing murdanipun | sang pandhita awas myat aniyup aglis | cinandhak binêgta mumbul | lajêng ingusadan gupoh ||

30. Brawijaya Sang Prabu | sakêlangkung cuwane tyasipun | de mungsuhnya murca tan ana kaègsi | mulat kanan kering suwung | asru sasumbar sang katong ||

31. maling aja lumayu | hèh balia kêlamun dibya nung | aja sira oncat ngucira ing jurit | Ki Ajar Pamênggêr wau | wusnya ngusadan sang anom ||

32. alon ing wuwusipun | kulup sira dèn prayitnèng kewuh | nyata sêgti Brawijaya ing ajurit | yêgtine dudu tandhingmu | kalah tuwa sutaningong ||

33. nging aja sumlang kalbu | lah ta yayo[30] sun rewangi kulup | nêmbah Radèn Menak Supêna gya bali | tan dangu wus praptèng ngayun | sumêdyarsa bêrêg kêbo ||

--- 587 ---

92. Durma

1. Sang Aprabu Brawijaya sangêt suka | karsane nyandhak nuli | nulya kadhinginan | marang Menak Supêna | sinêndhal binuwang aglis | Sri Brawijaya | tibèng doh kraos sakit ||

2. ya ta wangsul wus panggih ayun-ayunan | sêndhal-sinêndhal gênti | gapyuk rukêt samya | dangu udrêg-udrêgan | agênti banting-binanting | ya ta cinandhak | Brawijaya Sang Aji ||

3. dyan binuwang tibèng doh lajêng kantaka | ya ta wau kang prapti | sangking awang-awang | têtulung mring sang nata | sira Ajar Tunggulmanik | lajêng cinandhak | sang nata dèn tambani ||

4. lon ngandika dhuh kulup aja pêpeka | ana ingkang botohi | mungsuhira yuda | jangkung nèng awang-awang | pandhita luwih sinêgti | sira balia | lah iki gonên kaki ||

5. pusakaku nora êning pan wasiyat | eyangmu buyut nguni | cupu sakêmbaran | kadebyan kaluwihan | ya ta lajêng dèn tampèni | sri naranata | sayembah surèng galih ||

6. wus apanggih ayunan Menak Supêna | asru dènira angling | sira magsih gêsang | Sang Prabu Brawijaya | alon dènira nauri | karsaning [karsa...]

--- 588 ---

[...ning] | magsih salamêt mami ||

7. payo kene Menak Supêna ayuda | apa anèng sirèki | tamakna maringwang | sigra Menak Supêna | sêdhèt narik curiga glis | lajêng mrêjaya | wanti-wanti tan titis ||

8. gya cinandhak sira Dyan Menak Supêna | nèng asta sru tininggil | binanting ing kisma | ngalumpruk mèh palastra | Ki Ajar Gambirsakêthi | awas tumingal | sagêndhinge kang siwi ||

9. ngadu yasa mangrok prang tansah kasoran | ki ajar dyan samèdi | manungku ing cipta | ênir sakèh wikara | sumurub garbaning siwi | Menak Supêna | gadgada mangsah jurit ||

10. ya ta wau sêmana awas tumingal | Ki Ajar Tunggulmanik | asru dènnya mojar | kulup-kulup lèrèna | nya ajar luwih juti |[31] prang padha bocah | munduran dèn tuwani ||

11. ya ta Ajar Tunggulmanik sigra nugsma | ing garbane sang aji | sêgsana umangsah | panggih ayun-ayunan | Menak Supê nyuduki |[32] marang sang nata | wanti-wanti tan titis ||

12. gya cinandhak mring nata binuwang kentas | tibèng doh kajumpalik |

--- 589 ---

asru bêndunira | lajêng ngêningkên cipta | tis grana apusikaning | manêdhèng dewa | saciptanira dadi ||

13. prapta ngayu[33] dahana amubal-mubal | kadi mèh sundhul langit | lir yamadi[34] babal | nulya sinung parentah | gêni sirnakêna aglis | mungsuh ngong aprang | dyan mara ponang agni ||

14. marang gone Sang Aprabu Brawijaya | sang nata aningali | sigra nyipta udan | sêkala alimêngan | udan dêrês sangking langit | tibèng dahana | padha kasirêp mati ||

15. langkung duka Rahadèn Menak Supêna | gunane tanpa dadi | gya malih mamuja | samèdi marang dewa | tan antara naga prapti | gêng saandaka | panjangira nglangkungi ||

16. netra kalih sinawang lir surya kêmbar | siyung sadhêpa sisih | ilatnya lir kilat | mangap mêtu wisanya | kumêbul saengga riris | dyan sinung sabda | naga sirnakna aglis ||

17. mungsuh ingsun ayuda Sri Brawijaya | tagsaka gya lumaris | ngakak swaranira | kumêbul wisanira | sang nata awas ningali | gya nêdhèng dewa | maladi sêmèdining ||

18. pamintanya manyura garudha yagsa | katrima ya ta

--- 590 ---

prapti | pêgsindra saendra | patut amawa braja | sang nata ngandika aris | garudha yagsa | papagna naga iki ||

19. asandika garudha mumbul ngakasa | naga sinambêr kêni | sirahira pêjah | gya binêgta gêgana | sirna pêngabarannèki | Menak Supêna | sêdaya tanpa dadi ||

20. miris ing tyas ki ajar miyat wêrana | mumbul marang wiyati | sarwi asêsumbar | hèh payo tututana | ya ta Ajar Tunggulmanik | miyak warana | lajêng mumbul wiyati ||

21. panggih lawan Pamênggêr nèng awang-awang | Ki Ajar Tunggulmanik | asru dènnya mojar | Pamênggêr tutugêna | sira arêp amrih pati | ya aja oncat | ing kene padha bêcik ||

22. giris ing tyas Ajar Pamênggêr tumingal | mring Ajar Tunggulmanik | sêgsana lumajar | tinut saparanira | ya ta Ajar Tunggulmanik | nyipta pawana | katrima lesus gumrit ||

23. sinung prentah hèh barat sira sirnakna | Ajar Pamênggêr iki | ya ta nêmpuh sigra | barat gung alimêngan | Pamênggêr katut ing angin | nora karuan | tiba lan pêrnahnèki ||

24. kunêng wau kang aprang Menak Supêna | kêlawan sri bupati | gya Menak [Mena...]

--- 591 ---

[...k] Supêna | cinandhak mring sang nata | nèng asta tininggil-tinggil | kadya likasan | wus dangu gya binanting ||

25. sinabêtkên Menak Supêna angganya | ing kayu nagasari | ajur anggalêpang | wancinya wus byar rina | kumpul sagung para ari | nèng ngarsa nata | ya ta wau kang prapti ||

26. cumalorot nèng ngarsa sang nata nêmbah | Ki Ajar Tunggulmanik | alon dhawuhira | kulup samêngkonira | Ajar Pamênggêr wus ênir | nora karuan | ginaib ing Sugsma Di ||

27. ya wus kulup ing galih manira lêga | sirna kalilip mami | si ajar culika | samêngko wus murcita | kulup sira sun jatèni | saèsthinira | ngong sudarmanta yêgti ||

28. iya ingsun kulup Ki Patih Udara | beja tuhu nak mami | umadêg narendra | tinunggu yayah rena | kadang warga amêpêki | sang nata myangsa |[35] ngandikane sang rêsi ||

29. sèwu suka lajêng anungkêmi pada | sarwi lara anangis | ulun botên nyana | tuwan sudarma amba | duk ulun amanggih wèsthi | mulya sing tuwan | ciptamba lyan sudarmi ||

30. angandika sang tapa kulup linggiha | arinta anèng ngêndi | Kuda Rangin lawan [la...]

--- 592 ---

[...wan] | rinta Kuda Tilarsa | dyan kalih majêng ngabêgti | rinangkul sigra | kang rama nêbda manis ||

93. Dhandhanggula

1. wis lungguha kulup putra mami | Menak Koncar majêng awot sêkar | gantya dipati Tubane | anulya arinipun | apan sami rinangkul sami | wus samya tata lênggah | nèng pandhapa agung | Brawijaya lon ngandika | lah ta yayi Kuda Tilarsa dèn aglis | sira manjinga pura ||

2. bakyunira timbalana sami | ngabêgtia kangjêng rama prapta | kang rayi gya nêmbah lèngsèr | wus prapta jro kêdhatun | marêg nêmbah mring prabu dèwi | matur dhawuh sang nata | sêdayanya katur | ya ta sang prabu wanodya | Anjasmara Rarasati dhawuh aglis | ya marang para garwa ||

3. ingandikan marang ing pandhapi | Anjasmara dhawuh mring Sasmita | Rarasati dhawuh age | marang Susela sampun | lajêng tumrap mring para rabi | wus sami abusana | gya sang kumarèng rum | miyos marang ing pandhapa | ginarêbêg sagung ingkang para putri | sampun praptèng pandhapa ||

4. marêg nêmbah marang sri bupati | angandika Prabu Brawijaya | nimas ngabêgtia age | yaiku sudarsun[36] [sudar...]

--- 593 ---

[...sun] | aywa kari arimu sami | lan kabèh garwaningwang | sang rêtna wotsantun | ya ta sang prabu wanodya | angabêgti mring Ki Ajar Tunggulmanik | ingaras kang lungaya ||

5. alon nabda Ajar Tunggulmanik | bêja tuhu pun bapa punika | nugraha gêng kang dhumawoh | aduwe mantu ayu | madêg nata pra dewa asih |

sang prabu dèwi nêmbah | mring rama anuwun | nulya Dèwi Anjasmara | marêg nêmbah sumungkêm pada sang yogi | rinangkul ingkang jôngga ||

6. lan ingaras bêmbunira nênggih | angrês wêlas anuntak trêsnanya | sruning sih nrus ing kalbune | Dyan Anjasmara mundur | Rarasati majêng wotsari | Sasmitaningrum nulya | wusira amundur | Suselawati manêmbah | garwa gangsal wusira atata alinggih[37] | nulya sagung pra garwa ||

7. nugsmèng pada sagung para putri | ganti-ganti wusira sêdaya | samana tata lênggahe | sang tapa ngandika rum | Brawijaya karsèngong mangkin | yun dhepok nèng pungkuran | nimbali ibumu | karyakna wisma lit ingwang | kinubênga ing balumbang isi warih | nata matur sandika ||

8. angandika

--- 594 ---

marang ari katri | lah yayi mas inggal akaryaa | dadyoa tri dina kiye | sandika ri katêlu | gya tumandang anambut kardi | kalih dintên wus dadya | asri dhepokipun | binusanan kêmbang-kêmbang | jinêmbangan pinarnah têpining warih | singa myat langên ing tyas ||

9. tur uninga wau sri bupati | mring kang rama yèn dhepok wus dadya | sang tapa lon timbalane | boyongana ibumu | Sabdapalon lan Nayakarti | ki prabu gawakêna | mrih tyas aywa kuwur | lan rinta Kuda Tilarsa | lan maninge arimu Kuda Rêrangin | prihên boyong ibunya ||

10. nêmbah lèngsèr wau sri bupati | nèng pandhapa sigra pêparentah | yayi mas Tuban karone | pondhongana jêng ibu | Sabdapalon lan Nayakarti | kang dadi kanthinira | yayi mas sirèku | Kuda Rangin mondhongana | kangjêng bibi sira yayi sun kanthèni | Si Rôngga Minangsraya ||

11. yayi Kuda Tilarsa sirèki | kangjêng bibi sira pondhongana | sun kanthèni bupatine | Menak Giyanti iku | tur sandika ingkang tinuding | samêgta nulya budhal | tan winarnèng ênu | prapta

--- 595 ---

prênah sowang-sowang | nir wuwusên gênging suka onênging sih | ni endhang katrinira ||

12. sigra budhal lawan sang arêsi | sang bêgawan musthika amilya | cinatur wau praptane | anèng ing Majalangu | lajêng manjing marang jro puri | sang nata mêthuk natar | gupuh nugsmèng suku | kang ibu ngrangkul kang putra | kèh sambatnya kagagas wartanya nguni | mangkya têmah wibawa ||

13. sèwu kêthi sang dyah rosing galih | dènnya datan nyana ing wardaya | pêgat-pêgat ngandikane | kulup iku iyangmu | sri narendra sigra ngabêgti | dhumatêng ingkang eyang | ring sang maha wiku | lajêng lênggah nèng pandhapa | sampun tata bok endhang sarêng ningali | mring raka ngraup pada ||

14. sarwi asru kalara anangis | Kyai Ajar Tunggulmanik umyat | mring garwa sangêt wêlase | ya ta gya nugsmèng suku | nênggih Ajar Sang Tunggulmanik | dhumatêng maratuwa | wusnya tata lungguh | anulya sang prabu rara | nugsmèng pada dhatêng maratuwa èstri | lajêng dhatêng kang eyang ||

15. wusnya mundur sigra para rabi | ganti-ganti wus rampung sadaya | anulya tata lênggahe |

--- 596 ---

kasaru praptanipun | Radyan Kuda Rangin lan bibi | sarêng Kuda Tilarsa | lawan ibunipun | lajêng prasamya pranata | wusing sami atata dènira linggih | dhadharan gya tinata ||

16. sampêt pênuh kang pamboja asri | samubarang kang tinata ana | wusnya dhahar bubar kabèh | nata malbèng kêdhatun | lawan sagung kang para rabi | Hyang Tunggulmanik marang | dhepokira pungkur | lan garwa katiga pisan | mangun onêng-onêngan nutukkên ing sih | Rêsi Musthikamaya ||

17. pinarnahkên ing sanggar panêpi | kunêng sigêg ingkang mangun suka | ya ta gênti winiraos | mangsuli kôndha ngayun | duk nalikanira ing nguni | Kyai Patih Udara | duk kalane nglangut | marang nêgara Sulebar | krama antuk putranya sri narapati | nata Prabu Sulebar ||

18. apêputra jalu mung satunggil | yoswa[38] wolung warsa gya tinilar | wus sinung parap ramane | Rahadèn Panji Wulung | eyang seda wayah gumanti | madêg natèng Sulebar | bagus dibyèng pupuh | tan kewran gêlaring yuda | kunêng malih lampahe Rêkyana Patih | Lugêndèr

--- 597 ---

lan kang putra ||

19. Layangseta lan Layangkumitir | kyana patih nèng praja Sulebar | anambangi lan putrane | sampun lami misuwur | gènnya dadi juru nambangi | nèng desa gêng kang bawah | ing Sulebar iku | Prabu Panji Wulung mangkya | siniwaka punggawa para prajurit | aglar tarap nèng ngarsa ||

20. ingkang munggèng ngarsaning narpati | kyana patih wasta Pêcattôndha | ing wuri bupati andhèr | sang prabu ngandika rum | bapa patih ingsun miyarsi | yèn ingkang madêg nata | nagri Majalangu | jumênêng ratu wanodya | luwih ayu ing jagat datanpa tandhing | kyana patih wotsêkar ||

21. kasinggihan dhawuh dalêm gusti | patihipun nèng Praja Sulebar | wit sangking sangêt wirange | suwita ratu ayu | sri narendra ngandika aris | lamun mangkono bapa | patih Majalangu | ingkang lunga timbalana | kyana patih sigra anduta sira glis | nimbali ki jru nambang ||

22. tan cinatur rêroncèning kardi | kyana patih wus kèrit ing duta | prapta ngarsaning sang katong | wus kinèn jajar lungguh | lan patihe sri narapati | sang nata [na...]

--- 598 ---

[...ta] lon ngandika | bagea praptamu | nuwun patikbra bathara | dhawuh dalêm dadosa jimat paripih | kapêtêg mustakamba ||

23. angling malih wau sri bupati | sira prapta gawe sukaningwang | ingsun tanya sayêgtine | paranta marmanipun | sira tinggal ing Majapait | Patih

Lugêndèr nêmbah | sagung tingkahipun | ing purwa madya wusana | langkung ngungun Panji Wulung Sri Bupati | wadana sêmu duka ||

24. dangu datan angling sri bupati | awusana dhawuh mring patihnya | hèh bapa dandana age | sakêprabon prang pupuh | dèn samêgta wadya ngong sami | lawan mêpaka palwa | sun arsa anglurug | mring nêgara Majalêngka | ingong budhal iya dina benjing-enjing | patih matur sandika ||

25. sri narendra jêngkar malbèng puri | kyana patih prapta pagêlaran | sigra dènnya nabuh bêndhe | tambur bèri gumuruh | slomprètira munya mêlingi | têngara magut yuda | wadya gung wus kumpul | sumêgta kaprabon yuda | Sri Narendra Panji Wulung sampun mijil | angrasuk praboting prang ||

26. lajêng budhal marang ing pasisir | lan sawadya [sawa...]

--- 599 ---

[...dya] wus samêgtèng yuda | wus kamot ing palwa kabèh | têngara jangkar daut | babar layar katiyup ngangin | kunêng ta anèng marga | pêlabuhan rawuh | ing tanah Sêdayu enggal | aparentah labuh jangkar layar giling | sang nata sigra têdhak ||

27. sangking palwa nèng pinggir pasisir | abra sinang tata pêsanggrahan | wadya gung umyang swarane | tabuhan dina umyung | samya giris sagung wadya lit | prasamya ngungsi kutha | wênèh marang gunung | ana marang alas-alas | jurang trêbis kubêng kang anèng pasisir | kocapa sri narendra ||

28. Brawijaya Nata Majapait | siniwaka aglar pra punggawa | sêdaya wadyabalane | kang parêg ngarsa prabu | Menak Koncar lan ari kalih | Kuda Rangin Tilarsa | lan ri kalihipun | Adipati Tuban Daha | yèn sinawang sananya kang sumiwi |[39] lir wukir kembang-kêmbang ||

29. sri nata ngling mring Dipati Tubin | yayi paran wartane ing jaba | Dipati Tuban ature | pukulun sang aprabu | patik ulun atur udani | wontên dêdamêl prapta | nèng kisik Sêdayu |

--- 600 ---

sangking nêgari Sulebar | tungguling prang Prabu Panji Wulung pêkik | sêmbada prawirèng prang ||

30. lajêng sami jêjarah wadya lit | tiyang dhusun sami kagegeran | sang nata lon timbalane | yayi lamun kadyèku | têngaraa samêgtèng jurit | sun arsa mapag yuda | nèng jaban prajèku | sandika Dipati Tuban | sri narendra kêngkar[40] kundur malbèng puri | pinêthuk para garwa ||

31. lajêng lênggah prabayêgsa nênggih | pan ingayap sagung para garwa | Prabu Kênya nèng iringe | sang prabu ngandika rum | ingsun yayi aminta pamit | lan kabèh garwaningwang | sun arsa amêthuk | ripune natèng Sulebar | pawartane Ratu Sulebar sinêgti | surèng prang tur taruna ||

94. Sinom

1. umatur sang prabu rara | tuwin sagung para rabi | mênawi parêng sang nata | kawula dhèrèk ajurit | sang nata ngandika ris | aywa mèlu mirah ingsun | karia tunggu pura | pun kakang umagut jurit | pasrahêna Sugsmana ingkang winênang ||

2. andhêku sang prabu rara | tuwin sagung para rabi | jroning tyas sami sungkawa | wusana [wusa...]

--- 601 ---

[...na] rumajong kapti | ya ta wau sang aji | pamit marang ramanipun | tuwin marang kang eyang | ingidèn gya malbèng puri | kunêng nata kocapa paseban jaba ||

3. Radèn Arya Menak Koncar | tuwin sagung pra dipati | têngara umyang gumêrah | sadaya sampun rumanti | sapraboting ajurit | akumpul sajuru-juru | ya ta sri naranata | wus ngrasuk kaprabon jurit | sigra budhal kèndêl anèng sitibêntar ||

4. adhawuh têngara budhal | bêndhene sigra tinitir | kang dadi cucuking lampah | Menak Koncar lan ri kalih | Dipati Daha Tubin | lajeng wau sang aprabu | ginarbêg pra dipatya | ari kalih kang nindhihi | Kuda Rangin kêlawan Kuda Tilarsa ||

5. sinawang untabing bala | lir pendah sela blêkithi | kadya wêrdu ôngga sasra | atata lampahing baris | lir udan sinêmèni | kang swara umyang gumuruh | wadya tanpa wilangan | wus lêpas lampahirèki | lajêng tata barise nèng ara-ara ||

6. blabar lir jaladri pasang | wus rinakit gêlarnèki | kang wadya cucuk myang dhadha | panjawat lan awaknèki [awa...]

--- 602 ---

[...knèki] | buntut tênapi kiping | [...][41] | Sang Panji Wulung nênggih | [42] siniwaka anèng tarub pasanggrahan ||

7. Patih Pêcattôndha ngarsa | prajurit jêjêl nèng wuri | sang nata alon ngandika | bapa prabu Majapait | samêgta ing ajurit | payo têngaraa gupuh | pratôndha mêtu ing prang | sandika rêkyana patih | sigra nabuh têngara nitir wurahan ||

8. kumêrab sagunging wadya | samya sadhiya ngajurit | bandera lêlayu abra | daludag bul-umbul nênggih | lajeng tata abaris | budhal ingkang baris agung | praptèng papan apanggya | lan wadya ing Majapait | sarêng surak sarêng nêmpuh ing ayuda ||

9. rame kang abôndayuda | kapanggih prasami wani | têmpuh wor ulêng-ulêngan | ana kang bêdhil-binêdhil | sawênèh gênti biring | ana kang suduk-sinuduk | ana pêdhang-pinêdhang | sawênèh bithi-binithi | ajotos jêjêg adugang-dinugang ||[43]

10. kang aprang kathah warnanya | mungsuh rewang kathah mati | ting galêrêng wong kabranan | padha sambat kaki nini | wênèh sambat nak rabi | ana sambat bapa

--- 603 ---

biyung | ana kang sambat kadang | wanuhan mitra kêkasih | kang sawênèh ana sambat bedhangira ||

11. Kyana Patih Pêcattôndha | pangamuke ngowak-awik | wong Lumajang Tuban Daha | tênapi wong Majapait | tan ana môngga pulih | sêdane bubar larut |[44] kantun lajêr kewala | Menak Koncar aningali | sru bramantya sigra mangsah ing ayuda ||

12. ngagêm lawung wus apanggya | kêlawan rêkyana patih | Pêcattôndha atêtanya | sapa aranmu prajurit | mundura dipun aglis | eman aja prang lan ingsun | sira tanya maringwang | Menak Koncar aran mami | iya ingsun Adipati ing Lumajang ||

13. sira sapa aranira | sumaur kang dèn takoni | ingsun Patih Pêcattôndha | Sulebar prawirèng jurit | lajêng lêmbing-linêmbing | kalihe prasami têguh | dangu amain watang | Menak Koncar kasaliring | watangira ginêbang putung tinumbak ||

14. dhadhane tan pasah niba | dangu kalêngêr ing siti | lajêng rinêbat ing bala | binêgta lumayu aglis | Dipati Tuban panggih | lawan Môndhalika sampun | rame lantaran watang | Dipati Tuban [Tu...]

--- 604 ---

[...ban] kalindhih | kawatgata tinumbak jaja tan pasah ||

15. kontal kantaka nèng kisma | rinêbat ing wadya aglis | dene Sang Dipati Daha | dangu dènnya main biring | lan Môndhasiya nênggih | agênti lawung-linawung | ya ta Dipati Daha | kasliring tinumbak kêni | jajanira kantêp kantaka nèng kisma ||

16. lajêng rinêbat ing wadya | larut wadya Majapait | Lumajang Tuban lan Daha | ing payudan sirna gusis | wong Sulebar nyuraki | swarane lir gunung guntur | payudan bêrsih padhang | mung kari wadya kang mati | kawistara ing radèn Kuda Tilarsa ||

17. nênggih lawan ingkang raka | Rahadèn Kuda Rêrangin | sêklangkung brêmantyanira | sêgsana mangsah ing jurit | langak-langak nèng margi | lir sêmpal lembeyanipun | ingoglèng kang curiga | kampuhe cinincing-cincing | gleyah-gleyah kadya mênjangan kêtawan ||

18. sêsumbar ariyak-riyak | pathak papagêna mami | Kuda Rêrangin kêpanggya | lawan Pêcattôndha Patih | radèn amuwus bêngis | hèh pathak sapa arakmu |[45]

sato payo numbaka | pilihana ngarêb buri | aja mlongo kêbak lalêr

--- 605 ---

cangkêmira ||

19. sira Patih Pecattôndha | dangu tan bisa mangsuli | wusana alon amojar | aku ing Sulebar Patih | Pêcattôndha ran mami | dhuh pantèn sapa aranmu | Kuda Rêrangin mojar | sato sira tambuh mami | Kuda Rangin hèh kênyung payo numbaka ||

20. yèn kuwatir sôngka ngarsa | pilihana ênya gigir | mung sok aja numbak mata | sêpêt rasane yèn enjing | Pêcattôndha nglarihi | anitir panumbakipun | malah bêngkung kang tumbak | rahadèn wulu tan busik | alon mojar mara manèh anumbaka ||

21. dene ta panumbakira | kaya mêri nocor mênir | Patih Pêcattôndha ngucap | malêsa Kuda Rêrangin | radèn sugal nauri | nistha asu ingsun nuduk | jêr ta dhêdhapurira | kaya kirik gudhig mêngi | radèn riyak cumêngkling suwaranira ||

22. Pêcattôndha ingidonan | sumaput niba tan eling | Môndhalika Môndhasiya | kalih mangsah ngêmbat biring | Kuda Tilarsa panggih | lawan Môndhalika wau | lajêng nitir anumbak | rahadèn kinrubut kalih | tinumbakan sangking wuri sangking ngarsa ||

23. nanging [nang...]

--- 606 ---

[...ing] radèn datan pasah | Môndhalika crah kang biring | lajêng anarik curiga | panyudukira anitir | nanging datan nêdhasi | wulu sawiji tan runtuh | Kuda Rêrangin inggal | têtulung marang kang rayi | Môndhalika pinancat sêsalangira ||

24. pinuntir gulune pêgat | aniba lajêng ngêmasi | Pranalika gya lumajar | Môndhasiya sangêt runtik | mangsah anitih wajik | tan sarwi asikêp lawung | lan Kuda Rangin panggya | Môndhasiya asru angling | hèh ta thole sira sapa aranira ||

25. mundura sira sun eman | mênawa sira ngêmasi | nututa sira sun bônda | sumaur Kuda Rêrangin | dene têka gumpil |[46] arsa abônda maringsun | hèh ta payo têkakna | budinira gênjik gudhig | Môndhasiya ngêmbat lawung sigra matang ||

26. Dyan Kuda Rangin apanggah | tinumbakan nora busik | nyandhak dhase Môndhasiya | gulune pêdhot pinuntir | kinarya clang kang jisim | binuwang tiba gumêbrug | anèng ngarsaning nata | Prabu Panji Wulung mègsi | sangêt [sang...]

--- 607 ---

[...êt] duka wruh jisime Môndhasiya ||

27. sêgsana nitih turôngga | ngêmbat lawung mangsah jurit | sapraptanira ing rana | kêpanggih Kuda Rêrangin | sang nata asru angling | hèh prajurit pêgsa langguk | ngêntèkke balaningwang | sapa ta aranirèki | lah mundura sun eman mênawa pêjah ||

28. Dyan Kuda Rêrangin sugal | aja tambuh sira bêlis | Kuda Rêrangin manira | sadulur nom sri bupati | kondhang prawirèng jurit | tau mocok dhasing ratu | hèh payo têkakêna | apa sakarsanirèki | ngêmbat watang Prabu Panji Wulung numbak ||

29. Kuda Rêrangin anggêbang | adangu lantaran biring | kalihnya lawunge patah | sarêng binuwang kang lêmbing | rukêt banting-binanting | ya ta Prabu Panji Wulung | cinandhak lambungira | kinisar tibane têbih | kraos sakit dhêlêg-dhêlêg sarwi lênggah ||

30. pangunadikaning driya | sajêg ingsun mangun jurit | durung amanggih satriya | ingkang kaya siji iki | Sri Panji Wulung nuli | asidhakêp astanipun | tis grana pusika |[47] nutupi wara sangèki | ninging cipta manêgês karsaning Sugsma ||

31. pamintaning jroning puja | anyipta [anyi...]

--- 608 ---

[...pta] bramastra angin | katrima panêdhanira | prapta kang prahara gumrit | lesus mêsês wor riris | anêmpuh marang ing mungsuh | datan kêna tinulak | akèh katut dening angin | Kuda Rangin Tilarsa giris ing driya ||

95. Girisa

1. dyan kalih katut maruta | tiba ngarsaning kang raka | lumyat Prabu Brawijaya | ari kalih kasangsara | angrasuk kaprabon yuda | ngêmbat lawung nitih kuda | sapraptanira ing rana | pagih[48] lawan mungsuhira ||

2. Prabu Panji Wulung tanya | sapa prajurit kang têka | warnamu bagus taruna | mundura yèn mati sira | ratumu Sang Brawijaya | konên mêtu ing ayuda | sêdhêng mungsuh lan manira | sun arsa wruh bobotira ||

3. wusana tan mêtu yuda | ratu nistha jrih ing baya | wêdi mungsuh wong prawira | sumaur Sang Brawijaya | sang prabu ywa tambuh sira | yèn durung wruh jênêngira | iyèng sun Sang Brawijaya | narendra di Majalêngka ||

4. lah kapriye karêpira | Prabu Panji Wulung myarsa | mèsêm sarwi angandika | hèh ta kalingane sira | ratu culika trun desa | tan pantês dadi narendra | praptèng ngong kene ngumbara | ayun mikul marang

--- 609 ---

sira ||

5. yèn sirarsa manggih arja | nututa ingsun pusara | garwanta sang prabu rara | aturna marang manira | praja gung ing Majalêngka | ngong pundhut sêdayanira | sira mari dadi nata | suwitaa mring manira ||

6. yèn nora mêngkono sira | sayêgti anêmu papa | yèn mêtu krodha manira | tan angèl mrih patinira | Brawijaya mèsêm nêbda | lah iya luwih prayoga | yèn bangêt kapenginira | marang ing garwa manira ||

7. lawan praja Majalêngka | ingsun tan pasah mring sira | môngsa-borong kang amurba | nging ta alêrana yuda | ngong yun wrin kadibyanira | yèn sêmpal bau ngong dyinya |[49] kadugèn sakayunira | lah kene payo têkakna ||

8. kasuranmu ing ayuda | Prabu Panji Wulung sigra | ngêmbat watang sru ngandika | lah iya ingsun prayitna | sambata ingkang ayogya | tumungkula ing pratala | nêngènga sirèng akasa | tan wande sira palastra ||

9. amataka pujamôntra | ywa kongsi tumpang-so dyinya | tan wurung kantaka sira | dene ing asta manira | sigra matang sri narendra | kontal Prabu Brawijaya | sangkang[50] kuda tibèng kisma | lênggah slira krasa lara|| [la...]

--- 610 ---

[...ra||]

10. nanging kulit tan tumama | duka ngikal lawungira | mangsah anglarihi sigra | Prabu Panji Wulung kontal | tiba sangking wahananya | tan pasah tumibèng lêmah | tan èngêt purwa duksina | gya kasilir samirana ||

11. èngêt wungu mangsah panggya | binuwang watang kalihnya | sarêng anarik curiga | gênti asilih prajaya | rêmpu sara kalihira | gumuruh suraking bala | sarêng ambuwang curiga | rukêt acandhak-cinandhak ||

12. dêdêr-dinêdêr kalihnya | lir kupu tarung upama | kalihe tuhu prawira | kang miyat suka miyarsa | kang yuda nora kuciwa | padha ngêtokakên guna | sêdaya tanpa dadia | Prabu Panji Wulung sigra ||

13. aji pamungkas cinipta | pangrurahe mungsuh dibya | inggal Prabu Brawijaya | cinandhak binuwang sigra | kantaka tumibèng kisma | sarêng kasilir maruta | lênggah lêgêg ing wardaya | sêkala èngêt ing driya ||

14. lamun adarbe pusaka | wêsi kuning bindi sara | kang sangking Sri Urubêsma | tan ana janma sudibya | kataman yuswa murcita | pinusthi ngasta gumêbyar | Prabu Brawijaya sumbar | hèh Sang

--- 611 ---

Prabu ing Sulebar ||

15. tumêngaa ing akasa | sumungkêma ing pratala | sambata kang yoga sira | mataka kang pujamôntra | ywa tumpa-so[51] dèn prayitna | yêgta[52] yuswamu murcita | mêngko wêkasmu nèng donya | mari mulat surya côndra ||

16. wusnya Prabu Brawijaya | têlas ing sasumbarira | ingkang jangkung ing akasa | paningalira tatela | kang putra kurdhane prapta | niyup angrangkul kang putra | adhuh putraningsun nyawa | mandhêga mungsuhmu yuda ||

17. kadangmu dhewe taruna | manira ingkang ayogya | duk mring Sulebar lêlana | pinèt ing mantu narendra | wawêka namung sajuga | nuli sun tinggal nagara | samêngko iki dadinya | Prabu Brawijaya myarsa ||

18. kêlangkung ngungun ing driya | Ajar Tunggulmanik mara | marang gone atmaja |[53] Prabu Panji Wulung myarsa | yèn kang rama mangke prapta | sumungkêm manugsmèng pada | Ajar Tunggulmanik lingnya | dhu[54] kulup katuju padha ||

19. karone nêmu raharja | wruhanta mungsuhmu yuda | atmajèng ngong kang atuwa | kadangmu dhewe sanyata | dèn age sira nyêmbaha | amintaa pangaksama | jêr wus kulup [ku...]

--- 612 ---

[...lup] wajibira | bêgti marang kang tuwa ||[55]

20. puniku gêntining bapa | Prabu Panji Wulung myarsa | pangandikane kang rama | sangêt ing pangungunira | ya ta amarani sigra | marang gèn Sang Brawijaya | kang raka sarêng uninga | mring ari marêg sumêdya ||

21. inggal mêthuk sri narendra | duk panggih rinangkul nulya | Prabu Panji Wulung sigra | nugsmèng padane kang raka | sru dènnya minta agsama | ing lampah kadedenira | ya ta Prabu Brawijaya | mangsuli aja rinasa ||

22. bangêt sukurku ing Sugsma | tênapi mring dewa mulya | Ajar Tunggulmanik lingnya | kulup Panji Wulung sira | pan kêkalih arinira | ya padha atma manira | wus ngandikan praptèng ngarsa | Kuda Rêrangin tilarsa ||

23. wotsêkar sapraptanira | kang rama alon ngandika | kulup karo ngabêgtia | mring Sri Sulebar kakanta | wruhanta kadangmu tuwa | dyan kalih ngungun ing driya | lajêng sami ngaras pada | pinêluk gênti kalihnya ||

24. ingaras lungayanira | marang kang raka sang nata | sêdaya bungah ing driya | lir manggih rêtna saarga | ya ta Prabu Brawijaya | sasmita [sa...]

--- 613 ---

[...smita] akèn tangara | pratôndha bubarkên yuda | gumuruh swaraning bala ||

25. prajurit Sulebar padha | kumpul wadya Majalêngka | Prabu Panji Wulung sigra | lawan Prabu Brawijaya | ajajar nitih turôngga | sapraptane siti bêntar | lajêng aboga drawina | gumuruh ponang pradôngga ||

26. warata sagunging wadya | sadaya sinungan boga | rampung boga ôndrawina | Prabu Panji Wulung sigra | pinarnah pakuwonira | lan sawadyabalanira | wus bubar dènnya sewaka | sang nata gya malbèng pura ||

27. pinêthuk sang prabu rara | tuwin sagung para garwa | lajêng lênggah prabayêgsa | tan pisah Sang Prabu Kênya | lan sagunging para garwa | Brawijaya awêwarta | dhumatêng prabu wanodya | dhuh mirah wêruhanira ||

28. mungsuh Sulebar kang prapta | jêbul kadang ngong taruna | prabu rara sukèng driya | lan sadaya para garwa | sang nata malih ngandika | hèh Sêpêtmadu Wilaja | dhawuhna yayi Lumajang | lan yayi mas Tuban Daha ||

29. lan yayi Kuda Tilarsa | Kuda Rêrangin dèn padha | rumanti pisuguhira | aja nganti kêkurangan | mring yayi Prabu Sulebar |

--- 614 ---

lan sawadyabalanira | wadya Sulebar sadaya | sandika Sêpêt Wilaja ||

30. nêmbah mentar praptèng jaba | wus dhinawuhakên sigra | mring kang tampi pangandika | kalima munjuk sandika | kunêng malih kawuwusa | Prabu Sulebar sawadya | kêlangkung sukèng wardaya | ginantya mijil têmbangnya ||

96. Mijil

1. wong Sulebar sadaya gêng alit | suka tyasnya kasok | de mênuhi sang nata urmate | pasanggrahan rinarêngga asri | pinêtha jro puri | pinajang kumêndhung ||

2. boga-pamboganira mênuhi | pisunggatèng katong | tuwin wadyabala sêdayane | barang karsa tan ana kang sêpi | warêg ing pambugti | wong Sulebar sagung ||

3. ya ta kocapa wau sang aji | Brawijaya miyos | lênggah anèng ing siti bêntare | anèng ngarsa sagung para ari | sadaya glar sami | nèng paseban pênuh ||

4. jêjêl atap sagung pra prajurit | mantri satriya rob | ulubalang lan pêcattandhane | rôngga dêmang kêlawan ngabèi | pandêlêgan tuwin | dêmang jêjêl pênuh ||

5. busana [bu...]

--- 615 ---

[...sana] abra mawarni-warni | kumilat mancorot | kataman ing hyang arka sonare | kadya kilat barung lawan thathit | hyang pratônggapati | kang sunar mawêlu ||

6. Brawijaya angandika aris | marang ari karo | kinèn mêthuk mring ari sang rajèng | ing Sulebar sigra mentar kalih | tan winarnèng margi | pasanggrahan rawuh ||

7. Sang Aprabu Panji Wulung nênggih | wus dangu rumantos | pan kasaru prapta ri kalihe | ingandikan sami praptèng ngarsi | Radèn Kuda Rangin | nêmbah mring sang prabu ||

8. dhuh dewa ji kawula tinuding | rakanta sang katong | nginggalakên ing tuwan praptane | Prabu Panji Wulung ngandika ris | hèh yayi karoning | matura sang prabu ||

9. lumakua dhingin sira yayi | ing wuri ngong bodhol | radèn kalih mundur sing ngarsane | Prabu Panji Wulung budhalan glis | tan winarnèng margi | pangurakan rawuh ||

10. Kuda Tilarsa lan Kuda Rangin | prapta ngarsa katong | atur sêmbah pukulun sang rajèng | rayi dalêm ing mangke wus prapti | pangurakan nganti | timbalan sang prabu ||

--- 616 ---

11. sri narendra angandika aris | hèh ta yayi karo | Tuban Daha iritên dèn age | yayi Panji Wulung mring sitinggis |[56] kalih awotsari | pangurakan rawuh ||

12. panggih Prabu Panji Wulung kalih | sarêng awotsinom | dhuh pukulun paduka sang rajèng | ingandikan lajêng mring sitinggis | ya ta sampun kèrit | Prabu Panji Wulung ||

13. sampun prapta anèng ing sitinggis | gya têdhak sang katong | angurmati kang rayi rawuhe | Prabu Panji Wulung angabêgti | gya cinandhak aglis | mring raka sang prabu ||

14. dyan binêgta ajajar alinggih | nèng dhampar mas kaot | sami eram kang andulu kabèh | de warnanira karo mèh sami | yèn sinawang kadi | Krêsna lawan Wisnu ||

15. tan winarna sagunging wadya lit | manglêmbanèng katong | warna-warna nênggih ing osike | tangèh lamun winar ing tulis |[57] kunêng sri bupati | andhatêngkên kayun ||

16. gunging suka-suka amênuhi | tyasira sang katong | Ajar Tunggulmanik lênggah mangke | lan kang Yang Musthika Maha Rêsi |

--- 617 ---

nulya dhahar sami | sang prabu anutug ||

17. lan pra rayi tuwin pra dipati | sarêng lan sang katong | pênuh asri sagung dhaharane | samubarang tinanya nganani | sawusnya abugti | anulya dèn undur ||

18. kang lorodan anulya binugti | ing wadya lit galong |[58] wong Sulebar lan Majapaite | sami pênuh ing boga prasami | gênti kang kawarni | sampun gangsal dalu ||

19. Prabu Sulebar anèng jro puri | wusana matur lon | mring kang raka alon ngandikane | dhuh pukulun amba nyuwun runtik | manawi marêngi | kundur mring nagri sun ||

20. Brawijaya ngandika amanis | dhuh yayi riningong | iya kapan yayi ing budhale | benjing-enjing mênawi marêngi | awit sampun lami | tilar nagri ingsun ||

21. enjingira atêngara aglis | budhaling sang katong | ing Sulebar sawadyabalane | ingkang tumut ngatêrkên ing margi | Sang Brawijaya di | lan ri kalihipun ||

22. Menak Koncar lan Tuban Dipati | miwah ring sang anom | Dipati Daha

--- 618 ---

kang nèng wurine | sarêng prapta ing pinggir pasisir | Panji Wulung aglis | nungkêmi kang suku- ||

23. nira ring sang kang raka narpati | sigra awotsinom | dhuh pukulun arsa manjalmangke | amba nuwun pangapuntên kang sih | sagung sisip mami | nuwun lêburipun ||

24. ingkang raka nulya ngandika ris | adhuh ariningong | uwis aja rinasa salire | kang wus klakon sun pikir pribadi | lah mangkata yayi | slamêta lakumu ||

25. ri wusira kang rayi nembah glis | sigra mentar alon | numpak kapal sawadyabalane | bêdhol jangkar layar binabar glis | lêpas lampahnèki | marga tan winuwus ||

26. ingkang kantun ing pinggir jaladri | wau sang wiranom | maha ring Sang Brawijaya mangke | sigra têdhak akondur tumuli | ganarbêg[59] pra dasih | anulya ngêdhatun ||

27. gya pinêthuk dhatêng pramèswari | ring sang ruming sinom | Prabu Kênya lan Anjasmarane | sawusira nulya pinarak glis | gênti kang winarni | pangikêting kidung ||

--- 619 ---

97. Sinom

1. kocapa ing sanungswa Jawa |[60] karaton ing Maospait | murah sandhang lawan boga | sangking sawabe sang aji | Maha Brawijaya di | titise maha dewa gung | mila kathah pra mônca | kang samya ngupados bugti | dhatêng nagri Maospait kang raharja ||

2. ngrêda pra nangkoda prapta | sangking ing liyan nagari | aringing tyas têmah samya | mardi papan apêpanti | turut tirahing margi | praptèng

jawi kitha kêmput | pêpêt kang nambut karya | mêmala maling sirnanting | kaprabawan wimbaning kang pêngadilan ||

3. kontab kotamaning nata | kêtartambêt silastuti | titikaning pra punggawa | nêracak samya bèr budi | sabên sawiyah mantri | wikan ing wêweka putus | têtêp saliring sabda | sêtya tuhu mring narpati | yèku môngka pratôndha arjaning praja ||

Sampun dumugi gènira maos sakpunika.

Tamat

[Tanda tangan Radèn Tumêngggung Prawirasêntika]

angkuh. (kembali)
ta. (kembali)
ranangganа. (kembali)
Lebih dua suku kata: awas mulat mungsuhira yuda musna. (kembali)
alon. (kembali)
Kurang satu suku kata: Radèn Kuda Rêrangin lan arinipun. (kembali)
pasêr. (kembali)
aglis. (kembali)
rinêbut. (kembali)
sinuduk. (kembali)
Kurang satu suku kata: radèn maju ngunus gupoh. (kembali)
kasusrèngrat. (kembali)
dhumatêng. (kembali)
Lebih satu suku kata: dhêdhêp ing pasewakan. (kembali)
Kurang satu suku kata: pirabara besuk têmbe. (kembali)
priye. (kembali)
sayêgti. (kembali)
lawan. (kembali)
siranggo. (kembali)
Supêna. (kembali)
Lebih empat suku kata: pan akathah sêngadinya. (kembali)
Kurang satu suku kata: sami misah nora bisa. (kembali)
Kurang satu suku kata: pra yayi sêdayanira. (kembali)
Kurang satu suku kata dan guru lagu seharusnya: 8a, sang nata alon ngandika. (kembali)
Lebih satu suku kata: lênggah prabayêgsa wus. (kembali)
Kurang satu suku kata: nanging ingsun nora ngaton. (kembali)
Lebih satu suku kata: Menak Supêna gupuh. (kembali)
dhas. (kembali)
Kurang satu suku kata: kalêngrê ring siti apan dangu. (kembali)

payo. (kembali)
Kurang satu suku kata: nyata ajar luwih juti. (kembali)
Kurang satu suku kata: Menak Supêna nyuduki. (kembali)
ngayun. (kembali)
yamani. (kembali)
myarsa. (kembali)
Kurang satu suku kata: yaiku sudarmèngsun. (kembali)
Lebih satu suku kata: garwa gangsal wusira atata linggih. (kembali)
yuswa. (kembali)
Kurang satu suku kata: yèn sinawang busananya kang sumiwi. (kembali)
jêngkar. (kembali)
baris ke-6 dan 7 tidak ada. (kembali)
Kurang satu suku kata: Sang Panji Wulung anênggih. (kembali)
Kurang satu suku kata: ajêjotos jêjêg adugang-dinugang. (kembali)
Kurang satu suku kata: sêdayane bubar larut. (kembali)
aranmu. (kembali)
Kurang satu suku kata: dene têka gumampil. (kembali)
Kurang satu suku kata: tistis grana pusika. (kembali)
panggih. (kembali)
dwinya (dan di tempat lain). (kembali)
sangking. (kembali)
tumpang-so. (kembali)
yêgti. (kembali)
Kurang satu suku kata: marang gone atmajanya. (kembali)
dhuh. (kembali)
Kurang satu suku kata: bêgti marang ingkang tuwa. (kembali)
sitinggil (dan di tempat lain). (kembali)
Kurang satu suku kata: tangèh lamun winarna ing tulis. (kembali)
golong. (kembali)
ginarbêg. (kembali)
Lebih satu suku kata: kocapa ing Nungswa Jawa. (kembali)